Мурадова З.И., Абдулкадырова Р.А.

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

11

Хрестомати

ФГОС

Мурадова З.И., Абдулкадырова Р.А.

ФГОС

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Юкъарадешаран юккъерчу школийн
11-чу классан дешархошна хрестомати

Нохчийн Республикин юкъарадешаран учрежденешна

Магийна Российски Федерацин серлонан Министерствос
(Российски Федерацин серлонан Министерствон
2018-чу шеран 28 декабрера № 345 йолу омра)

Соьлжа-Гала
АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2019

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)
А95

А95 **Нохчийн литература.** 11 класс. Хрестомати. Нохчийн Республикин кокъарадешаран учрежденешна дешаран пособи / ХIоттийнарш: Мурадова З.И., Абдулкадырова Р.А. – Соьлжа-Гlала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2019. – 512 агIо.
ISBN 978-5-4314-0398-9

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)

ISBN 978-5-4314-0398-9

© Мурадова З.И., 2019
© Абдулкадырова Р.А., 2019
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2019
Все права защищены

ИСАЕВА Султанан Марьям
(1898–1977)

ИРСАН ОРАМ

(Роман тIера дакъош)

I. Воха мегар дац

Вассин са метта деара тийначу гуьйренан дийнахь.

Доккхачу корехула зударийн палата самукъане йоккхуш, дезчу дийнан битамаш кхуллуш чуяьржинера комаьрша серло.

– Со мичахь ю? ХIара хIун ду?.. – нуьцкъала багара мотт керчош, халла хозуьйтуш, ша-шега санна, хаьттира Вассас.

Аркъал йижинчуьра ха харца йиш а, гIор а доцуш, дукха зама яьллера иза кху чохь Iуьллуш. ДегI а, корта а бинташца луьста дихкина – даI хилла Iуьллура дархо, цхьа бIаьрггий бетан юьхьиггий бен йоцуш.

ХIара шабарца хиллашехь а, йистхиларх тамаша а, баккхий а беш бисира кхуьнца цхьаьна палатехь Iохку зударий.

Йиттина, ведйина, деллачу жIаьлел башха кхин тергал ца еш, йитина хилла Васса гестаповцаша Волгоградан арахь. Ткъа вайчара, и са дIадалаза а хилла, кеман тIехь кху Красноводскерчу госпитале ялийра.

Велларг денван дуккха а агга хир дара, хIара вовшахдаьккхина дегI тадечул аьлла, хетара массарна а. И меттаеана аьлла кхаъ кхаьчна лоьраш, сестраш цу сохьга схьахьаьлхира. Амма улло гIорта а, бистхила а ца баьхьира воккхачу лоьрах. Меттаххьера Васса, ткъа шега ха ца харцаделча, халла корта баьккхира агIор.

Сингаттамечу набахте чуьра ара, малхе, ваьллачунна хIун хетар дара? Иштта хийтира хIокхунна шега бовхачу безамца хьоьжу ши бIаьрг хаабелча. ТIаьхьо-м, шега схьахьоьжучу дуьхьал маьнги тIехь Iуьллучу дархочун юьхь а евзира (цкъа а ца йицъян) Вассина.

– ХIун до ахьа? ХIун оьшу хьуна, хьоменига? – аьлла, и эсала бIаьргаш берг шега йистхилча, цуьнан аз а дезаделира.

– Вай... стенга доьл...ху? – юха а хаьттира бIагор хьийзаш йолчу Вассас... «Стенга долхахь а, хьо ма ялахьара уллора дIа», – бохург тесира дага.

– Цхьанхьа а ца доьлху. Хьо-м Советски госпиталехь яй.

– ХIа-ан, – аьлла, синтеме са а даьккхина, дог гIелделлачу кепара, корта гIайби тIера охьабогIу – и оцу минотехь уллохь лаьттачу сестран эсалчу куьйгаша дIалаьцнера.

БIаьргаш хьаббешшехь, наб озийра дархочунна.

Чохь болчийн дайн маьхьарий девлира. Сестрас каде Вассин коьрта кIел жима гIайба гIортийра, ткъа лоьро, тIе а хилла, цо доьIучу сине ладуьйгIира. Тап-аьлла дIатийра массо а. Лоьро-м, хьала а айавелла, самукъане массаьрга а бIаьргаш кхарстийна, элира:

– ХIинца кхоччуш тояла магар доллу кхунах! ХIокхунна кхетта наб, шел дарбане хIума хила йиш йоцуш, дика ю.

Воккхо-о, гIеххьа сирдиллича санна, къежбелла корта а болуш, хийлазза яйинчу набаро гIелвина, юьхь озийна волу лор цIаьххьана векхавеллера, къонвеллера. И дархо цуьнан нана я йиша ю, моьттур дара.

– Ткъа хьо муха ю, Дарья Петровна? – Вассина дагайоьхначу дархочунна тIевирзира лор. Маьнги улло гIант а хилийна, сестрас-бинташ-йостушшехь, синпхене хьаьжира иза. Резахилла, корта лестабора, дог деттадалар нийса долуш. Цу меттехь сестрас меллаша аьрру агIонна а, пхьаьрсана а хьарчийна бинташ дIасалистира. Елакъежаш хьаьжира иза Дарья Петровне, йирзинчу новкъа ю хьо-м, бохучу дагахь.

Бакъду, кховра а лаьцна, чов, тIехьаьжна йирзина аьлла йолчуш, хьаьжа тIехь боккха шад беш, лоьран юьхь сингаттамо кхолийра. Цецьяьлла, шен сирла-боьмаша бIаьргаш къарзийна, лоьре хьаьжира Дарья Петровна. «ХIун дуьйцу ахьа? ХIинца а реза ваш хьо?» – бохург дара цуьнан юьхьа тIехь гург.

Ваша, ваше а иза-м реза. Хирурга шен нуьцкъала а, сема а шелташа кIорге кхийдаш дархочун пхьаьрсан пхенаш, зуда лаза

а еш, юх-юха зуьйра. ТIаккха цхьакIеззиг ойла а йина, саца а велла, куьг тесира, дийцаза дер дац хIара бохучу дагахь.

Ала а элира-кх лохха, амма хаддош, юха а пхьарс этIо безар бу.

– Ой-й! Ма алахь! Ма хьийзаехьа со! – дикка новкъа а дсана, эккхийтира Дарья Петровнас.

Чохь берш а реза боцуш хьоьжура лоьре...

Къахийтира сестрана дархочух. Цул совнаха, шен хьекъалца, ца оьшурш лело воллу а моьттура.

– Цо-м хIума а ша йоу хIинца, юьхь-куьг а...

Вон хаьжира сестрага лор. ТIаккха, сакхо еш, ша тергал веш болчаьргахьа а вирзина, къаьхьа батт а саттийна, кхоьссира:

– Лоьрашна жижиг доручул башха ца хета-кхи адам этIош.

Массара а бIаьргийн негIарш охьадахийтира. Ткъа лор, дархочун пхьарс дIа а хоьцуш, хьала а гIаьттина, неIарехьа велира. Дарья Петровна а тIехь, бехкала а бахна, цхьа а йист ца хилира. Юха а хьаьжна, сапаргIат элира лоьро:

– Къинхетам бер вай хьох, Дарья Петровна. Сайн сакъералахь а, – аьлла, Iоттар а йина, – ца ер вай хьуна операци. – Йоккхаеш Дарья Петровна шега дIахьаьжча, тIетуьйхира: – Гой хьуна, мадарра аьлча, хьоьга хIума а яалур ю, дегIана Iупалла а далур ду...

– Ткъа болх? Болх?

– Болх а балур бу...

Дарья Петровна йоцург, чохь берш, белш сеттош, лоьро лелочух ца бешаш, вовшашка хьаьвсира. Цхьаммо-м лохха, амма хозуьйтуш, элира шена уллохь Iуьллучуьйга:

– Гой хьуна, цо хьийзориг? Царна-м бен а ца хетий хьо лазаварх, урс Iитта Iема-кхи уьш цу... тIехь.

Ткъа Дарья Петровнас, синтем хилла сла а къежна: «Болх бабелчхьана», – олушехь, шен къамел чекхдаьккхира хирурго:

– ...архитекторан боцург.

Иза а аьлла, неIаран тIам лецира лоьро.

– Ой, и хIун ду ахьа дуьйцург? – ирча цIогIа делира дархочун. – Аса хIун дийр ду кху дуьненахь, сайна беза болх ца бан белча? Иза а – Даймохк денбан оьшучу меттехь! – Вукхо неI йиллича, тIаьхьа мохь туьйхира: – Ойн, собар дехьа-ткъа, Ахмед Абдурза-

кович! ДIа ма гIохьа иштта къинхетамза! – Аьтту куьйга аьррунига хьалаайина, дIа а кховдош: – Ехьа, хьайн массо а везаш мел волчун дуьхьа, эпахь, итт операци а!

Iуьйрре кеманан гудок йийкира, Каспийски хIордан бердан йистехь йолчу госпиталехь мел верг сама а воккхуш.

– Билгал дархой балийна вайна, – элира, корехула ара а хьожуш, Дарья Петровнас.

– Сталинград паргIатъяькхина, ца бахара ахьа? – бехк боккхуш санна, хаьттира саметтадеанчу Вассас.

– И-м сецца бакъ ду. Делахь а Турпал-гIалина дIанехьа а бу тIемаш, хIунда аьлча...

Эццахь неI елла а елла, барми тIехь жимо йоIстаг еара кху чу санитараша. ДегIехь мел долу цIий дIа а даьлла, докъан басе йирзина яра иза. И са чохь хилар билгалдоккхура наггахь бето бечу узамо.

Чохь мел ерг дог лозуш хьоьжура йоIе. Вовшийн бIаьра хьожуш, олура: «Цуьнан дерг-м дIа, дера, даьллера... итт лор хьаьвзича а».

Бакъду, де-буьйса далале, денъелла, чIегIардиг санна, екаш яра къона дархо. Шен бунастарна йинчу чевне хьажа палате веанчу хирургана хьехарш дора йоIа:

– Варий, варий, дика хьовзалахь. Маггане а мегар дац хьуна со лаьнкIа йитар...

Моьттур дара, лоьраша шайна дага деъ-деанарг до дархочух. ХIара хирург-м, вела а къежий, Iадда Iара. Ткъа и араваьлча, Дарья Петровнас цкъа, Iа а ца елла, йоIе забарца хаьттира:

– Ма чIогIа дихкина ахьа цунна хьо лаьнкIа йитар. ХIунда ца лаьа хьуна иза?

– Ой, айхьа ойла ел ахьа! – аьлла, хьалакхоссаелира йоI. – Сан фамили хIун ю, хьаий хьуна? – Дарья Петровнас ца хаьа бохучу уьшарна корта ластийча, дозаллица санна элира: – Косолапова ю хьуна! ХIинца кхетий хьо?

Падбахна биIлабелира чуьрнаш. И йоI ца ялийнехьара, еа йиш на хиллера палатехь болчу зударийн – оццул сакъералора массеран а цхьана дагаххьий, самукъаненний йолчу цуьнца.

Вассина а чIогIа сзаелира йоI, цо ша ерзийча санна хеташ. Ткъа Косолапова ша-м, бIаьстенан малхехь денло зIийдиг санна, дено-дено талуш, дIайоьдура. КIира зама ялале, хьаьрса човка а хилла, «данкъ-донкъ» бохуш, шен Iаса а луьйзуш, чухула кхийсалуш лелара иза.

Цкъа, кхоссалой, Вассина тIейоьдий, цунна хIума яайора, тIаккха, операци йинчу Дарья Петровнина тIехьодий, аьрру куьг цуьнан зоьпарш тоьхна долу дела, книжкин кехаташ хоьрцура (даим йоьшуш хуьлура иза-м). Кхечун юргIа тадора. Цу тIе, хаддаза цхьацца къамелаш дора я эшарш лоькхура.

Бакъду, суьйренгахьа лестича, къарлора. Пхьор дууш йоллушехь наб а озайой, Iайг-хIума охьа а йожош, дIатаьIара ша Iаччохь. тIаккха-м якхий зурманаш лекхча а хезар дацара «човкина». ХIетте массара а вовшийн сецавора, гIовгIанаш ма е, бохуш. Эццахь: «ХIан, сан гIоьнча а дIакхетта хIинца», – олий, сестрас, пиллиг санна яйн йоI, кара а оьций, шен метта охьаюьллура.

– Кхана-лама хIара цIа яха а мегар ду, – элира цхьана дийнахь, Дарья Петровнин маьнги улле а хиъна, лоьро.

– Косолапова юьйций ахьа?

– ХIаъ. Хьо а дукха хьелур яц хIинца-м, вуьш а. Суна юьсу ерг хьуьлларниг ю. – Цкъоцкъамийн эшарехь ша Васса юьйцийла хаийтира лоьро.

– И-м, хIинцале кога а яхна, Тамарин накъосталлица палати чухула йолало, – там бира лоьрана сестрас.

Ткъа лор хIоранна дан дезарг а хьехна араваьлча, шена хеташ дерг алаза ца Iийра сестра.

– Ахмед Абдурзаковичан мостагI ву-кх, и йоккха стаг, кхочуш то а елла, адам хилла, дIагIур яц аьлларг, – Дарья Петровнин лере а хилла, дуьйцура сестрас, цунна дан догIу дарба а деш. – И-м тIехула танк яьлча санна ярий тхуна еача. Денъелла дIагIур яц иза. Цуьнан-м хьаха ирс ма дара, дийна а, елла а йоцуш Iазап хьоьгучул, елла дIаяьлча.

Сов собаре, эсала йолу архитектор, хIинца гуттар чуьраелира:

– Баха а бохий ахьа и санна дерг!? Цунна-м ловзаргахь ца хиллий чевнаш. Капитана дуьйцуш ца хезира хьуна, и зуда чIогIа

хьоме хеташ хилар шайн полкехь? Хьо а ма яра цо и хастош. Маситта фашист хIаллаквеш, дуккха а вайн советски адамаш кIелхьардаьхний цо-м...

Дарья Петровна карзахъяьлла, тIаьхь-тIаьхьа аз ойуш дийца йоьлча:

– Эс-е, ма дестийна дуьйцу аша цо лелийнарш! – ца ешаш бат саттийра сестрас. – ТIом хьан ца бина? ХIокху йоIа а бина иза-м. – Дарья Петровнин ойла хийцаялийтархъама, улле еанчу Тамаре хаьттира: – Дийцахьа, човка, хьан хIун кхиамаш хилла тIамехь.

Шен лаамехь яхна хилла йоI тIам тIе. Цо дийцарехь, ша жима бер долуш шех хаьдда наний, ваший дагахь доцуш гучу а даьлла, Москвара уьш болчу йоьдуш, Волгоградера немцой малхбузехьа лоьхкуш дакъалаца йоьллера (Берлин гар хир ду-кх бохург а дара дагахь).

Ткъа дIасахьаьвзина ялале и ца оьшу чов а йина, юкъахъяьккхира ша, бохура йоIа.

Бийлабелира чуьрнаш. Цхьаммо бIаьца йира архитекторе, кхидIа а леехьа и аьлла. Корта таIийра Дарья Петровнас. Хаьттира:

– Фамилина-м реза яцара хьо, делахь цIе-м хаза ю!?

– Ой, баха а бохий ахьа ишттаниг! – ши куьг вовшахтоьхна, хьалакхоссаелира йоI. – ЦIе хаза ю, тов! Товш хир яра иза цхьана хазчу гуьржечух терачу йоIана тиллина елхьара. Ткъа со? Сох хуьлу Тамара?! – Цхьажимма метта а еана: – Хьажал ларрий соьга. Месаш – хьаьрса-беса. Ледарчу колхозникийн Iай лай кIел дахкаделла, макхделла ча санна. Цу тIе, йоца, пхьагалша шайн ирчу церганца цистича санна... – Караэцна шен юьйцина жима ши кIажар, гIунжара бIаьргаш санна дIасхьагIоьртина йолу, схьаоьхьура цо. – Гой хьуна, хIара дехкийн цIогарчий? Ткъа бIаьргаш?! Къанъеллачу хьан уьш дуккха а хаза бу сайчарел!

Дарья Петровнин ткъе кхойтта шо бен дацара. Делахь а кегийчарна цхьажимма шел воккханиг къанвелла хетий хууш, дегабаам ца бира архитекторо. Мелхо а:

– ДIаялахьа, йоI! – аьлла, сацийра иза Дарья Петровнас, цо дIасатуьйсу куьйгаш эсала шен кара а дерзийна. – Хьан бIаьргашна ала хIума дац. – Шена уьш хIинцца бен ца гича сан-

на, леррина церан сурт даккха хIоьттира архитектор. – Гой хьуна, бос хаза бу церан. Томкин басахь – гуттар а хазахетара суна. Беза тIулгаш санна, къегаш бу уьш. Ткъа коьртаниг, церан хазалла хIун ю аьлча...

– Ма-барра хIокху догцIенчу йоьIан кийра гучубаккхар! – эккхийтира цхьаммо.

– ХIети, хIети! – тIетайра важа. – Цу тIе, шен махкана а, адамна гIоьнна а...

– Берлине кхаччалц гIур йолуш, – забар йира кхечу цхьаммо, йоIана эхь хетий хиъна.

– Цига-м ца кхечира со... – бехкалъяхара Тамара, цIарула-цIий а елла.

– Ма хьийзаяйша и йоI, цул а, Дарья Петровна, ахьа дийца-хьа хьайн дахарх дерг. Муха йолу ца хууш, зама а дIайолу, цу тIе, хьоьца тхо эвхьаздевллачуьра цхьа хIума хаа лаьара тхуна...

– ХIун хаа? Дера, дуьйцур ду-кх, хIумма а лачкъа а ца деш.

Чуьрчарна хаа лууш дерг, и архитектор штукатурах хилар бакъ дуй, бохург дара.

– Бакъду иза-м, – аьлла, коьрт-коьртаниг хьахош, Дарья Петровнас, кхо класс бен чекхъяккха йиш а ца хилла, вуьрхIитта шо кхаьчча штукатур балха яхар нисделира шен бохург, дийцира. Маре яхча, декъала ца хиллера иза, хIунда аьлча ши шо а далале кхетта тIера цIийнда велира.

Штукатур болх бечу заманахь, архитекторша хIитточу проекташна резайоцуш, ша еш елхьара, дикахо хир яра бохург хеташ хиллера иза.

ЧIогIа сатеснера ша бохуш, дуьйцура Дарья Петровнас, архитекторан Iилма Iамо.

– Iамийнехьара, – чугIертара Тамара. – Вайн махкахь хьо куьйгаш тIе а йиллина лелор ма яра!

Корта ластийра Дарья Петровнас, йоIа дуьйцург бакъдеш.

– Хала-м дара, делахь а...

– Аша хIуу дийцахь а, цхьа хан дIаяьлча, коьрто схьа ца лоцу дешар, – халла къастош элира леррина ладоьгIуш Iуьллучу Вассас.

Іаламат дика хийтира архитектора Васса къамела юкъаяьлла, хІунда аьлча, дуьненах догдаьлла, тІех сингаттамє яра иза. И хьоме, сийлахь хеташ, цуьнан ойла екхаялийта дукха гІиртира Дарья Петровна. Мелхо а, шех хийрачун бІаьрг кхетташехь, корта чу а уший, кІохцалийн буьрка хуьлуш дІахІутту зу санна, худалора Васса...

Ткъа тахана и ша къамеле яьлча, теша а ца тешаш, вукхарна а гайтам хир-кх, бохуш, дийцира Дарья Петровнас ша дешар. Цу тІехь хуьлучу кхиамаша Іеха а еш, дІайоьдура ша, бохура цо. Иштта Іеминарш бийца а йоьлла, уггар хьалха Горький хьахийра цо. Паччахьан заман чохь гуттар инзаре дар-кхи, «университеташ» чекхъяьхна, воккха яздархо цунах кхиар.

И хестор хедарг а ца хилла, юкъаиккхира чолакх юьсу ерг:

– ХІан, доьшур-м дара... ХІун дийр ду дешарх со санна йолчо?

Вассина а изза хета хир ду-кх бохуш, шен ма-хуьллу церан дегнаша тІеоьцучу тайпана кхето гІиртира архитектор.

– Болх бийр бу-кх!

– Хьайна беза, хазахета болх, – тодира Тамарас, Дарья Петровне а хьоьжуш, нийса луьй ша бохуш.

– ХІети, – корта таІийра архитекторо. – Безачу балхах-м боккха синкъерам боллий!

Шаьш кІелбисина моьттучарех, Іедало цаьрга деша а дешийтина, гІарабевлла Іилманхой, сийлахь яздархо Островский хилар дийцира Дарья Петровнас.

«Дош дан а ма дацара иштта деша а дешна, стаг хилла, вукхунна, хьох пебетташ хиллачунна, дуьхьал ца хІоьттича! – бохуш, кІоргера ойланаш йора Вассас. Юха, догдаьттІа, ша шен човхийра цо: – Елла яла со, Тамарех тарлуш йоллийца, цу туьйранашка ла а дегІна».

Пенехьа а йирзина, дІатийра Васса. Амма дика хезара дуьйцург Тамара яра хІинца екаш:

– Ахьа сатийсинчу кепара проекташ хІиттош, цІенош дойла хилирий хьан?

Шера хьара архитекторна Вассин дагахь дерг. Цундела дІа хІумма а ца бохуш, аз кхин а айдина, жоп делира цо:

– Со дешна яьлла дукха хан а яц-кхи. Тхешан юьртахь сан дог реза долуш школа а йира аса, Москварчу выставкехь Казахстанан павильон а хIоттийра…

– ЭхI, ахьа йира и! – гIадъяхара Тамара. – Суна гира-кхи иза. Ма дика а йина! Массарел хазахийтира тхуна и...

– Шек ма яла, Дарья Петровна! – забар йира чолакхчо. – ХIинца хьо болх боцуш юьсур яц. ХIокхунах, – шен даге пIелг лецира, – йоккха хьаькам ма-хилланехь, гIап юьллуш, тIаьхьа «Эмка» а яйтина, и дIахIотто хьо юьгур ю!

Доггах чуьрнаш бийлабелча, хьоьстуш, Тамарин белша тIе куьг а диллина, элира Дарья Петровнас:

– Иза а, хир дац аьлла, дац. Цкъа а дог дилла а, я воха а мегар дац!

Дикка сингаттам баьллера зударшна, Тамара, то а елла, дIаяхча. Бакъду, и «хьаьрса човка» дIаяхна цхьа кIира даьллачу хенахь кехат деара цуьнгара Дарья Петровнин цIарах. Ша Джамбул гIалина уллохь йолчу кIотарахь ю бохуш, дара и. Цу Чолак-Тау цIе йолчу кIотарахь чехка кхехкаш белхаш бу, маьIданаш йохуш. Цигарчу начальнико Акаевс ша а ийцира балха аьлла, дара. И шайн хьаькам вийцина а ца йолура Тамара. Цуьнан хьуьнаршлахь коьртаниг, йоIа схьадийцарехь, и, хьаькамех тера воцуш, ийна ву бохург дара. ДIадерзош, хьан даго ма-лоьхху йоккха майда а ю кхузахь, гIап хьовха, итт гIала ян шорто йолуш, шех Бетпак-Дала[1] а олуш, яздора Тамарас.

Чохь мел ерг, са а къералуш, ладугIуш яра. Кест-кеста Тамарин шатайпанчу къамелах бийла а луш.

Синкъерам бохийра Вассас. Кехат чекхдоллучу меттехь Тамарас начальникан фамили яьккхича, ой-й! аьлла, цхьа вон цIогIа туьйхира цо, массо цец а воккхуш.

[1] Бетпак-Дала (казах.) – меца аре.

II. ДОГ ЦА ІИЙНА

Іаьнан де дара и, амма Казахстанан лекхачу стигалара сирла лепара малх. Цуьнан зІенарш суйнаш лоьлхуьйтуш къегайора йистйоцу лайн аре. Шера гора гобаькхина лаьттачу Тянь-Шанан раьгІнийн даккъаш.

Хаза дара де. Амма шийла дара. Делахь а и шело ца хаалора догдика хилла йоьдучу Вассина. Шех кхо шо хьалха къаьстина майра Чолак-Таухь вуйла а хиъна, цига йоьдура иза.

Джамбул станцера Чолак-Таухьа доьдуш ду цІерпоштнекъан га, шовзткъе шуьйтталгІачу разъезде кхаччалц дІа. Циггахь посзда тІера охьайоьссина йоьдура Васса. Иза тІехь сов беркъа яра: бамба биллина тиша тужуркий, иштта зарзделла корталий, тиша коччий яра цунна тІехь. Когахь-м тІергІан пазаташ яра. Ткъа мачаш, айра дааделла хиларна, йоццу новкъа яра.

Цу кечамца лечкъина араяьллера и ша Іиллинчу госпиталера. ХІинца-м дІакхачча йоллура юьхьарлаьцначу Іалашоне.

Шпалашна тІехула йоьдура иза, ша мел боккху ког махо ло дІахьаькхначу нисбан а гІерташ. ТІаьхь-тІаьхьа шело чІагІлора. Мичара евли а ца хууш яьхкинчу мархаша дІахьулйира сийна, цІена стигал а, дашо малх а.

Шеллора Васса. Шен ма-хуьллу тІеуьйзура кортали, хебара. Шелоно дахьийна, дестийна куьйгаш корталин тІома кІел хьулдора.

Доца де суьйренга лестара. Юькъачу мархашна тІехьашхула пуьцкъаш хаалуш болчу маьлхан гІаларт раьгІнийн баххьашна тІехьа лечкъаш доллура. ХІинца хазалла къегаш долу дуьне кхоьлинера. Цена, кийра ца Іебаш, чууьйзуш долу хІо шагделлера. Мох белира. Юьхьанца байн хьоькхуш болу иза тІеттІа чІагІлора.

Бес-бесарчу суйнашца къегаш месала пардо хилла Іаддаіуьллу ло, цІаьххьана дера экха хилла, гІаьттира. Меца берзалой санна, ирча угІуш луьра вовшехкьерчара лой, денъелла гІуммий. ШайтІанан мох хилла хьаьвзира уьш Вассина гонаха. Ирчу лайн кІохцалша вон цоьстура зудчун юьхь а, куьйгаш а, тишачу духарна чухулара дегІан чарх а. Механ тулгІенна букъ берзош, тІаккха,

охьатаІий, юхайоьрзуш, кІел ца йиса гІерташ, болу-боцу ницкъ гулбина йоьдура иза. Сецира Вассин даго лоькху хаза зурма а.

Госпиталь дагаеара цунна. Ма самукъане а, йовха а хир ю хІинца хІара Іиллинчу палатехь!

«Со юьйцуш Іа хир бу уьш», – бохуш, дагатуьйсура Вассина. Іа хир ю Дарья Петровна, ша йоьшу книжка кара охьа а йиллина, боьмаша-сирла бІаьргаш лоьрана тІе а боьгІна, цуьнга синтеме къамел деш. Цхьа доккха бахьана ца хилча, дарба юкъах а дитина Васса йодур яцара бохуш.

Ткъа лоьро, хеназа къежбелла корта охьа а таІийна, кІелдІахула Дарья Петровне а хьоьжуш, боху хир ду: «Баркалла хир доцийла-м хаьара суна, вуьшта, чевнех тояллалц Іийнехьара, иштта халахетар дацара-кх»...

Доккха садаькккхира зудчо. Баркалла-м, хьаха, бохура ша, доггах олуш, сонта хІума шегара даьллий а хаьара. Делахь а, Тамарин и кехат деачхьана синтем байра.

ЙоІа вийцина Акаев Руслан кхуьнан цІийнда хилла. Кхо шо хьалха ша новкъа юйла хиъча, изий, шен сил дукхаезаш йолу жима йоІ Седий йитина, цІера едда, тІам тІе яхара Васса. Ехь, юьйр ю ша, дийна йисахь а цкъа а гучуер яц ша бохучу дагахь. Амма ца Іийра дог. ЙоІ дестечунна хьалха юйла хиъча, эккха санна, лазаделира иза. Буса наб ца кхеташ, ирча гІенаш дуьхьалтуьйсура. Седа гора хІора буса, даьІахкаш тІе а яьлла, шега кегий бишкаш кхийдош, гІийлачу эшарехь белхамаш беш: «Ва, мама, со дІа хІунда тесна ахьа?» – бохуш, йоьлхуш. Дог диллина Іаш йолу Васса, хІинца дерриг карла а даьлла, эгІийча санна йисира. Собар а, цхьаннах дагаялар а доцуш, ши бІаьрг хьаббина еддера-кх.

Вац Чолак-Таухь и оьшуш, гаре сатуьйсуш стагга а. Делахь а Седий, майрий гур-х дай шена бохуш, цунах йоккхаеш йогІура иза.

Малх чубуьзира. Дуьненна стомма верта тесча санна, цІаьххьана Іаьржа бода буьйлира. Халла когийн эшарехь бен, ца къасталора шпалаш.

Сикхетамчуьра яьлла санна ихира хІинца Васса, ша когаш муха боху, стенга, хІунда, мича гІуллакхна йоьду, ца хууш. ГІора

лайнера. Йовш лаьттачу лампин серлоно санна, гIийла бора коьрто болх. Когаш тийсалора. Лаьтта охьалахъяла лаьара... СадаIа...

ЦIаьххьана ларамза хьалахьаьжира Васса. Цецъелира. ХIиттачул серлаяьлча санна хийтира хирхаьдда, гIелъеллачу зудчуьнна стигал. Седарчий а, дегош, къайладуьлуш лаьттара. ХIара хIун ду?

СоцунгIа а хилла, кIеззиг лахбеллачу махе букъ а берзийна, доккха садаьккхира Вассас. Бакъ дуй-те шена тарделларг! Сахила долу-теша! Собар делахь, хIинца билггал хуур ду. И къасторхьама, хьала ца хьожуш, цхьа мур боккхур ша аьлла, дагахь сацам бира цо. Ши бIе гIулч лаьтта боьгIначуьра бIаьргаш хьала ца ойуш яьккхира Вассас. Бакъхиллера тарделларг – мелла а садаьржаш лаьттара. ХIинца-м хала дацара!

Кхин а бIе гIулч... Вай-й, и хIун ю тIегIертарг, некъ хадош! Лам я тарх? ХIан-хIа. Амма хIуъа елахь а, тIейогIийца... ирча... йоккха танк санна! ХIинццехь тIехаьрцар ю и билггал!

Гуттар шуьйра бIаьргаш биллина, чудеттало лайн чимаш корталин тIомаца дIа а хьоькхуш, хьоьжура йоьхна Васса цу инзаречу хIумане. СоцунгIа хилира эххар. И хIума а сецира. ТIаккха, берриг шен дегIан ницкъ кара а берзийна, йолаелира цу хIуманна тIе.

И хиллера Iомана тIехула тиллина доккха тIай. Кхаьрдаш, шашен човхийра Вассас: «Эхь дац хIара! Со ма осала яьлла!»

Цхьацца ког боккхуш, тIех яла юьйлира иза. И тIай дина далаза дара: аьчкан рельсашший, пурх ехкина шпалашший йоцурш, аннаш тохаза долуш. Коган эшарехь меллаша, сакхо сов яьккхина, буха хьажа ца хIуттуш, йоьдура зуда. ЦIаьххьана ког айинчохь, Iадийча санна, сецира. Шийла хьацар туьйхира – минот ялале цу боьхачу Iома чу южург хиллера иза. Яцара кхидIа я шпала а, я хIумма а. Ларамза цIогIа хьаькхира цо, юхаяла ца кхеташ.

– Мила ву? – бодашкахь къеначу стеган гIоргIа аз хезира Вассина.

Меттасана зуда меллаша тIай тIера охьайоьссира. Йоккха кетар юйхина, ишгта боккха месала куй а тиллина воккха стаг-хехо велира кхуна гучу. Барам бан а боцуш хазахийтира Вассина, и шена

дуьхьалваьлча. Дахьийнчу балдашца маршалла а хаьттина, ша юьхьарлаьцна некъ бийцира Вассас. Къамел деш хIорш лаьтташ, цIаьххьана айабеллачу бодашкахь кхерамна а, шелонна а гаррехь егош йолчу Вассигара хьал а хааделла, шен хабар хадийра хехочо:

– Ой, ма воккха Iовдал ву со! Хьо-х милла яла йоллу!

ТIай юххехь букар йоьлла тиша лаппагIа хиллера хехо чохь Iаш. Некъ хьаьхначу Вассина ша туьйранийн ялсамани кхаьчна моьттура цу ото чу яьлча: коьртаниг йовха хилар дара. Чехка, ша бина барзакъаш, пазаташ якъо а ехкина, гIап-аьлла набарна юьйжира Васса.

ЦIаьххьана цхьаммо: «Хьо хIун деш Iуьллу? Тахана-м доккха де дай», – аьлча санна, хьалаиккхира Васса. Сохьтехь бен йина хир яцара цо наб, делахь а дегIа чу са деара. Ткъа дог... даго, тахана, тахана гур бу суна уьш, бохура, доккхадеш доьлура иза.

Пешан бертехь Iохку шен тIелхигаш хIара чехка тIеийзош йоллуш, чувелира хехо.

– Ма кIезиг наб йина ахьа! – аьлла, тамаша бира цо. Юха Васса неIарехьа гIоьртича, тIечевхира хIусамда: – Хьо яда-м ца йоллу? Дера гIур яц, хIума ца кхоллуш-м! Тхан Бейли-Куль Iома чуьрчу чIерийн чоме ца хьожуш, яххане а гIур яц. Казахстанехь доккха эхь ду иштта хьаша дIавахча!

ХIума юуш Iаш, хала ца даькхира Вассас хабарна тIера волчу хехочуьнгара Русланах, йоIах шен садогург. ЙоI могуш юйла, хиира. ХIинций бен ма-дарра сапаргIат ца даьллера цуьнан. Тамарас госпитале даийтинчу кехат тIехь, тIехула тесна мижарг санна, дайн хьахийнера бер. Хьанна хаьара, и Русланан къоначу нускало диний а!?

Чуьра арабевлча а ца хедара воккхачун къамел.

– Сингаттаме ду цхьа хилар, – корта а оллийна, гIийла элира цо. Массарех ваьлла ша бохуш, бала балхийра Вассига. – ЙоI-м ю Чолак-Таухь балхахь, делахь а... шен жималле хьаьжна, шен бу цуьнан некъ.

Бакъду, цу сохьта корта айира цо, къарлур-м вац ша бохучу кепара. Вац, дера. Ши де хьалха ма аьлла цуьнга цигарчу хьаькамо Акаевс Чолак-Тау балха вагIахьара аьлла. Леррина куьг а лаьцна:

– Варийлахь, варийлахь, ваза ма Iелахь, Егор Акимович... Шен е а йиш яц хьо ца веача, бохура. ГIараваьлла тIулгбуттург ма вара со...

Къахийтира цунах Вассина, шен ойла йича.

Гечо генахь ца хиллера. Дехьадевлча, юха а куралла йоьссира Егор Акимовиче. Куьйган эшарехь го а тесна, хаьттира цо Вассига:

– Муха хетта хьуна хIара шуьйра аре?

Ян а яра аре, йист а, доза а доцуш, йоккха.

– ХIара ю казахаша Бетпак-Дала эриг. Эзар-эзар шерашкахь эрна лаьттира хIара, адамаш мацаллехь хиллашехь. Ткъа хIинца сан доттагIчо Акаевс тхан гIоьнца карадерзо дагалаьцна хIара.

«Iийр вацара иза а шуьйра планаш хIиттоза», – аьлла, дагатесира Русланах долуш дерг хууш йолчу зудчунна. Вассас тидамца шега ладугIу дела, гуттар карзахвелира воккханиг:

– ХIорд санна, ялтийн аренашший, тайп-тайпанчу стоьмийн бошмашший хир ю-кхи кхузахь...

– ... Ткъа хи мичара дер ду шуьшинна? – аьлла, хадийра воккхачун къамел Вассас.

Цкъа оьгIазе шен кегийро бIаьргаш къарзийна, вон хьаьжира Егор Акемович зудчуьнга, цхьацца эладита хезна кхунна Джамбулехь аьлла. Юха, васта а велла, кIоргга са даькхина, къера хилира:

– Хи цахилар ду-кхи тхан йиш йохийнарг. – ТIаккха дозаллица шен деггелц йогIучу сирачу можах куьг а хьаькхна, элира: – Амма тхо къарлур дац. – Юха, Васса сихо юй-теша аьлла хетта, элира дегазо:

– ХIан, хьо сиха хир ю, гIо хьайна. – Бейли-Куларе Чолак-Тауха пекъ билла тобинчу шу тIе куьг а тесна, элира: – Цу тIехула гIолахь. – ТIаккха а, кхуьнан хьал шена хууш санна, хаьттира: – Хьаша мукъана вуй хьан цигахь?

Вассас Тамара йийцича, резавоцуш куьг тесира Егор Акимовича:

– Н-м вон йоI яцара янне а, делахь а ша а пекъар йохаелла Iан йолчух тера ю. – Ойла а йина: – Ахьа хIун дай? Йоьддушехь, Клавдия Ивановна йолчу гIо. Аптекан заведующи ю иза. – Шен

йоІа и йолчохь болх бина хилар а дуьйцуш, юх-юха хастийра вокхачо Клавдия Ивановна. – ХІан, ма Іе. – Васса дикка генаяьлча, тІаьхьа мохь туьйхира цо: – Варийлахь, варийлахь, и йоцчу, цхьанхьа а ма гІерталахь.

ІІІ. НАНАС ЙИНАРГ ХИЛЛА

Адам адамана доттагІ, накъост, ваша а хила деза.

МаьркІажан хенахь кхечира Васса Чолак-Тау.

Есачу арахь ша лаьтта кІотар санна, сов жима меттиг хиллера иза, пхи-ялх бен цІа а доцуш. Егор Акимовича ма-дийццара, некъ чубоьрзучохь яра аптека.

Арахьара неІ, махо а ловзош, йиллина а хилла, сени чухула аптекан неІаре хІоьттира Васса. Сийначу тептаран мужалтан эхига тІехь яздина а дара – «Аптека».

Чуяла ца хІуттура Васса. Ткъа садовш лаьттара. Цкъачунна гІелбелла мох юха а дарцехьа белира. Лайн чимаш хьийзош, кІайн бода буьйлира. Ша лелийнчех а, шен хиндолчех а лаьцна ойланаш еш ехха лаьттира зуда неІарехь. Дарья Петровна еара дага. Цо юх-юха бехира: «Цкъа а воха мегар дац».

Дагадаьхкинчу цу дешнаша майраяьккхира Васса. НеІ туьйхира цо.

– Чувола, чувола! – аьлла, гІоргІа, боьрша аз хезира схьа.

Чоьхьаяьлча, цецъяьлла, йоьхна сецира Васса.

Бодане дара чохь, делахь а гІалартийн битамехь хІуманаш къаьстира: тера дацара цІа аптекех, я боьрша стаг а вацара гуш.

Ах цІа дІалаьцна, пенаца, сийна аьхна юргІа тІетесна лаьтташ боккха дечиган маьнга бара. ТІехула дІатоьхна Іаламат тиша, шех куз аьлча, халхаер йолуш, цхьа тІелхиг кхозура. Маьнги тІехь миндаран тайпана жима, буткъа ши гІайба Іуьллура. Ткъа стоьла хьалха хІоьвник[1] чохь цхьаъ-м отуш ча-бабех тера йоккха стаг лаьттара. Корехь йоьхначу пхьегІаш чохь ораматаш къаьстира: сарап доккху кол, кІохцалш долу цхьа тайпа а. Иштта хьалаоьх-

[1] ХІовник – чохь хІума отуш йолу пхьегІа.

кинчу якъийнчу бецийн курсаша кхин а тера хоьтуьйтура чохь ерг гIомах.

Бакъду, кIозарш-м яцара цуьнан. Сирбелла корта, мелхо а, кхес хадийна бара. Багара еха кIомсарш ца къедара – дуьххьал хено мажйина хилар доцург, дика талхаза цергаш яра. Кегийчу Iаьржачу бIаьргаша ало а ца туьйсура. Къега-м къегара, къуьданаш санна, бодашкахь а хаалуш.

– ТIаккха, схьадийцал хьайн гIуллакх, ийза а ца луш, – аьлла, тохарлерчу озаца и йистхилча, Вассина дагатесира: «Ватта, и хилла-кх сунна боьрша стаг тарвелларг».

– Суна аптекин заведущи езара, – элира цо гIийла.

Елакъежира йоккха стаг:

– ХIета, со ю-кх ахьа лоьхург. Тера ца хетта хьуна? – эсала йистхилира «ча-баба», ша чохь молханаш оту хIоьвник дIа а теттина: – Схьахила, ма латта неIарехь, аса кху сохьта чиркх а латор бу. – Иза а аьлла, Вассин пхьарс лаьцна, шена хьалха охьахаийра хIусамнанас хьаша. Буржалш тоьхча санна цуьнан леларехь, эналша лаьцна иза юйла хиира Вассина. ГIуллакх чехка дан лууш, амма, даго ма-лоьххура, лела ца луш яра миска.

ХIетте а, минот ялале пеша техкина чIеш хьалалатийра, жимо ши гIий а буьллуш; стоьла тIе гIийла сегаш богу къуьда а хIоттийра. ХIинца-м Вассина йоккхачу стеган юьхь-сибат дика къаьстира. ЧIогIа хебаршка ихна хиларна, кхузткъа а, цул сов а хан ю эр долуш яра иза. Амма къоначу эсалчу бIаьргаша дицдойтура хебарш а, энаш а, иштта кхийолу къеналлаш а. «Ян а ю хIара, Егор Акимовича ма-баххара, дика стаг, – дагатесира Вассина. – Оццул беркъачу, цамгаро дакъазъяькхинчу соьца а хаза къамел деш, кураллех зирх боцуш... – Юха дог Iаьвжира. – ТIехула гIиллакх ма хилахьара хIара. Дукха нисло иштанаш а».

Вассас ша деана гIуллакх дийцича, йоьхна, цецъелира аптекин заведующи. БIаьргаш къарзийна, коьртера когашка кхаччалц хьаьжира иза чусанчуьнга.

Iаччохь хеббера Васса. ХIусамненан бIаьргашца шен сурт даьккхира: зарзделла беса кортали, эттIа тужурка, коч, иштта

тиша мачаш... Мачашка бІаьрг кхетча-м, кхоччуш эхь хийтира Вассина: Іам бара хІоьттина, тІера шай, лой даша а доьлла...

«Вай, юьхьІаьржо-яІ!»

– Хьо – аптеке? – ларамза «хьо» боху дош даздеш кхоьссира Клавдия Ивановнас.

Цуьнан цу тайпанара хаттар, хьажар Іаьткъинчу Вассас корта оллийра. ХІан, хІинца дерриг дІадаьлла: кхаьбна мерза ойланаш, сатийсарш...

Баккъал аьлча, мегар а яц ша аптекехь аьлла, дага а-м тессера нийсо езачу Вассина, таса-м, делахь а... «ХІинца хІун дан деза?.. Мича яха еза? Карадеана даьлла ирс (ирс деца шен сила дукха дезаш долчу беранний, майрчунний тІекхачар) довш лаьтта».

– Ас-с доггах... бийр б-бу болх... – мотт тийсалуш, багахь гІулгаш дохкуш санна, толкха элира йоьхначу Вассас.

– ХІан-хІа, ца дуьйцур вай уьш, – корта а ластош, догдиллийтира аптекин заведующис. Делахь а чІогІа ойланаш йора цо, карзахъяьлла хьийзаш. Техничка оьшура цунна, хІара санна ерг, схьадийцарехь, сестра болх бинарг муххале а. КІотар санначу Чолак-Таухь аптекий, цуьнан заведующи-фельдшер хІара Клавдия Ивановний йоцург, яха меттиг яцара цомгушчун. Кест-кеста кІелвисинчунна тІе шен яха а дезара Клавдия Ивановнин.

Амма муха мегар ю аптекехь сагІадоьхучух тера йолу хІара!? ХІан, духарна-м цхьаъ дийр дарий, хала зама елахь а, вуьшта а ма ю хІара пекъар юьхь тІехь хьаьттарчий а йолуш, дукха ирча, маьттаза зуда.

ГІаддайна а ю миска... корта оллийна Іайца... йистхила а эхь хеташ... Делахь а пачхьалкхан гІуллакх ду хІара. Мел дегаза хетар ду нахана, ша цІера яьлча кхуьнан карара молханаш эца.

«ХІан-хІа, хьер ца ваьллачо оьцур яц хІара декъаза зуда аптеке!» – шен дагахь и чІагІо а йина, юкъахдисна молханаш атаран гІуллакх юхадолийра Клавдия Ивановнас. Амма Вассига дІахьажа ца хІуттура.

Васса, шина а куьйга юьхь дІа а лаьцна, бале йоьжна, ша Іачу гІанта тІехь гІийла лестара. Юха, кхин дош ца алалуш, шен дахьийна куьйгаш Клавдия Ивановне кхийдош, дехарца хьоьжура.

Iан а ца елла, цуьнга бIаьрг кхарстийна хIусамнана, чо ягийча санна, кхоссаелира. Дог Iаьвжира. Вассина улло а еана, и хьостуш, белша тIе куьг диллира цо:

– Ма йоха, диканиг, цхьаъ дийр ду вай. Иштта юьтур яц. Гой хьуна, тхан кхузахь гIишлош ю еш, хьуна бан болх...

ТIаккха ма-дарра дийцира Вассас Клавдия Ивановне дерриг а, чевнаш ерзале госпиталера ша ядар а хоуьйтуш.

–ТIам тIехь хиллий-ца хьо, хьоменига! – карзахъелира аптекин заведующи. – ХIета, хьуна хьан ницкъе а, тароне а хьаьжжина бесза болх лур бу Джамбулехь. Лур бу, дера. ТIаккха! Кхин болу аьттонаш а бийр бу... Хьо санна йолчунний! Бийр бу, дера! – чехкачу лерца долийра Клавдия Ивановнас къамел.

– ХIан-хIа, кхузахь, Чолак-Таухь, бен... йиш яц... мегар яц со, – бохуш, доьхна дуьйцура вуьшта а чIархъаьлла хабарна шера йоцчу Вассас. Цуьнан охьадахна дегI, хих буьззина кхоьлина баьргаш, къора аз, беза бала беъча санна, тIаьххьара дог дуьллучу вастара дара.

– Ой, – юьйхира Клавдия Ивановна, – хIинца хIун дан деза!?

Ша муьлханиг, хIун до ца хууш, цкъа стоьла тIехь лаьтта молханаш узу кегий терзанаш дIасатоьттуш, тIаккха, пешехьа йоьрзий, чайник схьаоьцуш... и юха тIе хIоттош, ойланаш еш, корта лестабора Клавдия Ивановнас.

Шен энийн боларца, амма чехка, неIарехь лаьтта Iаьржа аьчкан тас схьа а эцна, чу хи а доьттина, пилти тIе хIоттийра цо. Юха, метта а еана: «Хьераяьлла-кх со кхоччуш! И балха эца йиш ма яц сан... Павлушас юьйр ма яра со, аса и дича, – дагахь бохуш, Аккуле вахна шен цIийнда Павел Антонович дагалецира. – Оьцур яц! Оьцур яц-те!» – барта а кхоьссира цо, охьа а таьIна хала маьнги кIелхьара ши чIешалг а, цхьа жимо гIий а такхош. Уьш кхе а техкина, Вассига хьаьжира.

Вукхунна-м хаза а ца хезира я ган а ца гора хIумма а, къаьхьчу ойланашка а яхна.

Клавдия Ивановна яра сихбина къийсам латтош ша-шеца дагахь. «Ирча ю, тов, иза? Ирча, дера, ю со... цул эзар дакъа! Хаттал

сан майрчуьнга! И-м хьаха, кечйина, цхьажимма ярста а йича, сол дуккха а товш хир ма ю. ТІаккха!»

«...Павлуша гена ву, – юха а дагавеара цІийнда. – Цхьана-шина кІиранах бен, вогІур вац цІа. Цу тІе, техничка а оьшу суна, чІогІа оьшу. И-х дай бакъ! Ткъа гІуллакхаш цуьнга ца далахь, даьІахкаш тІеевлла ю-кхи иза, со ма ю кийчча! Шуна хІун моьтту! Со-м, хьаха, ю, тохаелча, итт аптека лело а карх дер долуш. Ю-те! Ткъа хІинца, кхин хьем ца беш, довхачу хица чІархъаьлла лийчийта еза хІара. Цхьадика, сабанан чкъуьйриг а ма ю вайгахь. ЭхІ, и тиша хулчеш дІа а кхуьйсуш, и лийчийча, ма мел бер бу цуьнан когийн!»

ТІаккха ойла йира: «О-ой, дІа-м кхуьйсур яра уьш, ткъа... кога хІун юхур ю? ХІан, и модни пайпакаш йийр ю-кх. Арахула аса и лоьлуьйтур яц, ткъа чохь... дукха дика мегар ю. Бедар-м хала яцара. Сан кхин а ма ю коч: шиннех аса хІун дора!»

– ХІан, чехка лела, – аьлла, шен гІоргІачу озана йоккхаерна Клавдия Ивановнас мохь тоьхча, балано таІийча санна Іаш йолу Васса, кхераелла, гаррехь егийра.

«Сиха хир ю хІара», – аьлла, хала шен цомгуш, цу тІе, бехачу новкъахь гІелбелла когаш текхош, уккала йоьлла, неІарехьа йолаелира Васса.

– ХІун до ахьа? ЭгІийна хьо? Буьйсана юккъехь мича яха гІерта, гІерта а? – аьлла, цкъа доккха са чу а оьзна, юха Васса карараяларна кхоьруш санна, меллаша и гІодаюккъера а лаьцна, шен метта охьахаийра Клавдия Ивановнас.

Васса, лийчина ма-еллинехь, хьокхам батталучу муьрана, пенах дІалатийнчу «карта» аьлла цІе тиллинчу тептаран мужалта тІе йигира хІусамнанас. ХІинца тидам хилира Вассин цу сийначу «карти» тІехь кІорца цхьацца сизаш, коьжалгаш ехкина хиларан. Бакъду, Клавдия Ивановна йоцчунна, уьш хІун ю-м, хуур дацара. Буткъа сара а эцна, тІеман арара керла лилхина (цунна моттарехь) гІуллакхаш гайта юьйлира Клавдия Ивановна. Селхана Джамбулера араяьллачу Вассина а дика бевзара керла хаамаш. Даймохк, кхоалгІа дакъа бен мостагІашкахь ца буьсуш, вайчара схьабаькхиний а хаьара, эзар гергга гІала а (яртий-м чот а яцара) ден-

йиний хаьара. Делахь а, хIусамненан уьш дуьйцуш сакъералой хууш, Iаддаlара.

«Лекци» юккъе ялале, цIаьххьана, баьгначу хьокхаман хьожа елира.

– Ой, къена Iовдал! ХIинца а багийнийца тентак! – бохуш, пеша тIе а едда, кIелхьарбаьккхира йоккхачо дааделла айра санна буткъа хьокхам. ХIуп-аьлла, цIан а бина, и тишачу бехчалга юккъе а хьерчош, ша-шенна лен хIоьттира Клавдия Ивановна. – Дуьххьара ду, моьттий хьуна, хIара!? Эрна ца до-кхи Павлушас дов, со зуда яц бохуш. – Ела а къежна, бIаьрг а таIийна: – Ца до, дера! – аьлла, чIагIдира.

ХIума юуш и чкъуьйриг яьгначуьра шена нисбира цо хьокам, хIун ду а ца хаьа, иштаниг дукхахо а беза шена бохуш.

ТIе чай а мелира. Алссам басар а тесна, кIора санна, Iаьржа дара иза-м.

– Вайн хенарчарна Iаламат дика ду хIара санна дерг, – элира Клавдия Ивановнас, Васса цецъяьллий хууш. – Дог а, дегI а къондеш, керла ницкъ боуьйтуш ду хIара. Кхиерг юхаоьзна а, чайнан басар латтадо аса тхайна. ТIаккха? – Иза а дуьйцуш, стака дуьззина доьттира хIусамнанас хьешана и стим санна къаьхьа «дарба».

Ша цу дикчу зудчо кху чохь йитарна а, балха дIаэцарна а сапаргIатдаьллера Вассин. Амма бIаьрган негIар тухучу минотана а йоIIий, майрий дагара ца долура.

РуслангIеран хIусам гена йоций хиира Вассина къамелехь. Цигахьа гIорта дагахь сени чу елира иза. Амма ца карийра леррина лехарх Клавдия Ивановнас цига кхийсина шен мачаш-тIелхигаш. Ткъа когаш Iуьйра муха гIур ю?..

Ша-м кхоор яцара Вассас уьш гиначул тIаьхьа, шан гIорзолаг хилла, ша лийр елахь а. Вуьшта, хIусамнанна тешнабехк муха бийр бу, кIел а йисна? Эцца Клавдия Ивановнас мохь а тоьхна, чуелира Васса: «ХIинца хIун дан деза? Уьш могуш буйла-м, хаара… ТIекхача, аьлча а, ган йиш яц-кх. Кханналц са а муха тухур ду? Сахилла даьлча-м, йиълара текхна а, гIур яра».

IV. ДОККХА ИНЗАР

«Адамо кхоьллинчу инзарех
уггар башханиг книга хета суна».
М. Горький

Син билгало йоллушехь, самаелира Васса. ХІинца гІеххьа дара цига яха. Амма… гуро лаьцча санна, цхьа а меже меттах ца хьалуш, йиснера декъаза зуда.

«Вай, хІара хІун ду? Цига хьовха, меттара хьала а гІатталур ма яц со-м», – бохуш, чІогІа йоьхнера Васса. Дог схьаэккха доллура, халахеташ. Бехкалъяхна хьоьжура мисканиг сапаргІат наб еш Іуьллучу хІусамнене. Ша-шена хорам балла, готта хьаьвзира Васса.

Бакъду, тІаьхьо гІаьттина Клавдия Ивановна шек а яцара.

– Хьуна хІун моьттура-ткъа!? Хьо-м кху хьола тІехь дика йисна, йиса а! ТІаккха! Юха хІинцца тойийр ю вай хьо, – аьлла, коьрта молха – чай – хІоттийра уборщицина хьалха йоккхачо.

Маьнгин йисте а хиъна, Вассин коьртана куьг хьоькхуш, хазчу дашца цуьнан дог хьоьстуш, цомгашчунна дарба лело хІоьттира Клавдия Ивановна.

Вон деача а, дика деача а, алкоголико молу къаьркъа санна, чай дара йоккхачу стеган хьалхатоттуш.

Доллачул тамашена хІун дара аьлча, дикка гІоли а йора цу «дарбано». Наха, «дош» хаьа, олура, кхунна. Хаа а хаьара дог цІенчу зудчунна дог оьцу дош.

Дийнахь сарралц адамаш оьхура кху фельдшерна тІе. Аккулерчу лоьро язйинчу рецептаца кечдой, лора аптекан заведующис молханаш. Шегара а леладора дукхахьолахь лоьралла.

Іадда Іуьллучу Вассас леррина тидам бора фельдшеро дарбанаш лелош. Инзарваллал дика кхиамаш хуьлура Клавдия Ивановнас лелочарах. Ойла йора Вассас: «ХІун бахьана ду-теша иза иштта хилар?»

Бакъду, цхьаъ-м зеделлера цунна: дукха лерина толлура фельдшеро шен каравєънарг. Силу дечо холхаз санна, массо а меже хьуьйра, сеттайора. Эзарнаш хеттарш дора, уьншарахьлер-

наш а тIехь, гIуллакхаш хаа гIерташ. Цомгушчун шен могашалла теллина ца Iаш, ден а, ден ден а хьал дийца дезаш дара цуьнга.

ТIаккха, цомгушчунна хьалха чай а дуьллий (биталахь казахаш чай мала-м), шен стаммий книжкаш кегайора. Ша-шега:

– ХIаъ, хIаъ! – бохур дара. Юха, минот ялале: – ХIан-хIа… И хирг хир дац, хIуьнехдинарг хила там бу, – бохуш, «бур-бур» дийр дара цхьана сохьтехь.

Сарахь хIара шиъ шаьш йисча, цкъа элира фельдшере Вассас, хьо ма хала лела аьлла. ТIаккха шена хиира-кх Клавдия Ивановнас шега хIоттийнарг:

– Баха а бохий ахьа и санна дерг! Адамийн чарх мел ховха, чолхе, экаме ю! ХIуьшт-пуьшт аьлла, хьалха дагатесна молха яздина, дIавахийта мел атта ду… эхь цахетачунна. ТIаккха! Ткъа лоьран сийлахь цIе тIехь хилча, цу тIе, коммунистка а хилча, леррина дан деза! КIади доруш олу-кх, «ворхIазза дуста, цкъа хададе». Ахьа иштта дийцахь а, хьо кхин а хала лелар яра, хьоменига! – аьлла, елаелира.

Цомгуш боцурш а оьхура Клавдия Ивановна йолчу. Дала хьекъал хуьлура цуьнан мел кхеташ а, Iилма а шеца долчунна а. Сингаттамо, балано хьовзийнарг а вогIура. Цунна ян гIоле а хуьлура, хIунда аьлча адамаш дезаш, гIаддайнчух къахеташ и хилла дела. Цкъацкъа, клубе санна, дукха гуллора адамаш – кхунах а, вовшех а дагадовла. Цкъа а новкъа ца хеттера уьш аптекан заведующина. Цу муьрехь, массо а бохург санна, вевзира Вассина кху кIотарара а, юьртара а. Цхьаъ яра еача Вассина новкъа хеташ – шийтта шо кхаьчна Тамарин жимахйолу йиша Рая.

КочкингIеран етт бара, кхин пайденна а боцуш, делахь а Павел Антоновича ца бухкуьйтуш. Иза ТамарагIеран нанас шен божали чохь кхобуш хилла. Ткъа цу Буренкас лучу шурех Клавдия ИвановнагIарна кIирнах цкъа-шозза цхьацца литр шура кхочуьйтуш бен ца хилла.

– Маситта дакъа дан деза-кхи цу шурех, – олий, бехказйокхура Клавдия Ивановнас ТамарагIеран нана. – Царна шайна а йогIу, бежаIуьйна а яла езара, клеверан цIов ца эцча а йиш яц, нагтахь мукъна а.

И шура яхьаш йогIура Косолапова Рая. ГIий а бахьара. Ша масазза еа, Iотта-баккхамаш, кхийссарш йора: гIий дукха багабой, шайна шуьрех хIума ца юьсий, кхин а и саннарш дуьйцуш. Ткъа Клавдия Ивановна бехкалъяхча, догдетIара Вассин. Райина оьгIазъоьхура.

Хьашташ дукха мел гин, Русланах къахетара. Хаьара, массо а хIуманна бала а кхаьчна, уьш нисдан гIерташ и воллийла.Ткъа, схьагарехь, дика гIоьнча а вацара цуьнан.

Кхо-диъ де далале хецаелира Вассин меженаш.

– Гой хьуна цу чайнан дарбаналла, – олура Клавдия Ивановнас. Васса-м, фельдшеро юкъ-кара хьокхучу сарапой, цуьнан хазчу дашой ерзийна ша бохуш, яра дагахь.

Кхана Iуьйрре билггал РуслангIаьрга ша яхалур ю аьлла тарделлачу буса наб ца кхеташ йиснера Васса.

Даьржира са а.

Клавдия Ивановна хьалагIаттале юхаерза дагахь, цуьнан мачаш а юьйхина, кечъелла, сакъералуш, ког байбелла, араелира Васса. Гена ялале даьсса ведарш карахь жима зуда кхийтира дуьхьал.

Л-лов-аьлла, зуз деара Вассин дегIе. Оццул доккхачу гIуллакхе йоьдучу шен некъ нисцабаларан билгало ю-кх и аьлла, дог эшна, чуйирзира.

Цхьажимма Iийна, «жинаш диц а далийтина», юха а елира ара. ХIинца боьрша стаг кхийтира дуьхьал, и дакъазадовларш, даьсса ведарш а карахь. «Ой, цара хIун леладо? Уьш, цхьабарт бича санна, ма буьйлу дуьхьал!» – аьлла, юха а чуйирзира йоьхна зуда…

ГIойла ца хилира кхуьнан цу Iуьйрана. Кхано, дийнахь ладоьгIча, хиира Вассина уьш Тамди хи тIе ихна столовин белхалой хилар.

Цу дийнахь, цхьацца ког боккхуш, Васса чухула лелаш, Тамара иккхира чу хIара еанийла а хиьна.

Госпиталера бевза-безарш хиттина яьлча а дIа ца йоьдуш, сецира йоI. Сиха ю ша а, бохура. Буьхьиг санна кхийсалуш и леларехь цхьа хазахетар дахьаш и еаний-теша аьлла, хеташ яра хIусамнана. Аьхначу тужурки кисана куьг а диллина, хьийзара иза:

– Хаал, соьгахь ерг, хаал! – бохуш.

Чогlа сакlамделлера хlусамненан. Куьг чохь долчу кисан тlера бlаьрг ца боккхура.

Ткъа Вассин тидам кхечунна тlехь бара. И йоl сел хийцаяларх тамаша бина ца йолура. Боьмаша, самукъане къегаш болу хаза бlаьргаш, тохарлерчу «можачу човканах» цхьа а битам ца биснера. Бакъонца аьлча, хlетахь санна, догдикий, синтем боцушший-м яра иза, делахь а чlогlа азъелла, бос байна яра.

«Миска йоlалг-яl! Хlинц-хlинца, хlуманна а гlайгlа йоцуш, бер дара-кх хьо! Ткъа хlун ду-теша хьо иштта дакъазъяькхинарг?» – ойла йора Вассас.

Ткъа Клавдия Ивановнас, шена бала боччуха Iад а Iийна, Тамара йиц а ялийтина, тlекхетта, йоьlан кисанара жима книжка схьаяькхира. Книжка-м мужалт боьжиг а яьлла, цхьацца долчу кехаташ тlера нуьцкъаша бен элпаш а ца къаьсташ, сов тиша яра. Ткъа Клавдия Ивановна, шена етт белча санна, йоккхаеш, хlара-м Горькийн «Бералла» яй, бохуш, кехаташ сутараллица хоьрцуш йоллура.

Цу тlеман заманчохь берриг бохург санна синкъерам, синтем газеташщий, книгашщий бара нехан. Ткъа пачхьалкхан боллу ницкъ тlамехь толам баккхарна тlебахийта безаш хиларна, книгаш кlезиг хоьцура ара.

Доггахь кховдийна къен пхьор диъна, книжка еша хевшира хlорш. Дика доьшура Клавдия Ивановнас, хlора дош къаста а деш, воккханиг – воккха вуйла, жиманиг – жима вуйла хоуьйтуш, шен аз тодора, хуьйцура. Жимчохь дуьйна оьрсийн ярташкахь фельдшеран болх бен, хаддаза халкъ кхио гlерташ, книгаш йоьшура цо юьртахошна. Бахийта безачу тlе тидам бохуьйтуш а, юкъ-кара лелочу гlуллакхех кхиош. Хlетахь Iемина иза, ладоьгlуш болчеран хьекъале хьаьжжина, деша а, къамел дан а.

Делахь а, тlе ца боьдура Вассин тидам. Мин-минотехь коре бlаьрг кхарстабора цо. «Доккха хlума а ду, – олура дагахь, – тlех доца хила хьакъ долу хlара декабран де тахана ма шарал а дахделла сан докъазаллина!»

Бехк бацара цуьнан иштта хетча а, кхоччуш бода боьлча, хIара дуьне тIекIелдаларх, шен са лаьттачу яха сацийнера декъазчо.

Ткъа Клавдия Ивановнас, ши агIо ешна а яьлла, бIаьргех духку куьзганаш охьа а дохкуш, дозаллица хаьттира:

– ТIаккха?

Вовшашка хьаьжира Тамарий, Вассий.

– Дера бу хIара вон синкъерам! – майрра эккхийтира Тамарас. – Вуьшта а дуьне кхоьлина лаьтташ, и книжка цаешарх Iалур яра со-м! – Юха, хьала а иккхина: – Цул сайн барак чекхъяьккхича тоьлу суна! – аьлла, едда дIаяхара йоI.

ГIеххьа юьхьIаьржа хIоьттира хIусамнана:

– И йоI, хIуьрцIаьлдиг санна, догдика ю. Дуьне дезаш ю. Амма цунна а цкъацкъа моханаш оьху. – Куьг а ластийна: – ХIумма а дац, бIаьстенан ло санна, ешар ю кийрара хало. ДIадеша вай.

Доьшуш дукха хан ялале Вассега хьаьжча, юха а цуьнан ойла ЧIишкахула дIаяхна карийра хIусамнанна. Книжка дIа а теттина:

– Ой, со-х дукхахдолчунна хьан дуьхьа йоллура! – аьлла, эккхийтира Клавдия Ивановнас, гIеххьа дегабаам а бина. – Ашшиммо даим юьйцуш йолчу Дарья Петровнас ма бохура хьоьга, деша, деша. Вайн сийлахьчу яздархочо аьллийца, книга сшар – и ду тоьлла дешар аьлла. Ткъа ахьа ла хIунда ца дугIу? Са ца къерало хьан кху башхачу книжкех?

Цкъа дагадеара Вассина, дош дацара кхуьнга сайн кийрара беза бала ца балхийча аьлла. Юха меттаеара. ХIан-хIа, мел дика стаг елахь а, бакъ хетар дацара цунна и кхузахь коьрта хьаькам волу жималла а, дикалла а эккха воллуш волу Русланний, пекъар сой майрий, стей хилла аьлча!

Кийра кIоргехь, цкъа а Iора ца доккхуш, хуьлдан деза уьш… Барта шега ладугIуш Iачуьнга парггIат элира:

– Суна-м хаза хабарш цахиларх, турпалхойн хьокъехь мукъане а хир ю, ма моьттура книжка, «Лечанан илли» санна, – аьлла.

Дикка халахийтира йоккхачу стагана. Юха ойла йира: «Аса хIун де боху-техьа кху пекъаре? Дов ца деш, дешарх, Iилманах меллаша кхето декхар ма ду сан хIара саннарг». ТIаккха эсала элира:

– Турпал бен, кхин мила вуьйцу, моьтту хьуна, кху тIехь, мотта а! Ду дера! Турпалхо, расхачу дина а хиъна, тур лестийча бен ца хуьлу, моьтту хьуна?! – Васса бехкалъяхча. – ТIаккха! – аьлла, сецнарчуьра дIайийшира Клавдия Ивановнас книжка.

Бакъду, денна гуш долу тамашена доцу гIуллакхаш шен йоккхачу корматаллица кIоргтерчу маьIне а кхачош Горькийс говза ядарна, тIаьхь-тIаьхьа хазлора «Бералла» Вассина. Цу книжки тIера цхьаберш, уьш дийна болуш санна, безалора. Къаьсттана Алеша везавеллера Вассина.

– Вай, миска-яI! Ма къа ду цуьнан! – елхаран къурдаш дора Вассас, йоI ца йолура дагара: сингаттаме беральа ду-кх цуьнан бохуш: «Меца-м хир яцара и… амма, ненан куьг тIедоьдуш ца хилча, къа ду-кх».

Ткъа Васса иштта карзахйолуш гича, хIусамнанна а деара дага: «Билггал цхьа кIентан кIант хир ву цуьнан-м… цхьанхьа», – аьлла.

– Ма ирча беральа хилла цу кIентан! – элира Вассас.

– Э-э, диканиг, – куьзганаш охьа а дехкина, леррина Вассин бIаьра а хьаьжна, шен шогачу озаца вуно эсала элира хIусамнанас: – Ирча беральа-м массеран а хиллий хьалха, хьоладай боцчеран. Сайниг а дацара «дашо» я беральа а, я къона хан а… Дацара дера!

– Алахьа! – цецъелира Васса. – ТIехьаьжна-м эр дац, ахьа вонаш дукха лайна. – Ткъа важа хаттаре схьахьаьжча: – БIаьрахьажар а, дог-ойла а ду хьан самукъане… къона…

Дуьхьал хIумма а ца олуш, ехха Iийра йоккха стаг, Вассас аьллачун ойла еш. ТIаккха доцца шен хIумма а «дашо» доццу берашех лаьцна дийцира цо.

Шен да, хIара вуно жима йолуш, Сибрех вахийтира, бохучунна тIера долийра цо къамел. Кхин цIа а ца веара иза-м.

Ден доттагIаша шайн къоьллица гIой, Iуналлий дора. Деша а яхийтира. Дас а, шаьш а лелочух кхетийра.

Пхиййтара ялале революционерийн балхахь дакъалаца йолаелла хилла Клавдия Ивановна.

– Гой хьуна, – элира тIаьххьара а хIусамнанас, – мацаллий,

къоьллий, набахтешший дукха хиллехь а… Дог, самукъане, доьлуш ала мегар долуш, дара сан.

– Ой, и муха ду ткъа! – ца кхуьуш, белш саттийра Вассас – Цхьаьна ма ца догIу уьш!?

Кица далийра цо. Масала, инзаре дарц, Iаьржа къемат хиларх геннахь, вуно генахь хилийта хьайна, хьан салаьтташ цхьа къуьдаIалашо хилча, новкъахь Iиттало халонаш лалур ярий хьоьга?

– Дера яра…

– TIаккха? – доцца хадийра Клавдия Ивановнас.

– Сан цIийнда а вара хьан даггара, – эккхийтира Вассас. Юха гIийла тIетуьйхира: – Соьга болу цабезам шен лагIбелча, изза дуьйцура цо а.

– Цабезам, тов! – цецъелира Клавдия Ивановна. – ХIун дина ахьа цунна?

– Б-берр-таза к-коча еара-кх! – толкха а юьйлуш, халла далийтира Вассас и къаьхьа дешнаш.

Даго ца вуьту и санна дерг аттачу балхах Iорадаккха. Делахь а, даима кийрахь Iаьткъинарг, мел хьо къийла гIиртича а, сахьт тIехIутту и хьулдина ца Iалуш. Тахана кху дог цIенчу зудчуьнга шен къа-бала балхор доьссинера Вассига а.

Шен да Соьлжа-ГIалица йозучу Йоккхачу промыслехь белхало хилла, бохучу тIера долийра цо шен къамел. Цигара белхалой, дукхахберш, буьззина революционераш ца хиллехь а, цуьнга сатуьйсуш а, и сиха тIекхачийта, шайга далуш долу накъосталла деш а бара.

Вассас схьадийцарехь, цуьнан да царалахь тоьллачарех вара. Цундела, Деникин вайнехан махка тIелеташ, Iалхан-Юрт йоккхуш, къоначу Асламбекан эскаран могIаршкахь вара иза. Бакъду, цу юьртара большевик Оьзда а вара Вассин ден дуй биъна доттагI.

Берахь дуьйна Васса а хилла цу юьртарчу берашца гергарло лелош. Iалхан-Юрт йоккхучу къематехь а нисъелла иза цигахь. 1919-гIа шо дара и…

– Собардел цкъа, – юкъаиккхира Клавдия Ивановна. – Суна шерра дага ма йогIу и зама: Ростовехь цу боьхачу йовссаршна

дуьхьал лата ЦхьайтталгIа Арми вовшахтухуш дара тхо, ткъа хьо,.. мел яра хIетахь?

Корта охьабахийтира Вассас:

– Дейтта шо дара…

– Ой, ахьа баккъал бах?! – цецъелира хIусамнана. – Делахь хьан,..

– Ткъе вуьрхIитта… шо ду, – халла делира Вассин багара. Хьара, ша тIехьаьжна массарна а йоккха стаг хетий.

Клавдия Ивановнин чехка Iаьржа бIаьргаш хIоккхул къаьрзина, пилха къоьжа цIоцкъамаш гуттар хьаладахара.

Ларамза: – Ой, ой! – бохуш, бIаьргаш тIе а боьгIна, леррина хьоьжура иза Вассин луьста хебаршка ихначу юьхьа тIе, къоналлин лепар дайначу бIаьргашка, букархьаьвзинчу дегIе.

– О-ой, суна-м, вайшиъ… цхьана хенара хир ю, ма моьттура, – муха олу а ца хууш, эккхийтира чIиркъечу хIусамнанас. – Ткъа… сан кхузткъе пхи шо ма ду?!

Юьхь йоцуш ша аларна а, Вассина и гIеххьа халахеттийла хиъна а, хьала а гIаьттина, уборщицан белш тIе, хьостуш, куьг а диллина, къинхетамца, аз лахдина, хаьттира Клавдия Ивановнас:

– Стен яьккхина хьо, миска, сел дакъаза?

– К-конц-лагеро, – охьабахийтина корта хьала ца ойуш, доцца хадийра Вассас.

Юьхьа тIе Iаьржа марха еача санна, сингаттаме гуттар кхоьлира Васса. Цигахь лайнарш, шена Iаьткъинарш дага а даьхкина, кхечу суьрте делира цунна гергахь цIа а. Дерачу экханел оьшуш болу фашисташ, текхаш, чу а баьхкина, советан адамаш къиза хьийзош, цIубдеш санна, хийтира цунна.

Пеш тоххарехь яйнера, самукъане узам беш йолу чайник дIатийнера, гIийла богу чиркх гIелбеллера. Сингаттамо дог Iаьвдира Клавдия Ивановнин а.

Таптьаьлла дара чохь.

– ДIадешахьа, Клавдия Ивановна, – гIийла елакъежира Васса. – Ахьа айхьа ма-баххара, уьш а, вуьш а дIа ма девлла.

– Доьшур дац, цкъа чехка, чехка цIе а ца къадош-м!

Иза а аьлла, халла гора а хIуттуш, маьнги кIелхьара цхьа-ши чIешалггий, жимо гIий схьатакхийра хIусамнанас. «Бур-бур» дора пеш латочу хенахь:

– ЧIеш дагийча, Павлушас дов деш… бакъ-м лоь-кхи и… гIий дукха багийча, Раяс юьхь ягош… бакъ лоь-кхи уьш а, етт лелорах кхин башха пайда а ца болий царна-м.

Цхьацца стака довха чай а мелла, дIадаьхьира дешар. Iаламат везавеллера Вассина цу книжки тIехь вуьйцу Цыганок. Ненан дас, лар йоцуш, чIогIа сара биттина воьжначу Алеше хьажа-хIотта веана хиллера Цыганок. Эццахь, шен берзинчу пхьаьрса тIера аьрснаш гойтуш, цо: «Жуьликалла долуш со а ву, гой хьуна, дукхазза а воккхачун сара сайна ма кхетийтира аса», – алар хазделлера цунна.

– Массаьргахь делара и «жуьликалла», – бохуш, йоьлура ший а.

Кхин а дика Цыганоко: «ЭхI, хаза аз делхьара, адамийн дегнашкахь нийсонан ало латор яра аса!» – аьлларг а тайра.

– Вай-й, ма бакъ лоь и! – карзахъелира Васса. Ткъа Клавдия Ивановна шега леррина дIахьаьжча, гIийлачу теIамца элира:

– Цхьаберш… бежнаш санна, беха-кхи. Шайна даа, мала хилчахьана, тоам беш.

ДIа хIумма а ца олуш: «Дера ду кху ирчачу зудчун кийрахь большевикийн дог», – дагатеснера хIусамнанна.

ШолгIачу сарахь бен меттиг ца елира цушинна пергIат къамел дан. Книжка ешале хьалха, шен дахарх лаьцна дийцийтира Клавдия Ивановнас Вассега:

…Да вийча, цуьнан дуй биъначу доттагIчо, шен йоI йина, кхебира Васса. Маре а елира. Бакъду, цу марехь диъ шо бен даькккхина ца хилла Вассас. Цкъа а бохург санна, ца васталуш, молушший, синкъерамашкахула лелашший цIийнда хиларна, тIаьххьара а цIа еара иза.

– Цкъа а маре ца яха ойла йинера аса хIетахь, – аьлла, долийра къамел Вассас… ЦIаьххьана, коре а хьаьжна, шен хабар хадийра Вассас: – Вай-й, корта лазабаьлла сан! – аьлла.

Хьала а иккхина, цIенчу хIоне яла йоллу ша аьлла, чехка дIатилира.

Цецъяьлла цIенкъа юккъехь латта йисира хIусамнана: «Ма цIаьххьана лазабаьлла кхуьнан корта?» – бохуш.

Руслан вехачу яхара Васса. Жимчу корехула, дуьхьал оьллина кирхьа доллушехь, херо йолчухула, гIеххьа хIума хаалора РуслангIеран чуьра. Шина а куьйга корта а Iаьвдина, стоьла хьалха Iаш шена дукхавезарг гира Вассина. Л-лов-в-аьлла, кийра йовха ало кхерстира. «Бакъ дуй-теша хIара?» – бохура даго. Ткъа бIаьргаша йоккхачу сутараллица хьомечун сурт худура. «ЭхI, и цуьнан хаза куьйгаш! Хьаьжа тIе еана кIужал таьIна-боьмаша басахь. Деза дари санна, къегийца лампин серлонгахь чIегIардиган тIемаш хилла дIадахна цкъоцкъамаш! ХIан, кхуьнан даго ма лоьххура, куьйгаш стоьла тIе дехки, ма-ярра юьхь гучуйоккхуш».

«Азвелла, хьоменига, делахь а, товш ву – боьршаллин аматаш къеггина къаьсташ… Ткъа Седа ма яц гуш! Дехьа чохь ю-техьа маминаг? Шийла чу яьккхинийца! Бакъ хир дац»…

ХIан, цу соне берзабо Руслана кест-кеста корта. Цигахь хила там бу йоI?..

Руслан, хьала а гIаьттина, цу агIорхьа дIаволавелча, беран жима маьнга хаабелира нанна.

«Вай, сан дог! ЮргIа тодеш воллу… Ой! Сан са, сан кIорни!»

Когабуьхьар елира Васса, беран цхьа меже мукъане гур яцтехьа аьлла, хеташ. ЧIогIа там баьллера нанна, дас тодина юргIа дIа а тоттуш, беро тIехула бишка даькккхича. Дог а Iаьвжира: дукха оза дара и.

– Вай, со яла хьан, кIорни!..

V. ДIАДЕВЛЛАРШ

Тахана дикка гIоли а хилла, шен чолхе доцу гIуллакхаш дан йоьллера Васса.

Ткъа сарахь хIусамнанас хьаха а дале дира цо дехар, книжка сиа вай аьлла. Сийсарчул сакъералуш, ла а дугIура Вассас. Делахь а, цкъацкъа лаамза ойла акхайолура. Цкъа сакъералора: «Бакъ дуйтехьа сийсара хилларг! Я и хаза гина гIан дара?» – бохуш.

ТIаккха гIийла ойла йора: «Ма гина белира… Дерриг карладаьлла: вицвелла вогIу аьлла хеттарг хьалхачул дукхавеза… сайн денца. Ткъа йоI! Цуьнан горга корта гина мукъане белира! Бишка-м дукха оза ду. Тайниган санна. Кхо шо хьалха а ма яцара иза сел эгIаза…»

– Ахьа хIун дай, диканиг, – бохуш, хезира къухашла ойланаш дIаяхначу Вассина. – Соьга эрна къа а ца хьоьгуьйтуш, хьайн кийра бассабе.

Набарх ша яьккхича санна, тентак яьлла, Клавдия Ивановне дIахьаьжира Васса.

– О-ой! Цуьнан бIаьргаш! – аьлла, корта охьатаIийра хIусамнанас. Ца хьажалора цу бесачу, са дIадаьлча санна болчу бIаьргашка. ТIехула кхоьлина пардо лаьцначух тера ду уьш. Дагатесира: бIаьрзе-м ма яц иза?

Дера яц-кх. Чохь йолаелча а тергалйора Васса Клавдия Ивановнас. Болар чIогIа телхина дара Вассин. Когех, буржалш тоьхна а ца Iаш, пуьнташ герканаш йолуш санна, лелара миска. Бехк бац, бехк бац!

– Сийсара «цкъа а марс ца яха чIагIо йинера» бохучу тIехь сецира хьо, – аьлла, дагадаийтира цо Вассина.

– ХIаъ, – аьлла, корта а таIийна, – …1927-чу шарахь гIеххьа оьрсийн а, нохчийн а дешар хууш ю аьлла, цу Iалхан-юьртахь зударийн клубан заведующи йинера со, – долийра къамел Вассас.

– Клубаш яра хIетахь?

– Клуб аьлча а, лоха а йолуш, жима лаппагIа яра-кх заведующига терра. – Ца кхета-аш, Клавдия Ивановна шега леррина хьоьжуш а гина: – ХIетахь я дика цIенош а, я баккъал дешна зударий а бацара, нохчийн къам тIаьхьадисна хиларна. Цундела со саннарг дIа магара цкъачунна, «бIаьрзечу нахана юккъехь цхьа бIаьрг берг а паччахь хета» бохучу кицано ма дийццара.

– Ткъа хIун болх балора хьоьга? – къоьжа цIоцкъамаш ирх а саттош, хаьттира Клавдия Ивановнас.

– Сайна хуу элпаш Iамадора, унахцIеналлин бехкамаш хьоьхура, наношка бераш могуш Iалашдайта. Са а къералора, сайх мелла а нахана пайда болий хууш.

– …Мухха а «бежана» санна яцар-кх? – забар ечуха эккхийтира Клавдия Ивановнас.

– Яцара-те.

Балхах Iехалуш йоллучу шена «цатерг» хилира, элира Вассас.

– ХIун цатерг? ХIун дира ахьа? – йоьхна-а, аз айдеш, хаьттира хIусамнанас. Ийзалуш, соцунгIа хилира Васса. – Дийцахьа, дийцахьа, дIа ма даьлла и хIета а, вета а, – бохуш, сихйира уборщица Клавдия Ивановнас.

– ДIа-м… ца даьлла… Делахь а дуьйцур ду аса… Амма сан тохарлера сурт хIоттадай, сох кхарда ма кхардалахь, диканиг, – бIобулуш хьесталора Васса.

Сакхо еш, бIаьргаш къарзийра Клавдия Ивановнас: «Пачхьалкхана хьарам хилла-теша хIара? ХIан-хIан, и дага а хIунда деара суна? Ткъа хIун дина?»

– Дийций ялахьа!…

– Суна… муха вуху а ца хууш… Оьздин кIант дагавоьхнера, – халла делира Вассин багара.

Доггах елаелира хIусамнана.

– И-м сакхт дацара. ТIаккха!?

Амма Вассин кхин дара схьагIерташ.

– Гой хьуна, и сан могIара а, хенара а вацара-кхи, – чекхдаьккхира, корта таIийнчуьра хьала ца ойуш, Вассас. …

ДIаладоьгIча, и кIант диъ шо цул жима а, дешна, инженеран дешар Iамийна а, хаза а хилла. «ХIинца хIун ала йоллу хьо?» – бохуш санна, хIусамнене дIахьаьжира Васса. Важа-м шек а яцара.

– Воккхий, жимий, хазий, ирчий бохурш хьесап а дац, хьо-менига, – сла а къежаш, даггара элира Клавдия Ивановнас. – Тхан, большевикийн, хIета а, вета а. Коьртаниг вовшийн дезар, амал тар ду. ТIаккха?

Юха а корта оллийра Вассас. Цо дийцарехь, хIара шен кIанте маре яхийтинарг Оьзди хилла, ткъа…

– Ой! – аьлла, ши куьг вовшахтоьхна, хьалаиккхира хIусамнана. – Большевик ву, ца бахара ахьа, и воккха стаг? Ткъа и кIант а? Хьо-хьо а!? И муха мегар ткъа? Советан зама а хилча! – бохуш, гуттар карзахъелира Клавдия Ивановна.

Цхьажимма Іийна-а, Васса мотт лаьцча санна, йоьхна а гина, шен ма-хуьллу паргІат, эсала хаьттира цо:

– Дийца мукъане дийцахьа, муха хиллера и лартІехь доцург?

Йоьхна, толкха а юьйлуш, къадийра Вассас шена бале дирзина гІуллакх.

Оьздин и кІант Испани вахна хилла. Ткъа фашисташа толам баькхкхича, чІогІа дог эшна, дуьненах ойла а яьлла, цІа веанера, шеца цхьа испанка а ялош. Цо-м, фашисташна дуьхьал хилла дела, са дадийна сана, бохура, и хаза зуда. Ткъа Оьзди реза ваца-ра цу гІуллакхна. Я теша а ца тешара цунах, и шена ерзо дагахь вуй-теша аьлла, хеташ. КІант цІа веана дукха хан ялале, Іожаллин метта вуьйжира Оьзди. Валаволлучу хьомечу дас шега, со ялае аьлла, дехар дича, воьхна, корта хьаьвзинчу кІанта дехарна жоп делира дена, там хилчхьана бохучу ойланца…

– Ой, – аьлла, хьалаиккхира, са а ца тохаделла, Клавдия Ивановна. – Хьайна и дерриг хуъушехь, хІунда яхара хьо цуьнга!? Яхь яцара хьан?

Корта охьабахийтира Вассас. Юха меллаша, хала элира:

– И-м тІаьхьа хиирий суна… ХІетахь-м и кІант соьца даим эсала, велавелла, ийна хилча… со а цунна еза, моттаделлера… Іовдална. – Эхь хеташ, шина а куьйга юьхь дІалецира Вассас. Халла хозуьйтуш элира: – Иштта, хьеран тІулг хилла, сара со цуьнан коча.

Ехха Іийра Клавдия Ивановна, цу декъазчу зудчан ойла еш. «Даллалц цхьаьна даха вовшахкхеташ, иштта, кхин кІоргера чот ца еш, хийла деш хуьлу гІуллакх. ТІаккха ший а дакъаздолу… бераш хилахь, кхин а Іаьткъа».

Юха хийтира, кхуьнан хиллий-теша цу жимчу стагана дина бер? Хатта-м ца хІуттура Вассега хІумма а. Кхин цо дуьйцур доций а хиъна, цуьнан ойла екъаялийта, шен маре яхар дийца долийра хІусамнанас. Хьоьстуш, уккал йоьллачу Вассин букъ тІе куьг а хьоькхуш, шен шогачу, амма тІех эсалчу эшарца дагна хьаам беш, долийра цо:

– Гой хьуна, диканиг, со а яхара сайл жимчуьнга а, хазчуьнга а, дешначуьнга а, ткъа… со сов кІезиг дешна яра.

Цецьяьлла, ца тешаш, хьаьжира хIусамнене Васса:

– Кхидерг эр дац аса, вуьшта Iилма долуш стаг юйла-м хаьа суна хьо билггал. – ТIаккха ойла а йина: – И иштта ахьа ма-бохху хиллехь, цо хIунда йигира хьо? Хьо хьан яхийтира цуьнга?

КIаж а йоьдуш, елаелира йоккха стаг:

– Со хьан йохуьйтур яра? Со яхар-кх.

– Цунна езарий хьо?

– ЧIогIа езара, со хаза а йоццушехь.

Шена хIара дуьххьара гича санна, леррина хьаьжира хIусамнене Васса: «ХIаъ, хIинца-м йоккха йолу дела ю эр дара цунна ирча. Луьстачу хебаршка ихна юьхь, нилха цIоцкъамаш, сирбелла корта. Делахь а, аматаш а тера ма дац цкъа а и хаза хиллачух: я мара а, я бат а… Ткъа хIунда езаелла-теша майрчунна?»

– Тамашийна болх, – аьлла, ларамза эккхийтира Вассас.

Цо и мича дагахь аьллийла хууш, кхин дегабаам ца беш, сапаргIата элира Клавдия Ивановнас:

– Гой хьуна, хьоменик, хазалла-м хьесап а даций…

– Тхан нехан ма ду, хазалла – сарралц, дикалла – валлалц олуш… делахь а, со хаза хиллехьара… – доккха садаькхира Вассас.

Тидам хилира хIусамненан Вассас нохчех «тхан нехан» аларан, ша оьрси йоллушехь. «Шен цIийнда баккъал везарна а, цу оьздачу къомана юккъехь кхиарна а хир ду цуьнан и», – аьлла, тесира дага. Ца элира хIумма а. Шен къамел дIахьора, Вассин тидам тIебахханчуьра:

– Ахьа, со хаза хиллехьара аьллачунна тIаьхьа майрачунна езар яра, бохург догIу. Делахь а, аса дуй буур бара, цунах ца хилла аьлла, шуьшиннен бохам а, къастар а, масала, къаьстинехь а.

Корта таIийра Вассас. Дагахь ойла йира: «Билггал хIума хууш стаг ю-кх хIара. Юха а, тамаша а бац нехан дагара, кераюкъ санна, цунна гича а. Дукха девзина кху ширчу коммунисткина адамаш, Горькийс чекхъяьхна «университеташ» цо а яьхна гIеххьа, схьагарехь». Юха, Клавдия Ивановна зен санна, хаьттира Вассас:

– Ткъа хIунда ца елира со чекх, хьуна хетарехь?

ГІийла елакъежира хІусамнана:

– Хьо цул дешарна а, хьекъална а тІаьхьайисна хиларна…

– Ватта! – аьлла, Васса юкъаиккхича, эсала элира Клавдия Ивановнас:

– Ойла ел ахьа айхьа а, майрачунна зудчух накъост ца хилча, чекхдер дац гІуллакх, мел зуда хаза хилча а…

– Ткъа маса…

Хиира хІусамнанна Васса ала гІертарг.

– Маса иштанаш, белла дІабовллалц беха, ала гІертий хьо?

Корта таІийра уборщицо.

– И хІун ду, хаьий хьуна? Я берийн дуьхьа Іа майра, я кхин бехкам болуш, еза а езаш, Іийр вац.

ТІаккха, Вассас хІумма а алале, къамелана тІера йолчу Клавдия Ивановнас ша йийцира:

– Со, гой хьуна, – майрчунна юьззина накъост хилла даим, цундела, кхин дов-шов доцуш, кху хене даьлла тхойшиъ. Цкъа-делахь, цул тІаьхьа ца йиса гІерташ, хаддаза дийшира аса. ХІинца а доьшу, маьІна а доккхуш. Мукъа яьл-яьлчухула сайн корматаллин книгаш Іамайо аса. Адамана сайгара пайда хилийтархьама а. Доьшу дера, пхийттара яьлча санна-м.

– «Цкъа а лийр воцуш санна, деша», – ала кхиира Васса.

Хазделира и кица хІусамнанна:

– Муха, муха? И хьан аьлла? – бохуш, хьовзийра цо Васса. Ткъа иза вайнехан кица ду аьлча: – ЭхІ, и дІахаа воцу Горький! – элира доглазарца, къаьхьа са а доккхуш. – Ма воккхавийр вара иза! «Дашо тІорказ»[1] хьовха…

– ХІа-ан, хІинца йижа еза вайшиъ, – элира Клавдия Ивановнас, гаррехь милла егочу Вассега а хьаьжна.

ЧІогІа шелъеллера чохь. Бехк а бацара: чайник кхехкал кхе тесначу чІийшех хІун йовхо хир яра мох чекхбуьйлучу цІа чохь? Метта охьайижинчу Вассина, леррина бохбина тІулг пеша чуьра схьа а баькхина, тиша бехчалг а хьарчийна, когашка биллира хІусамнанас.

[1] «Дашо тІорказ» аьлла казахийн фольклорна Горький А.М.

ХIумма а ца элира Вассас, Клавдия Ивановнина уьш ца оьший хууш. Ткъа даге йовхонан тулгIе хьаьдира. «Кхуьнан дика аса дицлахь, шкъа а сайн доьзалх ма кхетийла со», – чIагIдира дагахь.

– Дийцал, хьомениг, муха дара хьан везачуьнца маре?

– Мерза а… къаьхьа а…

Йист ца хуьлуш Iара Клавдия Ивановна, Вассин дагахь дерг хууш. Дуьххьала къевллина марайоьллира, и майра яккха санна.

– …Дукха хан ца елира, – аьлла, халла хозуьйтуш, долийра Вассас шен бала балхор, – цIийндена ца езийла суна хиина. Делахь а, стогалла, оьздангалла ца хилира соьгахь, дIа а яхна, и пергIатваккха… Цу тIе, бер а хьаьрчира.

– Ткъа…

– Дийна а, могуш а ду иза-м…

– ХIа-ан…

– Цаваьллачу денна бен, вист ца хуьлура… миска.

– И лору ахьа миска? – Iан а ца елла, эккхийтира хIусамнанас.

– ХIаъ. ХIунда аьлча, деза хIума хала делахь а, цавезачуьнца дийнахь-буса а цхьаьна Iар кхин а хала ду… Iетто молха хетта хир яра со цунна, хIинца санна, маьттаза ца хиллашехь.

Кхин йист ца хилалуш йисира Васса, цхьана юкъанна даге лазар а деана, халла саийзош. Клавдия Ивановнас дагана тем бен молха малийнчул тIаьхьа, цо кхин ма дийца боххушехь, ца Iийра Васса. Дог эккхар ду шен, маситта шарахь кийрахь IаIийна, дIовше шад хилла Iуьллу уьйриг тховса ца бассабахь аьлла, дIадийцира Вассас.

– Даго ма-лоьххура, меттиг елира цунна цIера вада, Финляндехь тIом а иккхина. Гура чуьра олхазар санна, тIемашка а ваьлла, дIатилира.

– Ма алахьа, ма вехьа и…

– Хьо ала гIертарг хаьа сунна: мерза езар хилча а, цуьнан марара ваьлла а, гIур вар-кхи и, – къера хилира Васса.

– ТIаккха?

– Цигара цIа веача а, хIумма а кхечу экъан тIе ца делира тхан дахар, – гIийла дIахьора къамел Вассас. – Дуьххьал бер бахьана долуш

Iийра и соьца, суна хетарехь. Суна тIе ца доьрзура дог, оццул лерина, нанас хьоме бер санна, аса и лелийнашехь: айса ца юуш, ца…

– ХIан, гой хьуна, гой хьуна, – юкъаиккхира хIусамнана. – И ду-кх хьох дахнарг, диканиг… Хьо сов кIезиг, хIумма а йоцург хетийтина ахьа.

Ца дийзира Вассина Клавдия Ивановнас юх-юха изза дийцар. «Ша Iалашвайта а, цIа-кхерч меттахь латто а бен, стенна ялайо къонахчо зуда? Цу тIехь-м галморзах яьлла хьо, доттагI», – цаяшарца ойла йира Вассас.

Шен къамел дIадора цо. Гуттар ирчачу хорша тIе даьллера дахар, цо дийцарехь, цIийнда Соьлжа-ГIалахь коьрта инженер вина вахийтича. Кхин а чIогIа херо йоьллера цушинна юккъе. Цуьнан къаьхьа бахьана а хиира дукха хан ялале декъазчунна.

Цхьана дийнахь шен директор волчу хьошалгIа йигина хилла цIийндас Васса.

– ЭхI, ма яхана елира со цига, ма яхана елира! – бохуш, ша-шех лата санна, карзахъелира иза, шеха-а куьйгашца корта а лоцуш. – Цигахь хиллачу курачу хьешашна гергахь иза а юьхьIаьржачу хIоттийра аса… сайн дагна а ца йоьрзу йолу чов йира…

Меллаша Вассина улло а хилла, цуьнан куьйгаш дIа а даьхна, эсала хаьттира Клавдия Ивановнас:

– Ма хIума дина хир дацара ахьа, маситта шо даьлча а и Iаткъа!

– КIезиг дешна хиларна, мотт нийса бийца хууш цахиларна а хIуттура со кест-кеста юьхьIаьржачу. Вист ца хуьлуш а муха Iийр ву ткъа…

«Мотт цахаар-м бакъ ду, – аьлла, дагатесира фельдшерна. – Шестнадцать ала дезачохь шешнадцать олу кхо; оба ала догIучохь обои бен ца олу… ишттa кхин а… Делахь а… и Iовдал а яц, ткъа…»

– Ткъа, гой хьуна, цхьа элп шен метта ца хIоттийча, доккха эхь ду, моьтту нахана. Шаьш-м хазчу дешнашца Iаламат боьха эхьс кицанаш даладора цигахь хиллачу дешначу хьешаша. Я цхьа а юьхьIаьржачу а ца хIуттура, малик санна, хаза йолу, директоран йоI а тIехь.

– Стенах хиира хьуна. уьш хьайха кхаьрдий? Тарделла хила а мегий хьо санна чIинчIире йолчунна-м?

– Мичара! Сан багара схьадолу хIора дош, лаьхьанан багара дIовш санна, хеташ вара сан майра а, уьш хьовха! Цунах бIаьрг масазза кхета, юьхь оьгIазе а, сингаттаме чIичкъашка йоьдий а гуш яра суна. Кхин а новкъа деанчух тера дара аса цу йоьIан гIуллакхна туьха кхоьссича…

– И хIун ду? Стенна, муха кхоьссира ахьа? – ца кхетара Клавдия Ивановна.

– Гой хьуна, и директоран йоI сайца тIекаре йолуш, цуьнан ойла ца хуучу сан цуьнга безам бахнера. Цундела ларамза цо туьха Iанийча, цуьнан гIуллакхна, аса, и схьа а эцна, хIума хуучу цхьана йоккхачу стага сайна Iамийна доIа а дина, аьрру белшана тIехьа кхоьссира, ткъа… – Клавдия Ивановнин бIаьргаш, хьербевлча санна, къаьрзина шена тIе боьгIна а гина: – Иштта цу чуьрнаш а бисира, хIинца хьо санна. Цхьана мIаьргона цу йоIана хиндолчух кхерабелла.

– Ой-й! – аьлла, Iаддаiийра Клавдия Ивановна: «ХIинца хIара кхето йоьлча а, аьттехьа а тIелоцур дац. Дагахь вас хилар бен, пайда бер бац. Амма тамашийна ду и майра зуда Iамо ца гIортар. Бакъду, аса-м йита ца еза иза кху хьола тIехь… Ца еза аьлча а, маттане а мегар дац. ТIаккха! Делахь, цхьажимма сайх йолийтина, тешам тIебахийтина, кхето хьажа еза. ХIумма а дац. Кхетар ю, кхул халанаш кхиийра…»

– ЙоIа хIун дора? – муьлха-хIун хоттур ду а ца хууш, и юьхьIаьржо ша йича санна, йоьхнера хIусамнана.

– Иза-м йоьлуш, юх-юха со Iовдал леш яра. Сан цIийндена гергахь шен ма-хуьллу со аьшнаш еш йоллура. Цу буссехь хиира суна, и шиь вовшийн дукхадезаш дуй.

– Бакъ па хила а тарлорий иза-м, – Клавдия Ивановнас аьлча:

– Цул бакъдерг цхьа а дац, – доглазарца хадийра Вассас. – И яла а йина, цуьнца вехаш ма ву и.

Изаруьелира Клавдия Ивановна: и муха тарделла-теша, хатта-м ца яьхьара и, декъазчунна деза хир дуйла хууш.

– ТIаккха? – аьлла, IадIийра иза.

– …Цушиннен юкъаметтиг хиира суна лулахошкахула а. И цIера а валийтина, дIаяхара со… везарал яхь а тоьлла.

– Ой-й, ой-й! – аьлла ши куьг вовшахтуьйхира хIусамнанас. – Ткъа, бер ду, ца бахара ахьа? И муха дитаделира хьоьга?

ГIийла корта таIийра Вассас.

– Уггар халаниг йоIах къастар дара. Елла дIаяллалц дицлур дац суна аса, юх-юха барташ дохуш, хьоьстуш, марзошка дIаяха дагахь (генахь Iаш яцара маьрйиша, шен бераш доцуш тхайниг дукхадезаш а яра) арайоккхуш, тIаккха, чуйоьрзий, цунна йоьлхуш, лелийнарг… Делахь а, яла а ца елла… ХIинца а лелаш ю… – Къуьйлуш, доккха са а даьккхина, хIусамненан бIаьра а хьаьжна, корта а ластийна, элира: – Иштта сайн бен айса бохийра аса.

– Ахьа динарг, ахьа динарг! – бохучохь йисира Клавдия Ивановна, ткъа Вассас дIахьора къамел:

– Яздина кехат дитира аса чохь… Ма кхаьрдина хир вара иза сан коьжалгех!

– Вай, миска, яI! – даггарчу къинхетамца зудчун догъийцира Клавдия Ивановнас. – Стенга яхара хьо, декъазниг? ДIатовжа меттиг ма яцара хьан!

– ТIаме. ХIетта болабелира луьра тIом. Айса сайна хорам беш ерна лечул, цхьа-шиъ мукъана а акха мостагI вуьйр аса аьлла, ойла а йина. Хьалха санитаркин болх байтира соьга, цул тIаьхьа, цхьа йоцца курс чекх а яьккхина, сестра а лийлира. ТIаьххьара а, суна чIогIа лаьий а, хьуьнар долуш со юйла а хиъна, разведчица яхийтира со.

– Разведчица, тов! – юкъаиккхира хIусамнана.

Хиира Вассина, Клавдия Ивановна дика реза йоцийла, сестра болх а битина, важа тIелацарна.

– Гой хьуна, – бехказъяла санна, элира Вассас, – и фашисташ тIаьхь-тIаьхьа сайна дика бовзарна, са ца туьйра сайн куьйга уьш, церан баннаш хIаллак ца дича. Уьш тIехь машенаш гу кIел оьхуьйтуш, штабаш чохь йолу цIеношл лоьлхуьйтуш. БIеннаш, эвакуаш фашисташ хIаллак ца бича ца Iебара дилха дог… БIаьрга

бан цабезарна, кIеж кхехкара готтачу кийрахь! Ткъа разведке ца ихча, хаа йиш яцара церан къайленаш…

Чохь юха а Iаламат шелъеллера. Ша лелийнарш, лайнарш дуьйцучу, дерриш карладевллачу Вассина ца хаалора шело.

«ХIинца а, хьаха, бу хьан кийра-м кIежйохуш», – ойла йора бIаьргаш къарзийна цуьнга хьоьжучу Клавдия Ивановнас.

– Концлагере муха, хьан кхоьссира хьо? – Iан а ца елла, ийзалу-уш, халла хозуьйтуш, хаьттира цо.

– Цкъа, разведке яханчохь, коьртах хIума а тоьхна, йийсар дира сох… Саметтахь хиллехьара, дийр дацара…

Ойланашка яхара ший а.

Жимма Iийна-а, Вассина улло охьа а йижина:

– Хьайна наб ца ягIахь, дийцахьа лаьцначул тIаьхьа хилларш, – дехар дира Клавдия Ивановнас.

– Цхьажимма метта еача, массо а агIор цIога хьийзош, со зен, соьгара хIума даккха буьйлира неIалт хиларш. Юьхьанца хьоьстура, кхача диканиг латтош, хаза дуьйцуш…

– Юха?… – дегочу озаца хаьттира хIусамнанас.

– Цунах-м Iеха ца елира со, – жоп делира Вассас.

– ТIаккха?

Дог лазадаьлла хIусамнана, цхьацца дош бен ца алалуш, йисира.

– ТIаккха-м… дукха къиза хьийзийра. Амма йийна дIа а ца йоккхура, соьгара цхьаъ даккха дагахь. Са а чохь юха лагерь чу кхоьссира со. Хьайна хуург дIа хIунда ца дуьйцу ахьа, хьо иштта хьийзайойтучул? – олура соьга цхьаболчара.

– Ткъа ахьа?

– Сайн Даймехкан а, халкъан а сий дойуш санна, хетар дара суна… Ца юьтура даго.

– ХIете, хIете!

Ша Iаччохь, юргIа тIе а ийзош, хьалаайаелира Клавдия Ивановна. Ша биллинчу корехула чукхеттачу беттан сехь халла бен ца къаьстара Вассин юьхь, аьлча а, бIаьргаш.

ХIинцца санна дацара уьш. ГIийла сегара.

– Цигара яда аьтто муха белира хьан? – лохачу эшарехь хаьттира Вассига Клавдия Ивановнас.

– Цу концлагерехь къайлах болх беш коммунистийн тоба хиллера, коьртехь цхьа хьехархо а йолуш. Со евзина яьлча…

– …Са даьккхича а, хьо айкх ер йоцийла хиъча а, бохий ахьа, – юкъаиккхира Клавдия Ивановна.

– ХIаъ. Цул совнаха, сан хаамаш дукха мехала, керлачу гергара хьокъехь хилар хиъча, шайлахь сацам а бина, аьтто баьккхира чуьрчара.

Кхин йистхила а, хIума хатта а ца хIуттуш, ехха Iийра фельдшер. Меттасанчу Вассас чекхдаьккхира къамел. Цо, ша халонаш дукха лайна, концлагерехь йина чевнаш ерзаза йолуш, текхаш, са чохь Волгограде кхачар а, цигара Красноводскерчу госпитале схьаялор а дийцира.

– Кхочур яцара, – толкхо луьйш, дерзийра дерриг а ша лайнарш карладевлла догдоьхначу Вассас, – советан патриоташа со хьулъеш, е-а йоцу баьпкан юьхк кховдош, гIо деш, аьтто ца баькхинехьара, – аьлла…

VI. КХАЪ

Азехь Iаламат еха лаьмнийн рагI ю – Тянь-Шань. Цунах Казахстанехьа схьаболу Кара-Тау лам. Ткъа цунах а га тосуш Чолак-Тау бу.

Къарш бохуш, диттийн гаьннаш кеглуш, тIулгаш лелхаш, тIех шийлачу дийнахь Чолак-Таун чIожера гучуелира жимо ковра. Иза тIеман гIуллакхна а, юьртбахамна а оьшу аьргалш лаха араяьлла геологически экспедиции яра цIа йогIуш.

Коьртехь, эмкал тIехь вогIа а велла, гIуркх санна, лекха, гIеметта хIоьттина къонах вара – Iилманча Гладков. Вуьш а чIожо гола тухучуьра, цхьацца волуш, гучубуьйлура.

Церан самукъане аьзнаш, бийларш гIурана декачу хIаваэхула Чолак-Таухь хезара.

– Вайн Чолак-Тау лайн юргIа а тесна Iуьллуш ма ю, наб кхетча санна, я Iаь а, я кIур а боцуш, – элира Гладковс шена уллохь

говрахь вогIучу жимчу кIанте. Юха а куьг тесира Iилманчо Чолак-Таун майдана юккъехь лаьттачу къеначу саксаулана тIе. – Цу диттан гоман-чIоман, энаша лаьцча санна долчу генаша доккха четар хилла, шен нилхачу IиндагIца контори чохь йолу гIишло хьулйора аьхка! И мукъана а яккхахьара, кIиранах даго дечиг хир дара милла бала бохкучу нахана…

И дош ца тайна, шен хьомсара доттагIчун къамел хадош, юкъаиккхира жима кIант Тимерлан:

– Дитахьа, хIун дуьйцу ахьа, ва Иван Дмитриевич! Цхьана а лартIехь доцург дийца а!

Цецваьлла хьаьжира Гладков кIанте. ХIокху Iилманчас воккхахволу ваша хилла шеца цхьаьна лелош волчу Тимерлана тахана бен дуьхьал дош аьлла дацара цунна.

– Аса хIунда боху, аьлча, – бехкалвахна, кIеда элира хIинца кIанта, – казахаша саксаулийн тхьамда лору-кхи и дитт. Иманов Амангельдис баяшца лата воьдуш цунна кIел гулдеш хилла, ма боху, шен эскар. Цундела и даккхар дагна чов яр ду казахашна. И хьахийча а ца мега Акаев.

ГIоддах велавелира Гладков:

– Масане туьйра кхоьллина казахаша турпалчу Имановх! – Саксаулехьа куьг а тесна: – Хьайна а ца го хьуна, цу дитта кIел эскар хоьур ма дац. Воккха романтик ву хьо а, хьан везийра Руслан а.

– Эс-с, романтикаш-м дера бацара хIорш, Iовдалш ю-кх! – ца вешаш, шен сенделла балдаш халла вовшахдаьхна, элира вирана тIе а хиъна, Тимерланна улло а хIоьттина, вогIучу жимочу стага.

Цуьнан яппарш юхатоха дагахь цкъа шен йоккха бага гIаттийра Гладковс. ТIаккха а, хьо кхето гIерташ сайн дош дайа а ца оьшу аьлча санна, куьг а тесна, IадIийра Iилманча.

ТIехьаьжна а дукха пайда боцуш стаг вара Тамарин ваша, и Косолапов Слава. Лергаш долчу куйнна тIехула йихкина ненан тиша бой яра жимчу стеган. ЭттIа, чIогIа модаша юьзна кетар, доьхкаран меттана, тIергаца къевлина йолуш, букарвоьлла и

вогIуш, 1812-чу шарахь Россера юхатоьхна ведда воьдучу французах тарвеллера иза Гладковна.

«Аса ма эца боххушехь, вон тIелецира хIара бала профессоро, – ойла йора Iилманчас. «Художник оьшур ву вайна!» – профессоро баьхна, дагатесира. – Ма художник а ву! Кху футуристо бина гIучIа хIун ду хуур ма дац цхьана а дегIана! Цу тIе, шен денца, куралла вала а воллийца! Шаьш воккха а, жима а тIехIоьттина гIуллакх деш лелаш, хIокху маршмедо ша лакхарчу чинехь хеташ, куьг дIа ца тухура… Бакъду, хIара-м кхин ву, – аьлла, юха а Тимерлане бIаьрг буьзна хьаьжира иза.

Нохчийн кIант Тимерлан бIаьстенан юьххьехь кхечира кхуза, озалла даьIахкаш тIе а евлла, эттIачу барзакъ чухула дегI а гуш.

БерхIитта шо кхаьчначу цуьнан дейтта, пхийтта бен ду эр дацара. Иза шен ден вашас хьийзош, са тоха а ца делла, цIера веддера. Лела-аш, Чолак-Таухь белхалой оьшу аьлла, кхуза а кхечира.

Ткъа йиша-ваша доцуш волчу Гладковс, къа а хетта, шен ваша вина, тIелецира иза. Шеца экспедице а вигира. Цигахь, дийнахь а, буьйсана а шаьшшиъ палатке вирзича, даггара къамелаш дора цушиммо, Iамо а, шен ойланца кхио а гIертара и Гладков.

Ишттачу меттехь ма-дарра шегара хьал а, хIума а хьул ца деш, дийцира Тимерлана воккхахволчу вешин меттана волчуьнга.

Тимерлан декъаза бер хилла. Нана хIара веш елла. Кхуьнан ялх шо кхаьчча, да а кхелхина.

ТIаккха ден вашас, верас хиларна а, шена мелан дуьхьа а аьлла, бобер кхаба тIелецира. Ткъа дех дисна цIеношш а, етт-хIума а шашах карадеара цунна.

Бакъду, кIант буйннал бен воцчу хенахь дуьйна хазанеха санна ваца а вира ден вашас.

«Цундела висна хир ву сел эгIаза», – бохуш, ойла йора Тимерланах къахеташ, доглозучу Гладковс. ХIума масазза йоу, кIантана тосадаларх ларлуш, шен бошхепа тIера тоьлла дакъа цунна дуьллура цо.

Ша воккха мел хили болх алсам бойтуш, юург юхаузуш, иза а тIехъеташ, вацийра ша бохуш, дуьцура Тимерлана. Гуттар

чуьравальла хиллера кхуьнан ден ваша, кулак а вина, ша, кхуза, Казахстане вайтича. ХІунда аьлча тохарлера бахам цахиларна, хІара батрак ца оьшура, ткъа сискал кІантана ялаза ца волура.

Доллучул новкъа да тІехветтар хетара Тимерланна. Ван а вара кху кулакан ваша хьал-даьхни гулдан ца хууш. Шайна яа сискал хилчахьана, совнаха дерг оьшуш вацара Тимерланан да. КІантана шена а дагадогІуш, мукъа зама дечиг-пондар лоькхуш, тІаьхьа илли а олуш, йоккхура дас. ХІинца а бІаьргашна дуьхьал сурт лаьтта шена бохуш, дуьйцура кІанта, дас хьалхара а, ша санна болчу накъосташа тІаьхьара а олуш, цара лекхна иллеш, назманаш. Нохчийн тоьлла кІентий – нарт-аьрстхой – буьцуш яра уьш.

«ХІан, йолийна «босякаша» шайн «зурма», – олий, аьшнаш бора Тимерланан ден вашас хІетахь уьш.

Ковра майдане кхачале, никх хаьрцина наккхармозий санна, меттаххьайра денъеллачу Чолак-Таун бахархой.

Баракаш чуьра а, Чолак-Таух йозуш йолчу юьртара а, дІо гІишлошъечуьра а, даккхийдеш, вовшашка кхаьънаш дохуш, схьахьаьлхира адамаш.

Минот ялале го лецира экспедицин членашна. Хеттарш деш, керла хабарш дуьйцуш, деган маршаллаш хоьттуш, самукъане йоккха гІовгІа яьккхира наха. Тамаша бойла а дацара адамийн сел сакъерадаларх: байна бевлла моьттурш – дийна а, могуш а цІа кхаьчнера.

Массо а хІуманал хьалха, дакъаделлачу лаьттана мела догІа санна, фронтера керла хаамаш безара цІабаьхкинчарна.

Ткъа Даймехкан йоккхахйолу кес вай схьаяьккхинийла хиъча, иизаре боккха кхаъ хилира иза царна. Шаьш лайна халонаш, эшамаш – дерриг дицделира. Вовшаххьерча, мар-мара къийла буьйлабелира нах, жІуганашка а бекъабелла.

Экспедицин член а, некъгойтург а волчу Базарбаев Амангельдина тІе а сана, мараиккхира цхьайтта шарера яьлла хир йолу йоІ.

– Хьо ма вайнера, ширагим[1]! Тхо чІогІа сагатлуш ма дара хьуна… Апас буса наб ца йора, йоьлхуш, – бохуш, чІегІардиг санна, екара йоІаш.

[1] Ширагим (казах.) – сан са.

Шен йишас вортанах хьарчийна долу куьйгаш дIаса а даьстина, цуьнан бIаьра а хьоьжуш, вела а къежаш, сихдинна хаттарш дора вуьшта буьрсо волчу Амангельдис:

– Ва сынылем[1] Алтын! Сан хьоме эмкал кIорни! – бохуш, хьоьстура цо лекъаш йина йиша. – Апа муха ю? Божей а, кхиберш а могуш буй?

– Кхиберш чIогIа могуш бу, – мекарлонца елакъежира йоI. – ДIо ма лаьтта и «кхиберш», хьуна тIера бIаьрг ца боккхуш!

Гона йистехьо латта а лаьттара къона, Амангельдина ехна йолу казашка.

– Ой-бай, шайтIанан кIорни, – аьлла, гIоддах велавелира кIант.

Ткъа Алтынкас гуттар сихвора ваша:

– Лелий валахьа! Апас шу гучудовллушехь жижиг чохь яй оьллина кхе! Хьена кульчетай йийр ю вайна!

Шен вешина дуьхьал Тамара а еара, ехьа а ехьаш. Цкъа: «Вай, хIара ма ирча болх бу, ма беркъа ву хIара! – аьлла, дагатесира цунна. Юха а иза милла вала воллуш а, гIийла а хетта, хIумма а дац, синкъерамехь вацара иза-м», – бохуш, ойла а сецца:

– Чехка охьавосса: цIахь йовха а ю, аса хIокху сохьта юург йийр ю хьуна… – элира йишас.

– Ма хир яра и ахьа йинарг! – ца вешаш, балдаш дохуш, вон хьаьжира йише Слава. – Мама цIахь яц ткъа?

– Иза йисна тIелхигаш юучух хийца яхна гIнарчу колхозе.

Верриг а вусавелира Слава.

– Э-с-с, со цIа кхочучу меттехь ца яхча ца магара иза? – бохуш, охьавоьссира.

– Хьо дохко-м ца ваьлла, кхаьрца вахарна? – хаьттира цуьнан моханна хала садетташ йолчу Тамарас.

– Тешнабехк бира суна цу гужам доьллачу ешапо, – кIоршаме вистхилира кIант.

Сийлахь профессор аьшнаш вар ца дезаделла Тамара, эвхьаза ца ялархьама, ваша ша а витна, алсамо зудабераш гулделлачу сдира.

---

[1] Сынылем (казах.) – жимахйолчу йишех олу, хьостуш.

Тимерлан хиллера, цара говра тIера охьа а ваькккхина, го а бина, хьийзош.

– Хьовсийша, хьовсийша кхуьнан хийцаваларе! – бохуш, цIийзара цхьаъ.

– Цо йитина и нисъелла кIужал муха хета шуна! – аьлла, кхечо а эккхийтира.

– Варста а верстина, нохчийн мара бацбелла…

– Цигонийн бIаьргаш-м жимбелла хIинца! – кара-кара а оьцуш, забарш йора мехкарша.

ГIодаькккхира кIантехьа Тамарас:

– Витийша и. БIаьргаш хорманца цигонийн санна баккхий а, къегина а хиларх…

– Хаза бу, ала гIертий хьо? – юкъаиккхира цхьа йоI.

Куьг тесира Тамарас:

– Коьртаниг – чуьра са, дог цIена хиларой, ойла тIемашка яхана хиларой гойту! – хадийра Тамарас.

ГIугI-аьлла, бийлабелира мехкарий, кхунна хIун хала ду иштта защитник хилча, ала дагахь санна.

Виснарг а цIийвелира Тимерлан. ОьгIаз а вахара.

– ДIадовлийша! – аьлла, тIе а чевхина, дIасхьатеттира зудабераш. «ХIокхарна-м дера моьтту, со тохарлера бер ду, мотта а».

– Хьо тхоьга ван веза, Тимерлан, – хьостуш, кIеда-мерза элира Тамарас, цуьнан моха тергал а ца еш, пхьош а ийзош. Цкъаделахь, цуьнан чуваха хIусам йоций а, хаьара йоIана. ТIаккха а, малар тIехь эвхьаза волу шен ваша мелла а кхунах ийзалуш хилар а зеделлера Тамарина. Вада кечвелла Тимерлан гIеххьа ойлане ваьлча, тIеверзо санна: – Хьан дечиг-пондар а бу-кх…

– ХIета, вало, вало! – аьлла, хьовзийра кегийрхоша Тимерлан. – Дукха хан яра ахьа и лакхаза!

Гладковга хьаьжира кIант, «хIун де ша?» аьлча санна.

– ГIо хьайна, – пурба делира вешин метта волчо. – Суна цIа ниседаллалц…

…ХIинца бен ца кхийтира цу «ярмаркехь» Гладковх бIаьрг кегийрхойн.

– О-о-ой! Хьо ма азвелла! – цхьабосса мохь белира церан. – Мара-м кхин а бахбеллийца!

– Хьаж доккха хиллийца!

– ДегI даькккхина цо-м!

БежIунна гонах хьийза Iахарий санна, Гладковх хьерчаш долчу берашна чIогIа ца дезаделира шайн урханча а, доттагIа а иштта беламе ваккхар. ДIаийзо дуьйлира уьш Гладков. Важа юхагIертара. Самукъане гIовгIа а яьккхина уьш бохкуш, лилипуташна юккъехь Гулливер тарвеллера профессорна шен хьоме Iилманча.

– Вай иштта Iийча, дIасхьадекъалур дуй-теша адам? – олуш, тIеэара цунна хIинццалц Iадда, гIийла лаьтташ хилла экспедицин член Анна Васильевна.

Иза, ша карьеран начальник а, парторг а йоллушехь, экспедице яхар шена тIехь доццушехь, яхнера.

Цхьадолчунна, коьрта Iалашо керла маьIданаш йолу меттигаш талларехь шега жигара дакъалацалур дуйла хууш дара цуьнан и. ТIаккха делахь, Ленинградехь доьшуш хиллачу шен йоIера цхьа а тайпа кехат, хабар цахиларна, сабIарзделлера.

Ленинград фашисташа, Iожаллин го а бина, тIеттIа Iуьйдучу хенахь, догдохийла йоций хууш, садетта цо. Мел хала деттара аьлча, и ненан дог долчунна хаьа-кх.

Цул тIаьхьа – кху 1943-чу шеран январь баттахь, и го вай мал а бина, кехат дIасхьадаха аьтто баьллашехь, и ца деача а, деттара са. Карайора баттабеллачу кийрана хьаам бен бехказлонаш – транспорт йоьхна, тIеман гIуллакх хьалхадаьккхина хан хиларна. Ткъа почта масазза еа, декъаза дог цкъа деIлора, хIинца деана хир дац-теша кехат олий, тIаккха дужура, цIийлахь керчара.

Ша экспедице яхна цIа кхачале, билггал догIур ду-кх и аьлла хеташ, еддера и декъаза нана гена лаьмнашка.

Iадда хIара лаьтташ, хезара цунна вовшашка гонахарчара къамелаш деш, Советан Армин баккхий кхиамаш а, и гена Малхбузехьа яьллийла а, Ленинан гIалина уллора фашисташ дIалаьхкинийла а. Амма цхьаммо а ца хьахадора цигара кехаташ кхачар. «Бехк бац цу кегийчарна сан бала ца хилча а, – бохуш,

синтем лоьхура даго. – Чехкка Руслан схьакхачахьара – цуьнгахь хила там бу и кехат. И ма деанехь, ша схьаоьцур ду, ма-аьллера цо, хIара новкъа йоккхуш а».

Ойлане ваьллачу профессорна Анна Васильевнас шен тидам тIебахийтичи бен ца хааделира адамаш нилхадовлар.

– Собардел цкъа! – мохь туьйхира цо, аренгахула дукха лелла йиш хаьллачу озаца. Юха шегахьа дирзинчу адамашка элира: – ХIокху сохьта вайн куьйгалхой схьакхочу. Цул тIаьхьа вайна малуъу схьадогIур ду вай, – ша тIехь Iен вир коган эшара меттахъяккха вуьйлира иза, юккъе вала дагахь. Вир-м, шен амал йитина Iийр яц, тIехь профессор велахь а. Куро беречуьнга дIа а хьаьжна, Iадда лаьттара иза. Къарвелира профессор.

ХIара профессор Яковлев кхузткъа шаре оьзна воккхо стаг вара. И хууш дара цунна яьллачу къежъеллачу може хьаьжча а, заманой, сингаттамаший хебаршка эхийтинчу юьхьа тIе бIаьрг тоьхча а, белш олла а елла, и букарволарх а. Бакъонца аьлча, шен балхана чувоьлча, гуш хийцалора воккха стаг: аз а, бIаьрхьажар а, дегI а догIа а лой, карзахдаьлла лом санна, хуьлура профессор. Ша юьхьарлаьцна Iалашо юкъахъюьтур яцара ворхI велча а.

ТIом болабалале шо хьалха еара кхуза Iилманхойн экспедици, хIара Яковлев коьртехь а волуш.

ХIетахь гIеххьа фосфориташ карийра, амма гуш дара маьIданийн-хазнийн коьрта меттиг дIанехьо хила хьакъ хилар. ТIаккха, тIом а иккхина, цкъачунна юхататтаза ца делира таллар.

ХIинца, кху 1943-чу шарахь, тIом аттачу а баьлла, аьлча а, билгтал вай тоьлург хилар гуш дара. Йохийна ярташ, гIаланаш деньян езара; кхоччуш толам баккха аьргалш оьшура алссам, мапделла адам, юьртбахам тобина, дузо дезара.

Кхой, кхуьнан кIентан меттана волчу Акаевссий Чолак-Тауха юха а хазнаш талларехь гIайгIа бича, Москвас кхарна дехар делира. 1939–1940-чуй шерашкахь маьIданаш карийнчу меттехь карьер а йиллина, белхаш бойтуш хилла экспедици яра ах шо хьалха, Яковлев куьйгалхо а волуш, гена Чолак-Тау лаьмнашка яхна, тахана цIакхаьчнарг.

ГIишлош ечуьра чехкачу боларца тIевогIу Акаев гира профессорна. Духарца а, я леларца а хьаькамах тера вацара Руслан. Зама хала яра. Нагахь санна вухавелла лела шен йиш хилча а, даго вуьтур вацара иза, нах хьегош, кечвала.

Дукха хан яцара, коьртана контузи а хила, и цIа всана. Цундела хIинца а тIеман форма охьайиллаза вара кIант. Товш а яра Русланан элдара дегIа тIехь кхекхийн кетар а, коьртахь лергаш долу куй а. «Ма азвелла-кх, хьомениг! – Руслан тергалвеш, ойла йора Яковлевс. – ТIедевлла мочхалш! Къона ховхачу балдашна уллехула сингаттамо дехкина хершнаш! Ткъа и-х вуно жима ву».

Акаев тIекхача воллуш, берийн карара а ваьлла, Гладков хьаьдира цунна дуьхьал – кхаъ баккха.

Екхаелира Русланан юьхь.

Гаре сатийсинчу Iилманхошка деган маршалла хаьттира Акаевс, рогIехь хIоранна тIе бIаьрг а бугIуш. Къаьсттана бовхачу безамца Анна Васильевней, профессорей хьаьжира Руслан.

Хиира Анна Васильевнина шена синтемна йоIах лаьцна ала Русланан хIумма а доцийла.

«ХIан-хIа, ца деана, ца деана… Деанехьара, дерриг а, берриш бита а битина, суна тIеводур вара и хьалха», – бохуш, ойла йора цо.

Ткъа Акаевс, кхин цуьнга дIахьажа а ца хIуттуш, гулбеллачу бахархошна леррина тIе а вирзина, самукъане, зевнечу озанца мохь туьйхира:

– Кхаъ бу шуьга, сан хьоме чулактаухой: шорта хазнаш карийна вайн сийлахьчу геологашна. ХIинца-м толам баккха вай а лоцур ду доккха дакъа!

ГIу-гI-гI-аьлла, гIовгIа елира саксаула кIелахь:

– Бакъ дуй-теша?!

– Ма дика болх бу иза!

– Яхши! Коп яхши!

– ЭхI, тентакаш-яI, – олуш, ца вешаш йина кхоссар а хезира. – Шуна хIун дика болх хуьлу-теша, болх тIекхетар бен!

Амма и цхьаммо а тергал ца вира. Вевзира массарна а Тамарин ваша Слава. Хаьара, иза дерриг а емалдешший, дог доккхуш-ший бен Iийр воций.

ПовгIа лагIъелча, хьалха а яьлла, Анна Васильевнас элира:

– Муха хир дара-теша, накъостий, тхаьш лелийнарш шуна массарна а хьалха оха дIадийцича?

– Iаламат дика!

– Дика хир ду.

– Iаламат дика!

– Бакъахьа ду!

– TIаккха! Дера дийца массарна а хезаш!

– Оццул цаьрга сатийсинчу тхуна муха луур дац лелийнарш а, карийнчу хазнийн хьокъехь а ладогIа?!. Тхан а дац кийрахь дог? – бохуш, маситтамо мохь туьйхира.

– Дика ду, дика ду, – шеха-а куьг айъина, хадийра Акаевс къамелаш, маьхьарий. – ЦIенна хIун до вай? Дацийца йина яьллачу ялхе а баракашкахь адамаш чугулдан доккха цIа, ткъа ворхIалгIаниг дина дала гена ду…

– ХIумма а гена дац, тхо, комсомольцаш, доггах хьаьвзича! – аьлла, новкъа верг дIасхьа а теттина, РуслангIарна хьалха хIоьттира Егор Акимовичан йоI Луша.

Тишчу тужурки тIехь цементан а, сацкъаран а поппарш бохкуш, балхара юкъахъяьлла, едда еанчух тера яра и. ЦIен йогучу беснеша а, суйнийн дарц туьйсучу Iаьржачу бIаьргаша а там болуш хоьтуьйтура къона жеро, кхидолу аматаш баккъал хаза доццушехь. Мара шуьйра бара, цIен бат – йоккхо.

– Кхана сарле кийча хир ду цIа! – аьлла, юха, жIуга а йина лаьттачу кегийрхошкахьа а йирзина, хаьттира: – Бакълуьй со?

– Бакълоь!

– По-м хьаха дийр дара оха!

– Дуррус! – бохуш, резахиларца маьхьарий девлира оьрсийн а, карачайцийн а, казахийн а меттанашкахь.

– ХIета, кхана сарахь гуллур ду вай!

Минот ялале, цхьаммо хIуп аьлча санна, къайладелира адам. ДIасахьаьжначу профессорна ша цхьа висна карийра яьссачу майданахь. ГIийла ойланаш йора цо: «Ма доггах дехарш дора тахана а Амангельдис, шайга вола бохуш. Вукхара а… Массара

лара а лору, хама-пусар а до, амма… ишттачу меттехь церан шайн цIийнан гергарчара вицвойту-кх».

– ЭхI, ма ду-кх хьо дуьне! – къаьхьа къурд бира воккхачо.

Кхуьнан цIийнан гергара вацара цхьа а. Дукха хан ю зуда елла. ВоI тIом болабеллачу юьххьехь вийна. Цхьа висна хIара дуьненахь. Амма тахана санна, ша цхьа хилар дага ца теснера цкъа а. Дукха бара хьомсара накъостий, дагана безаш студенташ, белхалой… массарал дукха везаш волу Руслан а. Цо вуьгур вара, воккха а веш, шайга, амма и вадийна ваьхьира ЛушагIара.

– Массарна а сов ваьлла-кх, – доккха садаьккхира профессоро.

Ма ирсе дахар дара цуьнан: дена а, нанна а хьомсара а хеташ, дукха а везаш. Иштта доттагIашна а, мехкаршна а. Цунна а езаеллера цхьаъ. Хьехархойн семинари Тбилисехь яьккхира кхо чекх. Цигахь Лиана, гуьржийн йоI, евзина, и йига дагахь вара хIара. ЙоIана везачух тера дара. Амма, мичча бахьанина ваьккхинехь а, кхечу семинарера дIа а ваьккхина, хIорш доьшуш болчу веара Акаев Оьзди. Цуьнгахьа елира кхуьнан хьоме Лиана. Эцца Оьздига маре а яхна, дIаделира ирс. ХIинца а дог лазаделира профессоран, хIетахь шега беана бала карлабаьлча санна. Оьзди Тбилисехь а ваьккхира дIа, гучудалаза ца дисира 1905-чу шарахь и паччахьан Iедална дуьхьал хилар.

ЦIа дахара и шиъ Кавказе. Iалхан-юьрта.

Дешна ваьлча, Соьлжа-ГIала вахара Яковлев а. Iалхан-юьрта а кхечира. Вочуяьлла карийра цунна Лиана. Амма безам ца байра. Цо вина аьлла, церан кIант Руслан дукхавезара. Ткъа Лиана елча, ша волчу дIавигира Яковлевс кIант. Оьздис дукха хан ялале керла зуда а ялийра, кIант гIалахь кхобуш, цуьнга дешийта ницкъ а бацара.

ХIара ойланашка а вахна Iаш, цIаьххьана генахь йоцчу лаппагIин маьIера гучуелира, эккхийна йогIуш санна, Амангельдин жима йиша Алтын.

– Ой-бой, джаксы, коп джаксы! – бохуш, хазахетарца ирахлелхара и.

Хетарехь, профессор вайна моьттуш хилла хир яра и. Кхин изаважа доцуш, виран дуьрста а лаьцна, шек а йоцуш дIайолаелира йоI шайн кибиткехьа.

Казахийн, оьрсийн дешнаш эдеш, кегдеш, елакъежарца шен, ло санна, кIайн, яккхийро цергаш гучу а йохуш, шайн нанас Iайшас Амангельдина дов дар дуьйцура Алтынкас.

– ХIунда дора цо дов, кIант цIа веана а валалс? – цецваьлла хьаггира профессора.

– Хьо чу ца валийна бохуш, дора-кх. Цу тIе, букъа юккъе ишта буй туьйхира, – соцунгIа а хилла, виран букъ тIе шен жима буй туьйхира Алтынкас.

Iан а ца елла кхахь-кхахь-аьлла, кIаж а йоьдуш, гIоддах елаелира йоI. Дукха инзаре а, беламе а хийтира цунна, лом санна онда волчу Амангельдина, бутолаг елахь а, цуьнан эххал бен йоцчу Iайшас тохар.

– Хьох къахета цунна, – бохуш, юкъ-юкъара кхуьйсура Алтынкас. – Хьо… бо ду… боху! – ТIаьхьара дош ца къаьстира Яковлевна.

ЦIен-къорза каранаш доьхкинчу кегийчу куьйгашца бат дIа а лаьцна, гIиллакхе ца хеташ, халла къурдаш беш Iийна Алтынка, «бо» боху дош шен багара доллушехь, доггах елаелира.

Профессорна шенна дитира Iайшас жима ото. Бовха кхача биьна, хIинца кханенна кечам бе ша аьлла, портфела чуьра цхьацца кехаташ, Славас даьхна суьрташ даржийна охьадехкира цо истанги тIе. Резахилира суьрташна. «Хазалла ца оьшу-кхи суна… Суна и меттигаш билгалъяхар деза», – бохуш, ша Гладковца Слава бахьана долуш латто дов дара дIахьуш дагахь.

Сурт кара а эцна, бIаьргашна уллехьо а деана:

– Хьажал кхуьнга! Фотоца йийр ма яцара сел къегина, вайна дуьххьара фосфоритийн юьхь карийна меттиг! Тц-ц, т-ц, ма говза а ехкина! Ткъа кху тIехь а, – важа сурт схьа а оьцуш, – схьа муха къеда шурфо Iораяьхначу маьIданара тIулгаш: ша-шай кара эцахьа, зехьа бохуш санна! Ткъа хIара а… оо-ой, и хIун ду!? Тарха тIехь ши маккхал йоллийца цхьаъ-м къуьйсуш, вовшийн багара яккха гIерташ! Ишта гIуллакх Iоттаделла а ма дац вайна… Цу тIе, оьшуш а ма дац!

МаьркIажан бода къовлалуш хиларна, дика ца къаьстира сурта тIехь дерг Яковлевна. Гуттар Iаржъяллалц чиркх латош Iедал

дацара чолактаухойн, мехкадаьтта кхоош. Амма хIара ша меттиг яра! Минга дер дара профессорна, чехка чоь серла а яьккхина, леррина цу суьрте ца хьаьжча. Цхьадика, Iайшагlеран-м лампа а яра. Ткъа хIусамнана кхой, Анна Васильевнассий шен, Амангельдин гIайгIа барна а, лакхарчу Iилманах кхето гIерташ и кхиорна а кхарна хIума кхоор йолуш яцара. Лампа а яхьаш, дехьа чохь сакъоьруш Iа Иван Дмитриевич веара чу, шек а ваьлла.

– Э-э, хIорш маккхалш ма яц, ва Михаил Викторович! – билгалдаьккхира шен сирла бIаьргаш тIе боьгIначу Гладковс. – ХIорш…

– ХIинца-м суна а къаьста, – воьхна элира тийначу эшарца профессоро: – ХIорш хьоме инженер Анна Васильевний, джигит Амангельдий ду. Ма тера а йиллина Анна Васильевна! – элира цу сохьта, оьгIазло яша а ешна, гIадвахначу профессоро.

– ЭгIаза, якъаелла, дегI жимделла! Амма шена чохь са мел ду, дIа-м хоьцур бац цо и… цIов!

– Э-э, сан хьоме профессор, – гIеххьа кхаьрдаш, элира Гладковс. – И-м цIов баций… И-м… ахьа осалваькхинчу художнико хьан сурт диллиний хи чу Iоьттина цIармат яьллачу котаман суртех.

– О-ой! Бакъ хир ма дац иза-м! Къанвелла со аьшнаш вар… ГIаккха сурта тIе леррина бIаьргаш а боьгIна: – Бакъоь хьо, Иван Дмитриевич. Дан а ду и сан сурт! ХIара бIаьрган гонаш – куьзганаш, тIома кIел йоьллина портфель – тап сайнит. Юьхь аьлча а, муцIар а, сайнчух тера ю… Юй? – корта таIийра Гладковс, бакъдеш. – Доккха хIума а ду сел говза дахка хаар! – векхавелла, гIадвахара профессор. – ТIом дIабалахь, и художественни академе деша вахийтарал хьалха хIума дийр дац аса!

Вовза-м вевзира Гладковна Яковлев. Хаара, и дог цIений, къинхетамей вуйла! Амма сел яхь йоцуш муха хир ву! ОьгIазвахара и хIинца воккха гоьваьлла волчу Iилманхочунна, ян а ю хьо тIеда котам бохуш дагахь.

Иштта, сурте а хьоьжуш Iе-еш: «Собар делахь, цо-м со а, хьаха, виллина кху тIе!» – аьлла, мохь хьаькхира Гладковс.

– Кхин дийнат-м ма дац суьрта тIехь, – профессоро аьлча:

– Дера ду! – лаамза велавелира Иван Дмитриевич. – Хьажал хIокху синтаре, лакха тIера охьа а хьожуш.

– ТIаккха? – ца кхетара Яковлев.

– Со ву-кх и, – къера хилира Иван Дмитриевич. – Буьххьера гIаш сан корта бу. Доккха деха га, гой хьуна, хьалхахьа даьккхина – сан мара тарбина…

– О-ой! Бакъ ма бах ахьа!

– Ткъа хIокху жимчу генах, и сатта а дина, юткъа, йоккха, лергашка кхоччуш бага йина…

– Ткъа хIара коьртехь ерг зу яц? – хазделлера профессорна и хIетал-металш.

– Зу стенна оьшу, сан коьртара месаш цуьнан кIохцалех тера прахъяхна хилча?

ГIадвахна, велавелира профессор:

– Хьажахьа, и гIаш хьовзийна цо, Австралехь санна, тарраш дина, ирх а дахийтина. – Гладковн коьрте а хьаьжна: – Тап хьан никIапа ю-кх! – Австралехь йочана хиларна, массо а гIа…

Ларамза шен месех куьг а хьаькхна:

– Бакъ ву хьо, Михаил Викторович, талант-м ю цу жуккаран, – къарвелира Гладков. – Амма тоьлла нах, вайна юккъехь лела инзаре турпалаллин гIуллакхаш аьшнаш деш волчу Косолаповн талант а хьарам ю. Гой хьуна… сан сурт а нийса ца диллина цо… Вела ма лол хьо, и ца бохий ас-м. Суна новкъа хIун хета аьлча, масала, хьуна бохам баьлча, циркехь са а къералуш хьоьжу зритель санна, цунах белам а баьккхина Iен тайпа ду-теша со!?

Кхийтира профессор Гладковс бохучун маьIнех.

– Схьайтал сурт. ХIа-ан… Собардел цкъа. ЭхI, Iовдал, адамийн сийх, амалех ца кхуьуш-м вац вайн художник! – аьлла, вокхавеш мохь туьйхира профессоро. – Схьахьажал, хIара… котамехьа (и дош халла делира цуьнан багах) цу дитто кховдийна га гой хьуна? ТIаккха! Иза-м хьан куьг дуй!

Цу буса бехха Iийра чолактаухой охьа ца буьйшуш. Баракашкахь, кибиткаваш чохь… стоьлаш хьалха (наггахь верг), нараш

тIехь Iара нах баганаш а гIаттийна, экспедицехь хилла гIуллакхаш дуьйцуьйтуш.

Профессор веха ца Iавелира. Кехаташ шаьш долччохь а дитина, и ког хецна агIорвелира. Набаран тар тосуш Лианин сурт дуьхьалхIоьттича, дагатесира: «Цунна ган везара хIоккхул стамвелла, нал санна, со керчаш. ЭхI, – аьлла, садаькхира, – хIума яар, чехка агIор валар – и ду-кх сох дахнарг, со кху хьола тIе ваькхинарг», – аьлла.

ТIаьхьо дIатийра Чолак-Таура хьанала нах…

VIII. ДОШ – БОЛАТ

Массарал хьалха балха вогIуш Iедал дара штукатурийн бригадиран Климкинан. Цкъа-делахь, гайтам лора, денна белхан план а хIоттайора, хIоранна норма а нисъеш.

«ХIинца-м пхи-ялх де далале ворхIагIа барак йина ер ю, суна а тIехь, дуккханнийн вижа меттиг хир ю», – бохуш, воккхавеш вогIура и, ткъа баракан доккхачу цIа чу ваьлча, акъваьлла, неIарехь сецира.

Зал санна долу цIа балхана чIогIа чубоьлла хьийзачу белхалойх дуьзнера. Шен бригадернаш-м къаста а ца лора кхуьнга цу чолхалахь. Цхьаберш – гIараяьлла йолу штукатур Iайший, конторера Луший, подхозера цуьнан доттагI Шурий – гуттар чехка буткъа поппар хьохуш бохкура. Вуьш цIенкъа юккъехь боккха поппар хьуьйш бара. Кхиболчара, уш дукхахдерш бераш дара, поппарийн тIалбаш Iайшагlарна тIекхоьхьура.

Луша кест-кеста йогIура ТамарагIаьрца кхарна гIоьнна. Амма хIара корматалла караерзаза яра цунна. ХIинца а, кIур-хьацар хIоьттина, леррина йоллура, делахь а ца шарлора поппар хIуъа дича а.

«ХIара хIун аврал ю? ХIун леладо кхара?» – ойла йора Климкина. ТIаккха, гIад а дайна:

– Полундра[1]! – аьлла, хIордахойн Iедалехь мохь туьйхира.

[1] Полундра – хIордахоша вовшашна юкъахь олуш, ларлолахь бохург ду.

Поппаран йоккха тIалба яхьаш вогIучу Тимерлана, лерга юххехь дарбаз иккхича санна, цецваьлла, мIаьргона йожайора шен карарниг. Луша а, ша сиха йоллушехь, схьаедира. Куьйгаш, бедарш поппаршлахь хилла ца Iаш, Iаж санна йолу цIечу горгачу бесни тIехь а, кIаг болчохь а кенан буьрттигал поппаран цуьрг доллура, сов тамехь.

ДIо маьIехь йоллу Амангельдин нана Iайша а еара, сихбинна цигаьрканан кIур а бетташ.

– ХIара хIун ду! Мичара, мича бахьанина вовшахкхетта кхуза хIара орда?

– Белхий бу, накъост Климкин, белхий! – жоп делира массарна хьалхара Тимерлана, «белхий» боху дош нохчийн маттахь а олуш. Хаара кIантана, бригадирна вайнехан и ламаст хазахетий.

Ма-дарра кхетийра и Лушас, шаьш селхана делла дош дуьйцуш.

– Ткъа комсомольцийн дош болатан хила ма деза, – аьлла, чекхдаьккхира къамел.

Лушига забарш еш волчу Славас: «Дош, хьаха, деза, даш санна кIеда хила, хьуна луъучу хормане а доьрзуш», – аьлларг чIогIа ца дезаделира Климкинна. ЦIенчу ойланца волчу цунна бIаьрга бан а ца безара шайх тоам бина, оьздангаллех, доьналлех хьаса боцу славагIар. ОьгIазвахна, амма эвхьазвала ца лууш, халла са а тоьхна, лохо элира цо Славе:

– Хьо хIумма деш вац, Косолапов, цундела суна, хьо хьайн балха дIавахча, бакъхьа хетара-кх.

Дагахь хIума доцуш, Славас и даьсса забаре хабарш дуьйцуш сакъералуш йолчу Лушас эккхийтира:

– ХIокхо-м оха массарчул башха болх ма бина, накъост Климкин! Хьажал цу бакъабеллачу пена тIехь цо диллинчу Чолак-Тауи карте!

Славас а, цавашарца бригадире а хьаьжна, кхоьссира:

– Хьо воккха вацахьара, хуур дар-кх! – аьлла.

Петухуш, цуьнга букъ а берзийна, кIант шега схьахьаьжча, Лушас элира:

– ДІагІохьа. Слава, хьо балхана тІаьхьавуьсу.

Къоначу жерочун белш тІе куьг а диллина, даьссачу хабаршка марзвеллачу Славас юха а забар йира:

– Болх-м борз яций, сан хазаниг! И-м хьуьнах йодур яций, – аьлла, цо кица далийча, хІи-хІикъ-аьлла слаелира Луша, шен кІайн, хьаьжкІийн буьртигаш санна йолу цергаш гучу а йохуш.

ЭхІ-аьлла, дагах цхьамза Іоьттича санна, Іаьткъира Климкинна цу кІанта дечу хабарх Луша Іехаялар, цуьнга озабезам бар. Цул совнаха, жерочунна а хезаш, Славас шена воккха ву алар а ца дийзира.

«Воккха стаг, воккха стаг...» – дагах муьрг стташ, дечу гІуллакхан а буьззина тІалам боцуш, сахьийзаш лелара Климкин. Хьийзар дацара – Луша ца езахьара. Бен а хетар дацара.

Ша везалур вуй, шега и къона жеро маре йогІур юй бохучуьнга-м дог ца дохура бригадиро. Луша жималла, хазалла яла йоллу – хетийца и езаш хилча. «Мазна мозий санна, хьийза цунна тІе кегий нах... Со мичара тергалвийр вара цо!»

Кхуьнан шовзткъе шиъ шо кхаьчна. ЛаьнкІа а ву. КІора санна Іаьржачу месашна юккъехь кІай хьаса а хаало. Ца йоьгІна, ца йоьгІна цунна-м Луша. Дог диллина, ІадІен веза.

– ХІун деш ю-теша и хІинца? – аьлла, хІетте а цу агІор дІахьажаза Іен ца велира Климкин: Слава дІавахний хаа лаьара.

ДІавахна иза-м. Лушина гІо деш Іайша а йоллу. Церан агІорхьара сема лерг долуш волчу бригадирна Лушас бохуш хезира:

– Хьан ден дуьхьа, аькнем[1], хІоккхуза хьайн «дашо» мастерока ахьа куьг ца охахь, юьхьІаьржачу хІутту со, – бохуш, Іайшина хьесталуш. И мара а йоьллина, ша дина тема гайтира казашкина Лушас.

– Шек ма яла, карагоз[2], и-м хала доцург дара!

Минот ялале ангали санна хилира и меттиг. Ткъа сенаш! Оцул говза болчу вайнехан зударшна а хуур дацара кхин дика хьаха.

– Муха хета хьуна, Андрей Потапович? – гено лаьттачу Климкине, дозаллица мохь а тоьхна, хаьттира Лушас.

[1] Аькнем (казах.) – йоккхахйолу йиша.

[2] Карагоз (казах.) – Іаьржа бІаьргаш (хьоьстуш олу).

– Куьг-м хадор ду сенех! – тІе а веана, инзарвуьйлура бригадир. – ХІуъа а дича а, хуур дацара суна сел шера и хьакха...

– Хьуний? – бІаьра хьажарца и хьостуш, эсала элира Лушас. – Хьуна кхин а дика хуур дара, хьо доггах тІеверзахьара... Хьайн хІордана сагатдеш ву хьо.

Ван а вара Андрей Потапович, сатуьйсийла йоццушехь, жимчохь дуьйна ша безаш лелийнчу хІордхойн балхана чІогІа сагатдеш. Чарх – кхузахь, са – кеманца. Ткъа штукатуран болх, дош ца хеташ, цкъачунна лорура. Бакъду, тахана санна Луша шеца эсала, догъоьцуш хилча, марзъяла а магара хІара меттиг. «Делахь, мичара! Гена лахка еза и яьсса ойланаш», – аьлла, куьг а тесна, баккъалла а балхана чувуьйлира бригадир. ДІанехьа а ваьлла, шен белхан майданна, аьлча а цу доккхачу цІенна а, белхан эскарна а, бІаьрг кхарстийра цо.

Конторера белхалой дІабахнера шайн коьртачу белхашка. Кху чохь штукатурашший, Луший, подхозера Шурий боцурш, вуьйш дукхах дерш бераш дара. ХІинца куьйгалла деш стагга а воцуш, юьхьанца марзделла гІуллакх кІорда а дина, ловза девлира уьш, мелхо а, болхбечарна новкъа а гІерташ. «Собар делаш, аса бойтур бу шуьга-м болх хаза неха санна, – аьлла, аьрру куьйга чІениг а лаьцна, дагахь план хІоттийра Климкина, – хІаъ, хІаъ... – бохуш. ТІаккха цІаьххьана кеман тІехь команда лучу вастара: – ХІан-хІа, зуёкаш[1]! – аьлла, мохь туьйхира. Юха а, кхин а дика хир ду-кх аьлла, бага ши пІелг а боьллина, шок туьйхира: – Бераш – палубе!

– Кхо хІун до? – цаяшарца санна хьаьжира бригадире Шура.

Ткъа хІара вевзаш йолчу Лушас бІаьца йира: ІадІелахь, хьожуш хилалахь... аьлла.

Резахилла, тІехьаьлхира бераш шайн хьомечу доттагІчунна – боцманна. Цхьа волчу Климкинна а дукхадезара бераш – церан мотт а хаьара, аьлча а дегнаш эца а, ойла-гІиллакх кхио а.

– Кийчча ду тхо хьан омра дан! – аьлла, церан урханча волчу Пашкас част а луш, дІахІиттира бераш. Вукхара доьхно элира,

[1] Зуёк – хІордахойн жимха.

амма, сакъералуш, гуш йолчу мохарчий оьхучу тельняшке а, боцманан юьхьа тIе а хьуьйсура.

– Тховса кху чохь башха кхеташо ю хуьлуш... – аьлла, Климкин волалушехь:

– И-м хаьара тхуна... – эккхийтира берех цхьаммо. ТIох-аьлла, лерга юххе тIара далийтира цунна Пашкас: – Низам! – олуш.

Къахийтира Климкинна цу берах, амма вист ца хилира: еа йиш яцара урханчин Пашкин юьхь яйа. Цундела:

– Бакълуьй Загоруйко, низам чIогIа хила деза вайн магIаршкахь хIокху буьрсачу тIеман заманахь, – аьлла, тIетадира. ТIаккха дIадолийра ша юьхьарлаьцнарг: – Шу... шийтта ву кхузахь – ши команда йийр ю вай шух.

Уьш, цхьаъ, шиъ бохуш, бекъабалийтира Климкина. Хьалхара команда IайшагIарна гIоьшна а яхийтина, шолгIачуьнга дIасакхийсина, яьржина Iохку поппар чуьра совнаха ведаршший, гемашший, гIорзнашший араяхийта дог дара цуьнан. Ткъа царна и гIуллакх шаьш сийсаздеш, лахара хетарна а кхерам бара. Ойла а йина, ша царна доккха жоьпаллин декхар тIедуьллучуха:

– Сема ладогIа, шолгIа команда! – аьлла, цхьацца дош къастош: – Кху чуьра хIара такелаж (нехаш аьлча-м дерриг духур деца!) бортана[1] арахьа яха еза, хIара цIа, малх санна, къагош! – аьлла, пенаца лаьттачу экханан ши тIам лецира бригадиро: – Мила ву соьца? – аьлла, болийра ловзар-болх.

Берриш дера бара. Сахьт далале девлира бераш. Низамца дош дехна, шаьш хIинца дечиган пхьалгIе даха дохку аьлла, Пашка хьалха а ваьлла, неIарехьа хIорш гIоьртича:

– Аша хIун до? – аьлла, неIсагIех корта а тухуш, Гладков велира чу.

Массо а цуьнга хьаьжжинчохь висира: дукха башха кечвелла вара иза. Жима ворда йоттал геологически коьчалш яра дегIах оьхкина: йоккхий, жимий ши рюкзак, тIаьрсиган тIоьрмиг, белш тIехь кхозуш четар тайпа... Ткъа карахь йолу жима гам, нийсса хьала лекхачу цуьнгахь тайнигийн хIума санна хетара.

[1] Борт – хIордан кеманна гонахара керт.

ДIасахьаьжна, чIарх-аьлла цIанйина чоь гича, чIогIа бехкалва-хара Иван Дмитриевич. Зудабер санна, цIий а велла, оьгIазлонца гам генна кхоьссира цо:

– ХIара гIирс ца нислуш хьевелла-кхи со, – аьлла, бIаьрг кхаретийра чуьрачаьрга.

– ХIума дацара иза-м: хьо зен вовр вац-кхи, – забар йира кегийчу зударша.

– И-м и дара, вуьшта хьайна тIера герз охьадилла деза ахьа, – аьлла, Гладковна гонаш бохуш, кIаж а вахна воьлура тахана дог дика волу Климкин.

– И хIун ду, дан мукъане а! – рюкзакашка а, четаре а дайн куьг детташ, хьийзавора цо юха а Гладков. – ТIамна кечдина дредноут[1] санна ву хIара-м, – бохуш.

Оццул бахьана даьлча, биталахь шаьш…

– Охьадилла герз, охьадилла! – бийларша тIе а кхетта, къинхетамза вовшахветташ, охьаийзо буьйлира уьш Гладковна тIера гIирс. Iадда лаьттара Iилманча, хIуманаш охьайохку меттигаш билгалъеш.

– ТIедачу пенашна улле, мукъана ма яхкийша уьш, – гIийлачу эшарехь балхам бар бен, кхин дуьхьало ян ца хIоьттира. ГIадбахна буьйлуш, кхийсарш, забарш еш, йоккха гIовгIа яьккхира зударший, бераший. – Охьа мукъана таIа,– лохочу Iайшас а хьийзавора хIара: – Ша ма-барра уик[2] ву хьо...

ГIовгIа-гIара тIехъяьлча:

– ХIун ду кхузахь дерг, мила хьийзаво аша? – аьлла, дехьа чуьра вукхеран бригадир – Пашкин ден нана – еара чу. Шовзткъе ялх-ворхI шо хир долуш, хан яьккхина стаг яра Матрена Афанасьевна. Цуьнан кIоргийчу хебаршка ихна юьхь горга яра, мара – шуьйра. БIаьргаш, дукха йилхина, кхоьлина, къегар дайна бара. ДегIана текхна, амма оза яцара. – Ой, хIара миска ваний аша хьийзош верг! – аьлла, Гладковна тIе бIаьргаш а боьгIна, хьехар дан хIоьттира аз дахдеш: – Хьо хIун деш лаьтта, дуьхьало ца еш? ХIокхарна, шайн бригадиранчул башха, эхь хетар дац хьуна. Кор-

[1] Дредноут – тIеман кема.

[2] Уикы (казах.) – беха, буткъа хьокха.

сар[1], вуьззина корсар ву иза а, уьш а. Хьастагlа ши кила хиллал кира ма лачкъийра цара сан, ткъа... Ой, ахьа хlун до? – ша-шен къамел хадийра цо, Гладковс лелочух цецъяьлла.

Матрена Афанасьевнас бечу хьехамашна массо а тlевирзина а гина, кхаьрга къайлах бlаьрг а тухуш, бен а йоцуш шен охьаехкина йолу хьоме хазнаш, цхьацца-шишша йоккхуш, бекъочу пенехьа ийзош воллура Гладков.

– Цициго шен кlорнеш текхайора кху кепара, – Шурин лере а еана, аз лахдина, лечкъина ела а къежаш, элира Лушас.

Ткъа Матрена Афанасьевна гуттар цецъяьлла хьоьжура Гладковс бинчу барзе:

– Хьо кху чу кхелхина-м ца веана? – хаьттира цо, lен а ца елла.

Иван Дмитриевича, шен цу рюкзакаш, тlоьрмигаш чохь уникумаш а ю, уьш вуно лерина лело а еза аьлча, гlеххьа юьйхира Матрена Афанасьевна. «Инзаре а, кхераме а хила там бу уьш» – бохура цуьнан даго. Шен поппаршлахь долу доккха ши куьг вовшах а тоьхна: «Дала ма дахьийла, Дала ма дахьийла», – бохуш, сакхонца и хlуманаш чохь йолчу тlоьрмигашка а, рюкзакашка а хьоьжуш, меллаша неlарехьа лестира орцанна еанарг.

Цу сохьта, бабех лечкъина, тоба йина лаьттачу зударшна гlехьа охьалахвелла lан Пашка, хьала а иккхина, корехьа хьаьдира. Ткъа... цунна гинарг – хьо ма да адаме! Хьалхарчу командехь хилларш хlинцале гlаьнташ дахьаш, бехха могlа а бина, богlуш гира кlантана. Дог дегlира Пашкин, барам бан а боцуш. Хьажахьа церан дукха хааре... коьртехь вогlуш Тимерлан вацахьара, летар вара, чlир йоькхуш, ткъа хlинца дан хlума дац-кх! Мел хlуьа дийцича а, юхъхьабаьлла некъ!

Чу ма-деанехь, гlанташ lаламат ларлуш лело деза аьлла, хаам бира, цхьаммо-м царна тlехь ловза а, лата а мегар дац бохуш. Дlа ладоьгlча, гlанташ, кху собранина аьлла, аннаш доха а ца деш, лол тохаран кепара дина хилла, юха коьрта гlуллакхна и аннаш меггарг.

– Ма дош дац и! – вуно дегаза элира плакат дlатоха кечъеллачу Лушас. – Доллу хlума а цкъачунна деца! Вай баккъалла а маца дехар ду-теша?

[1] Корсар – хlордан обарг.

– Толам баьккхичхьана, – эсала элира Климкина. – И зама а тена яц. – Юха, бен байна котам санна, воьхна лаьттачу Глалковгахьа а вирзина: – ХІан, Иван Дмитриевич, хІинца хьуна а бу лакхенгахь бан болх: Лушина ахьа гІо дича, и декъаза плакат дІатухур дара ашшиммо.

Реза хилла, схьакхоссавелира шен гІаргІулийн когашца Іилманча.

– ХІета, кхуза когаш кІел хьийзачул, – забар йира Лушас, – ахьа и гІант деача, со цу тІе а яьлла, важа маьІиг ахьа а латош, хІоккхуза президиуман стоьлана лакхахь дІанисйийр яра вайшиммо хІара.

Дийлаза Іан ца делира бераш, «когаш кІел хьийзарг» корта шеха-а цхьажимма агІор а боккхуш, Лушегахьа охьа а таІийна, чхьаьвриге хьоьжу нІаьна санна, дІахІоьттича.

МаьркІажан бода къовлабеллера белхий дІабоьхча.

– Подхозе яха яьхьар яц, – со кху чохь Іийр ю, Шурас аьлча, ша а дера соцур ю кхузахь аьлла, тІетайра Луша а.

Ийна а, адамаш дезаш а яра Луша, амма дагара дуьйцуш хІара цхьа Шура бен яцара цуьнан. Цундела чІогІа сакъерделла хьаьвзира иза: цІе а къадийна, аьчкан яй чохь хи доздира.

– Охьайилла хІонц! – аьлла, тужуркин кисанара дечиг санна бакъабеллачу чІеран цІоьмалг стоьла тІекхоьссира Лушас.

Шурас баьпкан чкъуьйриг яьккхира схьа.

– Мецо ду вайшиннан пхьор, – аьлла, доккха садаьккхира Лушас. – ЭхІ, цкъа мукъана а юзахьара, кхидІа а некъ бийр бара, Шура!

Логах хьаккхал а яцара жимчу, ондачу, сарралц къахьегначу цушинна стоьла тІехь Іохкурш.

Пенаш Іовдадалийтархьама пеш ягош Іен дагахь, гали дуьззина джусан а яхьаш чувогІучу бригадирна хезира Лушас аьлларг: Дог Іаьвжира цушиннах, къаьсттана Лушех къахеташ.

– Шуьшиъ хІун деш ю кху чохь? – аьлла, хІинцца пешана улло веачий бен уьш шена ца гинчуха, вистхилира Климкин, джусан чуьра гали охьа а дуьллуш. – Ой, чай ма ду шуьшинне-м молуш! Ткъа со хІинца гай саггалц хІума а йиъна, чай мер долуш вара-кх! –

аьлла, кисанара аьчкан куршка схьа а яьккхина, дIакховдийра. Тховса баа эцна курган ши межарг «дегазаллица» стоьла тIе а кхоьссира цо. – Доккха хIума ду-кх, цу базарахь пайда мел йоцург юхкийца казахаша: хIорш, хIун аьлла, юур ю!?

– Ма ала! – эккхийтира дагахь хIума доцчу Лушас. – И хьаха бу сов мерза а, аьхна а кхача!

– Белахь, шайна баа, дIакхосса-х ца тарлой!

Чай мелла девлча, дIаваха дагахь хьалагIаьттира Климкин. Шена вон деача а, дика деана хилча а, бригадирна тIейодура Луша, цунах бIобулуш, гергара хеташ. Цундела тховса а ца лиира цунна и дIавоьдийла.

Хала сецо ца вийзира иза-м. ТIаккха Шурас, шаьш 1917-чу шарахь лелийнарш дийцахьара аьлла, хьовзийра Климкин:

– Лушас хьо дукха майра лелла ма бахара, – аьлла.

Цунах там хиллачу Климкина, ша хастор ца дезаш, доьхна жоп делира:

– ДIабира-кх, наха ма-барра.

– Дийцахьа, дийцахьа, – дехар дира шиммо а.

ТIаккха гIант пешехьа а оьзна, кхе джусанан курс а тиллина, ладогIа охьахиира ши доттагI, вовшийн мара а хьаьрчина.

Юьхьанца, эхь хеташ, ийзалуш дора къамел Климкина.

– Шуна ма-хаъара,– аьлла, долийра цо, – цу шарахь, ткъе пхоьалгIачу октябрехь буса, Ленина, Смольне а кхаьчна, урхалла шен кара дIаийцира.

– Хаьара тхуна иза-м, – юкъаиккхира собаре йоцу Шура. – «Аврорин» хьокъехь...

Резавоцуш хьаьжира Климкин Шуре. Делахь а, Луша, беро санна, балдаш юккъера кIай цергаш гойтуш, леррина ладоьгIуш хиларна, кхин хIумма а ца олуш, дIадаьхьира къамел Климкина.

– ...ХIетахь цкъачунна Правительство бохуш, коьртехь Керенский а волуш, цхьа гIера яра. Уьш цу буса «Iаьнан Пап» бохучохь левчкъинера, деца хьуна... Царна хIун дийр ду ца хууш, холчохь дара тхо, ...аьлча а Ленин. ДIавоьллачу цо къахьоьгучаьрга орцах кхайкхира. ТIаккха дерриг, деца хьуна, дуьне гIаьттира... къинхьегамхойн дуьне. Кронштадтера хIордахой кхиира шайн кеманаш-

ца. Ткъа Балтийски хIордан морякашший! Уьш турпалш бу-кхи! Пхи эвар сов всара. Цу заман чохь и ницкъ бара, хьуна. Цкъа сов кIеда-мерза дийцира цаьрца Ильича, эрна къинхьегамхойн мела цIий Iено дагна цадезарна, цу, шайца неIалт хилла болчу цкъачунна Правительствон членашца: «Охьадисса, кхузахь цкъачунна берш, чекхъяьлла шун хан»!

Iан ца елира Шура. ВорхIшеран школа чекхъяьккхинчу цунна дика хаьара Маяковскийн стихаш.

– Ва Андрей Потапович, и-х Маяковскийс аьлла шен...

– ДIаялахьа! – доттагIчунна муьшка а еш, човхийра иза Лушас. – Цигахь хилла волчу, тоьпаш етташ тIом бинчу, шен шина лергана Ленин луьйш хезначу кхунна дика хаьа, я хьуна хаьа? – карзахъелира Луша.

Лушас оццул шен юьхь йича, тIех дог дика хиллачу Климкина цхьана а хьесапе ца лерира Шурин кхоссар. Баккъал аьлча, хазахо а хийтира. Шура-м, шингге а дIа а хьаьжна, дагахь, «хIа-ан» аьлла, лечкъина елакъежира. ТIаккха, хIета, тарделла хир ду суна аьлла, къера а хилла, кхидIа дийцахьара бохуш, хьастаелира.

– ...КхидIа, бохий аша... Дика ду. Правительствехь болчара лере ца оьхьура Ленина шайга дуьйцург.

Ткъа минот елира... Шек бацара йовссарш... ТIаккха омра делира: «Iаьнан ГIоьпана тIелата!» – аьлла. Со хIетахь «Аврора» кеман тIехь моряк вара... Вара, дера... – доккха садаьккхира Климкина. Цкъа-шозза кIур туьйхира. – ЭхI-хIай! Ма кема а дара и! Цул дика крейсер, хетарехь, хилла а дац! – Юха аз а лахдина: – Ремонте далийна дара тхан и цига… ХIан, ца дуьйцура вай дIадевлларш... – элира цо гIийла.

– Са ма гатде... вай-м хаза дехар дай, – эсала элира цунах баккъал а къахетачу Лушас.

Цуьнга дIахьаьжначу Климкинна хаза гира жимчу зудчун юьхь хьастарца хьоьжу бIаьргаш а. Мелла а синтем хилира Андрей Потаповичан дагна. «Хьанна хаьа, хьанна хаьа?» – бохура даго.

– ТIаккха? – юкъаелира синтем боцу Шура. – ХIун дира аша?

Набарх самаваьлча санна, элира Климкина:

– Охий? Оха тхешан «Аврори» тIера юьхь йолийра цу тIамехь,

йоккха топ а тоьхна. Эхl, и дара кхоссар! Ткъес тоьхча санна, инзаре гlара елира. Тхуна тlаьххье Петропавловски Гlопо, гlарраставлла, lаьржа къемат хlоттийра. Циггахь чекхделира церан хьакамалла. Диснарг Балтийски хlордахоша дира.

Климкинан къамел сецча, вовшашка хьаьжира ши доттагl. Церан дегнаша бохура, ма къа а ду, безачу балхах, хьомечу кеманах ваьллачу цуьнан.

Ехха lийра цу буса Шурий, Луший ойланаш еш.

– Ма дукха а еза-кх цунна хьо! Ма кlезиг а нисло иштта везаш верг хьан дуьхьа шен са а кхоор доцуш! – аз айдина, цlаьххьана эккхийтира Шурас.

Цо мила вуьйцу, ца хаьттира Лушас, хlунда, ша а елира и шек. Цкъадолчунна новкъа а деара, хlинццалц йолу юкъаметтиг йохар ца лууш. Тlаккха а – ма доккха ирс ду даиманна а иштаниг хьан гlортор хилча, тешаме а, гуттаренна а. Жима-м вац и, я хаза а вац. Амма вуьззина стаг ву. Ткъа ирча а дера вац. Кхин хlума ца хилча, цуьнан бlаьргаш. Безаман а, оьздангӑллин а, майраллин а хlорд! Эр дацара цхьаммо а, стаг воццу стаге, муьйлуш лелачуьнга хlунда яхна хьо. Дадина а ма хазахетар дара...

Хаттарш, тlедахкарш

1. Муха схьабоьллу романан чулацам хlора коьртана тиллинчу цlаро?
2. Хlун дагахь гlоьртина Васса Казахстанехьа? Новкъахь цо лайначу халонех лаций дийца.
3. КхозлагIчу коьртан эпиграфехь далийна деннан схьадоьллуш меттиг ялае.
4. Мила гарс сатуьйсура Вассас?
5. Йоlана, шен майра хиллачу Акасвна гучуяла, ша йовзийта хlунда ца хlуттура Васса? Стен яьккхина иза сел дакъаза?
6. Еша «Ирсан орам» роман ерриг.

Сочинени язъян теманаш

1. «Ирсан орам» романехь Вассин а, Клавдия Ивановнин а васташ».
2. «Муха хета суна Вассин васт».
3. «Ирсан орам» романехь къинхьегаман тема».

АЙДАМИРОВ Iабдулхьакиман Абузар
(1929–2005)

ЕХА БУЬЙСАНАШ
(Роман тIера дакъош)

IШолгIа дакъа. XII-гIа корта

ДИВАНЕХЬ

«Машар лойша Кавказана,
ма лехийша дуьненан ялсамани Евфрата тIехь…
Иза-м кхузахь яй, кхузахь!»
А.А. Бестужев-Марлинский

1. Нохчмахке

Иттаннаш шерашкахь бахбеллачу Кавказски къизчу тIеман истори юкъаяхна иза «Ичкери» хилла.

Мансур коьртехь волуш хилла антиколониальни болам чекхбаьлча, цуьнан меттиг дIа а лаьцна, нохчий, гондIара халкъашший цхьаьна а тоьхна, паччахьан Россина дуьхьало ян гIоьртинчу Таймин Биболатан коьрта гIортор а кхузахь яра.

ГIезамахьмин заманахь кхузахула цIарций, туьрций дуьххьара чекхваьлла инарла барон Розен I.

Шемалан имамаллин хьалхарчу шерашкахь цунах дIакхеттарг а яра Нохчмахке. Ахульгохь вохийна, ДегIастано дIатесна, цигара ведда Шемал, ма-ваггIара, вeана, кхуза, Бена, хьошалгIа иккхира. Кхузара бара цуьнан гIарабевллачех цхьаболу наибаш – цIонтаройн ШоIип, ДаьргIара Жовтха, Веданара Эдал, бенойн БойсагIар, аьккхийн ГIойтмар, Уллуби, мичкойн СоIду, Эски.

Кхузахь 1842-чу шарахь цхьана дийнахь хIаллакьхилира инарлин Граббен эзар ворхI бIе салти. Цул тIаьхьа кхо шо даьлча кхузахь хIаллакьхилира «Сухарни экспедици» аьлла истори юкъа яхна элан Воронцови поход а. Цул тIаьхьа догIучу пхиййта ша-

рахь оьрсийн салтичо ког ца биллира цига, Шемал йийсарс воьду шо кхаччалц.

ХІара яра, паччахьан эскарша Нохчийчоь дІалаьцча а, къар ца луш, дуьхьало йийриг. ХІара Бена яра БойсагІар коьртехь хиллачу гІаттаман центр.

Кхузара дІаболабелира цул тІаьхьа шийтта шо даьлча хилла Россихь тІаьххьара а боккха ахархойн гІаттам – симсархойн Іаьлбаг-Хьаьжа коьртехь волуш хилла гІаттам а.

Кху Бенахь яра тахана кечбечу керлачу гІаттаман къайлах центр.

Яьссиний, Ямсуний юккъехула охьадолчу дукъах малхбузехьа дІакъаьстинчу ТІерг-Дукъан шина агІон тІехь къеначу хьаннаш юккъехь яьржина Іохкура бенойн кІотарш. Дукъа тІе а йолуш, цуьнан къилбседа агІон тІехь Іуьллура нохчийн уггар ширчу яртех цхьаъ – мятежни[1] Бена. Юьртахь урам бацара. Хьуьн чохь маьІ-маьІехь схьакъедара гІийла серлонаш. Кхузахь тийна дара, ерриг юрт чІогІа наб кхетта йижина Іуьллуш санна. Наггахь маьІмаьІехь хезара жІаьлийн дера летарш.

Буьйсанан шина беречо, юьрта вулуш дой а совцийна, гонаха бІаьрг туьйхира. Кхузара дІахьаьжча гора, охьа чохь, Яьсси йистерчу шерачу экъан тІерачу Бенойн-Веданахь а, дехьо лакхахь, ДаьргІахь а, цунна тІехула агІор дукъаца ЦІоьнтарахь а йогу серлонаш. Кхузара дІахьаьжча кераюккъехь санна гора гІоьрдалойн а, зандакъойн а кІотарш.

Жимма цигахь сецца дІаволавелла ши бере, эвла йистерчу цІенош тІе кхочуш, Іин чу воьссича, хІетта сенарш даха йоьллачу хьуьн чуьра схьа лохха аз деара.

– Муьлш ду шу?

Шина беречо, доьхкарех йохку тапчанаш схьа а яьхна, зІакарш кІегархІиттийра.

– Нохчий ду, – жоп делира хьалха воьдучу Аьрзус.

– Шуна хІун оьшу?

– Маршо.

[1] Мятежни (оьрс.) – карзахъяьлла.

– Ца хилахь?

– Іожалла.

Хьалхалаьцна тоьпаш йолуш, хьуьн чуьра араваьлла ши стаг, тІе а веана, леррина хьаьжира берешка.

– Мичхьара ду шу?

– Гати-Юьртара.

– ХІокху стагана тІаьххье дІагІо.

Гаттийчу гІашнекъашкахула, беттасан серлонехь тІера мехкадаьттан бІаьргаш лепа тийна Іаннаш хедош, веана эххар а юьртан дехьа йистехь цхьа лаьттачу цІенна герга гІоьртира ши берс. Шина Іина юккъехь, лекхочу гу тІехь лаьттачу оцу цІа чуьра гуш серло яцара. Іинах чубиссича дуьхьалваьллачу кхаа стага юха а совцийра хІорш.

– Муьлш ду шу? – хаьттира воккхачо.

– Нохчий.

– Шуна хІун оьшу?

– Маршо.

– Ца хилахь?

– Іожалла.

– Шу хьенан цІарах догІу?

– Делан а, пайхамаран а.

– Чекхдовлий, чугІо. Некъ маьрша бу шуна.

ХІорш кетІа кхаьчча, кхеран говраш дІалецира герзаца кечвеллачу шина жимхас. Кертал арахь гуш адамаш а, я говраш а яцара. Мотталора, хІусаман дай, чІогІа набарш кхетта, бийшина Іохку. Амма чуваьллачу кхушинна чоь юьззина нах карийра. Салам делла, дуьхехь болчаьрга, куьйгаш луш, маршалла а хаьттина, царна юккъе охьахиира и шиъ. Терхи тІехь кІур туьйсуш богура чу Іаьржа мехкадаьтта а доьттина, чу тІелхигаш юхкуш бина кхийра чиркх. Боданах бІаьргаш доьлча, цаьршинна гира кІуьро Іарждина, сегІаз хьаькхча санна къега дерзина шога пенаш. Ледара хьаьхначу, дуьйцинчу царах дуьхьало йоцуш маьІ-маьІехула чу мох хьоькхура. ЦІа чу воллучохь пенах тоьхначу дечиган стоммачу хьостамах хьалатесна кхозура неІаран метта оьллина тиша

палс. Махо чутоьттуш, араийзош лоьлхуьйтура кегийчу корашка диттина стерчийн дуткъа ахкаргаш. Пенийн баьрчера ога лоцуш тоьхна доккха къорза истанг дуьзна морзахдохуш оьххина кхелина герзаш. Товханахь стоммачу зIенах кхозучу боккхачу цIестан яй чохь Iаь туьйсуш, тIекIелдуьйлуш кхехкара дерстинчу жижиган тIассаш.

ЦIенкъа даржийнчу истангашний, кхекхашний тIехь, настарш кIел оьзна, хевшина Iара нах. Баьрчера меттиг дIалаьцнера баккхийчу наха. Царна юккъехь вара бенойн Солтмурд, регIатойн Болатха, зандакъойн БIагIало, зумсойн Залма. Дуьхехь болчу нахана юккъехь хевшина а, хIиттина а бара Залмин Дада, цIонтаройн Сулима, шелахойн Берса, гунойн ГIубха, махкатIхойн Iабдул-Хьаьжи, майратуьпара Муслойн ШоIип, кхул тIаьхьа шийтта шо даьлча хинболчу гIаттамна коьрте хIутту волчу Iаьлбаг-Хьаьжин да Олдам а, ваша Iеламха а.

Солтамурде лохха масех дош аьлла, ламаз кхайкхийра Болатхана. ЦIенкъа яржийнчу хьардаш тIетийсинчу кхекхашна тIехула шайна тIера схьадаьхна чоьэш, гIовталш яржийна, Болатхана тIаьхьа ламазна хIиттира нах.

– Хьай-йоIалассалат, хьай-йоIалапалат… – дуткъачу озаца ламаз дихкира Болатхана. – АллахIу-акбар…

– АллахIу-акбар!.. – имамана тIаьххье суждана вахара ткъех стаг.

Дехха масех ламаз динчул тIаьхьа, пIелгашца а, пIелгийн голашца а дагардеш, къулхIанаш дешна, доIина куьйгаш лецира Болатхана.

– Субхьана раббика, ва раббил Iиззати, Iамма ясипун. Вассаламу Iалал мурсалийн, валхьамду лиллахIи раббилIаламин…

Массара доIина куьйгаш хьалалецира.

– Я АллахI, хIай Веза Дела, оха динчу ламазан а, дешначу къулхIийн а, диллинчу салаватан а мел хьалха элчанна, тIаккха цуьнан асхьабашна бели оха. Элчанан, асхьабийн карахула и мел массо эвлаяашна а, Ахьа къобалвина ваийтинчу тхешан устазана Киши-Хьаьжина а бели оха…

– Амин.

– АллахIу амин!

– Я АллахI, хIай тхан Сийлахь Дела, цаьрга кхаьчча бисна мел кху декъазчу тхан лаьмнашкахь дийнал-ислам лардан гIерташ, пайхамаран, эвлаяийн цIерш йохуш, керстанан Iазапах халкъ лардеш беллачу тхан дайн, нанойн, йижарийн, вежарийн, доьзалийн синошка кхачабелахь…

– Амин!

– АллахIу амин!

– Я АллахI, хIай Воккха Дела, оха дагалаьцначу гIуллакх тIехь тхо юьхькIайн делахь, и кхочушдан тхуна ницкъ лолахь, керстанан Iазапах тхо хьалхадахалахь.

– Амин!

– АллахIумасселиIала, Мохьаммеди ва Iала, али Мохьаммеди васеллим. Патихьа.

ХIораммо шабарца бисмилла а дешна, куьйгийн кераяккъаш яххьех хьаькхна чекх а яьхна, шаьш, тIера схьа а дохуш, ламазна тийсина шайн миска барзакъ сихха тIедуьйхира.

ХIорш ламазаш дина ма-бевлли чувеанчу шина жимхас, товханара схьа а эцна, яй, кIай чухула хьокха а баькхина, айбина дуьхе чу баьхьира. Дукха хан ялале хьешашна хьалха хIиттийра даарх дуьзна шаннаш.

2.

Дуьйлинчу аьрзунан тIемех тера, шуьйрачу хьаьжана цхьацца агIор декъаделла, гIеххьачу мекхашка гIоьрташ, месала, даккхийчу цIоцкъамашна бухара схьахьоьжу Солтмурдан майра ши бIаьрг, массо зуьйш санна, кхерстина, нахана тIехула чекхбелира. Цуьна шера вевзара царах хIора а. Уьш цуьнан бIахаллин накъостий бара. Массарна резахилла, шен даккхийчу, хьаьрсачу мекхех куьг хьаькхна яй йовхарш тоьхна, кхеташо йолийра цо.

– КIентий, цхьа-ши стаг воцург, дерриг схьагулделла вай. Кхин ладегIарх, буьйса ялар бен, тIекхета хIумма а дац. Кхеташо дIайолийча бакъахьа хета суна. Аша хIун олу?

– Бакъахьа ду, – хезира юкъ-юкъара.

– Делахь хIета, шун пурбанца, вешан гIуллакх дIадоладо вай. Махкахь тахана хIоьттинчу хьолах лаьцна доцца къамел дар доьхур аса Барзин Рохьмадан Берсига. ТIаккха кху чохь волчу хIораммо шена хетарг эр ду кху шина гIуллакхах лаьцна. Хонкара кхелхачу нахана хIун де вай? Цхьаъ. ШолгIа, Iедална дуьхьал кху бIаьста тIом болабо вай я цхьана аьттонга дIатотту вай иза? Къамелаш доцца хила деза. Амма Берсас къамел доладале хаттар ду пахе. Вуй шуна юккъехь даг чу ямартло, кIиллолла йоьлла, шалхонца ойла йолуш веана стаг?

– Вац.

– Нагахь, иштаниг велахь, меллаша аравала.

– Вац, Солтмурд, вац.

– Делахь-хIета, Берса, хьуна пурба ду-кх дашна.

ХIума юучу хенах пайда а эцна, шен доттагIашна Аьрзуний, Маккхалний уллохь дIатарвелла Берса, хьала а гIаьттина, цIенкъа юккъе велира.

– Вежарий! – лоххачу озаца долийра цо шен къамел. – Кху гурахь нийсса дезткъа шо кхечи вайн къомо Россина дуьхьал, шен маршонехьа къийсам латто. Дезткъа шо кхечи похчийн лаьтта тIехь, хи санна, хаддаза цIий Iена. Дезткъа шарахь лийтира вайнах шайн мохк, доьзалш, хIусамаш, дин лардеш. Оцу тIамо ах хIаллакдина вайн жима халкъ. Цхьа а юрт яц Нохчийчохь масехазза ягоза, кхалхоза. Цхьа а доьзал ца бисна цо наной, йижарий белхоза. ХIинца а кIур туьйсуш лаьтта ягийна вайн ярташ, бошмаш, хьаннаш. Кешнаш санна, шийла, тийна лаьтта чуьра адамаш хIаллакдина байлахь йисначу яртийн херцораш, даьгна цIийделла, кIуьрзаша дуьзна пенаш, ирахь доллушехь дагийначу диттийн гIаддаш. Iарбийн махкахь махо яржо гIум санна, мох баьлча лаьттара гIуьтту яьгначу яртех, хьаннех йисна юкъ. Вайн халкъ лийтира, оьрсийн паччахьна кIелдахначу вайн луларчу къаьмнаш тIехь латто Iазап, харцо гуш, и шиъ тIелаца ца лууш, даим санна, маьрша даха лууш. Амма вайн жимчу халкъан ницкъ ца тоьура дуьненахь а нуьцкъалчу паччахьна, къизачаралахь а

къизачу оьрсийн паччахьна тIехь толам баьккхина, вешан мохк, вешан маршо ваьшкахь сацо. Вайна тIехь герзаца толам баккха шайн ницкъ ца кхаьчча, цара ярташ, хьаннаш, ялташ сийначу цIарах дагош, зударий, бераш хIаллакдеш, мацаллица гIелдина, кIелсовций вай. Вайгара уггар тоьлла, токхе латта дIа а даьккхина, цунна тIе гIалагIазкхийн ярташ, гIаьпнаш йоьгIна цара. Тахана дIа ког мел баьккхинчохь карадо сийлахьчу гIазотехь, мацалло, шелоно, шаьш бинчу ярташна генахь байинчу вайн дайн, йижарийн, вежарийн, кIентийн кешнаш. Церан цIийца хьандина, церан даьIахкаша къарздина вайн мехкан латта. Вайн вежарийн даьIахкаша дуьйдина Сибрехан латта.

Юьхьанца лоха доладелла Берсин аз, тIаьхь-тIаьхьа стамлуш, стелахаьштигах къекъа дуьйлира. Оза-еха юьхь, йогучу цIар тIе хьовзийча санна, цIийелира, оьгIазлонах буьзна цуьнан эсала Iаьржа ши бIаьрг ткъесах къегара. Чохь болчу наха тийна ладоьгIура цуьнан доккхачу къамеле.

– Оцу инзаречу ницкъана вай кIелсевцира, дерриг хIаллак цахилархьама. Вай кIелсевцира, паччахьан инарлас ваьшца бинчу машаран бартах тешна. Амма, шаьш вайн хIусамашка кхаьччча, цара стешха бохийра и барт. Шаьш дIадаьккхина латта вайна юха-м муххале а ца дерзийра цара, мелхо а, вайн карахь диснарг дIа а даьккхина, шайца цхьаьна вайн цIий Iенийнчу, вайн халкъана ямарт хиллачу писашна совгIатана дийкъира. Мацалла лечу, дерзина лелачу вайга теттина ясакх йийхира, арен тIе ваьлла стаг сийсазвеш ца вуьту, кху хьаннашкахь, чIежашкахь ека цара вайна ханна хьежо яппарш. И Iазап, и харцо, и сийсазалла ца лайна гIевттина вай цIийлахь лийчийра. Шайн къизачу урхалли кIел вай ца совцийла хиъча, Iедална дагадеара, кху махкара ах Россих кхалхийна, диснарш юккъехула доькъуш, лаьмнашкара ярташ аренца йолчех къастош, вайна юккъе кхин а цхьа бIе эзар гIалагIазкхи хао, Совлжа-ГIалитIара хьала Ведана а, Органца Шуьйта кхачалц а гIаьпнаш йогIа, кхузахь бисна нохчий, шайн ирачу мIараш юккъе къевлина, совцо. Церан и Iалашо кхочушхилча, вай пхеа декъе декъалора, хедара вовшийх а, арахьарчу а орцанех…

– Хьий, Делан мостагIий, яI!
– Вай, жа санна дIаса а лоьхкуьйтуш Iийр ду, моьтту царна!
– ЛадогIа!
– ХIан-хIа, и ца моьттура Iедалла, – кхидIа къамел дора Берсас. – Царна хаьара, вай дуьхьало йийр юйла. Цундела церан Iалашо яра, кху чу эскарш оьзна, вайна юкъара тхьамданаш леца а, вайгара герз дIаэца а, цхьа карзахе берш, салтбаьхна, Россих дIабига а, ца хуьлучу далахь, и шайн Iалашо нуьцкъала кхочушъян а. Оцу эрчонах вай хьалхадаьхнарг цхьаболу нах Хонкара кхалхар юкъадалар ду. Шуна ма-хаьара, дуккха а адам ду цига кхалха кечлуш. Цигахь шайна ялсамани хир ю моьтту нах галбевлла. Цигарчу бусалба туркойн Iедал, оьрсийнчул тIех аьлла, къиза ду. Цига кхелхина эдагий мацалло а, цамгарша а хIаллакбина. Мацалла ца далийта, шайн бераш духку цара. Шаьш йолах туркойн эскаре хIуьтту уьш. Даймахках хаьдда, цIа-цIе доцуш, сагIадоьхургаш санна, буьйлабелла лела уьш. Изза дакъа ду цига бахча вайнахе кхочудерг а. Амма мацалло а, къелло а бIаьрзе бинчу вайнаха дIаэцац шайна ло хьехар. Уьш кхелхачуьра совцо ницкъ бац вайн. Иштта ду, вежарий, тахана вайн махкахь хIоьттина хьал. КхидIа ваьш дендолчух цхьа сацам бан беза вай тховса.

Берса шен метте охьахиира. Цхьа хан елира, цхьа а вист ца хуьлуш. Шена улло деана, цIоганах хIоз бина, букъ саттийна «хуртIур» деш настарх хьекхадала доьлла месала кIайн-къорза цициг кара а эцна, цуьнан букъа тIехула шен доккха, онда куьг хьокхуш, и хьеста вуьйлира Солтамурд. Оцу минотехь цуьнан юьхьа тIехь ца дисира хьалхалерчу буьрсаллех хIума. Хеталора, цуьнан къеждала доьллачу дуькъачу мекхаш бухара стаммий балдаш хьовха, дукъ сеттина боккха мара а, дуьхьалдирзина даккхий лергаш а эсала доьлу. Майрачу бIаьргаш чохь гора къинхетаме йовхо.

Сихдинна суьлхьанаш дохуш, шабарца «лаилахIа-иллаллахI» дора голаш тIе шалха а вахна, шена хьалха цIенкъа ши бIаьрг боьгIна сецначу къоьжачу Болатхана. Цхьаъ ала ойла хилла йовхарш етташ, ша Iаччохь меттахъхьера Залма.

– Ас ала мегар дарий? – хаьттира цо эххар, цхьа а вист ца хуьлий хиъча.

Цициган букъа тIехула дIахьо куьг саца а дина, Залме хьаьжира Солтамурд.

– Алал, Залма.

– Вай сихха тIом болийча, адам Хонкара кхалхар юкъахдиса мегаш хетара суна.

– ХIан-хIа, тIом хьехочохь дац вайн, – юха а хьалагIаьттира Берса. – Цкъа-делахь, Хонкарахь шайна далалур ду моьттуш, цига са дахна Iен нах, цхьаьна а тоьхна, Iедална дуьхьалбаха хала хир ду вайна. ШолгIа-делахь, кху некъехь Нохчийчу керла эскарш далийна Iедало. Зингатийн туьйлиг санна, салташа сийсайо Нохчийчоь. КхозлагIа-делахь, вайн тIеман баьччанех нийсса ах дIадаханчу шарахь лецна, хилларг ца хууш, Сибрех бу. Нагахь ши-кхо шо хьалха толаме вайн догдохийла хиллехь, иза дIаяьлла. Польшера тIом чекхбаьккхина, оьрсийн муьжгийн дуьхьало кагйина, уьш а дIатебина. Кхечу мехкашца йолу юкъаметтигаш Iаламат дика ю Россин. Цаьрца кесталгIа тIом гуш бац. Цул сов, кхаьънаш, чинаш, совгIаташ луш, вайха нах шайгахьа баьхна, вайна юккъехь шена гIорораш йина Iедало. Хьалхалера барт бац тахана вайлахь. Вай болийна тIом бутт балале чекхбер бу, вай хьаьшна дIа а дохуш. ТIаккха, цкъа-делахь, Iедална кийча бахьана хуьлу вай махкахдаха, шолгIа-делахь, и дан атта а хир ду цунна.

– Ткъа хIун де вай? – хьалаиккхира векъана, веха харачойн Таза. Берсина тIекхета санна, ши куьг хаьн тIе а хIоттийна, массо пха буьйсина, лаг дахдина хьалха а кхевдина: – И дан а, важа дан а мегаш ца хилча, вай стенна гулделла кхуза? Лахь, лийр ду-кх. Дала гIо дийр ду вайна! Кханнехь орца ала деза массо маьIIе! Котам хилла всхачул, нIаьна а хилла валар гIоли ю!

– Таза, хьо сих ма лолахь, – сацийра иза Маккхала. – Стохка Iай Шела паччахьан эскаршна чухьаьлхинчарна хилларг сиха дицделла хьуна. Ахьа оцу шайн агIор нахалахь беш болу кхайкхамаш хезаш, хьуна резадоцуш Iа тхо. Ахьа схьалаьцначу некъах зулам дер ду нахана.

– Хьо хIун ала гIерта? – шаьлтанан макъара тIе ка а диллина, Маккхална тIевирзира Таза.

– Сих ма ло, ала гIертара со-м. Сихо дика яц. Деш дерг, вовшех дага а девлла, дан деза.

– Маккхал бакълоь, Таза. Охьахаал. Кхин вуй ала лууш? Вай хIун дича бакъахьа хета шуна? – хаьттира Солтамурда, шен ирачу хьажарца Таза охьа а лахвина.

– Со охьа-м хуур ву, амма со бакъ-м лоь! – ша волчуьра схьалоьра Таза. – Хонкара кхелха нах совцалур бац бохург дош ду ткъа? Царна хьалхаваьлла воьду Алхазан Муса а, Iуспанан Сайдулла а, IалгIуло а, Боташ а, Хьаьдаз а, ЖанарIела а, и цхьа масех стаг вийчахьана, цIахь бисна бац уьш? Халкъ гIазотана гIатто деза! ГIазот! – мохь хьекхара цо, цIаьххьана шовкъе хилла.

– Ахьа хIун олу, Болатха, хьо вистхуьлуш ма вац? – шена улларчу Болатханна тIевирзира Солтамурд.

Шен карара суьлхьанаш кIоргге гIовгалан кисана а таIийна, доцца доIа а дина, кIайн еха маж буйнах яьккхина, нахана тIевирзира Болатхо.

– ХIора денна лоьцуш, Сибрех хьийсош бу вайнах. Цига ваханарг юха ца вогIу. Мацалла а леш ду вай. Россих кхалхар а хьехадо. Цхьаберш Хонкара баха гIерта. Дено-дено оьшуш, кхачалуш ду вай. КIезиг мел диси, ницкъ алсам бийр бу вайна. Хьанна хаьа, вайн лулара хIирий а, дIо хIуьнехдинчуьра гIезалой а санна, керста дине дерзо мега. Латта а, маршо а дIаяьккхина вайгара. ХIинца дIадаха деза я гIазотана гIовтта деза. Шиннах цхьаъ. Кхин некъ бац.

Кунта-Хьаьжин уггар гергарчу векалех цхьаъ вара Болатха. Цуьнан ойла шайн Iалашонца цхьаьна ца йогIийла хуъушшехь, гIаттам кечбархоша шайн диванна юкъа озийнера иза, Кунта-Хьаьжин Нохчмахкарчу мурдашлахь иза чIогIа сий деш а, лоруш а стаг хиларна.

Устазан векалех вацахь а, ма-хуьллу цунна герга гIерташ, даржехь лакхавала дагахь вара хьекъална гена воцу, амма хабарца даим шена тIе адамийн тидам бахийта хууш волу Таза. Маккхала

къадийчух шера кхетара чохь болу нах. Кху тІаьххьарчу хенахь Тазас эладита даржийнера ша эвлаяийн дакъа долуш волчуха. Цунах тешаш белахь а, я цунах пайда эца Іалашо йолуш лелахь а, Хорачуьра а, гондІарчу ярташкара а дикка нах тІаьхьахІиттинера цунна. Маккхала и гІуллакх хьахийча, цаьршиннан дов дер дуйла хууш, гена ца долуьйтуш, Таза охьахаийра Солтамурда. Къена Болатха шен амалшца тера вацара Тазех. Цуьнца дерг ларлуш дерзо дезара.

– Ахьа хІун олу, Залма? – хаьттира Солтамурда.

– Со воккха велахь а, Берсас, Аьрзус, Маккхалий хІун олу ца хиъча, ІадІан лаьа суна.

– Аьрзу, хьан дуй ала лууш хІумма а?

– Сол хьалха дош долуш ши стаг ву кху чохь. Молланаш – БІагІалой, Маккхаллий.

Заьндакъойн молла БІагІало Нохчмахкахь гІараваьлла къамелана говза стаг вара. Іилманна а, къамелан говзаллина а цуьнца къийсалуш стаг кху Нохчмахкахь цхьаъ вара – билтойн Нуркиша. Юьхьанца ша а кхелха бохуш, нахана юккъехь Турци кхалхарехьа эладита лелош хилла Нуркиша, гІуллакх баккъален тІе даьлча, юхаваьллера. Мекарчу цунна дика хаьара Іедалца а, халкъаца а, тховса кху чу гулбеллачу тхьамданашца а тарвала. Нуркишан Іедалца юкъаметтиг нисьян аьтто бийриг цуьнан гергара зандакъойн наиб Шахьболат вара. Бакъду, тхьамданашна юккъехь хьалхалера сий дацара Нуркишин. Ткъа тІаьххьарчу хенахь хаъал тешам а байнера цунах. И дара тховса дуьххьара Нуркиша дивахь вацар. Ткъа БІагІало шен дог-ойланца, шалхо йоцуш, цуьнан амалшна нийсса дуьхьал вара. БІагІалона, гатиюьртахойн моллина Шахьбина санна, бІаьрга ган ца безара оьрсий а, церан Іедал а. Цо нах Турци кхойкхура. Ша а вара уггар хьалха боьлхучаьрца новкъавала кечвелла.

– БІагІало, ахьа алал.

– Болатхана аьлларг ду сан дагахь дерг а. Я дерриш Хонкара кхалха деза, я гІазотехь летта, дала, – доцца хадийра цо, атталла хьийзочуьра суьлхьанаш а ца совцош. Схьахетарехь, паспорт ки-

сана а диллина Iачу цуьнан ойла яцара шел тIаьхьа Нохчийчохь хиндолчу гIуллакхашна корта бехка.

Шена тIе ргI кхаьчча, Солтамурда дош даларе а ца хьожуш, хьалагIаьттира молла Маккхал. ПIелгаш даьхна, конжех тера шен аьрру куьг мекхах хьаькхна, яйн йовхарш туьйхира цо.

– Делахь-хIета, аса эр ду цхьа-ши дош. Нагахь сан ойла бакхийчаьрца ца ягIахь, сайна бехкцабиллар доьху аса. Уггар хьалха эр ду аса нах Хонкара кхалхарх лаьцна. Махкахвалар кIезиг хIума дац, кIентий. ТIехула тIе, дийнна халкъ. Со тешац цигахь вай цхьаьна гулахь даха ховшор ду бохучух. Вай иштта дIатардан паргIат мохк бац Хонкарахь. Цига кхелхина вайнах, маьI-маьIе баржа а бина, хенан йохалла ненан мотт бицбелла, къоман юьхь яйна, бовр бу. Нагахь берриг нохчий цига гIахь, цхьа-ши тIаьхье хийцаелча, нохчийн къам боху цIе дуьненара дIаер ю. Изза хир ду Россих кхалхадахь а. Хийцам цхьаъ бу. Россих кхалхийначийн тIаьхьенах керстанаш хир бу, ткъа Хонкара кхаьчнарш бусалба динехь буьсур бу. Амма, кху вешан махкара дIадовлахь, нохчийн къам боху цIе йов вайн. Цул доккха вон дац къоме дан. Цул сов, вайнахе лалур доцуш, къиза ду туркойн Iедал. Цара ницкъ бо, сийсаздо шайн махкара кегий къаьмнаш. Вай санна болу бусалбанаш. Цхьаннан долахь воцуш маьрша стаг вац цигахь, цхьа хьалдерш бен. Изза хьал ду Россихь а. Шиннахьа а суна сайн бIаьргашна гина. Хонкара боьлхурш вайга совцалур бац. Цкъа-делахь, царна коьрте хIиттинарш, хIокху Нохчийчоьнах сийна цIе яьлча а лерган дуьхиг ухьур доцуш, таронаш йолуш нах бу, туркойн Iедалехьара цхьана дикане догдохуш боьлхуш. Цара Iехийна тIаьхьахIиттина церан гергарнаш. Хонкара кхалха хьовха, кху Бенара дIа ДаьргIа кхалха а таро йоцуш. Царах къахета. Амма дан хIума дац. Уьш Iехабелла бевлла. Уьш дIабахийтар бен, кхин молха дац. Со тешна ву, цига дIакхаьчча, уьш баллал дохкобевриг хиларх, уьш юха цIагIертарг хиларх. Цаьрга хIоьттинчу хьоло бен совцор бац цига кхалха ойла йолуш, амма кхушара Iедало дIа ца бохуьйтуш хьелурш.

– Ткъа ахьа хIун некъ гойту, Маккхал, хьуна хIун хета? – юкъахваьккхира иза Солтамурда.

– Кхушара кхелхарш кхалха а битна, цаьрга кхаьчна декъа-за дакъа нахе дийцарца, кхул тIаьхьа цига ойла ерш, оцу махках догдуьллуйтуш, совцор.

– Кху шарахь тIом боло реза вуй хьо? – хаьттира Залмас.

– Вац. Цунах дерг Берсас аьлла. Амма Берсиний, Аьрзуний, суний лууш цхьаъ ду. Оьрсийн паччахьан кхечу паччахьашца тIом ца болабелча, шена дуьхьал ма-гIевттинехь, цо шен берриг ницкъ вайна тIетоттур бу. Цхьаьнца тIом болабелча, кхузара дукхахболу шен ницкъ цига дIаоза беза цо. ТIаккха вайна боккха аьтто хир бу цунах. Тхо кхаанна луург хIун ду аьлча, керла тIом ишттачу аьттоне дIататтар, хIетталц дерригенна а сатохар, амма оцу денна хаддаза кечамбар. Цул сов, даим санна, со дуьхьал ву адам гIазоте кхайкхарна. Оцу гIазот бохучу дашо а, машар хир боцуш, мостагIалла дожадо вайнаханий, керста къаьмнашний юккъе. И ду Шайх Мансуран заманахь дуьйна схьа кху махкара керста къаьмнаш вайх херадаьхнарг, къийсамехь вай цхьалха дуьтург. Вай хIинца боло тIом, керстанашна дуьхьал боцуш, ткъа вешан маршонехьа хила беза. ТIаккха вайна накъостий а, гIо а карор ду Гуьржех а, Россихь а. Цигара адамаш а ду вайга гIоьртташ Iазапехь, вайна санна, оьрсийн паччахьан Iедал ца дезаш. Хьалха вешан дайша дийлийтина гIалаташ гуш а, нисдеш а хила деза вай. И дара суна ала луург.

– Хьайн а, Берсин а, Аьрзун а лаам бу-кх ахьа буьйцург?

– ХIаъа.

– Ахь хIун олу Залма?

– Царна тIетов со а.

– Сулима?

– Цаьрца ву со а.

– Олдам?

– Кегийраш бакъ лоь.

– Пубха?

– Тхан ойла цхьаъ ю.

– Iабдул-Хьаьжа?

– Кху некъехь тоьлур дац вай. Собар дан деза.

– Шоlип?

– Со реза ву Маккхала бохучунна. Амма кхин цхьаъ ду суна хеташ. Кечамбарх лаьцна. Паччахьийн тlом болабаран сахьт дац. Вайна дагахь а доцчохь, лап-ѳлий, тlом оьккху. Оцу Польша бохучохь тlом болабеллачу а, Россихь хьовр-зlовр долчу а хенахь гlовтта вайн кечам хиллехь, кху гlуллакхах цхьа агlо яьлла хир яра. Маккхала ма-аллара, вешан ницкъаца тоьлур дац вай. Цхьа аьтто боллу юкъ лехна гlевттича а оьшу вайна гlо. Суна хlун хетара аьлча, вайнах Хонкара кхелхачу юкъах пайда а эцна, церан паччахье гlо дехча бакъахьа дарий-техьа вай?

– Цкъа а цаделларг хlинца ло цо?

– Мацах цкъа валаволлучу майрчунна юххе хиъна зуда хилла, боху-кх, хьол тlаьхьа ша маре гlур яц хьуна, сапаргlат хилалахь бохуш, цуьнан дог эца гlерташ. «Делхьа, зуда, ма хала дара-кх, хьох тешна, аса со валийта», – эли, бохура, майрачо. Цунна дайна, ма хала дара-кх, туркойн гlоьнах тешна, соьга тlом болабайта, – ца вешаш кхоссар йира Олдама.

– Суна хетарехь, Шоlип бакълоь. Шуна хlун хета, нах? – хаьттира Солтамурда.

– Бахьана леладе, аьлла-кх Дала а. Аьтто лахарх, зен дер дац.

– Иштганехьа гlо дийр ма дац цхьаммо а. Диканна дуьхьал дика дезар ду. Ткъа вайн ницкъ бац и дан.

– Суна хетарехь, хьовсарх зен дер дац, – вистхилира хlетталц ладоьгlуш Iийна Берса. – Паччахьашна юккъехь тlом цахиларх, даим дIа лаьтташ мостагlалла ду. Цхьа меттиг иккхича, шайн мостагlчун махкана чоьхьа шаьш тlетовжа гlорториаш хlитто хьовсу уьш хьалххе. И лахаза Iийр вац туркойн паччахь а. ДIадаханчу дезткъа шарахь цо гlо кхийдийра вайга. Амма оцу гlоьнна дуьхьал хlара мохк безара цунна. Ткъа вайнахана ца лиира цу безчу мехах и гlо эца. Цундела туркоша вайна гlоьнна цхьа хьостам а ца белира. Хlинца цара догдиллина кху агlонах. Кхузахь оьрсий чlогlа чlагlбелла. Амма оьрсийн паччахьо вай санна, туркойн паччахьо нуьцкъала шайна кlелдерзийна, Iазапехь латточу церан мехкан малхбузе декъа тlехь дехачу керста къаьмнашна тlехула дов до-

луш ю ший пачхьалкх. Нагахь цигахь шайн дов эккхахь, Россина тІаьхьашха тІе вай а хІума тоха кечдалийта, гІо дан а мега цара.

Массара а шайна хет-хетарг аьлча, Солтамурд, кхин хеттарш ца деш, нах вовшашка дар-дацар ала а битна, ойлане велира. Кху чу гулбеллачех, цхьа Болатха воццул, массарел воккха вара иза. Кавказски тІамехь гІараваьлла майра тІемало, диъ шо хьалха Нохчмахкахь а, Органца а хиллачу гІаттаман баьччанех цхьаъ хиллачу цуьнан доккха сий дара тахана а. ХІетте а цунна дика хаьара, шен къоначу накъостийн хьекъал шечул цуьрриг оьшуш цахилар. Хаьара, хьалха лаьттачу къийсамехь коьрта меттиг дІалаца дезарг къона тІаьхье хилар а, цунна къона баьччанаш безийла а. Цундела цо лоьрура, шена зеделларг дІалуш Іамабора кху чохь хевшина Іен кегийраш а, къона нах а – ШоІип а, Іабдул-Хьаьжа а, ГІубха а, Сулима а. Ткъа Берсий, Аьрзуй, Маккхаллий цо шел тІех лорура.

– Берса, оцу Польшехь а, Россирчу муьжгашлахь а дерг хаьий хьуна? – хаьттира цо цхьа хан яьлча. – Керла хІумма а дуй-те цигахь хьедеш?

– Делхьа, Солтамурд, хІара ала, керла хабар ма дац цигара. Россин чоьхьа гІуллакх галдаларе хьежахь, дехха Іийр ду вай.

– Делахь а, цигара хьал хууш хилча, бакъахьа ду. Нагахь туркошца цхьабарт бан вайн ойла елахь, цаьрца дийцарш дан цига цхьа-ши стаг а, Польшера хьал талла цхьа стаг а вахийтича, бакъахьа хета суна. Оцу нахана некъан харжаш ян вайн шортта ахча а ду. Шуна хІун хета?

– Іаламат бакъахьа хета…

– Хонкара воьду ши стаг, Іедал шек ца далийта, шайна бакъонаш а яьхна, кхелхачаьрца новкъаваьлча дика хир аьлла, хета суна, – дуьйцура Солтамурда ойлане. – Дийцарш дарал совнаха, царна тІехь хир ду, дІакхаьчначу вайнахах хилларг ма-дарра хиъна, вайна тІе хабар кхачор. Нагахь шу реза делахь, цига бахийта нах билгалбан а лаьа суна.

Цига бахийта нах хьалхатоьттуш цхьацца нан цІерш йохуш, гІовгІанаш евлира. ЦІерш йохура чохь болчийн а, диванна юкъа ца богІучу лахарчу шайн бартахойн а. Польше вахийта-м сих-

ха Берса билгалваькkхира цара. Турци вахийта шиъ къасталуш гIуллакх дахдала доьлча, Аьрзус шена дош дийхира.

– Аша цIерш етта нах миччахьа бахийта а мегар долуш, къонахий бу. Амма Хонкара вахана стаг шина-кхаа баттахь цIа воьрзур вац. Я воьрзу ца воьрзу, хаац. Аша цIерш яьхначу нехан цIахь цIа дуьззина доьзалш бу. Дай цIера бевлча, ялташ деза, докъарш кечдаза буьсур бу уьш. Сан, Маккхалан цIахь делха а, дека а дац. Тхойша гIур ву цига. ТIехула тIе, Маккхал Iеламстаг ву. Цунна шерра Iарбийн, гIумкийн меттанаш а, гIеххьа гуьржийн, оьрсийн меттанаш а хаьа. Цига вахийта цул бегIийла стаг вац. Цунна накъост со а хир ву.

Оцу тIехь бартхилира массеран а.

– Шуьшиъ-м суна хьалххе дага, дера, веара, Аьрзу, – элира Солтамурда. – Амма, хIуъа цхьа меттиг сача, шуьшиъ сайна уллохь везаш Iара со. Ашшиммо цигахь дан дезарг тIаьхьа парггIат дуьйцур вай. ХIета, кхушара тIом болор ца хьехош, иза билгалйоцчу хене, вешан аьттоне дIатоттур вай. Кху некъехь Атин Атаби цIаверзаро соьга догдохуьйту вайн бисна накъостий а цIаберзаре. Цуьнца лаьцна вигна Дуин Iумма а вогIур ву цIа. Вай дIадохале цхьаъ ала лаьа суна. Тахана адам доьхна хьийза. Хиндерг ца хууш, ялташ дуьйш бац нах. Вай иштта Iийча, нахе мацалла хIуттурий-техьа? Шаьш дIасадахча, ярташкарчу тIеман баьччанашна тIедилла адам кхетор. Хонкара гIон берш кIеззиг нах бен бац, бисинчаьрга, шайн ялташ де, ала. ТIом хир бу бохург аьттехьа доцийла хаийта. Iедало бохучунна дуьхьалонаш ма е, цуьнцара юкъаметтиг марса ма яккха, ала. Амма тIамна кечамбар ма сацаде. Керлачу тIамехь вайн гIортор кегий нах хир бу. Уьш Iамор сацо мегар дац. Амма дерригенна тIехь а йоккха къайле оьшу. Маккхал, вай дIадохале дуйнаш бао беза кху чохь а, кертаарахь а мел волчунна.

Диван чекхъяьлча, цIа чуьра арадовлале Къуръан тIехь дуйнаш баийтар юкъадаькkхинера дуьххьара бартахой цхьаьнакхеттачу дийнахь дуьйна. Дуьххьара вовшахкхеттачу дийнахь оцу тIехула дикка галморзахаллаш хилира церан. Кунта-Хьаьжин

вирдехь болчарна новкъадсара Болатха дуйна юкъавалор. Кунта-Хьаьжас шел тIаьхьа устаз хила хьакъвеш вагарвинчу масех стагана юккъехь вара иза. Ишттачу стагах-теша деза, бохура цара. Амма хIетахь дийна хиллачу атагIойн Варас доцца хадийра дов:

– Эвлаяъ дац ткъа адам? Дагций, дегIаций айп доцуш цхьа а стаг вац.

Шега кховдийна атлаза юккъе хьарчийна Къуръан схьа а эцна, уггар хьалха Солтамурд тIевийхира Маккхала. Солтамурд шен меттера гIаьттина тIе а веана, Къуръан тIе куьг а диллина, Маккхална тIаьххье дуйнан дешнаш ала кечвелира.

– АIузу биллахIи мина-шойтIони рожим. БисмиллахIиррохьманиррохьиим… – шен дуькъа, тамехьчу озаца дуй болийра Маккхала.

Цунна тIаьххье, хIора дош, нийсса ала гIерташ, карладоккхура Солтамурда.

– Дала вазвина ваийтинчу Мохьмад пайхмарехула бусалба адамашна дуьнен чу доссийнчу Делан кху дезчу Къуръанах аса дуй боу, тховса кхузахь дийцинарг, лелийнарг, сайна хезнарг, гинарг я барта а, я йозанца а, я эшарца а, я сайгахула а, я кхечаьргахула а цхьангге ца дийца, сайн халкъан а, динан а мостагIех и ца кхето, и дерриг къайлехь латто. Аса дуй боу, сайл лакхахь лаьттачу тхьамданийн омра дуьхьало йоцуш кхочушдан. Аса дуй боу, дуьненан бахаман дуьхьа сайн а, сайн къоман а сий, оьздангаллий ца йохка, сайх тешна сайна улло а, тIаьхьа а хIиттинчу нахана тешнабехк, ямартло ца ян, сайн къоман, бусалба динан маршонехьа къийсам латто, царна эшначу меттехь, бIаьрг-негIар ца тухуш, церан дуьхьа сайн са дIадала. Сайн дел-ненал а, йишел-вешел а, доьзалал а сийлахь а, лакхахь а сайн къоман маршо лара. Нагахь аса царна ямартло яхь, айса тховса а, тховсачул хьалха а бицина дуй къарбахь, кху чохь болчу нахана сайн цIий хьаналдо аса…

Цхьаъна тIехIуттуш, оццу дешнашца дуй биира хIораммо а. ТIаккха, доцца доIа а дина, дIасабахара…

XVI-гIа корта

КЪАСТАР

«Вайна сийлахь ду вешан да-нана, сийлахь ду бераш,
йиша-ваша, гергарнаш; амма оцу массаьрга а
болу безам деккъачу цхьана дашна тIегулло вайн –
Даймохк. Шен Iожалца цунна ша пайда лур
буйла хиъча, валаран ойла йина соцур варий ткъа
муьлхха а оьзда стаг?»
Цицерон

1.

Хьалха а, тIаьхьа а цIена доьрчий а дехкина, пхонан стаммий-чу серех хIазарш деш, ялхханаш а къуьйлуш, тIе тиша-киша истангаш тоьхна, тхов биллина сал-палах йоьттина ворда лаьттара МIаьчиган кертахь.

Хьалхарчу буса Коьрас бажо бигна бузийна ши сту, доккхуш нох доцуш, бетах чопаш охкийна, кортош агIор а хьийзош, гIийла хьоьжура баккхийнаш ундечка тIе а хевшина, къонанаш тIе а хIиттина учахь лаьттачу зударшка.

Божарша ворда юттуш, цIа чуьра декъий арадохуш санна, бIаьргаш тIе узуш, чIенга кIел теIош коьрта техкинчу корталийн тIемгаш бIаьргех а хьоькхуш, тийнера уьш.

ЦIаьххьана охьа чохь, маьждиган майданахь, мел вахчавеллачу къонахчун а дог кIаддийр долуш зударийн белхар, маьхьарий девлира. Иштта къаьхьа белхар ца хезнера Коьрина, тIамехь байинчу нехан цIа деана декъий оцу майдана охьадехкича а.

ТIаьххьара дисина текх-цаца а, горга дечкан шун а, кIуьрзаша буьзна цIестан яй а мотт-гIайбина тIехула тIеехкинчул тIаьхьа, шайн долу-доцу барзакъ тIе а оьзна, шайга тIеховша аларе хьуьйсуш вордана уллохь лаьттачу жимчу кхаа берана тIевирзира МIаьчиг:

– Же, дIатIеховшал хIинца!

Шен хьаьрса цIоцкъамаш а дусийна, хьажа юккъе шад гулбина уллохь лаьттачу Васала, цхьацца оьцуш, вордана ховший-

ра бераш. Гуш боцчу бохамах дог кхиъначу жимахволчу кIентан велхар иккхира.

Учахь лаьтта зударий меллаша кIетIа бевлира.

Дассаделлачу цIенойн дерзинчу пенашка тIаьххьара бIаьрг а тоьхна, билхина ши бIаьрг а цIийбина, кийрара арагIерта къаьхьа мохь шен ницкъ ма-кхоччу сацо гIерташ, кIайелла, докъан баса а яхна араелира Зазу.

– Яьллий хьо, зуда? – кхайкхира цуьнга МIаьчиг.

Йист ца хуьлуш, корта а таIийна, шаьш новкъадаха баьхкинчу зударех уггар къеначу Кебиратна маракхийтира Зазу.

– Кебира-а-т, хIун хир ду-те тхох, даго диканиг ца хьоьху-кх суна, дистина эккха доллу-кх иза…

– ХIумма хир дац, Зазу, ма елха. Дала гIо дийр ду шуна, эвлияш орцах бевр бу шуна…

ХIетталц тийна, кийрахь боьлхуш лаьттинчу зударша шайн дегнашна маршо елира. Цара тайп-тайпанчу аьзнашца хьоькхучу маьхьарша къардира хIаваъ. Хуьлуш долчух ца кхета бераш, Iадийча санна, тийна Iара. Вуьшта а кийрара дог эккха доллучу МIаьчигна болчу тIе а хорам бира цара.

– Ворда араяккха, кIант! – омра дира цо Коьрега.

Зуькаран аз тIаьхь-тIаьхьа герга гIертара:

АллахIу ма сали Iала,
Мухьамади ва Iала,
Али Мухьамади
Ва сали, амин…

Зударий кех бовллалц кетIахь сецца, тIаьххьара бIаьрг туьйхира МIаьчига. ТIера хьахарш охьа а эгна, юккъера зIараш гучу а дийлла, тIе латта тесна тхов болу цуьнан жима цIа гIийла хьоьжура цуьнга. Дуьхьлара хIуманаш дIаяьхна Iаьржа кораш. И цIа якъаеллачу коьртан туьтанах, ткъа и кораш оцу туьтанан бIаьргийн кедех тарделира МIаьчигна.

Цуьнан хьажар бешахула кхерстира. Юкъ-юкъа гIаддийн агIошца нагтахь маргIалш а тесна, мацах цкъа салташа къинхе-

тамза генаш, баххьаш тедда, дагарш диттина дакъийна стоьмийн дитташ лаьттара ирахь, якъаелла адамийн чархаш санна.

Кхузахь баьхнера цуьнан дай. Оцу лаьттан коржам тIехь ваьллера иза ша а дуьнена. Кхузахь баькхинера цо дуьххьара ког, аьллера дуьххьарлера ши дош – «нана», «дада». Уггар хьалха кхузара дIаболалора цуьнан даймохк. Эвлайисттехь, гу тIехь, ду цуьнан ден, ненан, вежарийн, кхечийн кешнаш. Тахана са матессинехь вахна, тIаьххьара Iодика еш, царна тIехIоьттина иза.

Кхузахь дог дуьтуш воьду иза гена, ца бевзачу, хийрачу махка…

Баттара яькхина шаьлта Iоьттина кетIарчу утарми уллора цхьа буй латта а даькхина, иза шен чоьин бустамаш чу а доьхкина, шен тиша месала куй бIаьргаш тIе а теттина новкъавелира иза.

– ДIадели хIара, Васал, – шега хьоьжуш новкъахь лаьттачу Васална тIевахара МIаьчиг. – Хьо Iе цIахь, тхо гIор.

– Делахь, МIаьчиг, маршо лехна аса, цкъа битна вина мохк, сайн йиша-ваша а, халкъ а. Цигара схьа суна тIаьххьс кху лам чу а еа хIара харцой, Iазаппий. Дуьнен чохь цхьаннахьа а ян а юйтехьа маршой, нийсой?

– Хаац, Васал, кароргa догдоху-кх. ЦIийнан нсI-кор а, хIара ков а къовлур ахьа, Васал. Сох хIун хуьлу хаъалц, хIокху цхьана шарахь дола делахь кху ков-кертан. ТIаккха хьайна луъург дан пурба ду хьуна. ХIан, схьало хьайн куьг.

– ХIан-хIа, дукъе валлалц дIавогIу со…

Зударшна тIе а вахна, цхьана маьIIера дуьйна мара а лелхаш, церан Iодика ян вуьйлира МIаьчиг.

– Делха ма делхалаш. Жимма делалой, декхалой дIахьовсадел аша тхо. Марша Iайла! Шу ца дезаш, хIара мохк ца безаш ма ца доьлху тхо. Цигахь цхьа рицкъанаш язделла хир ду-кх. Марша гойла вайна!

– Дала некъ тобойла шун!

– Вайн Везчу Дала Шен эвлаяийн орца лойла шуна!

– Тхо диц ма делаш!

– Зазу, марша гIойла хьо!

– Марша Iойла шу а!

Урамо голатухучухула схьа гучуелира дошлойн кол. БIаьштиг тIе таIош тиллина Iаьржачу холхазан лекха куй а, стоммачу дегIа тIе оьзна дуьйхина дато бустамашца Iаьржачу исхарин чоа а долуш, сирачу динахь массарна а хьалха вогIура молла Шахьби. Шен шуьйра, еха, кIайн маж некха тIехь шалха а кагйина, ши бIаьрг говран шина лерга юккъе а боьгIна, зукаран мукъамца меллаша корта техкабора цо.

Цунна тIаьхьа кхо гIулч юкъ юьтуш богIура Аьрзуй, Маккхаллий, Чорий, Iелий. Царна тIаьхьа беха могIа бара кхелхарш новкъабаха богIучу нехан.

Дошлойн кол тIехъяьлча гучуелира кхелхачийн къепал. Массарна хьалха йогIура яккхий маIаш йолу боккха тайша ши сту а боьжна, тIехула гIажарийн куз тухуш тхов бина Шахьбин ворда. Ворданна хьалха хиъна яра тийла дилхо дегI кепах дохийна, кхалкъ кхозу чIениг некха тIе еана Шахьбин зуда – стомма Бежу. Говрахь улло ваьлла стерчий лоьхкуш вогIура церан цхьаъ бен воцу кIант Хьабиб.

Миска кечйинчу шолгIачу вордана улло ваьлла пхонан сераца стерчий лоьхкуш, шен чолакх гIогI текхош, дохк санна, кхоьлина вогIура Гати. Боьлхуш тIаьхьагIоьртинчу шен кегийчу йижарийн, вежарийн марара халла схьаяьлла Эсет, билхина бистина ши бIаьрг цIийбелла, белшаш тIехула месаш яьржина, сауьйзуш хIинцца тIаьхьакхиира майрачунна.

Ткъа мелчу махо охьачуьра схьа хаддаза тIаьхьакхоьхьура зударийн тийжар.

Дукъе ХIолламаш дехккинчу кхаьчча, дошлойн кол сецира. Схьакхиира тIаьхьайогIу къепал а.

– ХIан-хIани, кIентий! – шайна тIаьхьабевллачу нахана тIевирзира Аьрзу. – Сарале Шела а кхаьчна, цигахь гулбеллачу пхаца буьйса а яькккхина, кхана Iуьйрана хьалххе гIевттина БуритIа дIагIур ду тхо. Цига гуллуш бу кхелхарш берриг а. Вайна мел палаарх, къастаза ца довлу вай. ХIара Ахьмад а, Янаркъа а,

Абкар а, Солта а, Суьлти а, Сулима а воцург, вуьш кхузара юхадерза. ХIорш ялх тхоьца БуритIа кхаччалц дIавогIу. ХIокхара тхох лаьцна хабар дохьур ду шуна. Тхуна са ма гатде. ХьажцIа оьхучу наха хIора шарахь вовшашна тIе хабар кхачор ду вайна. Цу тIе, Хонкара башха гена меттиг а яц. Вай а Iийр дац вовшашна тIе ца кхочуш. Амма, тхох хIун хуьлу хаъалц, цхьа а доьзал кхузара меттах ма балийта. Дохий ма хьийза. Вайгахь товш дац иза. ХIара Iаьржа латта бухдийларх, и сийна стигланаш тIеелхарх, духур дац вай. Вешан турпалчу дайн бакъ кIентий хилла лийр ду вай цIахь а, арахь а. Цхьанна а корта ца таIош, цхьанненна а хьалха гора ца оьгуш. Амма маршонах догдиллина Iийр дац. Маккхал, ахьа хIумма а олий буьсучаьрга?

Шен динна чоже кIажаш таIийна, гонна юккъе ваьлла, пIелгаш доцу аьрру куьг лере лецира Маккхала. Хьаннашкахь кхолха дуьйлуш, генна дIадахара цуьнан кIеда, дуькъа аз:

Iа-а-а-а!
Бераллин къаьхьа кад
Мийлина тхоьца,
Цу тIеман сийна цIе
Кегийна тхоьца,
Бохамехь, халонгахь
Хьийзина тхоьца,
Хьомсара юьртахой,
Шу марша Iайла!

Шен догцIена сийна ши бIаьрг а хьаббина, месалчу цIоцкъамаш юккъе шад гулбина, иллин мукъаме терра корта а лестош, иллин йийсаре вахара иза. Улло веанчу Суьлтас шен зевнечу озаца тIаьхьа айира:

Iа-а-а-а!
ЦIа доцуш тхо дисча,
Дохдина латта!
Мацалло бIарздича,
Дузийна латта!

Тхан цIийца хьандина,
Лардина латта!
Хьо марша дуьсийла,
Дай баьхна латта!

– ХIейт, маржа, дуьне, яI!
Iа-а-а-а!
Буьрсачу къийсамехь
Тхан дегнаш дахчош,
Тхо майра кхиийна,
Хьомсара лаьмнаш!
Доьхначу кху дийнахь
Бертаза къастарх,
Тхуна шу дицлур дац
Хийрачу махкахь…

– ХIейт, гор, кIентий, яI! Доха ма дохалаш! Вайга хьуьйсуш бу шуна оцу хIолламаш кIел Iохку вайн дай, вежарий!

Баккхийчарна тIехьа а хIоьттина, тийна ладоьгIуш лаьттачу Коьрас гIийла бIаьрг беттара шена тIаьххьара гучу даймехкан Iаламе. Кху шарахь къаьсттана хаза кечделла и Iалам тахана кхоьлина хетара цунна. ХIетта гIа даькхкхинчу къеначу хьаннаша хьулйинера дуккха а эрчонаш гина раьгIнаш, гунаш, Iаннаш. Юкъ-юкъахь акха кхиъначу стоьмийн кIайн а, можа а, цIен а, сийна а зазанаша къарзйина и беркате къена хьаннаш бIаьрго малоццу даржийнчу хаза хьийзинчу бес-бесар бос бетталучу инзаре доккхачу холхазах тера яра. Амма хеталора, и хьаннаш, кху нехан гIайгIанечу мукъаме терра, хезаш аз доцуш, кийрахь йоьлхуш, техкаш санна. Шех къаьсташ болчех дог Iаьвжина, бIаьрхиш къайладаха санна, ира кортош кIайчу мархаш юкъа а доьхкина, дIатийнера нохчийн къоьжа лаьмнаш а. Генна охьа чуьра схьахезара бIаьстенна дистинчу чехкачу Яьссино ден къора къурдаш. Коьрин доьхна дог хьаста гIерташ санна, кортош лестош, когашна кIел эсала техкара бес-бесара зезагаш.

ТIаьххьара а вовшашна мара а лилхина, дIасакъаьстира кхелхина боьлхурш, бухабуьсурш. Шина а агIорчийн дегнаш доьлхура, амма церан буьрсачу яххьаш тIехь и ца хаалора.

Некъ хьуьн чохь къайлаболлучохь дой юха а хьовзийна, юьртахошка тIаьххьара бIаьрг тоха цхьана минотана севцира дIабоьлху береш. Кочара схьа а яьхна, хIаваэ хьала а лаьцна, цхьабосса кхузза тоьпаш кхоьссира цара.

Царна кхузахь жоп делира, хIолламаш дохкучохь, хIорш бIаьргана гучуьра бовллалц тIаьхьахьуьйсуш хIиттина лаьттачу юьртахоша…

2.

ДIа баькх-баькхкхинчу когаца генна тIаьхьаюьсучу дай баьхначу раьгIнашка юха а хьоьжуш воьдучу Коьрина шаьш Мичка тIе кхачча дохкучу хенахь дукъара охьа шайна тIаьхьабогIуш ченан кIур гира.

Коьрина санна, и гина нах цецбевлла хьуьйсура урх тIейилина дой хецца шайна тIаьхьабогIучу берешка. «ХIун дохьуш богIу-те уьш?» – ойла йора хIораммо а. Уьш гергагIоьртича, нахана уггар хьалха шайн эвлара дой, тIаккха царна тIера береш бевзира. Амма Коьрий, Чорий воцчунна цхьанне ца девзара берешна кхан доххал хьалхабогIу сира дин а, цунна тIехь Iийриг а.

Иза Коьрин доттагI Симсарарчу Олдаман Iаьлбаг вара.

Юхавирзича некъ эгIар бу бохург дицделла, шен карара сараг охьа а тесна, доттагIчунна дуьхьалхьаьдира Коьра. Мох санна, чехка богIучу динара, иза лагI ца беш, каде охьа а иккхина, цунна тIехьаьдира бере.

– Коьра! – ДоттагI маракъевлира беречо. – Сайна а ца гуш хьо дIавахна вели моьттуш, ма дог доьхнера сан!

– ХIунда? Сайн даг чохь аса хьо дIахьош вуйла, ца хаьа хьуна?

– Амма, хьуна тIаьхьа ца кхиъча, со юха-м воьрзур вацара, Хонкара кхаччалц дIавсъна а!

Бераш шайн доттагIчун некъ дика бан даьхкинийла хиъча, уьш шайн дар-дацар ала а дитна, дIабуьйлабелира нах. Шаьш бисначу кегийрхойн къамел доладелира.

– Эххар новкъавели-кх хьо, Коьра? – бахара Іаьлбага, доттагІчун куьг дІа а ца хоьцуш.

– ХІун дийр ду, Іаьлбаг? – доккха садаькхира Коьрас. – Дас аьлларг ца дича ма ца волу.

– Баккхийчаьрца шуна тІаьхьадовла гІиртира тхо, – бохура Коьрин эвларчу доттагІчо Къайсара. – Цара ца дахкийтира. Шу эвлах девлча, веана Іаьлбаг кхечира. ХІокхуьнца гІаш дукъе довлуш дохкуш юхабирзинчарна тІеІоттаделира тхо. ХІара Іаьлбаг бахьана долуш, цара говраш елла, тІаьхьакхии-кх.

– Баркалла шуна, кІентий, – баркаллица цаьрга хьоьжура Коьра. – Хала ду нийсаройх валар. Амма даймахках къастарал доккха вон дац стаге дан. Ши бІаьрг бекъа белахь а, дагах цІий Іийдало сан. Шу гича, сан даг тІера ах бала айабели. Дела реза хуьлда шуна! Іаьлбаг, яханчу аьхка лам чохь цхьана буса вай биъна дуй аса цкъа а бицбийр бац. Тхаьш цигахь дІатарделча, цІа вогІур ву со. Шу маршонна гІевттинчу дийнахь шуна улло дІахІотта!

Нах, Мичкал дехьа а бевлла, цунна йистерчу эвла буьйлира. ДоттагІчун сибат гуттаренна а шен даг чу дижо санна, лерина Коьрега хьоьжура Іаьлбаг. Тахана дуьххьара тидам хилира цуьнан Коьрин беркъачу барзакъан. Зарзделла, летийна тиша чоа, цхарбоьлла кхакханан куй. Голаш тІе йоманаш йиттина, чордачу жІаймашин хеча. Якъаелла, салазан мІаьчигаш санна, буьхьигаш ирхъхьаьвзина неІармачаш. Юкъах йихкина соврах мерцхалгаш дийлла тиша шаьлта. Стохка лома а веанера иза нехан говрахь…

– Шек дІа ма вала хьо, Коьра! – шен юьхьа тІе йоьссина гІайгІа дІа а эккхийна, векхавелла Коьрин белша тІе куьг туьйхира Іаьлбага. – Лелар – кІентан ирс, цІахь Іер – йоьІан ирс олуш ду вайн. Цкъа дуьнен чухула го тасий, цІа вола хьо. Амма нохчочун къонахаллех, оьздангаллех ма вохалахь, хьо шаьлтанца воруш, кескаш еш охьавиллича а. Кхин ду цхьаъ, Коьра. Туркоша шайн эскаре дика дІаоьцу, боху, вайн мехкан нах. Церан эскаре хІотта. Со тешна ву, царна юккъехь хьо сихха лакхавериг хиларх. Вайн баккхийчара доггдиллина маршонах. Герз охьа а диллина, доІина

куьйгаш леца боьлла уьш. Амма ишта маршо хир яц. Иза туьрца яккха еза. И аьлча-м цара аьттехьа а ца дуьту. ТIекхуьучу чкъурах ца беша. Яйна тIаьхье ю, олу. Царна моьттург бакъ доцийла хоуьйтур ду вай, ваьш даккхий хилча. Цхьа масех шо даьлча. И дерриг дийцина вай. Нагахь хьайн аьтто хилахь, цигахь эпсарийн дешар дешалахь. Шемалан наиб хилла Алдара Сапарчин Юьспа-Хьаьжа вуьйцу хезний хьуна? Вай санна, жима волуш Хонкара а вахна, цигахь дешна а ваьлла цIа веана нохчо вара иза. Шемалан хье хилла лийлира иза, нехан хьогIе меттанаш юкъа а доьлла, ша эккхаваллалц. Иза вара Шемалан ерриг гIаьпнаш йоьгIнарг, цуьнан Iедал а, эскарш а цхьана низаме далийнарг. Иттех шарахь Шемалан аьтту куьг хилла лийлира оьрсийн махкахь эпсарийн дешар дешна, церан эскарехь лаьттина веана Шаммурзин Бота. Жима бер долуш Ярмол-инарлас ша Дадин-Юрт йохош цигара йийсаре вигна хиллера иза. Ша итт шарахь вайнахана динчу гIуллакхал бIозза сов зен дира цо, ведда юханехьа оьрсашкахьа а ваьлла, вукху итт шарахь. Вайна оьшурш Юьспа-Хьаьжа а, Берса а санна эпсарш бу. Вайн халкъан, вайн мехкан дуьхьа шайн синош, бIаьрг-негIар ца тухуш, дIалур дерш. ХIинца хьо кхин сецор вац оха. Вайна мел ца лаахь а, къаста деза.

Iаьлбага шок тоьхна тIейийхира некъана юьстах ежаш йоллу шен говр. Ден шок хезна иза, ши лерг дуьйлина, хьала а таьIна, яйн тарса а терсина, едда тIееара.

– Коьра, хьуна эшахьара, тахана сайн са лур дара аса хьуна, – олира цо. – Ткъа тахана цкъа иза эшац. Амма хьуна эша а оьшуш, сайн са санна, суна дукхабеза хIара дин ло аса хьуна, сайн безамна.

Цецваьлла Коьра къаьрззана доттагIчуьнга хьаьжжинчохь висира. Цецбевллера гонаха лаьттарш а. Iаьлбага хьовха, цара массара хьоме лелайора и тамашийна говр. Iаьлбага, чехка догIучу ламанан хи чу а иккхина, бердах йоллучу куллах а тасавелла, бекъа тIейийхира. Едда бердан йисте а еана, чухьаьжча, чохь кхозавелла мохь хьоькхуш Iаьлбаг гина, Iадийча санна, и чIажаш декош, терсаш уьдура иза. Мел чехка едда йоьдуш хиларх, Iаьлбаган ом-

рица цIаьххьана соцура. ТIехьарчу когаш тIе хIуттура, мел генахь хиларх. Iаьлбага шок тоьхча, тарса а терсий, йодий тIейогIура.

– Iаьлбаг…

– ДIалаца! – Коьрин буйна урх теIайора Iаьлбага.

– ХIан-хIа, Iаьлбаг, дуьне дохарх оьцур яц, – ши куьг хьалха а тоьхна, юхагIоьртира Коьра. – Кхидерг хьайна луург ло, амма говр ма кхийдае. ХIара суна елча, ахьа хIун до?..

– Тхан кхин йиъ ю.

– ХIара саннарг яц. Ахьа хала кхиийна иза.

– Бакъду, хIара саннарг яц. Амма дика йиъ говр ю. Хьан цхьа а яц.

– ХIан-хIа, Iаьлбаг, ма дийца. Массарна а хаьа, шуьшинна вовшийн мел дукхадеза.

– Цундела лаьий суна-м хIара хьуна яла! Тамаша бацара, сайна езаш ца хилча, аса хьуна хIара ялар-м. Иштта ши куьг ластийна вахча, туркошна юккъехь сий хир дац хьан.

– ХIан-хIа, Iаьлбаг, дукха безачу механ совгIат ду хIара, – тIе ца дуьтура Коьрас.

Iаьлбаг дегабааме велира.

– Коьра, хьо кхоьллинчу Делан дуьхьа, вай дуй биъначу гIуллакхан дуьхьа дIаэца хIара! Суна чам бойуш воллу-кх хьо…

– ОстопираллахI! Ма алахьа иштта!

ХIетталц цаьршинга ладоьгIуш Iийначу берийн гIовгIанаш евлира:

– ДIаэца, Коьра, цунна халахетар ду!

– Ахьа шена ден дерг ду хьуна цо дийриг!

– Делхьа, ма дош дац-кх ахьа лелориг, Iаьлбаг, – чам байна корта а хьийзош, урх схьалецира Коьрас. – Хьо ца гуш дIавахна велира со…

Шен юкъах схьадаьстина, детица кхелина шаьлтий, доьхкий делира Къайсара.

– Сан безамна хIара шаьлта лелаехьа, Коьра.

– Аса хIан-хIа бахарх, вуьтур вац-кх аша со. Дела реза хуьлда шуна!..

– ХІан, хьан накъостий гена бевлла, Коьра, – сихвира иза Іаьлбага. – Хьо говра тІе валале, цкъа маралелхий вай!

Массарна роггІана мара а иккхина, кхоссавелла говра велира Коьра. Шена тІехь хийра стаг хаавелла говр, мерІуьргаш екийна, тІаьхьарчу когаш тІе а хІоьттина, тІаккха хьалха дІакхоссаелла, Іаддаргіа санна, ворта а саттийна, цІингаш кхуссуш, дІаиккхира. Амма тІелатийча санна нуьйрахь Іачу Коьрас, кІадъяллалц хецна а йитина, тІаккха урх юха а оьзна, хьовззийна юхаялийра иза. Даръелла говр, мерІуьргаш екош, бехк боккхуш санна, Іаьлбаге хьоьжура.

– ХІумма дац, Сира, хІинцца йоьр а ю хьо цунах. Амма сатоха деза. Вайн цІахьлерниг хир дац шуьшинна а.

Іаьлбаг шен говра а хаийна, цунна тІехьа хиира Къайсар.

– Хьо Мичках дехьа валлалц дІадогІу тхо, – элира Іаьлбага.

– Баккъал дерг аьлча, Коьра, хьох къаьсташ велха дог догІу сан. Амма вайн ойланаш а, чІеІамаш а цхьаьна догІур дац. Къайсар, дІаалал вайн дайн илли!

Къайсара, яйн йовхарш тоьхна, йиш тойина, илли долийра:

Тхо цкъа а цхьанненна
Къарделла совцур дац,
Маршо я Іожалла –
Шиннах цхьаъ йоккхур ю…

Къайсарца тІаьхьара ойуш волчу Іаьлбаган болат басахь горга юьхь, воккхачун санна, буьрса яра, оцу къоначу аьрзонан Іаьржа бІаьргаш ткъесах лепара:

Мокхазан ламанаш
Даш хилла лаларах,
МостагІийн арданго
Тхо гора дегор дац!
Бос Іаьржа ва латта
Молханах лелхарах,
Тхешан сий доьхкина
Тхо лаьтте доьрзур дац!..

– Хlейт, гора, вай, кlентий, яI!
Мацалло хьовзадахь,
Орамаш дуур ду,
Хьогалло тхаьш бlарздахь,
Бецан тхи мийра ду!
Цу лаьмнийн хьехнашкахь
Шах цlераш летор ю,
Тхайн таррийн юьхьгашца
Уьш марсайохур ю!..

– Аз айде, кlентий!
…Хlоънаша зарзйина
Тхайн чорда башлакхаш
Къоначу воlарийн
Белшаш тlе туьйсур ю!..

– Маршо я lожалла!
…МостагIех летачохь
lожалло тхаьш лецахь,
Тхайн метта дlахlиттар
Царна тlе дуьллур ду!..

Илли ца сецира, уьш Мичка тlе кхаьчча а. Кхузахь ца соцуш шен дин цуьнан муттанечу хи чу а тесна, дехьаваьлла Коьра аьтту агlор бисначу доттагlашка тlаьххьара бlаьрг тоха, юха а хьаьвзина, цхьана минотана соцунгlа хилира.

Илли ца сацош, доттагlчун lодика еш, хlаваэ лаьцна тапчанаш туьйхира цара.

Шен доьхкарх схьаяьккхина тапча, зlок кlегар хlоттийна, хьала а лаьцна, доттагlашка мохь туьйхира Коьрас:

– Маршо я lожалла!

Яссаелла кlур туьйсучу тапчин биргlи чу хlуп аьлла, иза юханехьа доьхкарх а йоьллина, урх оьзна говр тlехьарчу когаш тlехь хьовза а йина, тlаьхьа ченан кlур хlоттош, ма-йоьдду малхбузехьа дlахийцира цо.

Ткъа берийн хIинца а чIагIдалазчу аьзнашца декачу пох-чийн бIахаллин иллин аз декара Мичкан лохачу бердашца кхолха дуьйлуш.

Оцу иллица гIиттинера церан дай, ден дай, церан а дай. Масех тIаьхье. БIе шовзткъа шарахь. И илли шен рогIехь хIинца кху берашка кхаьчнера.

Массарал а хьалха лаьттачу Iаьлбаган аз Коьра гучуьра волуш цIаьххьана, доьхна, дегийра. Дегийра бIаьрг-негIарш а, беран ховха балдаш а. БIаьрг-негIарш юккъехула схьаIовдабелла боккха ши тIадам, цIенчу беснеш тIехула керчина охьа а беана, настарш тIе буьйжира.

Цхьанне а ца хаьара, и болатан басахь жима кIант таханчул тIаьхьа нийсса шийтта шо даьлча Нохчийчохь хинболчу уггар боккхачу гIаттаман баьчча хир вуйла а, Нохчмахке дIа а лаьцна, иза шена тIаьхьа доккха эскар долуш кхузахула Мичках ваьлла малхбузехьа нохчийн аренаш тIе вер вуйла а, дуьззинчу шарахь паччахьан колонизаторшна луьра дуьхьало йинчул тIаьхьа и гIаттам дакъалацархойн цIийлахь лийр буйла а, тоьллачу мостагIчун къизаллех ярташ кIелхьаръяхархьама, и жима кIант, шен лаамехь, гуш лаьттачу Iожална тIе, инарла Смекаловна тIе, гIур вуйла а, оцу инарло иза а, цуьнца кхин вуьрхIитта а Соьлжа-ГIалахь тангIалкхех уллур вуйла а…

И ца хаьара Iаьлбагна шена а.

Ткъа муттане Мичка, церан иллигий, цара ечу кхийсаршкий ла а доьгIуш, шек доцуш охьаоьхура.

Цунна дукха хеззера и иллеш. Цунна тIехь дукха къийкъинера буьрса герзаш.

Цунна чу дукха Iеннера адамийн цIий. Татолашца.

Иза цецдаккха эрчо ца йиснера дуьненахь…

БІЕ ЦХЬОЛАГІА БУЬЙСА

Ма Іаьржа, ма къайле,
Мел хала бу хьо, некъ,
Настарийн садаьлла,
Со-м хьалха дІатекха.
Ас мичхьа садаІа,
Со мича верза-те,
Беха некъ соцучохь
Соьга хІун хьоьжу-те?
О. Туманян. «МухІажаран илли»

1.

1865-чу шеран август беттан цхьана буса хан яьллачу хенахь Мурат-хин тогІица дІаболчу лекхачу лома хьалаваьлла исс стаг, некъаца бай баьлла меттиг а лехна, сецира.

Шаьш бинчу лами тІехь айъина вохьу уьтталгІаниг меллаша лаьтта охьа а виллина, вовшашка бист ца хуьлуш, даккхий синош дохуш охьа а хуьйшуш, дІахерцара уьш.

Кхоъ охьа а ца лахвелира.

Царах цхьаъ, лекхачу дегІара, шуьйра белшаш, юкъ-юкъа кІайн чоьш дийлла Іаьржа маж-мекх, еха екъана юьхь, шуьйра лекха хьаж, боккха ала мегар долуш мара болу шовзткъа шаре гІоьрттина стаг, шен накъостий дІа а хирцина дІатийча, охьа а ца хууш, вист ца хуьлуш, Мурат-хин тогІе а хьоьжуш, хІоьттина сецира, шолгІаниг юьстаха, варша велира.

– Охьа а ховший садаІийша, Аьрзу. ХІинца цкъа катоьхча, дІакхочур ду вай, – вистхилира накъостех цхьаъ.

Амма Аьрзус жоп ца делира, я охьа а ца хиира. Охьа ца хуура Чора а.

Цкъа а воккхавер, ирс хІун ду ца хиъна, амма, куьзган чохь санна, къегина къонахалла а, болатан чІагІо а шайна чохь гуш цаьршиннан кхоьлина бІаьргаш хин тогІи чу хьуьйсура.

Уьш ца хьуьйсура гена йоццуш, серлонаш къегаш яьржина лаьттачу Муш-шахьаре а, я цунна сехьа ламанан басех летта йохкучу туркойн, эрмалойн ярташка а, маьI-маьIнехь лаьмнашкахь даьржинчу курдойн четаршна хьалха йогучу цIершка а. Ца хьуьйсура, схьа а оьцуш буйнахь дIасакхийсича санна, сийначу стигалахь даьржина лепачу седарчашка а, я дехьарчу лома тIехула, хIетта гучубаьлла, кIайчу мархашна юккъехула паргIат некъ беш боьдучу батте а. Царна ца хезара гена йоццуш варшахь мецачу чагIалкхийн цIийзаш летар а, дехьо гу тIехь шина берзан рогтIана дуьхь-дуьхьал дера угIар а.

Царна кхин, генара, аз хезира. Хезира охьа, тогIи чохь, бIаьрго ма-лоццу дIайолчу акъари тIехь цIерш йолчуьра гIийла аз. Цу чуьра лаккха хIаваэ хьалаоьхура оцу мехкан боцучу маттахь иллин аз. Цуьнан маттах цакхетачунна а хуур дара, иза хIумма а гIуллакх тоделла, дуьненах самукъадаьлла тесна кIеж йоцийла. Мурат-хин къорчу гIовгIанах ийна хIаваэхь дека и аз, дог Iовжош, лайн чимаш санна, шийла аьрцнаш тIе охьадоьлхура:

Ва Делан суьйре хьо, ма гIайгIане еа хьо,
Ва Делан суьйре хьо, ма гIайгIане еа хьо,
Масане да-нана доьзалах къастош еа хьо,
Ма гIайгIане еа хьо, Делан суьйре, хьо…

Денна хIаваэ хьийзачу оцу иллин мукъамо мерцина, дагийча санна хетара къилбан аьхкенан йовхоно чахчийна, дерзина даьхна и лаьмнаш. Оцу дешнаша, гIийлачу мукъамо кхорзура цаьршиннан бохамаший, халонаший, шаьш дина мокхазан лаьмнаш санна, чIагIдина дегнаш. Оцу тогIи чохь ерзинчу стигала кIел, аьхкенан бовхачу малхо боттуш, догIанаша Iуьйдуш хан токхуш бара паччахьаша Iехийна даймахках баькхина нохчийн пхи эзар доьзал. Кхо бутт кхочуш боллура шаьш бинчу лаьмнех къаьстина, оцу хийрачу махкахь массеран къинхетамах хаьдда, массара а дIатийсина уьш болу.

Ткъе бархI тоба а йина, гонаха салтий, эпсарш хIиттийна, Нохчийчуьра гIаш кхуза схьабалийра уьш. Оцу ткъе бархI тобанах май беттан ткъе кхолагIчу дийнахь Буру-ГIалара дIа уггар

хьалха Турце хьажийнчу тобанца нисбеллера АьрзугIар. Оцу дийнахь Кавказан лекхачу орца тIера дIа даймахке тIаьххьара бIаьрг а тоьхна, тIаьххьара маршалла а делла, орцан къилбехьарчу агIох чубирзира уьш.

Доьхна, ирча де дара иза. Махках бовлучу божаршлахь цхьа а стаг вацара нана-даймехкан хьоме латта шен цIийца хьандаза. Вацара иттаннаш шерашкахь цуьнан шен халкъан маршонехьа латтийнчу турпалчу къийсамехь шена тешаме хиларан билгалонан мухIар даймахко дегIа тIе тохаза стаг. Амма оцу дийнахь уьш, даймахкана, дайн кешнашна букъ тоьхна, къилбехьа Кавказан орцал тIехьа бевлира.

Хьомечу лаьттах къаьстинехь а, Россин махка тIехь мел ду, дегнаш ца духуш хилира уьш. Керста динехь белахь а, шаьш санначу ламанхошна юккъехула баьххира уьш туркойн дозане кхачалц. Амма июнь беттан вуьрхIитталгIачу дийнахь Хазапински заставехь, шаьш туркойн салташка дIа а делла, оьрсий юхабирзича, гIеххьачул дуьне кхоьлира царна.

Хонкара… Ца бевза хийра мохк, дуьххьара го къам, ца девза церан гIиллакхаш, мотт…

Кхузахь хийра дара дерриг а.

Иттаннаш шерашкахь лаьттинчу тIамо талийна, бохийна, чIанабаьхначу кхалхийнчара, шайн миска къелгаш ворданаш тIе а йоьттина, царна тIехула тIе берашший, къенанашший ховшийна, гIаш бира и гена шина беттан некъ. Сийна бошмаш, хьийкъина ялташ, сирла хиш долчу кхаьчча, хIинца мукъана а дIа ца кхаьчна-те олий, совца гIуртура уьш. Амма туркойн Iедало мехкан кIорге дIалоьхкура, ткъа мича, хIунда, кхарна ца хаьара. Эххар, кхин дIагIерта ницкъ ца тоьъча, Муш-шахьарна гена доцуш, Муратхин тогIехь туп тоьхна севцира уьш.

ХIетахь дуьйна цигахь бара АьрзугIар. Ткъа тIаьхьайогIу тобанаш, кхарна тIекхаьчча, кхидIа баха дуьхьало а йой, кхузахь совцура. Махкахваькккхинчу ткъе кхоъ эзар нохчочух берхIитта эзар оцу тогIехь вара, вукху пхеа эзаро а оццу хьолехь хан токхура Эрзерумна уллохь.

Кхузара меттах а довлий, малхбузехьа, Диарбекиран вилласте дІагІо бохуш, денна туьпа хьийзара каймаканаш. Махкахбевлла, гІелбелла, къийбелла, дарбелла нах нуьцкъала цигара дІабаха кхерара а, хаацара, я цІий Іано ца лаьара а, хаацара, амма мухха делахь а, дерриг а машаре дуьйцура цара. Бохура, Диарбекирна къилб-малхбузехьа нохчашна къастийна дика латта а, кийча хІусамаш а ю, цига дІагІо. Изза дара даймахкахь цаьрга дукха дийцинарг а. Ткъа меттигерчу эрмалоша дийцарехь, цигара латта, хи доцуш, ерзина, яьсса меттиг яра. БІешерийн дохаллехь цхьаьнгера а дикий, къинхетаммий ца хилла массарех тешам байна нах, и мохк цкъа хьалха шайн бІаьрга ца гича, цига ца боьлхура. Оцу махке хьажа вахна вогІура и итт стаг. Цара дохьу долчу хабарх бозура махкахбаькхинчу пхи эзар доьзалан кхоллам.

Амма некъахоша царна шийла кхаъ бохьура.

Эрмалоша ма-йийццара, яьсса, екъа аре карийра царна цигахь. Оцу аренан малхбале йистехь яьржина Іуьллура Диарбекир. Генара хьаьжча а гора цу гІалара тІехь хаддаза сема ха лаьтташ, тІулган лекхачу, стаммийчу пенаший, горгачу бІаьвнаший гобина арахьахула эчиган чІорех дина зІараш диттина гаттий, кегий кораш долу диарбекирски набахте.

Дуьйцура, туркойн Іедалан къизаллина дуьхьало еш мел гІаьттинарг, болатан буржалш тухий, цу чу кхуссу, тІаккха цо ерриг шен оьмар дуьненан серло ца гуш йоккху бохуш. Хьанна хаьара, оцу набахтина гергахьа лехкарий а цара нохчийн кІентий.

Кхузахь а ца каро йоллу-те цара иттаннаш шерашкахь къийсамца лехна маршо а, синтеме а? Оцу хаттаршна тІехь ойла йора шина доттІагІчо, ткъа жоп дала ца хаьара. Амма и шиъ тешна вара, диарбекирски яьссачу ара дахча, цигахь а, бІаьргашна хьалха Іуьллучу Мурат-хин тогІи чохь севцича, кхузахь а – шиннахьа а, и махкахваькхина ткъе кхоъ эзар стаг дІахуда сутара бага а гІаттийна тІекхевдина лаьтташ къиза Іожалла хиларх.

Чекхболуш лаьттара аьхкенан тІаьххьара бутт. Ша тІехьаьжна хІума доттучу къилбен бовхачу малха кІел йовхоной, цамгарший хьекхара адамаш. ТІамой, паччахьан эскарший талийна, берзинабаькхинчу шайн даймахкара цара деана кІезиг рицкъ чекхдаьл-

лера. Меттигерчу бахархошна уьш дІаелла бевлла цкъа кхаллал рицкъ дуьхьал лур долу шайн мискачу бахамера массо хІума.

ТІейогІуш яра йочане гуьйре, цунна тІаьххье борз санна, буьрса, шийла Іа. Ткъа оцу Іаламан ницкъаца къийса гІор доцу ткъе кхоъ эзар са ерзинчу стигала кІел лаьттара…

Чорас доккха садаькхира. Цунна хаьара, Аьрзус шега ца дийцахь а, шен дагахь цо цхьа сацам бинийла.

– ХІун де вай, Аьрзу? – хаьттира цо.

– ХІун дийр ду? Кхузахь Іаьн кІел дахча а, лийр ду, Диарбекире, оцу йийнарг ца кхуьучу мецачу, пана махка дІадахча а, лийр ду вай.

– Миччахь делла а, далаза ма ца довлу вай. Ткъа хІун башхо ю, Диарбекирехь делча а, кхузахь делча а?

– Башхалла-м йоккха ю, Чора. Нехан хийрачу махкахь мацалла вала, я сагІадоьхург хилла лела, я лай хилла ваха ца Іенийна аса кху ткъа шарахь сайн дегІан цІий, – аьлла, цхьана минотана саца а сецна, тІаккха: – Къемат-де хІоттийнчех бекхам а оьцуш, къийсамехь лийр ву.

– Иза-м эрна хабар дара, Аьрзу. Суна хІинца бен ца хиъна, керста паччахьан мел ницкъ бу. Дикчу динахь дийнахь сарале цхьана маьІера вукху маьІе кхочура нохчийн махкана. Доза дац паччахьан мехкан, чот яц цуьнан эскарийн. Ткъа вайн хІун ю? ТІе куй тоьхна схьалеццал доцчу вайга хІинццалц царна дуьхьал тІом латтабаларх цецвуьйлу со.

Аьрзу гІайгІане велавелира:

– Бакъ ду. Амма хІумма а йорах-м ца ели цунна вай вешан маршо. КІезиг ду вай, вешан ницкъаца мостагІ эшалур вац. ТІехула тІе, цкъа а вовшашлахь барт бац. Даим вовшашца ца тарлуш хьаьгІаш, мостагІаллаш!.. Амма кху тІаьхьарчу шина-кхаа батто дуккха а хІуманаш довзийти суна. ХІара кхидолу къаьмнаш юххера девзичхьана, со ехха кхеттачу набарх ваьлча санна, хІинццалц сайна къайле хилла лаьттина дуьне довза доьлча санна, хетаделла суна. Хьажал хьо, Чора, дика хьоьгуш бу ткъа вайна гина гуьржий, кхузара туркой, эрмалой, курдой? Уьш баккхийбе ткъа шайн дахарх? Цхьа гуш боцчу Делан ницкъо таІийна кхобу

уьш. Эзарнах итт хьалдолуш ву, биснарш царна беца. Маккхала ма-аллара, берриг оьрсий а ма бац вайгарчу Iазапна бехке. Доцца аьлча, Iаьржа къайле ю хIара дуьне.

– Делан къайле ю ала, Аьрзу. Азаллехь вай кхуллуш Дала ваьшна хьаькхначу сиза тIехула бен дIагIойла дац вайн.

– Иштта ала-м, дера, олу. ДIа ойла йича, хета, хIунда яц вайна кху ворхI стигал кIел охьаховша меттиг? Даймахкахь а вай хьийзий, махках девлла кхузахь а, мозий санна, леш, кхачалуш лаьтта. Цхьанна а новкъа ца гIерташ, вешан лаьмнашкахь машаре Iаш ма дара вай, дуьне кхоьлличхьана, ткъа и маьрша дахар дохий-кх генарчу оьрсийн паччахьо. Мича бехкенна хьийзадо? ХIан-хIа, Чора, ахьа дуьйцург дац хIара.

Аьрзун къамел цхьанна хазарна кхоьруш дIасахьоьжуш Iачу Чорас, аз лахдеш, мохь туьйхира:

– Ишта ма ала, Аьрзу. Со а Iеса воккху ахьа. ОстогIпируллахI, субхьаналлахI, Дела, Хьо цхьаъ ву, элча, хьо бакъ ву. Аша динчунна реза ду-кх тхо. Шайн эвлияш тхуна орцах бахийша…

Чорас, къилбехьа а вирзина, ши куьг хьалха а лаьцна, дехха доIа дира, цкъа хьалха хозуьйтуш, юха шабаршца. Наггахь доккха са а доккхуш, цо аз стамдича хезара Нана-Нохчийчу, дай баьхначу махка тIе юхадерзор Деле доьхуш цо ден доIанаш.

Хьалха цуьнан ойла а, хьежар а оцу тогIи чохь йогучу цIерш тIехь хиллехь, хIинца иза оцу регIан когашкахь Iуьллучу туркойн юьрта тIехь сецира цIаьххьана. Цхьана кIеззигчу юкъана цунна вицвелира тогIи чуьра берхIитта эзар нохчо, дицделира ша хьегна вон а, хьалха лаьтта Iазап а, эрчонаш а. Мухха делахь а, хIуманан бала боцуш, набаро ятийна Iуьллучу туркойн маьршачу юьрто цунна карлаяьккхира шен къона хан, дуьххьарлера безам. Цигахь ю Эсет. Дийна вуй-техьа Гати? Амма ях ца елира и хан дагалоьцуш цо ен мерза ойла. ДуьхьалхIитта дуьйлира цул хьалха а, тIаьхьа а, зIенан чIагарш санна, вовшех дозаделла бохамийн денош. Ирча гIан гуш набарха ваьллачу стагах тера, цIаьххьана хьаланиккхира иза. ХIетта шен доIин тIаьхье ерзо гIерташ воллучу Чорин белша тIе куьг туьйхира цо:

– Вало, доттагI, болх Далла тIе а биллий. Вай диканиг дохьуш кхачаре сатуьйсуш Iаш хир бу и пекъарш.

Шина доттагIчо, чехкка волавелла шайн накъосташна тIе а вахана, цомгашниг тIехь Iуьллу лами лаьттара хьалаайира. Буьрсачу дахаро даим кийча, сема хила Iамийна важа накъостий а, хIетта озийнчу набарх а бевлла, шайга ца кхойкхуьйтуш, гIевттира.

Цомгашниг халла хезаш вистхилира.

– Хьуна хIун лаьа, ДанчIа? – хаьттира Аьрзус, цунна тIе а таьIна.

– Хи лойша, хи…

ТIевеанчу некъахойх цхьаммо шен хаьн тIехь доьхкарх кхозучура схьадаьстинчу хи чуьрчу китан бертиг, цомгушчун корта ларбеш хьала а айина, кийрара схьа йовхонан тов стталучу цуьнан бете яьхьира. Жимчу беро ненан некхан юьхьиг санна, балдашца бертиг а лехна, са ца доIуш къурдаш деш, китан чож чудожийра цо. ТIаккха, корта дIахьовзорца, иза шен бетера дIа а даьккхина, гIийла узам а бина, дIатийра. Кхин вовшашка бист ца хуьлуш, тогIи чу охьабуьйлабелира некъахой.

Беттан серлоно къегадора церан эттIачу чоьэш тIехула юкъахкхозу детица кхелина герзаш. Тата доцуш тIулган некъ хьоьшура ахберзинчу когаша. Хезара цомгушчо наггахь бен гIийла узам.

Уьш генна бевлча, юьззина хIоьттина тийналла йохийра, дукха хан ялале коьллашлара схьа а иккхина, дехьо сецначу шина чагIалкхо. Адамаш Iийначохь цхьа а воцийла хиъча, муцIар Iуьггуш, лаьттах хьожа а яьхна, стешха дIасахьоьжуш, и меттиг а теллина, юха муцIарш ирхъерзийна, цкъа-шозза хьожа а баьккхина, некъахошна тIаьххье гIашлойн новкъа охьайолаелира и шиъ.

2.

ЦIерш йогура хин тогIица йолчу нийсачу экъан тIехь а, ирх раьIнаш аьхначу боьранашкахь а.

Шаьш диичу, дехачу хIусамашкахь, ярташкахь цхьана дийнахь баьхча, шолгIачу дийнахь Iойла доцуш леллера и нах дуьззинчу ткъа шарахь. Ткъа масане хилира инзаре ирчаниг. Марта, я Мичка, я Яьсси хин йистехь, юькъачу хьуьна юккъехь сийначу

бошмаш тIе тхов а лаьцна тахана жима юрт лаьттинчохь кхана кхин сурт хIуттура. ТIеман цIаро дагийнчу цIеноЙн пенаш, кхарзаделла, цIийделла, кIуьро Iарждина товханан кхерчах тарлой, дIахIуьттура. Са дIадала ца лууш, дахарехьа къуьйсуш санна, масех дийнахь ирахь догуш лаьттара стоьмийн дитташ.

Оцу халчу шераша дагахь йоцу говзалла Iамийнчу зударшиЙ, бераший цхьана ханна шайн кхерч хIоттабора декъазчу шайна къинхетаман тIам хиллачу юькъачу хьаннашкахь. Амма дегнаш дIагIертара шаьш дина хIусамаш хиллачу, безарш лаьттах боьхкинчу оцу лаьттан кийсак тIе. Юкъах герз, карахь дагарш долуш божарий, гихь бераш, карахь поппаран карчолгаш йолуш зударий сихлора къинхетамза дохийна шайн баннаш юхаметтахIитто.

Иштта дIаихира и буьрса шераш. Цара Iамийнчу наха, кхузахь, туркойн хийрачу стигал кIел, сихалха хIиттийра и чолхе йоцу хIусамаш.

Буьйса тIаьхьаяхна хан елахь а, адам дижаза дара. ГIийла йогучу цIерашна гонаха хIоз бина хевшина адамаш гора. Еха кIайн мажош йолу баккхий нах, замано дукха белхорна хьела эгначу гIайгIанечу бIаьргашца, баланаша деттинчу дегнаша хебийнчу беснешца зударий, дегIан даьIахкаш тIе а евлла, севсинчу сийначу гайшца, дуьне девзичхьана ирсан де газа декъаза бераш а.

Туьпа тIе кхоччушехь лаьтта ворданах йина хIусам. Цунна хьалха яржийнчу истанган бIегIага тIехь дIатаьIна Iа къоьжа Жонса. Карахь хьийзош ду цо ша дина шога суьлхьанаш. ТIетаIийна тиллинчу месалчу куйна кIелхула хьуьйсу бIаьргаш, цхьана хIуманна тIе богIабелла, севцца. Ворданан Iаьрчаш хьалаойуш кIелхIоттийнчу гажарх оьхкина ю Iаьржа совра долчу батта чохь пийлан кIомсаран кIайн мукъ болу йоккха шаьлта, еха гIирмин мажар, хаза кечйина тапча. ТIехула тIе – тиша истанг, чорда палс, ткъа уьш кхачазчу хьардаш а туьйсуш, го къевлинчу оцу вордан кIел гIар яйна Iа цуьнан шина кIентан ялх бер а, несарий а. Жонсин йоккхастаг кхелхина цхьа кIира хьалха. Ткъа ши кIант тIамехь воьжна-м дуккха а хан ю. Церан кешнаш Мичка-хин йистехь, цхьана гу тIехь, лекха ши хIоллам коьртехь дисна. Цигахь дIабоьхкина дай, дедай. Кхин гур яц цунна Iаларойн-Эвла, гур дац жима Мичка, сийна, юькъа

хьашташ… ХIинца иза гена ву даймахкана. Цуьнан берриг бахам хIара ворда ю. Дуккха а дуьне девзинчу оцу вордано а догдиллина шена боьжна лелийнчу шина тайшех. Къоьнгий мацалла ца балийта, царна бао цхьаъ жижигна бийна Жонсас, мазал хьаьжкIех важа туркошна боьхкина. ХIинца кхин чкъург ца карча сецна хIусаме йирзина кхуьнан ворда. Амма къена Жонса чIеIац. Къен ву, къена а ву, хIетте цхьаъ вац. И хьалакхозу герзаш цуьнан тешаме доттагIий бу. Жонса ша къена велахь а, и герзаш муьтIахь ду цуьнан куьйгашна. Ца хуьлчу далахь, уьш юкъах а дихкина, аравер ву иза…

Ткъа ламанан басеца, лаьттах яькkхинчу цхьана тоьли чохь тховса дезде ду. Пхеа беро цхьатерра сихдинна дохучу пахарийн гIовгIа хеза цу чуьра бодашкара схьа. Берийн дас Мовлас оцу буса цхьанхьара лачкъийна мукх беана. ЦIестан яй чохь цхьа кад мукх а кхаьрзина, нанас хIоранна цхьацца буй бекъна царна. Амма цхьа йолхалгIаниг дац меттахъхьовш а. Иза, цамгаро кIелхьарчийна, мотт сецна Iуьллу.

Изза хьал ду царна тIехьа, лакхохьа, кхечу тоьли чохь а. Оцу чохь хан токхуш бу ДанчIин доьзал. Лулахошна кIез-кIезиг мукх боькъуш, царна алссам белла Мовлас. Церан тоьли хьалха а йогу яй кIел цIе. Яй чу боккха дечкан Iайг а хьийзош, голаш тIе а лахъелла Iа шовзткъа шо хенара зуда. ТIехьаьжча шен хенал йоккха хета иза. ЦIеран серло ловзу цуьнан мокхачу юьхьа тIехь. Муьлхачу кIадех йина хаа хала ду тIелетийнчу бес-бесарчу йоманаша къарзйина цуьнан коч.

Лелхаш яй чуьра аракхийсало мекхан буьртигаш схьа а лехьош, гонаха хиъна Iа кIант, йоI. Болата шена карабеана буьртиг, ша ца кхоллуш, жимчу йише ло. Кхаьрзина цIийбелла мукх Iайгаца кеда а хьаькхна, кегош шелбинчул тIаьхьа берашна дIа а бекъна, биснарг шен буйна а эцна, берашка а хьоьжуш, сих ца луш, мукх Iийша йолало зуда. Бераш дийшича а ца юьжуш, алу кегош, ехха хуий Iа иза. Туьпахь дIасалелачу божаршна юккъехь ДанчIа гучу ца волу-те, цуьнан аз ца хеза-те бохуш, бIаьрг бетташ, сема ладоьгIу цо. Мискачу цунна хаац, иза, Iожалло кадетташ, накъосташа айъина валавойла. ЛадоьгIуш кIадъелла зуда, тоьли чу а йолий, берашна улло охьаюьжу…

Туьпан малхбале агIонца хийистехь разъяьлла лаьтта серех юьйцина, тIехула поппаран дуткъачу чкъураца хьаьхна бун. Цуьнан бертехь, ши гола мерс оьзна, сема наб еш Iуьллу шийтта шо хенара кIант Соип. ТIегIертачу чуьркех ларъян тIехула бецан хьардаш тийсина дIакъевлина цо шен ерзина настарш. Хала го дех бисинчу бIегIаган боккхачу куйна кIел къайлаяьллачу юьхьа тIера цуьнан буткъачу меран ира буьхьиг. Амма чуьркашна цуьнан озачу дегIа тIе доьлхуш кевнаш карадо эттIачу бедарех чекх. КIанта сихсиха катуху цIий мала дегIа тIе хиъначу чуьркана. Цигара бедар цо ваьшта оьзча, кхечанхьара дIаса а йоьдий, кхин масех ков долу.

Чуьркаша бен са ца гатдахьара, хIун дара. Уьш-м, цIеран кIур бина, къахко а хала дацара. Амма къахко ницкъ боцуш кхин бала бу цуьнан жима кийра буьззина. Кхуза кхаьчначул тIаьхьа да а, шел жима ши йиша а делла цуьнан. Ткъа хIинца, Соипан гIоьнца бен кIегар ца хаалуш, буьнахь нана Iуьллу. Иза-м, чу а вахна, охьавуьжур вара хазахета а. Нанас наггахь дечу узарший, кхетамах яьлла дечу башхачу къамелой, ткъа къаьсттана садоIу а ца хезаш цуьнан дIатерой наб кхета ца вуьту-кх. Соипехь шегахь а дацара дика хьал. Мацалла букъах летта чож, мел доккха садаккхарх, хьала ца севса. Ткъа оцу суьйрана ца ваьллачу денна цо йиъначу татеша, хедо санна, хьийзадо йоьхьаш.

Луларчу туркойн юьртарчу бошмашкара хилла Iаьржачу буьртигашца лаьтта кхийдина кхозу кемсийн хорханаш, цIен Iежаш, можа хьорматаш дагаяьхкича, хIинца а цергех хи долу цунна. Ткъа мел дагна там беш а, догдохош а яра цхьаннан кертахь тандара чохь доттучу керлачу бепиган чоме хьожа! Уьш дерриг тахана гина, амма, гучул, цагар дукха гIоли ю. Керта а вахна, еха эхь хетара Соипна. Нохчочунна эхь ма ду сагIадехар. Ткъа, хIан, хIара бепиг; хIара кемсаш хьайн нанна хьо аьлла, цхьа а гучу ца велира. Иштта такха деза-те тIедогIу денош а? Жима велахь а, Соипа ша-м сатухур дара, ткъа яла йижинчу мецачу нанна хIун дер, хаац-кх…

Къаьхьачу ойланаша лаьцначу цунна хаа а ца ло, цициго санна, байн ког буьллуш веана шена тIехIоьттина Болат. Цо муьшка йича, цIаьххьана саметта вогIу Соип. Вист ца хуьлуш, цуьнан кара шен буй таIабо Болата. Шен карахь довха буьртигаш хаало Соипна.

– ХIара хIун ю? – хотту цо доттагIчуьнга.

– Мукх.

– Хьуна мичара баьлла?

– Мовлас беллера тхуна цхьа кад.

Бето куьг тIеийзадо Соипан. Гергахь ижо хааелла чуьйраш, хьеръевлча санна, къекъа. Цергех теза хиш долало. Амма Соипа цхьа буьртиг а ца кхоллу.

– Баахьа, Соип.

Соип вист ца хуьлу. БIаьргех гIийла хиш леда. ЦIоцкъамаш дашадой, церан юьхьигашна тIехь гуллой, тIадамашка а доьрзий, чуэгначу беснешна тIехула охьахьолху уьш. ХIаъа, дика доттагI ву цуьнан. Изий бен вац байлахь висначу Соипах къахеташ, доглозуш.

– Ахьа хIунда ца боу? – хоьтту Болата. – Я кIезиг хета хьуна? Сайна кхаьчначух ах беана аса…

Соипа шен озийчу пхьаьрсашца маракъовлу доттагI.

– ХIан-хIа, Болат! – цуьнан якъаслла белш шен ирачу некха тIе теIайо цо. – Хьайна битнехьара ахьа… Нана ю чIогIа… Меца… Мацалло кIелйитина…

Иза-м, дера, Болатна а ма хаьа. Амма гIо дан ницкъ бац-кх. Вист ца хуьлуш вехха хиъна а Iийна, дIавахара Болат. Буьнан маьIехула доттагIчун букъ къайла ма-беллинехь, хьала а гIаьттина, мукх бадарна кхоьруш санна, буй къуьйлуш буьн чу вахара Соип.

Буьнахь Iаьржа яра, бIаьрга Iоьттина пIелг гур боцуш. Ткъа Соипана бевза кху чуьра массо кIаг, бог а, тхевнах охкаелла чамхалгаш, гIаш а. Гуш санна хета ненан азъелла мокха юьхь, буткъа мара, хьех чуэгна бIаьргаш, сирделла гиччош, дакъаделла балдаш. Цо садоIу а ца хезий, дог шелло кIентан.

– Нана… – кхойкху иза меллаша.

– Ахьа хIун бах, Соип? – халла хезаш йистхуьлу ЖовхIар.

Хазахетар тIехдаьлла Соипан дог хьере тохало.

– Аса мукх беана хьуна, баахьа… Кхерзина бу.

Хьашаро тIунбина мукх шен буйнара ненан кераюккъе боьхкира цо.

– Ткъа ахьа?

– Аса бинна, нана… цул а дукха…

Нанас буьртигаш Іуьйшу хезча, цергех хи доладелла, Сонн аравелира. Жимма Іийна чувеача, юха а чохь тийналла карийра цунна.

– Юьзин хьо, нана? – хаьттира цо.

– ХІаъ. Иштта яахІума елахьара, толур яра со. Дависарг, кемсаш елара, цхьа кан. Уьш дагаяьхкина суна…

…Туьпа юккъехьо йогучу цІарна гонаха къаьсттана дукха адам ду. Цунна гонаха хиъна Іа ткъех сов стаг. ЦІеран серло тІекхетехь волчу иттех стеган бен, яххьаш къастац. Биснарш бодаша къайлабаьхна.

Буьйса йовха йоллушехь, цІарна гонаха гІерта нах. Цкъаделахь, къечу стеган самукъе цІарца ду. Цо йохайо ерриг мискалла, йоькъу гІайгІане ойланаш. ЦІар тІе ши куьг лаьцна хиъна Іа хьаьрса Къосам. Цуьнан мацах цкъа безамехь хилла юьхь эрчаяькхина ира герз тухуш бесни тІехь йинчу чевно. Беснин чкъор тІехебна цхьаъ бен боцу аьрру бІаьрг, забарна санна, даим къаьрзина лаьтта. Иза вистхила воьлча, бехха бегабо агІо. Ткъа Мовлин чоьин пхьош даьсса кхозу. Массеран тидам шена тІебахийтина цхьаъ дуьйцуш воллу горга юьхь-марше, велавелла бен, стагана дуьхьал ца хьожу Іаьржачу аматахь молла Маккхал. Шен накъостел ирс долуш ваьлла иза оцу буьрсачу тІамах. Цуьнан пІелгаш дІатедда аьтту куьг, цІаьххьана хьаьжча, конжех тарло. Амма дагах йоккха чов ю Маккхалан а: тІамо дай, вежарий баьхьна цуьнан.

ТІеюьйхина бедарш цхьатера ю массеран а. ЭттІа, тиша гІовталш, чоьэш, чордачу машин хечеш, коьртахь кхакханан я бІегІиган куйнаш, когахь якъаелла лилхина неІармачаш. ХІоранан голаш юккъе лаьцна я улло охьайиллина топ, юкъах шаьлтанаш, доьхкарех йоьхкина тапчанаш.

Йиталац иттаннаш шерашкахь церан шайн бертаза чІагІъелла амал. Герз церан тешаме накъост ву. Изий бен, цхьа а валац декъазчу церан гІо дан, уьш харцонах ларбан. Шайн даймахкахь а ца хилла церан герзах юкъ яьстина, тІера сов бедар дІа а яькхина охьабийша аьтто, ткъа хІара нехан хийра мохк бу. Кхузахь тешам бац цхьана а куллах.

Хьанна хаьа, хІун хир?..

ДАНЧIА

МостагIий цистина
Сан каде ва куьйгаш
Болатан буржалша
Къуьйлуш ду ва шуна.
Халхарна бухь бегIна
Сан каде ва когаш
Болатан зIенашца
Бихкина бу шуна...
Нохчийн илли

1.

Маржа, буьйса, яI!

Мел йоца хилча а, ма яхло-кх хьо, дерачу чевной, лазарший ов деттачу дегIан меженашка ладоьгIуш, шен синсхьа ваьлла Iуьллучу дархочунна, Iожалло кадетташ хьийзочунна. Ма яхло-кх хьо оцу чевнал а, оцу цамгарал а хала, къаьхьа бала дагна Iеткъаш, бертаза коьрте гIертачу йоьхначу ойланаший, мацаллой наб яьхьна Iуьллучунна. Ткъа мел яхло хьо, гуьйренан Iаьржа цIемза буьйса, цабевзачу нехан хийрачу махкахь ерзинчу стигал кIел мацалло, кIез-кIезиг цIий худуш, бос баьхьначу берзинчу доьзалшна юккъе вижна, кханено хIун дохьур ца хууш, царах дог лозуш, сема такха воьлча.

Ма мерза ду хьо, винчу нене, винчу махке сатийсар…

Нана елла, байлахь дисначу берана ша къанвелла, къежвелла, берийн бераш хилла дIахIоьттича а, сих-сиха гIенах дуьхьалхIуьтту ненан хьоме сурт, хеза цуьнан сатедо, дог хьосту аз, хаалуш хета мацах-мацах цкъа цо шен дегIах хьаькхна ховха куьг. Лаьа шитта гIан дахлойла. Самаваьлча, мерза сатуьйсуш, цо дагахь сецадо гIенах гина и хьоме сурт. Ткъа даймохк? Уггар шена дуккхаснаču хенахь Iожалло шех къастийна нана а йицло стагана, амма бицлац Нана-Даймохк, кхолламо цунах ша мел генавакхарх. Бицлац дуьненахь мел дукхавахарх.

Маржа, Даймохк, яI! Дайн а, нанойн а нана. Хьох хаьдда, генара хьоьга сатуьйсучунна бен хааш хьан марзо. Амма ма еха, ма

Іаьржа ю-кх хьо, гуьйренан буьйса, йиша-вешех а, халкъах а, махках а ваьллачунна, Іожалло къиза кадетта доьлча…

Арахь сатосуш лаьтта, амма ДанчІина наб ца кхета.

Цунна тховса цхьа тамашийна наб йогІу. Хьалха чевнаш хиллачу хенахь а Іиллира иза тховсачух тера, тамашийна ойланаш коьрте хьийзаш. Цкъацкъа хеталора шена гІан-набарш гуш санна, ша цхьана кІоргачу есалле хаккавелла воьдуш санна. Цунна дуьхьалхІуьтту нийса гІулч йоккхуш, ира цхьамзанаш хьалха а лецна, лекха куйнаш коьртахь, некха тІехь морзах тийсинчу кІайчу доьхкаршца бІаьрг-негІар ца тухуш тІебогІу салтийн бІо. Юрт йогу. ЦІеран меттанаш хьерча ДанчІин дегІах. ТІаьхь-тІаьхьа хала хуьлу садаІа. Салташа болар хуьйцу, уьш хІинца бевдда богІу. ДанчІас, уьш совцо гІерташ, тур лестадо. Иза цхьаъ бен вац тІеман арахь дийна. Делла Іохкучу адамийн догІмех ихначу цІийх хІиттина Іаьмнаш ду. ЦІий тІаьхь-тІаьхьа айало, цунна тІехула хьийза Аьрзу. ДанчІа цуьнга кхайкха гІурту, амма кийрара аз ца долу. ХІоьттина цІий логе кхочуш лаьтта цунна. Амма салтий, шекбоцуш, тІегІерта. ДанчІас лесто тур кхетац цхьанне а. ЦІий бага лелха, са ца даІалуш хар-хир до, амма ДанчІас, берриг ницкъ тІе а гулбой, мохь туху:

– Аьрзу! Аьрзу! Леш воллу-кх со…

ЦІаьххьана цамгар чІагІъеллачу ДанчІина гонаха хьийзара Хеда. ДегІах къаста гІертачу сино ницкъ бинчу цо дІасагуьйсу меженаш сецо гІерта иза. Логехь туй сецча санна, хар-хир деш, цо доьІучу сино набарх ваькххина, ша хІун дер ца хууш, ден коьрте хиъна Болат а Іа.

– Же, ма Іелахь, Болат! Маккхале чехка схьавола ала.

Цкъа а цамгар хІун ю ца хууш, могаш кхиъначу ДанчІин зоьрталчу дегІо къуьйсура Іожалца. Иза кхо бутт хьалхалерниг дацара. ХІетте а цо тІаьххьара минот тІехІотталц къийсира дахарехьа. Веттавалар лагІделира. МаккхалгІар чукхаьчначу хенахь иза тийна Іуьллура.

ДоьІучу сих а ДанчІа мича хьолехь ву хиъначу цушиммо сихха бакъахьа верзийра иза. Маккхала, коьрте а хиъна, меллаша еса долийра.

– Хеда, тхо дIасакъаьсташ ма тера дацара хIара хила доллучух, – вистхилира Аьрзу, цхьаъ алархьама.

– Со-со а ма яцара хIара кху хьола тIе ваьр моьттуш-м. Иlу дIадахначул тIаьхьа, кIегар хиъна соьга весет дина, тIаккха охьавижира хIара. Я ахI деш ма вацара. ЦIаьххьана веттавала вуьйли, соь сеца а ца луш, тIаккха хар-хир долий, юха цкъа-шозза хьоьга а кхайкхина, дIатий-кх…

– Дала мукъ лахь, гIоли хир ю. Гена некъо ницкъ бина кхунна. Цхьана дийнахь садаьIча, дегI меттадогIур дай кхуьна-м, – маслаIате гIертара Аьрзу.

Сатосуш лаьттара. Цхьацца-шишша довш дIадайра екхначу стигалара седарчий. Серлаяьллачу арахь гора мархех чекх корта а баьккхина ирхбахна Циранкатар ломан букъ. Наггахь серлонаш къегара Муш-шахьарахь а. Амма хIинцале шера къаьстара эрмалойн килсийн – Сев-Авэтарана, Сурб-Маринэ, Сурю-Киракосан – бIаьвнаш, Iалауддин-беян маьждиган ира момсар а. Хьанна хаьа, кхузахь Iачарна ца хазахь а, оцу момсара тIехь хIора пIераскан дийнахь санна, тахана бусалбанашка рузбанс кхойкхуш молла хила а тарло. Дукха ца Iаш Далла гIуллакх дан керстанашка кхойкхуш декар ду килсашкара горгалеш. Шина а динан дайша – цхьаболчара килсашкахь, вукхара маьждигехь – махьарх юьзначу гайш тIехь куьйгаш морзах а даьхна, адамашна хьехам лур бу: дика-вон Делера бен догIур дац, цо деллачунна реза а хилий, совца, кху дуьненахь халонаш хьегначеран эхарт декъал хир ду бохуш.

Амма цхьаннс а дагахь хир вац леш воллу ДанчIа а, бIарзбелла гонаха хьийза цуьнан доьзал а…

Кхетачу малхаца самаяьллачу шахьарахь, ярташкахь дахар кхехкадолалур ду, ткъа туьпара нах, оцу буса беллачийн декъий айина, уьш хийрачу лаьтте кховдо юьстаха бевр бу. Иштта догIур ду кханалера де а, цул тIаьхьа догIу денош а.

ДанчIас тIаьххьара а са дIалуш, бераш арадаха гIоьртира Хеда. Амма Аьрзус сацийра иза.

– Болат чохь виталахь, Хеда. ХIара де ца дицден шена цо. Шайн дайн санна, декъаза дуьне доладелла берийн а. Волийта ахьа иза. Халонаш хIинца а хьалха ю.

Цхьанна тоса а ца луш, аттала салам ца луш, чувеана МІаьчиг хІара хьал хІуттур дуйла шена хьалххе дуьйна хууш санна, вист ца хуьлуш, ДанчІин когашка хиира. ХІетта лаьмнаш тІехьахула хьалакъедда маьлхан зІенарш йийшира ДанчІин мажъеллачу юьхьа тІе. Дазделла негІарш халла хьала а айина, хІиттина бІаьргаш МІаьчиге хьажийна, тІера цІен бос байна дакъаделла балдаш меттахъхьадира цомгушчо.

– МІаьчиг, дага… догІий… хьуна… вайша…. Орз-ГІала базарахь… цхьаьнакхетар… Іалхас… дина дов…

Ша ала гІертарг чекх ца даккхаделира ДанчІига. ТІаьххьарчу дешан ах матта тІехь юьсуш, са дІаделира цо. Аьрзус бІаьргнегІарш тІехьабдешшехь, Маккхала шен кисанара даьккхинчу йовлакхца чІениг дІайихкира цуьнан. ТІаккха докъана тІе верта а тесна, арабевлира уьш.

– Бераш тхан буьна дигий йолахьа, Хеда, – элира Аьрзус майрачун весет кхочушдан гІерташ, бІаьргех хин тІадам ца болуьйтуш, дог къуьйлуш Іачу Хеде.

Хеда бераш эцна юххера дІаяьлча, хІетта тІевсанчу Іелехьа а вирзина, хаьттира Аьрзус.

– Сийсара маса велла, хаьий?

– Гучуваьлларг-м шовзткъе берхІитта бен вац.

– Маккхал кхузахь вуьсур ву, ДанчІа лийчош. Чора схьаваийта. Хьой, МІаьчиггий, кешнашка а гІой, цигахь кечам муха бу, хьажа. Диъ-пхиъ дакъа цхьаьна коша мегар дацара-те, Маккхал? Зударий, божарий къастош.

– Мага а мегаш, итт цхьаьна а вуллу оха-м, – жоп делира Маккхала. – Царна хІоранна шен-шена каш даккха гІора мичахь ду?!

– Дакъа мичахь лийчор ду? Кху буьн чохь-м дІасахьовза а, хи дІадала а меттиг ма бац.

– Вохий ма хилалахь, Аьрзу, – гІайгІане велакъежира Маккхал. – Кху тІаьхьарчу шина кІирано дикка говзаллаш Іамийна суна. Айина тІехьа варша а даьхьна, цигахь лийчор ду вай. Хеде сихха хи дохдайта. Иштачу денна хьажадой саба а, марчонна киса а ма хуьлура. Хаттахьа цуьнга. Доьзалехь дуьххьара веллачунна-м саба а, марчо а число, амма вукху мисканашна, хьарчо ур-аттала

морса неташ ца кхочу чомахь. Аса, варша а валий, вешан гIуллакх дан жимма бIегIийла меттиг карае?

Берриг кечам хилла баьлча, ДанчIа сийсара дийна цIа валийнчу лами тIехь айина варша даьхьира дакъа. Кхузахь иза, сийначу гIашца даржийнчу ножан генаш тIе а диллина, цунна тIера бедарш дIаяха хIиттира уьш. ЦIахь бинчу чордачу машин тишъелла, йомеш техкина коч-хеча тIера дIадаьккхича дерзина делира ткъех шеран дохалла хиллачу чевнийн моьнаша эрчадаьккхина кIайн дегI. Озачу дегIа тIе хевшинчу пIендарех шера къаьстара бойна биъ. ХIетахь Iоьттина дегIах чекхбаьккхинчу цхьамзанан чевнийн моьнаш дара гай тIехь а, букъа тIехь а. Амма цунна тIехьийза кхо стаг хIумма а цец ца вуьйлура шайна хьалха Iуьллучу чевнаша деринчу дегIах.

– ХIокхуьнан дегI-м, цхьадика, цIена ду, Аьрзу, – дуьйцура Маккхала, ша гIуллакх дешшехь багахь доьшу аяташ наггахь юкъах а дохуш. Iама хьо. Тахана дуьйна хьо а хир ву суна уллохь. Кхузара нах сан ненан вежарий бу-м, ца моьтту хьуна? ХIан, хIара кийча ву-кх хIинца. Хеда, марчо кечделлий вайн? Хьайн дог къовла ахьа, Хеда, адамашна ца гуш а, тIе ца догIуш а хIун дуьсу. Масане кхул ирчанаш дайна адамашна. Аса маслаIат дан ца оьшу хьуна. Хьо дуьнен тIе яьлчахьана хьуна гинарш тоьур ма ду бIаьрхиш лакъо. ХIун дийр ду ткъа, ДанчIа? ВаллахI вара хьо дика къонах а, дика стаг а, тешаме доттагI а. Тхуна хьалхха велла хьо-м ирс долуш вара. Тхох хIун хир-те?..

Дукха къа ца хьоьгуш кечвина ДанчIа, цхьа сахьт хан ялале иттех стаг а, Болат а гонаха, барамахь тIаьххьарчу новкъа велира.

Шаьш кешнашкара цIа дирзича, туьпан майданахь лаьтташ масех турко а, эрмало а карийра АьрзугIарна.

Кхелхинарш кхуза кхаьчначу хьалхарчу шина баттахь-м гонгIарчу ярташкара адамаш, денна бохург санна, хьошалгIахь лаьттира туьпахь. Дуккха а доьзалшца гергарло тасаделла, вовшийн чу-каре а яра. Амма кху тIаьхьарчу баттахь юххехула хеддера и юкъаметтигаш.

Мушехь хиллачу гIуллакхах Аьрзу цIа верзале дуьйна а вогучу Довгина ца безабелира и хьеший. БIаьрг ма-кхийтти догкхи-

ира, уьш стенна баьхкина. Довтина хетарг бакъдира хьешашца лаьттачуьра схьакъаьстина тIевеанчу Мовлас.

– Аьрзу, хьо ган лууш бу-кх и нах.

– Со мичахула вевзина царна?

– Кхузахь коьртаниг хоьтту-кх.

– И ша ду. Уьш хIун дохьуш баьхкина?

– Вайнаха лелочу цхьацца гIуллакхашна арз дохьуш баьхкина-кх, – доглозуш Довтей, Тарамей хьаьжира Мовла.

Довтин юьхь цIаьххьана кхоьлира, ткъа Тарам кIоршаме вистхилира.

– Аьрзнаш дан лиъча, хьаьнга дийр ду хиъча, бахьанаш ма дукха ду вайн. Цхьа пайда боцчу хIуманна баьхкина хир бу.

ТIебахна салам делла, куьйгаш лоцуш хьешашка маршалла, хьал-де хаьттира нохчаша.

– ХIорш Iедалан нах бу аьлла-м, хетац суна, – Маккхалехьа вирзира Аьрзу, духарна беркъа, догIмашна гIийлачу хьешашка а хьаьжна.

– Кхузахь нахах коьртаниг везара тхуна, – вистхилира царалахь воккха, жимма битамехь вухавелла, сира маж, лекха хьаж долуш безамехьчу туркочо. – Иза муьлха ву шух?

– Коьртаниг аьлча а, наха тхьамда вина хьалхатеттинарг со ву, ткъа хIорш сан гIоьнчий бу, – шеца волу Маккхал, Чора, Довта, Тарам дIагайтира Аьрзус. – Стенна хеттара аша?

– Шух дагадовла дезаш, доккхачу маьIнин гIуллакх деана оха.

Аьрзу, гондIа бIаьрг тухуш, дIасахьаьжира.

– Делхьа, хьеший, аша ма таро йохийна-кх тхан, – воьхна хьаьвзира иза. – Тхан къоман гIиллакх ду, кхачанах вузийна, са а даIийтина паргIатваькхчий бен, хьеше гIуллакх ца хоттуш. Ткъа хIинца дуург-мерг хьовха, шу кIел деха тхов бац-кх тхан. Кхузза, бай тIе, охьа ца хевшича, девр дац вай.

Хьешашна сийночуьра бай гайтина, уьш дIатарбелча, дуьхьал охьахевшира хIорш.

– Тхох виъ Мушера, ялхитта гондIарчу ярташкара ву, – къамел долийра тохарлерчу туркочо. – Шуьга дийца гIиллакхе до-

цуш, амма ца дуьйцуш дита йиш йоцу гIуллакх айина даьхкина тхо, маьI-маьIера цхьаьна а кхетта.

– Вовшашкара даьлларг дашна хьулдина, дегнаш чохь оьгIазло вай ларйича, гIиллакхе хир дац. Дийцал аша, бехк ца лоьцуш. Оха сема ладугIур ду.

Туркочо, даг тIе куьг диллина, баркалле корта таIийра.

– Дала азаллехь Ша синош кхуллуш, хIора сина коллам язбина, боху, – долийра цо, Аьрзус деллачу дашо паргIат а ваькхина. – Дала Ша шун синош кхуллуш, цхьадолу рицкъанаш кху махкахь кхоьллина, оцу рицкъанаш тIе схьадаьхкина шу. Ша азаллехь ялдинарг кхочушдан оьрсийн паччахь а хаьржина, цуьнан куьйга махкахдаьхна, Дала кхуза далийна шу. Я цхьана таIзарна хир иза, я цхьана йолана хир иза, и Далла Шена дика хуур ду. Мухха делахь а, цигахь, даймахкахь, аша хьегначу а, кхузахь аша хьоьгучу а бохамашна тхаьш бехке ца хета тхуна.

– Дала лардойла тхо иза дагадогIучух! – корта ластийра Маккхала. – Мелхо, оха бехк лоьцу шух.

– Аша баланаш лайний а, амма тахана шуьга хIоьттинчо хьалха мел хьегнарг шуна дицдинийла а хаьа тхуна, – дуьйцура туркочо. – Шалхо йоцуш бах оха, тхуна чIогIа къахета шух. Къа ду даймахках хьоьгучун. Цундела шу кхуза кхаьчначу юьххьехь тхешан ницкъ кхочу гIо дора оха. Аса дуьйцург Iедал дац, ткъа цхьа тхо тайпа миска нах бу. Тхаьш схьа а оьхура, шу дIа а дуьгура. Тхаьш мел къен делахь а, тхешан йолчух йоькъий шуна йохьуш догIура, дIадаьхкича кара лой а дерзадора.

– Делхьа ду иза бакъ, – корта теIабора Маккхала. – Аша гIиллакх ма лелий тхоьца. Тхоьгарчу бохаман дакъалеци аша. Баркалла шуна.

– Амма, тхан бусалба вежарий, тхо а дац-кх хьолана шул дукха дуькъа. ХIара ши куьг гой шуна? – шен маззакъдоьлла эттIа куьйгаш хьалхахховдийра цо. – Хьовсал шу, иштта ду-кх тхан массеран а куьйгаш. Дера ца дакъаделла хIорш тхешан бахамехь оха къахьегна. Тхан долахь-м буйнахь схьаэца латта дац. Мехкадайн ялхой ду-кх тхо. Суьйрана берашна дао пхьор хир дацара-те

бохуш, дийнахь сарралц йолах деца. Iедало хьийзадо. Дехаш дац, делла дIадовлуш а дац. Оцу хьолахь тхаьш доллушехь, шуьгара бала байбан а гIиртира.

Турко и шен къамел мича тIе дало гIерта хьалххе дуьйна гучу похчийн бIаьргийн хьажар, кIез-кIезиг охьадоьрзуш, лаьттан бIаьра догIаделира. Веккъа цхьа Аьрзу вара, дерриг а лан сецна, церан юьхь-дуьхьал хьоьжуш.

– Цундела шуна хаьа хир ду, кхуза гулвелла шу масех эзар стаг гуттар а кхаба тхан ницкъ боцийла, – цхьана эшшара къамел дора туркочо. – Амма дерриг иза а дац тхо шух юхатоьхнарг. Iедало тхуна чIогIа дихкина шуна гIодар хьовха, ур-аттала шуьца цхьа а тайпа юкъаметтиг лелор а. Кху туьпа а ма гIо, кхузара вогIург ярташка а ма вита, боху тхоьга. Оха и дахь, шу кхузара меттах а девлла, шайна билгалбинчу махка тIе, малхбузехьа дIагIур ду, боху. ХIора юьртахь биллина лаьтташ мударш бу. Юьрта веанчу нохчочунна оха хIума лой а, уьш чубуьгий а, тхо кхуза догIий а хьуьйсу. Iедалан омра талхийнчунна луьра таIзар до. Етташ, гIуданаш дохуш, набахте кхуьйсуш меттигаш йина дуккха а. ХIинца хаьий шуна, тхо шайх херадовларан бахьанаш?

– ХIинца хии-кх, – корта таIийра Аьрзус.

– Ткъа, шайн аьтто нисбелча, аша тхан нах байар хIун бахьана ду, хаттахьа цаьрга, Аьрзу, – дийхира Тарама.

– Вайн харцхьаралла ду-кх, – шеггара жоп делира Чорас оьгIазе.

Амма Аьрзус гочдира Тараман хаттар.

– ЦхьакIеззиг вочу адамашкара дуьйлучу зуламашна тхо дерриш бехке ма дац, – дуьххьара вистхилира туркочунна уллохь хиъна Iен когаш берзина, эгIаза эрмало.

– И зуламхой аша къайла ма боху ткъа, – тIевирзира Тарам.

– ХIун дийр ду оха, диканиг? – кхоьлина ши бIаьрг Тарамна тIебуьйгIира эрмалочо. – И къиза гIуллакхаш лелораш а таронаш йолчех бу. Я шайн карахь Iедал дерш, я Iедалца гIуллакх догIурш. Шайн зулам гучудаккха гIоьртинарг цара доьза войур ву. Доцца вилча, гIийла адамаш ду-кх тхо, диканиг.

– Тlехула тlе, кху тlаьхьарчу хенахь аша а хьийзадо тхо, – тlетуьйхира туркочо. – Масех шарахь къахьоьгуш, халла оха таро йина бежана-газа эвлайисте лоллийла-м муххале дацара тхан, буьйсана и кертахь ца йитало.

– Тхешан ерг йохка, оьшург эца шахьара даха а йиш яц, – вистхилира юккъерчех цхьаъ. – Шун наха, новкъахь дуьхьалбоьлий, карахь ерг, оззайой, дlайоккху.

– Къаьсттана эрмалошна ницкъ бо аша, – долийра даьлла, декъана некхан ваз а, коьртах хьарчийна йовлакх а долчу кхечу эрмалочо. – Тхо шайца цхьана динехь дац бохуш. Дин баш-башха хиларх, дерриг цхьана Дала кхоьллина адамаш ма ду вай. Тхо а ма дац шул тlехдевлла дика хьоьгуш. Тхешан ницкъ кхочу гlо динера оха, хlинца а дийр дара, Iедалх дахьахьара. Тхо мисканаш ма хьийзадайша…

Аьрзус паргlат ладегlара хьешийн аьрзнашка. Цаьрга хеттарш ца дора, я церан дешнаш а ца кегдора. Цара дуьйцург дерриг бакъ а, кхеташ а дара. Амма мелла а царна бехкбилла луу Тарам, сих-сиха Маккхалан лерс теlара, цара дуьйцург шена гочдойтуш.

– Дукхахьолахь оха талораш дийраш шун хьолахой бу, – юха а юкъавуьйлира Тарам. – Вуьйриг а царах воь. Делахь а, наггахь меттиг нисло, шу тайпа гlийлачу стагана бохам беш а. Цо дуьхьало йича. Мацалла ца дала гlерташ лела тхо. Оьрсийн паччахьо а, шун паччахьо а Iехийна схьадалийна кху пана махка охьатийсина мацалла леш долчу адамашна, йолчуьнгара яьккхина ца йиъча, кхин некъ бац. Я тхо кху тогlехь, къилбехь дирзина, охьа а дийшина, дала лаьара шуна? Маккхал, иштта дlаала ахьа цаьрга.

– Ца оьшу оцу мисканийн дегнаш дохо, – човхийра иза Чорас.

– Ткъа со даладелла лела? – дуьхьалвирзира Тарам.

– Цул, юкъа а ца гlерташ, хаий Iехьа!

– Ца Iа со!

– Ма къийсал шиммо а, аса дlаолу хьан дешнаш, – сацийра и шиъ Маккхала.

Маккхале ла а доьгlна, туркочо жоп делира:

– Ой, диканиг, тхан бехк ма бац шу схьадалор. Нагахь тхан Iедалх шу латахь, шуна улло дlахlитта реза ду тхо. Къелла яцахь,

кхин къийса хIума дац вайн. Ткъа иза, къийса а ца оьшуш, шортта ю вай шинхьарчарна а. Ахьа хIуъа дийцахь а, хьолахо талийча а тхо мискачарех кхета, иза вийча а тхуна зулам долу. Нийсса аьлча, аша талораш тхо ду-кх: Мушана шу тIелетча зулам хьанна делира? Йистошкахь бехачу къехошна. Шахьара юккъехь беха хьолахой хьабаза бисира. Ткъа шаьш тIе мел кхаьчначо дуьхьало ца еш шайн карарниг дIацаяларх оьгIазло ян ца оьшу. Ша къиза къахьегна яьккхина доьзална йохьу баьпкан юьхк дIаяккха гIоьртича, дуьхьало йийр ю. Вайна массарна а деза-кх шен-шен бераш.

Туркочун къамел чекхдаьлча, тийналла хIоьттира. Схьахетарехь, и векалш шаьш дохьуш баьхкинарг дийцина бевлира.

– Кхин дарий шун ала? – хаьттира Аьрзус.

– Дац. Тхуна шух къа а хета, тхешан ницкъ кхаьчча, шуьгара бохам, балий байбан кийча а дара тхо. Амма тхан лаам, ницкъ цхьаьнабагIац-кх. Тхан хьолахой а, Iедалан нах а шайна ма-луъу талабе, байа. Аша динарг лачкъадахь бен, оха Iорадоккхур дац. Тхо, мисканаш, ма хьийзадайша.

Аьрзу хьалагIаьттира.

– Дика ду шу схьадаьхкина а, шайн дагна Iаьткъинарг аша далхийна а, – элира цо. – Дера, тхо бахьанехь аша баланаш ма лай. Тхуна эхь хоьтуьйтуш, гIиллакх ма лелий. Тхо дIадаьхкича, кара а ма лора, шаьш йохьуш а ма догIура. TIex чIorIa гIиллакх лелий, Iедало шайна и дехккалц. Тоьур ду, баттахь, шина баттахь гIо дича, кхузара берхIитта эзар шуна кхаба тIевоьжна ма вац, я ницкъ бац шун. Баркалла, Дела реза хуьлда шуна! Тхоьгара гIиллакхе доцурш дийлла меттигаш ю. Махкахдаьхна, малхало бIарздина, кхуза лаьттачу адамаш юккъехь собар кхачийларш, дегнаш дарделларш бовлаза ца биси. Тхоьца лелийнчу гIиллакхна баркалла ала шайн туркошна, эрмалошна, курдошна. Тхоьгара хIинцца дийлинчу зуламашна къинтIера довла, ала. И тIаьххьарлера даккхий талораш тхо цхьадерш цIахь доцуш лилхина. Таханчул тIаьхьа уьш а совцур ду. Кху цхьана иттех дийнахь кхузара дIадовла хьовсур ду. Я малхбузехьа, тхайна билгал-

бинчу махка, я къилбседехьа, тхешан даймахка. Ойла ишгга ю, амма, Дела хIун кечдина Iаш ву, хаац. ХIан, шу чудига хIусамаш а, хьошалла дан ницкъ а бац тхан. Схьало шайн куьйгаш.

Шена тIекхаьчча Аьрзун куьг буйнахь сацийра когаш берзинчу эрмалочо.

– Малхбузехьа доьлхучул хIуъа тоьлу шуна. Дан шайна луург де. Дала аьтто бойла шун!

– Дела реза хуьлда шуна а…

3.

Тахана Iуьйрана Мовлица уьйтIа веанчу цхьана цIонтарочо кехат кховдийра МIаьчиге.

– Гати-Юьртарчу Васала делира соьга хIара, хьуна тIекхачахь, дIалахьара аьлла.

КхидIа динчу хеттарех МIаьчигна хиира, и цIонтаро кхелхачех тIаьххьара кхуза кхаьчначу тобанца веанийла. Цаьршиннах дIа ма-къаьсттинехь, Маккхал волчу дIахьаьдира МIаьчиг, амма велла Iуьллучу ДанчIина гонаха хьийза уьш хIокхуьнан кехат деша кхуьучохь бацара.

Кешнашкара шаьш цIа догIуш Маккхал цхьа масех минотана тIаьхьасацийра МIаьчига.

– Васалера долчух тера ду хIара, – четара схьадаьккхина кехат кховдийра цо. – Дешахьа.

ДоьалгIа тоьхна кехат даржийна, хозуьйтуш деша вуьйлира Маккхал:

«Делера шапаIат хуьлда хьуна, тхоьгара салам маршалла ду хьоьга, сан хьомсара ваша МIаьчиг.

Тхоьгара салам-маршалла, доIа-весет ду вежаршка Аьрзуга, Маккхале, Чоре, Iеле, йишега Зазуга, вайн берашка…

Ва МIаьчиг, шух къаьстинчу дийнахь дуьйна хIара юрт а, хIара дуьне а даьсса хета суна а, тхо бухадисинчу массарна а. Ясаелла шун керташ гича, дегнаш доьлху тхан, шу лелла метти-гаш гича, ойланаш юху тхан, шух къастаро хIара дуьне къахьдина тхуна, шух хилларг цахааро синтем байина, шун къина кхоьлина

лекха лаьмнаш, тийжаш йоьлху сийна хьаннаш. Ва амма шуьгара кхочуш кост дац, шу дели а, диси а, хаац тхуна.

Шух хIун хили-те, могаш-маьрша дIакхечин шу, дIадахале кхузахь шуьга ма-дуьйццу дика нисделин-те шун гIуллакх? Махках ваьллачун гIуллакх дика хир ду бохучух теша мел хала делахь а, маршой, нийсой шуна цигахь карийнехь ма хазахетар дара суна. ТIаккха, дукха сагатдой Зазус, Зарус, Коьрас? ИбрахIиман доьзалш мича хьолехь бу? Шуьгара хьал хиъча, боккха синтем хир бара тхуна…»

Кхузахь лаьттах яханчу хIусамненан, берийн цIерш яьхча хорам хилла, къурдаш динчу МIаьчиган логан бакъабелла шад шозза-кхузза хьала-охьа бахара ваьшта.

«Кхузара хьал шуна хаа лаахь, кху беа баттахь хийцаделла хIума дац. Дено-дено ницкъ бар бен, Iедало еш паргIато яц тхуна. Лакханехьара масех юрт тIаьхьа а хIоьттина, имам ваьллера Хорачуьра Акхмирзин Таза. Цхьа масех дийнахь бохий уьш, дикка нах лецна дIабигна. Берриг нах, хьалха санна, цхьа а гIуллакх кара ца догIуш Iаш бу. Цигахь шу дика дIатарделлийла хиъча, тIаьхьа а гIуртур болуш, шун гIуллакх галдаьллехь, кхузара меттах ца бовла, лийр болуш. Ткъа сох дерг аьлча, сан ойла яц кху юьртара дIавала. Тоьур ду, цкъа къаьстана со махках а, халкъах а. ХIара сан шолгIа даймохк, шолгIа халкъ сайн баккъал долчарел суна дика хилла.

ХIара шо йокъане делахь а, хьан кха тIера хьаьжкIаш дика хьалакхуьу. Царна хьалхара асар даьккхина аса. Керт-кевнна са ма гатде, гонахара керташ къевлина аса. Денна воьдуш, кертахула хьаьвза. Хьанна хаьа, дохко а ваьлла хьо цIа верзахь, и дерриг хьуна оьшур ду. Гурале цIа ца вагIахь, хьаьжкIаш доьрчаш чу дIаерзор ю аса.

Чорин, Iелин доьзалш могуш бу, цомгуш кIелвиснарг вац. Доьзалшна са ма гатде ала, оха тхешан ницкъкхочу гIо дийр ду царна. Вайн юьрта а веана, нахе Хонкара кхалха баьхна Мадий, Нуркиший, шу дIа а хьовсийна, цIахь севцца.

Кхин дийца керла хIума дац. Шайгара хьал-де язде. Тхоьгара а, кху махкера а салам-маршалла ло вайн бевза-безаршка, юьртахошка.

Шу гаре сатуьйсуш, шуна воьлхуш вуьсу Гати-Юьртара Лапин Васал».

Дешна чекхдаьккхина кехат юха доьалгІа а тоьхна, МІаьчиге дІакховдийра Маккхала.

– Миска Васал, массарал вайн бала кхаьчна лела-кх. Кхузахь дерг хаахьара-м иза дог иккхина лийр вара.

МІаьчиг вист ца хуьлура. Сихбелла хьала-охьа лела цуьнан логан шад тергалбелира Маккхална.

– Хьо ма гІелъели, борз, цІаьххьана? – МІаьчиган белша тІе куьг туьйхира цо. – Дера, вешан ирзош тІехь асарш дохуш, нитташ хьекхош, шийла шовда тІе а муьйлуш, Нохчмаккахь бакъахьа ма дара вай.

– ВаллахІ, Васала дукха-м бехира, цІахь Іе, ма гІо, МІаьчиг, нехан хийрачу махка…

– Дера, бехира, Васала а, и воцчараа-м. Аша ла ца дуьйгІира-кх, МІаьчиг. Амма, хилла даьлларг нислур дац вай чІеІарх. И хьайн беха букъ нисбай, дуткъа лаг дахдай, охкаделла мекхаш хьовзадай, дІаволало хьалха. Екъаниг кагъеш, тІеданиг саттош, цхьана агІор ваьшна некъ боккхур вай. Вало!

МІаьчига корта ластийра.

– Хьо дІагІохьа, Маккхал. Со жимма садаІа соцу.

* * *

Маккхал дІавахча, хин тогІин лекхачу бердан йисте вахна, охьахиира МІаьчиг. Кхузахь парггІат ойла ян. ДІадахнарш дагалеца. Кханенан ойла ян. Четара схьадаьккхина кехат даржа а дина, вехха хьийжира иза оцу тІерачу чІагаречу йозанашка, хьаьркашка. Оцу тІера цхьа элп а ца хаьара цунна, амма цаьрца цунна гора генахь бисначу даймехкан хьомсара суьрташ: баьццара раьгІнаш, луьста хьаннаш, шийла шовданаш, регІара шен жима ирзо, оцу тІера хІетта асарх цІанъелла хьийкъина хьалакхуьу хьаьжкІаш. Ков къевллина даьсса лаьтта шен ков-керт. Хезара Васалан аз а. Цхьацца аьзнаш нийса ца алалахь а, цо шерачу нохчийн маттахь ден хьехаме, доглазаме, бехкаме къамел.

Цхьа хан яьлча МІаьчиган ойланаш, хьаьвззина яьххина, ДанчІина тІехь севцира. Цо тІаьххьара аьллачу дешнашна тІехь. Чекхдоллалц ца аладеллачу.

«МІаьчиг, дагадогІий хьуна…»

МІаьчиган кхоьлина бІаьргаш Муш-шахьарна тІехула дІа, Сэв-Сарски раьгІнийн баххьаш тІе доьгІна дара. Лергаш чохь екара чопаш туьйсуш, буьрса бердех леташ хьерадаьлча санна охьа чухула хьаьдда доьдучу Мурат-хин къора гІовгІа Яьссин хеталора, ткъа генара шена гун Сэв-Сарски лаьмнаш – берахь дуьйна бІаьргашна хьалха лаьттина Іаьндойн лаьмнаш.

ХІаъ, дагадогІу дера-кх. Шаьш базарахь цхьаьнакхетар а, ДанчІин пхьарс боцчу накъостан карзахе дешнаш, цІе санна, догу бІаьргаш, цигахь лаьттачу нахаца цо дина дов а. Амма МІаьчигна ца хаьара и шиъ шех дІакъаьстинчул тІаьхьа полковникан хІусамехь церан хилла галморзахаллаш.

ДанчІа-м, шен йиша-вешех къаста а ца лиъна, церан лаамна тІера волийла а ца хилла, веанера кхуза. МІаьчигга-х веанерий шен лаамехь хьовха, доьзалан бертаза. Цо нуьцкъала баькккхинера шен доьзал цІийнах а, махках а. Кхуза, жоьжахати… Елла цуьнан йоккха стаг а, диъ бер а. Шаьш кертара довлучу хенахь Зазун къаьхьа елхар, жимчу йоьІан баьлла шийла мохь хаддаза лерехь бу МІаьчигна.

Амма доллучул а цуьнан дог огу тийна чекхйолуш йолчу Зарус а, массарах къехкаш, даим ойлане, догІанна язъелла марха санна, кхоьлина лелачу Коьрас а. Цаьршиммо схьа ца алахь а, МІаьчигна ма хаьа церан дагара. Бакъ ма ду и шиъ, МІаьчиг ву дерригенна а бехке. Цуьнан омрица баьхкина уьш кхуза. Іаьнан оцу шийлачу буса, чохь тІуьна гуьйриг сийсачу товхи хьалха гоьл тІе ког баькхкхина цо аьллачу цхьана дашо кху хийрачу мехкан лаьттах доьллина и пхи адам. Дийна дисначу кхааннах хІун хир а, хаац…

* * *

Мискачу МІаьчигна шаьш кхааннах хиндерг ца хаьара, амма кхелхинчу пхи эзар доьзалан кхолламах дерг хІинца а къастоза яра шиЙ а правительство.

«Эрзерумски велига, Императорски Комиссаре, Инарле Нусрет-паше.

Господин Комиссар!

Суна хиъна, Эмиграци баьхкинчу нохчех цхьа дакъа Ванехь а, Мушехь а, Джиджехь а совцо шун ойла хилар. Нохчий цига бахаховшор нийсса дуьхьал ду лоьруш йолчу вайн правительствоша бинчу бартан статьяна. Константинополехь волчу Россин векало, Цуьнан Сийлалло инарла Игнатьевс оцу хьокъехь Кавказски Iедале официально бинчу хаамца, эмиграце баьхкина нохчий Эрзинганий, Диарбекирний дехьа колонизировать бина хила богIу. Цул сов, хIара хаам шуьга бинчул тIаьхьа аса сацам боллуш дуьхьало йийр ю лакхахь цIерш яьхначу меттигашка нохчий тарбарна а. Трапезунд, Карс, Ван, Баязет санначу, тхан дозанашний я, вуьшта аьлча, Диарбекирний, Эрзинганий Малхбалехьарчу муьлххачу а пашалыкашка нохчийн колонизаци ярна. Эрзеруме кхаьчначу партийх цхьа а цигара меттах ца яьллийла а хоуьйту аса Хьан Сийлалле. Дехар ду, Хьайга сан даггара лерам дIаэцар.

Оьрсийн комиссар. Капитан Зеленый.

24 июль, 1865 шо. Карс».

«Цуьнан Воккхаллин Ерриг Россин Императорски Комиссаре, Штабан Капитане Александр Зеленыйга.

Господин Комиссар!

ХIинцца аса схьаэцначу, шена дуьхьал аса жоп яздечу хIокху кехато боху, Цуьнан Сийлалло, Инарла Игнатьевс Кавказски хьакамашка хаам бинчу инструкцица, эмиграце баьхкина нохчий Эрзинганна а, Диарбекирна а дехьий бен колонизировать бан йиш яц. Хьан гайтам айса мел лерахь а, Господин Комиссар, цуьнан чулацамна дуьхьало ян деза сан. Аса дуьхьало ян езаран бахьанаш хIорш ду: соьга еллачу инструкци тIехь колонизацина база Боккхачу Iомана уллора Ван а, Муш а, Диарбекирей, Карпутехьай дIайолу провинцеш ша гойтучу хенахь, сан правительствос оцу

хьокъехь Шун Правительствоца барт бина хила беза; ишта ца хилча, хIара айса лелориг аса ца лело а магара. Соьга тIехдика хаийтина Кавказца доза долчу провинцешкахь колонизаци ян йиш яц аьлла вайн правительствошна юккъехь хиллачу барта тIехь шатайпа статья хилар. Хьан пурбанца аса цIерш йоху церан: Батум, Шильдир, Карс, Баязет.

Оцу барта тIехь цхьа а дош дац, Оттомански Империна чоьхьарчу Азиатски декъа тIера кхин провинцеш хьахош аьлла. Цундела Хьо цецвийла ца оьшу, айса деллачу омри тIехь со сецарх.

Суна елла инструкци нийса хилар чIагIдеш а, чIогIа оьшуш а долу кхин цхьа бахьана даладо аса, шена тIехь Хьоьга ойла яйта: эмиграце баха нохчийн сацам хиллачу хенахь Сан Правительствос царна дош деллера, кхузахь царна лун долу латта цара шайн лаамехь дIатосучу даймехкан лаьттаца массо а кепара догIуш хир ду аьлла. Бакъонца цара дехна а, хьакъдолуш ша царна делла а и дош, ма-хуьллу уьш резабеш, кхочушдаран Iалашо йолуш Лекхачу Портас эмигранташна билгалдира церан махкаца догIу Ванна а, Мушана а гонахарчу провинцийн латтанаш. И ламанхой Эрзинганна а, Диарбекирна а дехьарчу, хи доцчу яьссачу меттигашка дIахьовсор уьш хIаллакьхуьлийла лаар ду.

Карти тIе хьаьжча, Хьо тешар ву, сан инструкци тIехь нохчашна билгалйина меттигаш Кавказски дозанна вуно гена хиларх.

Со тешна ву, Господин Комиссар, аса йина билгалонаш, доггах тIе а эцна, царах лаьцна ханйта дезжачу Ахьа дIахоуьйтург хиларх.

Императорски Комиссар, Инарла Нусрет.

25 июль, 1865 шо. Карс».

* * *

«Кавказски Эскарийн инарла-квартимейстеран декхарш кхочушдечу полковнике Богусловскийга.

№ 10

26 июль, 1865 шо.

Селхана Нусретера хІара кехат сайга кхаьчча, хІокху тІерачу цхьацца меттигашна дуьхьало ян тахана иза волчу вахара со. Вайн векалний, Іела-Пашиний юккъехь хилла барт ларбаран дуьхьа, аса цуьнга дийхира, цуьнгарчу инструкцица нохчий мичахь ховшо ойла ю дийцар. Суна дІахаийта лаьа, цо барта дуьйцурга, официальни жоп а цхьаьна догІуш цахилар. Официально яздо цо, нохчий Ванехь буьту шаьш бохуш, ткъа тахана барта дуьйцу, Битлисана малхбалехьа уьш бита йиш яц бохуш. Цундела сан дехар ду, нагахь санна Кавказски хьаькамаш и ламанхой Диарбекирна гергахьо охьаховшорна реза хилахь, Вански пашалыкехь царна ца магош йолчу меттигех къастам бар. Ткъа Дирбекирал дехьа уьш дІалахкарх аьлча, цкъа-делахь, и хала ду, шолгІа-делахь, аса хьалха ма-яздарра, цигахь цаьрга хьоьжуш Іожалла ю…»

АХМАТОВА Солтамурадан Раиса
(1928–1992)

***

Хуур дац, кхолламо хIун кечдо вайна:
Забарна санна цкъа совгIат до цо.
Ткъа, юха, ахьа хIинццалц гулдинарг дерриг
Лаххьадой дIадоккхий, дог дохадо.
Сан мел дерг дIаэца – эпац и суна:
Беха некъ бу хьалха – и ду сан хьал!
Амма хьоь, хIай кхоллам, ду сан цхьа дехар:
Адамийн харцонах ларъелахь со!

ДАЙМАХКЕ

Шийла мох, со шелъеш,
Сан дегIах хьарчалахь,
Меженаш эгаеш,
Со къаръян хьажалахь.

Нуьцкъала шокьетташ,
Сан лергаш къарделахь,
Шан суьйнаш сан цIийца,
ДегI шелдеш, кхарстаде!

Нагахь со хьан ницкъо
Харцаяхь бертал,
Нагахь со ницкъ боцуш
Йисча сел холчахь,

Сан голаш лахийна,
Ца гIоттуш йисча,

Сох къа а ца хеташ,
ДІашаръе лаьттара.

Даймахке,
Халкъе сан безам
Таллалахь, барамал
И кІезиг хилахь,

Хьомечу махкана
Сайн ницкъаш дІабала
Со кийча ца хилахь,
ДІаэца лаьттара.

НЕНЕ

Цхьа сингаттам баьлча,
хилча хазахетар,
ЙогІур ю хьо йолчу –
ахь дІакхайкха со.
Со йоьлуш – хьо ела,
елхахь сан догъэца,
Ларъе къаьхьчу балех,
хьехар суна деш

Дахаран цу цІергахь
тоъал со а яьгна,
ХІетте а ю дуьне
хазахеташ со,
Нислора, тІам бойна
олхазар а санна
Со южуш а, амма
гІоттура хьала.

Ахь до суна хьехарш,
ларлуш хила бохуш,
Даиман сагатдеш,
ларйо хийла со.
Йина мохк, хьо – нана,
шу ю-кх сан гIорораш –
Шуьшиннех а яьлла
лелалур юй со?

Ас сайн халчу хенахь
лайнарш диц ца делла,
Гина, буьйса къагош,
кхетта шовзткъа малх,
Дахар и ду дахар,
нисло дагахь доцург ,
ТIекъамаш яц безаш
кхаьрда дозаллех.

Лор яц хьо, делахь а,
дарба деш ахь хийла
Когаш тIе хIоттий со,
дагна гIора луш
Ахь ницкъ а лой, майрра
йолий гена ара,
Буьрса дарц а эшош,
бора ас сайн некъ.

БIаьрса хьан артделла,
эшна дегIан гIора,
Къежъелла месаш го
кортали кIелахь
КъинтIера а ялий,
доьху хьоьга, нана,
Дарбане куьйгашна
баккхийта цкъа барт!

САН ЮРТ

Генна цигахь, лекхачу лаьмнел дехьахь,
Мархаш, тулгIе етташ, керчачохь, –
Сан юрт йисна хьаннийн IиндагIашлахь…
Хьоме лаьмнаш, шу ду сан даг чохь!

Маьлхан зIаьнарш, керла Iуьйре йогIуш,
Яьржа хир ю цигахь, хьостуш бIаьрг.
Мехкарий а – сарахь шовда оьцуш…
Йиц ма елаш шайна генахь ерг!

Цигахь ду сан дерриг – тхевнийн кIур а,
Аьрзу екар, некъийн аьрха Лар.
Дерриг цигахь – ирс а, сан кхоллам а…
Даим даг чохь лаьтта хьоме юрт!

Дуьнено ше неI дIайилли сунна;
Хийла гIала, хийла юрт а го.
Амма дог сайн дерриг иллеш – шуна,
Махкахой, ас, йоккхаеш, дIало!

ДАГАЛЕЦАМИЙН НОВКЪА

(Поэма)

Сайн ден а, ненан а безамна

Хьалхара дош

ДIадахнарг луьсту ас, сагатдар доцуш,
Дагалоьцу терахьаш, диц ца лур долу.
Тахана сихачу дийно чулаьцна
Дерриг а хIинццалц схьа девзинарг суна.

Сох хьалха дуьнен чохь мел хилла дерг а,
Дагахь а доцуш, кхин тIе мел хиндерг а...

ХIай хьоме Даймохк, сан деза латта,
Хьан ю со, хьан йоI ю, яха Iамош.

Сан некъаш – дара уьш сов аьрха, хьийзаш,
Ас дукха и дийцар тIехдетта суна.
Амма со хууш яц, вайн лаьмнех дуьйцуш,
Дорахчу басаршца къегадан дешнаш.

Лууш ю ма-дарра, догцIена дийца,
Дешархо, юьхьадуьхьал хIоьттина хьуна.
Ца оьшу хьехамаш бан, хеташ эрна,
ДоттагIчо санна, ас сайн кхоллам буьйцу.

ХIун хаьа – нислой а, цхьатерра хетта,
Хьайн кхоллам сайчуьнца ахьа бустуш меттиг –
Сан дагах хьо кхетча, там хир бу суна,
Харцонах юьйцинчу стихех со кхоьру.

Дуьнен чу яла со кхиале хьалха,
ЧIагIбелла бIешерийн гIиллакхийн орам...
Аьрзу а, шен тIемаш даржадой шуьйра,
ГIоттура мархашка, со Iамош санна.

Басешкахь хьовдура бIаьстенан хиш а,
Зевнечу эшаршна со Iамо сихлой.
Къонахий гIовгIура, герз буйнахь къовлий,
Кхерам тIехIоьттинчохь ца йоха Iамош.

Со Iамайора тхан бешарчу Iожо –
Жимачу муьсталгех кхиош стом мерза.
Шен кIорнеш Iалашъеш, бенна деш дола,
Безамна со Iамо гIертара лекъ а.

Ламанийн баххьаш тIехь къегара ло а,
Комаьрша хьежарх малх, ца дешаш цкъа а –

Хиира суна а, къоьжалла, ягIахь,
Месаш тIехь даима юьсийла лепа.

Гуьйренан стигланан кIоргера хезча
ГIаргIулийн елхар цкъа, хиира суна,
Баланех уггар безаха бала
Хьомечу Даймахках дIакъастар буйла.

Гу тIера хьоьжу со яханчу хене,
ХIинццалц сайн яхаран агIонаш хоьрцуш,
Дешархо, даггара дуьйцуриг хьоьга
Со – нохчийн зуда – ю, ахь бехк ма билла.

Хьалхара корта

Тхан нанна кхолламо йоьIарий белла,
Дахарна-м къинхетам беца ткъа хийра.
Цундела сан нана йоккха а йийна,
Елха а йилхина со йинчу дийнахь.

Дагахь а ца хилла биъ безам кхиъна,
Чаккхе а шайн йоцу йиъ еза гIайгIа.
Ткъа нана, ахь цуьнга схьакхайкхахь,
Хьодур ю цу сохьта йоIаршна орцах.

Билггала, Iаламат хаза хьо хилла,
Дуьнен чохь хьол дика адам ца девза.
Дерриг а дIаделла ахь хьайн йоIаршна,
Дахарах комаьрша дина диъ дакъа.

Хеназа къежъяла хилла хьо реза,
ЙоIарийн кIажараш хилийта Iаьржа.
Хилла хьо къаналла тIеэца реза,
ЙоIарий бIаьрхишка хьайн къан ца байта.

Хабарна хан кхоо реза хьо хилла,
Тхоьга аз айъина къамел дийцийта.
Хьайн яхар ахь тхуна схьаделла, нана,
Кено шен буьртигна ло мутта санна.

Ойланехь ас хьоьца къамел до, нана,
Дагалецамо юьгу хиллачийн новкъа.
Кхолламо суна мел кховдийна совгIат,
Даймахках санна, и доьзна ду хьоьца.

ХIара дуьне довза со дуьххьара Iемаш,
Даима хьийзина хьо, беш сан тергам.
Дуьнен чохь, нана, хьо мел еха дийна,
Яра со бер санна, хилча а йоккха.

Нана, хьан ховхачу тIома кIел дехха
Iийра тхо, ца хууш дезарийн гIайгIа...
Амма ахь коша дIадаьхьи бералла,
ХIинца со йисина хьан метта лела.

ГIайгIано саттийнчохь цкъоцкъамаш дисна,
Хебарийн сизаш а къаьста сан юьхьа тIехь.
ХIинца ас, сайн тIома кIел лоьцуш, ларво,
ХIетехь ахь тхо санна, кIант, цхьаъ бен воцу.

Кхо йиша хилла Iац – миллион йиша
Даймахко тахана схьаелла суна,
Со йинчу ламанийн мехкарий – оьзда,
ПаргIато, сий а шайн цара сов лардо.

Сан деган сатийсам, сан хилла гIенаш –
Тахана дерриг а уьш кхочушхилла.
Эрна ца хилла и, хьомсара нана,
Со йинчу цу дийнахь хьан елхар, елар.

Бос бовза со Iамар дийций ас хIинца?
JIо сов кIайн дара, ткъа цIен гора зезаг.
Сов Iаьржа хуьлура ден белхан куьйгаш,
Суьйрана цIа веъча и, сов гIелвелла.

КIорано, мазуто Iарждина куьйгаш
Сабано, мел хьекхарх, дацара цIандеш.
Амма и Iаьржалла хетара сирла,
ДогцIена яра и, яра сов хьанал.

ЦIеран бос ларбора даима кхерчо,
Сийна бос буьйсано хьулбора стиглахь.
Хетара, бора дин, седарчий къехкош,
Iуьйренга сихбелла бу, хьоькхуш йоргIа.

Массарал бовханиг цIен бос хиллера –
Гуьйренан дийнахь цкъа байракхах леттарг.
Дикка хан яьлла ас, массо бос эбеш,
Дешнашца тир йохуш, кехаташ къарздеш.

Ас оьрсийн элпашца нохчийн дош кхуллу,
Гуш, хезаш, схьахIуьттий, могIнашка дуьйшу.
Ас кура гIулч йоху, дахарца нислуш,
Кхаьчна соь бакъо а хила со ирсе...

Хуьлура наггахь ден аз кIоршаме а,
Къамел а тхоьца цо дора сов кIезиг.
Дацара атта вайн пондарца Iамо
Даймехкан иллин керла мукъам.

Зама вай, карчийна, хийцинчу хенахь,
Керлачу дахаран хIиттаеш гIишлош,

Хиира дадина, ялхо а воцуш,
Белхало – дахаран бакъ да ша вуйла.

Екхначу юьхьа тІехь суна ирс гора,
Массо а бос бара, нур хилла, лепаш.
Тарлора нуьцкъалчу турпалах дада,
Туьйранехь бийцина наьрташ а санна.

Цул тІаьхьа хийла а зама дІаяьлла,
Амма со йоккхае, хІетахь а санна.
ЦІен бос ас кура схьакъастабо сайна,
Зезагца, байракхца, довхачу дагца.

КхоалгІа корта

Юрт йоккха яцара. Седарчийн лулахь
Йогура лулахойн кхерчара цІе.
ЧІегІардигийн баннех тарлора цІеношш –
Ламанийн басенех летийна дІа.

Суна-м юрт хетара хІетахь сов йоккха,
Сов беха хетара и гІашлойн некъ.
ТогІешкахь ловзура, зезагаш лехьош,
Моьттура, тхайн юрт бен, кхин дуьнс дац.

Ткъа гІалахь... ГІалахь со хийтира йоккха,
Хьоьжура гІишлошка, яханчу ирх.
Хиира, вайн дуьнс дуйла сов шуьйра,
Сов жима хилар а со йина юрт.

Кхолламо цул тІаьхьа идийра хийла –
ГІаланаш, ярташ а дийзира ган.
ДоттагІий карийра массо а маьІехь,
Бевзира дахаран массо а чам.

Шерех чекхъюьйлуш, со йирзира цIехьа,
Ойланех, хаарех йийлира чекх.
ХIетахь со кхийтира, кхийтира цIенна,
Сайн долахь хиларах берриг вайн мохк.

Сайн ирс а, гIайгIа а кхеттачохь вовшах,
Цхьаьнакхетарш, къастарш а гулделча сайн.
Эххар а дахарах кхиъна со яьлча,
Бераллин лараш а карийра схьа.

Сан юрт – и, хьалха а санна, ю жима,
Седарчаш юххехь го лулахойн кхерч.
Амма со хууш ю, планета Латта
Адамашна Дала комаьрша делла.

Цкъа, шунаш санна, и дозанаш аьхна,
Дуьненан халкъашлахь чIагIбелча барт,
Лаьтта тIехь мел деха адамаш ирсе,
Цхьа доьзал, берриш цхьа лаьттахой хир бу…

И де тIекхачаре сатуьйсуш, хIинца,
КIад ца луш, дахаран некъ аса бо,
Шайн ширчу баннашка олхазарш санна,
Кест-кеста йоьрзуш цIа, йина юрт ган.

Кхузахь бен гац суна бераллин гIенаш,
Хьаналчу дахаран дIадахна де –
Ас пергIат дагардо кху пенаш юккъехь,
Дас йинчу хIусаман лохчу тхов кIел.

Ша винчу бенан а пусар деш воцчо
Нехачийн данне а пусар дийр дац.
Шен деган седа дIабайинчо атта
Бойур бу массо а седа а дIа.

БоьалгIа корта

Дехачу кха тIехь деш асар,
Хьацар а Iийдалуш сайх,
Къиза со йоттура малхо,
ЗIенарш шен Iенаеш тIе.

Лозура кIадбелла букъ а,
Хьогалла ца керча мотт.
Амма дац къахьегар эрна –
Ловзуш го ялтийн и хIорд.

ХIан-хIа, хан яцара хIетахь
Иллешна, эшаршна сан.
Амма, уьш кхиаеш даг чохь,
Бекара дахаран мерз.

Амма со Iемара бовза
Хьаналчу белхан и мах.
Денна а со хийцалора,
Дахаран Iалашо гуш.

Зевнечу пIаьвлин йиш кхозу
Кхехкачу арена тIехь...
ЦIаьххьана дагах цIе летта,
Хьаьдира эпарийн шовкъ.

ХIан-хIа, со яцара хууш
Дешнашкахь боллу и пицкъ,
Хиларх и боккха къинхьегам –
Йоцуш шен норма я хан.

Къолам – сан гота ю, чарх а, –
И хийца кхин машен яц...

Амма со Іамаро арахь,
ХІинца цо суна гІо до.

Йоккхае хІетахь со Іамарх
Асар дан, Іеткъарах малх,
Іамарна, даьссачу могІанех
Тоам беш, ца саца со.

Йоккхае, яттарах малхо,
Колхозо со яхчаярх...
Карор бу хІинца а сайгахь
Стихашна къахьега ницкъ.

Лаьтто со Іамий къахьега,
Аттаниг ца хержа некъ...
Мацах сайн куьйгаш, ткъа хІинца –
МогІанаш, дог ас цунна ло.

ПхоьалгІа корта

Дешар сан дийзира буьйсана Іамо –
Ма чІогІа лаьара Іаббалц ян наб.
Чолхечу дешнех и бІарлагІаш хІуьттуш,
Хоьрцура, къар ца луш, агІонаш ас.

ГІелделча, дегІо а ца дора аьлларг,
Яра сов гІорасиз, жима а со.
Амма, цу халонел лаам а тоьлла,
Кхийтира дуьйцучух цу книгаш тІехь.

Ткъа маса йисна уьш кхул тІаьхьа еша,
Ткъа маса къайле ю таллаза ас!
Халахета хІинца а, гІелъялар эшош,
Ерриш а уьш еша йиш цахилар.

Эзарнаш шерашкахь массо а маттахь
Іамаза йисина ламанан йоІ...
Йоккхае – баккхийнаш, бераш а санна,
Дахарах цецбийла цабаларх кІад.

Яха а лур ярий, ишта ца хилча...
И нийса могІанаш хилла ца Іа –
Цецйолу, малх бузуш, стигал цІийелча,
Цецйолу, зезагийн даьржаш патар.

Накхаран мозийн «жуж-ж» – зезагийн арахь,
Шовданийн декар я дуьххьара ло...
Йоккхае дахаро со Іамаярна
Доггах къахьегарца кхолла сайн ирс.

ЙолхалгІа корта

Дагалецамаша со, ядийна, кхачий
Хьалхарчу сайн классе – бераш юккъе.
ХІоккхузахь хІора а урокехь керла
Къайле схьайоьллура, Іамадой элп.

Лелара со наха баькхинчу новкъа,
ГІерташ схьакарабан сайниг а некъ.
Техникум чекхъяьлла, хьехархо хилча,
Хетара нана а цу берийн со.

Дийзира хІетахь сан и бераш тешо –
Бакъдериг чІагІде ницкъ хиларах элп.
Декъа а, декъа йиш йоцург а довза,
Кхолламна кхин кхоллам тоха а тІе.

Кегийчу философех муьлххачо цхьаммо,
Дуьненан къайленех кхета лууш,

Хийла соь дора сов чолхе хаттар,
Хийла жоп ца карош юьсура со.

Со хIетахь Iемира «ца хаьа» ала,
Цундела кхийтира дешархой сан
Дахаран урокаш цахиларх атта,
Дезарах къастадан харцонах бакъ.

Баьржина уьш дIаса, баккхий а хилла,
Амма ца хилла и эрна урок.
Поэтан халачу некъашкахь царна
Баркалла ала а ца йицло со.

Уьш хIинца сан книгашъешархой хилла,
Халачу минотехь дагалоьцу ас.
Сайн деган кIоргера къайленаш йоьллий,
Юхайоьрзу хьалхарчу сайн классе со.

Тамаше кхаж баьлла, кхолламо суна
Хьехархой башханаш белла хилла:
Вайн нохчийн эпос а, Лермонтов, Пушкин,
Сан хьоме дешархой, йина латта...

ВорхIалгIа корта

Цкъа марсайийлина безаман цIе а
Шерашца, гIеллой, тIап-олий, йов дIа...
Юкъ хуьлий шех тIаккха, дIайолу гIайгIа,
Цхьа хазахетар – и дуьсу даг чохь.

ГIалаташ диц а деш, йолу дIа зама,
Юха а карзахе тохало дог сан.
Дерзина генаш сийначу стигала
Кхийдийта – суна гуьйре товш хетта.

Сан кIанта – хIинца-м и воккха хилла –
Воккхавеш йоху дахарехь гIулчаш.
Лаьара бIаьрга ган нуьре малх кхеташ,
Де къевкъаш, я ткъес а тухуш тIе буьрса.

Хьомениг, мел генахь хиларх а суна,
Юха а бIаьрга го, шерех чекххьаьжча, –
Сирлачу шовдан чохь седарчийн лийчар
Я Теркан тулгIешкахь эзар малх лепар.

Ца яздо кехат ас, ца буу дуйнаш,
Ца юьйцу вовшех вай къаьстина хан а –
Олхазарш дека и Iуьйре я суьйре –
ТIаккха хьан и куьйгаш хаало суна.

Хьан цIе ас кхузахь хьахо ца оьшу –
Хьо шовда санна ву, цIе яккха эшац.
Малийта хьайн аьхна цIеналла соьга,
Карзахчу сан сина ахь синтем белла.

Дерзор

ДагадогIу суна... Гуш санна хета,
ДоттагIий, сайн нана, дада а цуьнца...
ХIан хIа, сан некъан яц дагалаца йист а,
ХIан хIа, со ца кхаьчна со йоьдучу а.

Со юхахьаьжча, цIаьххьана сецна,
Го суна даханчу шерийн и некъаш.
Го евза аренаш, гIаланаш, ярташ...
Дерриг а сайн дахар дуьхьал схьахIуьтту.

ХIинца а хьалха дIа сихъяла еза,
ХIинца а схьахIуьтту меттигаш керла.

Амма со мелла а лерина хьоьжу
МогIаршка язъяза йолчу сайн книгийн.

Йоьду со, цабевзарш бовза а лиъна,
Йоьду со, дешархойн дегнашка кхача,
Лаарна поэзин законаш довза,
Дахаран кIоргене кхача со йоьду.

Ца гIерта сацо со дIайоьду зама,
Дин санна, шен йоргIахь гIонд шена хьалха.
ХIора а керла де – и керла стих ю,
ХIора а керла стаг – и керла кхаъ бу.

Да ю со, лай ю со хьомечу лаьттан,
Цунах, сов йоккхаеш, до ас дозалла.
Даханчух стих язъеш, хиндолчун уьрдахь,
Даггара и цIандеш, до ас сайн асар.

Хьоме халкъ, баркалла даггара хьуна –
Еларна, елхарна, хиларна ехаш!
Баркалла, совгIатна даларна иллеш,
Теша, кхин лур дериш хир ду сов тоьлуш.

Баркалла, хиларна йиш дагалеца
ХIинццалц схьа бина некъ, бIаьрга мел дайнарш,
Халачу къийсамехь даькккхина ирс а –
И дерриг даларна баркалла хьуна!

Шовданаш сихло-кха хих шаьш дIакхета,
Ткъа дешнаш – могIаршка дIахIитта сихло...
Сан стоьл тIехь ду яздан долоза кехат,
Ас къолам схьаоьцу, сайн некъ дIаболо.

Ткъа корехь, сатосуш, лам гучубели,
Мархашка гIаьттина аьрзу а хьийза.

Дешархо, кхул тІаьхьа вай дуьйцу дерг а
Хир ду сан яхарх, кхолламах лаьцна...

Хаттарш, тІедахкарш

1. Муха гайтина поэмехь Даймахке болу безам, халкъийн доттагІалла? Муха мах хадабо поэтессас машаречу дахаран, къинхьегаман, безаман?

2. Дийца, Ахматова Раисин поэзехь нохчийн йоьІан васт муха гайтина.

3. Дийца поэтессин безаман лирикин башхаллех лаций.

4. «Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма ю. Цуьнан турпалхочун кхоллам, Даймехкан, халкъан кхолламах къасталур боцуш, бозабелла бу. Поэмехь къинхегаман, безаман, поэзин, поэтан декхарийн теманаш цхьаьнайогІуш гайтина. Дийца поэмин идейни а, исбаьхьаллин а башхаллех шайна хетарг.

Сочинени язъян теманаш

1. «Ахматова Раисин поэзехь Даймехкан васт».

2. «Ахматова Раисин кхолларалле хь нохчийн йоьІан васт».

СУЛЕЙМАНОВ Сулейманан Ахьмад
(1922–1995)

ДОГ ДОХДЕ ЦІЕ

Іаьржа буьйса, буьрса буьйса –
Дарцо левси кхийсайо.
Дино лергаш дуьхьал туьйсу,
Халчу новкъа вогІу со.

Сан бора дин ма кІайбелла —
Дарцо тІе кІур биллина.
Ломахь тхойшиъ некъах тилла –
ХІусмах ас дог диллина.

Цецах санна, гІиттош верта,
Сох чекхбуьйлу шийла мох,
Тхойшиннах шен пхьор дан гІерташ,
Барзо бІаьргаш къегабо.

Сан дин, сой – шиъ, дарцо гІорош,
Шело даге кхийдайо, –
Хьеше кхойкхуш, цхьаннан-м корехъ
ГІийла серло еттало.

Барзах, къуьнах хьаша къасто
Іамийна вайнехан пхьу,
Генна дуьхьалдогІий, хьоьстуш,
Тхойшинна некъ хьоьхуш ду...

– ХІей нах! – олий, ас мохь туху,
Корехь серлаболу чиркх.

Вевзаш вацарх, ломахь наха
Даим оьцу хьаша чу.

– Беркат шорта хуьлда хьоьца,
Воссал, делхьа, хьаша, хьо! –
Олуш, ондда луьйта лоций,
ХIусамдас со воссаво...

– Дела ва хьо могуш-маьрша,
Ма гIелвелла хир ву хьо!
Кху тхан тишчу хIусмех вашахь,
Даккха тхоьца дийнна шо! –

Олий, йоьлуш дуьхьалйолу
Нохчийн сийлахь цIийннана.
Шарахь цаьрца Iан дог догIу,
ДIавоьддушехь со кхана.

Сох ца къаьсташ, баьрчче болий,
Чохь дIахIутту дорцан кIур.
– Хьаша веъна вайга! – олий,
Набарх гIотту берийн сур...

Божлахь сан дин пагIатбаьлла,
ХIинцца пагIат вер ву со.
Кхача кечбеш, марсаяьлла,
Пешахь кхерстаи хир ю цIе.

Цу кхерчарчу цIарочул а
Хьаша вохвеш, йовхо луш,
Ю вайнехан комаьршалла,
Ду вайнехан оьзда дош!

БЕРД

Яйра суна тулгIеш етташ хIордо –
Карзахбуьйлуш, бердах летайо.
Цкъа а бац и цуьнца къийса кIордош.
ХIетте а берд даим лаьтташ го.

Нацкъарбуьйлуш, шен ницкъ алсамбохуш,
Цо чухоьхку тулгIийн буьрса бIо.
Бердах кхетий, тулгIеш, ницкъ а бухий,
Йоьлху генна хIордан ара дIа...

Сийлахь Даймохк! Иштта латта хьайна!
Бердал чIогIа тулгIеш еттарх хьайх!
Хийла доккха буьрса дарц ахь лайна.
ЧIоггIа латта, машар ларбеш вайн!

БАТТО САГАТДО

Орцан дукъах дато маIаш
Туьйсуш, батто сагатдо...
ЦIеста кIудал нохчийн йоIа
Шовдана кIел сецайо.

Хета баттах схьабухдуьйлуш,
КIудал юзу шовдано,
Нур-зIаьнаршца безам муьйлу,
ЙоIах хьерчаш, цу батто.

КIудал юьзна...
Iанаоьху бIаьрхих терра дато хиш.
Ткъа, йоI гича, дог а лехий,
Нохчийн кIанта лоькху йиш:

– Йоl, хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа беттан нур ца лахь айхьа,
БІаьргийн нур ло суна хьайн!

Маржа! ХІинцца доцу кема!
Ткъесах гІатта космосе...
Маршал хоттуш, даржо тІемаш,
Хьол генарчу седане!

Лоцур дар-кха стелахаьштиг
Стиглахь кхарсто сийна цІе...
Стиглан дари цІарца дагош,
Хьан цІе язъян цунна тІе!

ЛАМАНАН ХЬОСТАНАШ

Хьагвеллачо малал шайна
Тхо – ламанан хьостанаш.
Тхуна дерриг дуьне дайна,
Ца гІелделла кхирстина.

Шан лам тІера тхо схьадевлла,
Халла ара кхаьчна тхо.
Хийла хан ю цІерадевлла,
Лома боьдуш некъ ца го.

Некъ бац ломах ирах боьрзуш –
Иза-м иштта хилла дай!
Тхан хиш ма ду чомехь, мерза –
Хьогалла дІаяйа шайн!

Ламанхочун амал санна,
Ондда хуьлда аьтту куьг!

Хуьлда комаьршонах дуьзна,
ДоттагIа, хьан аьрруниг!

Цу шаьлтанан диттал чIогIа
Ира хуьлда маргIал мотт!
Цунах вай дош ала догIу:
Мотт ца луьйчохь вай хIун до?

Хезний хьуна, ломахь ютту
ЧIагIонна и лекха бIов:
Бухахь – шуьйра, лакхахь – готта,
Тахна а и чIогIа тов!

Хезний хьуна, ширчу пхьеро
Муха бина бIаьвнан го?
Хьоькхуш, шарбеш хIора кхера,
Биллина шен метта цо.

Хьан дош хир ду дешин меха,
Ахь са диллахь цунна чу!
Даим дагах кхеташ нехан,
БIе шарахь и дехар ду!

Шен дешан да воцуш мел верг
Куйнан да вац хьуна шен!
Даим сема латтаде лерг,
БIаьрг а сирла латтабе!

Хьалха хьажа, цкъа ког боккхуш,
ТIаьхьа хьажий, ала дош,
Ойла елахь, шаьлта йоккхуш,
Дош олучохь – кхузза еш!

Тоьпан дашший, говза дошший
Дайша нийсса лерина.

Шаьлтане ца хададелларг
Дайша дашца дерина.

Бахам байна меттиг хилахь,
Ма хеталахь цкъа а къен.
Къен ву хьуна сий, эхь дайнарг,
НеIалт хуьлда дена шен.

Ен бухахь дерг Iайгана бен,
КIежтийсарх цо, хуур дац.
Воьлуш дийцарх, дагахь дерг шен
КIилло стага дуьйцур дац!

Басех хаккабелла кхера
Бухха кхаччалц соцур бац.
Къерачу къуьнан куьйгаш тIера
Эхь Органе цIанлур дац!

КIилло стагах хьакъ ду кхарда,
Массанхьа – чохь, урамехь,
Хьайн сий жимчохь дуьйна ларде,
Бедар – цIена йоллушехь.

Дикчу динахь араваьлларг
Кхочу тойне я тIам тIе.
Вир тIе хиъна аравалахь –
Вир дежачу баьIаш тIе.

Аьрру куйга кад а лаций,
Дуьхьалвала хьешана.
Аьтту буйна тур а эций,
Вала дуьхьал мостагIна!

ДегIехь ницкъ сов болчу цхьаммо
Ша санна цхьаъ эшаво.

Хьекъал долчо, гIортахь жимма,
Эзарнах а хIоз ма бо.

Гома дечиг-м нисъен ярий,
Хьаькхча ирчу дагарца!
Ткъа Iовдалниг витахь даррехь,
Ша коша дIавиллалца.

БIегIаган дог кийрахь лелош,
Болат-шаьлта йоьхкучул,
Дог болатан хилар тоьлу,
Шаьлта дечкан тоьлу цул!

...Хьагвеллачо малал шайна
Тхо – ламанан хьостанаш.
Тхуна дерриг дуьне дайна,
Ца гIелделла кхирстина.

Шан лам тIера тхо схьадевлла,
Халла ара кхаьчна тхо.
Хийла хан ю цIера девлла,
ЦIехьа боьдуш некъ ца го.

Некъ бац лома ирах боьрзуш –
Иза-м иштта хилла дай!
Тхан хиш ма ду чомехь, мерза –
Хьогалла дIаяйа шайн!

Хаттарш, тIедахкарш

1. Хlун исбаьхьаллин башхаллаш йолуш ю Сулейманов Ахьмадан поэзи?
2. Поэто нохчийн халкъан сий-оьздангаллех лаьцна дуьйцу стихотворенеш, схьалахий, еша, цхьаъ дагахь Iамае.
3. «Сулейманов Ахьмадан лирика» темина сочинени язъе.

АРСАНУКАЕВ Іабдулмуслиман Шайхи
(1930–2013)

ВЕСЕТ

Къоьжачу вайн лаьмнийн
Дог кура баххьаш,
Вайн тогІеш, шовданаш,
БІешерийн хьаннаш –
ДІаэца тахана
Хьайн дола ахь уьш –
Дас, весет деш, хьуна
Йитина хазнаш.

ДІаэца ахь хІинца
Дайша шайн цІийца
Заманийн йохаллехь
Лардина латта.
Даймохк хьайн дІаэца,
РагІ хьан ю хІинца –
Ден весет кхочушдан,
Юкъ ехкий, гІатта.

Ларбе мохк,
Хазбе и,
Ца еш мало.
ТІаккха, хьайн весет деш,
КІанте дІало.

БІешерийн къийсамехь,
Са санна, лардеш,
Таханенга кхачийна

Вайнехан гIиллакх,
ДоттагIий хилла вай
Вежарех тарбеш,
Орцанна кхайкхаза
Кхочуш вай хилла.

Лаьмнашкахь даиман
Дина сий Ненан,
Воккханиг лийрина
Жимчо, деш гIуллакх.
РагI хьоьгахь ю тахна,
Вас ца еш дена,
ДIаэца цуьнгара
Дайн оьзда гIиллакх.

Ларде и,
Хазде и,
Ца еш мало,
ТIаккха, хьайн весет деш,
КIанте дIало.

Хазнашлахь хазна ю
Ненан мотт къоман.
Ненан мотт мел беха,
Къам дуьсу даха.

Ткъа нагахь мотт шен лахь,
Къам, лей, дIадолу,
Ненан мотт бицбинарг
Сийсазво наха.

Нохчийн мотт и – халкъан
Синхазнийн хьоста –
Къийсамехь ларбина
Массо а ханна.

Рагӏ хӏинца хьоьгахь ю,
ДӀаэций, хьаста,
Ден весет кхочушде,
Къонахчо санна.

Ларбе мотт,
Хазбе и,
Ца еш мало.
ТӀаккха, хьайн весет деш,
КӀанте дӀало.

* * *

Нагахь хьан гӀо оьшуш
Велахь цхьаъ тахна,
Сихлолахь цунна тӀе,
Кханеш ца йохкуш.
ХӀун хаьа,
Кхана, хьайн
Аьтто а боьхна,
Вуьсий хьо,
Цунна кхин
ГӀо дан йиш йоцуш.

Довха дош аьлла, цхьаъ
Хьаста догдагӀахь,
Сихлолахь дӀаала,
Кханеш ца йохкуш.
ХӀун хаьа,
Кхана и дагара далахь,
Я висахь, тӀевахна,
Ала йиш йоцуш.

Зулам дан нагахь ахь
Леринехь цхьанна,

Варий, сих ца луш, и
Кханенга татта.
ХІун хаьа, кхана
Дог дасталур хьан а,
Я кхуьур важа а
Диканна гІатта...

НИЙСОННА ГИМН

ХІун хир ду дуьнен чохь Нийсонал нийса?
Кхерац и кхерамах, озалац ницкъах,
Харцо цо харцайо, ца кІордош къийса,
ХІилланах Іехалац, я хьегац рицкъах –
ХІун хир ду дуьнен чохь Нийсонал нийса?!

Нийсо яц дуьнен чохь Нийсонал нийса?
Кхел ечохь ца йолу гІалат и мискъал.
ХІораннан бакъо ю цуьнга сатийса,
ГІорасиз стаг хиларх, хиларх мел миска.
Нийсо яц дуьнен чохь Нийсонал нийса?!

Хьарамло хууш дац Нийсонан терза,
ДоттагІалла онда ду ларъечохь Нийсо,
И йоцчохь безам а кхуьуш бац мерза,
Нийсонан малха кІел заздоккху ирсо,
Хьарамло хууш дац Нийсонан терза.

Хастам бу Нийсонна! Ехийла Нийсо!
Къаьмнашлахь барт, машар чІагІбийриг – Нийсо,
Пачхьалкхийн машаран дозанаш – Нийсо,
Адамаллин хьекъалан дозалла – Нийсо.
Хастам бу Нийсонна! Ехийла Нийсо!

НЕНАН МОТТ

Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ,
Хьо винчу ненан мотт дIатесна ахь.
«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ!» –
Бохуш, и сийсазбан ца хета эхь.

ЛадогIа цкъа соьга, «хьекъале корта»,
ЛадогIа, яккхий дIа лергара потт:
Йистйоцу хIорд санна, бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.

ГIиллакхе, оьзда бу доттагIче буьйцуш,
МостагIче вистхуьлуш ду ира герз,
Хьомечу езаре безам ахь буьйцуш,
Бека и, шех хуьлий хьан деган мерз!

Мерза бу, моз санна, ша безачунна,
Ламанан шовданал цIена бу и.
Лермонтовс, Толстойс а ладогIна цуьнга,
Услара даггара хестийна и.

БIешераш хийла а ихна и бекаш,
Хьацарлахь, къийсамехь кхиъна и бу.
Кхоьллинчу халкъана хьанала бецаш
Даима ша хилла нохчийн мотт бу.

Вайн халкъан ойланаш, дахар а гIийла
Далхадеш, къийсамна гIиттийна цо.
Нохчочун майралла, оьздалла хийла
Зевнечу иллешкахь екийна цо!

Кхидолчу къаьмнашна шайнаш а санна,
Нохчашна шайн ненан мотт хьоме бу.
Нагахь хьо ца вагIахь хьайн халкъацанна,
Хаалахь, декъазниг, – хьо цхьалха ву!

МОХКБЕГОР

ЦIаьххьана кхерийна,
Лаьттан дегI дегий.
ЭхI, Латта, дийцахьа
хилларигхьайна,

Алахьа,
ХIун цатам хилла, хьо дегий?
Я дог хьан лазий-те,
Харцо ца лайна?
Я, атом иккхина, мархаш гин гIенах?
Я жима бер гин-те къаьстина ненах,
Дестечун маьхьаро дина ша хьере,
ЦIеначу бIаьргаш чу
гIоьртина кхерам?

Алахьа, хIай Латта,
ХIун гира хьуна:
ДоттагIчо тешнабехк
Бин доттагIчунна?
Я меттахь дIатесна
Шайн нана къена,
СапаргIат баха-те кIентий дIа гена?

Я къона безам гин осалчо Iехош?
Я поэт воллура харц дешнаш лехьош?
Бендоцуш лелачийн гин аьрта
яххьаш?
Я гин-те тIехьашха тоха урс айдеш?
ЭхI, маржа-яI, Латта, хIун хили-техьа?
Со орцах вер ву-кх,
хьо дега ма дехьа...

ДИЦДИНА ИЛЛИ

Ма дукха денош ас
Яздаза девлла...
ХIинца-м со айса-сайх
ЧIогIа шекваьлла.
Хууш вац, кхеташ вац
Сайна хIун хилла,
Со кхеравелла сайх,
Со кхеравелла.

Хууш вац, кхеташ вац
Сайна хIун хилла,
Дахаран варшашлахь
Со муха тилла?
Дезарийн дохк таьIна,
Сатийсам хьулбеш,
Илли сайн дицдина,
Со веха Iилли.
Дезарийн дохк таьIна
Сатийсам хьулбеш,
ХьагIйолу мотт керчи,
Шен дIаьвше хьу еш.

Ас муха дицди сайн
Долийна илли,
Малонан IиндагIех
Бендацар гулдеш?!
Ас муха дицди сайн
Долийна илли,
ТIемаш сайн дицдина,
Со муха Iилли?
Я дог сан хеназа
ГIелдели-техьа,
Поэтан тембоцу
Некъ хьере хилла?

Я дог сан хеназа
ГIелдели-техьа,
Дуьненан харцонаш,
Лазамаш лехьо?
Дицдели-те суна
Малхах цецвийла,
Я ойла хьаьши сан
Осалчийн эхьо?

Дицдели-те суна
Малхах цецвийла,
Къоначу Іуьйренийн
Сирла нур мийла?
Нехан ирс – сайн лара,
Бохам – сайн бохам?
Дицдели-те велха,
Даггара вела?

Нехан ирс – сайн лара,
Бохам – сайн бохам,
Маршонан бешахь сайн
Цхьа синтар догIа
Вицвелла, Безаман
ЦIе даг чохь яйна,
Висарна со кхеравелла
Сов чIогIа.

Вицвелла, Безаман
ЦIе даг чохь яйна,
Къийсамах къаьхкина,
Бендацар лайна,
Ма дукха денош ас
Яздаза девлла.
Со кхеравелла сайх,
Со кхеравелла...

КХОЛЛАМАН СИЗАШ

(Стихашкахь роман)

Дешхьалхе

Узарш до буьйсана
Кест-кеста гІенах,
Го цІечу хи чохь со,
Нека дан гІерташ.
Самах мел цагинарш
Го гІенан кхоьлах,
Йогуш го ца евза
ГІаланаш, ярташ.

Хьомечу шайн кІентех
Къаьстинчу нанойн
БІаьрга ган йишйоцу
Лазам го суна.
Дан амал шайн доцуш
Бисинчу къанойн
ГІийлачу ойланийн
ХьегІар го суна.

Къизаллин мангало
Хеназа хедош,
Сирла сатийсамаш
Оьгуш го суна.
Стигланийн лелхаро
Жима бер Іадош,
БІаьргаш чохь беттало
Кхерам го суна.

Го суна майралла
ГІаьттина къийса,

Тур санна, цабезам
Баттара боккхуш.
Чекхйолу ирчачу
ГIенашца буьйса,
Амма го малхаца
Тембацар гIоттуш.

Малхбузехь юха а
Iаржлуш го мархаш,
Юха а къизалло
Ирдо шен герзаш.
Юха а кечлуш бу
ДIахеца архаш,
Ядерни бIаьргаш шайн
Вайгахьа къерзош.
Юха а Хатынний?
Чим Хиросиман?!
Догур ду ядерни
Щергахь вайн Латта?!

ХIахIа, и тарлуш дац.
Малх,
Стигал сийна,
Латта вайн лардан, хIай,
Адам, хьо гIатта!
ХIахIа, дац хIумма а
Дицделла, дайна,
Бицбелла бац маршо
Ларъечохь эгнарш.
Даима лаьттар ду
Масалла вайна –
Сийлаллин хIолламаш –
Къонахийн дегнаш...

I

Шен рожехь, муьтIахь шен ханна,
Iуьйре а кхечира тIе –
Керла де, хилларш а санна,
Хенах хан, денойх цхьа де.
Дац иза даханчех къаьсташ,
Дезачех лоруш а дац.
Газетийн агIонаш къаржъеш,
Билгал а и доккхур дац.
ХIетте а, Ризванна-м доккха
Хазахетар цунах хили –
Сатийсамийн новкъа воккху
Кху дийно дуьххьара и.

Ойланийн чкъург гена керча,
Синхаам – дог лато цIе.
Iодика еш винчу кхерчан,
Вели кIант хIургонна тIе.

– Варийлахь, хилалахь ларлуш, –
Зулайн ши бIаьрг буьзна хих, –
Доьху ас, лелалахь тарлуш,
Бац хьоьгахь собаран зирх!
ДоттагIий – Iела, Эльдар а –
ГIертара нанна там бан:
– Тамаш бу-кх хьо вахийтар а,
Воцуш стаг хьан доладан!
– Вахийтахь, дера ву лелар
Нанин кIант, оллийна марш!
– ЮьхьIаьржа-м хIиттор ду, делор,
Ишшта ша вахийтахь аш!..

Вистхилар доцуш, да лаьтта,
Шаьлтан тIе диллина ка,
Амма го, дац цунна атта
КIант хIинца шайх къастар ган.
Цкъа, воьдий йо цо куралла
Ризванах – муха ца йо? –
ТIехдика доьшуш чекхваьлла,
Москва а и хьажаво!..

Юха а кхоллало шеко:
Дош дуй и, алийша, нах,
Жухаргах бийлор бу нах кхо
Шех – цунна Iемар ву, бах!..
«ХIинццалц схьа цхьа а ца ваьлла
Осал стаг тайпанах тхан.
Гур ду-кх и... Хуур ду-кх Далла,
ЙогIур ю-кх и къасто хан...»

– ХIан, ма Iе, новкъа шу довла,
Бан безарг беха некъ бу.
КIант, хьуна дац сан кхин дола,
Дерриг а хьох дозуш ду.
Сий ларде хьайн сил а! – аьлла,
Хьехам шен чекхбаькхи дас. –
Моца, ахь хIургон дIалалла,
Кхин шуна ца бо хьем ас...

– Селим, ас дош ло-кха хьуна,
ГIалитIа кIант кхачор ву.
Цигара дIавоьдуш кхунна
Вайн Дала доладийр ду! –
Моцас, яйн хьайина архаш,
Меттахаяькхи ши говр.
ДIо анайистехь го мархаш.
Гена некъ. Хаац, хIун ловр...

II

Ламанийн яккъаш а къуьйлуш,
Аьрха некъ хьаьдда чунехьа.
Ойла ю ойланца къуьйсуш,
Юрт йиси дIо дукъал тIехьа.
Говраша, чабол еш бертахь,
Самукъне еттало чкъургаш.
Ризвана охкура коьртехь
Хиллачийн, хиндолчийн чкъоьрнаш

ВуьрхIитта шарера едда,
ГIаьттина са аьрха ойла.
Цхьа лаам. Цхьа седа летта,
Сатийсам хадар ма гойла!
Къоналлин мерза сатийсам –
Яц цунна урх, я дац доза.
Синтем – и буржал ду. Къийсам –
Кхин некъ бац паргIато йовза!

Сатийсам, сирла сатийсам –
Исбаьхьниг, адмалла хастор.
Сатийсам, сирла сатийсам –
Къонахчух осалниг къастор.
Iалашо – догкура вахар,
Махкана вахар шен делла,
Iалашо – седанах вагар,
Харцонан боданал тоьлла!..

Хулхулон бердашца луьста
Техкачу хьаннашка хьоьжуш,
Ризвана, сих ца луш, луьсту
Ойланаш, лерина хоьржуш.
Дагалоьцу школехь шайн хилла
ГIаьххьара къастаран суьйре.
Дийцира, къийсира хийла.
ДIадели. ДIадайн и туьйра...

Тешац и, ца лаьа теша,
Делахь а, тарлуш дац хийца:
ГІур вац и кхин цкъа а деша
УьтталгІчу «А» классе хІинца!..
ЦІахь виси Іела, Эльдар а –
«Кхо мушкетер» вовшахвели.
Летчикаш хила чІагІо яр а
Дицдели... Кхин хьалхадели.
Дерриг а дуьне а гойла
Лууш, дац дог кхуьнан Іебаш.
Масане хийцало ойла
Къоналлехь, сатийсам дебаш!..

Лиънера, Чапаевс[1] санна,
МостагІий эгош, тур лесто.
Лиънера, Робинзон[2] санна,
Генарчу гІайри тІехь кхерста.
Вийзира Чкалов[3] а, цуьнца
ГІаьттира сатийсам тІома.
Ткъа хІинца... Воьрзур ву хІинца,
Артист а хилла, и лома...

Лууш ву дерриг а дуьне
Готтачу шен даг чу тардан,
Адмаш а, машаран шуьне
Хийшадеш, къизаллех лардан.
Лууш ву адамашкахь леха
Адмалла – безаман хьоста,
Адамийн васташца хьеха
Адамна кхин адам хьаста.

---

[1] Чапаев Василий Иванович – Граждански тІеман (1917–1923 командир, турпалхо.

[2] Робинзон Крузо – ингалсхойн яздархочун Даниель Дефон (1660–1731) «Дахар а, Робинзон Крузоца Іиттаделла тамашенаш а» романан турпалхо.

[3] Чкалов Валерий Павлович (1904–1938) – летчик, летчик-зерхо, Советски Союзан Турпалхо.

Лууш ву исбаьхьчу лаьттахь
Исбаьхьа адамаш деба,
Лууш ву исбаьхьчу маттахь
Безамах иллеш шен дека...
ХІан-хІа, дац, бакъ дац, ца лаьтта
Вайн дуьне киташна тІехь а.
МаІаш тІехь дац стеран, аьттан,
Дац цхьаний дийнаташ тІехь а.
Вайн дуьне шена тІехь лаьттарг –
Цунах со даггара теша –
Безам бу! Безам бу лаьттан.

Лаьтта тІехь ницкъ бац и эшо.
Бакъ безам – шен кхерче, хьаьтте,
Даймахке, нене ша винчу –
Цо ло ницкъ кІант хилла гІатта,
Муьлххачу хьуьнарна кийча.
Безам бу адамах дийриг
Бакъ Адам, къонахах – Къонах.
Безам бу адам лардийриг
Осаллех, къизаллех, вонах.

Безам бу коьртаниг. Безам –
Цуьнгахь ду дахаран маьІна.
Дуьнен чохь цатоьург – Безам.
Цабезам – сов дукха ІаьІна!
Дог дацахь Безамо морцуш,
Шийла ду вахар хьан, цхьалха...
Ризванан ойланаш хорцуш,
Зарганан сурт хІоьтти хьалха...

III

...И яра яхана гуьйре,
Йоккха зал ерриг юьзнера.
ДІаяхьар поэзин суьйре

Ризванна тIедиллинера.
РоггIана сцени тIе буьйлуш,
Йоьшура стихаш поэтийн.
Массарлахь билгалайолуш,
Къаьстира цунна йоI Этин...

«Хьажахьа, – ойла цо йора, –
Мел сиха, мел хаза кхиъна!
И-х суна денна а гора,
Тидам бан тховссалц ца хиъна».
Къоналлехь гергарло атта
Тасало, ишттачохь мухле.
Ризванан белира аьтто
Нисвала Зарганна юххе.
– Алахьа, йоI, хьан Iамийна
Хьо стихаш еша сел говза?
Хууш вац, со муха Iийна
Ца гIуртуш хIинццалц хьо йовза?!

ХIиллане къежаш, йоI лаьтта,
Ши кIаг го беснеш тIехь горга,
Аьрха цIе шайна чохь летта,
БIаьргаш бу, бух боцуш, кIорга.
– Хьо ву-кх, со поэзи еза
Iамийнарг!..
– Забар ца оьшу...
– Забар яц. Гой, суна хезна
Дукхазза ахь стихаш йоьшуш...

Цу сарахь дуьххьара хьайна
ЦIеначу безаман йовхо
Цаьршиннан дегнашна тайна,
Йиш йоцуш шелъян я човхо.
Цул тIаьхьа денна а гора
Вовшийн уьш, ларамза санна.

Сагатлой, ший а бІарзлора
Ца гуш дІаяьллачу ханна.

Поэзех къуьйсура хийла,
Хиндолчух дуьйцура тІаккха.
Шиннен а сатийсам, ийна,
Цхьаъ хуьлий, кхийдара лаккха.
Безамах вовшашка аьлла
Дош а дац, дуйнаш ца эшна.
Дог дагца бартхилла даьлла,
Дог дагах даьллера тешна...

Сийсара, оццул шаьш Іийча,
Ца хьахий безам кхаьршимма.
Делахь а, Зарган-м яра кийча
Елха а, хьовзийнехь жимма.
Ма-хуьллу лечкъа цо бора
ТІунбелла ши бІаьрг, эхь хеташ.
Ризванна-м дерриг а гора,
Ризванна-м дара и кхеташ.

– Зарган, хьо-м чІогІа дІатийна,
КІордийна-те хьуна хІинца?
– ХІан-хІа, вай-м дукха ца Іийна.
Кхин хІуммаъ дац хьан соь дийца?...
Зарганан озехь Ризванна
Хезира къайлах бехкбаккхар:
– Коьртаниг йогІучу ханна
Дуьту ас... Эр ду хьоь тІаккха...

Иштта хІорш къаьстира вовшах,
Ларлуш шайн дагара аларх.
«Тхойшиннан безам бац бовчех,
Къаьстина хан-зама яларх, –

Ойла йо хIинца Ризвана. –
Кхуьур ду, зама ю еха.
Гена дац, эшахь, цIа ван а...
Делахь а, Iехаяхь цхьаммо,
ХIун хаьа, хийцалой ойла?
Жима ю хIинца а, хьанна
Хаьа, и ша Iехалой а?..»

– КIант, хьуна наб-м ца кхетта,
ДIакхочуш дуй, хаьий хьуна? –
Моцин цу хаттаро
Меттавалийра Ризван.
– Го суна...
БегIийла меттиг а лехна,
Моцас шен хIургон сацийра.
Ша цунах къастале веха
Ризванна хьехар деш Iийра...

ШолгIа корта

III

Столицехь, шен вахарх, дешарх
Воккхавеш лела Ризван.
ТIаьхьа ша висаран декхарх
Тийсалуш, ца тоьу хан.
Хиллера ледара хьоьхуш
Юьртарчу школашкахь сов.
Ваьллехь а чекх дика доьшуш,
Хаарш цатоар цо лов.

Амма вац пекъаран декъехь
ХIинца а дагахь и Iен.
Йоккху цо библиотекехь
Ерриг а мукъа хан шен.
Тешаро хиларх ша охIла

Совбоккху деша лаам.
ХьастагIа, актеран похIма
Ду аьлла, би цунна там.

ХIорш бара «этюдаш» Iамош,
Къуьйсура цхьаъ кхочушдар:
Цхьа а дош багахь ца далош,
Ишаршца сурт хIоттадар.
Профессор Iа баьрчехь хиъна,
Студентийн белхан еш кхел.
– Уциев! Хьо юьртахь кхиъна,
«Мангалхо» сурт хIоттадел!

Хийла а ихнера деца
Ирзошка мангала и.
Ламанан юькъачу бецан
Хийла цо дожийна тхи.
КIадбелча, шовда-хи молий,
Ховшура садаIа уьш.
Бацалахь, аркъал а волий,
Iуьллура, сатийсам гуш...

ХIоьтти дIа Ризван: «Хирг хир ду!»
«Мангал» а цо «схьаийци».
Шарший цо аьтту куьг – «ирбо»,
Гонаха дIасахьаьжи.
Цу сохьта сурт хьалхахIоьтти:
Горга-лам. Аьхкенан де.
«Ризван, хьо кийча вуй? – хоьтту
Дас кхуьнга. – ДIаластабе!»

Ластий цо доггах шен «мангал»,
Бацала дугIуш раз ткъес.
Шега мел хьаьжнарг а хьаггал
Каде цо даькккхира «кес».

Мангало, юткъа шок етташ,
ТулгIешха буц эгайо.
Ризвана, голаш тIехь сетташ,
Шовкъехь и бай-йн, шершабо.

Эххар а сеци «кIадвелла»,
«Хьацарна» пIелг а хьаькхи.
Голаш тIе охьалахвелла,
Канашкахь «шовда» мели...
– Баркалла, Уциев! Тхуна
Бакъдолу сурт хIоттий ахь.
ПохIма ду! ТIеоьшург хьуна
Iемар ду, болх нагахь бахь...

«Мангалхо» массарна тайра,
Массара декъал и ви.
Иштта цо кхиам шен лайра,
Шеконах паргIатвели.
Ткъа хIинца, иштта и хилча,
Сатийсам шен кхочушбеш,
Къахьега, деша а кийча
Ву Ризван, мало ца еш.

IV

Де дийно хуьйцуш, дIайолий
Юхахьажа кхиале хан,
Хийла вай, дохко а довлий,
Дуьсу-кха, байттамал, лан.
Иштта хьал тIекхаьчна хIинца
Ризванна, иза кхийти:
Ца оьшу бахьанаш дийца –
ТIаьхьа ду, эрна ду и,
Дисинехь, кханеш а йохкуш,
Дан дезарг малонна хьан,

Ма ала, синош а дохуш:
«Ца кхии, ца тоьи хан!»

Масех а бутт зама ели,
ХIетте а ца язди цо
ЦIа кехат. «Карах ца дели», –
Ша-шена дов хIинца до.
Денна а Iа хир ю нана,
КIантера кехат лардеш.
Ткъа хIара-м Iий, бохуш «кхана»,
Шен «сиха» гIуллакхаш деш...

Зарган а... Хаац-кха, муха,
Ца яздеш, и Iевели! –
Ризванан ойланаш йоха
Кечъелла, карзахъевли.
«ХIинца-м и билггала суна
ОьгIаз а яхна хир ю.
Бехк а бац, моьттур ду цунна
Йицйина со лелаш ву...»

Дагаеа къастаран суьйре,
Зарганан дегаден аз.
«ДIаели и ца гуш гуьйре,
Цхьа могIа ца язби ас!»
Ризванна дуьхьал схьахIоьтти
Бухбоцу Iаьржа ши бIаьрг.
Дуткъа ши цIоцкъам а сетти,
Хилла шайх хаттаран хьаьрк.

И хьажар дагах чекхдели,
Тухуш сов лазаме ов,
И хаттар юхакарладели,
Бехкбаккхар юхаъ цо лов.

Эшац кхо хIумма а лера –
Дерриг цу бIаьргаш чохь гуш.
И хьажар ду хIетахьлера,
Хан ялархдиц а ца луш...

«Тахханехь яздийр ду кехат!»
Ризванан сацам хили.
Кийча ву кIант гечдар деха
Заргане: кхетар ю и.
Яздийр ду ма-дарра,
Доьллур ду цунна кхо дог.
Яц кхидIа лелалур кхуьнга
Хьулйина безаман бог...

КхоалгIа корта

VI

«Экзамен! Экзамен!» – хье чу
Ов детташ, еана тIе,
«Кхане» а хIинца схьакхечи –
Июнан ткъе шолгIа де.
ХIинца а, селхана санна,
ТIетаьIна бохкура уьш.
Муьлхачо хIун йоьшу, хьанна
Къаьстар ду, «кхоъ» хилча луьйш.

Хеттарш деш, хаарш шайн телли,
Iамийнарг карладехи.
– ХIан, хIинца-м цхьайтта а дели,
Кечлойша, хан яц вайн кхин!
– Сих ма ло, Iийр дац вай деха,
Чай а ас кхеххийна ду.
– Володин цхьа пазат леха
Дезий ца хууш хьо ву?!

– Шун цкъа а хIума ца йовшший?..
Кечбели. Чай а мели.
Забаршца, хьийзабеш вовшийн,
Уьш баха арабевли.

Арбатан майдана кхочуш,
Цецбевлла, севцира уьш.
Ерриг а майда дIалоцуш,
Гулделла адам ду гуш.

Iадийча санна нах лаьтта,
ЛадоьгIна радиога.
– ХIун хилла? – Ризвана хаьтти.
Куьг ластий жимчу стага.
– Алийша, хIун хилла? ЧIогIа...
– ЛадогIа...
– Шарвели хьо-м!..
– ЛадогIа...
– ХIай нах, ладогIа!
– Молотов къамел деш...
– ТIом!..

Ризванан цакхетар дойуш,
Дагах чекхдели и дош.
Хьалахьаьжча и, корта ойуш,
Радион кад бу бегош:
«...Тахана диъ долуш Iуьйрана,
ЦIаьххьана, тIом ца хьебеш,
Германин бIо вайн дозанна
ТIелетта, тешнабехк беш...
...Вайн гIуллакх – и вай лардийр ду –
Бакъонан гIуллакх и ду.
МостагIа вохийна хир ву,
Толам а вай боккхур бу».

«Бакъ ду-кх и... Бакъ хилла дели! –
Ойлано деттара ов. –
Чекхдели, дерриг чекхдели.
ХIинца шадерриг а дов!..»
Цу сохьта хьаьвза кхин ойла:
«Хиъний-те хIара тхан цIахь?
Хаац, хир дуй а кхин гойла...
Эхь ма ду юьстах со Iахь...»

– Цкъа институте дIакхача
Дезара...
– Кхуьур ду вай.
– Экзамен вешан дIаяьлча...
– Виктор, ахь хIун дуьйцу, хIай?
И дац вайн коьртаниг хIинца...
ХIинца вайн экзамен – тIом!
Дезар ду дерриг а хийца...
– Цунах ца кхеташ вац со-м...

***

...Шиъ долуш ГИТИСан кертахь
Митинге гулбира хIорш.
«Фронте!» – и Ризванан коьртехь
Хьаьвзина хьалхара дош.
Профессорш. Студенташ. Долий
Къамелаш – уьш доца ду.
Чекхдоккху хIораммо, олий:
– Фронтана кийча со ву!

– Вай цхьаьний яздала деза
Дерриш а ополчене.
Цунна ша мел волчо реза
Куьйгаш шайн хьалаайде!
Ирхлести куьйгаш цхьабосса.

Маьхьарий:
– ДІаязве со!
– Массо ву хууш топ кхосса!
ДІаязде дерриш а тхо!
Чекхдаькхи райвоенкоман
Векало:
– Ополчене!
Ткъа цхьаберш-студенташ къона
ДІаязбе истреббате!..

ПхоьалгІа корта

III

...Ши нана Лаьтта тІехь еха.
Шина ненан цхьацца кІант ву...
Шен кІентан ирсал сов леха
Дуьнен чохь ненан хІун ду?
Шина кІентан ши нана еха
Исбаьхьчу кху лаьтта тІехь:
Цхьаъ нохчийн лаьмнашкахь еха,
ШолгІаниг – Рейнан йистехь.
Яц и шиъ вовшашна евзаш,
Я вовшийн юй хууш яц.
Ткъа ши кІант-м кхуьура ловзуш,
ОьгІазло цаьршингахь яц.
Ши кІант ву шина нанас кхобуш,
Дерриг а цаьршинна луш.
Ши кІант ву шина нанас кхобуш,
Цаьршингахь шайн ирс а гуш.

Ши нана хьоьжура маьрша
Хьомечу кІентийн бІаьра:
Цхьаннан ши бІаьрг бара Іаьржа,
Вукхуьнан – сийна бара.
Мацаллех, шелонах ларвеш,

Буьйсана набарш ца еш,
Йоьдура хан, гIенах тарлуш,
Ши нана йоккхаееш...

Шина ненан ший а кIант кхиъна,
Дегнашкахь – дахаран йиш.
Ши нана-м гIелъелла хиъна,
Ледадеш дуьра бIаьрхиш.
Дан амал дац шина ненан,
Вац орцах вала цхьа да:
Къизачу замано гена
Кхайкхина кIенташка дIа.
Ши нана йитина йоьлхуш,
КIенташа къиза некъ бо:
Ши нана йитина йоьлхуш,
Вовшашна Iожалла хьо!
ХIан хIа, вац, шаьшшинна лиъна,
ГIаьттина вовшахлата.
Ца воьду бекхамна биъна
Шаьшшиннан дуй кхочушбан.
Цхьаъ кхиъна Кавказан ломахь,
Ткъа важа – Рейнан йистехь.
Хьаьжна вац вовшашна гома,
Ца дина вовшашна эхь.
Вевзаш, я гина цаьршинна
Вац вовшийн, ца хезна цIе –
Хьерабаьлла некъ хьо цаьршимма
Дуьхь-дуьхьал вовшашна тIе...

***

...ХIоккхузахь доьгIна-кха кхачо
Некъ церан – хIинца и го:
Цхьаъ гIерта Москва чу кхача,
Ткъа вукхо – иза ларйо!
ХIаъа, и кхузахь чекхйолу

ТIекхача йисина юкъ.
Хууш дац, хьенан кадолу,
Муьлхачун хедар бу некъ...

IШи кIант ву дуьхь-дуьхьал воьдуш.
Шиннен а карахь герз ду.
Ши кIант ву дуьхь-дуьхьал воьдуш,
Шиннен а пIелг лаг тIехь бу...

IV

Фронтерчу шен дахарх мелла а
Воьллера хIинца Ризван а.
Дезнера, ша-шел а тоьлла,
Кхераман миноташ лан а.
Яккхийчу тоьпийн дур девзи,
Ву минаш угIуш а хезна,
ЦIаьххьана тIехула хьаьвзий
Кеманаш, дIалачкъа дезна.
Делахь а, кхолламна шен и
Вац леткъаш – муьлххачу вонехь
Володий, Викторрий – ший а
Цуьнца ву, ву цхьаьна взводехь.
ХIетте а, тахана хилларг –
Ца лаьа хIинца а теша –
ДIо лайлахь ваьржина Iуьллург
Кхоь вийна!.. Дог, Iийжаш, леша.

...Сов шийла еара Iуьйре,
Малх гIоттуш берриг цIийх буьзна. –
Ризванан Iуьйренех уггаре
Ирчаниг – цо и лаг оьзна...
ЦIаьххьана, стигланаш Iадош,
Ткъес тоьхна, дегийра латта.
IОха а дошан цIе Iаношн,
Йитти тIе, ца вуьтуш гIатта.

Шина сохьтехь Іиллира лайлахь
И, дохуш лаьттана барташ.
Кхетар ву цунах, ша лайнехь
Иштта де, атта, ца кхаьрдаш.
Эххар, чекхбаьлча арткечам,
Фашистийн танкаш чухьаьвди.
«ХІара йогІург суна а кхечи!» –
Ризвана граната Іаьвди.
Іуьллучохь, айвелла жимма,
Хьоьжу и хІинца «шечуьнга».
Кхин дІаса ца хьаьвзаш, шийла
ЗІенаш а цІийзош, танк кхунна
Нийсса тІейогІу, лам санна.
Ризванна шарал яхъелла
Масехчу минотан ханна
Дагалецам хьаьвзи, сихбелла.

Ойланийн экран тІехь керчи
Хиллачийн хроникин кадраш:
Кхечи и шен лаьмнийн кхерча,
Бераллехь иди, ца кІадлуш.
Дех-ненах, доттагІех хьаьрчи,
Леци нур Зарганан бІаьргийн.
«ХІиттор дац ас шу юьхьІаьржа!» –
Сацам беш, эли цо цаьрга...

Ткъа Іаьржа танк-м хІинца кхунна
ЙогІура, улло тІекхаьчна.
Дац орца тІекхача цунна –
Лаьттах дІаэвийр ву, хьаьшна!..
Амма и, дегІ нисдеш, хІоьтти
Буьрсачу экханна хьалха.
Лластий цо граната... ГІаьтти
Іаьржа кІур:
«Хьошур вац, хьаха!»

Буьрса танк сеци, бІарзъелла,
Ша-шена го боккхуш кхузза.
Ризвана-м цунна, сихвелла,
ШозлагІа граната кхуссу...
ЦІаьххьана танка тІехьара
Цхьа къона немцо схьаоькку.
«Кхуьнца а со ларавахьара...» –
Ризван шен ойла чекхъяккха
Ца кхии – фашист чухьаьдда
ВогІура – лекха, сов оза...
Ризванна-м дацара атта
Дуьххьара стаг вен лаг озо...

***

...Бакъ хили. Некъ кхузахь кхачий,
ХІуттушехь дуьхь-дуьхьал вовшийн.
Цхьаъ гІоьрти Москва чу кхача,
Ткъа вукхо, тоьхна, и вожий!
Бакъхили. Ши кІант шина ненан
Дуьххьара ги кхузахь вовшийн.
Цхьаъ вуьйжи... Генарчу Рейнан
Йистерчу ненан дог Іовжий...

V

Атака чекхъели. Аре
Тийналло леци дІа ханна.
Ризван ша хиъначохь Іара,
Хилларига луьстуш, гІан санна.
Бакъ ду и, цалаарх теша –
ДІо Іуьллург, тІамарш а тесна,
Кхо вийна!.. Юх-юха хьежа,
Ца бевза ницкъ Іеткъаш, дезна,
Васт цуьнан дуьхьала лаьтта.
Дицлур дац, ша мел ву дийна,

Цецвалар, цакхетар, хаттар
Чохь летта и бІаьргаш сийна...

Кхо вийна!.. Шен куьйга вийна
ДІо Іуьллург шийлачу лай тІехь.
Схьавеънарг шена тІе дийна
Ша вожор кхо муха лай-те?!
Хала ду, ца лаьа кхунна
ТІелаца стаг вийна бохург.
Ма дагахь дацар-кх и кхунна,
Ма иза дацар-кх кхо лоьхург!..

Бакъ ду и... Стаг шен куьйга –
КІант – вийна кхо – нийсархо ханна.
Хир ю-кх цІахь нана а цуьнга
Хьоьжуш Іаш, кхуьнниг а санна!..
Шен куьйга некъ цуьнан хадий,
Лаг оьзна, хадий сов атта.
Стаг вийна кхо. Цхьа кхоллам хадий,
Цхьа адам дожий ца гІатта...

Цхьа дуьне дохий кхо дийнна,
ЮхаметтахІотто йиш йоцуш.
Дийнна цхьа дуьне кхо дийна,
Кхин юха дендан йиш йоцуш.
Цхьа сирла малх хІокхо бийна,
Стогарах, хІуп-аьлла, байн и.
Йий хІокхо цхьа стигал сийна,
Кхин лакхахь ца яржа яй и...

Юха а кхин ойла хьаьвзи
Ризванан: «Вийнехь, бакъ вийна!
Ма-дарра дийцича-м, хьовса,
Йиш ярий вита и дийна?!

Иза а вогIура хьаьдда
Суна тIе – со вен, кадалахь!
Ткъа со Iен везара Iадда,
Со воьйтуш?! И-х, цу тIе далахь,
Фашист ву! МостагI ас вийна,
Кхочушдеш салтичун декхар!
Вуьтур вац тIекхаьчнарг дийна,
Дегор дац куьг кхин, беш бекхам!..

Кхайкхина балийна хьеший
Бац уьш, ас гIиллакхаш лело.
Баьккина Даймохк сан хьеша,
Халкъе сан хIоттаян гIело!..» –
Ризван, гIеххьа сапаргIат даьлла,
ГIаьттина, накъостий болчу
Вахара, уллох тIехваьлла,
Ца хьожуш кхин фашист волчу.

Вац и ша хIинццалц схьа хилларг –
Яхчало бIахочун амал.
ГIерта и, ца хьийзош хIилла,
МостагIий хIаллакбан Iама...

VI

МаьркIажан боданца йогIу
БIахошна садаIа хан:
Озало фашисташ чIогIа
Буьйсана меттахахьан.
Зангйовлий ягIахь а хIинца
Буьйсанаш, гIора а йой,
Луур ма дацара хийца
Цхьанна а денойх уьш. Гой,
Буьйсане сатосу, кIадлахь,
Мацлахь а – хIума яа.

Буьйсано таро ло наггахь
Цхьана-шина сохьтехь наб ян...

Тховса а, гуттар а санна,
Цхьаьна ву кхо доттагI. Сов
Хала де чекхдаьлла. Хьанна
Моьттура, атталла, чов
Ца хуьлуш, дуьсур ду дийна!
– Кхера ца оьшу вай кхоъ:
ХIинца а даш ца лалийна
Вай кхаанна ботта кхо хIоъ!

– Володя, хьо-м ву-кхи бакълуьйш,
Делахь а, цхьа шеко ю:
Хууш дуй-те Iовдал хIоьънаш
Шаьш хьанна доьттина ду?!
– ДIавалахь, вай-м забарш йора,
Виктор, сан дагахь ду кхин:
ХIора а вожа тарлора
Вайх тахна... Де тIехтили...
Вай дуьтуш тIехтили, тоьлуш
Дацахь а эгначел вай...

Амма ю кхане а...
– Кхоьруш
Дуй тIаккха хIумма а вай?!
– И дац и. Володя, осал
Вай хир ду, ца боху ас...
Декхаран йозалла оза
Еза вай, цахирриг вас...
– И-м бакъ ду...
– Ризван, хьайн декхар
ТIехдика кхочушдо ахь:
Танк йохий, дожий цхьа экха, –

Орден ахь «лийча» ца яхь!..
– И-м халниг дацара, мийла
Таро ю-кх, хилахь и бакъ.
Ас динарг-м хIуьмма а дац, хийла
Хир ву сол совгIатна хьакъ...
– Нийса ду, Ризван, хьо бакъ ву –
КлочковгIар кIезиг вайн бац.

Делахь а, хьуна хьакъ ю
Цхьа орден.
– Со-м дуьхьал вац!..
Коьртаниг ду, кIентий, лахкар
Фашисташ кхузара дIа.
Коьртаниг ду, кIентий, латтар
Столица – сийлахь Москва!..
Васильев гIаьтти парт-аьлла:
– Вайн къамел дерзор ду ас.
Коьртаниг шен хеннахь аьлла
Лермонтовс, ладогIа аш:
«...И молвил он, сверкнув очами:
Ребята! Не Москва ль за нами?
Умремте ж под Москвой,
Как наши братья умирали!
И умереть мы обещали,
И клятву верности сдержали
Мы в Бородинский бой»[1].

[1] Эли цо, бIаьргаш а лепош:
«КIентий, Москва –вайна тIехьа.
Лийр ду вай Москва а ларъеш,
Вайн вежарий ма-баллара!»
Юха ца довла оха дуй биира,
И дуй оха лар а бира
Бородински тIамехь.

II

Дицлур дац цкъа а Ризванна
Декабран йолхалгІа де –
Массара массо а ханна
Шега сатийсина де.
ЦІевзина еара Іуьйре,
Морцуш зангдаьлла дуьне.
Садаьржаш, массо веш хьере,
«ТІеман-дела»[1] велира лен.

Нуьцкъалчу татанца лелхаш,
Кхерстина шех сийна цІе,
Іаьржачу догІанха елха
Юьйлира стигланаш тІе.
Хетара, билггала хІоьтти
Къематде, дерриг а ден.
Хетара, дагийна, аьтта
Духур ду дерриг дуьне!..

МостагІийн дуьхьало отуш,
Хаддаза еттара тІе,
ТІаьхь-тІаьхьа марса а йохуш,
Яккхийчу тоьпаша тІе.

– ХІан, хІинца «ловзар» дІадолий!
ТІекхечи, кІентий, вайн хан –
БІахой а, гІовгІанаш йовлий,
Буьйлало меттахахьан.

– Тоха аш, дог Іабош тоха!
Марца цу зІуганийн бен.

[1] «ТІеман-дела» – артиллери.

– Жолам-яI, юй хIинца йовха?
Тоха цIе, кхоа ма е!
– ХIан, хIинца оборонан кIорге
ДIаяьхьи вайчара цIе!..
– ХIинца-м ладегIа а кIордий...
Кхочуш ю рагI вайна тIе...

ЦIаьххьана, стигал ирхъяхна
Ракетан цIен нур сеги.
– Атаке! Ур-рра-а! – мохь тоьхна,
Комбат а хьалаиккхи.
– Ур-рра! – хьалалилхина бертахь,
Хьаьлхира хьалха бIахой.
Кеманийн тхов. Танкаш коьртехь.
– Урра-а! – тIекхии дошлой...
Позицеш хьошуш, тIехлилхи
Вайн танкаш. Пашлошна некъ
Хадабеш, йийкира нилха
Пулемет. Йисина юкъ
Хийтира Ризванна еха:
Оьгура накъостий, гуш.
Делахь а, хьаьди чу шеха,
Кхерамна яхь а ца луш...
Тасадалар хилира доца –
Гуш, аьтто боьхнийла шайн,
Кхин еха дуьхьало йоцуш,
Бевдира окопийн дай...

***

...Ризван, гIелвелла, сахаьдда,
СадаIа хуъушехь и,
Васильевс, тIевеъна хьаьдда,
Шийла кхаъ цуьнга баькхи:
– Ризван, со хьо лоьхуш лела...
Виктор... Вайн Виктор вац кхин..

– Володя! Забар ма елахь...
– Забар яц... Сайн бІаьрга ги...

Атаке хьаьвддачохь суна
Вара ткъех гІулч хьалха и...
Кхиале тІаьхьа со цунна,
Дагахь а доцург хили:
Юьрта чу кхоччушехь, шийла
Мохь хези схьа... беран мохь...
ЦІа догу, яьлла цІе сийна,
Кхетий хьо? – Бер хилла чохь!..

Некъ хадош, йолийра етта
Фашистийн пулемет тІе.
Виктор кех чуиккхи, ведда,
Тергал дІа ца еш и цІе...
Тхо-м лаьттах дІаийна Іара,
ГІо доцуш дан цунна кхин.
Вуьйжира, бер марахь ара
Оьккхушехь, суна гуш, и...

Ризванан бІаьргаш чохь хьаьвзи
Мокхачу бІагоран чкъург.
Дог цуьнан лазамца Іаьвжи,
Би халчу хораман къурд:
– Мичахь ву?..
– Хьажал хьо, хьуьллахь...
Гой хьуна?.. ГІаттахьа, хІай!..
ДІо юьрта йистехь и Іуьллу,
Валохьа, тІегІур ду вай...

III

Іадийна Іа шийла Іуьйре –
БІахочун дахаран доза...
ГІорийна зангъяьлла Іуьйре –

Мила ву йозалла оза?!
Къона некъ хеназа хаьдда,
Хеназа буьйжи стом лаьтта.
Дахарна орцаха хьаьдда,
И бIахо вуьйжи ца гIатта...

Иштта ду-кх Iаламан гIиллакх:
Йиш йоцуш вер-варлрх къаста.
Ткъа адам кхоьллина хилла-кх
Цушиммо делхадан, хьаста...

Иштта ду-кх Iаламан гIиллакх:
Валаро сацош дац дахар,
ХIетте а, мел хала хилла-кх
Стагана стага каш даккхар!..

Мел хала хилла-кх, хIай латта,
Адамна адам хьоь кховдо.
Мел деза хилла-кх хьо, латта,
Адамна тIетаса айдан!
Ма хала хилла-кх адамна,
Кошан барз шарбан, куьг хьаькхна,
Ма хала хилла-кх адамна,
Кошан барз буьтуш, гIулч яккха!..

Дахаро-м дийначе кхойкху:
«Ма латта, яккха гIулч хьалха!»
Дахаро-м дийначе кхойкху:
«Ма латта, ма яйа хьайн хан!»

Адаме-м хIуъа а лало,
Адаман дог ду сов доккха:
Тарбой чу мел боккха бала,
Дахаран новкъахь гIулч йоккху...

Иштта ду-кх адаман дахар –
Веларрий, велхаррий ийна.
Иштта ду-кх адаман дахар –
Стаг веха, ша мел ву дийна.
Иштта бу-кх адаман кхоллам,
Дийначун декхар ду вахар.
Иштта бу-кх адаман кхоллам –
Валаро сацош дац дахар!..

...Чекхдели. Виктор вац дийна.
Чекхдели. Воьлли и лаьттах.
Ризванний, Володий, тийна
ДоттагIчун коша тIехь лаьтта.
ХIун эр ду? ХIун ала деза?
Дарба дац къамелех дала.
Масане и де лан дезна,
Масанга кхочур и бала?!

Бакъ ду и, ду и сов кхеташ,
ХIетте а лаац догдилла.
ХIинцца, дIо шийла малх кхеташ,
Хилларг вац хIинца кхин дийна!
Виктор вац. Вац кхин. ДIавоьлли!..
ХIинцца и дара-кха, хIинцца –
ГIуркх санна вуткъа вахвелла,
Хьаьдда и вогIуш кхаьршинца...

Виктор вац. Хир а вац цкъа а!
Карор вац кхин и, мел лехарх.
Вац цо кхин ши доттагI цкъа а
Iалашвийр, забарш еш шеха.
Гур вац кхин, цкъа а и гур вац,
Сатоссуш гIаьттина хьийзаш.
Хьокхур бац кхин нуй цо, гIур вац
Туькана, мара а ийзош...

Ши доттагІ лаьтта, тап-аьлла,
ЛадоьгІна къамеле дегнийн.
Цушиммо муха, хІун аьлла
Хоуьйтур и неней, дегий?
Ши доттагІ, тап-аьлла, тийна,
Шина даг чохь цабезам гІаьтти,
Бекхаман ши цІе латийна...

IV

Ризванний, Володий веха
Ца лаьтти – дийзи ваха.
ТІом тІом бу. Ойла ян, велха
Салтичун кІезиг ю хан.
ТІом тІом бу: накъостий оьгу.
ТІом тІом бу, тезет и дац.
Декхаро кхойкху дІа хьоьга,
Салтичун латта йиш яц...

Салтичун йиш яц кхин латта –
Кхойкхуш бу бекхаман некъ.
МостагІа воьду, юхахьаьдда,
Москвана берзийна букъ!
Веънарг схьа массо а ханна,
Толамех дозаллаш деш,
Юхаведда, чагІалкхо санна,
Шен бойна букъ сеттабеш!

Моьттура цунна схьавогІуш,
Малхбузехь санна хир ду:
Толаман болар ца дохош,
Москва чу ша кхочур ву.

Дуьне-м Іа Москвага хьаьжна:
Лаьтташ ю, леташ ю и!
Дуьненна дегайовхо къежа –

Фашисташ эшалур бу!
И ЦIечу Эскаро гайти,
Ца оьшуш цунна кхин теш.
Москва кIел юм цаьрга яйти,
Толамийн денош дицдеш...

ЦхьойттагIа корта

I

Сталинград! Турпала гIала!
Йогу хьо тахана, лелха,
Амма яц бакъо къурд ала –
Берриг Мохк хьан цIарца беха.
Сталинград! Турпала гIала!
Херца хьо, болато хьоьшу,
Амма яц бакъо къурд ала –
Сталинград! Турпала гIала!
Къематде кхаьчна хьан хьаьтта,
Амма яц бакъо къурд ала –
Даймехкан омра ду:
«Латта!»

Кхо бутт баьгна чекхбели,
Чим хилла баьржаш кху хьаьтта.
Кхаа шарал кхо бутт бахбелла,
Сталинград, тийсалуш, лаьтта.
Лаьтта и, чевнех цIий лешаш,
Берриг ницкъ гулбина лаьтта.
Лаьтта и, толамах тешаш,
Бекхаман тур буйнахь лаьтта...

***

...РизванагIарна нисъелла
Позици ю болуш аьтто.

БIахоша, дика хьулбелла,
Ца вуьту мостагIа гIатта.
Ткъа цара-м йолайо етта
Минометаш, некъ шайна баккха.
Дийна стаг ца висна, моьттий,
Сихло шаьш чухьалха тIаккха.

Атакина тIаьхьа атака –
Фашисташ, дараш ца лоруш,
ТIегIерта. Маситта танк а
Го хьалхахь, кIур туьйсуш, йогуш.
– Тахана-м къаьсттана чIогIа
Хьийза хIорш...
– Вайн дезде дохо!..
– Цундела, жоп луш ма-доггIу,
Деза вай царна а тоха!

– Нийса ду, лейтенант, нийса,
Вайн де ду таханалера.
Мел цара ярах а кхийссарш,
Дезар ду церан вайх кхера!..
– Боллу ницкъ вайна тIеберзий
Цара, сов эвхьазабевлла.
– Дац тата вайчеран герзийн...
– Хетарехь, уьш юхабевлла...
– И дитал! Юхадовла дезахь,
Вайга а цхьа хаам бийр бу.
Ткъа хIетталц – вай латта деза!
– Кхийти со!..
– Кхочуш вай дийр ду!..

Ризван (и, лейтенант вийча,
Командир хIоттийна взводан)
Iа хIинца терго еш, кийча,

ГIортахь тIе фашисташ го бан.
Тоххарехь хиъна Ризванна
МостагIчо урам дIалацар,
Амма йиш яц юхавала,
Бахьана хIоттош зIе яцар...

Хала ду, хала ду чIогIа
Ишттачохь сацам тIеэца.
Накъостийн кхолламан догIа
Хала ду шен буйна эца...

II

– Почтальон!..
– Ур-рра-а!..
– ТIегулло!..
– Сержант, хьо мичара вели?!
Ши кIира – ца вогIуш улло...
– Со-м хIинца а халла чекхвели.
Теший шу? КIадвелла чIогIа,
Шу лоьхуш, дийзи къахьега...
Лейтенант, ахь цкъа бохь богIа,
ЙоIера кехат ду хьоьга!..

Ризвана даькхи, катоьхна,
Кехат схьа – хатI цунна девзи:
«Зарган!» – ша волччохь ког тоьхна,
Даьндаргах халха и хьаьвзи.
ГIан хилла, дIабай тIом, цуьнца
ДIаяйра шеко-йозалла.
Вацара лаьтта тIехь хIинца
Цхьа а стаг ирсе, и санна...

«Ризван, сан хьомениг, доьху
Бехказа ахьа со йитар.
Ойлано даим хьо воьху,

БІаьргаша лоьху хьо гар.
Сан деган сатийсам мерза
Хьох хьерчаш бу даима.
Серса тІе гуьйренан дерз а,
Совбохуш сингаттам сан...

ХІинццалц со ца яздеш Іийна,
Хиллачун бехк лаьцна тІе...
Яллац со-м бехказайийла
ХІинца а, ларъеш сайн цІе.
Хьуна-м и хІинцале дерриг
Ма-дарра хиъна хир ду,
Делахь а, новкъа ду эриг,
Теша со... Хьо кхетар ву...

Сан хьокъехь даьржина юьртахь
Шабаршца Іаьржа хабар.
ХІинца хьан цІерачийн бертахь
Тарлац вай вовшийн хилар.
«Шина буса Мовсарехь Іийна,
ЦІа еана хьенехан йоІ»,–
Бохуш, со хьехаеш, хийла
Даьккхина сан дагна даІ!

Ас хьоьга яздина хьалха –
ТІетоха хІумма а дац.
Мовсарца, шина буса хьовха,
Минотехь Іийна со яц!
ХІинца-м и кІилло дІаяйна,
Мичахь ву, хууш стаг вац.
Я Дурда лацар ца лайна,
Я фронтах ведда, хаац...

Ишттаниг кхузахь а хІинца
Нисло кху халчу муьрехь.

ДогдагIац сан царах дийца –
Доьххина цара шайн эхь.
Лела уьш, шайн са дадийна,
Эцна тIе бандитийн цIе...
Валар ду-кх, воллушехь дийна,
Хир дуй кхин цул доьхна де?!.

Дахди ас, бехк ахь ма билла,
Iаьткъинарг ас далхадо,
Ткъа хIинца хIоккхузахь хилла
Керланаш ас дагардо:
Тхуна а кхаьчна тIом герга.
Хезаш бу, го цуьнан цIе.
Малгобек дIалаьцна, Терка
Йистте уьш баьхкина тIе...

Грознера промыслаш йогуш,
ГIаьттина къаьхьа дохк-кIур,
Ведана хьалакхаьчна, дойуш
Дийнахь а дIа маьлхан нур.
Амма цу экханан мIара
Кхочур яц ша кхийдачу:
Дуттур дац вайн бензин цара
Цкъа а шайн танканаш чу!

Наха бах: «Эрна ду кхийдар
Гитлеран боьха и ка
Чингисхан, АстагIа Тимар
Къарвинчу вайн лаьмнашка!»
Иштта сайн урокехь дийци
Берашка ас тахана.
Сацам тхан классо тIеийци
ГIо дан вайн колхозана...

Жимчо а, воккхачо хIинца
Къийсамна йихкина юкъ,
Шеко яц хIумма а: фрицан
ХIоккхузахь хедар бу некъ!..
Кхин хIумма а дац яздан керла,
Зен-зулам дац хьуна цIахь.
Кхерам кIел ца гIерташ эрна,
Декхар хьайн кхочушдс ахь.
Со Iийр ю, собарца хьоьжуш,
Толамца верзаре цIа.
Кхетий хьо? – Iийр ю со хьоьжуш,
Ца шелъеш безаман цIе!»

***

Ах подвал доьхначу цIийнан
Ю хIинца схьалаьцна кхара.
БIахойх-м ах ца бисна дийна.
Мила ву хIинца и лара?
Лулара массо а урам
Фашистийн карахь бу хIинца.
– Леци вай, кIентий, кху гуро...
– Чаккхе ю, хIуъа а дийцарх...

– Некъ кхузахь чекхболуш хилла...
– И хаац! Ишттачул гатте
Хьалха а вай нисделла хийла!..
– Вай къардан-м дац ишгга агга!
– Гур ду-кх и...
– Ца хьийзаш доьхна,
Деза вай довла цкъа ара...
– КIентий, вай доккхур ду, тоьхна,
Цхьа гечо...
– Сахилахьара...
Салташка ладоьгIна Iара
Ризван а, бодашлахь тийна.

Теша и, юьхьІаьржа цара
ХІоттор вац, шаьш мел бу дийна.
Теша и, кийча ву хІора
Вовшашна орцахавала.
Декхар шайн кхочушдан гІора
Карор ду, дош хІоккхо алахь...

ХІетте а, дац кхунна атта,
Къахетар эшош, шел тола.
ХІетте а, дац кхунна атта
Шегарчу жоьпаллех вола.
Ярабби, мел хала хилла-кх
Іожална тІе адмаш хьийсо!
Ярабби, мел хала хилла-кх
Деттачу доша кІел нах кхийса!..

VI

Цхьа буьйса... Нийсса цхьа буьйса –
ХІун ю и, мел яхъяларх?
Къонахчо, хиларх мел буьрса,
ХІун ду цхьа буьйса ларъярх?!
ХІун ду и – такхар цхьа буьйса,
Кора кІел дІатебна Іаш?
ХІун ду и, хиларх чухьуьйсуш
БиргІанийн Іаьржа бІаьргаш?!

ХІун ду и, цахиларх кхаьрга
Хадалур мостагІийн го?
ХІун ду хІорш хиларх ах гергга
Дархой а, чевнашца вон?!

Го къовлуш, берзийна юккъе,
Херцарша юькъна дІа неІ,
Дисинарг – Іожалла екъар
Я бехар йийсаре некъ...

Яцахь а бодашкахь шена
Накъостийн яххьаш схьагуш,
Ризванна-м хаьара шера:
Сацам тІеэцна Іа уьш.

Цхьа буьйса... Нийсса цхьа буьйса –
Суьйренан, Іуьренан юкъ.
Цхьа буьйса... Ткъа дуьхьалтуьйсу
Берриг а дахаран некъ...
Ризван – и сатассалц Іийра,
Ши бІаьрг кхин ца хьаббеш тІе,
Кху цхьана буьйсанан кийра
Тардина шен массо де...

Бераллин туьшера дуьйна
Йогучу Сталинграде
Некъ би цо, дахар шен дийна
Юхатоллуш, сатасале!...
Сатасар-м долало лелхаш,
Етташ схьа инзаре цІе.
Юха а тхов бу тІебоьлхуш,
Пенаш а ду херцаш тІе...

ТІаьхь-тІаьхьа херцарша гатъеш,
Лаьттара подвалан чоь.
Нагахь Іахь иштта тІеетташ,
Дуьсур дац кхарах цхьа доь.
– Гавурш-яІ, хетарехь, бохку,
Іуьрг-бІаьрг дІадуькъна, са чохь
Доллушехь, дерриш дІадохка
Вай хІинца кху коша чохь...
– И-м цаьрга далундерг дсца...
– Дитал уьш! Цул гІоли ю
Кечдалар «хьеший» тІеэца.

– ЛадугIу!
– Вай-м кийча ду!..
– ХIан, хIинца текхаш тIебогIу...
– Гранаташ кхуьйссур ю чу...
– Корашка! Хьажош цIе тоха,
Вожавеш ваьлларг гучу!

Хьалхарниг айалушшехь гIатта,
Граната шен айина,
Вожийра и, автоматан
ЦIе цунна тIеIанийна.
Иштта кхин иттех вожийра,
Граната ца кхуьйссуьйтуш.
Бисинарш-м лаьттах дIаийра,
Кхин кхарна тIе ца гIуртуш.

ГIуллакх шайн ца хилча, фрицаш
Сихонца юхабевли.
Рупорца мохь бетташ, дийцарш
Кхаьрца дан буьйлабели:
– Ткъа минот хан шуна елла
Цу чуьра арадовла.
ДIахьедо – и чекх ма-елли,
Шу хIаллакьхилла девлла!..

...Ткъа минот. Хилла сов еха
Иштачохь уьш ягаръян:
Кхуьур бу къинхетам беха
Я шайна кхел кхайкхаян!..

Ризвана гонах бIаьрг кхарстий:
«Маса ву хIинца ирахь? –
Ша а тIехь, ялх бIахо къастий, –
ХIан-хIа, тIеоьцур дац эхь!»

– ХІан, хІара жоп тхан аш лара! –
Васильевс автомат шен
Яссийра корах дІа ара,
КІордийна ладоьгІуш Іен.

Дуьхьал схьа, нийсса хьажийна,
Йоккхатоп тоьхна чу цкъа,
Массо а, Іадош, вожийра,
Оькхуьйтуш дерриг а цІа...

V

«Велла со я ву-те дийна?
Буьйса ю я де ду-те?
ХІун ю-те, оццул таІийна,
Язъелларг сан некха тІе?..» –

Ризвана халла дІабилли
БІаьргаш – дац хІумма а гуш.
Бац ницкъ а цуьнгахь кхин Іилла,
Я, гІортарх, вац гІатталуш...

Эххар а, шен некха тІера
Йозалла дІататта и
ГІоьртича, велира кхера,
Шена тІехь цхьа адам гина.
Іуьллу и, тІевоьжна бертал,
Хьаьрчина кхуьнан мара.
Ризван юьхь цуьнан ган гІерта:
«Ван мила ву-те хІара?..»

ЦІаьххьана веана метта,
Хиллачух кхийти Ризван:
«Володя!.. Суна тІекхетта
И, шеца со дІахьулван!..»

Берриг ницкъ гулбина, текхна,
КIелхьара схьаваьлла ша,
Васильев аркъал цо ваькkхи:
«Дийна ву!.. ХIинцца вайша...»

– Хьажахьа, Ризван... сан аьтту
– Ас хIинцца... Со хьожур ву...
– Аьтту ност... Ерриг а аьтта...
– Ас хIинцца дIайоьхкур ю!
– Эрна... ду... ехка ца оьшу...
Вукхарах хIун хили-те?
– Вий а Iуьллуш ву воьжна...
ХIара хилла-кх тIаьххьара де.

– Ризван, ца доьгIна со... гIатта...
Ткъа вайнаш генахь бу сов...
Ма Iе... Хьо чекхвер ву агта...
Кхетий хьо?..
– Кхеташ ву со-м...
Амма хьо... хьо гIалат ваьлла,
Цкъа а цахиндерг ду и!
– Ас доьху...
– Хаьдда и даьлла!...
Хьаха а ахь эрна ди...

***

... И кхо де... И кхо де-буьйса –
И ирча, и деха гIан! –
ХIинца а схьа дуьхьалтуьйсу
Ризванна и хьере хан...
Мичара белира цунна
Ницкъ хIетахь, и дерриг ган?
Мичара белира цунна
Ницкъ хIетахь, и дерриг дан?!

Хаац-кха, дийна и муха
Висира, ца хедаш са,
Хаац-кха, дог цунна муха
Тоьира и дерриг лан?!
СадаІа ца тоьуш хІо а,
Я гІодан воцуш стаг кхин,
Схьайоккхуш кибарчиг хІора,
Кхечира неІар тІе и...

Кхаа буса муха текхийра
Чов хилла Васильев гихь?
Кхаа дийнахь муха лечкъийра
Фашистех подвалаш чохь?!
Ризван – и ша а ца теша
Иштта чекхдаларах и.
Хаттар дахь, хІиллане къежа:
– И де ма догІийла кхин!..

***

ГІала яц. Яц гІишлош, цІеношш –
Дерриг а дохийна, аьтта.
Лелхаш ду, догуш ду деношш,
Цхьа адмаш, къар ца луш, лаьтта!
Лилхинчохь бомбанаш, хІоьънаш,
Догуш ду, кІур гІуьттуш, латта.
ТІулгаш тІехь гуш ю цІийн хьоькхнаш,
Цхьа адмаш, къар ца луш, лаьтта!
И жоьжахати ца лалуш,
Волгин хих сийна цІе гІаьтти,
Мокхаз а, болат а лалош,
Цхьа адмаш, къар ца луш, лаьтта!..
... Хиламех, тІанк-аьлла, дуьзна
ІШийлачу ноябран деношш.

Техника, эскарш тIеоьзна,
Вайчеран ницкъ денна дебош.
Хийцамаш хаалуш, хIинца
БIахойн а дог-ойла гIуьтту.
Хиндолчу тохарах дийца
Шабарийн пхьоьханаш хIуьтту.

Теша уьш, даггара теша –
Даим хир бац тIеман бала.
Теша уьш, дезар дац хьежа, –
Карор бу ницкъ мостагI лалла.
Тешар – и онда герз хилла,
Сталинград тешаро латтий.
Тешаро ницкъ белла, хийла
ТIаьххьарчу хьуьнарна гIаттий…

***

...Ризване ши кхаъ кхаьчнера:
Цхьаъ бу – взвод тIеюзу аьлла.
ШолгIаниг – госпиталера:
«Операци дика чекхъяьлла!»
Чекхъяьлла! Дика чекхъяьлла!
Дийна ву Володя, дийна!
Гур ву и кхунна, товелла –
Ког цуьнан дIа ца хадийна!..

«ХIумма а дац, шек а ма вала,
Бсттар бу когаш вай, доттагI!
Ца кхочуш цкъа Берлин-гIала,
Йиш ярий даха вай лаьттах?!
ХIинца а бIахочун декхар
Ца кхиъна кхочушдан вайша,
ХIинца а ца ваьлла бекхам
ДоттагIех бина а вайша!..»

I

И Iуьйре, и таьIна Iуьйре
Г1аьттира, сийна ц1е летта.
Ноябран ткъоллаг1а Iуьйре –
Дегийра, ластийра латта.
Хан кхечи! Болий арткечам,
Туьйхи т1е, туьйхи дог Iабош.
Хан кхечи. Зама т1екхечи –
Етта ц1е, мостаг1ий Iадош.

Стигал т1еязъелла Iаьржа,
Лелха и, кегло и, эт1а.
Я лаьттахь, я стиглахь маьрша
Меттиг ца юьтуш, ц1е етта.
Ч1ог1луш ду т1аьхь-т1аьхьа тохар,
Бац цхьа а ницкъ сацо х1инца –
Долий д1а мостаг1а вохор,
Доьзуьйтуш Сталинград йицъян!

Юха а, юха а етта,
Лоьлхуьйтуш поттарчий лергийн.
Аналлех сийна ц1е летта,
Хьаьжначун кхолош пур бIаьргийн.
К1ур г1уьттуш, йогуш ю Iуьйре,
Ц1еран т1ам гонаха кхерстош,
Лелхаш го аналлин шуьйре,
Мостаг1ий мархашка лестош...

...И Iуьйре, и ц1еран Iуьйре
Байракхах т1ам кхарстош г1аьтти.
И Iуьйре, и буьрса Iуьйре
Бекхаман тур буйнахь г1аьтти.

И тIеман инзаре гIовгIа
Эххар а шатлакхе йоьрзу,
Фашистийн-м яц бевдда гIойла –
Еттачу цIаро уьш морцу...

Ткъес санна, фронтах чекхдели
Цхьа доца дош-омра: «Хьалха!»
Ерриг а фронтан мохь бели:
«Атаке!» – эскарш чухьаьлхи!
Семса ло охуш, сихъелла,
ГIашлошна некъ баккха, танкаш.
ГIелдалар, дараш дицделла,
Сарралц ца совций атакаш.

Нуьцкъалчу тохаро хьере
Бина, шаьш хIун дер, ца хууш,
Фашисташ бевллера хьера –
Уьду уьш, позицеш юьтуш.

ТIаьххьарчу атаке хьаьлхи
Къовлалуш маьркIажан бода,
Ризванан взвод кхечи хьалха,
Кхиале фашисташ бовда.
Йицлур яц цкъа а Ризванна
И еха, къиза миноташ,
Хьерчар шаьш, хьерадевлча санна,
Вовшийн кортош а отуш.

Вицлур вац полковник стомма,
Нал санна, шена тIелетта.
Моьттура, тIекхийти тонна,
Вужуш ша цунна кIел лаьтта!
Делахь а, ша цул тIах-аьлла
Хиларна, белира аьтто,

Сеттина, хьала а ваьлла,
Шена кIел верзо и атта.

Полковник-м Ризванах хьерча
Хьуьхьвоьлла, кхачийна гIора,
Цабезам, кхерам чохь ийна,
ЦIийбелла бIаьргаш къарзийна.
Хьийзош шен ерстина ворта,
КIелхьаравала и гIерта,
Амма цкъа тапчин мукъ коьртах
Кхетча, и веара «берта».

«Эххар а, Iаржъелча, севци
СадаIа. РизванагIара
Цхьа блиндаж шайна схьалеци,
Ха хIоттош роггIана ара.
Хала некъ, къиза тIом бина,
Кхин цхьа де церан чекхдели.
Ризвана ша йийсар дина
Полковник штабе дIавиги...

– Вацара полковник воца-м!..
– Ирс хили тахна вайн взводан!
– Вайн лейтенанта-м ву лоцур
Инарла а, оьгIаз ша водахь!..

***

ГIелбелла бIахой дIатийна,
Стомара сарахь тIеюьзна
Взвод кхеран кху шина дийнахь
Юха а ах бен ца йисна...

ГIийлачу серлонехь хала
Къастало накъостийн яххьаш.
Ризван Iа ойлане ваьлла:

«ЙогІу-те кхане хІун дахьаш?..
ХІорш бисна... ХІун хаьа, кхана
Вожа кхаж муьлхачун болу?
ХІораннан хир ю-кх цІахь нана...
Кханено, хаац, хІун олу...»

Хала ду-кх кхолламаш лера,
Кхиале герггара вовза,
Дийначийн спискашна тІера
Масане дІавайа веза...

II

Садаьржи. Кхевсина догІу
Даккхийчу чимашца ло.
Тийналла... БІахой цецбоху
ХІоьттинчу цу тийналло.

Тийналла... Тийналлех хьаьгна
Адамаш ладоьгна Іа.
Тийналло чов хилла, яьгна
Аре а йижийна дІа.
Тийналла тап-аьлла оьгу
Чимашца стиглара чу.
Дегнашна дарба деш оьгу,
ГІовгІано къора динчу.

Дегнаш... И адамийн дегнаш –
Цаьрга лан ца луш хІун ду?!
Дегнаш, и адамийн дегнаш –
Цара ца эшош хІун ду?!
Сирачу салтийн чоэша
Хьулдина деттало уьш,
Деттало, амма, и эшча,
Кийча ду совца а уьш!

Хьогахчо хи санна, аьхна
Тийналла муьйлуш Іа нах:
Хьеречу тІеман «дур» хьаьхна,
Бевзина тийналлин мах!
ХІораммо шен ойла луьсту,
ХІоранна шениг го гІан:
Хьоме бер я езар хьоьсту?
Ненаца йоккху-те хан?..

Я тІеман некъаш шайн луьсту.
Я эгнарш лоьцу дага?
Салташна хІун дуьхьалхІуьтту
Йиш юй и хаа я ган?..

Тийналлехь даржадо шуьйра
ТІемаш шен хьан ойлано,
Тийналлехь доладо туьйра
Дийца хьан сатийсамо...
Амма бах ца бели, хадий
Маьршачу тийналлин мур:
Юха а жил-Іалам Іадий,
Долийна тІамо шен «дур».
Юха а стигланаш лелха,
Юха а латта лести.
Юха а цхьа омра:
«Хьалха!» –
Атаке гІовттош, дийки.

Амма дІа ца даха деха
ТІелатар – нуьцкъала цІе
Туьйхи схьа, дийзира леха
Лсвчкъийла, эгна лай тІе.
Гена а бац и «бен» – хьуьлла
Гу тІера етта цІе схьа.

Батальон-м йоьжначохь Іуьллу,
Йиш йоцуш меттахахьан...

Танкийн а ца бели аьтто,
Хьапа и «зІуганийн бен»:
Етта цІе, ца вуьтуш гІатта,
Амма лайлахь Іилла дац атта –
КІохцалаш санна ду и.
ТІелатар, го, духуш лаьтта,
Комбат а холчухІоьтти...

Ризвана, хІоьттинчу хьолах
Кхетта, шен цхьа сацам би:
«Дош хир дац хІинца кху болах,
Ишта Іахь!» – Хьалха текхи.
– Лейтенант! Юхаверза! – бохуш,
Бетта мохь тергал ца бо,
Сихвелла дІатекха, охуш
Некхаца и семса ло...

Ерриг а батальон цунна
ТІаьхьа дІахьаьжжинчохь Іа.
Гучувели и мостагІчунна –
Таллар а долийра дІа.
Ткъа Ризван-м текха, ло хедош,
Лаьхьанах сеттадеш дегІ,
Ткъа хІоьънаш-м, дог цуьнан хебош,
Шакаршца лелхара тІех...

Текха и, текха дог Іабо,
Кхиале хІоъ ша сацо.
Цаьххьана ги, некъ шен хадо
Схьахьаьвдда богІу немцой:
«ХІан, хІинца хІорш бара оьшуш...
Кхоъ бен уьш вац, цхьадика, –

Текха и, цаьрга а хьоьжуш. –
Нагахь сан ца далахь ка...»

Іа буьтуш баржа уьш дІаса
Кхин, кІант горахІутту,
Даггара царна тІе яссо
Ерриг диск автоматан...

– Хьий, йовссарш-яІ, муха хета?!
ЖІаьлеш-яІ, лецин аш схьа?! –
Циггахь, шен белшах цІе летта,
Ризван а вуьйжи охьа...

«Йиш яц сан, бакъо яц Іилла!» –
Юха а хьалха текхи.
Дависарг, мел дазлуш хилла
ДегІ, чевно чахчийча и!..
Текха и, ларбеш тхьусбоьлла
Аьрру пхьарс, юьтуш цІийн лар.
Текха и, текха хьуьхьвоьлла –
Сацар ду хІинца валар!

Берриг ницкъ гулбина текха –
Деган ницкъ, дегІан ницкъ шен.
Текха и, къар ца луш, текха,
Эккхийта Іожаллин бен...

Адаман ницкъ, хьуьнар довза
Кхиънарг вуй кху лаьтта тІехь?!
Адаман доьналлин доза
Хиънарг вуй кху лаьтта тІехь?!

Амма кІант «бенна» тІекхечи,
Амма кІант дийна виси,
Айвала гІора а кхечи,

Гранаташ чу а кхийси!..
Пулеметийн буьрса бен иккхи:
«Чекхдели... Ас ди хирг сайн...
Чекхдели... Бац соьгахь ницкъ кхин...» –
Хедира кхетаман тай...

III

«И хьожа... Мичахь ву хьовха?..
Хьожа ю-кх кху чуьра йогIуш, –
Ризванан коьртехь и хьалха
Кхерстира, кхетамчу вогIуш. –
Хлоркин ю-кх... ХIан-хIа, ю йодан...
Мичахь ву? Суна хIун хилла?..
И хьожа... ХIара хIун бода?..» –
Халла цо бIаьргаш схьабилли.

– Со мичахь?.. – гIоьрти и хатта.
– Самавелин?! – хIиллане къежаш,
Халат тIехь воккха стаг лаьтта:
Куьзганаш, можан сунк[1] къоьжа.
– Госпиталь ю-кх, дагадогIий?..
Госпиталь Астрахань-гIалахь...
– Док-тор... ахь Астрахань бохий?..
– Астрахань! Меттах ма хьелахь...

ПаргIат Iе, шек а ма вала –
Дерриг а дика дIадирзи.
Кхетий хьо? Кхерам тIехбаьлла,
Хьан седа хилла, кIант, ирсе!..

ЦIаьххьана дагадеа хилларг,
Доллучух хIинца и кхийти.
«Операци!.. Дезар ду Iилла...» –
Ризванна ша-шех къахийти:

1 Сунк – жима гу, барз.

– Док-тор, ас...
– Алал, ладугIу.

– Нагахь со пхарс... дIахадийна...
ТIаккха сан... дерриг а духу...
– Ма кхера, пхьарс бу хьан дийна!
– Ас аьллий, дика дIадирзи?!
Ловзар хьан хилале, теша,
Чевнаш а кхуьур ю ерза,
Кхийтин хьо? Кхера ца оьшу...

Лор ваха, витина листа
Ризван шен ойланийн уьйриг.
ІаьІнера уьш коьртехь луьста,
Моьттуш шех тІамо йи гуьйриг.
Ткъа хІинца воккхавер хьаьдда –
И кхоьруш хилларг тІехтилла:
Вуьсур вац, накъостех хаьдда,
Юьстах и, заьІапхо хилла!..
Цу тІе, и ву Астраханехь
ЦІахь санна – яц хІумма а гена
Нохчийчоь... Яздийр ду кханнехь
Кехат цо Заргане, нене...

***

...ДІаоьху денош цхьатерра,
Бац дархойн дахарехь хийцам.
Амма ву хІора а тІера
Фронтера керланаш дийца-м.
– Э, кІентий, хилларг дІадаьлла,
Фашистийн куралла йоьхна!..
– Сталинград... Го лаьцна баьлла,
«Яй» чу уьш боьххкина, тоьхна!
– Эскарш тІететтина, боху...
– Теттина шайн танкашцанна-м!

– Гур шуна уьш лохкуш, бохош,
Мацах цкъа французаш санна!...

Ризвана, цаьрга ладоьгIуш,
Адамах тамаша бора:
Сел къиза тIом хила богIуш
Я тарлуш, цо муха лору?!
Адам ду-кх и тIом кечбийриг,
Адаме гома бIаьрг къерзош.
Адам ду-кх адам кечдийриг,
Адамна хьежадан герзаш.

Эзарнаш адмаш, хьерадевлла,
Хьаьлхина хIаллакдан адмаш!
Эзарнаш адмаш, ца девлла,
ГIевттина хIаллакдан адмаш!..
Дийнахь а, буса а Iена
Адмийн и довха цIий лаьтта,
Дийнахь а, буса а Iена
Адмийн и бIаьрхиш кху лаьтта!

Дуьнен чохь дац терза оза
И зулам, и лазам, бала!
Мила ву, адмаллин доза
Мичахь ду, адмашка ала?!

IV

«Сталинград!» «Толам!» – кхаъ хилла,
Дийки и зевне ши дош.
«Сталинград!» «Толам!» – барт хилла,
И ши дош ду цхьаьна товш!
Ши бIе де, и ши бIе буьйса
Кхехкийна къематан цIе!
Толамца бирзи тIом буьрса,
Байракхан тIам лести цIен!

Манштейнан[1] эскарш дIадаьржи,
Паулюс[2] ву йийсарехь.
Германис дуьйхина Iаьржа,
Лан ца луш эшаран эхь.
Сталинград!.. Толамца бирзи
И буьрса, и къиза тIом.
Витина хиллачу ирсо,
Гитлера оллийна цIом...

Сталинград!.. Кхузара бирзи
Юханехьа тIеман и некъ.
Хан кхечи! Фашистийн дийзи
Гайта шайн сеттина букъ!
Хан кхечи! Сталинградера
Долало лахкар дIа уьш.
Мамайн гу[3] – ю, цунна тIера
ДIахьажча, Берлин схьагуш!..

Хаттарш, тIедахкарш

1. Муха ойланаш йойту Арсанукаев Шайхин кхолларалло?

2. Поэто произведенешкахь гойту Даймехкан исбаьхьа суьрташ, Iаламан ширха хазалла, кIорггера кхетам, оьзда лаамаш болу лирически турпалхо. Цо дуьненах, дахарх ойланаш йо, адаман ирсехьа къийсам латто кийча ву иза.

3. Дийца Арсанукаев Шайхин лирикин башхаллех лаций: чулацам, поэтически гIирсаш, исбаьхьаллин хатI.

4. «Кхолламан сизаш» стихашца язйина роман ю. Даймехкан тIамехь бIахоша турпалаллица Даймохк мостагIчух Iалашбар гойту романехь.

Дийца, роман язъяран башхаллех. Муха гайтина авторо бIахой – Ризван я, цуьнан накъостий а?

Маршо ларъеш эгначийн сий а деш, тIом гIаттош болчарна дуьхьал авторо халкъе кхайкхам бо. Дийца шайна хетарг.

5. Арсанукаев Шайхин поэзин механалла.

---

[1] Эрих Георг Эдуард фон Манштейн – немцойн генерал-фельдмаршал.

[2] Фридрих Вильгельм Эрнст Лаумос –

[3] Мамайн гу – Мамаев курган (оьрс.) – Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь (1941–1945 гг.) эгначийн сийнна хоттийна хIоллам.

РАШИДОВ Рашидан Шаид
(1940)

БАЛАНАХ ДУЬЗНА ДОГ

Баланах дуьзна дог,
Баланах дуьзна.
Гонаха тІеман къахь гІуьтту.
Вайн хаза Нохчийчоь
ДаьІнаша юьзна,
Массанхьа тезеташ хІуьтту.

Баланах дуьзна дог,
Баланах дуьзна.
Махкахой хеназа оьгу.
Вайн нанойн яххьаш а
БІаьрхиша юьзна,
Шайн кІентий цІа бахкаре хьоьгуш.

Баланах дуьзна дог,
Баланах дуьзна.
ХІай Дела, кІелхьарадаха.
Вайн лаьмнаш, аренаш,
КІурз буьллуш, юьзна,
Къахьдина къомана дахар.

Баланах дуьзна дог,
Баланах дуьзна.
Гонаха тІеман къахь гІуьтту.
Вайн хаза Нохчийчоь
Іийжамех юьзна,
Мел дукха тезеташ хІуьтту.

ПОНДАР БОЬЛХУ

Пондар боьлху, пондар тийжа.
ХІун ду-теша лаьцнарг са?
Хьанах, стенах иза цІийза?
ХІунда буьллу кийра ша?

Хийла дехнарг Іаьнан дорцехь
Кхечу кІанте яхна-те?
Кийра Іийжош, боьлху мархех,
Бобер хилча санна шех.

Боьлху иза, сацар доцуш,
Ла мел дийгІи, хьийзавеш,
Ойлано дарц кийрахь дохуш,
Деган пхенаш ийзадеш.

Тухий, лаьттан кийра вуллу,
Юха воккху стиглане.
Цкъацкъа мархаш санна кхуллу,
Кхевда иза зезаге.

Пондар боьлху, пондар тийжа,
Цуьнца тийжа, воьлху со.
Кийра Іийжа, кийра Іийжа, –
Стеган дахар доца го.

АРУЖА

I

ДогІмаш ца лацалуш,
моггІара эгна,
Іуьллура диъ адам
стигала кІел.

Да-нана генахь ду.
Хийла уьш хьегна
Даймохк а мичахь бу?
Белла уьш шел.
Бехк боцчу кхеран дех
винера мостагI,
Иза а цул тIаьхьа
лар йоцуш вайн.
Нана а дIаели,
цамгаро лаьцна,
Майрачух къастар
цо а ца лай.

Шен юьртахь гIийлачийн
терго йо наха,
Ткъа хIара, хийра мохк,
Iа шийла мохк.
Мичахь бу гай юзош
пхьор эца бахам?
Iаьржа ю яьссачу
кху кIари чохь.

Кхоьлинчу буьйсано
буьрса шок етта,
Лайн хIур чухьоькхуш бу
арахь махо,
Ши ваша, ши йиша
вовшех ду летта,
ДогIмаша-м кIеззиг а
йовхо ца ло.

Да виса, цкъа кхаллал
сискал карийча!
«ХIан-хIа, и хьан лур ю?
Къурд бан дац хи».

Цуьнан дог вешина,
йишина Iийжа,
Ойла йо: «Кхул тIаьхьа
гур дац и шиъ».

ЦIаьххьана Iуьйренца
мох, дарц дIатийра,
Ламанца гIаьттира,
макхбелла малх,
Деаннах шиъ бен ца
дисина дийна,
Вукхеран дахар а
ца дели дах.

Гулдина дегIера
дерриг а гIора,
Ваша а текхира
урамехьа,
ХIиттинчу бIаьргашна
цхьа гIаларт гора,
Халла дош делира:
«Волахьа схьа! –

Шийлачу лай тIера
корта а ойуш,
Элира: – Цкъа кхаллал
сискал ца лахь,
Йисина цхьа йиший,
сой леш ма доллу,
Йиш елахь, доьху хьоь,
гIо дехьа ахь.

Нагахь со Iожална
кIелхьаравалахь,
Декхарлахь хир ву-кха
даима хьан.

Йоьссина мацалла,
боьссина бала,
Когаш тIе хIотта а
гIора дац сан».

Массо а меца ву.
Ялта дац цхьаннан,
Висира иза а
лай тIехь воьжна.
Ца йиси цунна кхин
дахаран кхане,
Деаннех цхьа йиша
йисира ша.

Йисира велларг а
волла да воцуш,
Таласан къилберчу
лаьмнашна кIел.
Цкъа Iовшшал бепиг я
къурд бан хи доцуш,
Яла бен хьал а дац,
яларна гIел.

II

Мила ву бехкениг?
Хьаьнца чIир лаца?
Сталин ву я Бери?
Хьенан бу бехк?
Ший а ву цхьатерра,
шинне ду вацар,
Шиннан а дайна сий,
дац церан эхь.
КIеззиг бен хан ца луш,
вагонаш юьзна,
Боьхачел бехдина
дерриг а къам,

Даймахках бехира,
баланах буьзна
Вайнах а, кагбина
маршонан тІам.

Ярташ а йисира,
жІаьлеш а угІуш,
Хьайбанийн маьхьарша
Іадийра мохк.
Дайн кешнаш дисира,
чарташ а духуш,
Массеран бІаьргаш чу
дижира дохк.
Генарчу ГІум-Азе
вагонаш текхаш,
Маса бер, зуда, стаг
каш доцуш вайн?
«Кхоьллинчу Дала тхан
оьцийла бекхам!» –
Хийламмо сардамца
дош эли шайн.

Кхераме мостагІчул
балане лаьцна,
Арене бІаьрг тоха
пурба ца луш,
ПаргІато лехначийн
лаамаш хьаьшна
ДогІура дерриг а,
хиндерг ца гуш.

Сецначохь деттара
маьхьарий ара:
«Мичхьара далош ду,
адамаш, шу?»

«ГІойтІера!» «Гихтара!»
«БердакІелхьара!»
«Тхо а ду Шуьйтара!»
«Соьлжера ду!»

«Гора-яІ, сан Даймохк,
биси хьо баьсса!
Кхин тхуна хьо юха
гур а буй-те?
Цкъа а къурд бийр буй-те
Органах, Яьссех?
Я иштта Іаржделла
хир ду-те де?

Дуьсур ду-теша тхо
хийрачу махкахь,
Даима сатуьйсуш
бІаьрхишца тхайн?
Дуьгуш ду-теша тхо
геналлехь дахко?..» –
Илланчин аз хеза
гІайгІане, дайн.

Цу озо башабо
хийлачийн бІаьргаш,
Илланчо кхин а дІа
хазадо аз:
«Йиш ма яц тахана
вай вовшех кхарда,
Вайн букъ тІехь баланаш
белла сов баз.

ДуьхьалахІуьттуш ю
аренаш, лаьмнаш,
Генахь ду мийлина
шовданаш, хиш.

Делахь вай халонаш
лан, кегъян Іаьмма,
Эгор ду юха а
бацалахь тхиш».

ЦІаьххьана илланча,
аз сецна, тийра,
ЦІерпошт а меттара
тохаели.
Февралан бутт бара,
хан яра шийла,
ГІенах а цагинарг
цул тІаьхьа ги.

III

Деллачу йишех а,
вешех а хьерчаш,
Яьккхира цхьа йишас
де-буьйса хан.
Салазца цхьа нах а
баьхкира кетІа,
Баьхьира белларш а
бердашка дІа.

Иза цхьаъ йисиний
хиъча, Аружас
Айъина йигира
ша йолчу дІа.
Элира: «Хьал дац сан
дІакховдо хьуна,
Лахь, йисахь, тахана
йоІ ю хьо сан!»
Хьаьстана йиллира
берашна юххе,
Мацаллехь веллера
цуьнан кІант а.

ХIинца диъ бер цхьаьний
кхобур ду муха?
Делахь а Iемина
халонаш лан.

ГIиргIизо Алымкхан
яра кху кертахь
Ехаш ерг, Аружин
лоцура гIо:
Шура лой, тIадам лой,
кховдадой бепиг.
Цунна а, ша санна,
цхьа пекъар го.

ЦIаьххьана кхаъ беа
малхбузехьара,
Дара тIехь яздина:
«Буьрса бу тIом.
ХIун хилла? Хийла шоь
кехат ас язди,
Ткъа догIуш дацара
цхьанххьара жоп.
Селхана эли соь
эпсаро къайлаха:
«Нохч-гIалгIай, бехбина,
арабаьхна,

Берриш дIабигна
генна малхбале,
Иза хьоь ала а
бакъо яц сан».
Шийлачу хаамо
ша билли кийра,
Сацам-тем байна сан,
кийрахь ю бог.

Сатуьйсу тIекхаччалц
дисаре дийна,
Аружа, ледар ма
хилалахь хьо.

Дозане кхаьчна тхо,
толам бу герга,
ДегIаца чевнаш ю,
буьрса бо тIом.
Амма дог Iийжа сан,
хезчхьана лерга
Вайн махках шу дахар,
баланехь го.

Со санна эзарнаш
Нохч-ГIалгIайн кIентий
Леташ бу, леш а бу,
ларбеш шайн мохк.
Орденаш, медалаш
некха тIехь лепа,
Кхералуш, цхьа юха
ца ваьлла тхох.
Вайн лулахь ехачу
гергарчо кехат
Даийти, билгалдеш
шу кхаьчна юрт», –
Иштта дIа кхин дара
яздина деха,
Дара чудиллина
салтичун сурт.

IV

ДIо лекхчу гу тIехь ду
цхьа башха кешнаш.
Вайчарел генара

къаьсташ ду уьш.
Чарташ дац хIиттийна,
йоза дац деша,
Велларг гац, вай санна,
барам тIехь хьуш.

Атта дац цхьанна а,
баларш ду шорта,
Мацалла яьржина
массанхьа а.
Аружа хиъна Iа,
лаьцна шен корта:
«Халачу кху муьрехь
гIо дийр ду хьан?
Ас муха доккхур ду
хIара диъ хене?
Хууш дац, мичахь ду
веллачун каш.
Ваькккхина хир вац и
юьртана гена,
Яхалур ярий-те
цига со гIаш?»

Лийхира кIентан каш,
гIулч йохуш халла.
БIаьрхишца йирзира
дог доьхна цIа.
Кхин цигахь хан яйа
данне а хьал дац,
Баша а ца тиги
кийрара ша.

Алымкхан кхеташ ю
хIоьттинчу хьолах,
Чорпа ю цо йоккхуш,
тесна чу жарж.

Цхьа чим а ялта дац
Аружин долахь,
Я кепек ахча дац
цунна ян харж.

ШолгIачу дийнахь и
гIаьттира хьалххе,
Яхара, муш эцна,
яраш лахьо.
ГIур яра безачу
муьлххачу балха,
Кхоьру ша цаларна,
бер лахь, къахьо.

Некъ бира мохь а гихь,
махо пелйохуш,
Гунаш а хедадеш,
оьгуш охьа.
ГIоттура: «Меца ду сан
бераш!» – бохуш,
Делкъенца кхечира
базара схьа.
Ярийн мохь боьхкина,
цунах кIа эцна,
ЦIа ерза йоллушехь,
лецира схьа.
ПIаьлдиг а яькхира
белша тIе тесна,
БIаьрхишца елхарх ца
хийцира дIа.

«Хьан делла юьртара
юрт хийца пурба? –
Комендант хьеречух
тIечехаш ву. –

ХІай, акха адамаш,
кхетац шу хІунда?
ДІайига, йолла и
набахти чу!
Ткъе пхиъ шо хан йогІу
закон талхорна,
Ас оцу набахтехь
яхкор ю хьо!»

Аружех цунна а
цхьа мостагІ гора,
Іаьткъина, елхаран
къурдаш цо до:
«Комендант, диъ бер ду
мацаллехь доьжна,
Майра а тІом беш ву,
хьажа вац стаг.
Тахана хьаннал а
царна со оьшу...»
Юха а велира
комендант чхьаг:

«Яхкор ю! Яхкор ю!
Йигий, чукхосса!»
НеІаре хьажийра
дераллехь пІелг.
Мила ву гІо лоцуш
лакхара восса?
Лан дезий муьлхха а
тІедеъна дерг.

V

Дечиган метта ча
гулдора наха,
Йовхо а яц цуьнан,
сихха цІе йов.

Ца девза нохчашна
цу мехкан дахар,
Іаламан хийцамаш
атта ца лов.

Аружа цІа янза
де-буьйса даьлча,
Алымкхан яхара
хьаькмашна тІе.
Дийцира берийн хьал
Цигара яьлча,
Сихха цІа хьаьдира,
лато чохь цІе.
Бераша-м Іохкура
цхьатерра дегта,
Цхьаьнггехь а меттаххьан
дацара хьал.
ХІорш кхунна шайчарах
гергара хетта,
Ницкъ мел бу, долуьйтур
дац хІинца цхьа.

Йишеха таръелла
Аружа цунна,
Нохчочун амалах
йоьлла иза.
Хиъна яц ша-шена
хІоттийна шун а.
Ехаш ю, лур долуш,
эшча, шен са.

Хиира Аружа
сацоран бахьна,
Ниийсо а, бакъо а
лелаш а яц.

Хьаькам мел волчу и
масазза яхна,
Хаддийна жоп дала
цхьа а вахьац.

ВорхIалгIчу дийнахь и
яьккхира ара,
Майрачун я берийн
дуьхьа ду-те?
Елхаран къурдаш деш
хIоьттина Iара,
Когахь ю бехчалгаш,
шийла ду де.

Ойланаш йора цо:
«ХIинца-м сан бераш,
Мацалла, шелонна
делла хир ду.
Муха со ехар ю,
кегделча тIемаш?
Муха со йоьрзур ю
суьйренца чу?»

Дерриг а дицделла,
йогIура хьаьдда,
Оьхучу бIаьрхишна
ца гора некъ.
ЙогIура сихъелла,
соьцуш, сахаьдда,
Татолех юьйлура
бIаьрзечух чекх.

Ирхонаш, охьенаш
йолчу кху ломахь,
Лай тIехь схьахаало
берзалойн лар.

ХIун дийр ду, ца хаьа,
малх буза болахь,
Адамаш леларх, некъ
белла бац шар.

Меллаша тIегIерта
буьйсанан бода,
ГIора а кхачийна,
хьалха бу берд.
Цунах чекхъяла а
хир дуй-те гIора?
Чекхъяьлча, гена яц
Iаш йолу керт.
Берд ах и тIехтили,
ели хих чекх а.
Серлонаш хаало
ехачу чохь.
ГIора а кхачийна,
йогIура текхаш:
«Алымкхан! Алымкхан!» –
белира мохь.

Диъ бер шен карийча
даланза дийна,
Йилхира Аружа
хетта хаза:
«Алымкхан, лаьтта тIехь
со мел ю дийна,
Лорур ю, хьо хьоме
йиша ю сан».

VI

Диц ца ло февралан
и Iаьржа денош,
Адамаш дохкар а
вагонаш чу,

Даймохк, юрт, дайн кешнаш,
хьайбанаш, цIеношI
Дисар а да воцуш,
воцуш цхьа Iу.

Эшелон сецначу
гIамаран арахь,
ХIокхаьрца нисвелла
цомгаша стаг,
Къастийна вагон а
туьйхи кхечарах.
Берашца йиснера
Аружа ша.
Хедира гергарчех,
юьртарчу нахах,
Йижарий бигира
кхечанхьа дIа.
Ца яла хьожур ю,
хьожур ю яха,
Елхарх а ца тийра
гIелделла са.

Иштта нисъеллера
Таласан йистехь,
Лекхачу лаьмнаша
биначохь го.
ГIо дан цхьа стаг воцуш,
гIаддайна йисча,
Дара исс бIе шовзткъе
доьалгIа шо.

Массаьрга буьйр дира:
«Комендант волчу
Куьг яздан ван веза
бсттан коьртехь.

Ялхитта шо кхаьчнарг
ца вагIахь, холчу
ХIоттор ву, таIзар деш,
вийр ву и бех.

Нагахь гIахь лечкъина
юьртара юьрта,
Духкур ду къизачу
набахти чу.

Бакъо ю довла а
ураме, уьйтIа,
Амма шун доза ду
дIо ломан шу».

Массо а кхийтира:
махках а даьхна,
Маршо а яйъина,
дайъина ирс.
ПаргIато, лаамаш
кога кIел хьаьшна,
Сийсаздеш кхайкхор а
лур ма дац диц.

Даймахке сатуьйсуш,
Кавказах хьегна,
Казахийн, гIиргIизойн
латтанаш тIехь,
ГIелонна буц юуш,
мацаллехь эгна,
Хийла бер, да, нана
къаьсти вовшех.

Байлахь а дисина
бераллин хенахь.

Бицбелла ненан мотт,
йицъелла цIе.
Тахана ган тарло
бисинарш генахь,
Йоцуш Даймахкаца
цхьаа зIе.

VII

Кхойтта шо геналлехь,
Iазапехь, балехь,
Дин эзар ворхI бIе сов
и Iаьржа де.
Илланча, цу хенах
ахь илли ала,
Мила ву бIаьргех хи
далаза шен?
Бакъ туьйли, харц ийши,
халкъ махка дирзи,
Денъелла дIахIоьтти
Нохч-ГIалгIайчоь.
Даймахкахь, къен хиларх,
милла ву ирсе.
Делахь а диц ца ло
мел хилларш соь...

Цхьаццаммо гергарчийн
даьIахкаш цIа ъна,
Кешнашка дIайоьхки,
хIиттош чарташ.
Алийша, мила ву
вон тIе цадеанарг?
Сан кийра йижна хан,
хилла шех даш.

Цхьа ваша висина
сан а цу генахь,

Чурт а дац, кошан барз
кара ца бо.
Цу хенахь халкъашна
динчарна зенаш,
НеIалташ кхайкхош берш
тахана го.

Сан Даймохк, хьоме халкъ,
дагца шух ийна
Веха со, баржийна
дахаран тIам.
Цхьа а гац тахана
балане, гIийла,
Массарна бевзина
маршонан чам...

Хаттарш, тIедахкарш

1. Дийца Рашидов Шаидан поэзех шайна хетарг. ХIун коьрта башхаллаш ю цуьнан поэзин?

2. Лирически турпалхочун ойланаш, синхаамаш.

3. Шуна хетарехь, муьлха поэтически суртхолларан башхалла ю Рашидови поэзехь?

4. «Аружа» – исторически хиллачийн буха тIехь язйина поэма ю. Махкахдаьккхинчу халкъо лайна баланаш, халонаш гайтина цу тIехь. Аружин, Алымкханан васташ муха гайтина поэто? Кхин хIун баланаш лайна махкахдаьккхинчу халкъо?

ГАЦАЕВ Асламбекан СаьIид
(1938–2013)

ЙИШЕ МАРЖАНЕ

Сан шерийн мур баьлла,
Хено цел етташ,
Денош сан дIаоьху
Къегина, сирла.
Делахь а кхоьру со,
Сайн карахь сетташ,
Деш долчу гIиллакхо
Стом ца луш керла.

ХIун дер ас? Воьлур со
Я воьлхур цунна,
Сайн болу цатемаш
Балхабеш гIийла?
БIаьстенан суьйре ю
Хьесталуш сийна,
Дац цуьнца цхьа а аз
КIоршаме, шийла.

Ас хийла къахьегна,
Хьоьгур ду хийла,
Вайн мехкан шораллехь
Сайн иллеш къаггалц.
Ас царна дIалур бу
ДегIан ницкъ, ойла,
Цкъа мерза дош хилла,
Со верриг ваггалц.

Цхьа чIогIа дезало
Вайн нана-лаьмнаш –

БІаьстенан зезагийн
Дагна цІе гІитто.
Езало суьйренаш,
Бохь лекха хьаннаш –
Вайн нохчийн хазаллин
Мутт мала хІитто.

Цундела воьлу со,
Воьлу со хьуна,
Сайн болу цатемаш
Ца балхош гІийла...
БІаьстенан суьйре ю
Хьесталуш сийна,
Дац цуьнца цхьа а аз
КІоршаме, шийла.

***

Хаьий хьуна, Фирдоуси
Муха хьежна туьре, уьрсе?
Берах наггахь сту я етт,
И ма хилла бакъ поэт,
Лаза а, делха а дог а долуш,
Стаг шех тешшол дош а долуш.
Хаьий хьуна, Фирдоуси
Муха хьежна туьре, уьрсе?
Хаьий хьуна, муха хьежна?
Хьежна иза дог а доьжна,
Цаьрца Іожал йолу дела,
Оццул къиза юкъахь лела,
Уьш дІадахар лууш шена,
Дуьне дита там-машарна,
Эшаршний а, иллешний, –
Иза-х ахь а ма дешний? –
ТІемаш буьйцуш, уьш харцбарца,
Халкъаш юккъехь барт бакъбарца.

Бакъ поэтан дог ца Іело,
Делахь вон я елахь гІело,
Делхаза а, лазаза а,
Синтем боцуш, Іийжаза а.
Хаьин хьуна, Фирдоуси
Муха хьежна туьре, уьрсе?

***

Хатта хьайна Саадига,
Хатта хьайна хьаьнгга а:
ХІара дуьне цІерга дигахь,
Даккхалур дац цхьаьнгга а.
Иза аьлла Саадис а
Шен «Зезагийн махка» тІехь,
Цхьаъ ду дуьне тІаьхьадиса,
Ирс а лаьтташ паргІатехь.

Ирчу уьрсал йиш ца тоьлу?
Я боданал – нуьре малх?
Дог а доьлхуш, стаг ца воьлу –
Хаа тІаккха ирсан мах.

Схьаялохьа, куьг схьалохьа,
Безам боцург, дош ма дац.
Вайн кху дийно вон ма охьа,
Ма де иза цхьаннан дас.

ХІара зама туьре, тоьпе
Йохалур яц цкъеллиг-цкъа,
Халкъаш хилахь цунна жоьпе,
Дуьхьал – вочу ницкъана.

***

Цкъа а дац сан ойла къуьйлуш,
Дац со таьІна гІелвала,

Денош хилча нуьро кхолуш,
Дахар хилча хаздала.

Лаьтта аьхке тоқхе, юьзна,
Къегаш сирла бІаьргашца.
Суна керла эшарш хезна
Лам тІехь элан кесаршца.

Лела мангалш зевнаш шершош,
Самукънечу бацалахь,
Вахо, мерза хьожа яржош
Сирла маьлхан хьацарлахь.

Баккхийбер ма кхачалойла
Цкъа а нехан дегнашкахь!
Сийна синтем, шолан ойла –
Белхан хазчу деношкахь.

Хир ду Іаьнна чоме докъар,
Даар, малар – мазалгІа.
Адамаш, со шуьга вогІур
Гуттаренна хьошалгІа!

***

Хийла нохчийн кІант
Гена аренгахь
Іилла вити ахь,
Маьлхан кІайн дуьне.
Хийла нохчийн йоІ
Латта гІевленгахь
ДІайижий-кха ахь,
Маьлхан кІайн дуьне.
Гена аренгахь,
Латта гІевленгахь,
Маьлхан кІайн дуьне.

Уьш шайн дахаро
Мичахь хьистина,
Ала, дийца ахь,
Маьлхан кIайн дуьне.
Къаьхьа дарий уьш
Дарцо цистина,
Диц ма делахь и,
Маьлхан кIайн дуьне.
Уьш ца хьистина,
Дарцо цистина
Маьлхан кIайн дуьне.

Церан безамаш
Лаьтто хуьйдина.
Хаьий хьуна и,
Маьлхан кIайн дуьне?
Церан марзонаш
Воно хедийна.
Хаьий хьуна и,
Маьлхан кIайн дуьне?
Вуно хедийна,
Лаьтто хуьйдина,
Маьлхан кIайн дуьне.

Уьш шайн дахаро
Мичахь хьистина,
Мичахь хьистина,
Маьлхан кIайн дуьне.
Къаьхьчу дарцо уьш
Дера цистина,
Дера цистина,
Маьлхан кIайн дуьне.
Уьш ца хьистина,
Дера цистина
Маьлхан кIайн дуьне.

***

БІаьсте хир ю – бІаьсте, бІаьсте! –
Елаелла забаре,
Массо хелиг, эсал лестий,
ХІуьттуш бецан чІагаре.

Со ма генахь лела хІинца.
Леларх суна хІун карий? –
ХІун карийна, мохк шайн хийцарх,
Баханчарна Хункаре?

Хьо ма вела кху сан балхах –
Делахь, дагца Іан ца луш,
Ас мел тайпа ойла лехарх,
Яц и коьрте кхоллалуш.

Ца бах иза хазчу цІарна,
Дешнаш хоьржуш дешнашлахь –
Бай тІехь техка полла санна,
Сан дог техка лаьмнашкахь.

ХІун го цунна? –
БІаьсте, бІаьсте,
Елаелла забаре,
Массо хелиг, эсал лестий,
ХІуьттуш бецан чІагаре.

Хаттарш, тІедахкарш

1. Даймахке безам, адамийн хазахетарш, халахетарш, деган йовхонаш, дегаІийжамаш – и берриг бовха синхаамаш шатайпанчу исбаьхьаллица кхоьллинчу Іаламан суьрташкахула гучубовлу Гацаев СаьІидан лирикехь.

Дийца цуьнан теманийн дукхаллех шайна хетарг.

2. «Гацаев СаьІидан кхолларалле хь Іаламан лирика» темина доклад язъе.

АХМАДОВ Мохьмадан Муса
(1956)

***

Нохчийн махкахь нохчийн маттахь
Iена шовданаш,
Орга гIергIа бердийн гаттехь,
Доьлху догIанаш.

Кечлуш бIаьста аьрцнаш, духуш
Сийна холхазаш,
Нохчийн маттахь эшарш лоькхуш
Хуьлу олхазарш.

Нохчийн метан мукъам сецна
БIаьвнийн бердашкахь,
Нохчийн ненан марзо йисна
Ширчу керташкахь.

Нохчийн маттахь лер ца хезаш,
Мохк бисина цкъа,
Ша дуьйцучух стаг ца кхеташ,
Доккхуш кхойтта Iа.

Нах юха а карзахбевлла
Байлахь бита мохк,
ЦIахь боллушехь, цIерабевлла,
Бицбеш мехкан мотт?!

ЗИНГАТИЙН БАРЗ А МА БОХАБЕЛАХЬ

(Повесть)

Суна тамашийна хета, гуттар а малх а болуш, екъа меттиг ю аьлча. Ян-м ю, суна сайна а гина иза. Кхузахь хIара догIанаш дуьйладелча, тешна а ца теша, иштта мохк хир бу бохучух. Дош дацара цу малхехь вижна ца Iиллича, кху дегIехь йолу тIуналла дIаяллалц! Хьалха и цIе дегIаца яра, цундела хаалуш ца хилла.

Хьо иштта, дIа а товжий, Iе хьо, Асхьаб. ЛадогIа ахьа дадас хьайна дуьйцудолчуьнга. Хилларг хиъча дика ма ду. ХIинца шун хенахь-м хир дац ишттаниг. ХIетте а, хаарх новкъа дац-кха. ХIинца и зуда чу а йогIур яц маьркIаж-бода къовлабаллалц, бежанаш а Iалашдина, котамийн буьнан неI дIа а къевлина, дечиг а дохьуш. Ахьа наб кхетийтахь, цо хьо меттах а воккхур ву, аса вижна вац боххушехь: «Мегар ма дац маьркIажехь вижийта...»

Ахьа соьга хаьттира, Асхьаб, лулахой ма бац вайн, аьлла. Сан вара хьуна дика лулахо. ДIавелир-кха.

ДогцIена стаг вара иза, нахана дика болх хилахьара аьлла хеташ. Цо хIаллак а ма вира хьуна иза. Нах тайп-тайпана бу-кх. Бу-те!

Иштта хIара санна маьркIаже яра иза а. Со мукх оруш вара. Хьалха иза, хIинца санна, ма ца орура. Хьалха мукх, хьакха а хьокхий, цIевнаш а дой, цIа бохьура. Таккха, царна тIе стерчий, говраш хьийзош, орура. Вайн стерчий дара, Асхьаб. КетIахь боьгIна бIогIам бара, уьш цунах дIа а доьхкий, лоххура. Иштта гонаш а дохуш, цара хьуьйра цIевнаш. Цунах олур-кха мукх арар.

Цу сарахь ЗухIайра вайн керта йиеге а хIоьттина лаьттара, ваггахь соьца къамеле а волуш. Бажа цIа богIу тергал а беш.

– Ассалам Iалайкум, суьйре дика йойла хьан, ЗухIайра, – и аз ма-хеззина, лоллу ши сту а битна, керта улло вахара со.

И аз кху эвларчу стеган дацара. Суна озаца кху юьртара массо а стаг вевзара. ДIо еттина кибарчиташ еш шиъ неш хилла волу Iумха луьйш, хара екаш санна хетара, цуьнан лулахочо Коврас чIогIа лерина дуьйцура хабар, дешнаш дIаса а ийзош... БIагас иттех дош аьлча, хьалхара шиъ бен кхетар а дацара, вуьш мери чохь дуьсура цуьнан. Исс зуда ялийр-кха цо. Гуттар а кхо зуда хуьлура

цуьнан лелош. БІага, берзан цІога ду-кх хьан, ца хилча ишттa зударий муха кхуьйлур...

Цо: «Зударшна оьшург дерриг а...» – мери чохь гІам-гІим динера. Церга тІера балда а деддера дукха, цуьнан шен боху аса. Ткъа гонаха берш, кхеттачул тІаьхьа, бехха бийлинера. ШолгІачу дийнахь кху юьртахь мел верг вара цунах воьлуш... ХІинца ваццкха, цхьа а вац. Я БІага а, я Іумха а, я Ковра а... Со цхьаъ виснакх, уьш Іийна меттигаш а гуш, цара лелийнарг дага а лоьцуш, кхузахула волавелла лела...

Бетарсолтас элир-кха... ХІаъ, иза вуьйцу аса. Шина шарахь Шуьйтахь пинотделехь болх бинарг вац? Юха дукха къаьркъа мийлина, куьйгаш эгон а долийна, ручка кара а ца лацалуш, дІаваькхинарг вац? И цІа веана-м иттех шо а ду. Колхозехь учетчик ву. Аса а бина и болх-м, хІетахь вайн эвлахь ТОЗ йиллича, цу ТОЗехь. Я, хІара санна, кура а вацара. ХІокхо хІинца а галстук охьа а ца юьллу, тІома кІел кехаташ а лоций... ХІаъ, цо элиркха, аса шега, бІаьрга тІе бІаьрг а хІоттийна, шен да дІаваларан хьокъехь кадам бича, мет-меттара дош олуш, цуьнан дог эца дагахь, дера элира, диалект ю-кх, аьлла. Цкъа а, шозза а цо и аьлча: и хІун ю ян мукъна а? Воккхахверг дІаволу, жимахверг тІекхуьу... Ишттa-м дара иза, воккхахверг дІа а ца волуш хила мегар яцаратехьа и диалект... Ма хир дара тІаккха... Бетарсолтас ечух тера а дац ишттa ойланаш. Диалект ю аьлчахьана, сапаргІатдолу. Шена тІекхаьчча, хуур ду-кх и хІун диалект ю...

Юха, дІадуьйцуш ма вара со, Асхьаб, ладогІа ахьа. ХІинца хІара алу та а ялийтина, аса вайшинна хьаьжкІа йоттур ю. Аса хьуна бохь лур бу, хьо хаза хилийта... ХІан-хІа, лур бац. Хазалла стенна оьшу къонахчунна... Аса бух лур бу хьуна, майра хилийта.

Оцу маьркІажехь ЗухІайре салам а делла тІехІоьттинарг кху эвлара вацара. Со, сайн болх а битина, дІа керта юххе гІоьртира. Суна, тІе ма-хьаьжжина, ца везавелира и стаг а, я цунна тІехьа лаьтта цуьнан ши кІант а. Цуьнан бІаьргаш а ца дезаделира, цхьа ира, ца Іеба бІаьргаш дара цуьнан. И тайпа бІаьргаш долу стаг иман доцуш ма хуьлу; ша хІуъа лелийча а, цуьнан ойла а ца еш, хьерадаьлла жІаьла санна, дуьнен чухула хьаьдда лела.

Хlун дийр ду цу тайпанчу жlаьлина? Дан хlумма а дац, ший а йолуьйтуш, шалго топ ца тохахь. Ткъа и топ тоха а ма ца лаьа пахана, жlаьла а дийна, стаг вийнарг ца хила. Цундела хьаьдда лела иза шех террачунна, я цхьана декъазчунна тlеlоттаваллалц...

– Ва lалайкум салам, – схьаийцира ЗухlайрасалаМ. – Марша-могуш хуьлда. Шу лаа лелий?

– Лаа ма лела тхо-м. Де доьхначу дийнахь арадевлла лела-кх. Чlир хьаьрчина сох, ца хууш сан карах стаг а велла... Хlокху шинна нана а кхелхи, и цхьа сиха цамгар а кхетта... Иштта тхаьш тlеоьцур долу юрт лоьхуш арадевлла-кх...

– Бохам бу-кх, боккха бохам. Дала гечдойла кхелхинчарна а... Мича эвлара ду шу?

– Хlуьнчlаьнчlуьлгара.

Суна юьйцу а ца хезнера и тайпа юрт.

– Тайпана?

– Оццу хlуьнчlаьнчlуьлгахойн тайпана.

Хетарехь, и тайпа, вайн нохчийн тайпанаш тlехь долчу тептар тlе дlаяздар стенна дуьйцу, цунна улло дахна хиллехь тамаш бара...

Хlинца а ойла йо аса кест-кеста оцу хlуманан, иштта юрт а, я тайпа а хила а хиллий-техьа бохуш. Суна дуьйцу-м ца хезна адамашна юкъахь. Ша шайтlанашна юкъахь ца хиллехь. Хетарехь, и стаг а шайтlанех хилла хир вара, я адам-йилбазех.

– Цlе хlун ю хьан?

– Жахарбек.

ЛадогIал ахьа цу цlаре. Адаман хир юй и цlе? И цlе махезина, хаа дезара ЗухlайрИна, и хlун стаг ву. Тlе ма-хьаьжжина, стеган дагахь дерг а хууш ма вара иза, цомгушчун хlун лозу а, йочана маца хир ю а...

Юьртана а дукхавезаш стаг ма вара, Асхьаб, ЗухlайрА. Дера вара цомгушчунна лор, лечунна – молла а, оьшучунна – накъост а, дан хьехар а долуш. Цо аьллачу даша тlера вер волуш цхьа а ма вацара, хьуна, кху юьртахь.

Жимъелла йогIучу (кест-кеста ун а даьржара цу шерашкахь кхузахь, сингаттамо а, къоьлло а бlарзбой, вовшах а, нахах а леташ хlаллак а хуьлура адамаш) хlокху юьртан да хилла лаьттара

иза. Наха цуьнан урд а, бежанаш а леладора. Ша санна, оьзда зуда а яра цуьнан, цкъа а къа доьхуш я вон дош олуш нахана а, хьайбана а хезна яцара иза. ХIинцца дагалоцу хьуна аса цуьнан цIе. ХIаъ, Баху яр-кха. Цушиннан цхьа доьзалхо а вара, кхиъна вогIуш кIант – Керим...

Собар де, собар де... Цкъа хIара овкъарш дIаяхийта. ХIан, хIара бу, хьуна, бух. Яа ахьа, яьгна хилча а хIумма а дац, майра хир ву хьо.

Дера, Асхьаб, бакъ ма ду, хьуна, хила доьгIначунна бIаьрг артло бохург. Оццул хIума хууш волчу ЗухIайрина ца вевзинера и Жахарбек, суначул башха.

Суьйрана вахара со ЗухIайра волчу. Иза паднар тIехь, гIайбех дIатевжина, суьлхьанаш а хьийзош Iара. Баху пеша хьалхахь хьийзара.

– Далла воьзийла, схьавало, Бауди, охьахаа, – дегI нисдеш, хьалагIаьттира ЗухIайра.

Суна стенна дуьйцу ахьа, берана а гIоттура иза гуттар а ишта хьала. Ткъа со мича хуур вара, хьуна, цунна улло, паднар тIе. ХIуъа аьлча а, ца хиира – цуьнца со нисвалар хир ма дара иза. Паднар хьалха, лоха гIант а хIоттийна, охьахиира.

Бахус дукха хан ялале сискаллий, даьттагIий хIоттийра тхойшинна хьалха. Асхьаб, и мел догдика стаг яра хьуна аьлча, ша санна срг кхин хир йоцуш яра. Лахенцара яра иза, Шелара. ЦIерачаьрца кхин гергарло лелош яцара, уьш реза а боццушехь еанера иза кху тIулгаш юккъе, кху къаххаш юккъе хьала, ЗухIайрина тIаьхьа а хIоьттина, цо йола ма-элли.

ДогIа деанчу аьхкенан Iуьйрана кхечира и шиъ юьрта. Малх а кхетта, екхнера стигал. Бажа дIалалла эвлайисте бевлла зударий, оцу малхал хаза нускал а гина, Iадийна биснера. Тхиша кучан юх а ца тIадийнера цуьнан, иза ду-кх тамашийна, говрал а лекха йовлучу яраш юккъехула схьадеанехь а... – иштта хабарш дуьйцура юьртарчу зударша хIинц-хIинца а.

Кхин а еза, боху ахьа? ХьаьжкIаш дукха йиъча, дика хир ма дац. Собар де, хIинцца хIума кхоллур ю вайшиммо. ХIоккхузахь, кхакхи тIе дIа а товжий, Iел хьо. Иштта, дадин борз ю иза.

ТIаккха... ЗухIайрас далийна и нускал-Баху, юьртана а дукхаезаш нус а хилла, дIахIоьттира. «Бахус санна дика бепиг дийр дац цхьаммо а, цуьнан чIепалгаш чекхъхьаьжча са а гуш хуьлу, цуьнан даьттагIа...» – иштта къамелаш дора къонахаша, шаьш вовшахкхетча, пхьоьханахь. ТIаккха, гул а лой, ЗухIайра волчу чай мала боьлхура.

Ткъа эвларчу кхечу зударшна дезало, моьттурий хьуна иза? Мичара! Делахь а, шайлахь «бур-бур» а дой, IадIара, цIийндайх гучубовла ца баьхьаш.

Бахус яхIума дика яр стенна дуьйцу ахьа, Асхьаб? И кху эвла юлаш бевзаш ца хилла кхачанаш юкъабехира цо. Пулу дуй, стомара вайшиммо диъна долу? Иза дуьххьара кху эвлахь Бахус ма дира. Вайшиммо диънарг пулу доцийла хуур дара хьуна, и айхьа диънехь.

ТIаккха, со мича кхаьчнера?.. ХIа-ан, Бахус тхойшинна хьалха даьттаггIий, сискаллий хIоттийра. ХIетахь биъна и даьттагIа дагабеана суна сийсара. Цунах ма хьийзайо аса хIара, зуда аьлча а, эла Къахьарма. ХIаъ, со къан а валийтина, эла хила Iийна хилла хIара. Хуур дар-кха хьалха, дIа ма-элли, бийр бара. ХIинца «хIинц-хIинца» бохуш лела...

Тхойшиъ, даьттагIа а биъна, тIе гIалмакх-чай а мелла, паргIатваьлла Iаш, аса элира ЗухIайре:

– Со реза вац оцу хьешашна...

– Стенна?

– Цуьнан бIаьргашна, дукха ира ду уьш...

– Бохам тIебеана стаг ву иза, бохамо хийца ма хуьйцу бIаьргаш а, сибат а...

– ХIетте а...

– Сайгара хIумма а дийр дац аса, нахах дага а ваьлла...

Ойла йоьхна велира со и волчуьра ара. Суна хаьара, баккхий наха ЗухIайрас аьллачунна реза хир буй.

Вехха лаьттира со, кех араваьллачул тIаьхьа серий дуцуш йолчу керта улло а хIоьттина, церан жима кIеза а летош, хьешийн отин кора кIелахь.

Цу чохь хIума а йиъна, дикка буза а буьзна, дIабийшиера ЖахарбекгIар. Суна дуьхьалтесира уьш. Шайн хIуманашца хьала а бевлла, Бахус IатIаран хьожа йогIу, ло санна кIайн шаршош а йохкуш кечбинчу тIергIан меттанаш тIехь Iоххуш, «хур-тIур» а деш.

Оцу буса тIаьхьо бен ца кхийтира суна наб. Корах цхьаммо беттачу пIелго ваькхира со сама.

Берзинчу когашна калош а туьйдина, дIаараваьлча, ЗухIайра ву-кх.

– ХIун хилла? – хоьтту аса.

– Хьеший бахна-кх сан, са а тасале.

– Цхьа хIума лачкъийна хьуна.

– Ца лачкъийна, со хьаьжна...

– Делахь, кхин а дика ду-кх, дIабахийтахь, сецо оьшуш хьеший бац хьуна.

– ХIан-хIа, эхь ма ду иза. Хьаша вадар...

– Делахь, ахьа бохург дийр ду-кх.

– Уьш юхабало беза, тIаьхьа а вахна...

Орган чу кхаьчна боьлхуш бара ЖахарбекгIар, буса арахь стогар латийча, аьнгалхаш санна, могIа а бина: хьалха – йоккха аьнгалха, тIаьхьа – жима ши кIорни...

Говр хьалха а эккхийтина, сацийра аса Жахарбек.

– Юхаверза!

Иза дикка соьга хьоьжуш а лаьттина, кхин хIумма а ца олуш, юхавирзира. Цо дуьхьало йинехь, цунна, ша нелана санна, шад еттар йолуш хьан дада а вар-кха, хьуна, Асхьаб.

ХIетахь хьан дада хIинца санна ма вацара. Оззийна нелан цIога бухадоккхур долуш, онда вара.

Тхо юхакхаьчча, эвла юккъехь гулбелла лаьттара баккхий нах, шайна юккъехь ЗухIайра а волуш.

Жахарбека элира:

– ЗухIайра, хьуна Дела реза хуьлда. Ахьа дика хьошалла а дин, суна эхь хоьтуьйтуш. Цундела, со сайн доьзалца тIеэцахьара аьлла, шуьга дехар а дина... Стаг юьртана тIеэцар а, цунна латта далар а доккха хIума ду... И дехар а дина, шу холчухIитточул я, ана суна дехар ца делча (и тайпа меттигаш сох хIинцале а Iитта

я елла), сайна халахоьтуьйтучул аьлла, дIавахнера со. Хьо суна къинтIера а вала, ЗухIайра...

Цхьа а вист ца хуьлуш тийналла хIоьттича, хьалха Iаса дIа а гIортийна, шен хиш оьху хьела бахна ши бIаьрг корта а оллийна даьттачу Жахарбекана тIе а боьгIна, вистхилира юьртахь уггар а къена волу Колла:

– Къонах, тхо долчу хьо дуьххьара ца веана, тIеэцахьара аьлла. Тхо, варшахой-м, игIа[1] борзахошца а, мигIа[2] мартанхошца а доланаш а долуш, боккха, дIайийнарг хIуьа тIе а йолуш беркате мохк а болуш, мацвелларг вуза а веш, гIо оьшуш, де доьхна веанарг тIе а оьцуш, даьхна хIинццалц а. Оха дина гIуллакх ахьа а, хьан тIаьхьено а дицдийр дац аьлла, хьан тхуна бала тешам белахь...

2

Асхьаб, хьуна наб кхетта? ХIара даьттагIа схьа-м баьлла хьуна. ХьалагIаттахьа дадина. Борз ю иза дадин. Дадас тIаьхьабуьтур бу цунна даьттагIа, Iуьйрана баа. Мерзий? Мерза-м бу. Бахун даьттагIий? Мичара! Иштта даьттагIа аса цул тIаьхьа баа ца биьна. Бахуга кхача-м дукха къахьега дезар дара эла Къахьармин. Кхарна, хIокху баккхийчу зударшна, елча а ма ца еза иза. Шайл тоьлуш хилла дела.

А-а, мичахь сецнера со?.. ХIаъ, юьртан меттигах дакъа а дина, эла йистехь ваха хаийра Жахарбек, – хьажал хьо цу цIаре! Муха ю? Делан неIалт цу цIарна!

Сотин миска вара цунна лулахь. Иза а вара ишгта юьрто тIеэна стаг...

Иза кху эвла кхачар цуьнан зудчун Самартан бехк бу, олура. Иза хаза дилхахь а йолуш, куц хьарам стаг яра. И зуда цхьа гIам кепахь зуда яра.

– Схьавеанчу юьххьехь, цхьана-шина шарахь, хаза дика Iийра Жахарбек. Кху вайн юьртахошца гIиллакх а лелош, къаьсттана ЗухIайрица. ТIаккха хийцавала волавелира иза – варста. Делан хьесапе воьрзуш. Мекхаш ирах а хьаьвзина, цкъоцкъамаш

[1] ИгIа (диал.) – лаккхахь.

[2] МигIа (диал.) – лахахь.

бIаьргаш тIе охьа а даьххкина. Дош ондда а олуш. Нахана тIе мохь бетта а велира. Хьажал хьо цуьнга, ша латта а делла, стаг а вина, охьахаийча, олучу баркалле.

– Зударша шайн бераш а кхерош, «Жахарбекана дIалур ву хьо» бохуш, буьрса стаг хилира цунах.

Иза уггар а чIогIа халонгадаьлларг ЗухIайра вара. Иштта а эгIаза волу иза, худавелла, дIаволуш лаьттара. Цхьана Iуьйрана шайн уьйтIа а ваьлла, малхбале а хьоьжуш, шабарш деш лаьтташ гира суна иза. Керта улло а таьIна, ладоьгIча, суна кьаьстира: иза Деле доьхуш вара, и стаг хIокху эвлара, зен-зулам доцуш, дIаэцахьара бохуш. Маьлхан зIенаршца а дехначунна Дала жоп ло олуш Iедал дара цуьнан.

Дукха хан ялале кху юьртарчу цхьаболчу зударийн бIаьргаш чохь, оцу Самартичийн санна, гIоматлин цIе хааяла юьйлира. Боьршачу нахана юкъахь а бара, Жахарбек санна, нелах тарбала кечбелларш.

– Схьайола, зуда, дIаяха хIара пхьегIаш. Алхьамдулиллах1. Вуьзи, хьуна, со-м... Схьакховдабе и гIайба, жимма дIатовжа со. Чудаийта и циниг а, стенна цIуьйзуьйту ахьа иза. Шура йотта ахьа цунна. Иштта.

ТIаккха-а... ХIаъ.

БIаьстенан юьхь яра. Доккха кхетта беттаса а долуш, екхна буьйса юккъе лестинера, оцу дIо лома буьххьера мохь беача...

Шен аз хуьйцуш, мара дIакъевлинера мохь беттачо. ТIаккха цIаьххьана и велавелира, мара дIа а хецна. Суна девзира и велар. Иза Жахарбекан дара. Со цецвелира: ша-шена и хIума муха дуьйцур ду? ТIаккха кхийтира со цунах. Хьалха-МартантIе воьду аьлла, цIера ваьллера иза оцу дийнахь.

«Хьера кхайкхор» дихкинера иттех шо хьалха ЗухIайрас. Бакъ а, харц а дуьйцуш, нахана юккъе зуламаш туьйсу аьлла. Юьртахь мел волчуьнга дIахьедира, и гIуллакх динарг шаьш дIавуллур ваш аьлла.

ХIетахь дуьйна, кхин цхьа а юкъа а ца ваьллера и бехкам бохош.

ШолгIачу дийнахь, Жахарбек цIа веача, Сотас хьаттинера:

– Хьуна хезний иза?..

– Хезна, иза бакъ а ду. ХIун дан воллура хьо? – шен тоьпан чаппагIа дIасатоьхнера нело.

Сотас оцу буьйсана сатассалц дехарш динера Самарте, хIокху эвлара шеца дIаягIахьара хьо бохуш. Иза кхин тIе ца тайча, «Дала бекхам бийр бу-кх хьуна» а аьлла, шен сал-пал, шад бина, ги а тоьхна, сатоссуш, чIоб дIасецча, дIавахнера, дIо цанаш йолчухула хьала а ваьлла, ши ког а текхош, тхилахь лар а юьтуш.

Доккха хIума дар-кха, и стаг ламаро хиллехь... Бакъду, нагтахь нис-м ло ишттаниг. ТIулгаш юккъехь зезаг а долу.

Юха маситта шо а даьлла, Соьлжа-гIала балха хIотта со вахча, шигахь гира суна иза. Мехкадаьттан тIехь. Кхин зуда а ца ялош, ша Iаш вара миска.

Сота юьртара дIаваханчу дийнахь, юьртахошка хаьттиний, вуллий хIума доцуш, цуьнан керт шена схьачулецира Жахарбека. ТIаккха, совца ца туьгуш, догIанаш дуьйладелира. Дийнахь а, буса а хаддаза оьхура уьш. ХIокху эвлах уьпал хуьлуш лаьттара. Яраш ма дебнера моьттахь, стагал лакха а евлла. ЦIенойл лакхайовлуш лаьттара. ЗухIайрас ша волчу гулбеллачу пахе, хIара юрт хин буха яхарна кхеравелла ша, доIанаш а де, сагIина хIума а ло элира. ТIаккха цо, иштта догIанаш эхаран бахьна эвлайистехь Iен и ши адам-тайпа хила мега, элира. ЧIагIдан йиш яц, Делан къайле йоккха ю.

ТIаккха цо цу суьйрана шеца ши накъост а эцна вахна мах бира Самартаний, Жахарбеканий, цушиммо бе а ца боххушехь, юрт хин буха ца яхийта. Тьфу, неIалт цушинна, эхь а ца хеташ Iаш ма ду, бохура, хьуна, хиъна, баккъал а чIогIа кIант-стаг, нускал а хилла.

ДогIа цул тIаьхьа а дIа ца сецира. ШолгIачу дийнахь, маьркIажехь, эвлайистехь орца дохуш хезира.

Масео а дIахьаьлхира цига. Амма сиха баха ца лора, яраш а, хатт а хиларна. Цига дIакхачале масех сахьт делира (хьалха-м ițța минотехь а дIакхочура). ДIакхаьчча, гуш хIума а дац. ЖахарбекгIар, ков дIа а къевлина, чулевчкъина. Эццахь дIаса го-

наха бІаьрг тоьхча, Губи-миска ги-кх тхуна догІанан Іовраш чохь Іуьллуш, тІе гІум а, чалх а тоьхна...

ШолгІачу дийнахь дІавоьллира Губа. Иза цхьалха стаг вара, сагІа деха кхуза веанчохь, юьрто латта а делла, висна. Иза Жахарбекан шина кІанта Махьарбекий, Шахьарбекий (цІершка хьажал хьо, цІершка, неІалт цу цІершна!) хьокхий диттина, вийна хиллера, шайн дош дашера даьлча.

ШолгІачу дийнахь, Жахарбеккий, цуьнан ши кІанттий воцург, массо а кешнашка вахара, Губа дІаволла.

Цигахь тІеоьхучу догІанехь и дІавоьллина бевлча, конан коьрте а хиъна, еса доьшуш Іен ЗухІайра хІинца а дуьхьаллаьтта суна. ХІетахь дукха къила вахна дийшира цо иза, дагах чекхдуьйлура цуьнан аьзнаш, дегІа тІера массо чо ира а хІоттош... Цул тІаьхьа кхин дийна ца гира суна иза.

ЭхІ, эхІ, Асхьаб, къонах воьлхуш товш ца хуьлура... ХІетте а, и дагадеача со ца вилхича Іен-м ца ло. ХІа-ан, схьавола дадина. Вайшинна мотт охьабиллина. Иштта, аьтту агІо буха а биллий, вижа, иштта. Дадин борз ю иза...

ТІаккха, Асхьаб, ЗухІайра Жахарбек волчу вахнера, ша цхьаь, нахе ша чувоьду а аьлла. Цунна ша юьртана хьалха бехке хетара и зуламан да тІелацийтина дела.

ХІара дІакхаьчча, Жахарбек Губин-мискин керт чулоцуш хиллера, лаьттах хьокхий а детташ. Латта тІеда а долуш, хьокха кІоргга боьдуш хиллера, цунна тІе хатташ а бетташ, иза виснарг а нелах тарвеш.

– Аса Делан цІарца дехар до хьоьга, дІавала кху юьртара, – аьллера ЗухІайрас.

– Стенна? Ахьа тІаьхьа стаг а ваийтина, юхавеана ма ву со.

– Маьрша стаг вийна аша.

– ХІан-хІ? Стаг вара иза? СагІадоьху... Сан херсешна хаьа хьуна, хьанна кІомсарш тоха еза.

– Хьо бахьанехь догІанаш а оьхучура ца совцу, яраша хьуодеш лаьтта цІенош..

– Яраш хилча, дикахо а ду-кха нелана... хур... хур... – цІупала керча яьллера нал.

– Аса Делан цIарца доьху хьоьга...

– Латта хьена ду шун, хьокха кIорга боьду, хьажал хьо... Иштта орам кIорга тесна аса кхузахь...

– ДIагIахьара хьо.

– Мича гIо боху ахьа, мича?

– Хьо схьавеанчу ХIуьнчIаьнчIуьлга дIагIохьа.

– Цига хьаха ву аса хьо вохуьйтур,– чу а хьаьдда, дега тIе кIомсар а тоьхна, вожийнера цо ЗухIайра...

Со-м юха а воьлхуш ву хьуна, Асхьаб. И дагадеача, зуда санна ца вилхича, Iен а ца ло. Я тховса наб а кхетар яц, яц дера. И дагадеача, наб муха кхета? Аравер вара, догIа дацахьара. Волавелча, жимма сапаргIат хуьлура. ХIинца догIа ду. Ду-те. ДогIа.

3

ШолгIачу дийнахь дIасецира догIа. И ца саца йиш а яцара – доккха сагIа дара юьрто даькхинарг. Къеггина малх а кхийтира. И дIавоьллинчул тIаьхьа доцца маьлхан догIа а туьйхира – стаг декъалхиларан билгало ю иза. Мел дукха адам листаделира кху эвла. Ши де а далале, бакъийра цара вайн эвла богIу некъ. Вуьлта-м кIиранах а бакъалур бацара иза.

И нал а, цуьнан херсеш а тIаккха а ца евлира юьртах. Доккха гIуда хиллера кху юьртах хьаьрчинарг. Шайн кертан го чIагIбеш хьийзара уьш.

Кертан еа а маьIIехь цара дIахIиттийнчу шалго-тоьпийн бархI бIаьрг хьоьжура юьрте.

ХIетахь даккхий хIуманаш хуьлуш дара лахенца, Асхьаб. Пачахь вохийна-м иттех шо а дара... Стенна велакъежа хьо, наб кхетта воллушехь? ХIахI? Дадин борз ю иза, дера ю...

ХIинца и хийцамаш кху юьрта а кхаьчнера. Со хIетахь пингент вара. Нахера налогаш схьайохуш лелаш. ДоттагI а вара сан. Цхьа тайна жима стаг. Шуьйтара ваийтина, вайн эвлахь комсомолан ячейка кхолла. Асхьаб яра цуьнан цIе а. ХIаъ, хIаъ, велакъежа хьо. Цундела ма тиллина аса хьуна и цIе. И санна хилахь-м, ледара кIант хир вац хьо, дадин борз. Мел куц долуш вара. ХIетахь

юкъадевлла цIенчу исхарин галпеш йолу хеча а, кийтал а лелош. Цуьнгахь хилла и мачаш – хIинца батянкаш олу-кх царах – йолуш дукха бацара хIокху вайн варшахойн кIоштахь.

Ткъа майра, бохий ахьа, цул майра волуш стаг малх кIелхула дIаволавелла хир вацара... ХIинца а дуьхьаллаьтта суна иза, вела а къежаш, тал санна ирх а вахна, тоьпан биргIи тIе воьдуш, тапчи тIе ка а диллина...

Мел тамашийна стаг вара, хаьий хьуна, иза. ЧIогIа тамашийна хIуманаш дуьйцура. Вайн ардаш охуш аьчкан говраш хир ю, бохура, тIаккха массо хьал долуш а хир ву, шен долахь цхьацца конка а йолуш. Кху юьрта тIе богIуш боккха тIулгийн некъ а буьллур бу. Цо-м седарчех лаьцна а дуьйцура, уьш вайна гуш болу малх санна ду бохуш. Дуьне ду, бохура, хьийзаш, малх а боцуш. И хезначу Коллас цуьнга аьллера:

– ХIара дуьне хьийзар, цахьийзар-м ца хаьа суна, хIара хьийза бохучу хьан корта-м хьаьвзина хьуна.

ХIаъ, аьллера-те Коллас. Воккха хиллехь а, хIума дика олуш вара Колла а.

Нах ца тешара Асхьабах, я со а ца тешара. (Цо дийцинчех цхьадерш-м хIинца кхочушхилла. И аьчкан говраш тарахторш хилла, хIинца хIокху бераша, аравала а ца вуьтуш, урамехула хоьхкуш йолу.) Ткъа хIетахь цо дуьйцучу цхьана а хIуманах со ца тешара. Теша-м лаьара суна, цо дуьйцург хаза а хетара. Бакъду, хIеттехь цхьана хIуман тидам бира аса. Нах Асхьаба и къамелаш дийцинчул тIаьхьа кест-кеста седарчашка хьийса буьйлабелира, багахь «цIок-цIок-цIок» деш, кортош а лестош...

ДогIа дIасоцуш ду аьлла, хета суна, арара. Кхана мукъана а малх кхетар бац-теша...

ЗухIайра дIавоьллинчу шолгIачу дийнахь со Бахуй, Кериммий долчу вахара. Ялхитта шо дуьзна жима стаг вара Керим. Цхьаверг оцу хенахь а хуьлу зоьртала. ХIара, бер санна, эгIаза вара.

Со цецвелира Бахух. Шен леларца, йистхиларца ша цуьррига йоьхна ца гайтира цо, шен дог, доьхна, дамар-дарц хилла, дIадаьллашехь. Хьалха санна, пеша хьалхахь хиъна Iара, цIаре а

хьоьжуш, ша-шена гIийла къежа а къежаш. Остопируллахl, доккха собар долуш стаг яра иза, ЗухIайрин хила хьакъ а йолуш.

– Керим, бакъо лохьа суна оцу стагера чIир эца, – элира аса. – Хьуна санна-м хила йиш яц, хIетте а чIогIа гергара стаг вар-кха суна хьан да.

Керим вехха Iийра куза тIе букар а вахна.

ТIаккха цо, суйнаш чохь къегачу бIаьргашца соьга а хьаьжна, элира:

– Хьо йолхалгIа стаг ву-кх и гIуллакх дохьуш суна тIевеанарг... Со хIинца а дийна ма ву сайн ден чIир эца... Нагахь со цара вехь... – оцу хенахь Баху ша йолччохь тохалуш хааелира суна...

ХIаъ, элира-те, нагахь ша вехь, цхьаъ дийр ду ахьа аьлла.

Кхин ши бутт баьлча, цхьана дийнахь (базаран де дара иза) сой, Асхьаббий Iамин-ирзе вахара – со сайн налог схьаеха, иза цигахь ликбез йилларан гIуллакх хьалха-тIаьхьа даккха.

Керим шайн ши сту а лаьллина, IIIуьйта базара ваха ваьлла хиллера. Кхелина шаьлта йоцург, ЗухIайрин кертахь герзах хIумма а яцара.

Я цунна и оьшур ду аьлла а, ца хетара цхьанна а. IIIи сту дIа а боьххина, топ эца дагахь новкьаваьлла хиллера Керим.

Вайн юьртаний, Лакха-Варшаний юккъехь долчу Iинах дехьаваьлча, некъ басах чубоьрзу-кх. ХIаъ, хIаъ, дадас цкъа цига йол хьокхучу хенахь хьо а вигир-кха, басе дIайолалуччохь кIайчу мехнийн хьун а йолуш. Буц дика йолу цигахь.

Оцу басахь ши сту а лаьллина вогIучу Керимна говрашца тIаьхьакхиъна хиллера Жахарбекан ши кIант – Махьарбеккий, Шахьарбеккий. (Церан цIершка хьажал хьо, цIершка, неIалт цу цIершна!).

– Стерчийн мах хIун бу хьан? – хаьттинера цхьаммо.

– ЦIога а цхьаьна бухку ахьа сту я цIога ша духку ахьа? – аьллера вукхо.

ТIаккха ший а, аркъал а сетташ, вийлинера.

Керима хIумма а ца аьллера, шен ши сту а лаьллина, лаьттан бIаьра а хьоьжуш, дIаоьхуш хиллера.

Вукхушиммо, хьуьна юккъе а вуьйлуш, барт беш хиллера:

– Басах чу ма воьсси дIакарчаве вайшиммо иза...

– Юха базарара цIа вогIуш ве вайшиммо иза, жимма цуьнан дог а этIадай...

ТIаккха а хьийзийнера цушиммо иза, къийгаш санна гонаха а ваьлла, зIакарш етташ. Ткъа Керим, лаьттан бIаьра хьаьжначуьра кхин хьала а ца хьожуш, дIаихнера. Шуьйта базара дIакхаьчча, мах ца къийсинера цо я ши сту дIабухкуш а, я цунах хиллачу ахчанах пхоьазза йолу топ ша оьцуш а. ТIаккха и топ йоьхкинчуьнга дехнера цо, и муха кхуссуш ю гайтахьара аьлла. ТIаккха цо иза, Хазбизне хьала тIе а ваькхина (эцца Пуш-Коьрта хьалавоьддучохь ю-кх и меттиг), Iамийнера топ кхосса.

Шен топ ги а тесна, цIехьа волавеллера иза. Юха а вайний, Лакха-Варшаний юккъехь йолчу басах ирхвоьдучу цунна тIаьхьакхиънера и ши херси.

– И тоьпан хьокха бежанаш лахка эцна хир бу ахьа, – аьллера цхьаммо.

– Цунна ца эцна цо, цуьнан биргIи чухула хьатI кхийса, – аьллера вукхо.

ТIаккха велавеллера ший а. ХIокхо топ, хьала а айъина, шаьш-шинна тIелаьцча а ца соцуш. Юха цуьнан дошо шен жимахволчу вешин бат дIаоькъча, хиънера Махьарбекана уьш бегаш боцийла. Амма тапча схьаэца кисана дахийтина куьг хьаладаккха ца кхиънера иза. Цунна кхеттарг аьрру агIор, дагна буххехула чекхъяьллера.

Шен топ хьуьн чу а ластийна (цул тIаьхьа шо даьлча, цига йол хьакха вахча, суна карийра иза, берриг хен бахка а белла, мекха а йиъна Iуьллуш), цIа веана, шен ненаца юьртах ваьлла иза, хIинца а, кхузткъа шо даьлча а, цIа ваза ву. Цхьаболчара дуьйцура, иза шен ненахой болчахь Шелахь Iаш ву бохуш. Миччахь велахь а, вайна ву-кх иза кху юьртана а, цуьнан да дукхавезначу кху юьртарчу нахана а.

4

МаьркIаж-бода къовлалуш кхечира декъий дохьуш богIу нах юьрта. Уьш эвлаоккъехь совца а бина, Колла вахара шеца масех воккха стаг а эцна Жахарбекана тIе.

– Жахарбек, Дала кхоьллина а, Делан эхарте дIадерза дезаш а ду вай...

– Делахь, соьга хIун де боху аша? Шух цхьа а-м вац цига дIаваха дагадеана? Велахь...

Эццахь Жахарбек тасавеллачохь висира, нехан лаьтта доьгIна бIаьргаш а гина.

– ХIун хилла? ХIун...

– Жахарбек, сатоха деза, нахана тIе а деана... Цхьана керта дIь, пхиъ дакъа хьош меттигаш а хилла...

– ХIун хилла?.. – аьтту ког беттабала буьйлира Жахарбекан.

– И ши кIант... Делан кхел ю-кх. Валар хилла цушиннан... ЗухIайрин кIентан карах.

– Ший а-а? Сан Махьарбеккий, Шахьарбеккий? Хьан? Оцу кIиллочун кIантий? Мичахь ву и шиъ, мичахь ву? – нах дIаса а товттуш, эвлаюккъе хьаьдира Жахарбек.

Маьждиган хьалхарчу майданахь тIе вертанаш а тесна Iуьллура Жахарбекан шина кIентан декъий.

– ХIаъ, вийна... Стаг йоцу ши хIума. Аса ЗухIайрин кIиллочуьнга вейта кхиийнера шуьша, хIа-хI? Стаг йоцу хIуманаш! – чу а уьдуш, вийна Iуьллучу шен шина кIантана мийра бетта хIоьттира да.

Наха схьалаьцча а, карараваля гIерташ, ветталора иза.

Жахарбекан гергарчу нахе хилларг ханйтича, бакъхьа ма дара аьлла, хьаьвзира нах. Амма ХIуьнчIаьнчIуьлга боху юрт мичахь ю хууш, стагга а вацара.

ТIаккха наха Жахарбеке хаьттира, мичахь ю шун юрт аьлла. Цо:

– Iин чохь ю, – элира.

– Муьлхачу Iин чохь ю? – аьлча, и вист а ца хилира.

ТIаккха тоьллачу говраш тIе а хевшина, кхо стаг вахара кху пхиъ махкахь и юрт евзаш стагга а вуйла хьажа. Ца карийра.

Ши кIант дIаверзийнчул тIаьхьа Жахарбек шен кел араваьлла ца гора цхьанна а.

Наггахь кетIа ара а оьккхий, топ карахь, мохь хьекха волалора:

– Аса бийр бу шун болх, аса бийр бу шун болх!

И хьенан болх бан гIерташ ву, хууш стагга а вацара юьртахь.

Цхьана буса, дикка тIаьхьа ду иза-м, Бетин-ирзе налог схьаеха а вахна, хьо а велла, тIаккха синкъерамехь а Iийна, цIа вогIу со Жахарбекан керта уллохь сацавелира, цу чуьра схьа гIовгIанаш а хезна...

Масех кIира делира Жахарбек, ша ву-вац а ца хоуьйтуш, Iаш. Амма тIаьхьо, де делкъе доллучу хенахь, уьйтIа а волий, мохь хьекха, велха, цергаш хьекхо хIуттура.

Цкъа ишгта и воллучу хенахь, Колла хIоьттинера цуьнан керта юххе.

– Жахарбек, ва-а Жахарбек! Сатоха, Деле собар деха. Делан кхел ма ю иза, Делан кхел. Сатоха.

– ХIа-хI, Делан кхел ю, боху ахьа? – аьлла, хьаьдда чу а вахна, топ а эцна, араккхинера важа.

– Мичахь ву хьо? Дела, мичахь ву? Схьагучувала, хьо майра велахь. Мичахь ву хьо? – стигала топ етташ, бетах чопаш а йина, кертахула дIасанда ваьллера иза.

Цул тIаьхьа нах кхин а чIогIа Далла Iамал ян буьйлабелира, и адам-йилбаз кху юьртара дIаэцахьара ахьа бохуш, доIанаш а деш.

Ткъа важа-м хIора денна стигала топ кхийса велира. Шен цIенна уллохула тIехволуш юьртара стаг хаавелча, цунна а тIаьхьа топ кхуссура цо.

Цхьана дийнахь асарара цIа йогIучу Боччин зудчунна когах чов йира цо.

Оцу дийнахь, малх орца тIе лахбеллачу хенахь, веара со волчу Асхьаб. Со ши кор а Iуьйра кетIарчу Iожа буха хиъна Iара.

– Цунна хIун дича бакъхьа дара-теша? – хаьттира цо.

– Цунна хьаха еза, нелана санна, топ тоха. Аса и тухур а ю-кх, хIинца топ схьа а эцна.

– Иза хьалха дан мегар дара, хIинца мегар дац.

– ХIинца хIун хилла?

– ХIинца кхин Iедал ду.

– ХIа-ан...

– Цундела иза, схьа а лаьцна, Шуьйта хьала а вигна, халкъан суьде дIавала веза.

– Иза атта каравогIур вац.

– Аса къамел дийр ду цуьнца. И тайпа нах кIиллой ма бу, хьо дикка бIаьра хьаьжча а тоьуш...

– Асхьаб, дитахьа иза.

– Кхераме хIумма а дац. Суна дукха гина и кIиллой.

ХIаъ, иштта хилира иза. Оф-фай, хьанна моьттура, и хир ду а, айса цул тIаьхьа хIоккхул хан дуьнен чохь йоккхур ю а. ТIаьххьара цIаьпеш ю кхойкхуш. Аса ма дукха дийхир-кх хьоьга, Асхьаб, хьо ца Iийра-кх.

Малх, цIий а белла, орцаца хьалаевллачу баьццарчу хьаннех а тийсалуш, чубузуш бара. Тапчан тIе ка а диллина, тал санна ирх а вахна, и малх букъа тIехьа а буьтуш, шена тIехьажийнчу биргIи тIе волавелира иза, мохь а бетташ:

– Жахарбек! Охьайилла топ. Вайна Iедал хийцаделла. Паччахь вохийна. Советан Iедал ду вайна тIедеанарг. Халкъан Iедал. Со цу Iедалан векал ву. Оха хьуна хIумма а дийр дац. Шуьйта хьала а вигна, хьалкъан суьде дIалур ву. Схьааравала...

ТIаккха, бух хадийна тал санна, аркъалкхийтира иза, нийсса цIийбеллачу маьлха тIе. Яьллачу тоьпал чIогIа бара, бохура наха, аса хIетахь тоьхна мохь. БIаьрг-негIар тухучу юкъана тIекхечира со оцу кертана. ТIаккха, цунах хьала а тасавелла, шолгIа и топ ялийта ца кхиавойтуш, тоьпан биргIа схьатоьхна, кертаца чуваийтира аса иза. Юха и хьалагIаттале, кIесаркIаг чу а гIортийна, топ ялийтира. Цул тIаьхьа сайна гинарг аса дийцича, цунах тешаш стаг ца ваьлла суна хIетахь дуьйна. Амма и бакъ-м ду. Хьо а, хьайна ца лаахь, теша ма теша, Асхьаб.

Аса цунна тIегIортийнчу тоьпан биргIанах, цуьнан дегIах схьа а къаьстина, ши лаьхьа хьаьрчира. Топ охьа а кхоьссина, юьстахвелира со.

Оцу буса догIа деара, стигал а къекъаш. ШолгIачу дийнахь цхьаммо, цIе а тесна, дагийра Жахарбекан цIа.

Наха хьуьна йистехь лаьттах воьллира иза, цхьа а тайпа барз а ца беш.

Ткъа цуьнан цIа хиллачохь уллохула тIехвол-волучо неIалт а олуш, тIулг я дечиг кхуссуш, кIарлагIа йира. Со дийнахь шозза

волура цигахула охьий-хьалий, цу тIе шозза хIума кхоссархьама. ХIинца-м дицдина наха иза. Оцу борза тIе гIундалгIеш евлла.

ЭхI, наб тIегIерта. Сатаса гергадахна-кх. ХIинца цхьана сохьтана набаран тар тосур ю. ТIаккха самавер ву, и ю-кх сан наб...

5

ХIаъ, дIаели буьйса а, наб а дIаели. Сатесна. Цхьадика, догIа а сецна. Тахана декхна, довха де хир ду. ЭйтI, дуьне-яI... Могуш волчунна мерза дуьне ду-кх хьо.

Хастам бу-кх, Дела, Хьуна. Иштта, догIа деача, схьакхета малх а болуш, йоькхана Iаьткъича, дан догIа а долуш, буц а йолуш, адамаш дуьнен чу а довлуш, уьш юха дIа а доьрзуш, Iуьйккъехь беанчу синтаттамо хьовза а веш, юха Iуьйрана сатоссуш хезначу олхазаран декаро и дIа а боккхуш, хьалахьажа луучунна, тхов боцуш, декха, шена чохь седарчий а лепаш стигал а, охьахьажа луучунна бух боцу Iаннаш а долу дуьне кхолларна, хастам бу-кх Хьуна, Дела.

Аьхка де дохделлачу хенахь бердах чукхуьйсучу шовданах хиллачу чахчари бухахь лийча а луьйчуш, малхо деттинчу лаьтто когаш а багош, цигара хьаьдда цIа а вогIуш, Iаьн тIехь куьйгаш гIоро доллалц салазаш а хоьхкуш, гIоро а доьлла чувеача, йовхонах уьш лазадовларна, велха а воьлхуш, тIаккха аз гIаргIлуш, юьхь тIе чо болуш, массо хIума а кхечу кепара гуш, шовдан йистехь малх сацна йогучу йоIаца бегаш а беш, тIаккха иза а ялийна, цIеношг дугIуш хьийзаш, тIаккха кхуьучу доьзалх воккхавеш, безачех къастаро велхош, тIаккха дийнера де мел дели коьртара къоьжа чо алсамболуш, лаьтта тIе букаръоьхуш, самукъадалар цIарх а, хьайн чкъурах болчу нахах а долуш, дIадахна дахар даларна хастам бу-кх Хьуна, Дела.

Юьрта тIе дижначу дахарх чекххьоьжу малх а балош, баца тIе диссина догIанан тIадамаш а лепош, дIо лома буьххьехь гулъелла мархаш а, коьртера Iаьржа ойланаш а дIасаяржош йогIу Iуьйре йовзийтарна а Хьуна хастам...

Асхьаб вац иза, учи йисте а хIоьттина лаьттарг? ХьалагIаьттинийца...

– Дадин доттагI санна хилахь-м, кIант хир ву хьох. Хьайн да санна, оцу кIуьрах юьзначу гIали тIехь, кIунзал а баьлла, кехаташ юккъе воьлла а ца Iаш, кхузахь Iе хьо, хьала а волий.

Дадин доттагIчо хир ду баьхначех цхьадерш кхочуш ца хилла хьуна хIинца а. Ахьа чекхдаха уьш. ТIулгийн некъ а баккхийта вайн юьрта богIуш, тIаккха нах дIа а оьхур бац.

ХIуьнчIаьнчIуьлгара веана стаг тIе а ма эцалахь. Цунах дика болх ца хуьлу хьуна.

Лаьтта тIехь цкъа а вон хIума а ма делахь, зингатийн барз бохабай а. ХIаъ, зингатийн барз а ма бохабелахь. Мангал хьокхуш, ца хууш а ахьа зингатийн барз бохабахь, догIа догIур ду хьуна. ТIаккха йол, догIанехь а йисна, яхкалур ю. Кхийтирий хьо, дадин борз?

Хаттар

1. Нохчийн кьоман ламасташ а, къинхьегаме болу безам а кхиор авторо муха гайтина шен произведенехь?

ДИКАЕВ Джунаидан Мохьмад
(1941–1979)

СТЕГАН ЦІЕ

Диц ца ло, кІант вина,
Сакъоьруш тхаьш Іаччохь,
Берана цІе хоьржуш
Тхайн бевлла къовсамаш,
Дуьнен чохь мел хилла
Дика кІант дагалоьцуш,
Къонахчун цІе къестош,
Къамелаш долийна.
«Ас аьлларг товш ма ю!» –
Барт хила йиш йоцуш,
Гулбелларш шайн цІераш
Хестаян буьйлира.
Къамелаш дахделла,
Дийцаршка дирзича,
Салам луш, чувеана,
Вистхили воккха стаг:
«Ма леха эрна аш
КІантана йоккха цІе,
Пхиттара валийта
Вайн керла юьртахо,
Цхьаьнгга а ца хоьттуш,
Халкъо цІе туьллур ю,
Махкана цо дечу
Гуллакхе хьаьжжина».

НОХЧИЙН ХІУСАМ

Суьйре шийла, шийла еъча,
Дадас, тухий, дечиг доккху.
Цкъа ца веана хьаша всъча,
Водий, нене ас кхаъ боккху.

Хьешо шена гинарг дуьйцу –
Тховса тхоьга муха кхаьчна.
ЦІаро-м сийна суйнаш туьйсу,
Кхехка нохчийн мерза кхача.

«ВогІург, воьдург, юучух кхетта,
Вахар ирс ду», – дайша аьлла,
Нохчийн хІусам шийла хетта,
Цхьа а хьаша тІех ца ваьлла.

СУНА ЛАЬА

Цхьаццаволчо къайлах олу
Жимчу дагна лууш дерг,
Суна-м лаьа, нехан дола
Долийла сайн къайлах дерг.
Со винчунна дика хаьа
Суна хилла там, цатам,
Къона велахь а, суна лаьа
Сихха бовза дешан чам;
Верта санна, нехан бала
Белш тІе тесна баккха ког,
Салти санна, орцахвала,
Жимчу беран эца дог;
ГІамна дуьхьал куьйгаш лаьцна,
МостагІ вохош, хила гІап,

ЦIенчу лаьттах ямартлонца
Ца кхетийта цхьа а топ.

Букардарцо хьийзош вахар,
Шелах эшарш лекхалуш,
Суна лаьа, дорцехь вага,
Халонашна къар ца луш.

Хаттарш, тIедахкарш

1. Дикаев Мохьмадан лирикин коьрта теманаш муьлханаш ю? Дийца цуьнан поэзин башхаллех лаций.

2. «Дикаев Мохьмадан поэзехь яхь, къоман оьздангалла» темина доклад язье.

БЕКСУЛТАНОВ (Адамов) Мозин Муса
(1954)

ІАЬРЖА БІАЬРГ

Гульарчу Лом-Ломин кІантана
Джанаралиев Імранна

Малх дІабузуш бара. Йоккха стаг цІийнан кхо киртиг йолчу дечиган ламин хьалхарчу тІегІан тІехь Іара. Цуьнан тІедачу бІаьргаш чохь зІенарш ал басахь соьцура.

Котам, «кІуд-кІуд-кІуд» деш, йоккхачу стеган когаш юккъехь лаьттачу кедара ахьар кІорнешна дІатуьйсуш йоллура. Йоккхачу стагана котам ган а ца гора.

ХІара, кІорнешна таса ахьар а хьакхийна, чуьра арайолуш, цхьаммо суьйре дика йира кхуьнан. ХІара дІахьаьжира: «Диканца дукха вехийла, Іази...» – олуш. Иза лулахойн кІант вара, Іаьзим. ЦІе кхо, йоккхачу стага, тиллинера цуьнан.

– Тпу-тпу-тпу, бІаьрг ма хила цу дашочу коьртана, – элира кхо, ела а луш, Іаьзиман корта баьшна гича.

Еха кІозарш ма лелайора цу кІанта. Иза новкъахула тІехволуш хаавелча, корах-пІелг а тухий, шен мас озайора йоккхачу стага. ТІаккха кІанта шен месаш дІасаластайора, вела а лой.

Юха цо, корехьа схьа а воьрзий, балдан вовшахдетташ а къаьстара кхунна. Йоккхачу стага шозза-кхузза корта ластабора, ша-шега: «Дукхавехийла, дукхавехийла», – олуш.

– Баби... Со хьуна гучувала веанера, со кхана...

– Дика ду-кх, хаза цІена чкъор хилла-кх хьан коьртан... Схьахилал юххе, цхьа барт баккха Бабис шен кІентан коьртах!

– Со кхана дІавоьдуш ву, Баби, арме. Цундела ма баьшна аса корта... Хьа-хьа-хьа...

– ХІа-ан, арме... Арме-а?

Іаьзим Резетна дуьххьара Олхазар-КІотарахь, ловзаргахь гира. Кхуьнан вешин зуда йоссийнера цигахь, Бахьин Дашлакъина тІе. ХІара нускалан накъост хилла яхнера. Ловзар дикка тоделча, чоьхьавелира иза, салам а делла, дуткъачу дегІахь, лекха, богуш ши бІаьрг а болуш. Цунна жима а, воккха а хьалагІаьттира. ХІара шена хаалушшехь, кхуьнга бІаьрг таІийра цо, вела а къежна, кІайн цергаш гучу а йохуш. Моьттур дара, хІара цунна (Іаьзимна) шарахь евзаш ю.

Резет цхьайтта вешин йиша яра. Цундела, сай санна, кура яра хІара. ЦІе йокх-йоккху кІентий оьхура Хилдехьа, кхуьнца ирахь Іен. Уьш Дишмахкара а, Шуьйтара а, Варандара а, ТІерийчуьра а, ГІалгІайчуьра а бара.

Резета хийла ладегІнера захалонашка. Цхьаьнгге а марс яха сацам а ца бинера.

Іаьзима шолгІачу дийнахь хитІа кхайкхира кхуьнга.

Иза хийистехь, аьрру куьг хаьн тІе а хІоттийна, аьтту куьйга шад а ловзош, лаьттара, детица кхелина шаьлтий, доьхкий а долуш гІодаюккъехь.

Кхо шен де дика дича:

– Дала сий дойла! Марша а йогІийла, генара хьаша! – элира Іаьзима.

Іаьзим, тем боцуш, алу санна стаг вара. Цуьнан богу бІаьргаш стелахаьштигах уьдура кхуьнан дегІа тІехула.

– ХьошалгІа ях-яханчохь захалонаш дуьйцуьйтуш леллехь, сан ден цІе Хазин Хаси хир яцара хьуна, Іаьзим, – элира кхо. – Ахьа сайна тІсяийтинчу хьан юьртахочунна гергахь хьо юьхьІаьржа ца хІотто, санера со. Сан ден цІа Хилдехьахь ду хьуна, – аьлла.

Іазим, вайн, халла хозуьйтуш, велавелира: «АхІ-ахІ-ахІ», – аьлла.

ТІаккха шен динан коьрта тІе куьг а тоьхна:

– Вайшиммо лехнарг карий-кх вайшинна, Іаьржа БІаьрг, – элира цо говре.

Говро, таьллаш а Іуьйшуш, аьттучу коган берг сихха лаьттах етта йолийра, бай а бохош.

Шен юьртахь Іаьзима кхин хийисте ца кхайкхира кхуьнга.

Юха, Хилдехьа дІа а кхаьчна, буса доккха ловзар хІоттийча, Іаьзим хьалха санна чоьхьавелира, салам а луш.

Вуткъа-лекха, богуш Іаьржа ши бІаьрг а болуш.

Резет хІетахь дуьххьара кхераелира боьршачу стагах.

Кхунна хиира, и ши бІаьрг шен даг чохь гуттар а богур буйла, сийна алу хилла.

Ловзар дІадоьхча, шена хІусамда а лаьцна, Іуьйрана стаг ваийтира Іаьзима, юьртарчу хьостане кхойкхуш.

– Суна-м хьо, сайчул кІезиг боцуш, вежарий а болуш, хьайл къона да а волуш ву моьттура, Іаьзим. Хьо хьайн ненан цхьаъ бен воцу кІант хилла. Цхьаъ бен воцу кІант вистхуьлуьйтур ву аьлла, дагахь яцара со, къинтІераваьллахь! – элира кхо.

– Іаьржа БІаьрг! Хьуна хезий цу йоІа дуьйцург? Бертаза хьо вайшиммо иза? – элира Іаьзима.

– Сан кІудал чуьра ахьа Іанийна хин тІадам хьайн коьртан мах хІоттарх ларлолахь, – элира Резета.

Іаьзим, цергаца балда дадош, велавелира, мекхех дайн куьг а хьокхуш.

Резета хІуьттаренна дуьйцура цуьнга и иллешкахь бен ца дуьйцу хІуманаш. Дуьйцура, шена иза вевавелла ца лалуш, иза йохье ваккха, къарван, цуьнга доьхуш санна: «Резет, йолахь соьга», – алийта. ТІаккха цунах а ца яша, кхечарех санна. ХІара шашена оьгІазъоьхура. Ойланийн тай хедара юкъ-юкъара. ХІетте а хаддаза декара цуьнан куро велар лерехь, цуьнан богу бІаьргаш дуьхьаллаьттара. Ша цуьнга атта гІур йоцийла а хаьара кхунна. Муха гІур яра цуьнга, оццул болу къонахий дІа а теттина! Кхуьнан наха хІун эр дара, да а, ваша а воцчу бобере яхча!

ТІедогІуш дерз а долуш, таьІна де дара Іаьзима хІара дІайигна де. КІудал-м хих Іенаш йисира, дуьненан меххал язъелла.

Іаьржа БІаьрга хІара шиъ, БІовлахула тІе а даьккхина, Хьорсанехула, Соротахула, Олхазар-кІотара кхачийра.

ШолгІачу дийнахь арахь гІовгІанаш евлча, шен вежарийн ьзнаш девзира кхунна. ТІаккха кхуьнан дегІах шийла цІе летира, буто ша боьссира кийра.

Уггар хьалха воккхахволу Изновр а волуш, чоьхьавелира кхуьнан цхьайтта вешех кхоъ.

Іаьзима, цаьргахьа букъ берзийра, бехк лаьцна.

– Кхера-м ца велла хьо, кІант? – деро кхоьссира Изновра. – Везачу Делор, бакъ ма дара, я хьан ков, я неІ чІаьгІна суна карийнехь, сайн йиша цІа юьгур хилар, хьуна дан хьакъдерг а дина. Ахьа йига а мегар ду йоІ, да пачахь цуьнан хиларх! Дала декъалдойла шу.

Ши бутт... хІан-хІа! Ши бутт кхача нийсса кхо де тІаьхьа долчу буса кхунна Іаьржа БІаьрг, стелахаьштиг тоьхна, йийна гІан гира. Цу Іуьйрана вигира Іаьзим тІаме.

Шена тІаьхьаоьхучу нахаца генна ша охьаваьлча, юхахьаьжира Іаьзим. Кхушинна хьажар вовшахкхийтира. Іаьзиман бІаьргаш хІетахь а богуш хийтира кхунна.

ЦІенна гено хьокханах дІатоьхначу Іаьржа БІаьргана улло дІа а йоьдий, голаш мара а юххий, йоьлхура хІара. Корта охьа а оллабой, къонах санна, тата доцуш, йоьлхура говр а. ХІара марнанас чуюьгура: «Оцу хьайбанах мукъа а къахетахь, ма елхаехьа говр», – олий.

ВорхІ бутт баьлча, цхьа кехатан цуьрг еара, Іаьзим велла бохуш. Іаьзим ца веллера. Іаьзим лийр а ма вацара. Іаьзим муха ле? Кехат хІун ю, стагаца юьстича!

ТІаккха кхунна хиира, Іаьзим санна волчу къонахчух йисина ша санна йолу зуда маре яхча, дуьне, дерриг ца дохахь а, нийсса ах духур дуйла.

ХІинца, цхьа пхи-ялх шо долуш, Серноводске курорте ваханчу Абраила (кхеран лулахочо) цхьа оьрси валийра шеца. Сибрехара ву, бохура иза. Иза Іаьзимца тІамехь хилла хиллера. «Эцца цхьацца къамелаш деш, тІом хьахабели тхойшиннан. Юха кхо вийцича, суна вевзира Іаьзим. Аса хьо йолуш ю а аьлла, цхьаьний схьавеанера тхойша», – элира Абраила.

И шиъ къамелаш а деш, ІиндагІехь Іашшехь, йоккхачу стага, яхна, кегий пах а балийна, ша кхобуш йолу кхаа шарера старгІа ейтира. И шиъ дІаваха ваьлча: «Собар, дІа ма гІо, буьйса яккхийта оцу стаге а... Аса старгІа а ма йийнера», – элира Резета.

И шиъ, сарралц Iийна, дIавахара.

Iаьзим, йоккха-топ тоьхна, цхьа гIогI а доцуш, «хIухI» олуш, наггахь сиха са а доккхуш, мекхаш тIе куьг а хьоькхуш Iара, бохура, нохчийн маттахь цхьаъ дуьйцуш. Юха шолгIа тоьхначо Iаьзиман белш аьтта дIаяьхьнера.

ТIом дIа а баьлла, нах цIа эха буьйлабелча, Резет старгIанаш кхио елира, Iаьзим цIа веача ен.

Кхо шо кхаччалц кхиайора кхо старгIа. ТIаккха, иза дIа а юхкий, ши шо кхаьчнарг оьцура. Юха, кхо шо кхаьча, иза а юхкий, ши шо кхаьчнарг а оьцуш. Иза кхо хаддаза леладора. Иза кхо хаддаза лелийра, Абраила оьрси валлолц.

ТIаккха Резета кхо шо кхаьчна старгIа йийра Iаьзим дийна тIаьххьара гинчу оьрсичунна. Цул тIаьхьа кхин ца кхиайора цо старгIанаш, бакъду, котамаш... ХIаъ, котамаш... эх!

Йоккха стаг, хьала а гIаьттина, дIайолаелча, ког бертал Iуьллучу кедах кхийтира. Кад схьа а эцна, чуяхара хIара. Лампа латийра. ТIаккха дагаяьхкира котамаш.

Йоккха стаг буьнан неI тIекъовла араелира.

Юха кхунна стигалахь, кагделла ангалин дакъа санна, керла схьакхетта беттаса гира. Дуткъа, цIена, шера, гуттаренна а генахь дисна, шийлачу буьйсанан генара беттаса жерочун бIаьргийн нуьро къайладала ца дуьту, цкъа мацах кхуьнан иреах цендийлина, куьг кхоччехь кхаьзна, юха тIаьхь-тIаьхьа генадолуш, шеллуш, дIадайна хилла беттаса...

ХЬАЛХАРА ПАРТА

ХIара жима волуш дегIана чIогIа эгIаза вара. Кхунна шена а хьвара иза. Кхин цхьа хIума а хиира кхунна: шена йиттича, берашна дуьхьал лета ца оьший. Стенна? Эцца хьехархочуьнга дIаьлчхьана, цо шиъ хIоттадо, класса чуьра ара а воккху, директорна тIе а вуьгу! Iовдал хила ма ца оьшу, толам иштта а баккхалур хилча!

ХІара гуттар а хьалхарчу партии тІе охьахуура, ша кхетахь а, ца кхетахь а, ла а дугІура. Пионер волчу хенахь галстук а, комсомоле ваьлча, значок а лелайора. Устав дагахь а хаара. Школерчу техничкашца гІиллакхе вара хІара. Иза а оьшуш дуйла хиира кхунна. «Дера ву хьенехгІеран кІант дика-м! Цкъа хьал-де ца хоттуш, тІех ца волу. Иза дежурни хилча, класс ша санна къегаш а хуьлу-кх хьуна!»

ТІаккха хІара классан комсорг хаьржира. И болх а муха бан беза, хиира кхунна, цхьаьнгге а хетта а ца оьшуш.

Массарел а хьалха схьавогІура школе. Уггар тІаьхьа бен цІа ца воьдура. Шена гинарг, хезнарг оцу сохьта дІа а яздора, де а, минот а билгал а йоккхуш. Портфела чохь гуттар а комсомольцин карточкаш, цхьацца бахьнина схьаэцна билеташ леладора.

Кхунна РайОНОс грамота елира.

Цкъа, историн урокехь, хьехархочо, шена дуьхьаллийнчу кІанте: «Замолчи ты, свинья!» – аьлча, классо барт бира, и хьехархо шайна хьоьхучуьра дІаяккхалц кхин школе ца дахка.

ШолгІачу дийнахь класса чохь хІара бен ца карийра. Классан куьйгалхо юххе а яьккхина, хІора а дешархочун дай-наний долчу кетІа хІоьттира хІара.

Юха, катоьххана комсомольски собрани а йина, шена дика доьшуш ву аьлла хет-хетачунна выговор делира, шек а ца волуш.

Ша дешарх башха дика кхеташ а вацара хІара.

Юха, цхьа хан яьлча, «Школан тоьлла дешархой» цІе йолчу уьн тІехь шен сурт гира кхунна.

Итт класс чекхйолуш, тІаьххьара горгали бекочу дийнахь, кхеран классерчу дешархошна юкъахь грамота кхунна цхьанна бен ца елира.

ТІаккха хІара университете «къоман отделене» деша вахара. Массарна а, мухха делахь а, моьттура, хІара дипломатически тІекаренан йолчу факультете, Маскох, деша гІур ву. Массо цецваьлла а вара, иза «къоман отделене» деша вахча, цуьнан лела хаарца-м муххале а.

Университетехь ша доьшуш, юкъарчу Іойлахь ца Іийра хІара. Кхо шена квартира лецира. ГІовгІанаш а ца хуьлу, хьо мила ву а

хуур дац. Кхунна эшшанс а ца оьшуш болу доттагIий кхоллабарх лар а лур ву – царах уголовникаш хуьлий а ма ца хаьа кхана.

Университетехь дикка гондIа хьаьжира хIара. Юха цIаьххьана хинра шена оьшург: йоца месашший, сиз доккхуш иту хьаькхна коч-хечий, шуьйра буьхьиг болу мачашший, лаг къовллуш йихкина галстуккий, дийнахь шозза маж яшаррий.

Цигахь а, школехь санна, уггар хьалха схьавогIура хIара, хьалхарчу стоьла тIе хуура, шена схьахезнарг дIа а яздора, орфографи, пунктуаци ца лоьруш.

Лекцин соцунгIа хиллачу секундехь, лекторна нийсса бIаьра а вогIалой, ладугIура, дерриг а Iилма схьаоьцуш санна.

Мери кIелахь Iаш хиларе терра, хьехархочо цкъа группи журнал схьадан вахийтира хIара, староста хила а ца хилла. Боцурш биргалбаха а элира кхуьнга. Юха хьехархочо кхо бина болх теллича, хIара гIалатваьлла а ца хиллера – боцурш нийса гайтинера кхо. Иза дерриг хьехархоша тидаме ийцира. ХIара эххар а группин староста хаьржира.

Массо хIуманал коьрта «гIиллакх» хеташ волу хIара, школехь технически персонал санна, кхузахь а массо хьехархо лара волавелира, къена а, къона а. Ша церан де дика дечу хенахь жимма корта охьатаIо а Iамийнера кхо, нийса охьахецна ши куьг а долуш.

Трамвайца я троллейбусца шен цхьанхьа ваха дезча, цига муьлхха а хьехархо кхаччалц собар дора кхо, дIа ца воьдуш. Юха шен тидам ца хиллачуха, цIаьххьана цецволуш, абонемент кечдора цунна. Иза велавелча, велавала хаара, сецча, соцура. Дуьненан юкъара къамелаш доладора цуьнца. Хенан хIоттам хьахабора, футбол тIе волура, сийсара телевизор чохь хилла кино дагайоккхура, дуьххьал дика меттигаш а къестош. ХIуманах кхеташ верг хила гIертара цунна гергахь, юьхьа тIе пардо а озош. Шен кхин а дIаваха деззашехь, иза воллучохь охьа а волий, корта а таIош, къьстара цуьнца, гIиллакхе Iодика а еш.

Дукха луьйш-м вацара хIара, хIан-хIа! Студенташца къамелаш дан а ца дора. ХIара даим а юьстахо лаьтташ хуьлура, цара дуьйцург дерриг а хаза а хезаш, ца хеза сурт а хIоттош. Нагахь

шеца муьлхха къамел долийча (политика юкъахь хилча мухха-ле а), хьовзадой, дерриг а футбол тIе дуьгура кхо. Кхо зудабераш-ца а футбол юьйцура, кIенташца а кхин къамел ца дора, шайн юьртахь а «футбол юьйцург» олура кхунах.

Групперчу берийн футболах цхьа къовсам а баьлла, кхуьнга хаьттира. ДIа ладоыгIча, футболисташ а, хоккеисташ а вовшех эбеш хиллера кхо. Хьалхарчуй, шолгIачуй лигийн командаш а ца хаьара. ТIаккха массо а цецвелира кхунах. Оцу дехачу пхеа ша-рахь кхин шозза а бевлира кхунах цец.

Цкъа, лекцина тIаьхьа а висна, чоьхьавелира иза, неIарх пIелг а тоьхна. Студенташна дагадогIуш, хIетахь бен тIаьхьа ца висне-ра иза цкъа а.

Юха хьехархочо тIаьхьависна бахьана хаьттича, ша комсо-молан комитетехь сацийнера, элира цо, факультетан комсорг хIоттош. Курсана хIетахь хиира, шайн комсорг мила ву. Уьш цец а бевлира кхунах тIаккха.

Цул тIаьхьа, йоьалгIачу курсехь, лекцехь Iаш, хьалха сахьта тIе а хьаьжна, юха куьг айъира цо, юьхьа тIехь цхьа а хийцам боцуш.

«ХIун боху?» – хаьттира хьехархочо.

Цо, ша партсобране тIаьхьавуьсу, элира.

ХIетахь тIаьххьара цецбевлира цунах.

ТIаккха иза парткомехь а гора, лекцешкахь а хуьлура.

Иза цхьаннхьа а вацара, массо меттехь а каравора. «Юкъара гIуллакхаш, юкъара гIуллакхаш», – олура цо ша.

Аьхкенан сесси чекхъяьлча, цо зуда ялийна бохуш, хезира студенташна.

Гурахь, сентябрехь, цхьаьнца, чухула пхьарс а баьккхина, схьакхечира хIара университете. НеI дIа а йоьллуш, чоьхьа-ялийтира цо шеца йолу йоI. Катоьхна схьа а яьккхина, гардеробе дIаелира цуьнан палаш. Ши-кхо го баьккхира цунна гонаха. Маха санна вара ша цIена, нийса, къегаш.

Иза цуьнан зуда хиллера.

Студенташ чIогIа гIиртира, иза мила ю хьажа, мича тайпана ю, да мила ву, хаа.

Цо лелориг дерриг а тамашийна дара. Цуьнан массо а хIума хуьлура, массанхьа а кхиавора, хIорш багош а гIиттош, вовшашка а хьоьжуш Iашшехь.

Цхьаммо, цуьнан зуда нохчо ю, элира, да оьрси а волуш. Вукхо, да жуьгти ву, бохура. Фамили «ко» долуш чекхйолу аьлла, веара кхин.

ПхоьалгIа курс чекхйолуш хиира кхарна, иза оьрси юйла, нохчийн мотт а хууш. Доьшуш «инязехь» хиллера.

Дипломаш схьаэцначул тIаьхьа сакъера вовшахкхийтира хIорш.

Иза ца веара.

Цул тIаьхьа хIорш цхьацканхьахула белхашка дIасабахара.

Иза университетехь висира, цхьана юкъараллин балхахь, цхьа масех сахьт а ду, бохура, цуьнан школехь.

Нийсса шо даьлча, иза комсомолан райкомехь 2-гIа секретарь вара. Наггахь газет тIе цхьацца хIума а тухура цо, чаккхенгахь пIдаран хьаьрк а йолуш.

Иза сих-сиха телевизор чохь а гора. Шен чохь Iаш санна пархIат, ийна, хIораннан а даге кхевдаш, къамел а дора цо.

Юха кхарна хезира, иза I-ра секретарь ву бохуш. Кхара кестта газет тIехь а дийшира иза.

ТIаккха иза тIап-аьлла вайра.

ХIорш-м дуккха а лийлира вовшашка хоьттуш.

Шо а делира цул тIаьхьа.

Иза оьрсийн мотт хьеха вахна хиллера цхьана кхечу пачхьалкхе, шен зудчуьнца. Зуда ингалсан мотт хьоьхуш ю, бохура.

Аьхка, цхьана малх кхеттачу дийнахь, кхо шо даьлча, гIалин коьртачу урамехула тIаьххьарчу моделан машен йогIура меллаша, цIеяла йоьллачу баьллийн басахь а йолуш. Куьзганаш охьаоьзна дара. Доца пхуьйшаш долчу кIайчу кучахь стаг Iара хьалхахь. Юткъа Iаьржа галстук а яра йихкина. БIаьргех баьццара куьзганаш дохкура. Уллохь зударех стаг а гора цуьнца.

Кхарна, и машен цуьнан юйла, хиира. Хьалхахь Iийнарг а хиллера иза, шен зудчуьнца.

Цуьнан группехь хилла ши накъост цхьана юьрта нисвеллера балха. Бераш урокера арадевлча, школан кертахь цигаьрка уьйзуш лаьттара и шиъ цхьаьна.

– Хьуна хезний, хIинца иза цигахь ву бохуш? – хаьттира Керима.

– Хезна... Суна гина иза-м. Аса декъал а вира иза керлачу балхаца, – Салмана шозза хьажо-пIелг тоьхна, цигаьркин чим дIакхоьссира.

– Вай, схьаверзахь! Иза кхин Дела-м вац, шена луучу балха ваха?.. Вайша хIинца а магIарера хьехархо бен вац...

Салман меллаша гондIа хьаьжира. Юха Керимехьа схьавирзира, боккха кIур а боккхуш.

– Сийсара футболе хьаьжирий хьо, СССР–Финляндиловзуш? – бен а доцуш, хаьттира Салмана. – Профессионалаш бара ловзуш...

– Футбол хIунда юьйцу ахьа кхузахь?.. Цунна-х мегарг предложени язъян а ца хаьара...

– Дикторша яра-кх хаза стаг, сийсара программа йовзийтинарг юьйцу аса, футбол дIаяьллачул тIаьхьа, – Салман дIавирзира.

Керима вистхила бага гIаттошшехь, бийкира урокана горгали. Оршот дийнахь педсовет яра школехь. Районера хьаькамаш а бара цу чохь, завРОНО а цхьаьна.

Хьалхара къамел школан директоро дира, кхарна лен а луьйш, болх ледара дIахIоттийна бохуш. Юха завуч йистхилира.

Педсовет чекхйолуш завРОНО а гIаьттира. Цо дехха къамел дира. Макаренко а вийцира цо. Крупская а хьахийра, тIаьххьарчу съездехь дийцинарш а далийра юкъа.

«Хьо гIелвелла, накъост директор, – элира цо. – Хьо вовшахтохархо вац. Хьалххе кхаьчнера тхуна кху школан бала-м, хIинций-хIинций хьо меттахволу-кх бохуш, Iийнера... Я хан а ма яц хьан! Хьан метод а ширъелла. Техничкаша сени чухула горгам шершорах болх ма ца хуьлу! Низам ма дац иза... Кхана, заявлени а дохьуш, охьавола районе, – жимма собар дира, гондIа а хьожуш. – Керла директор харжа веза вай, накъостий хьехархой! – элира. ДIасахьаьжира чухула, цхьаъ лоьхуш санна. ТIаккха цIаьххьана хьалхахь Iачаьрга а хьаьжна: – ХIара Эдиев Салман Мухтарович

хоржур ву-кх вай! Реза дуй шу?» – аьтту куьг генна хьалаайъира цо, ша резахилар хоуьйтуш. Цуьнца волчу шина накъосто а куьйгаш хьалаайъира. Уьш кхоь а, цхьа кхаъ хезча санна, синкъераме а хьоьжура.

Керима тІаьххьара бен ца айъира.

Кериман дагахь дерг Керимна шена бен ца хаьара.

«Іовдал, хьо Іовдал, – бохура Керима ша-шега. – Хьо лела хьайна велла дІаваллалц вайн таханлера тема «КІайн котам» ю бохуш! Хьо ян а ю кІайн котам, бероза котам... Эцца хьалхахь охьахиънехь, гур ма вара, вахна «камчатке» а ца хууш, Іовдал...»

Керим хІинца дохковаьллера, ша дуьххьара школе вахначу дийнахь хьалхарчу парти тІе охьа ца хиъна.

Керимна иштта моьттура.

КОРТАЛИН ХАНТОТИ

Тхан ден нана яра Хантоти бохуш. Оха-м цунах ХІати олура. ХІати, дегІана жимо хеталуш, гІеххьачу дегІахь, екъано межеташ а йолуш, хІайт-аьлла йоккха стаг хилли-те аьлла, хета суна хІинца, иза йоцу ткъех шо гергга зама яьллачул тІаьхьа.

Тхо дукха кегий долуш, кхузткъалгІачу шерашкахь, Олхазар-КІотара даха севцча, ХІатис кест-кеста цхьаццца йиш локхура тхуна, я ша-шена, гІийлла ела а ийзалуш, бІаьргаш ойлане лаца а лой:

«ПІипІ» элира машено,
ТІевала элира дадега.
Шен ховха доьзал дагабеача,
БІаьргех хи делира дадина, –

олий.

Йиш лекхна яьлча, ХІатин бІаьргаш ша-шаха тІунлора, иза тхоьга йоьлуш хьоьжжушехь. ХІатис дуьттара куьг хьокхура бІаьргех, цхьана хІуманна-м уьш цІандеш санна, тхан тидам ца хилийта.

Кхин цхьа йиш а локхура цо, ша Казахстанехь тхуна аганахь лекхна йолу. «Кху эшаро ма далийра вай цІа», – олура ХІатис.

Иза иштта яра:

Машен тІе дохур ду,
Шалон тІе дохур ду,
Капказе дуьгур ду,
Шу иштта лелор ду.
Ас пондар локхур бу,
Шу халхадохур ду,
Нах хьийса оьхур бу,
Вай иштта дехар ду.

ХІатис дайн тІараш деттара ша йиш локхуш, генна хьела бахна ши бІаьрг а белош тхуна.

Тхо хІора а ша-ша халхаволура, буйнаш а дой. Ши пхьарс а хьийзош, веларца ХІатин бІаьра а хьоьжуш.

«Сан Іайла (кхуьнан вешин цІе яра иза) вахийла, Хьенех дика-м волу халха, цхьацуьрриг а ледара Минех а ма ца велира, Сенех уггар а дика волу», – олура ХІатис тхоьга, жим-жиманиг чІогІо а хастош. Юха цхьацца шекаран бІелиг лора, шен йоккхачу кучан кисанахь лелочу хелжиган йовлакх юкъара схьа а боккхий.

Кучамаш ерриш а таьІначу басахь хуьлура цуьнан, цхьа а сирла а йоцуш. Іаьржа чухта а лелайора йовлакх кІелахь, хьаж дІалоццуш йихкина. Зудчо исс чухта йохо еза ша йоккхучу ханна, олура ХІатис, шен мас-хІума къайлайоккхуш, уьш йоьхна ялале Іожалла а схьакхочур ю, олий.

ХІетахь, бераллех сан бисначу кхетамехь, гуттар а тІо боккху машен хьийзош Іаш дагайогІу суна иза, шен тІам хьийзош гобаьхна, куьг жимма дІаса а кхоьхьуш, цу машенан гІовгІанца шен цхьацца узам а беш:

Дависа хьан делаІ, малх кхета хьо дуьне,
Хьо дуур ца хилла, бохуриш ва хилла,
Хьо дуур ца хилла, дезараш ва хилла,
Дависа хьан делаІ, малх кхета хьо дуьне.

ХІатин ткъе вуьрхІитталгІа шо дара, цхьана гуьйренан маьркІажехь кхуьнан майрачун Адаман доттагІ Хьасан, Хилде-

хьара, кхеран юьртара – Кхурира шеца кхин виъ накъост а волуш, цIийнан беданан коьрте говраца схьахIоьттича.

Генара дуьйна уьш гучубевлча, Адаман тайпанан гергарчу стага (нахана, и шиъ ши шича ву, моьттура) элира, бохура, Адаме: «Адам, цхьанхьа дIа къайлавалийтахь вайша, цу Хьасанах ца теша-кх со чIогIа», – аьлла.

– Цо, вехь, аса вуьтур вац хьо, – элира, боху, Адама.

Хьасан, кхуьнан, Адаман, доттагI ву бохуш, вара.

Дуккха а хан яра цо, Хьасана, кхуьнца и гергарло леладо.

Цу хенахь, ша беданан коьрте схьахIоьттинчу сарахь, НКВД-н хьаькам ларалуш а вара Хьасан.

Адама уьстагI бийнера царна цу сарахь.

Хантотис, жижиг-галий схьадалале, даьттанца кхерзина жижиг хIоттийнера царна.

Юха кхано, жижиг-галий диъна, тIе чорпа молуш шаьш Iаш, Адама Хьасане шен шича, ИбрахIим, вер хьахийнера.

Хьасана, бехха кадам а бина, шена хууш хIума дац хьуна цунах, хьожур-м ву ша, аьллера, бакъдерг талла.

– Сан говрахь вара иза, – элира, боху, Адама, – аса вахийтинера иза, Iуйшкахь хIун хьал ду хьажа гIо аьлла. Топ геннара тоьхна цунна салташа. Говр евзина тоьхна топ ю иза, Хьасан, цу тIехь верг со ву моьттуш. Аса хIун дина-те кху Iедална? Хьо председатель а волуш, колхоз йуьллухьара аьлча, схьабелла цхьа уьстагIан корта а боцуш, нахера Iахар-котамаш а лехьош, колхоз-м йиллинера аса... ХIинца уьш кхо бIе сов уьстагI а бу! Сайца хIун цабезам бу, хаа луур дара суна, кхана-лама со вийча, шуьга «ошибка была» бохуьйтучул, – аьлла.

– Нехан меттанаш ца Iа-кх, хьенех, хьо веддий, вада гIертий, вевддачу нахах ветталой бохуш, цхьацца аьрзнаш кхоьхьуш, – аьллера Хьасана.

– Нехан меттанаш соьга совцалур ма дац. Хьуна ца хаьа, со вада гIертахь а, ца гIертахь а, я сан хьаьнца уьйр ю а? – хаьттинера Адама.

Юха, Iуьйрана, хьешашка хIума а яийтина, церан дой а кечди-

на, чухула юхучу кIайчу кучаца дIабаха бевллачу хьешашна хьалха араволуш хиллера Адам, Iами тIаьхьарчаьрца а волуш.

– Хаза де ду вайна-м, Хьасан, тахана, догIа а сецна, – ала кхиънера Адам, Хьасана шена, букъан тIум а лоцуш, доьхка доьхкучу тIехьара схьа тапча тухуш.

– Зуд, иштта-м ца доьду хьуна хьо, – аьлла, шаьлтан тIе ка даьхьира, бохура, Адама тIаккха.

ШозлагIа кхеттачу тапчано Адам, хьалаозийна шаьлта баттара ялале, сацийнера.

Арахь герзан тата а хезна, дIатасавеллачу Iамина, кхунна тIехьа вогIучу хьешех цхьаммо шен тапчи чуьра кхо патарма бассийнера, Iами йогуш лаьттачу пешан цIийеллачу экъан тIе бертал а воьдуш.

Цушиннан декъий бертал говраш тIе а дехкина, Хилдехьахула чекх а даьхна, Органна тIех а даьхна, бехачу новкъа районе охьахьош, шен сих догдилла ойла кхоллалур йолуш къонах висна а ца хиллера Хилдехьахь цхьа а.

– Охьаваьхьна шиъ тIаьххьара вара, – олура ХIатис. – Уьш дIабаьхнера, бойушший, лоьцушший, Сибрех оьхуьйтушший, хIора цIийнах цхьацца-шишша а воккхуш, – аьлла. – Шаьш кхуллушехь, Iедалан а, нехан а мостагIий хилла, бохура, уьш, – элира ХIатис юха.

Цу сарахь Адаман, Iамин ши дакъа районерчу НКВД-н кертахь цу гIуллакхна баькхинчу боккхачу кIаг чу кхоьссинера, хьожа ца хилийта, тIехула кир а хьаьрсина, цу тIехула лаьттан чкъор а деш.

ШолгIачу дийнахь, Хилдехьа салтий а бахийтина, цIе теснера Адаман цIийнах, цхьа етт, пхи уьстагI, колхозан ду аьлла, хьалха а лоллуш.

Доьзалхочух йолу Адаман зуда, Хантоти, ши куьг тIехьа а доьхкуш, схьаяьккхинера шайца, бандиташ кхаьбна хилла ахьа аьлла.

Кхеран диъ бер (кхо кIант, цхьа йоI) гергарчу наха шайга дIасадигнера Луьнкей, Дишамехкей, Бечигей.

Чохь яккха кхо шо хан тоьхнера Хантотина.

И хан яккха набахти охьаялийнчу хьалхарчу баттахь велла доьзалхо хилира Хантотин.

Хантотис йиш локхуш хиллера шен цIахь бисначу доьзална

Вай ирс-яI хьан, дашо малх,
Хилдехьа кхетий хьо!
Сан гIийли бай гой хьуна,
Цаьрги хIун хьал ду хаьий хьуна, –

олуш.

И хан чекхъяьллачул тIаьхьа цIа еанчу Хантотис, куьйрано моха йича дIасайовлучу котаман кIорнех терра шен дIасадекъаделла бераш схьа а гулдина, беза-бевзаршкахула, гергара-хийрачаьргахула вовшахтоьхна, халла гIишло йинера, бухахь кхай[1] а, тIехула цIенош а долуш.

Поппар хьахаза а буьсуш, чубирзинера хIорш цу гурахь.

И гIишло массерниг йогучу дийнахь яьгнера Хантотин цу Iай, дохк а лелаш, жим-жима лайн чимаш а кхуьйсуш еанчу февралан шийлачу Iуьйрана, кхуьнан долахь, цIийндех дисначу гуьржийн таьлсаш чу тесна хьаьжкIийн, кхоьйн, мекхан цинц бен, кхин хIума а ца дуьсуш.

И таьлсаш Хантотис юха цIа а деанера, Нохчийчу, кхойтта шарахь казахийн аренашкахула шен доьзална кIен цинцаш а идийна.

Суна уьш цхьа а дага ца догIу.

Суна дагадогIу Казахстанехь тхайна уллохь боккха сийна Iам хилла, я дагадогIуш санна хета хIинца. Цу Iома тIера буса хезаш хилла «мо-о-о» боху гIовгIа а лаьтта сан лерехь.

Соьга ХIатис, иза етт бу олура, Iоьхуш. Иза кира дIасалело хинкема хиллера.

Тхаьш цIа даьхкина а дага ца догIу суна.

Аса иштта дарий иза, ХIати, аьлла, шега цхьа хIума хаьттича, ХIатис, ша хьуна дийцина иза, олура соьга, хьуна дагадогIуш хир дац иза олий.

Белаца бай а бохуш, иза тIекIел а буьллуш, цIенош дира тхуна цу бIаьста, цIа даьхкича. Тхов, тIехула генаш а ехкина, цу тIехула латта а тесна бара.

Доккха ши цIа дара и шиъ, цхьацца кор а долуш. Чухулара хьаьхна пенаш махо идо сецначу хин тIехуле санна хетара, гунаш а, кIаьгнаш а долуш.

[1] Кхай – божал.

Тхоьгахь дуккха а нах совцура цу шарахь, цIа вогI-вогIург.

Дуьххьарлера Iа доккхуш исс стаг вара, бохура ХIатис, тхоьгахь.

ШолгIачу шарахь тхуна ши етт ийцира. ХIатис – Мани а, Тайша а – шена луург олура цушиннах, ша, кхалкъа кIела мIара а хьокхуш, муьлхха а цхьаъ хьостучу хенахь. Атто корта гена дIабохуьйтура, ворта а яхъеш.

ХIатис наштаран кедаш чу шура а юттий, цу чу сискал оттура тхуна. Юха, аша тIаьхьайитахь, дехко дIахьур ю шуна бохуш, тхоьга ерриг а дIайоуьйтура.

Делкъана а, сарахь а хIума яа цо чу дуьгура тхо: «ХIей, стенга дахара шу? Шуна ма яла Дала жоьжахати», – бохуш, хьаьж тIе куьг а лоций, кхойкхуш.

ТIаккха, тхо хIума яа хевшича, ХIатис шен эшарех цхьацца йиш локхура тхуна, юха а, чамица шура тIе а юттуш, сискал а кагъеш:

Iуьйре хаза ю тхо долчийн,
Суьйре хаза ю тхо долчийн,
Иштта хаза ду тхо долчийн,
Тоххарехь ван везаш хиллера, –

олий.

Цо тхуна мел дуьйцуш долу туьйра цхьогалх, барзах, лоьмах лаьцна хуьлура.

Ша туьйра дуьйцучу хенахь тхох цхьацца шен кара хаавора ХIатис, вуьш гонаха а ховшабой.

«Цхьа лом хилла, къан а делла, чохь дисна, – доладора ХIатис туьйра. – Акхарой хилла цуьнга хьийса оьхуш. ТIаьхьа а йисна яхначу барзо, шех лоьмо бехк баьккхича, цхьогало цхьацца мотт-эладита а дина, йиснера ша, хьо хIилланна чохь сецна бохуш, чу дех-дена экха даа аьлла, хиллера. Юха цхьогал кхайкхина лоьмо. Цхьогал, кхерзина пхьагал а эцна, дахна хилла, цхьа къонаниг ца лаьаьуш, хьедели хьуна ша, бехк ма биллалахь, лом, барзо хьоьга сох лаьцна дийцинарг цо ша аьлла ду хьуна, аса долийна дац хьуна аьлла.

Юха борз кхайкхийтина лоьмо ша долчу.

Таккха лоьмо йиттина барзана, ност а кагъеш.

Елха а йоьлхуш схьайогIучу барзана, гу буьххьехь тIекIел а даьлла, доьлуш Iуьллуш цхьогал гина.

– ЦIий оьхийла-кх хьан коьртах, – аьлла барзо цхьогале.

– ЦIий оьхийла-кх шен мотт ца сацочу коьртах, – аьлла, ловза а ловзуш, дIадахна цхьогал».

Ша туьйра дийцина яьлча, иштта вон ду шуна мотбеттар, олура ХIатис, мотбеттачунна барзана хилларг хуьлу шуна, тIаьххьара а олий.

Юха тхан дай, кхин корматалла шайн цахиларе терра, ламчу даьхний, жаш лело бахара. Аьхкенан кхаа баттахь тхо а хуьлура шигахь, гIо дан доьлхий, школера девлча.

Цкъа ХIатий, сой цхьаьна ламчу доьдуш, дада говрашца дуьхьалвеара тхойшинна, машенан некъ кхачалуччу.

ХIатис даим а дIасалелош цхьа къена Iаьржа алаша яра тхан, Покаш бохуш цIе а йолуш.

ХIати цу говрахь а йолуш, тхо Хилдехьа дIачудирзича, бажа мичахь бу аьлла, хаьттира ХIатис.

Дадас дIаэлира, Кхурихь бу аьлла.

ХIатис шен говр сацийра тIаккха.

– ХIун до ахьа, ва ХIати, – хаьттира дадас. – ДIа ца доьлху цай?

Ша ца йогIу, элира ХIатис, хьо гIо-кх цига, хьайна лаахь, аьлла.

– ДIаялахь, ХIати, – элира дадас. – Ма къийлахь уьш кийра, ма дийцахь...

ХIати йист а ца хилира. ХIати ехха дIахьийжира цу юьрте, шамарьихна балдаш тIеттIа а таIийна, ши бIаьрг а горгбина.

Иза дукъа тIерачу кешнашка хьоьжура, цу чуьрчу чарташка. БIаьрго халла бен ца лоцучу кешнашкара ши чурт гора ХIатина, Адамний, Iаминий доьгIна долу.

КIур боцу алу гIийлла меттаххьера ХIатин кийрахь, пхеанашкара цIий а шелдеш. И цхьа-ши Iуьйре кхийсалора цуьнан бIаьргашна хьалха гуттар а ткъесах, хаддаза цхьаъ вукхуьнца хуьйцуш, цкъа а вовшах а ца йолуш.

Дадас шен говр меллаша жа долчу агIор боьдучу новкъа хьовзийра тIаккха. Корта хьала-охьа а теIош, мозашна цIога а лестош, йоьдура говр.

Цу бехачу новкъа дада цкъа а юха ца хьаьжира кхин, я вист а ца хилира цкъа а.

Цул тIаьхьа, дуккха а шераш девлча, Бисанин кIанта Бижис элира ХIатига:

– Деллахь, Хантоти, хьо хIинца йоккха а хиллера, хьо цIахь Iийча а хIорш лара а бийр бара даьхница, хаза цIа а яхна, хьайн могашалла а ларъеш, кIедачу охьа а юьжуш, мерза хIума а юуш, яккха езара ахьа хьайн хан, – аьлла.

– Деллахь, Бижи, ца лела, хьуна, со, – элира ХIатис, – аса дечух хIорш хьалхабевр бара бохуш-м. ХIетте а, вогIучу хьеша-дена, лучу сискална, вонна-диканна хIорш нахал гIийла ма хилахьара-кх бохуш, дIагIерта-кх, – аьлла.

Ламчохь вогIу-воьду стаг наггахь бен ца кхочура, баттахь цхьаъ я шиъ. ХIатин шо даьлча кхочур волчу хьешана а кечам хуьлура бина. ХIатина дуьне хьийзаш дуйла а ца хаьара, хи дукха дуйла а ца хаьара лаьттал. ХIатина цкъа веана хьаша кхин юха ца ван тарлойла хаьара. ХIати цо дIахьур долчу дашах кхоьрура. ХIатина дика дош дезара шен кIентех. Шена хIумма а дезаш а ца хилла хиллера, дIахьаьжча, цхьа масех метр кIайн кисий, боккха акха тIулггий бен.

Цуьнан бахам кхин хиллера, нехан дашца тIаьхьабуьсург. Нехан дош. Кхин хIумма а.

Хаттарш, тIедахкар

1. Муха гойту Бексултанов Мусас шен кхоллараллехь халкъан ламастан, гIиллакх-оьздангалла?

2. Шуна хетарехь, хIунда чIагIдо авторо, уьш лардар вайн дахарехь коьрта хиларг?

3. «Суна везавеллачу турпалхочун амалш, цуьнан васт кхолларан башхалла» темина реферат язъе.

ШАЙХИЕВ Хасмохьмадан Iалвади
(1947–2018)

***

Стаг велча, юьртахь зударий боьлху.
Зуда лахь, юьртахь зударий боьлху.

Тезетахь божарий гIайгIанс лаьтта.
БIаьргех хи ца гойтуш, ойланс лаьтта.

ГIиллакх ду иштта и, схьадеъна ломахь,
Амма кхин цхьа гIиллакх схьадеъна ломахь:

ЦIий Iано дов гIаттахь, дош даше даьлча,
Дов духу, зударийн мохь-цIогIа даьлча.

Вайх хIора ларван уьш ницкъ болуш хилла,
ХIоранна там бан уьш комаьрша хилла.

Ткъа тахна тезет ду. Зуда дIаяьлла.
Дахаран хIу тесна, иза дIаяьлла.

Хьаста, вай и цкъа а кара ца эцна,
Ткъа тахна хьош ю и белшаш тIе эцна.

Делхийша адамаш! Тийна ма лаьтта?
Зуда яц, нана ю кховдош ерг лаьтте!

***

Аса а ма лайна
Сайн халкъан Iазап,
Къа-бала.
Аса а Iаьвшина логгелца
Цуьнан къахьо.
Кхо шо хан хиллехь а

Кху къизчу дуьнен тІе вала,
Шийлачу маьхьарца
Нуьцкъаха
Сайн цІера ваькхина со!
Ваькхина Нохчийчоьх –
Дайн лаьттах, лаьмнех,
Дайн кешнех,
Дайн иллех,
Ненан маттах.
ГІиргІизойн маьлха кІел,
ГІиргІизойн лаьттахь,
ГІиргІизойн маттахь ас
Дуьххьара ненан цІе
Яькхина, бах!..

(«Лазаман лорах» поэми тІера кийсак)

ДЕРАЧУ КХОЛЛАМАН КХЕЛ

(Повесть)

ДІАДОЛОР

КІохцале дарц хьоькху –
Юьхь цоьсту чилло.
Ехкина борз угІу
Сингаттаме.
Шелоно бахийна
Мох техка,
Іилла
КІордийна,
Баьлла и
Мерз цІовзаре.

Іаннашка-баннашка
Хьулбелла бода,

Тевжина Іа марахь
Лайн сомалкхаш.
Цецих тарделла
Стигланан бога:
Дарц луьйсу,
Лекхало
Арц,
Ламанаш.

Набарна таьІна ю
Жима юрт тховса.
ЖІаьлеш а ца лета.
Іеб-себ а дац.
Шаррийн чІу-машшашна
Ца йогу товханаш,
ЛапгІанийн корашкахь
Серло къедац.

Делахь а...
Цкъа собар.
Цкъа собар
Делаш –
Болуш бу тховсенан
Тешаш а.
Чот
Сихделла тохарна,
ГІалатах кхетош,
ДІо эвлайистехь
Елира топ.

Сакх-жІаьла,
ЦІевзина,
Кхочушдеш декхар,
РагІу кІел хьаьрчира,

ХIоз бина и.
Ткъа дIогахь,
Цхьанхьа-м,
Корах схьакъедда,
Серлонан тачано
БIаьрг къарзаби.

Хаац, уьш хIун деш бу,
ХIун хилла.
Амма
Леррина ладоьгIча-м
Къастало: «ОхI!»
Юккъешха:
– ЖемиIат, хIинцца...
ЙоI, цхьажимма
Сатоха...
Нислур ду...
Хьо Делан болх! –

Йоккха стаг
Къоначу зудчунна гонаха
Хьийзаш ю,
Ницкъ ма-ббу,
Теян гIерташ.
Коьрта тIе дуьллу цо,
ТIададой, йовлакх,
Юха а букъ тIе куьг
Хьокху меллаша.

– Баба, со... со леш ю.
КъинтIераяла...
– Ма дийца ишттаниг,
Осала йоI.
Цул кIант ахь хилийта

Кхоьллинче ала,
Тlаккха тховх боккхур бу
Зовлбига хlоъ.
Лечина ваша а хир ву...

– Вай Дела... –
Бlагор а беана
Хьаьвзира и.
Ткъа бабас,
Бер эца кеч а луш,
Эли:
– БисмиллахIи
Рахьманир
Рахьими!

Амма Зовлбигна доьгlна ца хиллера кlант вина кхаъ эца а я, и даздеш, тховх хlоъ чекхбаккха а: хlоъ цуьнан шен деган юккъехула чекхбаьллера.

Луларчу кlотарахь ловзаргахь халхаволуш ларамза йоlах куьг хьакхадалар бахьанехь, оцу буссехь, цlа вогlуш, кlело а йина, йоl йолчу наха – кхаа вашас – Сайтемара, Махьмас, Iусама – бекхам бинера цунна. Набарна етта буьйса эккхийтинарг тоьпан и тата дара...

Куьг бехкенаш шайн тайпанца цу буссехь юьртах бовлу. Цкъа юьхьанца генна ламанан хьаннашка дlабоьлху уьш. Ткъа тlаккха, чилла дlа а яьлла, Iа бlаьстенна гергагlоьртинчу хенахь, шайн хиллачу кхеташонехь лурхоша сацам бо ЗовлбигагIеран нахана тlедита дехарца нах бахийта...

ЗовлбигагIеран доьзалехь бухабиснарш – цуьнан зуда ЖемиIат а, юьхь тlе урс хьокхург хила ши бlаьсте йисна Леча а, топ яьллачу буса хилла Аьрзу а (ишттa цIе тиллинера цунна) бен, кхин стагга а вацара.

Тайпанах кхин хьалхара стаг цахиларна, дерриг шена тlелоцу Зовлбиган камарлю ларалуш волчу воккхачу стага Тахьмуллас.

Дукхазза дехарш динчул тІаьхьа, куьг бехке кхо ваша воцург, вуьш шаьш зударех тешийна дитинчу ков-керташка боьрзу.

ДІайолу ши бІаьсте.

Ден чІир екха аравала хан кхаьчна Лечин. Ден чІир екха сза. Иштта схьадогІуш ду азаллехь дуьйна а. Иза ца екхахь, кІилло лорур ву наха, нийсархоша букъ берзор бу цунна, мехкарша, цунах эхь цахиларе терра, лечкъор яд яххьаш, баккхийчу наха, пхьоьханхула тІехволуш, тІаьхьа туйнаш кхуьйсур ду. Щийнан эхь лан дезар ду воккха хилча Аьрзун а. ХІора денна бохург санна, ЖемиІате схьахьедеш ду иза. Амма ненан собар доккха ду. Амма ненан безам кІорга бу. Делахь а... Делахь а...

Наб йоцуш хийла буьйса текхначул тІаьхьа, цкъа эххар а цхьана Іуьйрана Леча волчу цІа чу йогІу ЖемиІат...

Шен зІенарш,
Цецица левсина,
Малхо,
Ламанан юрт къагош,
Лаьтта хьаьрси.
Царна ца евза-кха
Цамгийлаш,
Дархой,
Кхин тайпа лазамаш
Къизчу лаьттан.

Я хаац,
Муха
ЖемиІата буьйса
Текхна а сийсара...
Бовзац Іовжам.
Іадатой,
Кхетамой
Вовшашца къуьйсуш.
ТІаьххьара
Іадато
Баккхар толам.

БІаьрхиша дукъдина
Са хала уьйзуш,
Елира Лечин цІа чу
ЖемиІат.
Коьрта тІе
Меллаша
Ховха куьг дуьллуш,
Элира:
– Сан кІант,
Хьоь кхойкху Іадат.

Хьарамбо
Ас хьуна
Баийна накха,
Кхайкхадо
Хьо винчу денна
НеІалт.
Хьайн ден чІир скхаза
Кху цІен тІе вагІахь,
ДІачІаьгІна карор ю
Хьуна неІарш.

Нийсархойн и аьшнаш,
Мехкарийн кхардар,
Хьан тайпа-тукхаман
Сийсаза хІуй
Ловчул а тоьлуш ду
Велла дІавалар...
Озалахь –
Букъ тоха
Ас биъна дуй.

Хаалахь:
Цкъа мацах
Хьан дена санна,

Бакъо луш яц хьуна
Бан тешнабехк.
Бакъболчу къовсамехь
Шаьлта ца хьанъяхь,
Бац хьуна вайн эвла,
Сан даг чу
Некъ.

Аьрзунан бена чохь, кIант,
Ца кхуьу чIегIаг,
Лоьмана
БIарлагIа
Яц-кха пхьагал.
ЦIий кхойкху...
Эхьана
Хьакхалахь девзаг,
ТIаккха бен, бац хьуна
Накха хьанал!
ДIагIо хьо!.. –

Баьрчерчу
Пена тIехь кхозу
Шаьлта дIакховдийра
Нанас кIанте.

Цул беза,
Цул хала,
Цул хайра доцу
Мохь лан ца дезнера цунна,
ХIетте,
Безамал толарна
Iадатан цIубдар,
Кхолламца берта шен
Далийра дог.

ЖемиІат!
ЖемиІат!
Ахь дийриг хІун ду?
Баккхахьа юха хьайн
ДІатесна ког!

Хьажахьа,
Малх боьлу
БІаьстенан зазца.
Шабаршца вовшашка
Лен девлла гІаш.
Хьажахьа...
ЖемиІата
Хаьллачу хьазца
Элира:
– Ма воьллахь
ЦІа
Эхь дохьуш.

Шен дагахь ойла йин:
«Бер ду и хІинца.
Накъост а вац цуьнца,
Эшначохь
Лаца а гІо.
Хьалхе ду хІинца а
Ловза и цІийца...»

Делахь а
ЖемиІата элира:
– ГІо!

Леча айавелира
Катухуш мажарх,
Къинхетам ца бовза
Шен дог
Кечдеш.

– Дуй боу,
Шаьлтанца
Ас мостагІ вара,
Дийна цІа ца верзахь,
Нана,
Гечде.

КъинтІераялалахь
КІантана,
Нана... –
ЧІоггІа маракъевлира
Цо ЖемиІат.
НеІ-сагІа хадош, и
Велира ара,
Къилбанан метта
Лаьцна Іадат.

ЦІий Іенош,
Дахарой,
Іожаллой къийсарх,
Дахар ду
Дуьненна
Бакъонца хьакъ.
… … … … … … …
Нур дойуш,
Кагдина
Маьлхан и пийсак,
Стиглан ах
Мархаша
Йинера макх.

Де хуьйцуш буьйса а йогІура, буьйса хуьйцуш де а догІура. Тхьешаш а йоьлхура, Іалам хьоьстуш, малх а хьожура. Дерриг а шен рогІехь дІадоьдура. Цхьаъ дара хийцам боцуш: цІера аравальла дикка хан елахь а, амма, лурхойн лар хьаша аьтто ца болуш, дийнахь а, буса а кху хьаннашкахула, вижар-гІаттар,

яр-малар, маж-мекх дашар доцуш, экха санна, сахаьдда лелара Лечи. ХIинцца-хIинцца дIогахь тосабелла вежарий, хIара цига дIакхачале, бахна меттиг йоцуш, тIепаза бовра. Бакъду, цкъа Iусамна, жимахволчу вешина, тIе-м Iоттавелира хIара, аьлча а, иза ша нисвелир-кха кхунна тIе. Амма цуьнан жималлех кхоам хийтира Лечина, – герза тIе куьг ца даьхьира цо. Ша гушшехь иза шех ца къаьххкича, ларвала везийла дIа а хьедира. Я леррина бекхам эцийта веанера иза? Я кхунах кхаьрдаш лаьттара? Иза цуьнан шен гIуллакх-гIиллакх ду. ХIокхо тешнабехк бийр бац. ХIокхо юьхь-дуьххьал хIоьттина йовкхур ю шен ден чIир. Маца?

Iодара кхоьссина
Дин-бекъе
Махца
Масалла къуьйсуьйтуш
ВогIу цхьа бере.
Акха ю меттигаш.
Ламанан новкъахь,
Масаннан Iалашо
Яхна кху бердах?

Амма и шек хетац,
Хьажар ду буьрса.
Герзаша къуьйлу-кха
ГIодаюкъ кIентан.
Цо тахна дIахецна
Йитина дуьрста...
Я динан лааме
И хьажа
ГIерта?

Оьзда ву и бере!
Ламанхо цIенна!
Мехкарийн бIаьргашца
Хьаьжча-м совхе.
Товш хета маж-мекх а...

БІаьргаш –
Ткъес детта...
Амма уьш
ЦІаьххьана
Стенна къовкъий?

Я кІадо совъяьлла,
Беха некъ цоьстуш?..
Къовсамо човхийна,
Са эцна воьдуш,
Лаамна,
И къарбан,
Йоьхкинчух гІоьмаш
Тера ву.
Дуьхьало
Шен бІаьргийн
Нуьрца цо тоьду.

ЦІаьххьана
Некъ лоцуш,
Чурт санна,
ХІоьтти
Воккха стаг.
– Меллаша,
Собар де, Леча.
ЧІир йоькху сахьт хьуна
Тахна тІехІоьтти –
Уьш ПхьаьлтІин ирзеха
Чубуьссуш беца.

Кхетий хьо?
ТогІи чу.
Сихло ян кІело...
Сан гІуллакх-м дацара
ДІаала хьоьга...

Делахь а...
Некъ дика хуьлда хьан...
Делан
Диканца...

– Сацийта! Сацийта!
Къанъелла оьпа!
Тхан цIийх хьайн гай-тIоьрмиг
Хьо юзо гIерта?
Хийла нах Iехий ахь,
Сийдоцу паспас.
Хьан лаамца-м со вогIур
Вацара берта, –
ЧIир екхар тIедиллина
Нанас...
Чож датIош шад тоьхна,
Човхийна дин шен,
ТогIи чу тилира Леча...

Воккхахволу ши ваша – Сайтемаррий, Махьмий – шайн доьзалш а болуш, бехаш бара. Ткъа Iусаман дацара я делха а, дека а. Да-нана а дацара кхаа вешин. Цундела Iусамна лаьара, и чIир шена тIе а эцна, Лече бекхам байтина, дерриг дIадерзо, шен вежарех дIакъаста жимма а аьтто баьлча, шайна тIаьхьаваьлла лела Леча лаха ша воьдура иза. Цкъа-м тIекхечира иза цунна, амма вукхо баттара шаьлта ца яькхира. Ларамза хиллачу хIуманна тIехула шен вежарша вийначу Зовлбиган (оцу буьйсана вежаршца Iусам а вара, амма иза хила боллу бохам юхатоха тIаьхьаваьлла вара. Цо бохург вежарша дина хиллехь...) чIир кIанта екхар, гIиллакхца догIуш хиларе терра, къобалдора Iусама. Лечин метта хилча, цо а дийр дара изза. Иштта ма хьоьху Iадато. Цунах паргIат хIара а вац. Амма кхуьнан ницкъкхочуберг цхьаъ ду – мацца а цкъа тасадалар хилахь, уггар хьалха Лечин шаьлтанна кIел шен накха хIоттор. Ешха нана а, йиша а йоцчу кхунна Iожалла тIеэца атта ду, вежаршна цхьаъ хуьлуьйтучул, церан доьзалш байлахь буьтучул...

Iожалла кога кIел ю, олу. Амма, цо маца тешнабехк бийр бу, хууш дац цхьанна а. Цхьа де, цхьа сахьт хир ду-кха цуьнан а.

ТогIи чу вулуш ву кхо ваша.

Сайтемар: НеIалт хьо денна а,
Деа ма цIемза,
ДогIано ца вуьту
ДIабелла бIаьрг...

Махьма: Леча вайн лар толлуш
Ву бохуш, хезна...

Сайтемар: IаддаIен дагахь яц хетий
И мIаьжг?

Iусам: Бехк билла меттиг бац.
ХIораммо вайха
Лелон дерриг ду
Цуьнга кхаьчнарг.
Изза некъ дIакхехьна
ВорхIа а дайша,
Изза ду
Кхолламо
Цунна хьехнарг.

Махьма: ТIаккха?
Чекхдаккхал
Долийнарг дийца.

Iусам: Цхьаъ дац-ткъа,
Бусалба дин,
Iадат?
Бартаца екхалац –
ЧIир йоькху цIийца.
Со кхоьрург –
Хьан доккхур ду хьакъикъат
Вайна тIехь...

Сайтемар: Сацийта!
Сацийта!
ХІай гаур-кІилло!
Хьан багах-юьйлург яц
Къонахчун Іаь.
Цул коьрта зударийн
Йовлакх ахь тилла,
Атта хир, пешан бух ларбеш,
Чохь Іан.
Вала а,
Ваха а
Къонаха веза.
Ткъа Леча –
И хІун ю?

Іусам: Га доцу дитт.
Ваша вац.
Вац цхьа а верас.
Хаалахь,
Схьалаьцча,
Къовзош бу нитт.
Стомара дар-кха и,
МаьркІажан хенахь,
ЦІаьххьана цхьа тата...
Делора,
Бакъ ду и!
Лечин бІаьрг сох кхетало.
Шаьлти тІе куьг даьхьи.
Юха а меллаша
Куьг юхадаьккхира.
Хьо Делан болх!
ТІаккха цо элира геннара
Хеззаш:
– ХІсй, къонах!

Кхул тІаьхьа
Ларлолахь сох!

Махьма: БІарлагІа
ХІоьттина хилла.
ХІун дийр ду
Хьайна и баккъал а гахь?
Іаддол бен са дац хьан-м,
КІилло...

Іусам: Ца кхерча –
Сахь даккха
Хир вац хьо цІахь.

Сайтемар: Собар!
Цхьа тата хаало...

Юха а малх хьаьжи,
Дуьне денделла,
Зезагийн патарша
Къарзбина бай.
Органо
ТулгІешна синмаршо
Елла,
Хаийта ша доций
Да воцу
Лай.

ТулгІешна,
Вовшашна
Мар-мара хьерчаш,
Эшарийн мукъамехь
Ирс кхайкхор тов.
Къонахчун боларахь,
Цхьаннах ца къехкаш,

Іаламан халонаш
Майрра цо лов.

БІешерийн
Йохаллехь
Органо хийла,
ТулгІенийн
Мотт хьоькхуш
Лаьттан букъ тІе,
Яйъина цІийн лараш
Дахаран сийнна,
Дуьнен чохь кхеххийта
Безаман цІе.

Ткъа тахна
ХІун дохьуш
Баьхкина хьеший
ТогІи чу?
Органан
Дог деттало.
ЦІаьххьана
Дуьхьалакхеттачу Лечас,
Кхо бере,
Некъ лоцуш,
ДІасацаво.

Леча: Аш кхуззахь
Тешнабехк
Бина сан дена,
Ткъа хІинца майралла
Гайталаш шайн.
Теш ву-кха Везаниг –
Кхоьллина Дела,
Дуй биъна

Шух Іабо
Ас шаьлта сайн.

Іодара кхоссало
Царна тІе Леча
(Къинхетам ца бовззал
И буьрса ву).
Дегадо латта а,
Аьрха дой терса,
Органан тулгІеш а
Чуччахьоьлху.

Ткъес-суйнаш
Кхерстадеш
Агало болат.
ТІах-аьлла
Лечас шен
Дин хьийзабо.
Кхаанца лараван,
Чот тоха хьолан,
Цхьа адам –
Ма кІезиг
И хетало.

Делахь а
Кхолламо
Бакъволчу Лече
Шабарш до:
«Хьо тола!» – бохуш
Лерехь.
Кхетамо хьехар до:
«Хьайн ден чІир екха,
Іожалло вожавахь,
Хьуна ду эхь».

«Теша, кІант:
Вайн дахар –
И гІан ду хьуна.
Іожалло берриш а
Шен махка хьо.
ГІо дан ницкъ ца кхочу –
Дазделла упха,
Амма ас
Тахна хьох
Дозалла до.

Циггахь ма бинера
Тешнабехк
Мацах
Суна а –
И чов сан
Ерзаза ю.
Тахна ахь бекхам бо –
Хастам бу Далла!
Ткъа бекхам –
Сан чевнна
И дарба ду», –

Зовлбиган аз дека
Бекхам бар хьоьхуш.
«Хьожур ву ларо со!» –
КІанта жоп ло.
– Вай Махьма! –
Іусама,
Цунна некъ боьхкуш,
Шен накха
Шаьлтанна
КІел хІоттабо.

Сайтемар дІаиккхи:
– Іу-Іусам!

Амма и кхиавац.
Хьо дуьне-яI!
Дог лоцуш,
Меллаша
Лаьтта и вужу,
Даз а лой,
ЦIий леша,
Шен чевнан даI.

Махьме а кхечира
Iожаллин дакъа –
ШозлагIа вуьйжира
Садаьлла и.
Ткъа Леча...
Ларлохьа.
Ма хьежа акха...
Вай Дела...
Лаьтташ ву
Iаддийнчохь и.

Дуьххьара
Iожаллин
БIаьра хьажарна,
Жималлах воьхна-те,
Язъелла чов?
Ларлохьа,
Тешнабехк беш бу
ТIехьашха...
Амма и волчуьра
Меттах ца хьов.

«Сийлахь ду,
Тайпанан
Сий лардеш воьжча.
Осала хилча, ду

ТІаьхьенна эхь.
Кхардамца
Наха хьан
ЦІе яха йоьлча,
Лан ницкъ сан кхочур бац.
Ткъа ловр ду –
Вехь!

Бакъболчу къовсамехь
Шаьлта ца хьанъяхь,
Бац хьуна вайн эвла,
Сан даг чу
Некъ...» –
И новкъавоккхуш ю
Къежъелла нана.
Ткъа Лечас-м
И декхар
Кхочушдин тІех.

ЦІаьххьана,
Букъ зовзош,
ЦІе ели кийра.
ДІахьаьжча –
ТІехьа верг
Сайтемар ву.
Берриг ницкъ гулбеш,
Шаьлта ластийна,
Цуьнга а кхачий цо
Іожаллин ун.

Эх1, маржа, миска, Леча, яІ-кх! Хьайн яхь-бехкан декхар-м кхочушдира ахьа, тІех а деш. Вуьшта, иза дацара-ткъа, хьо кхийринарг а? Хьуна хьайна а ма ца лаьара ца догІу цІий Іано. Хьайн дахарх-м ахьа хьо цІера воллушехь дог диллинера. Хьуна хаьара, хьаьйолу чІир айхьа екхча а, велла дІаваллалц цо дог Іийжош,

сомах а, гIенах а синтем байъина, къаьхьаниг бен, дахарх кхин мерза чам ца кхеташ, хьо лелар вуйла. Амма тIенисвеллачу хьоло дагахь а доцчунна тIевуьгу. Дагахь а доцуш, кхааннан цIий Iаний ахьа тахана. Амма хьайниг а дахар дIалуш хиларо жимма хьаам бо-кх...

Тап-аьлла тийна ду.
Малх,
ЦIийла керчаш,
ТIаьххьара
Алонан сауьйзуш бу.
Есачу тогIи чохь,
Iожаллех хьерчаш,
Цуьнца барт беш тахна
Диъ адам ду.

Яьсса ю тогIи а.
Дуьне ду даьсса.
Къинхетам балхабеш
Ца техка хьун,
Даьссачу бIаьргашца
Хьоьжу уьш Iеса,
Iожалло кхайкхийна
Жоьжахатин ун.

Диъ адам...
Диъ адам...
Ловр ду и муха?
Iадато
Шен лешна
Хьакхар ка-нуй?
Кошан барз айбелча,
Iаламо буллу
Дуьненан харцонна
Iадатна гIуй?

ХІетталца
Олалла
Деш деха Іадат?
ХІетталца
Къиза ка
Детта-ткъа цо?
Іадато
Бицбойту
Везачун амат?
Іожаллин некъ а
Хьоьху-ткъа цо?

Собар!
Цхьаъ меттаххьуьйш
Хаало дІогахь.
Юьхь-сибат къасталац...
Кхета... хІинца...
Вайн Іусам...
И хьаьнга
Дан воллу охІла?
Бакъхьарчу пхьаьрса тІехь
Текха мичхьа?

Некха тІе диллинчу
Аьрру куьйган
ПІелгех чекх Іийдало
Цийн тІадамаш.
Текха и.
ГІо лаца накъост ваш
Уьйре.
Накъост ваш
Бовза цо бен ладамаш.

ЦІаьххьана,
БІагор а беана можа,

Корта оллош шен,
Кхийтира и.
Юха а дегI айди.
Стигланан бога
Лаьттаца
Мар-мара хьерчаш
Сурт гин.

Дерриг а жил-Iалам
Даьндаргах хьийза.
Чхернаш а деттало
Iусамна тIе.
Органан тулгIеш а
Мукъамца тийжа.
Вайн дархо
ДIакхалла
Кхийсало тIе.

Iусам-м ца кхоьру.
Ницкъ ма-ббу гIерта
Дог Iабош,
Шийлачу
Оргех бан къурд.
Амма дегI ца лела.
ДегI дагIац берта.
Ткъа гонаха,
ДIахьаьжча,
Даьсса ду урд.

Юха а текха и.
Туьйсу цо мIараш.
Еккъа цхьа-ши чийрик –
ТIаккха ду хи.
Кхо бинчу некъан теш –

ЦIийн тIадмийн
Тача,
Бахлуш-м лаьтта
Оьмарал и.

Хета:
И азалле
Асанца боьжна,
Iусамна хьалхара
ДIашершаш бу.
Дог-ойла,
Синкхетам
Хина тIебоьгIна,
Бертала,
Пхьаьрса тIехь
И текхаш ву.

Юха ма валалахь!
Къийсалахь, Iусам!
(Органо-м шен тулгIеш
Бендоцуш хьо).
Эххар а
Хин-бердан
Йисте и вужу.
Эххар а
Iусама
Оргех
Къурд бо.

Макхделла дуьне а
Сендели
ХIинца
(Я и бу берриг а
Кхоьллинчун болх?).

Башха ду,
Тап-аьлла,
Массанхьа тийна.
Дистхила дац хетий
Адам са чохь.

Сайтемар,
ДІо Махьма
Іохкуш бу белла.
Вай Дела!
Ма да хьо
Адаме лан!
...Цхьа узарш.
ДІогара.
Леча денвелла?
Цхьа узарш.
Іусамна къаьсти:
– Хи да.

Берриг шен ницкъ гулбеш,
Куйнах катоьхна,
Орги чу Іоьттира
Іусама и.
Мелчу хих буьзира
Цо иза
ТІоьххалц,
Амма ницкъ ца кхочу
Схьаайа хи.

Маржа-яІ!
Мичхьа ду
Къоналлин гІора?
ХІунда бо
Оышшучохь
Тешнабехк сел?

Шен ницкъ цакхачарехь
И вара Iора,
ЦIий ихна
ДегIан чарх
Яларна гIел.

Делахь а,
Дагахь вац Iусам
Юхавала.
ТулгIешца къуьйсур ду
Цо Лечин хьакъ,
Садаьлла виссалц ша.
Ткъа тIаккха Далла
Хуур ду, и хилла,
Ца хилла
Бакъ.

Дицдина
Чевнан даI,
Гулбина ницкъ шен,
Юха а кхевдира
И куйна тIе.
ТулгIех схьакъастийра
Цо Лечин рицкъа,
Ца Iаношн
Диллира
Берда йисте.

ТIаккха и текхира
Iуьллучу Леча,
ТIехула кхерстадеш
Iожаллин вай.
«Схьаверза!
И-х, Iусам,
Хьан мостагI веца!»

«Бакъ дац и!
Со-со ву –
Цхьаъ –
МостагІ сайн!»

Масане
Ойланех
Беънашехь бІагор,
Іусам дІатекхара
Лечина тІе.
«Схьаверза!
Хьо-х, Іусам,
Хедаш ву дахарх...»
«Бакъ дац и!
Со лахь а,
Ехар ю
Адмаллин цІе!»

«Схьаверза!
Ма гІерта
Хьайн цІийх и Іабо!»
«И дан а ницкъ кхочур бу,
Луш хилча са».
Меттаххьан ницкъ боцуш
Іуьллура дархо,
Балдаша-м
Шабаршца
Бохура:
– Хи да...

Эхі, маржа, миска, Іусам, яІ-кх! Хьо а ма гІоьртинера, хьайн яхь-бехкан дехкар кхочуш а дина, бекхаман къа тІе а лаьцна, вежаршна пархІато яккха. Вуьшта, хІара дар-кха хьо кхийринарг а. ХІаъ, дара. Хили-кх хьо кхийринарг. Дера хили. Хьайна тІехь

бІаьрхиш ледо нана, йиша цахилар дара хьан дагна хьаам беш дерг. Амма ахьа бицбинера, дега, нене, вежаршка бийца йиш йоцуш, хьайн деган кІоргехь кхобуш болу безам. ХІаъ, цо легор ду хьуна, дог Іаббош, бІаьрхиш. Цо кхобур ю хьан чІир а. ХІинца, Іожалле са дІахьаьддачохь, хьан бакъо яц цуьнга латкъамаш бан. Кьонахчун амалца ца догІу иза. Цундела цІийх лешначу бІаьргаш чохь хІуьтту цуьнан амат дІаэккхо гІерта хьо. Амма цунах дош ца хуьлу. Дерриг а цІен дуьйхина ма ю иза? ЧІире стаг Іаьржа дуьйхина хила ца веза? Я бІаьргаш бу-техьа дерригенна бехке? ХІоранна а шен-шен беса го дуьне. Амма бІаьргийн бехк бац иза. БІаьргаш деган куьзга ду. Делахь-хІета, хІора а шен-шен дагца хьоьжу дуьнене. Ткъа цуьнан бІаьргаш муха бара? Іаьржа? Мокха? Сийна? Уьш шаьш-м дика дагабогІу хьуна. Амма церан бос бицбелла-кх. Хьо йоккха юьхьІаьржо!

Леча: Іусам! Ва Іусам!
Хьажахь цкъа,
ПетІамат-зезагаш дац лепарш,
Ма цІийелла
Стигла?
Я, топ кхетта,
Чов хилла,
ЦІийн Іоврех
Яссалуш ю?
ЦІир-цІир деш,
Кхана кхуззахь
ЦІийзар ю
Ворданийн милкаш...
Амма и дерриг
Кхана хир ду.

Вайшинна гур дац и.
Кхетий хьо,
Вайшинна гур дац и,
Іусам.

Хезар дац,
Шабаршца
Техкаш а
ДІо диттан га.
Ши аьрша лаьтто
ДІакъевлича упха,
Дуьсур ду
Дуьнен чохь
Латийна къа.
ЭхІ, маржа, дуьне, хьо...

Іусам: Къинхетам цкъа а бац
Іожаллехь
Шен леш азатбан,
Шен сахьт тІехІоьттича,
Ког тосий,
Вожаво цо.
Іожалла –
Іожалла ю?
Я иза ду Іадат? –
И шиъ соь вовшеха
Ца къастало.

ХІаъ,
Вайша-м Іуьллуш ву
Іожаллин хьу кхетта,
Алахьа,
Я и ю
Іадатан хьу?
Вай тахна Іений цІий –
И дац-ткъа
Іадатна цІетта?..

Леча: ЦІу тІехь-м веккъа цхьаъ
Со бехке ву.
Кхстамо хьоьхура:
Хьайн ден чІир екха.

Мехкарий кхаьрдара:
КІилло ву и.
Нийсархой къехкара:
Хьан болх бу текхахь...
Ткъа даге ладоьгІуш
Таханналц Іий.

Цо бакъо ца лора
Схьаяккха шаьлта.
Къинхетам хьоьхура
Массарех шух.
Моьттура,
Шу а ду,
Сох, кІиллох, кхаьрдаш,
Сан некъаш ширделла,
ТІеяьлча къух...
.....
ЧайтаІах,
Лил-мархийн
Оьснашла керчаш,
Седарчий хе даьхна
РогІехь бу бутт.
Бац иза
Тховсенан
Къиза чов свзаш, –
Іаламо
Іадатна
Ца дугІу чурт.

Иштта, цхьана дийнахь хьаьвзина, дин тезет дІахІоьттира лаьмнашкахь – Іадато шен лешкара эцна ял яра иза. Цкъачунна. Цул тІаьхьа кхин а пхиитта бІаьсте яьлча, шен тІаьххьара дехар а схьадоккхур ду Іадато: шина а агІор нийсо хила еза. Цхьана агІор кхоъ вийна, вукху агІор вийнарг шиъ бен вац. ЧІир эцархьама, Аьрзу тІекхиийта веза...

ЖемиIатан тезет наха дIадерзийра. Цхьа хан яллалц, кар-кара оьцуш, наха юх-юха а дуьйцура Лечас шен ден дIаекхначу чIирах лаьцна. Амма, дицлу-у-ш, иза а дицделира. Цхьа ЖемиIат йоцчунна.

ХIинца кхоччуш байлахь йисна ЖемиIат цамгийлаш лехьо йолаелира. Амма дахар къаста йиш яцара цуьнан, елла дIаялар мел тоьлашха делахь а, когавахийта везара Аьрзу. Къежъелира иза. Тишъелира. ХIора де Iожаллин багара доккхура цо. Аьрзун дуьхьа. Цунна хаьара шина тайпанна юкъара дов дIа ца дирзиний. Делахь а хено хилларг ширдаре дог дохура. Цхьаъ бен воцчу шен доьзалхочунна гечдаре дог а дохура. Дукха ца хилахь а, дехаре нах бахийтича, гечдеш меттигаш а ма нисло. Цара гечдахь, цо алссам там бийр бу царна. Яллалц ецар ю царна хьалхара. Цара гечдича.

Иза мацца а цкъа хиндерг ду. Тахана цунах я вукхунах кхета жима ву Аьрзу. Цунна хIинца а ца хаьа, шена гур боьгIна Iаш цхьа нах буйла. Хаа а ца оьшу.

ХIора ламаз тIехь Деле дехарш до ЖемиIата, и бала юхатохахьара, бохуш. Кхин а цхьа дехар а до цо: кIант бевваккхалц мукъана а оьмар яхъяхьара бохуш. ТIаккха-м иза, пIелг санна, ша вуьсур вацара. ХIетале-м цуьнан нийсархошца уьйраш а тасалур ю. Ткъа уьш доттагIаллехьа йоьрзур ю. Тешамечу доттагIаша ларвийр ву иза. ТIаккха-м сапаргIат къаьстар яра иза хIокху къизчу дуьненах...

Iадато кхоавахь,
Iожалло кхел тIаьхьататтахь,
Баккхийнаш –
Пхьоьханахь къанло,
Кегийнаш –
Шовдане леста.
Иштта схьадеана ду.
Иштта схьадогIу лаьмнашкахь:
Заманан терза цкъа дазло,
Цкъа дайло
Заманан терза.

Дай баьхна,
Дай эгна,
ТІаьхьенна стогалла хьоьхуш.
Чарташ ду
Некъийн йистошца,
Кешнашкахь
Чарташ дІатийна.

Ткъа кІарраш...
КІарраш ду лапгІанийн
Туьнкалгаш лоькхуш:
Хиларх вайн дахар мел доца –
Дахар ду лензаллех хьийна.

И шера хаало
Тийналлин гаттонехь кешнийн,
Дуьхьал аз цадаккхарх цара.
ХІора барз,
ХІора чурт
Цхьа-цхьаннан кхолламан теш ду.
Къарйина лаьттан къоралла,
Кханене сакх-сема хьуьйсу.

Цхьацуьрриг ледарло
Ялийтахь,
Цара ца гечдо.
Дайн синош,
Сийналлех летта,
Дийначийн тІехула кхереста.
Шаьш-шайна ца бина
Къинхетам
Вайна а ца кечбо,
КІарлагІа югІий,
Синметта
ДІакхеттарг
ТІеохьу кхерий!

Цундела ца дуьту
Къаждола кешнашка некъаш,
Каш доцчийн чарташца тегна
Йисташ ю некъийн
Цундела.
Уьш дахарх къаьстана,
Дахар шайн сил дукхадезаш,
Ва амма
Дахар ца хетта
Яхь-бехкан,
Стогаллин
Меха!

...Шиъ чурт ду юх-юххехь.
Ши барз бу айбелла лаьтташ.
Царна тIе лахъелла тийна,
ЖемиIат гIайгIане тийна.
Ши чурт ду.
Ши каш ду
Вукхарех къаьсташ:
Цхьаъ – Зовлбиг,
Цкъа мацах вийна;
Цхьаъ – Леча,
Цкъа мацах вийна.

Цхьаъ да ву.
Ткъа важа
Ден кIант ву.
Ден чIир а екхна,
Шен дена юххехь каш шена
Цунна а карийна хIеттахь.
ЖемиIат йогIура
Кешнашна тIехIотта денна,
Ца гайта цхьанна а дена,
Сов Iуьйрре,
Я пхьуьйран хенахь.

ХIинца а еана и.
Дукха ду цушинга дийца.
Аьрзу а пхийттара ваьлла,
Бовваккха
Хан а тIекхаьчна.
И лаьтта кешнашкахь,
Йиш йоцуш хIумма а хийца:
Iадатан кхел хилла яьлла,
Кхолламан кхел хила
Хьаьхна.

Иза Iа шен кIентан,
Шен майрчун
Баьрзнех ка хьоькхуш,
БIаьрхиш чохь кхачийна бIаьргаш
БIаьрзе дIа тIебоьгIна царна.
– Со яла хьан делаI, –
Олу цо Лечин чурт лоьцуш. –
Хьо мукъна,
Кховдийна шаьлта,
Ас хIунда ваькхир-те ара?

Дуьххьара деш дац цо
Ша-шега иштта и хаттар,
Хуушехь, юьсий жоп доцуш,
Даима,
Тахана санна.
Ва амма,
Шен бехк гуш,
Яхахь а – яха дац атта...
Дуьнен тIехь хIун ду
Дийр доцуш,
Ша елла а, кIант денван, нанас?
Цу тIехь ю гIорасиз,
Цкъа мацах Iадатна хьалха

Санна и, – дерриг чекхдаьлла.
Дийна верг
Ца ваьхча валац.
Дуьсуш дерг цхьаъ ма ду –
Аьрзуна дІаделла дахар
(Я цунна дІаделла яьлла?),
Цуьнга ирс мийлийтар
Іаббалц.

Вон деача, еана и.
Дика лан еана
Кешнашка.
Цхьа де ца даьлла
ХІокхаьрга:
– Де муха долор-те? –
Аьлла, ца хоттуш.
...Майрчуьнга,
Шен кІанте
Пурба а доьхий,
Бовваккха,
Сайбина ялийна, Аьрзу,
ЖемиІат дІаяха гІотту.

ТІаьххьарчу вуьрхІитта шарахь дуьххьара хазахетар деара ЖемиІатан керта: дукха хенахь дуьйна шен бІаьрг тІехь сецна, вуно жима йолуш да-нана а делла, йиша-ваша а доцуш, маьхчин кертахь кхиъна Сайбина ялийра цо Аьрзуна. Шовзткъа шо а кхачаза, амма лайначу Іазапо букар яхийтина ЖемиІат, къона къанъелча санна, каде хьийзара нус декъалъян веъ-веанчунна там бан гІерташ.

ХІинца-м хала дацара. ХІинца цо и шиъ генна оьрсийн махка дІадохуьйтур ду. Цхьанна а хуур дац, и шиъ мичхьа ду. Ткъа хІара? ХІокхо кхин дуьнен тІехь дан хІумма дац, Іожаллин сахьт лардеш, дІаІийр ю.

Амма дукха доца хила доьгІна хиллера ЖемиІатан ирс. БІаьрг тІера ца бокхуш, хІинццалц ларвина Аьрзу цхьана буьйсана цІа

ца веара. Кхин а цхьа буьйса дIаелира. ТIаьххьара юьрта ирча кхаъ кхечира, Аьрзуна бекхам бина аьлла. Ур-аттала дакъа а доцуш, тIепаза вайра Аьрзу.

КхозлагIа бала а тIебеана, ЖемиIат метта юьйжира. Цхьа кIира далале тезет делира...

Байлахь йисира Сайбина а. «Бакъ дац Аьрзу вийна бохург! Тхан безам стенга баха беза? Суна схьакарор ву иза!» – аьлла, Аьрзу лаха араелира иза.

Юьрта кхин лар ца еара цуьнан...

1905-чу шеран оьрсийн дуьххьарлерчу революцехь байъинчу гIаттамхойх цхьаъ божарийн духарехь зуда хилар гучуделира, Iаьржа бIаьрг-цIоцкъам, иштта Iаьржа еха месаш йолуш. Зуда-ламанхо.

Сайбина-м ца хиллий-техьа иза?

ДЕРЗОР

Дуьйлина IаддаргIа –
Стигла ю этIаш,
Къега цкъа ткъес-хаьштиг, –
Зил хьокхий дов.
Iаламо кхоьллинарг
Вовшеха леташ,
Буьйсано, цIийзарехь,
Ирча сурт лов.

ДогIанан зIенаша
Стигланах кхазо
Латта а,
Шелделла,
Дегош ду – «гар-р-р».
Мохь-цIогIа даржийна,
Доьлхуш ду Iалам,
Тамашена хеттал

Тамаш
Цабар.

ДогIа догIу.
Даръелла кIорни
Лазийна,
ЖаргIанах
Iовраша
Уьйу шайн кхес.
Балано гатбинчу
Цу лаьттан
Кийрахь
Доккхуш шайн аьрхачу
ТулгIешна кес.

Буьйсано
Даржийна
ХьаргIанан тIемаш.
Iаьржа ю.
Бодашкахь
ХIумма а гац.
Есалла юцуш ду
ДогIанан серий...
Адамна товрриг
Iаламна тац?

Цхьа ву со.
«ТIак-тIик» до
ДогIано корах.
«ТIак-тIик» до.
Бац цунна цхьацуьрриг
Тем.
Цхьа тата...
«ЧIап-чIап...»
Цхьаъ гIерта къолах?

Некъахо ву лоьхуш
Хьулвала бен?

Меллаша,
ГІаьттина,
Уча со вели.
БІаьрг кхарстий гонаха ас –
Гуш адам дац.
Юха а
Цхьа тата
Сан юххехь дели.
– Чувола. Вохлур хьо.
Хьаша сов вац.
Бодашкахь
Сан хьалха
ХІоьтти цхьа гІаларт:
ТІехь беркъа.
Сов гІийла.
Пекъар-адам.
Я, нагахь, со тилла,
Со вацахь гІалат,
Кхолламо бина-кха
Цунна цатам.

ХІун эшна,
ХІун лоьхуш
Лела и тховса,
Сел йоьхна,
Сел ирча
Буьйса цоьстуш?
Я накъост лоьху цо?
Хьаша?
Я доттагІ?
Я лела

Цхьаьнгара
Бекхам лоьхуш?

– Дийцахьа хьайх лаций!
– Гирий и хьуна?
– Ахь лоьхург мила ву?
– Вевзац-те?
Маржа-яI!
Пхийтта шо...
Кхолламо хьукма дин суна.
Пхийтта шо...
Iийжаш ду
Сан чевнан даI.

Юха а
Бодашкахь
И къайладели.
Чот йоьхна,
Цхьан-цхьалха,
Со лаьтташ ву.
– Ма... ма гIохьа дIа, –
Мохь тоьхна эли. –
ЦIе муха ю а хьайн дийца соь...
– Сайбина ю.

Хаттарш, тIедахкарш

1. Шайхиев Iалвадин стихотворенешкахь поэтически суртхолларан башхаллех а, поэзин шатайпа хотIах а шайна хетарг дийца.

2. «Дерачу кхолламан кхел» стихотворенешца язйина повесть ю. Авторо тешнабехкий, эхь-оьздангаллий цхьанадогIург цахилар чIагIдарх а, къоман гIиллакхаш, оьзда безам гайтарх а лаций дийцаре де. Шуна хетарехь, чIир сихар юкъара дIадаккха деза я ца деза? Шайна хетарг ала.

3. «Шайхиев Iалвадин кхолларалин мехалла» темина доклад язъе.

АЛИЕВ Хьамидан ГІапур
(1949–2011)

КЪОНАХИЙН ЗАМА

Туьйранехь йийцинчу сихаллех таръелла,
Йорт эцна йоьду хьо, къонахийн зама.
Хьан лорах вогІу со, са хаьлда, гІелвелла,
Собар де, сих ма ло, къонахийн зама.

Заманаш хийцалуш, дуьхьал куьг тесина,
Хьо ловзош баьхначу къонахийн дуьхьа,
Халкъашлахь яьккхина нохчийн цІе ларъялца,
Собар де, сих ма ло, къонахийн зама.

Тхан яртийн дай хилла лаьттинчу кІенташа
Даькккхинчу сийлахьчу гІазотан дуьхьа,
Цхьажимма тхо, кхетта, хьекъале дерззалца,
Собар де, сих ма ло, къонахийн зама.

Ахь хьайца дахчийна, халкъан барт чІагІбина,
Нохчийн сий айъинчу хьайн денойн дуьхьа,
Тхо сийсаздовларах лардала Іаммалца,
Собар де, сих ма ло, къонахийн зама.

ХІУН ЛОЗУ ХЬАН, НОХЧИЙЧОЬ?

– ХІун лозу хьан, Нохчийчоь, хІун лозу,
Бохийна, багийна мохк?
Муьлхачу чевнаша бІарзйина
Йиллина лаьмнашкахь дохк?

– Сан лозу къонахийн чевнаш,
Къонахийн дегнаш сан лозу,
МогIа нисбеш хIиттийна кешнаш,
Кхин баха йиш йоцуш биснарш.

– ХIун лозу хьан, Нохчийчоь, хIун лозу,
Турпала къонахийн мохк?
ХIун ду, хьан ойланаш гIелйина,
Юьллуьйтуш аренца дохк?

– Сан лозу даггара дешнаш,
Къонахийн некъаш сан лозу,
Сан дуьхьа беллачийн хьегарш,
Бисначийн вовшашца эгIарш.

– ХIун лозу хьан, Нохчийчоь, хIун лозу,
Къаьмнашлахь цIеяхна мохк?
Муьлхачу балано хьовзийна
Юьллуш ю хьан букъ тIе дохк?

– Сан лозу боберийн бIаьргаш,
Зударийн бIаьрхиш сан лозу,
Сан дуьхьа беллачийн доьзалш,
Уьш бицбеш баха кечбелларш.

КЪОНАХЕ

Яьсса ю Нохчийчоь, хьо воцуш яьсса.
Хьо воцуш даьсса ду лаьмнаш.
НеIалтех хьо вагош хиллачийн Iеса,
Хьо хестош, декаш ду аьзнаш.

Ахь, маршо кхайкхийна, гайтинчу некъа
Ца бовлуш хьийзинарш гIергIаш,

Хьан цIарах къилба деш, эхь дайна бека,
Дахарехь шайн нисдеш некъаш.

Абаде кхаччалца даима даха
Дисина хьан шовкъе дешнаш.
Хьан дешнех цакхеттарш, цалиънарш кхета,
Хьо хестош, екош бу эшарш.

Маршонан некъ чIагIбеш, ца кхуьуш, данза
Хьох диснарш дукха ду дезарш.
Хьан цIарца нохчашна йисина хазна,
Каетташ, йоькъуш бу биснарш.

Яьсса ю Нохчийчоь, хьо воцуш яьсса,
Хьо воцуш даьсса ду лаьмнаш.
Хиллачух ца тешаш, сатуьйсуш деха
Кавказехь мел деха къаьмнаш.

ДОIА

ЦIе яьлча, цIе яьллий а ца хууш,
Дов даьлча, дов даьллий а ца хууш,
Мацвелча, мацвеллий хуучух
Ларвелахь со, Везан Дела.

Мацвелча, мацвеллий а ца хууш,
Хьагвелча, хьагвеллий а ца хууш,
Дов даьлча, дов даьллий хуучух
Ларвелахь со, Везан Дела.

Дехьенна сехье а ца евзаш,
Сехьенна дехье а ца евзаш,
Iовдалчо еш йолчу Iамалех
Ларвелахь со, Везан Дела.

ИБРАГИМОВ Хьамзатан Канта
(1960)

БЕРИЙН ДУЬНЕ
(Роман юкъара дакъош)

УьтталгIа корта

Аьхкенан оцу исбаьхьчу, тийначу Iуьйрана, даим а санна, массарел хьалха меттахдевлира балкон тIехула бен бина чIегIардиган. Шайн зевнечу, самукъанечу шабаршца цара КIант самаваькхира. Шен мохк толлуш санна, бераллин ладамаллица а, еккъа цхьана вуьжуш тIейоьхначу бедаршца балкон тIе велира. Бага а гIиттош, вехха хьийжира шена хьоме йолчу сирлачу анайисте. Цигахь, геннахь, къилбехь, маьлхан зIенаршлахь луьйчуш, дуьненахь машар ларбеш санна, лаьттара сийначу стигалах дато, ира юьхьиган йолу баххьаш а гIоьртина лаьмнаш. Иза Кавказан исбаьхьалла а, сийлалла а яра: ерриг а Iуьйре, Iаьнан дахкаро геналла къайлаяккхалц, КIант воккхаверца хьоьжур ву оцу башхачу суьрте, юха бераллин мукъамаш лекхалур бу цуьнан даг чохь…

Амма уллера сурт ца дезара цунна. Муха езар ю гIалин херцарш? Делахь а шена гонаха, кху жимчу кIайдарг тIехь цо шен керла маьIиг кхоьллина, бералло заза доккхуш долу эсала дуьне кхоьллина.

Балконна юьстахо, гIаш-некъ хиллачохь, ткъа хIинца еккъа саьнгарш йолчохь, хIинца а лаьтта къена, «Берийн дуьне» туьканан бIаьрла дахар дагадогIур долу цIабалг[1]. Диттан бохь, къаьсттана лакхара дакъа, бомбанаш еттаро кегдина, дакъаделла генаш.

Ткъа лахарчу, мелла а онда а, стомма а долчу генаша ларбина шайн пицкъ, цаьрга хIинца а схьаозало Соьлжа-ГIаларчу лаьттара дахаран телхина мутт. БIаьстенца патар хийцира цо, хIинца, къилбера аьхке шен бакъонашка йирзинчу хенахь, шуьйрра даржийнера цара шайн даккхий, муттанах дуьзна гIаш. Царна юккъехь

[1] ЦIабалг – капитан.

стьмаш го – хIинца а кегий, можа чкъуьйригаш а йолуш, амма, цхьаьнга а эрна схьа ца дахийта, уьш ирачу кIохцалех дуьзна ду.

Оцу кху юккъехь ша цхьаъ бен дисна доцчу дитта тIе Iуьйрана дуьйна тIеэха дуьйлало Соьлжи йистехь мел долу олхазарш. Уттар лаккахьа, дакъаделла генаш долчу, къийгаш ховшу, «къар-къар» деш. Жимма лахахьо – иттех акха, сира кхокха. Ткъа дуькъачу гIаш юккъехь, уьш гуш дац, «чIир-чIир» хазар доцург, хьозарчийн жут ю КIант гучуваларе хьоьжуш. Хьанна хаьара, хьанна хезнера цара хIоразза а шайн зевнечу эшаршца КIант тIелоций! ХIокхо там хиларца ладугIура церан эшаршка, царна Iаламо еллачу говзаллех воккхавера. Царна, баркалла олуш, бепиг таса волалора. ЦIабалгна кIел долчу хьозарчаша а, къийгаша а КIанта тосу хIума йоу. Ткъа кхокхарчий хIинца кхунах ца кхоьру, кхуьнан карара хIума йоу, белшаш тIе хуьйшу, коьрта тIе ховша лууш хуьлу. Дуззалц хIума йиьначул тIаьхьа и олхазарш цхьанхьа дIадоьлхура, амма хьоме чIегIардигаш дуьсура, шабарш деш, кхунна гонаха хьийзара.

– Аса хIун де? – олу цо цаьрга. – Аша бепиг ма ца доу.

Делахь а цара и ца боху, кхин а самукъане шабарш деш, цара цуьнга лаккха хьалахьажар доьху, шайн бен болчу, шайн хазахетар хIокхо а доькъийла лаьа царна.

– О-о! – доккха са а доккхуш, воккхавеш, мохь хьаькхира цо. – Баба, Роза, хьалагIовтта, кхуза схьадуьйла, сихха!

Роза сихха хьалагIаьттира, ткъа йоккха стаг, цо бохург деш, ихI-ихI деш, хенаш лоьцуш, балкон тIе елира.

– Хьовсийша, хьовсийша, – гIадвахнера КIант. – КIорнеш яхна! Мел хаза а ю уьш! ЗIакарш можа ю.

– И дика ду, – елаелира йоккха стаг. – ЧIегIардигаш адамна уллехь бен Iаш дац. Делахь-хIета, кхузахь машар хир бу, керла гIала йийр ю, керла «Берийн дуьне» дийр ду.

– Ткъа аса иза схьадоьллучохь машаран гIиллин – вайн «Керла Берийн дуьне» – локхур ю.

– Шеко йоццуш! – йоккхачу стага куьг хьаькхира цуьнан коьртах, юха и мара а къуьйлуш, хьеста а хьоьстуш: – Гой хьуна, цхьана буьйсана мел воккха хилла хьо, суна белшашка кхоччуш лаьтта, – элира.

КIеззиг хан яьлча, мотт дIабоккхуш, Роза кIелдIахула йоккхачу стаге хьаьжира:

– Анастасия Тихоновна, хьо муха ю? – сагатдар хаало цуьнан озехь.

– Вай, хетта а ма хетталахь. Буьйсана наб ца кхеташ бала хьийгира… Ткъа вайн дашониг мара а воьллина, барт белча, – цуьнан юьхь екхаелира, – дага тIе даьтта хьаькхча санна, сапаргIатделира, кхин а чIогIа яха лиира, – цуьнан юьхь юха а гIайгIане хилира. – ЭхI, беккъа цхьа сатийсам бу-кх: иза пхиттара валлалц дахахьара, КIантах адам дийр дар-кха, нахана юккъе воккхур варкха, цул тIаьхьа-м…

– ХIаъ, дера дехар ду. Шеко йоццуш, оцу дийне девр ду, – шеца доцу дог-ойла гIаттар хаалора Розин озехь. – Делахь а, цхьанашина кIиранна больнице охьайижа езара хьо, дарба дайта дезара.

– Роза, кхузахь хIун больницаш ю?! Хьайна ма хаьа хьуна.

– Ткъа капитана Головачевс тIеман госпитале охьайижо дош ма делла. Хьо тIеман ветеран ма ю.

– Оцу капельницех суна гIоли хир яц. ХIара ду-кх сан дарба, – иза КIанте хьаьжира, тIаккха елаелира. – Яллалц кунна юххера дIаер яц со.

– Ахьа хIун дуьйцу?! – Розин дог дуьйхира Iуьйре дIа а ялале.

Иштта чу дог-ойланца дукхазза а Соьлжи тIе хи дан ихира иза.

ТIаьххьара йоьдуш ларми чу хьажа лиира цунна. Бага ганза дукха хан яра, хи чохь долчу хIумане хьаьжча, гуш дара, и кхузахь воцу ши-кхо кIира а хилар. Ткъа хIинца хи лахделлера, тIадамийн керла лараш яра ченах юьзначу бетон тIехь. Ведар чуьра хи охьа а доьттина, сихха дIаяха йоллуш яра иза. Багица къамел деш Iен лаам а, хан а яцара. Делахь а Бага кхайкхира цуьнга:

– Роза, муха ду хьан гIуллакхаш?

– Тоьур ду, – ца яьлла сецира иза, дуьххьалдIа гIиллакхна. – Дукха хан ма яра хьо гуш воцу.

– Мехала гIуллакхаш дара.

– ХIун «мехала гIуллакхаш»? – къежира Роза. – Куц-кеп-м дIора дика дац хьан.

– ХIей, дика муха хуьлу? – цуьнга терра жоп делира Багас. –

Хьайна кIант лаха атта ду, моьтту хьуна? Хьаьиг-хьаьига а хьо йохуьйтур йолуш ма вац со.

– Бага, – суьртана доцуш, юсаелира иза, лам хилла цунна дуьхьалхIоьттира.

– ХIун «Бага»? – забаршха юхавелира иза. – ХIинца паргIат туда ма ю хьо.

– ХIун? – цецъялар ду цуьнан юьхьа тIехь. – Хьуна мичара хаьа дерриг а?

– ХIара сан куп ю, суна тIехь ду дерриг а хаар.

Резайоцуш, когашкара коьрте кхаччалц цуьнга хьаьжира зуда. Йист ца хуьлуш, хьала а яьлла, дIайолаелира.

Багас тIаьхьашхула хазийра:

– Хьан майра хилларг-м воккха хьаькам хилла.

– ХIаъ, хьан «куп» а, ерриг гIала а меттахIоттош ву, – элира цо, юха а ца йоьрзуш.

– Хьажахьа, газанах копаста тешийна-кх. Шовзткъа процент Москва юхайохьуьйтуш ю, кхин а шовзткъа процент кхуза дIахIиттийнчара шайн кисанашка хьокху, царна юккъехь коьртаниг хьан майра хилларг ву. ТIаккха йисначу харжах уьш гIала меттахIотто лууш бу аьлла хета хьуна?

Роза сецира, юхайирзира:

– Бага, со цаьргарчу къинхетаме хьоьжуш яц, хьоьга хьежа а ца боху.

– Со а вац цуьнга хьоьжуш, – оццу цавашпаран озаца: – Делахь а сайна тIе когаш а хьоькхуьйтур бац.

– Царна тIехьа лаьтташ пачхьалкхан пуьцкъалла ю, ткъа хьо хIинца а къона ву, – къинхетам хаало Розин озех. – Хьо ларве, меллаша хьайн юьрта дIагIо, дIадерзвалц Iен. Ткъа хIара боьха хIуманаш юзийтахьа, хьерайовлийтахьа. КIордор ду, дерриг дIаниелур ду.

– ХIахI, «хьерабовлийта». Шайн цIахь бовла-кхи хьера. Ткъа кхузахь гIала дIашарйина. Дийна доллушехь мел дукха адамаш дIадоьхкина гIишлойн саьлнаш бухахь? ХIинца Москварчу хьаькаман омрица йоккхачу стагера – тIеман ветеранера, КIантера –

Іадпондар дІабаькккхина. ТІаккха хьо а, со а дІалур ду, юха – ерриг гІала а.

– Бага, – кІелдІашхула хьоьжура Роза, – Іадпондарх дерг мичара хиъна хьуна?

–ХІахІ, дуьне эладитанах дуьзна ду! Йоккхачу стага чІагІдеш ма-хиллара, хІумма дийца а, дан а оьшуш дац, дуьхьалдІа муьлхачун коьртехь кхоллаелла ойла, вон ойла муххале а, массарна а гІарайолу.

– Дукха хаьа хьуна, – элира цо тІаьххьара а, ша дІайоьдуш.

– Дахаро Іамийна, – дозаллица тІаьхьа мохь туьйхира Багас.

Йоккхачу стагаца а, КІантаца а цхьаьна сихха хІума а кхаьллина, Роза больнице яха сихъелира. Хьалха хала де дара: графикца хІара операционни чохь медйиша яра. Цхьа операци чекх ма-елли, иза аракхайкхира. Хасавюьртара нана еанера. Газа дукха хан яра, амма нана дІора самукъане а яц:

– И цхьа Іадпондар бахьанехь дов хІунда даькккхина ахьа, хьайн дахар кхоччуш доха хІунда дина?

– Хьуна мукъана а мичара хаьа иза?

– Муха хуур дац? Гута иштта стаг ма ву!

– Боьха хІума ю-кх иза!

– Берриг а божарий ю боьха хІуманаш. Жимма хьайн мотт сацабахьара ахьа. ТІаккха цхьаьнакхета мегара, бераш хир дара, доьзал хир бара, массарна а дика хир дара.

– Ца оьшу суна а дика.

– ХІан? Ахьа вежарийн ойла йиний? Гутин карахь ма ду йохийнчу хІусамашна компенсаци ялар.

– Вайна компенсаци законехь йогІуш ю.

– Йоl, хьо Соьлжа-ГІалахь Іаш а яц? Кхузахь хІун «закон» ду? Гутас диннарг закон ду-кх, хьо йоцчунна массарна хууш а ду иза.

– ТІаккха хІинца Туаевгіарна хьалха гора хІитта еза со, мотт хьекха беза аса?

– Йоl, – нана йилхира. – Хьан вежарий кисанахь шай доцуш бу. – Болх бац. Болуш берг а бича эхье болх бу, и барна а кепекаш бен дан а ца ло. Цара автоматаш схьаэцарна кхоьру-кх. Цара нах бойур бу, наха уьш а бойур бу... Аса хІун дан деза? Аса муха кхо-

бур бу уьш? Къона бу, Іовдал бу. Зуда яло аьтто а бац: ахча а дац, коьрта тІехула тхов бац. Хийрачу махкахь, хийрачу хІусамехь халла дІатарделла Іаш ду.

– О-о! – корта схьалецира Розас. Амма цо дан гІо дацара.

Кассе яхна, аванс схьаийцира. Иза кІезиг хиларх кхеташ, ехха ойланаш йинчул тІаьхьа коьртачу лоьрана тІеяхара, юхалург кхин а ахча даькхира. Шена тІера бехк дІабоккхуш санна, дерриг а ахча нене дІаделира.

– Со хІара дахьа ма ца еана, – хьалхачул а чІогІа йоьлхура нана.

Іуьйрана дуьйна лазабаьлла Розин корта, хІинца чуьйнан хилла дІахІоьттира. Ша балхара дІаяхийтар дийхира цо. Нана цІа йитира; иштта элира цо КІентан хІусамах. Оцо нана чІогІа ойланашка яькхира.

«Берийн дуьне» йолчу куьпахь цкъа а ца хилла жигаралла ю. Дуккха а гІишлошъярхой, эскархой, техника ю; гІишлошъяран а, тІеман а техника хилла а ца Іа, иштта чІогІа механа еза, яйн машенаш ю. Роза, машенаш дІора ца йовзахь а, тІамехь цхьаццадолчух кхетта – уьш, маггІара лаьтташ ерш, бронированни ерш, «Волганаш» яра. Делахь-хІета, кхуза республикин куьйгалла деана.

Бен-башха доцуш охьайоьхкинчу кибарчигашна, цементана, гІамарна го тесна, Розас нана шийлачу, боданечу пьртол бухахула дІайигира. ХІорш керта кхоччушехь иттех камера тІейирзира кечвеллачу, ло санна кІайн коч а, йихкина галстук а йолчу къона ву ала мегар долчу стагана. Иза Туаев Гута вара гІишлошъяран ковчалшна юккъехь, дог-ойла гІаьттина, интервью луш.

ЦІа яда езаш хиллера. Амма, нана къар па луш, тІейолаелира и сург тергалдеш Іачу тобанна. Роза а ца Іаелира, хуьлуш дерг хаа лааро Іехийра иза. ХІинццалц Гута вистхила хуьш а вац аьлла хетара, оьрсийн маттахь-м муххале а. Дуьххьалдіа ахча дагардан – муьлхха а терахьаш тІетоха а, эца а хьара. Ткъа кхузахь зарзар хилла века:

– Дуьззина схьаэцча, республикехь а, Соьлжа-ГІалахь а метта а хІоттийна, юха а йина шовзткъе шиь школа, йиъ интернат, бархІ берийн беш, пхиъ профтехучилище, ткъа больница. Метта а хІоттийна, юха а тесна бІешнаш километраш электросерий, га-

зопроводаш. То а дина, керла а дехкина силаман некъаш, дуккха а тІайш. ХІинцале дина даьлла цхьа эзар нах чохь Іаш болу цІенош. Россин бюджетера йохийнчу хІусамашна а, хІаллакьхиллачу бахамна а компенсацеш эцна ткъа эзар сов доьзало, герггарчу хенахь кхин а оццул доьзалша схьаоьцур йолуш а ю...

– Боьха хІума! – тоъал чІогІа элира Розас.

– ДІасаца! – хазийра оьгІазе юххехь лаьттачу ондачу дегІехь йолчу зудчо. – Иштта дешна берш ца беза вайна.

– Хьалха хиллачу мажоша-тІелхигаша-революционераша стенна тІе далийна вай? – цуьнан гІо лецира кхечо.

– ХІорш а бац царал тоьлуш, – юкъагІоьртира мекхаш долу стаг. – Уьш берриш а чубалийна гІалагІазкхий бу – талор а дина, дІагІур бу.

– Иза нохчо ма ву.

– ХІун бен ду и: нохчо ву – нохчо вац, – боху оццу стага. – Москвас рогІера боьха хІума яийтина. Вон бІоба, – туй кхоьссира цо, резавоцуш.

– ХІаъ-хІаъ, шу саннарш бахьанехь ду вайн дерриг а дардацар, – юха а юкъагІоьртира доккха дегІ долу зуда.

– ТІаккха дерриш а царна кІелдийша вай? – ца Іаелира Роза.

– Хьо дІасацахьа. ТІехьаьжна а ю хьо революционеркех тера: багахь цергаш а яц, эхь а дац.

– Ахьа хІун элира? – цунна тІейоласлира Роза, амма нанас, тІетасаелла, халла тобанна юьстахъяьккхира.

– Эхь ду-кх и! И хьан амал бахьанехь хуьлуш бу-кх вайна берриг а цатемаш, – резайоцуш, бага туьйхира цо. – ЙоІа даим а шен мотт цергашна тІехьа сацо беза.

– Со йоІ йоцу дукха хан ю, хьуна ма-гарра, багахь цергаш а яц. Нанас, бехкалъяхна, корта охьабахийтира.

– Тохийтинарш мукъана стенга яхна?

– Хьан Гутас кегйина.

– Муха, Гутас «кегйина»? – цу сохьта кхоххийра иза. – Ялол цкъа.

– ХІан-хІа, – хІинца йоІ нана дІаийзо юьйлира. – Хьуна мамоьтту хІума а дац иза. Яло, цІа йоьду вайшиъ, цигахь дуьйцур ду.

– Дика ду хIета, – ойла йина-а, резахилира нана. – Хьан хIун «цIа» ду, хьовсур вай.

Уьш подъездана тIекхоччушехь, цхьаммо, Розин ненан цIе а йоккхуш, чIоггIа мохь туьйхира. И шиъ сецира. Iадийра. Цхьа а хIума ца хилча санна, нийсса царна тIевеара Гутин жимахводу ваша, гергарчунна санна, маракхийтира, кIеда-мерза хьал-де хьаттира, юха, Роза уллехь йоцуш санна:

– Мухха а делахь а, вай лулахой ма ду. Ткъа къонанаш, хIун дер тIаккха, амалш цхьаьна ца еана-кх. Амма вай лулахь даха дезаш ду. Цу тIе, тхан дас-нанас хьо чIогIа лоруш яра, царна чIогIа езаш а яра хьо... КIентий, сан доттагIий, соьца цхьаьна дешнарш, мичахь бу? Хасавюьртахххьий? Цигахь хIун деш бу уьш? Дерриг а дахар кхузахь ма ду! Сихха цIа дуьйла ала, со волчу. Тхан аьтто болччуьра, компенсаци лур ю. Дерриг а-м лур дац, Москвана юхадахьийта дезаш ду, шинненна а ах-ах дала тIелоцу: доккха ахча ду, иштта нехьа луш. Кехаташ кечдеш, ведда лела а ца оьшу, аса гIо дийр ду.

– Иза «иштта нехьа» ду-ткъа? – са ца тохаделира Розига.

– ДIасаца! – лаьттах ког туьйхира нанас, юха, лулахочунна кIеда-мерза ела а йоьлуш: – Дала Iалашдойла шу дерриг а Туаев-гIар, – иза цунна маракхийтира. – Аса хьоьгара маршалла дIалур ду кIенташка. Дела реза хуьлда, тхан гIайгIа барна.

– Барт ца боккхуш дика Iий, – Iоьттира йоIа подъездехь.

– Iовдал ю хьо, – элира нанас, доккха са а доккхуш. – Уьш юха а вайца гергарло дIатаса гIерта аьлла, хета суна.

– Хьоьца таса гIерта хир бу-кх.

– Iе хьо, цхьалха йоI хилий.

Цо аьллачунна дуьхьал йоIа хIумма ца элира. «ЦIахь» хьошалгIахь дукха ца Iийра нана: массаьрша а делкъе йина, дIаса а хьаьжна, элира:

– Стенна делахь а, кху гIалахь массо хенахь корта лозу-кх сан.

– ТIом болуш массеран а лозу корта, – элира йоIа. – Хьо ялла ваха, соьца буьйса мукъане а яккхахьа.

– ДIагIур ю со. КIентий шаьш бу. Кхоьру со.

Нана автовокзале кхаччалц новкъаяьккхира Розас.

– Ткъа гIазакхийн йоккхачу стеган-м, хьайн йолуш санна, гIайгIа бо ахьа, – эмгаралла хааделира ненан озехь.

– Нана, ма дийцахьа. Тхойшиннан кхолламаш цхьаьнабозабелла. Аса шун а ма ца бо кIезиг гIайгIа. Ах алапа дIатосу, со тIелхигаш юьйхина лелаш ю.

– Iовдал ю-кх, – юха а элира нанас. КIеззиг Iийна, маслаIате: – Вежарша компенсаци схьаоьцур ю, тIаккха цхьа кепек а ма даийта. Хьайн дахар дIанисде. Дала мукъ лахь, тахана-кхана тIом чекхбер бу. Цуьнан дехой гучубевр бу. И иштта тайна бер дIадуьгур ду.

– КIант воцуш яхалур яц со.

– Яхалур ю, хьайнаш доладе.

– Хьанах? – оьгIазъяхара Роза. – ТIекхаьч-кхаьчначаьрций, кхечу халкъаша санний? И суна мегар дац.

– Нийса ду, мегар дац.

– ТIаккха? Со маре хьан юьгур ю? Божарий бисна а бац. Со а хIинца къена ю! Йоккха стаг санна, со цхьа юьсур ю!

– ТIамо, хIара дерриг тIамо тIекIелдаьккхина, – бIаьрхиш хьаьвдира ненан бIаргех, йоI марайоьллира цо. – Нана яла хьан! Нана яла хьан!

ЦхьойттагIа корта

Соьлжа-ГIалахь и кхераме эладита даьржина масех де дара. Цунах лаьцна дуьйцура больницехь а, базарахь а, автобусийн сийлашкахь а. Берриг бахархой санна, Роза а цунах тешара, ца теша а лаьара. Аьхке уггар а марсаяьлла яра, июнь бара чекхболуш. КхоалгIачу сохьтехь, балхара мукъа а яьлла, Роза даим а санна, цIа йоггIушехь, юккъерчу базара йирзира. Кхузахь, ченашна, хоттанна, нехийн оьланашна юккъехула вовшийн дIасатоьттуш лелаш тайп-тайпана адамаш ду: маьршанаш, тIемалой, хьуна муьлш бу цахуурш а. Гобаькхина гIар-гIовгIа, парталла. Массо меттехь лоькхуьйтуш эшарш ю. Мах беш берш эцархой тIекхойкхуш бу. Жижиг духкучу могIанашна уллехь наб еш Iоххуш дерстана жIаьлеш ду, йовхонна йохкархойн когех хьекхалуш лела аккадевлла цицигаш, ткъа бепиг духкучохь дIатарделла кхокхий а, хьоварчий а.

Базархула дукха ца лийлира Роза. КІантана тІаьхьакхуьу пІазамаш, туьркаш, морожени, кхин цхьацца хІума а ийцира. Гуттар чІогІа гІелъелла, хьацар даьлла, бІаьрг ца беллалуш йолу хІара оцу адамийн жІуганна юккъера арайолучу хенахь, цхьаммо тІехьашхула кхуьнан тІоьрмиг схьалецира:

– ЙоІ, хьуна гІо дой? – цІеначу оьрсийн маттахь.

– Ца оьшу, – куьг юхатеттира цо. БІаьргех малхана дуьхьал куьзганаш доьхкина волу хаза жима, безамехь стаг юхавер волуш вацара. – Ца оьшу суна хьан гІо... Вай! Бага, хьо вац иза? Делан дуьхьа, цкъа а вевзар ма вацара.

Бага, маж яьшна, хаза, модехь хІума тІеюьйхина ву. Дог-ойла а дика ю.

БІаьргаш гуш дац. Ло санна кІайчу цергийн къегар ду-кх дІуьхьалдІа гуш.

– ХІинца ву хьуна хьо дика кІант, – даггара йоккхаера Роза. – Мел хаза кІант хилла! Хьажахь цуьнга, и къорза, боьха барзакъ дуьйхина лармашкахула, керташ тІехьахула кхерсташ, можа юккъехь мезий дебош лелаш вар-кха.

– Хьа-хьа-хьа! – бендацаре воьлура Бага.

Цхьана а маьІнс доцург, алссам дуьненахь долчух а, самукъа-нечух а дуьйцуш и шиъ кІеззиг базарна генаделира.

– ТІаккха, тхо а, «хьайн куп» а гуттаренна а дІатеси ахьа? – каьттира Розас.

– ШІу а, «куп-м» муххале а дІатасалур яц соьга, – забарца жоп делира цо. – Аса КІантана мел чІогІа сагатдо, хаьий хьуна? Сайна а ца моьттура, иштта хир ду... Собар дехьа цкъа, – иза дІасахьаьжира, мах бечу ларекаш тІе вахара, Толаман проспектерчу дохийнчу Модин ЦІенна дохала дІахІиттина йолчу. Вехха хьийжира, уггар хаза, йоккха машен харжжалц. – ХІара КІантана совгІатана ло.

Стенна делахь а, оцу минотехь Бага цкъа а воцчу кепара ладаме а, гІайгІане а хилира. Куьзганаш дІадехира цо, Розина улле тІевеара, юха цуьнан пхьарс лецира:

– Кхин дІасадаккхий ма дийца, амма гергарчаьрга дІаала. Билгал маца хир бу ала, ца хаьа, амма гІалахь кестта боккха кегари хир бу.

– Ва Дела! Баккъалий? Ерриг а гІала ю и дуьйцуш.

– Аьхке чекхъяллалц цхьанхьа дІадаха дезара шу.

– Стенга «дІадаха» деза тхо? Йоккха стаг хала лелаш ю, когаш тІехь йоллушехь инсульт текхна. Ткъа КІант, хьайна хаьа хьуна, оцу цІенна цхьа гІулч а гена вер волуш вац... Цу тІе, дуьйцучух тешаш яц со. Хьажахь, гІалахь дахар муха кхехкаш ду.

– ХІаъа, «кхехкаш» ду, – иза, хаа а луш, оьгІазе хилла дІахІоьттира, маж яр-кха тІецатоьург. – Ахьа даим а, со Іовдал ву бохуш, тІехбеттамаш бора, хьо а яц кхин Іовдал йоцуш-м. ТІом – иза боьха ахча ду, иза цІийца бен даккхалуш дац...

Буьйсана, КІантана наб кхетча, Розас шена хезнарг йоккхачу стаге дийцира.

– Стенга гІур ю со? – элира гІайгІане Анастасия Тихоновнас. – Цу тІе, мичахь, хьанна оьшу со? – доккха садаьккхира цо.

– КІант-м дІавига везара.

– ГІур вац. Хьо мукъане а дІагІохьа.

– ХІахІ, – къаьхьа елакъежира Роза, пенехьа а йоьрзуш, – со яц цхьанна а цхьанххьа а оьшуш.

– КІантана цхьаъ хиларна кхоьру, – меллаша элира йоккхачу стага.

– ХІаъ, и ду-кх.

Вовшийн буьйса декъал а йина, и шиъ дІатийра. Делахь а ший а йижина яцара. Хила тарлучу керлачу тІамо синтем байъинера, садуура церан. ТІаккха йоккхачу стаге са ца тохаделира, шениг дийца хІоьттира:

– Роза, наб-м ца кхетта хьуна? Суна а лур яц-те компенсаци? Ян ма йогІу суна: кхоалгІа я доьалгІа дакъа мукъана а. Вуьшта, со хІун вуда, хІун адам ду? Оццул яьхна, со дІайолла а ахча ца даьккхина.

– Анастасия Тихоновна, – дІора кхеташ доцу къамел дан йолаелира Роза. Иза доллийнчохь дитира – ойла кхечун хьокъехь ю, цу тІе, дуьйцийла а яц. Буьйсана юккъехь, иза наггахь бен хуьлуш дац, гІали тІехула вертолет хьийза делира. Нийсса хІокхеран цІенна тІехула беран, моторан гІовгІа хеза. Цхьанхьа уллехь, хетарехь, сецна, лаьтта хиъна хила а тарло. Хье ца луш юха дІадахара, къилбехьа я федералийн база йолчу Ханкала, я кхин гена, лаьмнашка.

– Диканна дуй-те иза? – карзахе хаьттира йоккхачу стага.

Иза омра долуш санна правительствон цIа долчу куьпахь цкъанаметта масех эккхар хилира, цул тIаьхьа – автоматийн-пулеметийн цIеран дарц. Иза дерриг а дах ца делира – пхеа минотехь хилира. Юха, лагIлуш, тайп-тайпанчу агIор цкъацкъа герз дуьйлу хезара. ТIаккха тийналла хIоьттира. Иза юха а йохийра вертолетан гIовгIано, оццу некъаца деанчу. Цул тIаьхьа, кешнашкахь санна, тийналла хIоьттира.

Буьйса юкъал дикка тIехъяьлча, Роза чIогIа наб кхетта йолуш, иза меттаххьайира йоккхачу стага.

– Самаялахьа, самаялахьа, – кхераелла, шабарш дора цо. – Вайн кораш кIелахь дIасалелаш бу-кх, цхьаъ узурш деш, орца доьхуш ву-кх.

– Бага?! – дара дуьххьара Розина дагадеанарг.

Шена тIехь долчу чухуладухучу духарца балкон тIе хьаьдира, юха вукху агIор долчу корах арахьаьжира – цхьа а вац. Подъезд чу а, ара а яла ца яьхьира бодашкахь. Яла яьхьча, йоккхачу стага йолуьйтур а яцара.

Сатасале, стигал кIеззиг серлаяьлча, Роза ларми бертехь яра: дукха цIий дара, гарехь, цхьаъ текхийнера.

– Бага, – кхайкхира хIара. ТIаккха – кхин а шозза, чIогIа. Цхьаммо а жоп ца делира.

Ларми чу яха ца яьхьира иза. ЦIий дIадаккха гIерташ, ведарша хитIа идира. Ерриг а лараш дIаяйъина яьллера, оццу хенахь рацис «хш-ш» деш хезира. Нийсса цунна хьалха лаьтташ капитан Головачев вара.

– ДIаяла, сихха. ЦIа ма гIо, больнице дIаяда. ХIинцца кхузахь вачистка хир ю. Берриш а дIалахьор бу, хьо а йинга тарло.

– Ткъа КIант? Ткъа йоккха стаг?

– Йоккха стаг оьрси ю. Ца хьеан а мега. Ткъа КIант аса посте дIавуьгур ву.

Оццу хенахь геннара, Ленинан урам болчухьара, схьахеира техникин гIара. Рацихула омра хезира – леррина техника тIехъялийта.

– Хезий хьуна? Яда. Ткъа со КІант волчу воьду, оцу къизчу наха кІур бан тарло.

Базара санна, дерриг керланаш больнице а кхочу. Суьйренца Розина хиира го баьстиний. Иза едда цІа яхара. «Берийн дуьне» долчу куьпахь садаІа хала дара, делахь а дерриг а шен меттахь долчух тера ду. Йоккха стаг КІант мара а воьллина Іаш ю, цуьнан лерехь самукъане цхьаъ дуьйцуш.

– Роза а схьакхечи-кх, – элира цо, – хІинца вайна юург йийр ю.

КІеззиг хан яьлча, КІант балкон тІехь шен олхазаршца воллучу хенахь, цо хІинца кхечу, Іаламат гІайгІанечу озаца дуьйцура:

– Хьо тешар а яц! Вуно ондий хІуманаш яра, туьтмІаьжгаш йоьхкина. КІоршаме бара, дастаме дош аьлла бен, бист ца хуьлура. Массо метте хьаьвсира, ур-аттална, ванни кІел а. Аса, цомгуш йолу, меттахь Іуьллу кеп хІоттийра. Іадпондар дІабахьарна кхоьрура чІогІа, иза сайн гІовланга биллинера... Цул хьалха уьш ларми чухула лийлира. Суна ца гира, делахь а Головас дийцира – чевнаш хилла кхоъ хьалаваькхира, дІавигира, Бага царна юккъехь вацара бохуш. Цул тІаьхьа ларми чу дуст, я кхин хІума туьйхира. Цхьана мІаьргона садукълора, гІайби буха йоьлла кІелхьаръелира. ХІинца хьожа дІаяьлла куц ду.

Оццу хенахь телевизор чухула меттигера керланаш ду:

– Сийсара буьйсана Соьлжа-ГІалина ткъе итт стагах лаьтташ йолу боевикийн банда тІелетта... ВуьрхІитта хІаллаквина, бархІ схьалаьцна... Боевикийн командир – 1975-чу шарахь вина Тумсоев Бага – лохуш ву, – экран тІехь цуьнан сурт ду.

– Хьажахьа! – мохь белира йоккхачу стаге. – Ишшта, маж йоцуш, суна вевзар а вацара иза. Цуьнан сурт мичахь даькхина цара?

– Ишшта, оццу кучахь, селхана суна гира иза, – цецъелира Роза. – Цара и сурт мичахь даькхина-те цуьнан?

– Тахана блок-постехь суна Бага гира, – чувеара КІант. – Верриг йиттина, куьйгех гІоьмаш тоьхна вара иза. Иза геннахь йолчу хІусам чу кхоьссира. ТІаккха цунна тІе ши инарла веара. Къайллаха Багица цхьаъ дуьйцуш бара уьш.

– Ахьа хІун дуьйцу?! – цецъелира Роза.

– Головага хаттахьа. – КІанта шовкъе дуьйцура кхидІа а. – Ша капитан а, кхиберш а догІмаш нисдина лаьтташ бара. Голова верриг вегош вара, со дІалачкъо тІертара.

– Бага стенга ваьхьира цара? – хІинца чІогІа низарьяьлла яра йоккха стаг а.

– Цкъа хьалха инарлаш дІабахара, Бага волчу чу шу ма гІолаш аьлла, омра а дина. ТІаккха кхин эскархой баьхкира. Головас, бакхий командираш бу, бохура, Москвара баьхкина. Цара дІавигирхха Бага, цуьнан коьртах гали а доьллина.

–ХІаъ, – Розин юьхьа тІехь цакхетар ду, – ма кегари а бу хьо!

Цхьана хІуманах кхета гІертар а доцуш, аьтто балахь, Багин кхолламах дерг хаа лууш, шолгІачу Іуьйрана Роза блок-постан терго еш яра. Капитан Головачев гучу ма-велли, боккха кхерам хиларе хьаьжна ца Іаш, кхечу гІуллакхна йоьдучуха, цигахьа яхара, командирца къамеле елира.

– Роза, со-со а цхьана хІуманах кхеташ ваш, хьо а ма гІерта духе кхиа, коьртах ер ю, – кхераме хьал ду капитанехь. – Цхьанца повзарш, цхьацца концерташ дІайолаелла, цІенна гІурт бу.

– Кхин а тІом хир бу-те?

– ХІара тІом – декораци, кирхьа ду, гІовгІанийн сурт ду. Цунна кІелдІашхула лечкъош вуно яккхий хазнаш ю, бахамаш бу. Кхузахь вайнаш а, хийранаш а бац. Ма-дарра аьлча, Бага а, КІант а, хьо а, со а – дуьххьалдІа цІерга кхуссу дечиг ду. Ткъа лаккхахь болчу къуйн гІеране лачкъийнарг хьаналла декъа па ло, – рогІера пигаьрка латийра цо. – Аса рапорт яздина, кхузара вада веза. Шу мукъана а дІагІойша, КІантах къахетийша.

Цомгушчу йоккхачу стагана а, шечунна тІера ца волучу КІантана а ша хІун дийр ду ца хууш, ойла йоьхна Роза лела масех де дара. Кестта юха а тІом бер бу бохуш хабарш гІалахь дуьйцуш делахь а, дахар оццу хиндерг цахааран хоршахь дІадоьдуш дара. Бакъду, кхераме билгалонаш яра: Соьлжа-ГІалара ерриг гІишлош меттахІитточуьра совцийнера, финансировани яцара.

Цу тІехь чекхдолуш дацара. Йоккхачу стагана пенси, КІантана пособи, кхунна алапа далаза ши бутт бара. Москвахь цкъачунна сано дезаш лерина бохуш, дуьйцу, делахь-хІета, кхин Іалашонаш ю.

Делахь а, Соьлжа-ГІалин бахархошна баха лаьа, хьалха а санна, цхьана а хІумане са а ца туьйсуш, оцу халчу хьелашкахь бехаш а бу уьш. Массо а санна, яха гІерта Роза а. Цуьнан де хала ду, гІуллакхаш тоьу. Даим а санна, Іуьйрре Соьлжи тІе хи дан яхарца дІайолало. Ларми чу хІинца и хьожуш а яц. Бага вицваларна а дац иза, мелхо а, кхечу кепара хила а тарло. ХІинца Багин цІарца галморзахаллаш йолуш хІуманаш дукха ду, цхьадолчух ца кхета, дукхахдерг зене хета. Цу тІе, Бага кхузахь гучувалахь тамаша бу. Цкъа цхьана Іуьйрана, сатесчахьана дуьйна а бурко яра – июль, цІаьххьана ларми чуьра цуьнга кхайкхира:

– Суна хи ца дохьу ахьа? Со вицвина ахьа?

– Бага? – цецъелира иза.

Иза юха а герзаца, къорзачу барзакъца, маж яьлла ву. Амма иза хьалхалера Бага вац – хьалхалера майра, хІайт-аьлла жима стаг вац. Цунна хьалха гІийла, охьакагдича санна, кхоьлина Іиндагі ду, ур-атталла, аз а гІелделла, йишхаьлла, ткъа бІаьргашкахь къаьхьа гІайгІа – дуьхьалдІа хьалха хилла къажар, хьалхалерра буьрса къажар дисна-кх хІинца а, иза кхин а оьгІазе, лалур воцуш хилла.

– Тхуна тешнабехк, ямартло йина, нийсса кІелонна тІе а далийна, охьакхийси, – «кхахь-кхахь», лазаме йовхарш етта волавелира иза, юха туйнаш кхоьссира, дегаза а хеталуш.

– Бага, хьо хІинца а хІун деш ву кхузахь? ХІинца мукъана а дІагІохьа.

– Со баккъал а Іовдал ву. Маршонах тешара, командираш безара. Тьфу, – юха а туйнаш кхоьссира цо. – Боьха хІуманаш, цу тІе, нохчий а бац уьш, жІаьлеш.

– ХІинца мукъана а дІагІохьа, – юха а дийхира цо.

– ТІаьхьа ду. Я со а хила ямартхо? – шен когаш кІел а хьоьжуш, хьалха цуьнца и дацара, гІайгІане ойланашка велира. – Доттагіий дІатаса ца ло... Церан декъех а, чевнаш йинчех а, инарлаша, ахмиллион охьадилла, боху.

– ТІаккха, гІуллакх стенах гІоьртина? Сан алапа, суна сарале карор ду, – жигараяьлла Роза.

– Хьо а ю Іовдал, – элира цо цергашна юккъехула. – Ахмиллион доллар ду оьпург.

– ХIун? Доллар?.. Иштта ахча мичахь ду?

– Мичахь ду, суна хаьа, – хьалхалерчу бендацарца къегира пуьнан бIаьргаш: – Делахь а, гIора дIадаьлла, – хьажар кхоьлира пуьнан. – Бен а дац, берзалошна юкъахь барзах угIа веза – уьш санна хир ву.

– Муьлш «уьш»? – ца Iаелира Роза.

– Хьахь, – къежира Бага, – цхьаберш хьуна чIогIа дика бевза.

«Мила ву-те цо вуьйцург?» – кхин а цхьана-шина дийнахь бала хьийгира цо, керлачу хабарша дерригнах кхетаяллац, мадарра аьлча, хьалхарчу минотехь дуьйна цу хаамо шен кхетам кхолабаллалц. И инзаре хилам, шеко йоццуш, шех а хьакхалург хилар хааделира цунна.

Иза блок-постана юххехь хилира. Головачев волчохь а доцуш, кхечанхьа, уьш Соьлжа-ГIалахь кIезиг яц. Доцца аьлча, блок-постана уллохь, транспорт ца яьлла лагIлучохь, Туаев Гута юкъахь волчу коврана тIелатар дира туьтмIаьжгаш йоьхкинчу цабевзачу наха. Мел тамашийна делахь а, постехь болу российски эскархой цу хенахь аьчкабетонан пена тIехьа Iаш бара: кхерабеллера а, я делкъе еш бара а, я Далла ламазаш деш бара а, ца хаьа. Омра хилла хила а тарло. Доцца аьлча, похчашна тIелатар ца дипера – меттигерчеран къовсамца церан гIуллакх дац.

Бронированни иномарки чохь Туаев Гута вара. Машен чIогIа хилла хиллера, гранатомето сеттийнехь а, дIаяхара. Амма тIаьхьайогIуш хиллачу шина бронированни «Волгано» юьхьIаьржахIоттийра. Дуьхьало йинчарна герз туьйхира, кхерабеллачух къинхетам бира, ткъа Гутин жимахволу ваша дийна волуш дIавигира, иза вайра.

...Иштта, инзаре доккхачу цхьана йохка-эцаро кхин йохкаэцар кхоьллира...

ТуаевгIарна хилларг ма-хеззина, Розина хааделира, ша а хIаллакьхуьлуш хилар, дог лазаделира. Иза эрна а ца хиллера.

ШолгIачу Iуьйрана иза балха яха кечлуш яра. Царна чулилхира кегийрхой, уьш туьтмIажгаш йоьхкина бара. Кхин къамел а ца дира. Кхеташ дара – хIорш нохчий бара. Царна Роза эшна Iаш яцара. Уггар а кхераменига дара цара шайца КIант а дIавигна хилар.

Шен деэшшалц, са а лоьцуш, Iийжачу некхах ка а детташ, царна тIаьхьаидира Анастасия Тихоновна. Гира цунна блок-постехь машен сацош. КIеззиг охьадахийтинчу Iарждинчу корах аракховдийна удостоверенеш гайтина, машенаш чекхъевлира.

– Капитан, капитан Головачев! – генара дуьйна мохь хьоькхура йоккхачу стага. – КIант! Роза а, КIант а дIадигна!

Головачев стелахаьаштиг санна сиха хьаьвзира:

– БТР араяккха! Массара герзаш схьаэца! – тIаккха рацихула. – КхоалгIа пост, пхоьалгIа пост – сацае шиъ спецмашен.

Тоннелана уллохь йолчу постана тIехлилхина хиллера уьш, амма «Минутка» майданахь уьш совцийра. Цигахь тIекхиира царна Головачев.

– Аса балхара дIавоккхур ву хьо, чувуллур ву. ХIара сан зуда ю! Со полковник Туаев ву, – Гутас капитанан мери кIела Iуьттура удостоверени.

Забаре дацара дуьхь-дуьхьал латтар. Гута шинхьа телефон етташ вара, меттигерчу инарлашка йиттина ца Iаш, Москварчу политикашка а. Головачев кхийтира: «Меттигерчу Iадаташна юкъа ма гIерта», – аьлла, дукха хан ялале шега омра кхочург хиларх. Цундела, иза сихха, шен куьйгалли кIел болчеран гIоьнца, сацам боллуш а, ницкъаца а гIуллакхаш дан волавелира.

– Зуда хьайн ю, боху ахьа? Хилийта. Амма КIант-м вуьтур вац. Сан докъа тIехула ваьккхина бен вуьгур вац, эпсаран дош ду-кх шуна.

...Ший а куьг аьчкабетонан блоках а гIортийна, хIоллам санна лаьттара малхехь Афанасьева, юхавогIуш цхьа а ца го-те бохуш.

Ченан а, кIуьрзан а дохк хIиттош блок-постех юьйлуш дIасайоьлхура машенаш, дIасалелара хьацар даьлла адамаш. Ткъа хIара лаьттара, дIайогIаелча санна. Кхунна шийла хьацар детта-ра – кхунна юха а лазар деанера. Охьа ца кхета гIерташ, цунах тIулг хиллера. ХIинца цунна хIумма а ца гора. Цуьнан куьзганаш тIе тIуьна пардо лацаделлера. Цунна ца къаьстира БТР тIеэача а. КIентан: «Баба!» – аьлла долчу кхайкхаро цуьнан кийрахь цхьа хIума меттахьяькхира. ТIаккха иза, ела а елла, дегI малделла, когашкара гIора дIадаьлла, охьаюьйжира.

Капитана Головачевс рацихула лоьраш кхайкхира блок-посте. Цара госпитале охьайиллар тІедожадора. Делахь а, мехий тоьхначул тІаьхьа жимма чу садеана йолу Афанасьева дуьхьалъелира. КІантаца цхьаьна цІа яха гІодар дийхира цо.

– Тап-алий Іелаш, ара а ца къедаш, – хьехар дира капитана Головачевс, Іодика а еш. – Со цхьацца долчун духе кхуьур ву, тІаккха кхана шу долчу вогІур ву, аьтто балахь, Розица цхьаьна.

Я кхана а, кхин ши де даьлча а я капитан а, я Роза-м муххале а, гучу ца елира. Кхин а кхерамениг дара – йоккха стаг меттара гІатталуш яцара. Лазарна а, гІорасиз хиларна а тІехьарчу цергашца дакъаделла балда а лоций, иза цІаьнкъа охьаюжура, юха КІентан гІоьнца, куьйгаш тІехь текхаш, дийнахь-буса а цкъа, хьапаран хІорд хуьлий, бІаьрхиш Іенош ваший чу йоьдура, берана хьалха цІано ларъярхьама.

ДоьалгІачу дийнахь чекхдевлира хин тІаьххьара тІадамаш. Кхачанах кІеззиг гарзанаш йиснера. Ткъа ахчанах цхьа кепек а ца йиснера. И дерриг а лелош Роза яра. Иза ярна дерриг а дІаделира, пагахь хиллехь а.

– Баба, вай, мухха даьхна а, ца даьхча ца довлу, – бераниха доцуш, элира КІанта.

ТІаьххьарчу деношкахь иза дикка хийцаделлера. Аз гІеххьа йиниха ьлла дара. Ткъа бІаьргаш чохь – ах дицделларг, кхеттанг кхеташ доцург – сингаттам хилла ца Іаш, гІеххьа гІайгІа а яра.

Роза а санна, Іуьйрана маситтазза хи дан воьдура иза, йоккхачу стага дехарна, ах-ах ведар бен ца дохьура хи. Схьакхаьчча, йоккхачу стага, юьхь гатанца дІалечкъош, къурдаш деш хезара.

– Хьо хІунда йоьлху, мегар дуй тІаккха елха? – цунна синтем бан гІерта КІант.

– Елха муха ца йоьлху? Хьо кхио, адамашна юккъе ваккха сатесна яра со, хІинца хьуна мохь хилла сох, – кхин а чІогІа йоьлхура. – Хазахеташ, сайна тІе куьг хьур дара, хьуна хІун дийр ду?..

– И хІун ду, «куьг тІехьур дара»? – цецвелира КІант. – Ахьа суна ца хьехна, хІун ду цуьнан маьІна?

– Вай, вай! Нийсо еш волу Дела! ХІун ду аса дуьйцург? – цо, кхераелла, юьхь дІакъевлира, шабаршца доІа а деш. – Доьналла лохьа, ницкъ лохьа, Роза гучуяллалц мукъана а.

Юха, кIеззиг тIаьхьа, юьхьа тIера гIайгIа дIа а эккхийна, юха а луьра хьехархо хила а гIерташ:

– Дала вайна делла зераш, воха а ца вухуш, лан деза. Делахь-хIета, даха деза!

– Нийса боху, – тIаьххьарчу деношкахь дуьххьара велакъежира КIант. – Суна ваха лаьа! Суна чIогIа лаьа Iадпондар лакха, дерриг а дуьненна хазийта, дуьне дика хилийтархьама.

– Нийса боху! Къонах ву! – йоккхачу стеган хьажар серладелира. – Амма цкъа хьалха юьхь-куьг дила деза, тIаккха хIума яа еза.

Йоккхачу стага барта хьеха а хьоьхуш, КIанта шен дахарехь дуьххьара гарзанаш кхехкийра. ЧIогIа мерза яра! ТIаккха чай мелира. Бакъду, керла дацара, делахь а шекар тесна дара. Амма репетици яр ца нислора – йиш лекхарх вузур вац. Йоккхачу стага бIаьрхиш а Iеношш, КIант гIали юккъе, хьалхарчу рогIехь блок-посте вахара.

– Голова вац, – кхетаво хIара сержанта. – Ванне а вац, каюк... Шун гIуллакх юккъе ма-гIоьрттина, оццу буьйсана кхайкхина полке, Ханкала дIавигна. ШолгIачу Iуьйрана лаьмнашка хьалахьажийна. Билггал ца хаьа, амма дуьйцу, ца хууш кхетта, тIехьашхула букъах тоьхна бохуш. Иштта ду-кх. ХIумма а хир дацара, шен доццчу гIуллакх юкъа ца гIиртинехь, идиот... Тьфу, гечдехьа, Дела! Стигалашкахь паччахьалла хуьлда цунна.

КIантана велха лаьара. Амма, къурд а бина, ша-шен сацийра.

Дукха гIайгIане цIа веара. Iадпондар схьаийцира. Йоккхачу стаге кхин хIумма а ца олуш, дуьххьалдIа хазийра:

– ГIуллакхаш! – иза юха а пондар бохьуш блок-посте схьавеара. Нах дIасалелачу дIа а хIоьттина: – Капитан Головачевн сийнна дерина, – элира.

Малхехь лаьттара, цхьа гIайгIане, сингаттаме ерг лакха лиира, ишгта дIа а волавелира, амма чIондарг дIа ца шершира. Соьлжи тIехула чIегIардигаш хехкало, цаьпцалгаш ека, полларчий ловзу, хино шур-шур до. Дахар дац-ткъа иза! Иза, шена а ца хаалуш, говза импровизаци а еш, самукъанечу мукъам тIе велира. Юха шен «Керла Берийн дуьне» композици кхочушъян волавелира. Берриг а эскархой цунна гонаха дIахIиттира, тIаккха дIасайоьлхуш йолу машенаш сецира.

– Мичара ву и похIмениг? – хаьттира цхьаммо.

– Кхузара бо ду, – элира сержанта, дагахь хIума а доцуш.

Меттигерчу адамаша шайн агIор тидира иза, КIанте ахчанаш кхийдо буьйлабелира. КIанта дегабаам бира. Пондар сацийра.

Ткъа гIалахоша хIетте а ахчанаш теIадо кисанашка.

– ЛадогIахь цкъа, хIара-м дашо пха ма бу, – дагадеара сержанта.. – Ахьа лакха, аса массо а сацор ву. Са юкъахь хир ю.

КIанта, дерриг ахча гул а дина, кегийчу куьйгашца хьекхош, ойла а йина, сержанте дIакховдийра:

– ХIахI, Голова дагалаца... Шатлакх ца оьшу хьуна.

...Гарзанаш кхузахь йинарш хиллера, делкъенна хьовсийна йитина йолу уьш Iаржъеллера, якъаеллера. Амма мацалла яйъа гIерташ, йоккхачу стага а, КIанта а вовшашка кхийдош, ерриш а дIайпира.

Даим а, делкъал тIаьхьа, йоккхачу стага КIант дIавижавора, хIинца и шиъ хийцаделлера.

– Молха малахьа, – цуьнан гIайгIа бора хIокхо. – ДIайижча, новкъа хир дацара хьуна... Ткъа со гIалахула волалур ву, – юха чIогIа ладаме, – сан гIуллакхаш ду, – Iадпондар чохь болу ботт схьаийцира цо.

Йоккха стаг, тийжа а тийжаш, эга а еш, елха йолаелира.

– Ма елхахьа, хьайн десара, – цуьнан куьйга тIе куьг хьокхура цо. – Вайшиъ даха ма деза. Со сагIа деха ца воьду, адамаша дика концерт яла воллу со. Ахча долчо а, мах хадийнчо а ахча дур ду. – Юха а, чIагIдеш: – Вай даха деза, – юха, кIезиг соцунгIа а хилла: – Мухха девлла а, хене довла деза.

Iадпондар мах боцуш буй а, иза шен дахарехь тIаьххьара самукъа, зовкх дуй а хууш, иза вехха лийлира гIали юккъехула, кхоьруш, ботт мара а къуьйлуш, бегIийла меттиг лоьхуш. Мухха а цкъа телевизорехула гинера цунна, хьалдолчу Европехь, урамашкахь, адамаш дукха долчу меттигашкахь пондарш, зурманаш лоьккхуш дахарна хIума йоккхуш. Дера, йоккхачу стага цкъа а къобал ма ца дора иза, даим а чIагIдора: «Вай элий ду, вай тоьллачу залашкахь бен, сий-ларамечу публикина хьалха бен лоьккур бац пондар,» – бохуш. Делахь а, 1996-чу шарахьлерчу СоьлжаГалахь царах цхьа а хIума дац, герзашца берш бу хIинца элий.

ГIали юкъахь адамаш долчухула ваьлла а лелла, мелла а цIенчу метте дIахIотта везаш-м дера вара, делахь а мацалла туьйнаш оьхура, шайн хьожанашца базаро тIеийзавора. Кхузахь сагIадоьхурш – къенанаш а, къонанаш а, кхул кегийнаш а – вуно дукха бара – дийнна дуьне. Уьш берриш а боьха, Iаржбелла, тIелхигаш юьйхина, эхь дайна бара – цхьа а тIех ца волуьйту, кучан юх озийна ца Iаш, цхьаъ ялар а доьху. Иза кхеравелира, эхь хийтира.

Маситтазза дIавахара иза, юха схьаеара. ДIасахьийзара, шен ботт мара а къуьйлуш. Олуш ма-хиллара, меца Iан а дац атта.

Коьртаниг, йоккхачу стеган гIайгIа кхин хьан бийр бу? Ткъа малх-м цу хенахь чубуза лахлуш бара. ХIинц-хIинца адамаш дIасадаха долалур ду. ТIаккха буьйса меца яккха езар ю. Ткъа хIара цхьаъ бен вац лелалуш, хIара бу беккъа цхьа сатийсам, хIара ву напха латто. Кхунна йоккхачу стага хIинцале дуккха а хIума Iамийна. Цо кхуьнга маситтазза аьлла ма-хиллара: «Адамаш долчу муьлххачу меттехь а ахьа оцу Iадпондарца а, хьайн дагца а баьпкан цастар доккхур ду». Делахь-хIета, хьалхатаIа! Хан тIекхаьчна! Цхьана а хIумане хьаьжна ца Iаш, ваха веза.

Кхечу хенахь «мерзачу» могIанашна улле дIахIуттур вара хIара, мороженеш, зефир, конфеташ йолччу. Амма хIинца мерза хIуманаш хьехочохь дац. Керла динчу баьпкан хьожа йогIу, мераIуьргаш зийзош, – бепиг долчу могIанашна юккъе дIахIоьттира иза. Шех бIо а ца булуш, ботт схьаелла волавелира.

– ХIей, кIант, – элира кхуьнга цхьана йохкархочо, – яхийтал кхузара, эцархошна дIасадовлийла дIакъовлу ахьа.

– Кхуза а ма хIотта, – боху вукхо.

– ДIакъовлал шайн боьха батош, – тIечевхира къона йоцу таза вуда. – Схьавоьл хIоккхуза, – эсала тIекхайкхира цо КIант. – Ца го шуна, иза мел хаза, дашо ву!? Хьуна хIун оьшу? – цунна тIе охьатаьIира иза, коьртах куьг хьокхуш.

Халахетта волу иза, вехха Iийра вист ца хуьлуш, корта а оллийна. Шега шолгIа а хаьттича, халахетарна къурд а бина, мелламша шен ондачу озаца:

– Шуна Iадпондар лакха лууш ву со… Нагахь санна кховдадахь, жимма ахча даккха.

– Хlан! Иза бехке дац, бакъахьа гIуллакх ду! Цунна ма ю базар а. Цхьа хIума дIагайта, адамашна езалахь, ахча хир ду… Хlанхlани, зударий, дIасатовIал! – омра деш, куьйгаш дIасаластийра цо. – Бепиг а, самукъа а хир ду! Халкъ тIедерзор ду вай.

Эхь хетта волу кIант могIа дIаболалуччу юьххьехь, адам дукха долччу, базар дIайоллалучу ваькхира.

– ГIовгIа ма ел, къона тIаьхье ю боданечу халкъана искусство йовзуьйтуш! – мохь хьоькхура цу зудчо, адамаш тIедерзош.

ТIех къийлавелла, КIант хьацарна вешнера, цкъа а ца хиллачу кепара синтем боьхна вара. Уллехь йоккха стаг а, Роза а ма яцара. Цкъа хьалха ченах юьзначу асфальта тIе гавет тесира цо, цу тIе, иштта, хила езаш ма-хиллара, схьа а йиллина, ботт охьайиллира. Ткъа пондар дIанисбича, хьалхара аккордаш ека йолалушшехь кхийтира, шега иштта лакхалург пахиларх. Паккха, охьа а ца таьIаш, бендацарца, негIарх мийра туьйхира, ботт дIакъовлаялийта. СагIа ца оьшу цунна. Иштта дIа локхур бу цо.

Массо а тIеверзо лууш, юьххьехь классика – Моцарт – лакха хIоьттира иза. Цуьнан говзаллин мах хадийра, амма мелла а собаре. Цу тIе, церан лерса цу тапанчу хIуманашна марзделла дацара. Цундела меттигерчу репертуарера цхьа аттонит лакхар дийхира. Шен дог-ойлане хьаьжжина, Ганаевн «Кавказе сатийсар» лакха волавелира иза.

Дуккхаболу зударий гIайгIане ийгира, бIаьрхи а делира.

– Хьо ца хилча а Iетто дог дара, самукъанениг яхийта, – элира мекхаш долчу цхьана стага.

Самукъане а, дог-ойла гIаттош а, дахар марздеш а яра Кавказан мукъамаш юккъехь йолу цуьнан «Керла Берийн дуьне» композици.

– Хlай-хlай! Иштта лакха! – КIантана дуьхьала дIахIоьттира мекхашдерг.

Хетарехь, гIеххьа кеп йолуш волу иза халхасетта а волавелира.

КIантана халхаволучун а, ерриг тобанан а дог-ойла хааелира. Ша локхуш ерг ерза а еш, иза меллаша халхаран эшарна тIе велира, шена ма-хаъара говза.

Паккха баккъал а ловзар дIадоладелира. Ур-атталла таза зуда а юкъаелира халхаяла. Хьацаро бIаьргаш дурдаллац хьераяьл-

лачу гIар-гIовгIанехь КIанта шега далург дерриг а дира, шен ницкъ дIабаллалц. Кхузахь «бис» боху дош ца хууш хила а мега, амма цара дукха чIогIа, доггах тIараш деттарна, изза халхаран йиш цул тIаьхьа а цкъа лекхна ца Iийра. Наха тесначу ахчанна я газет а, я ботт а гуш яцара, дийнна барз дара иза. Ткъа мекхаш долчу стеган кеп, гарехь, халхавийлина хьалаяьллера. Схьа а даьккхина, пондар лоькхучун когашка дийнна туп керла ахча тесира.

КIант Iада а вина виснера, пондар лакхар а сацийна, туп мекхаш долчуьнга дIакховдийра:

– Баркалла, суна оццул дукха ца оьшу.

Тийналла хIоьттира.

– ХIаъ-хIаъ, берана оццул ца оьшу, – юкъагIоьртира кхунна верасалла деш йолу таза зуда. – Чекхдели, тоьур ду, музыкант кIадвелла.

Цкъа хьалха КIанта Iадпондар дIабиллира. Ахчанна тIе ца кховдалора – эхь хетара. Оцу зудчо ахча схьагулдира.

– ХIахI, ахьа хьанал даьккхина хIара, хьайна еззарг эца.

Цу хенахь российски ахчанаш даккхий дара, дуккха а нолаш йолу. Иза, кIеззиг хIума тIехилча, миллионер вара. Ур-атталла, кисана а йоллалур яц и туп. Шина а куьйга пондаран ботт а, ахча а схьа а лаьцна, хIинца цкъа хьалха «мерзачу магIаршка» дIахьаьжира иза. Оццу хенахь тебна цунна тIедаьхкира кхузара беркъа бераш. Кхул кIеззиг даккхий дара уьш. ХIара Iехош, цхьаъ хаьттира, ларамза санна дIатеттира. Охьакхеташ, цо куьйгаш малдира, вуно чIогIа мохь хьаькхира. Коьртаниг – Iадпондар а баьхьира.

Ахча схьаэцнарг къайлавелира. Ткъа Iадпондар чубуьллу ботт йоккха ю, кхиазхо цуьнца гена ца вадавелира. Iадпондар юхабеара. Иза ондда мара а къуьйлуш, КIант кхин а вехха Iийра базар юккъехь, халахетарна, воьлхучуьра ца соцуш, юха а оццу зудчо тевоалалц.

– Ма велха, ма велха, хьоменига, – тевора цо иза. – Мичахь ду хьан да-нана, хьаьнца Iаш ву хьо?

– Йоккхачу стагаца Iаш ву, – элира цо велхарна юккъехула.

– Кхеташ ду, – кхин а кIеда-мерза дара зудчун аз. – Кхузахь кхин ма лакха, тобанна юккъехь ма лакха, хьан меттиг яц иза. Со а ю математикин хьехархо, тIамо а, хьашто а кхуза кхачийна со.

Нахапу ю сан цIе. Муьлххачу хенахь а схьавола, базарахь мел ерг хьан ю! Нагахь со кхузахь ца хилахь, масане хуьлу, муьлххачу а вуйчуна тIегIур ву хьо, дерриг а дика хир ду. Кхийтин хьо? ХIей, вударий, кхийтин шу? – мохь туьйхира цо.

Берриш а бийлабелира – кхийтира. Коьртачу декъана, дагахь хIума доцуш, дика, комаьрша адаман ду кхузахь дерш, дуьххьалдIа машар хиларе сатесна Iаш долу.

– Валол цкъа, – куьг а лаьцна, Нахапус базархула дIавуьгура кIант. Ца йоьхура, тIе-м муххале а ца дожадора, дуьххьалдIа олура: – Берана гIо дан, Делан дуьхьа сагIина хIума яла хьанна лаьа?

Моьттур дара, хIара шиъ, йоьхуш а доцуш, цхьа мехала хIума дIасайоькъуш ду. Цу тайпана массара а шайн гIопасташна тIедоьху и шиъ.

– Нахапу, тхо долчу схьайолахьа!

– Кхуза схьадуьйлийша.

Халла бен дIа а ца яхьалуш, хIума гульелла.

– Тоьур ду, тоьур ду, массарна а баркалла. Дала сагIа йойла, – бохура Нахапус. – Шу долчу тIаккхахула догIур ду.

Дуьззинчу тIоьрмигашца базарара сехьаделира и шиъ, таксиш лаьттачу Орджоникидзен проспекте.

– ХIей, шабашникаш! – кхузахь а мохь туьйхира Нахапус. – Малхехь датта-м ца делла шу? Мел баккха лууш, мох кхоьтуьйтуш, бер мах боцуш дIакхето лууш мила ву? Цхьана минотехь бан некъ а бац, кхуза, «Берийн дуьне» хиллачу.

– Схьавола кхуза, – дIакхайкхира цхьаммо, хIара дIакхето кийча бара кхиберш а.

– Собар, собар, – машен чуьра охьавоьсира гIеметтахIоьттина онда, буто стаг. – ХIара-м КIант ма ву! КIант, со дагавогIий хьуна?

– ВогIу, ваша Пайзул.

– Хьо кхузахь хIун деш ву? Роза мичахь ю? Баба Учитал?

КIанта, тийса а луш, дерриг а дуьйцучу юкъана уьш машенахь дIакхечира. Ткъа кхузахь адаман а, «скорий» а, милицин машенаш а ю. КIант хьалахьаьдира. Йоккха стаг кашельниц кIел цхьана ваший хеттаршна жоьпаш луш яра. ХIусамехь кхин а дуккха а адаман ду. Чукхоччушехь КIантана го бира, цуьнга а хеттарш дира.

Масех кехат тІе кхеран мукІарлонаш дІа а яздина, бода боьллачул тІаьхьа хІусамера арабевлира прокурор а, милцой а.

Шеконца бохура цара:

– Туаев Гута магІарера стаг вац, амма вай духе кхиа хьовсур ду.

– Хьовсийша, аса доьху шуьга, – бохура йоккхачу стага.

Капельница чекхъяьлча, дІабаха тохабелира Розица цхьаьна болх беш болу лоьраш. Цара а, озехь дІора чІогІалла йоцуш:

– Оха хІара иштта дуьтур дац. Туаевна урх а карор ю, – бохура. Юха, кІеззиг Іийна-а, йоккхачу стаге: – Хьо больнице охьайилла вай? КІант цхьаьнхьа дІатарвийр ву, цкъачунна. Вайн къаношна лерина цІа а ду, берийн приют а ю.

– КІант, ахьа хІун дийр ду? – хоьтту йоккхачу стага, шена жоп хуъушехь.

– Со цІахь ву, – хаддош боху кІанта. – Цхьанххьа гІур вац, приютехь хилла со.

Массарел тІаьхьа дІавахара Пайзул, Розин кхолламах дерг цахаар халчу а даьлла.

– Дика адамаш доцуш дац дуьне, – элира йоккхачу стага, кІантаца цхьаьна йисча. – Суна а гІоли хили.

Оццу хенахь неІ туьйхира. ХІорш сакххилира.

– Цхьаъ йицъелла-те? – элира йоккхачу стага меллаша. – Валохьа, мила ву, хаттахьа.

– Схьаелла! – НеІарал арахьа болчеран кІоршаме, тІедожоран аз хеза. – Документашка хьовсуш ду. Схьаелла. Ца еллахь, неІ кагйийр ю.

Дан хІума дацара, неІарх автоматийн баххаш детта долийра.

– ХІинцца, хІинцца, – мохь туьйхира йоккхачу стага. АхІ-ихІ деш, халла хьалагІаьттира иза, Іасан тІе а тийжаш. Цкъа хьалха КІант маьнги тІехьа дІалачкъийра цо. Юха Іадпондар шен гІовлинга дІалачкъийра. ТІаккха, юха а: – ХІинцца, – бохуш, мохь бетташ, халла неІар тІе кхечира. Иза пенах дІа а таІош, чоьхьавелира бетах туьтмІаьжгаш йоьхкина, герзашца волу масех стаг. Массанхьа а хьаьвсира, ур-атталла, балкон тІе а. Цул тІаьхьа, тІе а чехаш:

– Документаш!.. ХІара хІун кехатан цуьрг ю? – хьалхаваьлла зоьртала стаг ву.

– КIентан справка ю, – шен гIорасизалла дицделира йоккхачу стагана. – Метрика тIом болуш яйна. Ткъа хIара документ ду Волгоградехь делла.

– Дика ду Хабаровскехь цà делла а, – кехате хьежа велира иза. – МухIар мичахь ду? Тоьур ду суна шок лекха. Тхуна омра ду: документаш доцчарна оцу меттехь тоьпаш тоха.

– Ахьа хIун дуьйцу? Бер ма ду иза.

– Иза нохчо ву: берриг а баланаш уьш бахьанехь бу.

– Ва Дела! Нагахь санна Россин а, Россихь бехачийн а берриг а баланаш Нохчийчохь а, нохчий а бахьанехь белахь, ма декъаза бу-кх вайн мохк!

– Хаьий хьуна... – и зоьртала тIемало, пIелг а лестош, цхьаъ ала воллуш вара, амма цунна муьшка йира тIехьа лаьттачу верстачу стага. ТуьтмIаьжиг а йоллушехь хаалора иза къона цахилар.

– Тоьур ду бага етта, гIуллакх дан волало! – дика тодинчу озанца тIедожийра цо.

– Iухь, – йовхарш йира ондачо. – Боевикех мила вевза шуна?

– Цхьа а, – сихха элира Афанасьевас.

– Ткъа хIара? – Багин сурт гайтира цо, юха, КIантехь хийцам а хаьбелла: – Цунна-м вевза. Хьуна а вевза. Эхь ца хеташ, харцлоь, боевикаш ца бевза бохуш.

– Со цкъа а ца лийна харц, иштта Iамийна яц. Ткъа и жима стаг цкъа-шозза гина. Иза боевик вац, суна ца хаьа, боевик хIун ду, ополченец бохург хIун ду, хаьа.

– ХIахI, ладогIийша цу терминологига, – юха а вистхилира верстана стаг. – ЦIена бакъонашларъярхо ю-кх.

– ХIаъ, ю, бакъонашларъярхо а ю, къахьегархо а ю. Аса...аса, – йиш хала юьйлира цуьнан: – Со тIеман ветеран а, заьIапхо а ю, пхбIеперан белхан стаж ю. Хьовса сан документашка.

– Гуш ду, – хеза бендацаре аз.

– Шуна хIун го?! – собарх юху йоккха стаг. – Йоккхачу стагана а, берана а хьалха туьтмIаьжгаш йоьхкина хьийза. Ур-атталла фашисташа а ца хьулйора шайн яххьаш. Ткъа шун юьхь яц, эхь дац, сий дац.

– ДІавигал кІант, мила ву къасто: хьанна хаьа, боевикан кІант хила а тарло.

– ХІан-хІа, – йоккха стаг КІантана тІекхийтира, когаш тІехь латта а ца елла, иза шена буха а хьош, охьаюьйжира.

ТІаккха цунах къахийтира. Хьала а айъина, метта охьайиллира, ткъа цо шеца КІант дІатакхийра.

– Йитахь, – хетарехь, туьтмІаьжгаш йоьхкинчу адамашна а хІара дерриг а кІордийнера. – Ахьа тахана прокуроре заявлени яздина.

– ХІаъ, меттигерчу прокуроран Звягинан цІарх а, генеральни прокуроре а, Россин Президенте а, Европарламенте а яздийр ду, кханенна пресса а кхайкхина, юха…

– Тоьур ду, тоьур ду, – юкъахъяьккхира иза. – Пресса хир яц хьуна. Кхана талламхо хир ву, заявлени юхаоьцур ду ахьа, ца эцахь, хьаштагІ чу кхочур ю.

– Туаев иштта чІогІа хІунда ларво аша? Иза нохчо ма ву! – къамел стенах до а хиъна, даррехь майраяьлла йоккха стаг.

– Туаевс, оха санна, – хьийзоран дог-ойланца бохура цо, – тешамна дуй биъна.

– Хьа-хьа-хьа, – царах терра, ша ца йоьлучу кеппара, елаелира Афанасьева. – Хаа лаьар-кха, хІун дуй бу-те иза? Хетарехь, Росси йохо а, чІанаяккха а.

– Іовдал! – элира цергашна юккъехула верстанчо. ТІаккха, чуьра араволуш, зоьрталчуьнга: – Куьг бех ма дехьа, кестта ша лийр ю, – элира.

ШолгІачу дийнахь, делкъахенахь, баккъал а прокуратурера талламхо всара. Йоккхачу стага чукхайкхаре ца хьоьжуш, эвхьаза чу а веана, охьахиира къаьркъанан, дезодорантан эелла хьожа а йоккхуш. Папка схьа а йоьллуш, вониг дийцарна тІера дІаволавелира:

– Палахь цІаьххьана карзахдаьлла криминогенни хьал, – бохура цо.

Йоккха стаг вуьшта а буьйсана наб ца кхеташ Іийнера. Селхана ша собарх йохарна, дохкояьллера иза. Шен хьокъехь-м яние а ойла ца йора цо, амма КІант вицван муха мегар дара? ХІуьа а

дан ма тарлора цара. Цхьанна а цхьа а хIума хуур дацара, цхьаммо а цхьанна а хIуманах жоп лур дацара. Сахиллалц Далла хастам бира цо, дерриг а иштта чекхдалийтарна, шена собар дийзира, КIантана – ирс, Розина – пергIато. ХIинца, гIиллакхе хила гIерташ:

– ХIаъ-хIаъ, хьал чIогIа кхераме ду, – маьнги тIе охьахаа а гIерташ, прокуроро бохург тIетодира цо.

– Сийсара тIелатар дина коьртачу лоьрана, чевнаш йина дийна висар а тамаша бу, – шовкъ йоцуш дуьйцу веанчо.

– Ва Дела! – Гуттар чIогIа кхераелира йоккха стаг, КIанте дIахьаьжира. – Розин больницин коьрта лор ву иза?

– Дера ву. Селхана кхузахь хилира, – хабар а дуьйцуш, кехаташ кегадо. – Оцу Розина гонаха гIовгIа эрна эккхийтира цо.

– IIайна луург до-кх!

– И аьлла дуьтучохь дац… ХIан, хIаъ, – цхьа кехат схьаийцира цо. Юха мелла а официально, шардинчу дешнашца. – Гражданка Афанасьева, суна хетарехь, ахьа а схьаэца деза хьайн дIахьедар.

– «Ахьа а» бохург хIун ду? Коьртачу лоьро шеник схьаэцнера?

– Аса хьоьга ма элира, цунна тIелатар дина.

– Собар дехьа, – йоккхачу стага кулгаваш пиздира. – Ткъа Роза? Стаг дийнан делкъехь лачкъийна дIа ма вигна. Массарна а хууш ду, и хьан дина. Цхьана хьенеха Туаев Гутас дина-кх! Министр ву а, ца хаьа…

– ХIаъа, – меттаххьайра ша хиъначу гIантахь талламхо. – Кхузахь гIуллакх дика кегаделла ду. Нагахь хьуна хаахь, Туаевна а дина тIелатар, и деш цуьнан ваша лачкъийна.

– Роза хIун динарг ю кхузахь? – аз айа йолаелира йоккха стаг.

– Кхетий хьо, и Роза Туаевн зуда хилла-кх, ткъа вайна метти-герчу Iадаташна юкъагIерта, лаьмнийн ламастан дохо мегар дац.

– «Мегар дац» бохург хIун ду? – хIара хIинца собарх юху, мохь хьекха йолало. – Шу дац ткъа кхузахь «Конституцин къепе» ши дерш? Мичахь ду вайн российски закон? Со Соьлжа-ГIалахь Iан йолу а ю шовзткъа шо сов хан, суна-м ца девзина хIинццалц адаман лечкъоран гIиллакх.

– Баба, сацахьа, – къамела юкъа гIоьртира КIант.

– Бер бакъло, собаре хилахь, – бендацарца дека прокурорах аз. – Сан хьехар ду хьуна: схьаэца хьайн дIахьедар.

– ХIан? – чуьраелира йоккха стаг. – Шайн саботажехь соьга а дакъалацийта лууш ду шу? Аса шуна арз яздийр ду! Фамили хIун ю хьан? – цуьнан декъа деха куьг веанчунна тIекхевдира.

Важа каде хьалаиккхира, юхагIоьртира, цуьнан озехь а, юьхьа тIехь а цавашар дара:

– ТIаккха, дIахьедар схьаоьцу ахьа я аса цунна и до?

– Аса дийр ду хьуна «и», аса шу дерриш а жоьпе озадойтур ду!

– Мц, – цергаш цIанъеш волуш санна, дира прокуроро, юха, неIсагIех дехьаволуш, жIаьлех хетта къахетарца: – Хьо оьрси ца хилча, хьоьца хIара ловзарш хьан лелор дара, къанделла гужам!

– Яхийта, яхийта кхузара! – гуттар а чIогIа даръелира Афанасьева. Юха, катоьхна, Iаса, схьа а эцна, прокурорна тIеластийра, кхийтира.

– ХIан, хьо иштта ю! – чIечкъира бакъонашларъярхочун бат. ТIаккха, цунах там хуьлуш санна, схьаэцна даррехь кхуьнан дIахьедар, кегий кескаш еш, датIийра, схьаластийра. – ХIахI, хIара ю шун конституцин къепе, – полларчий санна, тIемаевлира кескаш.

– О-у! – цIогIа хьаькхира йоккхачу стага. Шена хьалха карасанарг – гIайба – сени чу дIаластийра цо. Iадпондар чохь болу ботт а яра тIаьххье дIакхуссур йолуш, делахь а КIант цунах катоха кхиира. Амма йоккха стаг дIатуьйш яцара. Бага а хьеш, иза шена гонаха цхьаъ лоьхуш яра дIаласто, куьзганаш дагадаьхкира, уьш а дIаластийра яьссачу сени чу. ТIаьххьара мохь олуш, багара кхема а бодашка дIабахара.

ТIаьхьо, КIанта шена ерриг а схьаеача, иза цхьана меттехь дIатийра, охьа а сеттина, ур-атталла белшаш а охкаеллера – ира, еккъа даьIахкаш. Вуьшта, иза оцу мIаьргонехь гуттар жима, декъа за хилла дIахIоьттира – шен оьмар яьккхина яьлча санна, декъана, тийна, нагтахь са а доккхуш, гIорасиз цIийзаш…

КАЗБЕГИ Александр
(1848–1893)

XIX бIешарахь (1848–1893) ваьхначу гуьржийн литературин классикан Казбеги Александран произведенеш: «Элгуджа», «Давийнарг», «Эльбред», «Цико», «Хевисбери Гоча», «Ципия», «Элиса», кхиерш – шайн исбаьхьаллин мехалла тахана а яза ю, хIунда аьлча авторо царна тIехь дуьйцу гIуллакхаш а, кхоьллина турпалхойн васташ а тахана а масал хилла лаьтта адамаллин къоьлла хаалучу хIокху заманахь.

ЭЛИСА

I

БуритIе[1] юххехь, исбаьхьа хазчу арахь, гуш яра го бинна зIе хIоттош, йийбарех йоьттина лаьтта ворданаш. Гонна юккъехь къегина йогуш яра цIерш. ЦIерш хьалха, когаш чучча а баьхна, охьахевшина Iара кхехкаш долчу еш чохь суьйрана даа пхьор кечдеш болу зударий. Царна дIанехьо охьахевшина, бист ца хуьлуш, луьлланаш уьйзуш Iаш баккхий нах а бара. Церан стогаллин, къонахаллин, амма гIайгIане долчу юьхь-сибатан тамашийна суьрташ хIиттадора цIеран серлоно. Кхуззахь, шайн-шайн тобанаш еш, гулбелла кегийрхой ойла айаелла а, самукъадолуш а хила гIертара, амма гучудаьлла а далале дIадовра церан юьхьа тIера белакъажар.

ЦхьаинзаретийнадарагIкхеташ йоцуш хаалучу гIайгIано цхьаьннан а вист хила дог ца доуьйтура.

Коша чохь санна йолчу хIокху тийналлехь доьIуш долу са хIинций-хIинций соцур долуш санна хеталора.

ХIаваан башхачу хьожано дегIана там бен адаман цIий пхеначкахула доладолуьйтуш йолчу, дагна тамехьчу суьйренах цхьа тийна, йовха суьйре яра таханлерш.

Амма даим а чIарх-аьлла, Iаламо бIо ца къажош хила Iамийна болу нохчий тахана мотт луьйш бацара. ЦIаьххьана стигал а

[1] БуритIе – Владикавказ.

кьекъаш, чехка а, нуьцкъала а мох бала боллуш йолчу хенал хьалха Iалам хуьлуш ма-хиллара, тийна бара уьш.

ХIун бахьана дара-техьа дахарх самукъадолуш долчу оцу адамийн мотт луьйчуьра сацийнарг, уьш гIайгIане бинарг? ХIун бала бу цаьргахь, царна ницкъбийриг? Масех шо хьалха, шек дIа а боцуш, бийла а буьйлуш, балина хьалхахIуьттуш болу уьш Iовжийнарг хIун хало яра?

ХIинца а наг-наггахь цхьаццанхьа хезаш дара охьахевшина Iачуьра вовшашка олу масех дош, амма кестта, цхьа а аз ца хезаш, гуттаренна севцира нехан хабарш... Кешнашкахь санна йолчу оцу тийналлехь цIаьххьана, буткъа беха узам беш санна болчу мукъамца, лакха болийра Iадхьокху пондар. ЭхIе, ма мукъам а бу-кх иза! Сан ницкъ кхочур бац оцу хьокъехь ма-дарра яздан. Сингаттамо буьзначу кийрара схьадуьйлучу узаман аьзнаша ладугIучийн а, и пондар лоькхучун а дог, Iийжош, лазадора... Байн хьоькхучу махо узаман аьзнаш генна дIакхоьхьура, хIора дитт, хIора жIолам, хIора кондар, цара синтем бойуш меттахъхьеш санна, хеталора. Кхин масех минот яьлча массара а тIаьхьара а олуш, цкъа юкъара узам хилла дIахIоьттира Iадхьокхучу пондаран мукъам, гобаькхина гонаха хезаш дара гIайгIанан, дегаIийжаман аьзнаш. Оцу мукъаман узамо муьлхха а дешнашчул чIогIа гойтура адамашкахь болу дала орца доцу бала, муьлхха а арахьарниг а гIайгIане вора цо, оцу адамех доглазар гIаттадора цуьнан кийрахь. ГIийлачу узамо ойла кIадйора, синтем бойура, сагатдалар алсамдоккхура, ткъа цунна кIелхьарвала ницкъ а бацара.

Ша винчу ненах гуттаренна а дIакъаьсташ леш воллучу кIанта тIаьххьара а бечу узаман мукъаман аз, цуьнан сацца доллуш долу садеIар дара иза. Вовшийн дегIан пхенашкахь дIасалелаш долчу цхьанатайпанчу цIийх цхьаьнадоьзна, вовшийн дезаш долу дегнаш къинхетамза а, гуттаренна а вовшахдохура шогачу ницкъо. И узаман мукъам хIинца узаршка бирзинера, леш доьIучу сих тарбеллера, шегахь цхьаьнгахь болчу балина, аьтто бохарна я декъаза дахар хиларна, арз деш волчу цхьана стеган доцуш, ткъа дуккханийн а хиларна, кхин а дог дохош, гIайгIа кIаргъеш дара и узарш. Кхузахь массеран а юкъарчу балано, юкъарчу гIайгIано, юкъарчу

сингаттамо цхьаъ дой цхьаьнатухура дерриг а адамаш. Кхузахь цхьана узамехь гIайгIанна цIийзаш дара дуккха а дегнаш, церан юкъарчу узамехь гуш дара дерриг халкъан Iийжаман лазар.

Шайн Даймехкан тешаме кIентий, доза доцуш цунна тешаме болу нохчий гуттаренна а шаьш бинчу махках бовлуш бара. Оцу мехкан бозуш цахиларан, ирсан дуьхьа шен кIантах вала кийча вара да, майрачух яла реза яра зуда. Цхьа а хIума лоруш боцчу къизчу, шогачу ницкъо бохура уьш шаьш бIешерашкахь баьхначу меттигашкара дIа, шаьш шена тIехь бина латта дIатаса доьруьйтура церан.

ХолчухIиттина долу адаман, бехкаш дохуш санна, стигала ирххьоьжура, цигара мукъана а гIо хиларе сатуьйсуш, амма, иза пахилар а гой, юха а кортош охкадора пара.

Махкахбохуш болчу царна хIора дитто, некъан хIора голатухучу меттиго дагадоуьйтура церан майраллин хьокъехь, барам боцуш дукха царна хиллачу зенийн хьокъехь, бегам болчу Даймахкехьа латточу къийсамехь цара Iенийнчу цIийнан хьокъехь. Ког дIа масазза баькккхи царна хьалхахIуьттучу дIадаханчун суьртo, цIийдинчу эчиго санна, дог дагадора, багах дош па долуш, дакккхий синош дохуьйтура. Дешнаш эшпане а па оьшуш йолу миноташ хуьлу адаман дахарехь. Оцу адамийн узарш, белхарш, деш долу къурдаш цахезначунна хаалур яц бIаьрзе дичу синан ерриг гIайгIа. Боккха бала шайгахь болчийн кийрарий бен довла тарлуш доццчу, дог Iийжош долчу муьлххачу а дешнашчул чIогIа шайгара ерриг къиза хало хаайолуьйтуш долчу аьзнийн сурт хIотто хала хир ду цунна.

Сингаттамах дуьзна, кхоьлина долу масеран а бIаьрташ Галашкан ломахь шаьш дIатийсинчу кхерчашка сатийсарца юханехьа хьоьжуш дара. Цигахь хийла луьра тIеман бинера цара шайн пархIатонехьа, хийла дика а, вон а гинера царна оцу меттигашкахь.

Мича хотIе эгна-техьа уьш ишта къиза бала хьеггал? Ишта адамалла доцуш хIунда кхийсина-техьа уьш шайн дайх бисначу баннаш чуьра ара, пана дуьненахула дIаса а баржош? ХIун бехк бу-техьа церан? Церан бехк дера бу бузур боцчу, Iебар боцчу Нохчийчоьнан урхалчашна нохчийн хьалдолуш долу беркате

латтанаш шайн кара схьалаца лууш хилар. Даим а оцу латтанийн бакъонца дай хилла берш, хIумма а ойла ца еш, махкахбаьхна дIабахийтар «къинхетам бар» лорура цара.

II

Махкахбаьхна дIабахийта новкъабаьхна болчу гIайгIанечу нахана юьстаха, шовдан йистехь цхьа хиъна Iаш яра наггахь бен ца хуьлчу тайпана хаза-исбаьхьа йоI. Экаме, цецвоккхуш безамехь, амма бос байна йолчу шен юьхьа тIе ши куьг а диллина, кIорггера ойла еш, чохь нур лепа шен бIаьргаш цхьана метте тIе а боьгIна Iара иза.

Массарна а цхьаьна тIехIоьттина бала лан атта делахь а, адамашна юкъахь хилча шен гIайгIа яйлуш елахь а, иза, хIетте а, царах ша цхьа хилархьама, шегахь долчу хьолан хьокъехь ойла ярхьама, шегара хало кхин а чIогIа хааялархьама, юьстахъяьллера.

ЙоьIан цIе Элиса яра. Цуьнан да, Чербижан Анзор, тохара цкъа Шемалан наиб хилла а, даймахкехьа латточу къийсамехь шен ерриг жималла, къоналла дIаелла а, даймехкан паргIатонехьа къуьйсуш шен кхаа кIантах ваьлла волу уггар майра къонах вара. ХIинца иза дакъазаваьлла, шен хан яьккхина воллуш воллу къена стаг ву. Оцу воккхачу стеган берриг бахам, дерриг ирс, синтем Элиса бара. Ткъа тахана да а, йоI а шаьш динчу мехкан Iодика еш дара.

Дусаделлачу цIоцкъамашца, кхоьлинчу юьхьца, детталучу дагца шен вордана юххехь лаьтташ вара Анзор, шаьлтанан макъарна тIе куьг а диллина, гIийлачу мукъаман узаме ла а доьгIуш. Шена хьаьжа тIе тоьхна хьацар маситтазза а дIадаьккхира Анзора. ГIайгIано ницкъ бора цунна. Дагалецамаша дог гатдира цуьнан.

ДIадахнарг хьалхахIуьттура. Дуккха а хенахь дуьйна дIаяхначу жималлин, къоналлин денойн сурт шерра хьалхахIуьттура. Кайолуш ша оьрсийн отрядашна тIелатар а, церан говрийн дийнна ремапаш лехкар а дагаоьхура цунна. Нохчийн зударшна хазахетийта, осалчу мостагIашкара ша схьаяьхна хазнаш а дагаяьхкира воккхачу стагана. Мох санна, ша арахь хехкавелла денош оьхура дага. Шен хьокъехь, дикчу кIентан доьналлех лаьцна яьхна а, ерриг Нохчийчохь а доькхуш хилла йолу эшарш екара лерсинехь.

Дога доцуш шена муьтIахь а, езаш а хилла йолчу хазчу зудчун сурт хIоьттира цунна хьалха. Ша къанвеллачу хенахь шена гIортор хир ю-кх бохуш, кхо шайх лаьцна ойла йина волу кхо кIант бIахаллин къийсамехь цхьанна тIаьххье, кхуьнан бIаьргашна хьалхха ган а гуш, вожаран сурт а делира ойланехула чекх.

Кхин цIъа а хьажа тIе куьг а хьаькхна, доккха са а даькккхина, чIогIа элира цо:

– Ла-илахIа, иллаллахI!..

Шен санаргIатдаккха, цхьа хIума лоьхуш санна, дIасахьаьжира иза, тIаккха ведда воьдучу цхьана кIантах бIаьрг а кхетта, цуьнга моьхь туьйхира цо:

– Къора! Элиса ца гира хьуна?

– Дера гира, гира-те! – аьлла, жоп делира кIанта. – ДIогахь, шовдан йистехь, ю иза! Со хIинцца цигара вогIуш ву. Ша цхьа хиъна Iаш ю, сов чIогIа гIайгIане, сингаттаме ю иза... – шен дош чекх а ца доккхуш, дIаведира кIант.

– ГIайгIане, гIайгIане... – и дешнаш юха карладехира сагатделлачу нохчичо. – Муха хир яц иза гIайгIане?!

И дешнаш аларца цхьаьний, корта а оллийна, кIеззиг вист ца хуьлуш а Iийна, кийра богуш, меллаша элира цо:

– Веза-кх цунна иза, веза, ткъа суна цунна иза вицвалийта лаьа, со иза цунах къасто гIерта.

Анзор меллашчу боларца шовдан тIе вахара. Элиса шовдан йистехь хиъна Iаш яра, шен гIайгIанечу ойланашна ерриг чу а яхна, Даймахкаца цхьаьна шена везаш волу Важия цо дIавоккхуш хиларо кхин а язйора цунна и гIайгIа.

Мохевцийн тайпана волу гуьржи Важия барам боцуш, тоха ца доцуш везара йоIана, шен жанца иза дежийлашкахула ваьлла лелачу хенахь тасаделлера кхеран гергарчо.

Цеяхна дика кIант, куц долуш безамехь жима стаг, дикчу хьолан да волу Важия массо а хьоьгуш жима стаг вара, амма иза керста вара, ткъа Элиса бусалба яра, цундела йоIана дика хаьара ша цуьнга яхийта шен нах реза хирг цахилар.

Цул совнаха, оцу хьокъехь цхьаьнгге а хIумма а дийца хIуттуш яцара Элиса. Шен кийрара бала цхьаьнгге а балхо, шен даг чохь

дерг дийца таро яцара цуьнан. Йоlана шера хаьара, шен динехь болчарна юкъахь шегахьа берш карориг цахилар.

Нагахь и тайпа гIуллакх тохара хьалха нисделча, бусалба зудчунна (нохчийн зудчунна) ламанца дехачу гуьржийн тайпанах волу жима стаг-керста везаваларх, схьахетарехь, уьш цхьана динехь цахиларо меттигерчу гIиллакхашца новкъарло йийр яцара и шиъ зудий-майрий хиларна; амма хIинца, гуьржий, аьлча а «керстанаш», оьрсашна хьалха а бевлла, царна некъ а буьйцуш лелачу хенахь, гавуршца цхьаьна уьш шайн доттагIий хиллачу лулахошна – нохчашна – дуьхьал летачу хенахь, билгало йоллуш, кхитайпа хьал дара! Ткъа оьрсаша гуьржийн гIоьца ма эшийра нохчий. Ткъа цул тIаьхьа, бакъду, муха тарлур ду гуьржашца цхьаьна гIуллакх даран, гергарло хиларан хьокъехь къамел хилар?

Иштта ойла а яра, иштта баха а бохура хIора нохчичо а. Цундела, кхеташ ду, тIейолчу хенахь царний, луларчу гуьржашний юкъара муьлхха а зIе хада езаш а, тохара хьалха доттагIалла долуш хилла и ши къам вовшийн мостагIий хилла дIахIотта дезаш а хилла хилар.

Чербижан Анзор, дукхахболу ламанан нах а санна, хьекъал долуш, хIуманах кхуьуш стаг вара. Цо мелла а кхечу кепара мах хадабора гуьржашний, нохчашний юккъерчу галморзахаллин. Цо олура: «Вайна генна бехаш болу гуьржий Iехабелла: берриг а дика белхаш бийр бу бохуш тилабо уьш, ткъа ламанца болу гуьржий вайна дуьхьал нуьцкъашха боху». Иза мухха делахь а, гавурша боху кхиамаш, гуьржийн бехкенна хуьлу аьлла хетара царна, цундела цаьрца кхин тIех герггара юкъаметтигаш хилар лууш бацара уьш.

Амма мел тешнабехке ю-кх адаман кхел!.. Цуьнан дакъазаллина, хIуьттаренна санна, цуьнгахь болу бала кхин а базбархьама санна, цуьнан цхьаъ бен йоцчу йоlана моховец Важия везавелла. Бакъду, Анзорна иза ма-дарра дика хууш дацара, амма хIетте а дагчу иккхинчу шеконо сагатдора, бIарзвинера иза.

Цу тIе, и гIуллакх нисделлера хIара даймахках волучу, шен цIийнс тIаьххьара «Iодика йолда хьан» а аьлла, верриг бос байна, вегош, синтем байна, кхо шен цIа шен куьйга дага а дина хIара аравальлачу хенахь. Оццул кхунна халчу, баланечу оцу муьрехь кхуь-

ши тIаьххьара а гIортор йолчу йоьIан дог гуьржичуьнгахьа даьллера, оцо мискачу воккхачу стагана гуттаренна а йоIах дIакъасто а, серло йоцуш цхьа хIара вита а луьра кхерам туьйсура.

Кхунна хаьара, Элисин, нохчо иза хиларе терра, хенахь сапаргIатдер доцийла, цуьнан дог хенахь машаре хир доцийла; нохчийн зудчунна хала ду стаг везавала, амма цкъа везавелла ваьлча, цунна тIаккха цхьа а доза ца хаьа, оцу ойланна ша ерриг а дIало цо.

Делахь а, Анзор иштта йолу ойла еш а, шена хетарг, ша сацийнарг нийса хиларх тешаш а хиллехь а, хIетте а кийран кIоргенехь цуьнан хIинца а дегайовхо яра, хан яларо мухха а дIашарйийр ю йоьIан даг чу иккхина йолу ойла бохучух.

Амма цуьнца цхьаьна цунна гора, Элиса, де мел дели гIайгIане хилла, къамелана тIера йоцуш, шен бала балха ца беш дIахIуттуш даттар.

ХIинццалц схьа садетташ, къийлалуш, цуьнан гIайгIане хилар шена гушхиларх йоI ца кхетийта гIерташ вара Анзор. Амма тахана, шен дай баьхначу лаьмнех хIара гуттаренна а дIакъаьсташ волчу хенахь, къуй санна схьа а лецна, махкахбохуш болу нах кийрахь дегнаш доцуш шога болчу салташка дIабеллачу хенахь, цуьнан даге лан ца лора цхьа хилар, цо лоьхура шен дакъалацар, цундела вахара Анзор йоI йолчу.

Шена везачу кIентан хьокъехь ойланаш еш Iачу Элисина туса ца луш тIекхечира да.

– Элиса! – элира дас, цунна тIе а вогIуш, цуьнан белша тIе дайн куьг а дуьллуш.

Набарха санна самаяьлла йоI хьалагIатта лууш хилира.

– Хаий Iе, хаий Iе! – аьлла, иза юха а охьаханйра Анзора, ша цунна юххе охьа а хууш.

Дехха дист ца хуьлуш Iийра и шиъ. Мелла кхеташ дара тийна хIаваъ. Къеггина лепара седарчий. Гийлачу ойланца хьоьжура Элиса хьалха ехха дIагучу шерачу арене, цунна тIехь къайладевллера хьаннаш йолчу лаьмнийн баххьаш. Леррина хьоьжура Анзор шен йоIе дIа, цуьнан дагахь дерг, мел кIезиг дерг а цуьнан юьхьа тIе хьаьжча билггал хаа лууш санна.

Вист ца хуьлуш Iаш волу хIара, кисанара кисет[1] схьа а яьккхина, кераюккъе тонка а доьхкина, иза ата а аьтта луьлла а юьзна, цIетухучуьнца иза лато хIоьттира. Я кIожам тIунбеллехь а, я мокхаза дика бацахь а цIеран суьйнаш ца довлуш вехха ваьллира Анзор, делахь а тIаьххьара а латийра цо иза. Ехха, багара дIа ца йоккхуш, сутараллица уьйзура цо луьлла. Цуьнан кIуьре шен деган лазарна гIоли яйта, шен даг чу яьхкина сингаттаме ойланаш дIакъахкаяйта иза гIерташ санна, хеталора.

ТIаьххьара а, вист ца хуьлуш Iен кхин тоха са а ца хилла, Анзора меллаша элира:

– ХIокху тайпана хьо гIайгIанг йолуш сайна ца гайта, со вела хуьлуьйтур вара аса!

– Со-м яц гIайгIане, – аьлла, жоп а делла, гIийлачу, ойланечу бIаьргашца цуьнга дIахьаьжира йоI.

– Го суна, го! – элира воккхачу стага, дашца бийцалур боцуш болу бала кийрахь а къуьйлуш. – Халонехь, балехь ю хьо, ткъа сан, декъазчу мисканан, хьуна дан гIо а дац.

– Сан хьокъехь са ма гатде ахьа, дада! – жоп делира йоIа, цуна хьаста а луш.

– Ткъа хьо даг чохь цхьа гIайгIа, бала болуш ма ю. Иштта дац иза?

– Аьшпаш буттур бац аса. Бакълоь хьо, дада!

– Ткъа делахь, хIунда ца юьйцу ахьа суна хьайн гIайгIа? ХIунда лечкъадо ахьа сох?

– Ткъа хьо кIезигчу балехь ву? ЭхIе, нагахь хьоьгара бала а сан сайна тIеэца таро хилча! – элира Элисас, дена мара а кхеташ.

– Со хIунда хьехаво? – элира Анзора, цхьа вон, ца вешаш санна, вела а къежаш. – Со сайн хан яьккхина ваьлла, сайн хенахь дуккха а хIуманаш гина суна, лайна аса; цхьа ког кошахь лаьтташ ву со, ткъа хьо... хьо хIинцца дахарна чуюлуш ю. Хьанна хаьа, хьан дахар муха хуьлу? ЭхIе-хIай! – аьлла, доккха са а доккхуш, шен къамел сацийра воккхачу стага.

– Хьо сапаргIат хилчахьана, ткъа суна-м хIумма а ца оьшура!

[1] Кисет – тонка чудухку жима тIоьрмиг.

Анзор леррина цуьнан бІаьргаш чу хьаьжира, амма цунна дуьхьал дош ца далийра. Цхьажимма хан яьллачул тІаьхьа юха а дІадолийра цо:

– Хьайн нийсархой-мехкарий болчу хІунда ца йоьду хьо? Царах хІунда къехка хьо, цхьа хиъна хІунда Іа хьо?

– Аса хІун дийр ду цигахь?

– ХІун дийр ду? Ткъа цаьргахь бац вайгахь боллу сингаттам, итт бала хьоьгуш ца бохку уьш а? Цаьргахь яц хало, царна ца хуьлу ницкъ? Церан дегнашкахь а ма ю жоьжахати, ткъа дуьнен чохь валар а наггахь тоьлашха ма ду! Гой хьуна, цара эшарш а, пондар а лоькху, бийла а буьйлу, белха а боьлху. Елхал хьо: йилхича, дог пагІатдолу хьуна.

– Уьш ирс долуш бу! Уьш белхало, ткъа со елхалац! – элира Элисас гІийлла.

Цунах къахеташ дІахьаьжира Анзор, цІоцкъамаш а дусош, чІогІа элира цо:

– Зударий белха хьакъ бу, ткъа божарий бекхам бан декхарийлахь бу.

Чуэгна, кхоьлина долу Анзоран бІаьргаш цІаьххьана, тохара санна, цІеран суьйнаш туьйсуш, серладевлира, амма оцу сохьта юха а яйра церан серло. Мелла а сапаргІатваьлла, иза йоІе дІахьаьжира. Цуьнан балдаш дегош дара.

– Элиса, – элира цо халла, легашка къурдаш а хІуьттуш, – хІун ду хьан оццул сагатдеш дерг?

– Хаац суна!

– Ахьа лечкъадо со-х... Хьан дагахь цхьаь ду.

– Аса хІумма а лечкъа ца до.

– Хьо гІайгІане хиларо къаьхьанна туьйсу сан кийра, дацдо сан дахар.

– Ткъа аса хІумма а ма ца боху, со цхьана а хІуманна арз деш ма яц. Кхин хІун деза хьуна?

– «ХІун деза» бохург хІун ду? – аьлла, ирхкхоссавелира да. – Ткъа хьан синтем байна хилар?

– Ткъа со-м сапаргІат ма ю.

– ХІан-хІа, яц! Хьо сапаргІат яц, иза ду доллучул а алсам сан сагатдеш дерг.

– Ткъа хIун дича бакъхьа ду аса? ХIун ден аса?

– Алахьа соьга, лечкъа а ца деш. Ирс дайна волчу хьайн дега дийцахьа хьайн дагара. Хьуна дика-м хаьа, хьо ламазаш тIехь йоьхуш со хилар. Сан миска дог догуш, балоз санна, дешаш ду... Хьуна мукъана а къа ца хета сох?

– Дада, дада!.. ХIун ду ахьа дуьйцург?.. Алахьа, хIун де аса со хьуна муьтIахь хилар, сайн хьоьга болу безам гайтарна? Нагахь сан дахар хьайна эшахь, алахь соьга, тIаккха гур ду-кх хьуна, хьайн йоIана хьо мел веза! Алахьа...

Оцу дешнашца цхьаьний, яхна дена мара а кхетта, цунна барташ баха йолаелира йоI.

Еххачу хенахь сецна бIаьрхиш комаьршша охьахьаьлхира Элисин бIаьргаш чуьра.

– Хаьа, хаьа суна, хьуна со везар, оцо кхин а сингаттаме до сан вуьшта а декъаза долу дахар!.. Веза-м веза хьуна со, амма хьайн дог Iийжош дерг ца дуьйцу ахьа. Веза-м веза хьуна со, амма сан дан хIумма а гIо дац-кх хьуна!.. Со бахьана долуш хила а тарло хьо иштта балехь?

– Нагахь хьо бахьана долуш со балехь хилча, иза хазахетар хир дара суна.

– Ткъа делахь хIун ду хIора денна хьо якъош, худуш дерг?

– Хаац, хаац суна! – олуш, да кхин а чIогIа маракъевлира цо.

– Цхьаъ везаш хила тарло хьуна? – аьлла, иза цец ца йоккхуш, кIеда-мерза хаьттира Анзора, кIеззиг соцунгIа хиллачул тIаьхьа.

– Со-м яц и бохуш, – жоп делира йоIа.

И дешнаш хезча, вуьшта а дегош долу куьйгаш кхин а чIогIа дегадора, дог сихха детталора, цуьнан хIора тохадалар шера къаьсташ хезара Анзорна. Элиса кхунна тIехьаьрчинчуьра дIа ца йолура. Шен деган къайленгахь йолу ойла дIа ца олуш, да ша цунах кхетийла лаьара йоIана.

– Хьо и бохуш-м яц, амма иза иштта-м ду... – элира Анзора, корта а ластош. Дан хIума дац!.. Дуьненан хIума ду иза. Шен хан кхаьчча, бен а чуьра арадолу кIорни! Дийца соьга дерриг а бакъдерг. Ала соьга, мила ву хьан дог шегахьа даьккхинарг. Аса беллачу сайн дайх дуй боу хьуна, хьан лаамна дуьхьал ца хила. Ала соьга, мила ву иза, мила ву хьуна везавелларг?

Детталуш дог а долуш, гуьржичун цIе цаяккхаре сатуьйсуш дагах гилгаш дуьйлуш, оццул боккха лаам а болуш, леррина ладоьгIуш вара воккха стаг.

– Дада, дада! ХIунда оляьйту ахьа соьга дерриг а? ХIунда гIерта хьо сан деган къайленга кхача? Аса дуй боу-кх хьуна, милла а суна везавеллехь а, сайн даг чохь и безам эшо сан пицкъкхочур бу, аса хьо дIатосур вац аьлла.

Хазахеттачу дас маракъевлира шен йоI. Кхин цунна оьшуш хIумма а дацара: цуьнан йоIана барам боцуш чIогIа веза иза, лен сахьт тIекхаьчча, цо охьадохкуьйтур ду цуьнан бIаьрг-негIарш... Амма дуьххьарлера хазахетар сихха дIаделира. ЙоI шех дIа а хилош, иза зуьйш, цо юха а хаьттира:

– Собар дел, сих ма лол! Эрна дуйнаш ма баал! ЙоIана маре яхар оьшу, бацана Iуьйрана дуьллу тхи санна... Алал соьга, мила веза хьуна?

– И хIунда оьшу хьуна? ХIун бен ду, милла везавелча а?

– Важия везавелла хьуна? – берриг кийра богуш, йоIа хIун олу-техьа бохуш, хьеннан яьккхина а, цхьана кхечу жимчу стеган, нохчочун цIе йоIа яккхаре дог дохуш, цо жоп даларе хьожуш вара Анзор.

Жоп даларан меттана, иза юха а дена марахьаьрчира. Оцо гуттар а яйъира ден тIаьххьара шеко. Дог дуьйжира цуьнан.

– ХIа-ан, цундела ца лууш хилла-кх хьуна хьайн дагахь дерг соьга дийца! – элира цо халла, Iоттар а еш.

– ХIун бен ду иза, дада? Иза милла а велахь а, суна а бен дац... Аса дуй биьна хьуна, хьо дIатосур вац аса.

– Массо а дийнахь гIайгIане хилархьамий, даккхий синош дахархьамий?

– Иза вицван хьожур ю со...

– ХIан-хIа, иза вицлур вац хьоьга!

– Важия керста ву, ткъа со нохчо ю. Со декхарийлахь ю иза вицван.

– Декхарийлахь-м ю, амма вицца-м валур вац! Элиса! ЛадогIахьа соьга... Сан сайн говрийн реманаш яра, ерриг Нохчийчоьнан аренашкахь паргIат яжара уьш, амма гавурша, бахка а баьхкина, дIаехира... Сан сайн шортта жаш дара, аса уттар берстана уьстагI

а бовлий чу ца кхойкхуш сан цIенна юххехула тIех ца волура цхьа а хьаша, амма гавурша, тIе а летта, дIадехира соьгара уьш. Сан сайн цIа дара, цу чохь меттиг карабора муьлххачунна а, цуьнга хьаштдолуш волчунна, амма гавурша, бахка а баьхкина, дагий иза... Иза дерриг а хилира гуьржий бахьана долуш. Уьш богIура гавуршна хьалха а бовлий, царна некъ а буьйцура цара, вайца тIемаш а бора! Кхо кIанттий, хьой, герззий дара суна бухадиспарг. Со ведда лам чу вахара. Нийсо йоцуш лелийнчу оцу дерриг а хIуманашна тIера сайгара бекхам бар дара суна лууш дерг. Амма нагахь АллахIа стаг дIатесна витахь, эрна ду оцу стеган дерриг гIертарш а!.. Гуьржийн гIоьнца кхечира гаурш лаьмнаш чу а. ЦIхьанна тIаьххье важа а вуьйш, суна ган а гуш вийра сан кхуьй а кIант... О-о, мел доккха де дара-кх иза суна! Сайн бIаьрга иза дерриг а гина волу со муха висна-техьа дийна?! Цхьа хIума дара сан дагна там беш дерг: уьш берриш а турпалхой санна балар, цара мостагIчунна баккъаш цагайтар.

Са хаьдда, вист ца хуьлуш, жимма садаIа дийзира воккхачу стеган. Шен дийцар юха а дIадоло ницкъ цуьнан ца кхочуш дикка хан елира.

– ВорхIазза тIелетира тхуна гаурш, ворхIаззе а уьш юхатуьйхира аса. Кхузахь а гуьржий бара царна гIо деш. Уьш ца хиллехьара, гавуршка-оьрсашка яккхалур яцара вайн юрт!.. Вайн доьзалехь божарех бухависнарг со цхьаъ бен вацара, ткъа со а висна хилла-кх дашца бийцалуш боцчу балехь, декъаза дуьне даархьама!.. Со хIинца къанвелла, гIорасиз а хилла, синтем а, гIайгIа а беш, Iалашвар оьшучу хенахь махкахвала, сайна хьоме хеттачу сайн дайн кешнаш дIатийса, сайн берийн декъий дIатийса дезаш ву со, сан даьIахкаш кхин хьекхалур яц церачех... Хала а, сингаттаме а ду сан дахар! Сан гергарчийн бIаьрхиш оьгур дац сан вала да воцчу докъа тIе. Хьо цхьаъ сан цхьаъ бен йоцу дегайовхо ю, синтем бу, хьо декхарийлахь ю сан бIаьргаш гуттаренна а дIахьаббан, амма, нагахь цIенчу даггара Важия хьайна везахь, нагахь иза хьайга виталур вацахь, схьаала соьга... аса юьтур ю и тIаьххьара дегайовхо а!

– ХIан-хIа, дада, аса вуьтур вац хьо! Мел дукха суна иза везахь а, хьо дIатосур вац аса! Хан яьлча вицлур ву. Ткъа иштта дуй иза, дуй, вицлур вуй? Бакъдуй иза?

Оцу дешнаша Анзоран сапаргIатдаьккхира. ЙоI шен некха тIе а озийна, тIаккха стигал ирх а хьаьжна, даггара вистхилира иза:

– Хастам бу-кх, Хьуна, ва АллахI, хIокхунах мукъана а Ахьа со цаваккхарна.

И дешнаш хIара аьлла вала кхиале, мичара вели а ца хууш, гучувелира лекхачу дегIахь, зоьртала жима стаг, белша тIехь топ а йолуш, агIорбаьккхина холхазан куй а тиллина.

– Маршалла ду шуьга! – элира цо чехкка, даим а олуш ма-хиллара.

И аз хезначу Элисин дегIе цIе хьаьдира, когаш тIе хьала а кхоссаелла, цхьа а аз багара далийта гIора доцуш, корта а оллийна, дIахIоьттира иза.

– Маршалла хуьлда хьуна а, – аьлла, жоп делира Анзора хаьттинчу маршаллина, шен меттера хьала а айалуш. Вало тхоьга, Дала ваьшна делла долу рицкъ дуур ду вай.

– Нохчий сискал-туьхина комаьрша бу, шаьш дечу хьошаллина цIеяхна бу уьш, амма со меца вац.

– Некъахо даим а кийча хила веза кхача баа. ХIун хаьа, кхин тIейогIучу минотехь юург яа аьтто ца хуьлий а.

– Дан-м иштта ду иза, амма со сиха ву, гIараваьлла волчу Чербижан Анзоран юьртахой гархьама а, цаьргахула цуьнан хьокъехь дерг хаархьама а кхуза схьавирзинера со.

– Чербижан Анзоран хьокъеххьий? Со ву Чербижан Анзор! Ткъа хьо мила ву? Бодаш бу, хьо вовзалац суна!

– Анзор! – аьлла, мохь а болуш, хьалхахьа таьIира вевзашвоцург.

– Важия! – аьлла, цецваьллачу воккхачу стагера а белира мохь.

– Вай дела! Элиса а ю кхузахь?! – элира Важияс, жимма вист ца хуьлуш а Iийна. – ХIун хилла? Стенга даха кечделла шу? Зиярате ламазаш дан доьлхуш-м дац шу? – аьлла, хаттар дира цо, леррина Элисига а хьоьжуш. – Кхузахьара мехкарий, хазахеташ, самукъадолуш ма оьху ламазаш дан, ткъа хьо стенна ю гIайгIане?

– Кхузахьарчу мехкаршна а хаьара дезчу деношкахь самукъадаккха а, бала тIебоьссинчу хенахь хебна хила а, – аьлла, гIийла жоп делира Элисас.

И дешнаш хезча, воьхна висира Важия. Анзор вехаш волчу юьрта Iай жаш дажо, мехах дежийлаш лаха вогIуш волчу кхунна уьш махкахбохуш хиларан хьокъехь хIумма а ца хаьара. ХIокху Iай Элиса ехийта кечлуш а вара иза.

Гонаха дIасахьаьжча, Важия шеко йоцуш тийшира кхеран нов- къабовлар Далла ламазаш дан боьлхучух тера цахиларх.

– Анзор, хIара хIун ду, хIун хилла шуна? – боху хаттар дира цо, даг чохь кхерам а болуш.

– Истамала даха новкъадевлла тхо, – меллаша, амма къастош, элира Анзора.

Сел цIаьххьана а, дагахь доцуш а хезначу оцу дешнаша цецваькхина Важия хенахь саметта ца веара.

– ХIун бохура ахьа? Шаьш стенга доьлху, боху ахьа? – халла бен Iаь а ца йолуш, хаьттира цо.

– Истамала! – аьлла, доцца хадийра воккхачу стага.

– Истамала, – и дош юха карладаькхира Важияс дикка вохарца. Ойланаш хьийзаш хиларна, кхеттане а ца кхетара иза. – Истамала. Мичхьа ю Истамала? Ахьа бегаш-м ца бо, Анзор? Бой? Бегаш бу-кх ахьа бийриг! О-о, Элиса, ахьа мукъана а алахьа соьга бакъдерг.

– Дадас бохург бакъ ду. Тхо Истамала даха новкъадевлла.

– Элиса! Ахьа дуьйцург хIун ду? Дика ойла ехьа, суна хIун жоп дала йоллу хьо?

– Хьуний? – аьлла, дIадолийра воккхачу стага, амма оцу сохьта сецира иза.

– Хаьа суна, хаьа суна! Бехк ма билла, лечкъийна, къайле йина хIун дийр ду! Суна еза-кх Элиса! Цуьнан дуьхьа детталуш ду-кх сан дог, цуьнан дуьхьа бен дахар оьшуш вац-кх со, ткъа ахьа боху, шаьш Истамала доьлхуш ду.

– Хьо сан йоI езаш ву, амма...

– Аса Делах дуй боу хьуна, и езаш ма ву со. ЧIерана хи санна, олхазарна хIаваъ санна, дукха ма за суна иза! Цунах къастар лалур ма дац соьга... ХIунда до ахьа сан дахар хIаллак? ХIунда дохадо ахьа сан ирс?

Верриг вегош волчу воккхачу стаге дош ца алалора. Цунна хьалха лаьтташ дара цIенчу даггара, вовшашна тоха садоцуш, жи-

маллин ерриг кхехкаш йолчу ойланца вовшийн дезаш долу ткъа шо кхаьчна волу Важия а, ялхитта шо долуш йолу Элиса а. Цара лоьхура ирс, и ирс хила юьззина бакъо яра церан.

Ткъа хIун дара воккхачӯ стеган цунна дуьхьал дало? ХIун бахьана дара цо церан лаамна дуьхьало ян?

– Хезий хьуна, Элиса! Ахьа айхьа ала деза цуьнга, ахьа айхьа дала деза цунна жоп.

– Элиса! Алахьа, аса доьху хьоьга. Кхин хIара бала хьега ницкъ кхачац-кх сан.

Чохь са доцуш санна, ша йолччохь лацаелла, меттах ца хьовш, лаьтташ яра Элиса. Тоха са доцуш, собар дайна цо олучуьнга ладоьгIуш вара ши стаг, цо олу долчо цушиннах цхьанна лен чов яра йийр йолуш.

Йист ца хуьлуш лаьттара Элиса. Балин Iаткъар тIехдаьллачу цуьнан даг чохь вовшашна Iаламат галморзаха йолу ши ойла яра. Хьалхарниг – дена хьалха долу йоьIан декхар, шолгIаниг – Важияга болу безам. Ши ойла вовшашца къуьйсуш яра. Масех минот хьалха цунна хетара, дена хьалха долчу шен декхаран ойла безаман ойланал тоьлур ю, амма хIинца кхунна Важия ма-гиннехь, цуьнан аз ма-хеззинехь, цхьа гуш боцу ницкъ хьаьдира цуьнан дерриг дегIан пхенашкахула, цуьнгахь юха а меттахъелира ша зуда хиларан ойла. Бакъду, безамо гуттар а къардина дацара цуьнан дог, амма, делахь а, кхийолу ойла тоьлийла а ца лаьара цунна.

– Элиса! Юха а алал айхьа соьга хIинца аьлларг. Я, хIара стаг а гина, и дешнаш ала ца хIутту хьо?

– Дада! – аьлла, халла йист а хилла, юха а дIатийра Элиса.

– КхидIа хетта оьшуш а дац! – элира ойла йоьхначу воккхачу стага. – Цхьамза хьуллур бац гали чохь. Делахь-хIета, со Iехийна хилла-кх ахьа, – аьлла, тIетуьйхира халахеттачу дас. Ша волччу, когаш хадийча санна, охьавахара иза.

Цуьнга хьоьжуш чIогIа догъIийжара Элисин, Важиян. Иштта холчухIиттина хIорш Iаш масех минот елира. ТIаьххьара а корта хьала а айъина, дегайовхо йоцуш кхаьрга дIахьаьжира иза. Дегочу куьйгашца цо гIо лоьхуш санна хеталора, ткъа и гIо кара а ца дина, юьхьа тIе куьйгаш а дехкина, боккхачу лазамца элира цо:

– Дерриг, дерриг дIадели... Къаналла кIелдисна жIаьла санна, лелар ву-кх со а нана-дуьненахула... Сох къахета а, велча суна тIаьхьа велха а стаг хир вац-кх. Кхин бац-кх сан я кхерч а, я вина мохк а. Дерриг а, дерриг а дIадаькхи соьгара... Аса доьху хьоьга, Важия, аса чIогIа доьху хьоьга!.. Хезий хьуна! Чербижан Анзора доьху хьоьга, чIоггIа доьху хьоьга. Иза милла а велахь а, цхьана а стаге дахарехь цкъа а дехар дина воццу Чербижан Анзора дехар до хьоьга... Хьо боьрша стаг ву, цундела хьо кхетар ву аса, воккхачу стага, дуьйцучух. Кхетар ву соьгахь болчу баланах, сан деган лазарх. Ирс долуш волчу хьуна атта ду. Хьан цIа а, латта а ду, Даймохк а бу!.. Вежарий, гергарнаш бу хьуна гонаха. Хьо хIинца а жима ву, хьан дахар хIинца а хьалхахьа лаьтташ ду, дуккха а хазахетар, самукъадалар хир ду хьан. Хьо ирсе венволу, Iаьржа бIаьргаш болу хаза мехкарий кIезиг карор бац хьуна... Ткъа со? Мила ву со? Хьажахьа соьга. Со-х цхьана когаца коша чохь лаьтташ ву... ХIун хир ду сох, нагахь йолах валахь?..

Халахетар дукха даздаларна воккхачу стаге кхин хабар дийца ца лора, садеIар а хьуьхьавоьлла дара цуьнан, вист ца хуьлуш, цхьа а дош ца олуш, цхьана куьйгаэшара гойтура цо шегахь йолу хало, цуьнан юьхь-сибат цIарматдаькхинера гIайгIано.

Важия къинхетам болуш а, яхьйолуш а стаг вара. Иза цо дуккхазза гайтинера ша дечу гIуллакхашкахь, амма хIинца юха а ваьлла, Элиса йитар – иза цуьнан ницкъкхочуш дацара.

Дагехь йолчу халоно, цуьнан бIарзвелла дIахIоттаро а ойла кIадйира Элисин. Важияс жоп даларе а ца хьоьжуш, шен кийра кхехкар мелла а лачкъо а гIерташ, цо элира:

– Важия! Стигал а, латта а теш ду-кх, хьо воцург цхьа а везавелла ма вац суна, хьо воцург цхьа а везаш а, везар волуш а ма яц со... Хьо воцург цхьа а сан майра хир ма вац...

И дешнаш хезча, воккхачу стеган дог Iовжош гIийлла велхар ккхира, хазахетта Важия хьалхахьа таьIира.

– Амма, – аьлла, тIетуьйхира йоIа, шен дош хадам боллуш хилар а гойтуш, – аса цкъа а дIатосур вац да.

БIаьрг-негIар тухучу хенахь дерриг а хийцаделира. Воккха стаг йолана тIегIерташ вара, шен дакъаделлачу балдашца цунна барт баккхархьама, ткъа Важия, стелахаьштиго Iадийча санна,

гонаха хуьлуш долчух ца кхеташ лаьттара. Аьчкан хIазарна юккъехь шен корта Iуьйдуш санна хетара цунна; бIаьргашна хьалха тайп-тайпана суьрташ хIуьттура, цIий сецча санна хетара.

ТIаьххьара а саметтавеанчу цо, доккха са а даьккхина, маситтазза корта а ластийна, ша-шена некха тIе буй а тоьхна, кучан кач катоьхна дIа а бIаьстина, холчухIоьттина, карзахваьлла мохь туьйхира: «Ма бала бу-кх соьгахь!» – аьлла.

Анзор, хьала а гIаьттина, йоьIан куьйга тIе а тийжаш, дIаволавелира. Масех гIулч яьккхича, цо Важияга элира:

– Iодика йойла хьан, Важия!.. Дала ирс долуш войла хьо!.. – ХIумма ала кхин ницкъ ца кхаьчна, дIаволавала дагахь хилира иза.

– Собар дехьа, Анзор! – аьлла, чIоггIа вист а хилла, дIакховдийна куьйгаш а долуш, цунна тIаьхьаведира Важия.

Анзор сецира.

– Ахьа боху, хьайна Элиса еза, цунна диканиг хилар а лаьа. Ткъа суна ца еза иза? Ткъа суна ца лаьа цунна диканиг?.. Аса Делаца дуй боу хьуна, хьуначул дукха ма еза суна иза! Хьол чIогIа балехь ма ву со!.. Муха хир ду сан дахар иза йоцуш?

– Элиса, яло, дIагIо цуьнца, дIагIо, нагахь хьайна лаахь, – элира дас.

– Дада! Аса аьлла, хьо дIатосур вац! Ткъа хIунда хьийзайо ахьа со?

– Важия! Хьуна хезий цо бохург? Сан йоI соьца юьсуш ю.

– Ткъа хьуна ца хезира, цо со веза олуш? – элира кхоххкийначу гуьржичо. – Со веза цунна, амма хьоьца юьсу! ХIунда къахьдо ахьа цунна дахар? Цунах хьайна марзо эцархьамий? Э-э... яI! Схьагарехь, суначул кIезиг еза хьуна хьайн йоI. Сайн дуьхьа аса бийр бацара цунна оццул ницкъ. Бийр бацара, аса Делах дуй боу хьуна!

– О-о! НеIалт хиларг! – элира воккхачу стага, цергаш а хьакхош. – Лаьхьа зезагашна кIел лечкъа, ткъа адаман дог – цуьнан дешнашна кIел! Иштта чу хабарица соьга йоI дIаялийта гIерта хьо? О-о! НеIалт хиларг!

– Дада! – аьлла, ден дашна юкъаиккхира йоI. – Ма кхайкхадехьа цунна неIалт! Аса ца аьлла хьоьга, со хьох ериг цахилар...

– Делахь ца веза хьуна со! – мохь а болуш, бос байра Важиян.

– Веза! Дела ву-кх цунна теш, амма да дIатосур вац аса!

– Делахь-хIета, аса хIун до ваьхна? – олуш, дешнаш а хедош, мохь белира Важияга.

И дешнаш оллушехь, чIарх-аьлла топ белш тIера охьа а яьккхина, шен даг тIе хIоттийра цо, бух когашкахьа а берзош, когаца лаг озорхьама.

Элиса, мохь а болуш, дог гIелделла, охьаюьйжира. Анзор цунна тIехьаьдира, Важияс лаг уззучу оццу минотсхь катоьхна топ дIаерзийра цо. Топ елира. Важияна ца кхеташ, хIаваэхула, тата а доккхуш, дIаяхара даьндарг.

– ХIун ду ахьа дийриг, хьекъалх тилларг?! – аьлла, тIечевхира воккха стаг.

– ХIунда ца вуьту ахьа со сайн дахаран чаккхе яккха?.. Со и йоцуш хьала а, охьа а вехар вац хIокху дуьнен чохь.

– Со-х мукъана ма латадехьа къа. Сатохахьа, Делан дуьхьа!..

Дог гIелделла Iуьллу Элиса а гина, ший а цунна тIе а хьаьдда, иза саметтаяло хIоьттира. Халла саметтаеанчу йоIа доккха садаькхира. Цуьнца цхьаьна, сапаргIатдаьлла, даккхий синош дехира Важияс а, дас а.

– Дийна ю хIара-м! – элира дас.

– Далла бу хастам! – тIетуьйхира Важияс.

Цушинна а дицделлера шаьшшиннан хьокъехь, дицделлера шаьшшиннан дар-дацар, оцу цхьаннан хьокъехь гIайгIа беш гонаха хьийзаш, дерриг цунна оьшург деш вара и шиъ.

Элисас, куьг меллаша хьаж тIехула а хьаькхна, кхин цкъа а доккха са а даькхина, меллаша элира:

– Мичхьа ю со?.. ХIун хилла суна?

– Ма кхера хьо, Элиса!.. Хьо кхузахь, соьца, ю, – аьлла, жоп делира дас.

– Эхl-хIай, дада, цхьаъ-м хилла, амма дага ца догIу суна.

– ХIумма а дац, герз даьлча, кхераеллера хьо.

– А-а, герззий, – элира йоIа, дегI а озош. ТIаккха дерриг хилларг шерра дага а деана, ирча мохь а болуш, хьалаиккхира иза. – Мичхьа ву иза? ХIун хилла цунна? Ахьа вийна иза, дада, ахьа... О, сан докъазалла, сан ирс дацар!..

И дешнаш а олуш, шен кIажарех катуьйхира цо. Амма оццу хенахь Важия вистхилира:

– Кхера ма кхера хьо со кхузахь ву, дийна, зен хилла воцуш!

– О-о, сан Дела!.. Алахьа, хIумма а лозий хьан? Чов хиллий хьуна? Ткъа баккъал а дийна ву хьо? О-о, къинхетам боцург, хIун дан воллура хьо хьайна?! Ткъа со йицъеллера хьуна? Сох къа ца хетара хьуна? – бохуш, йоьлхура Элиса.

– Сан ирс! – аьлла, жоп делира Важияс, дукха хазахетарна, воккхаверна са а ца даIалуш.

Шайн ирс бен, кхин хIумма а гуш доццу кхушинна вицвелла миска да кхуззахь лаьтташ вара, цхьа а аз далийта ца хIуттуш. Иза тийшира, цхьаъ бен, дан хIума цахиларх – вовшийн дезаш долу и ши дог вовшехдозар, цакъастор бен. Ша бахьана долуш цхьана маьIаргона и шиъ ший а леш хиларх кхийтира иза. ХIинца иза ца хIуттура оцу шиннан ирсана дуьхьал хила, цо даггара декъалдира и шиъ, ткъа тIаккха оцу кхааммо а сацийра, шолгIачу дийнахь БуритIехь дIахьедан, Анзор шен йоIаца цхьаьна Турце дIаваха кхин лууш вац аьлла. Цул тIаьхьа уьш Важиян цIен тIе гIур бу, цигахь Элисин, Важиян ловзар а дийр ду, ткъа воккхачу стага паргIатонехь шен йисна хан а йоккхур ю.

Иштта сацам а бина, махкара дIабохуьйтуш болу нах севцинчу дIабахара уьш. Цигахь, тохара санна, сингаттаме дара, дог Iийжош, тохарлерра узам беш лоькхуш Iадхьокху пондар а бара.

Хан яьлла хан яра. Къилбседехьара шело йогIура, маьлхан зIенарийн йовхо хIинца а дIаялаза долу латта цо сихха шелдора. БIеннаш лаьттахь Iохкуш долчу адамийн ирча сурт дара гуш. Кхузахь гуш яра, хIумма а бен а ца хеташ йолчу Iожалло шен карара кIант а ваькхина, тийжаш йоьлху нана; йист ца хуьлуш, цхьа а дош ца олуш, кхачалур йоцу гIайгIа, боккха бала чохь гучу бIаьргашца цо доьхура хIинца леш воллучу, тIаьххьара синбилгалонаш дIайовлуш волчу шен цхьаъ бен воцчу кIантана гIодар.

...ДIогахь йишхаьлла дечу велхаран къурданица шен бераш шена къинтIерадохуш вара къаналла кIелвисина да. Цунна хало еш дерг дара иза гуттаренна а царах дIакъаьсташ хилар, иза ур-атталла дIаволла а стагга а хирг цахилар.

Массанхьа а дог Iийжош хезаш адамийн узарш дара, царех тера узам бора Iадхьокхучу пондаро а.

III

Сингаттамехь, гIайгIанехь дIаяьхьира и буьйса нийсо яцаро дакъазадаьхначу, ирс дайначу адамаша, сингаттамехь, гIайгIанехь болуш бевлира уьш сахуьлунга.

Шайна юкъахь Важия ваьхна болчу жаIуйн дахар а дара иштта дуккха а ницкъаш бар, халонаш лан дезаш, иза Iемина вара царна садетта. Амма хIинца чIогIа ойла йоьхна, сахьийзаш, собаре воцуш хьоьжура иза малх схьакхетаре, хIокху халчу хьолана юкъара а ваьлла, сихха дIавахархьама. Ткъа ма-дарра аьлча, мила хилалур вара и ирча сурт бен ца хеташ, боккхачу балехь долчу оцу адамех дог ца лозуш?! Цхьа а бехк боцуш долу и адамаш лаьххина боьлху салтий хила тарло-кх.

Тхи диллина йолу Iуьйре дIа а яьлла, къеггина де тIедеара. Маьлхан зIенаршлахь луьйчуш, бес-бесара лепаш дара дуьненан йисттехь хеташ долу лаьмнаш. Хут санна генна дIасаяьржина, хаза хьожа кхетачу зезагех юьзна йолу аре, бовхачу механ тийначу садеIаро шуьйра, яйн хьоьстуш, техкайора. Гонаха мел дерг дерриг а денделира, эшарш лоькхуш меттахъхьуьйш дара.

Iаламан сийлалла, цуьнан исбаьхьалла алсам мел йолу, цуьнан хазалла, тамехьа хилар алсам мел дели, тIаккха кхин а чIогIа сингаттам буссура махкахдаьхна дIадахийта новкъадаьхна долчу дакъазадаьхначу адамашка, шайга боьссина бала кхин а халонца хаабалийтира царна.

Оцу къематдийнан буса наб кхеташ мел хилларг массо а самавелира. Берриш а кога ирахIиттира, малонца шайн ворданашна, кхузара генадоццуш бежIуша дажош долчу шайн хьайбанашна тIеоьхура уьш.

Церан дIасалелар чIогIа гIаддайна дара, хIумма а кархдолуш бацара уьш. ГIан-набарха санна дара церан лелар, хIора минотехь бохург санна, дицлора царна шаьш стенга, хIунда даьхна новкъа. Я дукъарц, я кхин хIума шайн карахь хилар а ца гуш, ехха лоьхура цара. Иштта меттигаш а хуьлура; цхьаъ-м цхьана гIуллакхе ваха

новкъаваьлча, цIаьххьана виц а лой, ша волччохь хIуттий лаьтташ хуьлура, лаьтта а хьоьжуш ойла еш, салтичо оьгIазаллица тоьхначу маьхьаро ша самаваккхалц.

– Анзор! Со БуритIе ваха воллу, – элира Важияс, малх схьакхетташехь.

– ГIо хьо, ткъа хьо юхаверзале аса кхузахь дерг дерриг а дIанисдийр ду.

– Дика ду, – жоп делира Важияс. Ийзалуш тIетуьйхира цо: – Мегар дуй со Элисе хьажа?

– Къа ду-кх цуьнан, йитахьа иза! Цунна-х вуьшта а халла наб кхетта.

Важия, дуьхьал хIумма а ца олуш, кIорггера са а даькхкхина, БуритIе ваха новкъавелира. Цига дIакхаьчча, сацар а доцуш, лакхарчу хьаькамна тIевахара иза.

ЧIогIа хала садиттинчул тIаьхьа иза сий долуш хилира «мехалчу стагана» ша «гайта».

– Мила ву хьо? – хаьттира цо буьрса Важияга, цунах шен бIаьрг кхетташехь.

– Со мохевцийн цIийнах волу гуьржи ву, хьо волчу веана.

– ХIун боху цо? – хаьттира лакхарчу хьаькамо генавоццуш лаьттачу талмаже.

Гуьржичо аьлларг оьрсийн матте даькхкхира талмажо.

– ХIун деза цунна? Схьахетарахь, хIара боьха хIума курхалла дарна лаьцна хир ву... О Дела, маца паргIатдохур ду-техьа Ахьа тхо хIокху синтем боцчу адамех?!

– Со кхечу тайпанах ву! Со бехке ван мегар дац курхалла дарна! – аьлла, дозаллица жоп делира Важияс, мелла а оьрсийн маттах кхеташ волчу. – Со гIуллакх долуш веана.

– ХIун гIуллакх ду хьан? Вала чехкка алий, со мукъа вац.

– Кхузахь цхьа къена стаг нохчо... Цунна хIинца ца лаьа кхечанхьа ваха дIаваха, аса доьху хьоьга, иза паргIатвитар.

– Яхийта! – аьлла, чуьравелира хьаькам, Важия стенна веана ма-хиъинехь.

– ОьгIаз стенна оьху хьо? Цхьа йоI йоцург, кхин цхьа а вац цуьнан, ткъа со... аса...

– Елара сан бакъо, аса, цхьаъ санна, массо а дIадохуьйтур дара шу, ткъа ахьа соьга доьху, хIинцале дIавахийта дIаязвинарг бухавитар? Яхийта, яхийта кхузара.

– Батоно, аса доьху хьоьга!

– Яхийта, ца боху хьоьга... Хьоьца бага етта мукъа вац со.

– Мукъа вац бохург хIун ду? – элира оьгIазваханчу, дегабаам бинчу, дегIаца куралла а, яхь а йолуш волчу гуьржичо. – Со гIуллакх дохьуш веана хьуна тIе, ткъа ахьа, соьца къамел дан мукъа вац, боху.

– ХIей, адамаш! – аьлла, мохь а тоьхна, гIалагIазкхашка чу а кхайкхина, Важияна тIе пIелг а хьажийна, буьйр дира лакхарчу хьаькамо: – Же, каде шад еттал цунна...

Важия, бос а байна, юхакIегаръиккхира.

– Ма латаде сох къа, – аьлла, мохь туьйхира цо гIалагIазкхашка, катоьхна топ кара а лоцуш.

Важияна тIегIерташ болу гIалагIазкхий оцу сохьта кIегар юхабевлира, ткъа валлал кхеравелла лакхара хьаькам, мохь а болуш, цIа чу иккхира.

Хьалхарчу минотехь боьхна хилла болу гIалагIазкхий юха а саметтабаьхкира. Шайна дуьхьалволчу цхьаннах шаьш кхерабаларна эхь хетара царна.

– Схьалаца, схьалаца иза! – бохуш, маьхьарий а детташ, тIегIертара уьш, юьйлина топ кара а лаьцна Iаш волчу Важияна.

– ДIадовла, соьгара хIун оьшу шуна? – аьлла, шен рогIехь мохь туьйхира Важияс.

– Схьало герз, каравола! – бохуш, цIогIанаш деттара гIалагIазкхаша..

– Иза-м, хьаха, хир дацара шуна! Со кара а веана, дог дика хир дац шун!

– Схьадагерзаш! – аьлла, маьхьарий девлира гIалагIазкхашкара.

И буьйр кхочушдан сихвелла дIахьаьдира масех стаг.

ГIуллакх балкон тIехь дара. КIелхьарвала меттиг шен цахиларх оцу сохьта кхийтира Важия. Юхавала меттиг бацара, юхавала цхьаъ бен боцу некъ – балкон тIе волу лами – гIалагIазкхаша дIалаьцна бара. Цундела шена чуьра са дIадаллалц лата а, шен дахар безчу мехах бен дIа ца дала а сацам болуш вара хIара.

– Э-э... жIаьлеш... Шу майра ду арданг йина цхьанна дуьхьал лета... Шаьш къонахий делахь, цхьаъ ша валал суна дуьхьал. Гур ду шуна тIаккха, хьенан нана хьанна йоьлху...

Оцу хенахь юхахьаьжначу цунна гира некъехьа арадолу кор диллина хилар. БIаьрг-негIар тухучу юкъана кора йисте а ведда, корехула чуиккхира иза, ткъа кхузахь кора кIел лакхарчу хьаькаме хьоьжуш Iаш вара говрашца волу гIалагIазкхи. ДIабахийта новкъабаьхна нохчий болчу лагере хьажа кечвелла вара лакхара хьаькам. Дукха ойла ца еш, гIалагIазкхичунна тIе а хьаьдда, бер санна иза охьа а кхоьссина, чехка говра тIе а хиъна, хьуьнехьа дIаэккхийтира Важияс.

Цецбевлла гIалагIазакхий коре хьаьвдира, амма царах цхьа а ца хIуттура цигахула охьаэккха, тIаьхье йоцуш, шозза-кхузза тоьпаш кхоссарх тоам бира цара.

Вуьш лами тIехула говрашна тIебевдира, царна тIе а хевшина, хIинцале арахула хаьххина воьдучу Важияна тIаьхьахаьххира цара.

Бен а доцуш тоьпаш а кхуьйсуш, цхьана магIара дIабоьлхуш бара гIалагIазкхий цкъа хьалха, тIаккха масех бере хьалхавелира. Кхин кIеззиг хан яьлча хьалхавелира царах шиъ, тIаьххьара а, массо а шена тIаьхьа а вуьтуш, хьалхавелира цхьаъ.

Етта тоьпаш кестта совцийра, хIунда аьлча тIаьхьабисначу накъосташа хьалхабевлла боьлхучарна ца хууш чевнаш ярна кхерам бара. Ткъа массарал хьалхаваьлла Важияна тIаьхьахаьххина вогIучуьнгахь герз дацара. Амма цIийбеллачу, оьгIазечу бIаьргаша тоьшалла дора, нагахь иза Важияна тIаьхьакхиахь, дикане дог дохийла цахиларна.

Важия говр ма-йогIу вогIуш вара, кест-кеста мохь а бетташ, куй а лестош говр лоьллура цо. Амма ламанан дежийлашкахь пергIат ярстийна йолу говр кестта кIадъяла юьйлира, хур а деш, ядар лагIдина йогIура иза. Ткъа гIалагIазкхичун говр, тIехууш лелорах йоьлла а, йорайоьлла а йолу, цхьаьнаэшпара йогIура. ТIаьхьабисначу гIалагIазкхаша дечу къамелаша кхин а сихъеш йолу иза, кхин а чехкайолуш, йогIура.

Шина говрана юккъера меттиг мелла а яцлуш яра. Юхахьаьжначу Важияна гира, муьлххачу а минотехь тIетоха кечвеллачу

гIалагIазкхичо даьккхина тур. Цунна дагахь а доцуш, катоьхна топ кара а эцна, иза Важияс тIехьажийнчу хенахь, гIалагIазкхи пуьйра тIе охьа а таьIна, тоьпан хIоъ тIехтилира, куйнан буьхьах а хьакхалуш. Амма оцу сохьта нуьйрахь дIа а нисвелла, говр дIаэккхийтира гIалагIазкхичо. Топ юха юза хан ца хилира Важиян, цундела топ коча а тесна, баттара тур даьккхира цо...

Амма Важия воха ца вуьйхира. ГIалагIазкхичо даьккхина тур шена ласточу хенахь, говр юьстаха дIаерзийра цо. ГIалагIазкхичун говр хьалхахьа таьIира, амма оццу минотехь гуьржичун тур лестира хIаваэхь.

Иза дерриг а Iаламат сиха хилира. ГIалагIазкхичун говр, масех гIулч хьалхахьа а яьккхина, цIаьххьана тIерачу беречо дуьрста озийча санна, тIаьхьарчу когаш тIе ирахIоьттира. Нуьйра чохь ласта а лестина, тIаккха говра тIера охьачуоллавелира гIалагIазкхи. Цу минотехь, луьйтанаш чуьра когаш охьа а девлла, лаьтта охьавуьйжира иза. ТIахъаьлла ластийнчу туьрца Важияс шина декъе бекънера цуьнан корта.

Цхьанаметта Iен синтем боцуш, беречух мукъаяьлла гIалагIазкхичун говр, саца а сецна, тарса а терсина, буц яа хIоьттира. Важия, говрана тIе а вeана, катоьхна дуьрста схьа а лаьцна, бIаьргнегIар тухучу юкъана цунна тIе а хиъна, хьуьна чохь къайлавелира.

ГIалагIазкхаша хьуьна чохь вехха лийхира Важия, амма иза эрна хилира, цхьа а хIума доцуш, юхабирзира уьш. Цунна оьгIазвахна лакхара хьаькам, кхин а дарвелла, мохь бетташ вара:

– Гой шуна, аса-х бехира шуьга, уьш берриш а гаурш бу, неIалт хиларш бу!.. ХIуъа а хилла латтахь а, муьлххачу а гIирсашца баьхна а, новкъара дIабаха беза уьш.

– ЦIена бакъ ду-кх ахьа дуьйцург, – бохуш, кортош а теIош, цо дуьйцучунна резахуьлура кхузахь болу нохчашна тIаьххье гуьржий а махкахбаьхна дIабахийта шовкъ еанарш.

IV

Нохчий БуритIе гергакхочуш лаьттара. Шуьйрачу некъахула могIа бинна меллаша йогIуш яра ворданаш, ойла йохош цIийза а цIийзаш. Ворданна тIаьхьахIиттина догIуш дара когаш

Iуьйра, ахдерзина бераш. Бовхачу маьлхан зIенарша церан экамечу дегIа тIера чкъор лелхийтинера, некъа тIехь гIуьтту чан оцу даьIнашкахула дегIа чу оьхура. Когех оьхучу кегийчу тIулгаша чIогIа лазорна ирх а кхийсалуш, астагIа а лелхаш оьхура бераш.

БуритIе тIаьхьа а юьтуш, тIехбевлира нохчий. Кхузахь уьш бист ца хуьлуш, гIайгIане тIеийцира цхьа а тайпа царна дан гIо цахиларна сингаттамехь болчу церан гергарчара. ТIаккха иштта бист а ца хуьлуш, новкъабехира шайн махкахой.

Дукха боккха безам кийрахь хиларна, цхьана мIаьргона селхана ша-шена а тоьхна валаза ваьлла Важия схьаваза волуш, саготта дара Элиса а, Анзор а. Баккъал а вон ойланаш даг чу оьхура царна. Iаламат гIайгIане дара и шиъ, шаьшшинна кийрара чевнаш дар ца ярхьама, вовшашка дIа а ца хьожура йоIIий, дай. Вовшийн дагара ца дийцича а хаьара царна, цара бинчу бартаца гIалин йистехь кхарах схьакхета декхарийлахь вара Важия, ткъа хIорш хIинцале гIалина дикка генабевллера, ткъа Важияс шен хьокъехь беш цхьа а хаам бацара.

ЧIогIа гIеллуш, бехха некъ бинчул тIаьхьа, буьйса яккха билгалйинчу метте кхечира махкахбаьхна богIу нохчий. Го бина хIиттийна салтий а, гIалагIазкхий а болуш, буьйса яккха севцира уьш.

Малх чу а бузале оцу метте кхечира лакхара хьакам, шеца талмаж а, гIалагIазкхий а болуш. Оцу сохьта божарий шена тIе а кхайкхина, цаьрга дIахьедира цо:

– Шуна шайна лиъна Турце даха дIадаха, тхо цунна реза хилира. Амма суна хезна, шух цхьаберш кхузахь биса луург бу бохуш... ДIахаалда шуна, дIабохуьйтуш болчийн списки тIехь верг хIуъа а хилла латтахь а бухависа таро йоцийла. Шу ца идийтархьама аса чIагIдина ха... хаалаш: вада гIоьртинчунна оццу меттехь, цхьа а къинхетам боцуш, тоьпаш тухург хилар. Оцу хьокъехь дина луьра буьйр ду...

И къамел динчул тIаьхьа, дозаллица курра дегI а саттийна, шен говр юха а ерзийна, чаболахь БуритIехьа охьахаьхкира цо.

ГIелделла, бIарзделла долу халкъ, дист а ца хуьлуш, даккхий синош а дохуш, буьйса яккха дIасадаьржира. Ткъа хIун дара церан дийца? Хьаьнга дийр дара цара арз?

Суьйрана иссе сахьт гергга хан яра. Турце дIабахийта новкъабаьхначу нохчаша туп тоьхна меттиг тохарлерра сурт хIоттош яра: иштта йогу цIерш, царна юккъехула дIасалелачу божарийн, зударийн гуш долу Iиндагlаш, адамийн изза узарш, садукъдеш иштта сингаттаме хилар, цхьана а стеган вистхила дог ца догIуш, массарна а хилла бохам, халахетар.

Меллаша, адамех лечкъаш санна, стигалахула дIасалелаш яра луьста мархаш. Халла, гIийла синош а дохуш, гIайгIане дара адамаш. ТIеоьхуш дерз а дара. Гобаьккхина гонаха хезаш дацара адамийн цхьа а аз.

Дог доьхна, йоьхна ойланаш еш болу нохчий шаьш дIатесна юьтучу шайн аренашкий, дай а, шаьш а даьхначу, динчу лаьмнашкий гIийла юхахьоьжура. Церан тIаьххьара а Iодика йира цара, цаьрга гуттаренна а маршалла лора цара.

ЦIаьххьана, лаьттах схьабаьлча санна, цхьана меттера ченан Iаьржа кIур гIаьттира, оцу сохьта дIаса а бекъалуш, кхечанхьа а иштта, цхьана хенахь лаьттах схьабаьлча санна, масех ченан кIур гIаьттира. Массо а агIор гIовгIа елира, мох гIаьттира. Гобаьккхина, къахь хIуттуш, макхъелира. Даш санна сенъелла, макхъелла дIахIоьттира стигал а.

Хаалуш дара, стигал къекъа кечлуш хилар. БIаьрхиш ца Iанош, стигална шен кIентех къаста ца лууш санна хеталора.

ЦIаьххьана чIогIа ткъес туьйхира. Лерга потт хIоттош, юкъюкъа тIех чIогIа тата доккхуш, стигал яра къекъаш, охьадоладелира кегийра догIа, амма луьста догIура иза, латта сихха тIун а деш. Дукха хан ялале ерриг аре Iаьмнаша юьзира, царна чохь гуш дара, хи чуьра хьалакъедаш, махо дIасалестош лаьттачу бецан баххьаш. Хих дукха Iаьбначу лаьтто дIа ца худуш дисна хиш чукхеттачуй, оьрнаш долчуй меттигашна чу а дирзина, даккхий Iаьмнаш хIиттинера, нуьцкъала кест-кеста геннахь детташ дара стелахаьштиг. Цкъа цхьанхьа, тIаккха вукхазхьа стигал яра дера къекъаш. ЦIийзаш шийла, чехка мох а бара.

Кхоьруш а, шеллуш а дегадора бераш. ОьгIазбаханчу, амма хIумма а дан ницкъбоцуш болчу зударша, боьха мел долу неIалт кхайкхош, сардамаш доьхура шаьш хIокху декъазчу денна тIедаьх-

пачарна. Цкъоцкъамаш а дусийна, шаьлтанийн макъаршна тІе куьйгаш а дехкина, нийса кхел кхайкхоре сатуьйсуш санна, бист а ца хуьлуш лаьтташ бара божарий. Амма цхьа а вацара царах къахета, цаьргахьа гІо даккха.

Шелъяларний, дегІ лазарний хебаршка а яхна, цхьана сонехь Іуьллуш яра цхьа йолу цомгуш йоккха стаг, тІерачу тІелхигашна юккъехула гуш сенделла дерзина дегІ а долуш. ДогІана кІел лаьттахь Іуьллуш йолу и миска хІинца Іожаллица къуьйсуш, яларан къурдаш деш яра. Иза гинчу Анзора цунна тІе шен кхакха тесира. Кхин масех минот яьлча, дегІ а саттийна, тІаьххьара са дІахийцира йоккхачу стага...

Буьйсана шийтта сахьт дала гергга хан яра. Дуккха а хан яра цІерш дІаяйна. Гобаькхина гонаха Іаьржа яра. Карзахъяьлла стигал дІатийра. ДогІа а оьхучуьра сецира. Цхьана адамийн лазарийн узарший бен ца йохайора буьйсанан тийналла. Бацала охьа а вижна, цхьаъ-м вара меллаша, чІогІа ларлуш нохчийн туп йолчухьа тІетекхаш. ХІора минот масазза ели бацалара корта хьала а ойъий, гонаха дІасахьожуш, юха а текхаш, вогІура иза. Иза Важия вара. Ха долчу герга ша кхаьчча, корта хьала а айъича, буьйсанан бодашкахь лела Іемина волчу цунна оцу сохьта шена кхо-йиъ гІулч генавоцуш лаьтта салти гира. Цунна а ца гуш юхаволийла дацара.

Хаба а хебна, шен метта кхин веана, ша мукъаваларе хьоьжуш хиъна Іаш волу салти, «шах-шах» аьлла хезашехь, сихха когаш тІе хьала а иккхина, кІегар юхавелира. Мохь тоха цо бага гІаттошшехь тІехьаьддачу Важияс Іоьттина шаьлта къамкъаргах чекхъяькхира цунна. Кхин ца гІатта охьавуьйжира салти.

Шаьлта схьа а яькхина, тІуьйчу бацаца цІан а йина, юха а нохчашкахьа дІатекхира иза.

Ворданашна гергга тІевеана, когаш тІе хьалагІаьттича, дукха хеттарш ца деш, Элиса тІехь йижна Іуьллуш йолу Анзоран ворда карийра цунна. Ша Анзор, гонаха дерг цхьа а хаалуш воцуш, коьртахь куй а боцуш, кІоргге ойланашка вахна, ворданна тІе а тевжина лаьтташ вара.

– ХІей! Мила ву цигахь? – аьлла, мохь туьйхира цо, тІевогІучу Важиян когийн тата а хезна.

– Хьедала мегар дац, кхузара сихха довда деза вай! – аьлла, хан ца йойуш, оцу сохьта гІуллакх дІадолийра гуьржичо.

– ГІашший?.. Ткъа мича дахна къайладовлалур ду вай царах? – аьлла, хаттар дира тІе хІума Іоттаделча оцу сохьта сацам тІеэца дахаро Іамийна волчу нохчичо.

– Кхуззахь, генайоццуш, кийчча лаьтташ ю говраш... Чехка лелийша, Делан дуьхьа!..

– Ткъа Элисина хІун дийр ду? Иза-х... – аьлла, дІадолийра, шен йоІана цхьажимма а кхерам ца хилийтархьама, мел боккха нуьцкъала бала хьега кийча волчу Анзора.

– Со кийча ю, – аьлла, цуьнан дош хадийра Элисас, вордан тІера охьа а юссуш. – Суна дерриг а хезна. Дуьлол!

– Элиса! – аьлла, воккхаверан мохь белира Важиян.

Церан ирсах воккхавеш, бІаьргех хиш а оьхуш, хьоьжура Анзор оцу суьрте, шен дашца церан ирсана новкъарло ян а кхоьруш.

– Дела ву шуьшиъ вовшахтоьхнарг, адаме вовшахдаккхалур дац шуьша! – элира воккхачу стага тІаьххьара а. – Амма сихлур вай!

Ирсе долу и шиъ оцу дешнаша саметтадалийра, гІайгІане дерг а дагадаийтира царна.

– Хьо бакълоь! Сеца мегар дац, – аьлла, жоп делира гуьржичо, белшаш а саттош. ТІаккха, коьртара куй дІа а баькккхина, тІетуьйхира цо: – О ва Дела, Хевин маликаш, хилийша тхо лардеш! – аьлла.

Важия хьалха а волуш, иза схьавеанчу новкъахула дІабуьйлабелира уьш. Ворданел тІехдевлча, Важияс меллаша элира:

– Кхузара дІа текхаш даха дезар ду.

Божарий дехьий, сехьий болуш, Элиса царна юккъехь а йолуш, хІорш кхуьй а, зен-зулам доцуш, гІаролна тІехделира.

Теркан берда кІел карийра царна Важияс хьалххе кечйина дІахІиттийна говраш. Царна тІе а хевшина лаьмнашкахьа дІахаьхкира цара уьш.

Ларсах а, Дарьяльски Іинах а амал ма-дду чехка чекхбовла гІерташ, говраш сиха лоьхкура цара. Бердаш тІехирциний, Іаннаш долушший йолу и меттигаш, хІуьттаренна иштта йича санна, некъаш доцуш, чІогІа хала а, кхераме а яра.

Цу тІе, и меттигаш оцу хенахь сов чІогІа кхераме яра, оцу

берриг некъан йистошца – дехьа, сехьа а – массо меттехь а лаьтташ оьрсийн гІарол хиларна.

Буьйса юкъал генна тІехъяьллера. ХІорш кхоъ уггар а кхерамечу меттигна – Ларсана – гергаккхочуш лаьттара. Хьалхаваьлла вогІу Важия, говр а сацийна, сихха охьавоьссира. Анзора а, Элисас а сацийра говраш.

– ХІун хилла? – хаьттира воккхачу стага.

– Говрашкара охьадисса! – элира гуьржичо доцца, Элисина тІеван а сихлуш.

Говран дуьрстанан генаш а озийна Іаш волчу Анзора юха ца дира хаттар. Гуьржичун лерина леларх, цо аьллачу дешан озаца иза шеко йоцуш кхийтира шаьш кхерамечу хьолехь хиларх.

Шен нуьйра тІера верта схьа а эцна, урс баттара а даькхина, кегийра кийсикаш еш, иза хедо долийра цо. ТІаккха тІоьрмиг чуьра юткъа тІийриг схьа а эцна, цуьнца говрийн бергех вертанан кийсикаш дІаехка хІоьттира иза. Анзор кхеташ вацара гуьржичун оцу мекарлонах, цундела цо дечуьнга цецваьлла хьоьжура иза.

– ХІара хІун ду ахьа дийриг? – боху хаттар Важияга ца дича ца Іавелира иза тІаьххьара а.

– Кхузахь генабоццуш ха деш берш бу, ткъа меттиг тІулгаш долуш ю.

– Э-э... мел хьекъал долуш хилла хьо! Халахета суна, Шемал схьавоцуш. Цунна башха дика гІоьнча хир вара хьох.

– ТІеховша! – элира Важияс доцца.

Кхин масех минот яьлча юха а некъ беш бара уьш.

Мекарло шен хеннахь йина хиллера. Нагахь хІинццалц схьа тІулгех етталучу бергаша Іаламат доккха, велларг а самавакхал инзаре тата доккхуш хиллехь, хІинца бераш гІовгІа йоцуш богІура.

Важия тешна вара гІаролехь берш шега Іехалург хиларх, цу тІе арахь екхаяла ца гІерташ, кхоьлина хиларо кхин а бІегІийла хьал кхоьллира, хІунда аьлча юьккъа хІоьттинчу дахкаро гонаха долчух хІумма а гойтуш цахиларна.

Чехкка ден чабол сацийра, говр болар тІе а йоккхуш, гуьржичо. Иза, берриг тидам, ерриг само тІеяхийтина, леррина ладегІа велира, цхьа аз а тІехтиларна кхоьруш. Маситтазза гІовгІа хезира цунна, хІоразза а соцура иза, вехха ладоьгІуш а лаьттара иза,

лаг а дахдой, амма цхьа кхерам цахиларх ша тешча, тIаккха некъ дIаболабора цо.

Чархис-цхали олучу Iинна тIехула тиллинчу тIайна гергакхечира некъахой. Хьалхаваьлла воьдучу Важиян говр, цIаьххьана «хурр» а дина, кхераелла, юхаиккхира. Важияс, дуьрстанан генаш а озийна, шад а тоьхна, тIай тIе лаьллира иза, амма говр юха а кхераелла, юхаиккхира.

– ХIун тарделла хьуна? – элира говр юхаэккхар новкъадеанчу Важияс. Оццу хенахь евллачу тоьпийн цIерш гира кхарна.

– ЭхIе-е, жIаьлеш, жIаьлеш! – аьлла, мохь туьйхира стелахаьштиган серлонехь герзашца кечвелла итт салти гинчу Важияс. Баттара тур а доккхуш, говр хьалхахьа тIехийцира цо. ТIекхоччушехь боккхачу ницкъаца цо тоьхначу туьро цхьана салтичун белш охьаяьккхира.

Амма оццу минотехь шийла цхьамза бахара цуьнан дагах. Ласта а лестина, вега а велла, охьавуьйжира Важия.

– Делах девлла... Делах девлла адамаш! Элиса! Эли... – и дешнаш а олуш, саделира цуьнан.

Мелла а дIанехьо лаьтташ долу Анзор а, Элиса а, цаца санна, дерира тоьпийн хIоьънаша. Амма воккха стаг кхиавелира шен миска йоI тIаьххьара а маракъовла, цуьнан некха тIехь чекхдаьккхира цо шен декъаза дахар.

ДIадохкаран хьокъехь цхьаммо а гIайгIа беш а боцу, дIакхийсина кхоалгIа де а долу, кхаа адаман декъий Iоккучу меттигна юххехула тIехбевлира махкахбаьхна дIабохуьйту нохчий, тохарчул кхин а эшна, дакъазабевлла, гIайгIане а болуш. Хезаш дара адамийн изза узарш, адамаша халла доьIу синош, церан холчухIиттар, сакхачор, бIаьрздалар. Дог-ойла йоьхна, сингаттаме Турце дIаоьхуш дара и адамаш. Амма дукха кхочурий-техьа йиллинчу меттиге дIа?

Гочйинарг Маргошвили Ю.А.

Хаттарш

1. Муха гайтина авторо къаьмнашна юкъара доттагIалла?
2. ХIун бала хьоьгуш, стенга даха новкъадевлла дара и дакъазадаьлла адамаш?
3. Важиний, Элисиний юкъахь болу безам муха кхоллабеллера?

КУЛИЕВ Кайсын Шуваевич
(1917–1985)

ХИНДОЛЧУЬНГА АЬЛЛА БАЙТАШ

Тахана бехачех дуккханна а санна,
Лаьар-кха, ламанаш, шераш хедийна,
Хиндолче дIакхача, бIаьрга ган сайна,
Лаьа цунна сискаллий, серлой хуьлийла.

Хиндолчух гур дара кест-кеста гIенаш –
Сайн тIаьхье еха мохк суна схьагойтуш,
Амма ю хIинца а лозуш сан чевнаш,
Мацах цкъа хиллачех ойла соь йойтуш.

Хьомечу юьртан ирс хилла ца Iара
Шен дуьхьа со эгнарг кIур оьхчу лаьтта,
Шун дуьхьа, сан тIаьхье, ас тIеман арахь
Йитина къоналла, цIий Iенаш, летта.

Хаац, аш муьлхарнаш йохур лакхенаш,
Некъаш шун хьекъало муьлхарнаш хоржур,
Хаац, хIун тайпана хир шун машенаш,
Мухачу хIусмашкахь даха шу ховшур.

Амма со хууш ву: хIинца а санна,
Олхазарш хезар ду бошмашкахь декаш,
Ялташа хоьцур бу кан даймапна,
Бовхачу кхерчашкахь доттур ду баьпкаш.

ХIун хир ю сийлахь шун, хуур ду хьанна,
Я духар муха хир, аш, кечлуш, духу,

Амма хир ду хаза, хIинца а санна,
Нускалаш, ткъа кIентийн хьажар – сов довха.

Генарчу седарчийн новкъа шу хьовсош,
Безарш шун лаьттар бу узамца, гIийла,
Белхарца вагонаш тIаьхьа а хьуьйсуш,
Тхох къаьсташ, тхайнаш ма-латтара хийла.

Тхо санна, хийрачу махкахь хьеделча,
ГIертар ду шаьш динчу цIехьа шун дегнаш,
Даккхийдийр ду шу а бер деладелча,
Лаьмнашкахь бIаьстенан сирла ткъес детташ.

Хаац, кхин хIун хир ду шуна хазахеташ –
ДогIанал – зевнаца кора тIе детташ,
Ондачу хорбазал – уьрса кIел этIаш,
Я бешал – стоьмех а йоьттина лаьтташ.

Хилийта мостагIийн буьрса герз хьекъаш,
Сан тIаьхье, лууш ву ирс хьуна гойла,
Хуьлийла сирла шун генара некъаш,
Къаьхьачу гIайгIано ма кхоладойла.

Тахана когаца, кхийра кад санна,
Шеко сайн дIакхуссий, ницкъ соьга буссу.
Хьуна, хIай хиндериг, тIехдезна сайна,
Зезаг ас бIешераш тIехула кхуссу.

***

ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу ас буйнахь,
Чууьйзу ас евза хьожа сов мерза.
Сискалах садоьIу, и латта бахьанехь
Хийла, хIай адамаш, дала вайн дезна!

Дийнанаш леш хуьлу, цкъа дуьсу латта,
Хьацаран, догIанийн хьожа схьаетташ,
Оьцу цо кийра шен хилла дай атта –
Готанца, паччахьаш санна, цкъа лелларш.

ДIаоьцу лаьтто цкъа ша дагийнарш а.
Къизачу лаамца кхерстош цIе сийна.
Овкъаро, чимаша мел хьулдарах ша
И дуьсу, хьалха ма-хиллара, дайна,

Кхерамаш тийсарах тIамца мел суна,
Адамо хIуъа а кхолларах, теша:
Йиш яц кхин ницкъ каро дуьнен чохь цунна
Ас буйнахь цинц къуьйлу вайн латта эпо.

Хаттарш, тIедахкарш

1. Кулиев Кайсынан поэзин башхалдех лаций дийна.

2. Муьлхачу дешнашца гойту поэто лирически турпалхочун ша винчу лаьтте, хьомечу Даймахке, халкъе болу бесам, шен дахар адам ирсе кхачорна дIадала кийча хилар?

ДЕШАРХОШНА ШАЬШ ЕША ПРОИЗВЕДЕНЕШ

АЙДАМИРОВ Абузар

НЕНАН ДОГ

(Повестан дакъош)

VI

... ТIекхечира йиллина буьйса. Оцу сарахь Курсам йолчохь цхьа шиша къаьркъа а мелла, аравелира СаIиддий, цуьнан доттагI Закрий. Йиллинчу метте воьдучу цушиммо шаьш лелориг Курсамна тоса а ца далийтира. Малар а, сарахь кечбелла арабовлар а церан диллина лелош дерг хиларна цушиммо лелочун тидам а ца бира зудчо.

Шена тIе эмгар еанийла Курсамна хиира, луларчу юьрта нускал а доссийна, СаIид цигахь а витина, буьйса юккъе яханчу хенахь цIа вогIу Закри ша йолчу веача.

Закрис беанчу хаамо дегI шелдира Курсаман. Морзахца ийзош шен дагах кескаш йохуш, иза десташ, кийрара арагIерташ санна хийтира цунна хилларг хиъча. Амма йоьхна яцара. Цунна хьалхе дуьйна хууш дара и гIайгIане буьйса цкъа шена йогIур юйла а, цо шен дог Iовжор дуйла а. Цундела иза хьалхе дуьйна кечъеллера оцу йоьхначу буьйсано Iовжор долчу дагна сатоха.

Берриг ницкъ тIе а гулбина, шен дагна хилла ницкъ къайлабаккха гIоьртира иза, амма кийрара лазаран узам белира. Шен ницкъ ма-кхоччу садетташ, шегара хьал Закрина ца хаийта гIерташ йолу иза цуьнга дIахьаьжира. Амма иза шек а вацара. Маларо цIийбина ши бIаьргтий, мокха юьххьий къинхетамза елакъежира.

«ХIумма а ца хилча санна, къежа а къежаш, хиъна Iаш ву хIара-м, – дагатесира Курсамна. – Хаац-техьа цунна, шаьш мел ишаре акха гIуллакх лелийна? ХIан-хIа, ца хаьа. И хаа адамалла мичхьа ду цушингехь?»

Курсам шега хьаьжча, цунна ша дагIойла лаьий-техьа аьлла, хийтира Закрина. «Ша юьтур аса хIара, – ойла йира цо, – шена лаахь, елха а, шена лаахь, ела а паргIатйитар бакъхьа ду».

– Шек дIа ма яла хьо, Курсам, – элира цо, аравала дагахь хьала а гIоттуш. – ХIара хьуна тIе дуьххьар деана а, я тIаьххьара деана а дац. Вайн дайша а кхийлина зударашна тIе зударий, вай а, вайн бераша а дуьтур дац иза. Дикчу кIентан бен ца хуьлу ши зуда.

Иза дара Закрис дог доьхна Iачу Курсамна деш долу маслаIат.

– Иштта хетта хьуна а, хьо санначунна а, – элира Курсама гIийло, тIаккха оьгIазе, сацам боллуш тIетуьйхира цо: – Зудчунна а, берашна а тIе зуда ялор яц шен кийрахь адаман дог долчо. Шаьшшиннан кийрахь иза цахилар хаийти ашшиммо.

– ОьгIаз ма гIол хьо, Курсам, – велавелира Закри. – Хьайн дагара хIунда хоуьйту ахьа? Ахьа иштаниг аьлча-м хьох нах буьйлур бай.

– Адам дацара хьо-м. Хьо адам хилча, тховса со йолчу а веана, и хабар дуьйцур дацара ахьа. ГIиллакх а, я оьздангалла а яц шуьгахь. Хьуна муха хетар дара, хьайн зудчо хьайна тIе майра валийча? Хазахетар дарий хьуна?

– Цо дуьйцучуьнга! Хьо хьер-м ца яьлла? Цкъа а суна олуш а цахезнарг ду-кх ахьа дуьйцург!

– Аша лелориг а ду цхьана а къомехь доцург.

– ЭхIе, Курсам, хьуна хIумма а ца хаьа. Цундела аьллий, зударийн хьекъал пхьидан цIоганал бен дац. Кху вайн лаьмнашца долчу массо а къоман ду зудчунна тIе пускал далош Iедал.

– ХIаъа, шу санна йовсарш кхин а хилла хьуна.

– ХIан, Iодика хуьлда! – аравелира Закри.

Шен бохамца ша цхьалха йисча, цIаьнкъа юккъехь саца а сецна, чухула бIаьрг туьйхира Курсама. Пенашна, шкафашна, пхьегIашна тIехула кхерстира бIаьргаш.

ТIаккха ангали а дуьллуш йинчу сов цIийнан неIарх чу бIаьрг туьйхира цо. Дехьа чохь хIиттийна тIе назбарш а, дезчу кIадийнан бес-бесар юргIанаш а тийсина, кедчина лаьтташ маьнгеш дара.

Пенах кхозуш а, цIаьнкъа тийсина а деза кузаш. Уьш ерриш а ша хьегначу къих эцна, атталла шена тIеюха цIена коч а ца оьцуш,

цо гулйина хIуманаш яра. Цо хаза куьг тухуш тойина яра цIенойн массо а маьIиг. Дуьхьал мел хIоьттинчу хIумано дагайоуьйтура дIаяхна хан, даг тIехь марха йоцуш яьхна, иза СаIиде еана дуьхьарлера шо...

VII

ШолгIачу дийнахь, Iуьйрана хьалххе гIаьттина Курсам, даим а санна, кертара цхьацца гIуллакхаш дина а яьлла, бераш ясли дIа а луш, балха яха новкъаелира.

Шуьйрра зIенарш яржош регIа тIехула гучубаьллачу малхо буса кIеззиг дилхинчу догIано тIундинчу лаьттах нилхха Iаь гIиттайора. Халла хаалуш, дегIана там беш хьоькхура Iуьйренан тIуьна мох.

Урамехь дуьхьалнисло адамаш шега хIинццалцчул башха, къинхетаме хьуйсуш санна хетара Курсамна. Церан тIекерешна доцца жоьпаш а луш, наггахь соций, тIаьхьадисна ши бер а сихдеш, ясли дIакхечира иза.

Яслин кетIарчу ринжех чоьхьаяьллачу Курсамах бIаьрг макхийтти дуьхьалъеанчу Маликата цуьнан карара йоI дIаийцира.

– Хьо тахана ма хьееллера, Курсам, дукха ягийна-техьа хьо? – хаьттира цо.

– ХIунда бахь ахьа?

Маликат йоьхна хьаьвзира.

«Ой, елла яла со делаI, кхунна хууш дац-техьа шена тIе зуда ялор!» – дагадеара цунна.

– Аса-м... болх дукха сиха болу дела, бохура...

– Цунна-м дера ца бахара ахьа иза, – аьлла, еласлира Курсам. – ХIумма а дац, Маликат. Iедало кхетор ву сонта леларг. ДIайолуш лаьтта зударшна тIе зударий кхуьйлу хан!

Цунна и хууш хиллийла хиъча, дог паргIатделира Маликатан.

– Хьуна и бохам ца хилийта, сайна дуккха а зен хуьлуьйтур дара аса. Шек ма яла хьо, Курсам, Iедало дуьтур дац цунна иза, – бохуш, маслаIат дан гIертара Маликат.

Кхаш тIе дIакхаьчча, белхалой берриш а балха дIахIиттина карийра Курсамна. ХIоранна уллохь малхехь къегара можачу

хьаьжкIийн яккхий оьланаш. Мехкарийн агIонгахьара схьахезара самукъане эшарш. Цара дегнаш ирахIиттийнчу кегийрхоша юкъ-юкъа тухучу маьхьарийн аз хьаннашца шалха а долий, генна регIаца дIатоьра.

Оцу деношкахь хаддаза хуьлчу йочанаша ялташ Iаьна кIел дахарна кхерам туьйсура, цундела жимма а хаза даьхкинчу денойх пайда а оьцуш, де-буьйса ца лоруш белхаш бора адамаша. Божарий, бераш доцу зударий, буьйсана цIа а ца боьлхуш, тIехь Iара.

Колхозан арахь болх кхехкаран кхин цхьа бахьана а дара.

КурсамгIеран хьалхарчу бригадица массо а хенахь къуйсуш йолу шолгIа бригада хьалхаяларна кхерам болуш дара оцу деношкахь хIоьттина хьал. Цара чIагIо йинера, хьаьжкIаш хьалха чуерзорца толам а баькхина, хьалхарчу бригадера кар-кара ло байракх схьаяккха.

Оцу йохьалло керл-керла ницкъ лора шина а бригадина.

Юург чохь йолу тIоьрмиг кхоран генах а оьллина, хьаьжкIаш тило хIоьттира Курсам. Цуьнан Iеминчу каде куьйгаша дIатуьйсучу хьаьжкIийн кестта йоккха оьла хIоьттира.

ГондIарчу хьаннашкахь тийна дара. Аьхкенан сийна духар охьатаса доьлла дитташ даьсса, дерзина гора. ХIинца ца хезара цу чохь олхазарийн самукъане эшарш.

Геннахь тракторан къора гIовгIа елира. И гIовгIа тIеттIа гергатеIа юьйлира. Дукха хан ялале хьуьнахула богIучу новкъахула гучуелира тIаьхьатесна гота а йолуш йолу «ДТ-54» трактор.

Иза кха юьххьехь саца а йина, охьавоьссина, юккъерчу дегIара, шуьйра белшаш, стаммий пхьаьрсаш долу къона стаг Курсам йолчухьа волавелира.

– Балха тIехь кхиамаш хуьлда хьан, Курсам! – элира цо, Курсамна тIекхаьчча.

– Хьан а хуьлда, Решед.

– ТIаккха, муха ду хьан гIуллакхаш?

– Вон дац. Ахьа хIун до?

– ХIара кха аха веанера со-м. Мичхьа ву шун бригадир? – Курсамна юьхьадуьхьал хьажавеллачу Решедан велар сецира. –

Курсам, суна хьо ма гIийло хета, сингаттам болуш хIума-м дац? Бераш могуш дуй?

– Ой, гIийла ю со? Тхо могуш а ду, сингаттам болуш хIума а дац, – жоп делира Курсама, ела а елла. Буьйсана охуш хиллачу Решедна СаIида зуда ялор ца хаийла хиира цунна. – Ткъа Хьамид дIогахь гIад тIекIелдуьллучаьрца гира-кх суна.

– Дика ду делахь. Хьуна гIо оьший?

– Ца оьшу, баркалла.

– Делахь со Хьамид лаха воьду. Иза ца хилча болх дIаболабойла дац сан.

Курсам хьоьгуш хьоьжура, шайн майранашна юххе а хIиттина цIахь а, арахь а гIуллакхаш деш лелачу зударшка. Курсам маре яхча, дог а диллина, оцу эвлара Маликат ялийра Решеда. Цара цIенош дечу хенахь Курсамна денна гора, настарш хьала а йина, поппарш вовшахбетташ хьийза Решед. Маситтазза базарахь а гинера цунна, Маликат юххе а яьккхина, цхьацца хIуманаш оьцуш иза лелаш. Иштта, ший а цхьаьна клубе а, кино а доьду, бохура, и шиъ, амма Курсамна, ша цига йоьдуш цахиларна, цигахь ца гинера и шиъ.

Маликат а, Курсам а цхьана хенара яра. Ший а цхьана шарахь маре а яхнера и шиъ, шиннан кхоккха бер а дара. Амма хIинца цушинга хьаьжнарг, и шиъ цхьана хенара ю аьлча, цецвер вара: Курсам Маликатал масех шо йоккха хетара.

Де суьйренгахьа лестича, малхбузехьара схьа догIанан Iаьржа мархаш гучуевлира. Хьуьна юккъехь лаьттачу, бекъачу попан бухь тIе а лахъелла, дагна тIе сингаттам тосуш, шийлачу маьхьарца ека а екна, гIаьттина дIаяхара хьаргIа.

Юкъ-юкъа догIанан тIадамаш кхийса дуьйлира.

IX

– ДагадогIий хьуна, СаIид, хьайн даго ма-бохху зуда хьайна писъелча, йилла а, эца а меттиг ца карош, айъина лелор яра, айхьа соьга боьхна? – аьлла, СаIиде хаьттира Асета, ша ден цIера схьаэанчу буса.

– ХIунда ца догIу! ДогIу дера-кх. Бутт а ца кхаьчна аса хьоьга и къамел дина-м, – жоп делира майрачо.

Оцу буса шаьшиъ дара и шиъ. Асет цIа еана аьлла хезна баьхкина марзой, жимма сакъоьруш а Iийна, дIабахнера. Курсам а, Асет цIа ялош еанчу зудчуьнца лело деза гIиллакх а лелийна, иза дIа а хьажийна, шен чу а яхна, дIатийнера.

Асетан ирхбаьттIа ши бIаьрг хьестарца СаIиде хьоьжура, кIайн горгачу юьхьа тIехь, цIен бос бетталуш, беснеш йогура. Доьлучу цIечу севсинчу балдашна юккъехула схьагуш жагIа санначу цергийн кIайн могIа бара.

– Делахь-хIета, хIинца хуур ду-кх, хьуна со мухха хетахь а, – аьлла, СаIид зен санна, цунна духьал а йогIалуш, гIанта охьахира иза.

– Хьуна езахь, сан хьомениг, хьозанан шура а карор ю-кх суна. Схьаалал хьайн доглаьттарг.

– Аса бохург айхьа дийр дацахь, ма алийталахь!

– Со верриг а хьан ву-кх! – ши куьг Асете дIа а кховдош, тIехилира СаIид.

– Делахь дика ду хIета, – элира Асета. – Уггар хьалха сайнна цIенош дезар ду, уьш вуно сиха хуьлийла а луур ду суна.

СаIид воьхна хьаьвзира.

– Хьо ма хьалхе вуьйхи? – элира цуьнан дагахь долчух кхеттачу Асета.

– Воха-м ца воьхнера со, – дохийна, жоп делира СаIида. – ЦIенош эца хIинца цкъа аьтто хир буй-техьа вайшиннан? Хьо ялош аса дайъина ахча, дерриг а бохург санна, нахера юхалург даькхкхина ду. И декхарш дIа а дерзийна, жимма шай-кай тIекIел а йиллина, тIедогIучу шарахь оьцур ду вайша цIенош.

– Цхьа шо хьовха, хIара цхьа кIира а хала доккхуш ю со-м кху кертахь. Цхьаьнгара юхалург ахча а даккхий, дикочу бешаца цIенош эца ахьа. Цу бешо ахьа шех делларг сихха меттахIоттор ду, – элира Асета, кхин ойла а ца еш. Схьахетарехь оцу гIуллакхан ойла хьалххе йинера цо.

«Делан Къуръанор, бакъ ма лоь хьо, – элира СаIида ша-шега. –

Иза дагадеана дац-кх суна оццул ойланаш еш. Хаза хилла ца Іаш, билгтал хьекъал долуш зуда а ю хьо».

Цо хІоттийнчу планна ша мел реза хиллехь а, сихха хІаъ ала ца лиъна, жимма юхагІорта сацам бира цо.

– Соьга хьан лур дара юхалург ахча?

– Ой, юхалург ахча даккха стаг а воцуш ву хьо?

– Ван а волуш, маситтазза а даьккхина аса-м. Юх-юха а соьга дала ахчанаш дац.

– Иза-м тхан дас дера лур ду вуно атта.

– ХІаъ, хьо ялийна а валале стундега ахча доьхуш лелар ву, хьуна, со! – Аьттехьа а ца дитира СаІида.

Амма цо и аларх къаръяла ойла яцара Асстан.

– Хьуна эхь хетахь, аса доьхур ду иза-м, – элира цо.

Жимма юхагІиртинчул тІаьхьа СаІид рсзахилира. Цул тІаьхьа цхьа бутт а балале, Асетан дегара Товсолтера юхалург эзар туьма а даьккхина, дикчу бешаца райцентрехь цІенош ийцира цушиммо.

Оцу тІера дІайолаеллачу Асета, кІез-кІезиг верзош, буйна верзо волийра СаІид.

...Цул тІаьхьа масех бутт белира. ГІушлакхе а баьлла тІеххоьжучу аьхкенан бовхачу малхо тхьовсийнера хІаваъ. Йовхоно массо а хІума дІатедина, тап-аьлла дара юьртахь. Деккъа цхьа стоьмийн дитташ дара, генаш кура дІа-схьа а даржийна, малхера ницкъ уьйзуш. Байн хьоькхучу махо хала хаалуш лестадора церан гІаш, амма цуьнан ницкъ ца кхочура хьийкъинчу стоьмаша даздина кхозу генаш меттаххьадан.

Бешан цхьана маьІІехь бийначу хасстоьмашна хІетта хи дилина а ваьлла, настарш а цІанйина, беша кІелхула волавелла лелара СаІид, хьалакхевдий боккхий, цхьацца стоьман чоме а хьожуш.

Бешан лакха маьІІехь, ураман некъа йисттехь, тхов тІе гериг юьллуш дина, дитташ юккъехь кІайн къегаш, кегий хаза цІенош гора. И цІенош а, хІара беш а эцна, Асетаца кхелхина кхуза веанера СаІид.

Дукха хан ялале стоьмийн дитташ юккъехула схьагучуелира Асет. Цунна тІеюьйхина кІайчу дарин кофта а, Іаьржий, кІайн

моханаш оьхучу дезчу кIадин юбка а, когахь лекха кIажаш долу туфлеш а, настарш тIехь хала хаалуш чилланаш пазаташ а яра, коьрта тиллина бес-бесарчу зезагийн суьрташца кечдина чилланан йовлакх а дара.

Беша диллинчу хе тIадийнчу меттигех а къехкаш, байн ког боккхуш йогIучу цо, ша СаIидна тIекхачале саца а сецна, гонаха бIаьрг туьйхира. Цхьана Iожа кIел яхна, схьабаькхина Iаж а бууш, охьахиира иза.

– СаIид! – хьостуш, кIеда-мерзачу маьхьарца майрчуьнга кхайкхира зуда. Асет ган а ца гуш, шен гIуллакх деш лела СаIид, мохь туху хезча, сихха цуьнгахьа схьавирзира. – Жимма яхий, суна баьллаш а йохьуш, садаIа схьаволахьа.

– Баьллаш еза хьуна? ХIокху делан сохьта! – аьлла, дIахьаьдда СаIид уггар дика а, саттийна а йолучу болла тIе а ваьлла, кад буьззина баьллаш а яьхна, схьавеара.

– Кхин хIун еза хьуна, Асенка? – хаьттира цо, кад Асетана хьалха а хIоттош.

– Хьо сайна хилчахьана, суна оьшуш хIума дац. СаIид, амма сайн дола хьо ваккха ца луш йисна йолуш-м йоллу со, – аьлла, шен екхаелла хилла юьхь кхолийра цо.

– Со дийнна хьан ву-кх! Кхин хьенан хир вара со? – цунна улло охьалахвелира СаIид.

– Иза-м хьайна дика хаьара хьуна. Селхана буса сахилла долуш цIа веара хьо, ткъа аса хаьттича, школехь вара, элира ахьа.

– Ван а вара со-м цигахь... бетган отчет хIоттош.

– Баттахь масазза хIоттайо аша и отчет?

– Шозза. Кхузза хIоттош меттиг а нисло, – ойла йина, жоп делира СаIида.

Ирачу хьажарца ши бIаьрг СаIидна тIебуьйгIира Асета.

– Гуш лаьтташехь аьшпаш хIунда буьгту ахьа? Селхана буса Курсам йолчохь вацара хьо?

СаIидан дог тохаделира. «Иза мичхьахула хиьна-техьа кхунна?» – кхеравелира иза. Амма иза воьхна вацара. Тахана дуьххьара йоьхуш яцара къаро. Цо чIагIо йира, билгал ша цига вахар Асетана хаьа ца хаьа хаъалц, даре ца дан.

– Вацара, – сацам боллуш жоп делира цо, нийсса цуьнан бIаьргаш чу а хьаьжна.

Масех минот хьалха эсала елакъежаш хиллачу Асетан юьхь, бос хийцина, даг чу йоьссинчу оьгIазалло цIиййина, кхохкийра. Бекхам эца лаарх буьзна бара ши бIаьрг. Сихдинна доьIучу се хьалауьйура некха тIера дарин кIайн кофта.

– Вацара? – хаьттира цо СаIидна тIекхета кечъяла санна, белшаш тIехула охьасана Iаьржа, стомма ши кIажар букъа тIехьа а тосуш. – Курсам йолчуьра араваьлча, кетIахь хьуна дуьхьалкхеттарг мила вара ткъа?

СаIидан дегIа тIехула шело хьаьдира. «Цхьаммо дIадийцина-кх кхуьнга. Дена неIалт хиларг, мила хилла-техьа иза хила мукъане а? Дуьхьало ер аса», – чIагIо йира СаIида.

– Ваханера-кх со, бераш хIун деш ду хьажа. Ваха а вахнера, чу охьа а ца хууш, ара а велира...

– Ца вахнера бохуш, аьшпаш хIунда буьтту ахьа ткъа? Эхь ца хета хьуна харцдерг дийца? Отчет хIоттош вара со бохуш, бусбуса и зокъам долчу лесташ...

Асетан оьгIазъяхар жимма шеллур дац-техьа аьлла, кхин вист ца хуьлуш сецира СаIид. Кедара баьллаш хьаяза лаьтташ яра. Масех минот ялийтира цушиммо, вовшашка дист ца хуьлуш. Оцу кIезигчу хено сагатдина СаIид маслаIат дан хIоьттира:

– Атта карзахйолу хьо, хьомениг. Иштта ма хилал хьо. Нагтахь мукъа а со цига воьдуш ца хилча, наха суна бехкбуьллур бу, ткъа Iедална хиъча-м, маггане а мегар дац. Цуьнан карахь долу бер жимма доккхахиллалц сатохахьа, тIаккха аса дIайохуьйтур ю иза. Аса цуьнца лелош срш-м ерриш а моттаргIанаш яй. И ца хаьа хьуна?

Цо дуьйцучуьнга ладоьгIуш Iачу Асетан бIаьргаш хих дуьзира. Юьхь, тIера оьгIазалла дIа а яйна, кхоьлира.

– Хьо цига эхар сан даге ца лало, СаIид. Со хьайга еача, айхьа иза юьтур ю, бехира ахьа соьга. Iехий ахьа со, хаза неха санна. Дукха пах бара со юьгуш, хIетте а, ахьа дийцинчух а тешна, хьуна тIаьхьахIоьттира. Айхьа хIара дийриг хилча, со хIунда ялайора ахьа? – харц бIаьрхиш а Iенош, елха гIертара Асет. БIаьргаш бел-

хахь а, дог доьлура цуьнан. «Толам герга бу, – бохуш, ойла йора, но. – Эрна довш дац аса Іенош долу бІаьрхиш».

Амма СаІид дог доьхна вара. Цуьнгахь ницкъ бацара Асет човхо а, цунна хьаьвзаш дерг ала а. Наггахь бен хуьлуш доцчу хазчу зударийн куц шеца долчу цо лаьцнера иза. Нагахь Асета кхин цхьажимма ша хьовзийча, иза реза хир вара Курсам йита. Амма, жимма а кІелхьарвала некъ хилча, бераш ненах даха а ца лаьара цунна. Цкъа-делахь, берех къахетара, шолгІа-делахь, Іедалах а, нехан неІалтах а кхоьрура.

Шо кхоччуш доллура Асет СаІиде сана. Оцу кІеззигчу хенахь иза тешна яьллера, майра лохуш ша цуьрриг а тилкхазъяьлла цахиларх. Цхьана а тайпанара хІума ца оьшуш, паргІат ехаш яра иза. Шен хазаллин а, бІаьрхийн а гІоьнца, СаІид верриг а шегахьа ваькхинера цо. Асетан хазалло а, корта хьовзийнчу СаІидна цо боххург бен бакъ ца моьттура, оцу кертахь хІуъа лелорах цунна геч а дора. Ша оцу керта еачхьана Асета лоьхург СаІид Курсамах хервар дара. Оцу шен Іалашонна тІекхоччуш йоллура иза хІинца. Оьш-оьшург долуш ша ехаш елахь а, чам бацара цунна СаІидан цар тІехь Курсам мел ю. Курсам гича, цуьнан цІе йоккху хезча, даг чохь гІоттучу цабезамо кийра цІе летайора цуьнан. Цунна дукха хенахь дуьйна хаьара, СаІид Курсам йолчу оьхийла. Шена иза мел новкъа делахь а, цкъа ша СаІид караверзавалла, цуьнга сацам боллуш хІума ца олуш, цхьа хан ялийтира цо, ткъа хІинца цуьнан ойла кхочушъян еза хан тІекхаьчнера.

Таханлера сурт маситтазза а хІоьттинера цушинна юкъахь. Бакъду, цул хьалха цкъа а СаІидна тІе ца чевхинера иза. Шен хазаллин, бІаьрхин гІоьнца шега иза Курсамах дІакъасталург хиларх тешна йолчу цо хьалха дов ца дора. Амма, СаІид къайлаха Курсам йолчу эха воьлча, цуьнан даг чохь оьгІазалла гІаьттира. Ша хІинццалц бинчу земашца[1] Асетана хиънера, СаІид шена дуьхьало ян ваьхьар воцийла. Амма оцу деношкахь СаІид шеца жимма эвхьазвала воьлла дела, шен бІаьрхиш а, хьестаялар а юха а оьзна, чІогІа йистхила йоьллера иза.

Дехха Іийра и шиъ, вовшашка дист ца хуьлуш. Оцу тийналло сагатдора СаІидан. «ХІара къамел хІун дича хийцалур дара-

[1] Земаш – зераш, талларш.

техьа? – бохуш, ойла йора цо. – ХIуъа дина а, хилларг дицдан хьажа веза со».

– Хи диллина вала воллий хьо? – хаьттира Асета, ша хиъначуьра хьала а гIоттуш.

– Вала воллу со-м. ХIунда хоьтту ахьа? – элира, къамел хийцадалар хазахеттачу СаIида.

– Юург яьлла. Чуволий, хIума кхалла, – аьлла, цIехьа йолаелира иза.

Лаьттара схьаэцна фуражка а буйнахь Асетана тIаьхьахIоьттира СаIид. Шаьш баьллашна кIелахула чекхдовлуш, саца а сецна, дитташна тIехула бIаьрг туьйхира цо.

– Ахьа хIун олу, Асет, цхьа-ши бIе туьма лур дуй вайна кху баьллаша? – хаьттира цо, шайн хьалха хилла къамел Асетана дицдан ойла хилла.

– Тамаша бу, иштта халлакьяхь-м, цхьа сом а лахь. Курсам, цуьнан бераш ду денна хIорш дакхоьхьуш.

СаIидан докъазалла, къамел юха а хьаьвззина хьалхалеррачу тIедогIуш лаьттара. КхидIа вист а ца хуьлуш сацар шегахьа долуш хийтира цунна.

Шаьшшиъ керта хьалха кхаьчча, уча хиъна Iаш Курсаман ши бер карийра царна.

Хьийзина хаза хьаьрса месаш а, сийна ши бIаьрг а, горга юьхьмарш а йолуш йолу пхоьалгIачу шаре яхна Нуржан шена юххехь Iачу жимчу Лаиде шабарца къамел деш яра. Бешара схьадогIучу шайн дех а, дестечух а бIаьрг кхетча, шен къамел сацийра цо. Хьалха йогIу Асет, ша царна тIекхаьчча, йист а ца хуьлуш, тIех а яьлла, чуяхара. Нуржанан каралаьцна кад ма-байннехь хиира цунна, и шиъ стенна деана.

– Ашшиммо хIун до, Нуржан? – хаьттира СаIида ша тIекхаьчча, жимма соцунгIа а хилла.

– Нанас, цхьажимма баьллаш яийта, бахара, – жоп делира Нуржана, лаьттан бIаьра а хьаьжна.

«Деллахь ма шайн хена ца нисдели-кх шуьша, – элира СаIида дагахь, – хIинца яьллера хIара, шу бахьана долуш, суна дов дина».

– Дуьло чу, – дIаволавелира да.

Нуржан а, Лаид а, вовшашка а хьаьжна, СаIидна тIаьхьадоладелира. ЦIа чу кхаьчча, неIсагIи юххехь, сонехь, сецира и шиъ. Асет, цаьрга болчу цабезамах буьзна ши бIарг цкъа царна тIехула а кхарстийна, СаIидна хьалха юург хIотто юьйлира.

Пеша тIе йоьдуш, юха стоьла тIе йогIуш лелачу Асетан когаша дечу дайчу татане а, цо меттаххьеечу пхьегIийн татане а ладоьгIуш, сих-сиха марш хъала а уьйзуш, Нуржанан кучан юх а лаьцна, цунна тIехьа, неIаран сонехь, хIоьттина лаьттара Лаид. Цунна гуш дацара Асета лелош дерг а, СаIид хIун деш ву а. Чохь лелош долчуьнга хьажа сатесначу цо, Нуржанна хьалха дIахIотта ойла хилла, цхьа ког хьалха дIатесира, амма Нуржана дуьхьалтесначу куьйго юха а шен метте дIахIоттийра иза. Йишас ша сацорна дегабааме хиллачу Лаида марш хьалаийзар хьалхачул а сихдира. Эххар а иза кхийтира цIа чохь лелош долчух. Стоьла тIе охьахIоттийнчу кхерзинчу котаман хьожа кхийтира цуьнан мерах. Дукха хан ялале цуьнан лергашна хезира котаман гIогI кагдеш а, СаIида иза бага хьарчош а, цо балдаш меттаххьедеш а. Лаидан цергех хи доладелира. «Дадина гуччу дIахIотта веза со, – дагадеара цунна. – Со кхузахь вуй а ца хууш, ерриг котам йиъна вер ву иза». Шена хетарг дIаала ойла хилла, Нуржанна муьшка йира цо, амма иза шега схьахьажча, цунна хиира цигара ша меттахволуьйтург цахилар. Ткъа СаIид, вист а ца хуьлуш, котам кхачийна волуш воллура. «ХIан-хIа, дадина со кхузахь вуйла ца хаьа. Аса муха хаийта цунна иза? Нуржан цIахь Iийна хиллехьара...» – бохуш, ойланаш йора Лаида. Эххар а цуьнан юьхь екхаелира. Цунна дагадеара, ша волчуьра меттах а ца волуш, цигахь ша хилар СаIидна муха хаийта деза. Хьалауьйзучуьра мара а сацийна, сихйинна йовхарш етта волавелира иза.

СаIид, хIума йиъна а ваьлла, хьалагIаьттира. НеIаре а веана, куьйгаш а дилина, бага хи а кхерзина, куьйгех гата хьакха хIоьттира дада. Бага пIелг а лаьцна, кIелдIахула СаIиде хьаьжира Лаид.

– Оцу бошхепахь йиснарг а кхаллийтий, жимма баьллаш а лой, дIахьовсадехьа бераш, – аьлла, дехьа чу велира СаIид.

Лаидан дог, доккхадеш, тохаделира, юьхь екхаелира. Нуржанна муьшка а йина, велакъежира иза. Амма Нуржанан юьхь кхоьли-

на яра. «ЯахIума ло аьлча, хаза а ца хета Нуржанна. Меца хир яц иза», – аьлла, ойла йира цо. ХIинца иза, Нуржанах ца кхоьруш, майрра хьалха дIаволавелира. Уггар хьалха цунна хаа лууш дерг, бошхепахь йиснарг хIун ю хаар, дара. Бошхепахь йисна дикка котаман меженаш яйча хазахетта, доккха тата доккхуш, мара хьалауьйзира цо. Амма цуьнан и хазахетар дайра, бошхепара тоьлашха йолу жижган кескаш Асетан карахула юханехьа ен чу йоьлхуш гича.

Эххар а цунна хьалха схьахIиттира СаIидах а, Асстах а йиснарш. Нуржанна а, шена а хьалха дехкинчу дакъошка бIаьрг туьйхира цо. Нуржанна хьалха Iуьллуш кIеззиг тIехь кIайн жижиг а долуш букъан даьIахк яра, ткъа цунна хьалха ерг – къамкъарг. Къамкъарг схьа а эцна, цуьнга хьежа хIоьттира Лаид. Цунна тIехь кхалла жижиг ца карийча, юха а йишина хьалхарчу декъе хьаьжира иза.

– ХIан, хIара хьайна а дитий, иза суна ло, – аьлла, шен дакъа Лаидана хьалхатеттира цуьнан дагахь долчух кхеттачу Нуржана.

Шена хьалхара жижиг, галнаш диъна а ваьлла, чухула дIа бIаьрг тоьхна, мала хи лехира Лаида. Цунна гира стоьла тIе хIоттийна лаьтта хих юьзна ангалин куршка. ТIе а вахна хьала куьг кховдийра цо. Жимчу Лаидал стол лекха яра, цуьнан куьйгаш халла бен куршкехь дIа а ца хьакхалуш. Кога буьхьар а хIуттуш, хьала катоьхначу Лаида, ши пIелг тIомах а тесна, шена тIеозийна куршка, хаьрцина, керчина цIаьнкъа а йоьжна, яьржина дIаяхара. Лаид дIахьажа а кхиале цуьнан бIаьргех цкъа суйнаш тесира, тIаккха дуьхьал Iаьржа бода хIоьттира, бетах кхеттачу тIарано синкхетамах ваькхина иза цIаьнкъа дIахаьрцира.

Саметтавеанчу хенахь шен гIаьттина йолчу бага дуьра, довха хи догIуш санна хийтира цунна. Хезаш Асета хьоькху мохь а бара. Ши бIаьрг а биллина хьалахьаьжначу цунна гира, шена юххе а лахъелла йоьлхуш Iен Нуржан.

– Цунна хIун хилла? – хаьттира нехI а йиллина сехьа чу хьаьжначу СаIида.

Нуржан дуьхьлара дIахилча цунна гира, юьхь цIеша а юьзна цIаьнкъахь Iуьллу кIант.

– Цунна хIун хилла? – хаьттира цо юха а, Асет шега йист ца хилча.

– Аса тIара тоьхна-кх. ХIара дала дIаэцарш, кIордийна, хьех чекхдевлла суна. Чоь цIанъян а, пхьегIа дIайилла а йиш яц-кх ккаьргахьара!

– Ой, оццул вон туху ткъа берана, хьо хьер-м ца яьлла?! Эхь дац ахьа цуьнан юьхьа тIехь динарг? – аьлла, сехьа чу а ваьлла, тIе а вахна, Лаид хьалагIаттийра СаIида.

– Хьайна эхь хетахь, тIехьа верза, – элира Асета, шек дIа а йоцуш.

– Къуръанор, хетар дара, хьо адам делхьара-м. Кхин къа ца хсташ, тоха а еллий хьоьга буйннал бен доцчу цу берана.

– Дера тохаелла. Тухур а ма ю хIинцачул тIаьхьа а.

И шиъ луьйш Iешшехь, Лаид неIаре а ваькккхина, цуьнан мерах охьаоьху цIий сацо гIоьртира Нуржан. Ша дIатесначу туйнаца цIий гинчу Лаидан кхин а чIогIа мохь белира.

– Ма велха, Лаид, хIумма а хир дац. Собар дел цкъа, дадас баьллаш ло хьуна, – аьлла, шен фуражки чуьра баьллаш цуьнан куча хийцира СаIида. – Дадас хьан юьхь а йилина, кад буьззина кхин а баьллаш а елла, нанина вохуьйтур ву хьо, – бохуш, иза хьеста а хьоьстуш, теса тIе а вигна, цуьнан юьхь тIера цIий дIадаккха хIоьттира иза.

Лаидан юьхь цIенна йилира СаIида, амма куча тIера цIийн хьоькхнаш цIена дIа ца яхаелира цуьнга. ТIаккха шина бераца бсша а вахна, царна баьллаш а елла, уьш дIахьовсийра цо.

Асета царна тIехь лелийнчо дог дохийна СаIид, юха чу а ца воьдуш, балха дIавахара.

XI

...Дерриг а цIаьххьана, Курсам ойла ян а, хуьлуш дерг къасто а кхиале, хилира. Мелла «тIуртIаз» а ваьлла, пхьуьйрал тIаьхьа веанчу СаIида дений, наннин неIалт кхайкхош, барт а биттина, йитира иза.

– Тхуна новкъа а ца гIерташ, бераш а кхобуш, кху хьайн тоьли чохь Iен, бехирий хьоьга? Бехира. Iен ца хиин хьуна? Ца хии. Кхана хьо кху кертахь ма караяйталахь суна! – элира цо, тIаьххьара а ша араволуш.

– Айса динчу цIенош чуьра, сайн берех а яьлла, яха меттиг болуш яц со-м. Ахьа йитарх мегар ю со. Шайн цIахь шу а Iе, сайн цIахь со а Iийр ю, – аьлла, дуьхьало ян гIоьртира Курсам, амма СаIид цо дуьйцучуьнга ладугIуш а вацара.

– Хуур ду-кх кхана, – элира цо, багах чопаш а туьйсуш. – Нагахь кхана и можа малх кхетачу хенахь кху кертахь суна хьо караяхь, аса оцу букъа тIера гIаж ца ойуш, кех тосур ю хьо. Оха тхаьш кхобур ду бераш, хьан пусар а ца деш. ХIун гулдина ахьа кху кертахь? ХIун деана ахьа хьо соьга йогIуш? Айхьа еанчу чамдица яхийта! – аьлла, чуьра аравелира СаIид.

Ехха лаьттира Курсам хIоьттина, цIаьххьана, дагахь а доцуш, шега деанчу вонан ойла еш. Чуьра са дIадаьлча санна егайора настарш, бIаьргашна хьалха бода хIуьттура. Тамашена дара иза, оцу минотехь цуьнан бIаьргех болуш хин тIадам бацара. Амма дог Iийжара, баланах дузуш, легашка шад хIуьттуш, садаIарна хорам хиллера. Iадийча санна, цIаьнкъа юккъехь лаьттара и декъаза зуда. ТIаккха, текхаш маьнги тIе а яхна, берашна юххе бертал юьйжира. Оццу минотехь цуьнан кийрара лазаман узар хезира, юха а догIанах белха болабелира ши бIаьрг...

ХIинца шозлагIа Iовжийра цуьнан дог СаIида. Асет шена тIеялийнчул а йоьхна буьйса цкъа а йогIур яц, моьттура Курсамна, хIунда аьлча хIетахь цунна дагахь а дацара ша берех къаьстар ю бохург. ХIетахь ша текхначу декъазчу денойх хьоьгучу тIе яьллера иза хIинца. Кхана Iуьйрана ша берех къаста езаран а, ден наннй, дестечунний хьалха дуьсу долчу берийн а, царах хьоьгуш ша яккха езачу хенан а ойла йора цо. Амма ойланаш мел йо а, ша ирс дайна, кIелхьараяла некъ боцуш карайора цунна. Беккъа цхьа некъ бара кIелхьараяла – СаIид суьде валар. Иза маситтазза дагадеара цунна. Амма Курсамна и гIулч таса а ца лаьара, кхечух гIо хиларе догдохуш.

Буьйса юкъал тIехъяьлча, жимма набъозийра цунна. Амма цу набаро кIезиг паргIато елира. Лозчу коьртаца сатоссучу хенахь самаелира иза.

Шуьйра биллина ши бIаьрг тховх хьала а боьгIна, юха а ойланашка елира иза. «Везан Дела, и сийсара хилларг гIан хуьлуьйтург

сайна ма доккха зен хуьлуйтур дар-кх аса, – бохура цо дагахь. – Кхаа берах а яьлла, со мича яха еза? Царах яьлча, аса хIун до кху дуьненах? Цо йитарх-м йоьлхур яцара со, берашца кху чохь йитча-хьана. Ма ца оьшура суна и майра а, цуьнан безам а. ХIун дича юьтур яра-техьа со сайн чохь? Хьан дийр дара-техьа сан гIо?!» – ойланашца бакъхьара некъ лоьхура цо. Амма суд, Iедал доцург шена гIо хила агIо ца карийра.

«Майра суьде велла бохуш, тIаккха а ю-кх со наха юьйцур. ХIун дийр ду ткъа? Дийца кIордийча, совцур. Берех ца яла, хIуъа дан а реза ю со. Кхана цкъа ладугIур ду. Хьанна хаьа, ша лелийн-чунна дохковала а мегий иза-м», – сацам бира цо.

Дуьнен чу садаьржинчу хенахь хьала а гIаьттина, Нуржанний, Лаиддий лийча а дина, царна тIе цIена бедарш а юьйхина, СаIид варе ладогIуш Iара Курсам. «Со дIаяхале марзойх цхьаъ тIекхочур вац-техьа», – ойла йора цо, уьш юкъабоьлла а, ша шен берашца йисаре сатуьйсуш.

Дукха хан ялале веана схьакхечира СаIид. Сийсара санна, мелла вара иза Iуьйрана а. Чохь Курсам а, шен-шен меттахь чуьра йийбар а шена гича, цецвелира иза. Цхьайолу хIуманаш а эцна, Курсам сахилале дIаяхна хир ю, моьттура цунна.

– Хьо дIаяхаза ма ю? – хаьттира цо, маларо цIийбина ши бIаьрг Курсамна тIе а боьгIна. – Аса сийсара хьайга аьллarг дицделла хьуна?

– Ца яхна дера-кх. Со муха йоьду, бераш шаьш а дитина?

– Уьш дIадига хIинца Асет йогIур ю. Яхийта хьайн бекъа! – аьлла, сихйира иза буса Асета кхин а карзахваьккхина ваийтинчу СаIида.

«ХIара-м дохковала дагахь вац. Дуьхьал йистхилахь, кхин а карзахвер ву. Сихха араялар тоьлур ду», – аьлла, карара йоI дIахьарчо сихъелира Курсам. Шега йоI ца йитийтарна кхоьруш, сих-сиха СаIиде хьожура иза, ткъа важа-м вара йоI а йитина хIара дIаяхарна кхоьруш.

Нуржан шекъелира цушиммо лелочух. Курсамна тIе а еана, гIийлла хаьттира цо:

– Нана, хьо стенга йоьду?

– Со балха йоьду, Нуржан. Асета, хIинцца схьа а еана, нана йолчу дуьгур ду шуьша. Со цIа яллац хаза Iелаш, – ши бер а хьаьстина, араелира Курсам.

Кєх яьлча, юха а йирзина, ша яьхначу керта бIаьрг туьйхира цо. Кертахь гуш дерг цуьнан дагна хьоме, гергара дара.

Иштта бIаьрг тухура цо оцу керта хIора дийнахь Iуьйрана ша балха яха араяьлча а, суьйрана цIа йогIуш а. Амма хIинццалц цуьнан дог доккхадеш тохалора ша къахьоьгуш дIахIоттийна кегий кIайн цIенош а, кхиийна къона беш а гича. Иза суьйрана керта йоьлча зевнечу озаца маьхьарий детташ, доьлуш дуьхьалхьодий ши бер цхьацца агIор маракхетара. Оцу миноташкахь цунна шен жимчу цIийнал, къоначу бешал, дезачу берел хьоме хIума ца хетара. Хьалха цаьрга бIаьрг тоьхча, цунна мотталора, цара ша хьоьсту, ткъа хIинца и шен жима цIа а, къона беш а, цхьа гIайгIане шена тIаьхьахьоьжуш санна хетаделла, кхин тIе а дог Iовжийра цуьнан. Оцу кертахь дуьсура цуьнан шен сил а дукхадеза ши бер а, шен хир ду моьттуш пхеа шарахь хьегна къа а...

Курсаман бIаьргаш хих дуьзира. Цунна гуш бацара хIетта регIа тIехула хьалаайабелла малх а, хазацара цунах даккхийдеш, дитташ тIехь шабарш деш, эшарш лоькхуш олхазарийн ловзар а. Цунна кхоьлинера и къегина сана аьхкенан Iуьйре.

Ойланаша корта дIалаьцна, ша ког муха боккху ца хууш, эвла юккъехула хьалайоьдура Курсам. Оцу сохьтехь цунна везара шегара бала дIабалхо, шен дог эца стаг. «Мила хир ву иштташ, кху доьхначу дийнахь сан гIо дендерг?» – хоьттура цо ша-шега.

Уггар хьалха цунна дагаеара райкомера зударийн отделан заведующи Магамадова. Амма цига яха а гена дара.

«Махьмудовна тIеяхча? Иза кхетар ву суна хиллачу бохамах», – аьлла, колхозерчу парторганизацин секретарана тIеяха сацам а бина, колхозан правленина хьалха кхаьчча, цу чу йирзира иза.

Цхьа-ши бутт хьалха райкомера схьа оцу колхозе балха ваийтинера Махьмудов. Иза кIезиг вевзара Курсамна. Амма, дуьххьара колхозан арахь иза, шена тIе а веана, вистхиллачу дийнахь цунна хиира, Махьмудов оьзда а, догцIена а стаг вуйла. Массаьрца а гIиллакхе, кIеда-мерза волчу цо шега безам бахийтинера юьртахойн.

Ехачу сенин шина а агIорчу неIаршна тIера табличкаш а йоьшуш, парторган кабинет лехира Курсама. Амма иза къевлина яра.

«ХIинца а схьакхачаза ву иза», – юхаелира Курсам. Цунна хаьара, Махьмудов, дукхахьолахь, Iуьйрана бригадашкахула чекхволийла.

Колхозни бухгалтери чуьра схьахезара чоьтийн, хьийзочу арифмометрийн татанаш. Арарчу бIогIам тIерачу репродуктора чухула схьа Москвара передача йолийра.

Курсам, уча а яьлла, къинхьегаман денойн спискашкий, хIетта витрини чу диллинчу «Лениннан некъ» газетей хьежа хIоьттира. ТIаккха уьйтIарчу боккхачу Iожа кIелхьарчу гIанта а хиъна, Махьмудов схьаваре хьежа сецира иза. Юха а карлаелира дIаяхна буьйса а, таханлера Iуьйре а.

СаIиде еанчу шарахь Курсаман даг чу летта безаман цIе цо Асет ялийнчу буса яйнера, амма цуьнан деган кIоргехь таханналц гIийла богура оцу цIеран суй.

Курсама дукха сатийсира СаIид кхетаме варе, цо догхьастарца юха а и безаман цIе шен кийра кхарсторе. Амма цо сатийсинарг кхочуш ца хилла долуш лаьттара. ХIинца ерриг а цуьнан ойла шен кхаа берана тIе йирзинера. Церан дуьхьа мел къиза бала а Iовша реза яра иза.

Кийра огура цуьнан хIинца шена тIехIоьттинчу киртиго. Шена даггара везна СаIид, шен берийн да, Iедале дIавийца а атта ца хетара цунна.

«Дийца деза, – бохура цо шен дагахь, – ца дийцича далац. Аса сайн майра а, ишттаниг даьлча кхечара шайнаш а лечкъийча, тхуна юкъара цкъа а дIадевр дац и акха гIиллакхаш».

– Дийца деза! – элира цо лохачу озанца, амма сацам боллуш.

Циггахь цуьнан ойланаш юкъахъехира гергтахь хезначу когийн татано.

– Iуьйре дика хуьлда хьан, Курсам! – аьлла, Махьмудов тIехIоьттира цунна.

– Диканца вехийла хьо а.

– Ма дика ду суна хьо гина. Ялол, чу а гIой, жимма къамел дай вайша, – аьлла, дIаволавелира Махьмудов.

Шаышшиъ чукхаьчча, диван тIе и охьа а хаийтина, Курсаме цIера хьал-де хаьттира цо.

Ша дохьуш еанарг дийца муха долор ца хууш, йист ца хуьлуш цхьа хан ялийтира Курсама. ГIоьрттина йистхилира иза.

– Адам, со хьоьца гIуллакх хилла еанера, амма и хьоьга муха дуьйцур, хаац-кх...

– Кхета со, Курсам, ахьа ца дийцича а. СаIида хьуна тIе зуда ялор со схьавеана бутт а балале хиира суна. Кхузара адамаш а, колхозан хьал а девзина дIанисвелча, шун гIуллакх иштта дита ойла яцара сан. Ледарло яьлла тхоьгара, Курсам, тхуна бехк ма биллалахь. Хьо еана Iаламат дика ду, иштта хьан къонахалла хилар чIогIа хазахета суна. Вешан ницкъ ма-кхоччу СаIид кхето а, шуна юккъехь барт бан а хьовсур ду вай. Схьадийцал, муха хилира и гIуллакх.

Елхаран къурдаш а сецош, Курсама ма-дарра дIадийцира СаIида мел лелориг.

Цуьнан дийцар чекхдаллалц куьйгашца корта а лаьцна, вист ца хуьлуш, ладоьгIуш Iийра Махьмудов. Цунна чIогIа къахеттера майрачо Iехийнчу оцу декъазчу зудчух. «Маца кхачалур ю-техьа тхуна юкъара и тайпа йовссарш? Къоман а сий дойу-кх цара», – ойла йора цо.

– Дика ду, Курсам, ма-дарра ахьа суна схьадийцина. ЦIеношa, чуьра йийбар а – цхьа маха ца эшош, хьуна юхаерзор ю. Хьо берех а йоккхур яц. СапаргIат хила хьо.

Курсам араяла дагахь хьалагIаьттира.

«ХIара стенга яха йоллу-техьа?» – дагадеара Махьмудовна.

– Ахьа хIун до хIинца? – хаьттира цо.

– Дехьа кIотара тхайн нана йолчу, яха йоллу.

– ХIунда? Хьайн берашна тIе цIа гIо. – Юха а: «Цхьана дийнахь дIадерзалур долу гIуллакх а дац хIара», – аьлла, дагадеана, тIетуьйхира цо: – ХIара гIуллакх дIасалеIалц, цхьана ханна нана йолчу ца яхча ер яц хьо. Кху цхьана-шина буса бераш Нежибат йолчохь Iийр ду, тIаккха оха хьо цIаялор ю. Са ма гатделахь.

– Баркалла. ХIинца сапаргIат хир ю со, – Махьмудовн Iодика а йина, Курсам араелира.

Оцу дийнахь малх лакхабаьллачу кенахь балха ваха араваьлла СаIид, парггIат ког а боккхуш, цхьа хIоьттина ураман новкъа воьдура. Тахана школе ца ваха дуккха а зен хуьлуьйтур дара цо, амма ца вахча ца волура: тIекхочуш лаьтташ дешаран керла шо дара, ткъа цунна хIинца а кечам бина ца баьллера.

Асет ялийнчул тIаьхьа школан директорца Берсановца йолу юкъаметтиг чIогIа галъяьллера СаIидан.

Юьхьенца сих-сиха дехха къамел дора цо СаIидца, зудчунна тIе зуда ялор – иза шираллех дисна, кху заманца тарлур доцуш акха гIуллакх хиларх лаьцна.

– И тайпа сакхташ шайца долу нах вайна юкъахь хила хьакъ бац. Ткъа хьо-х школан белхало ву. Эхь ца хета хьуна, зудчунний, доьзалний тIе зуда а ялийна, хьехархойн, дешархойн коллективна хьалха хьийза? Доьзал дIа а тесна, кхечу зудчунна тIаьхьа а хIоьттина лела! – бохуш, барт беттара цо.

– И гIалат аса нисдийр ду, накъост Берсанов, – жоп лора СаIида.

Хан дIайоьдуш яра, амма СаIида шен дош кхочуш ца дора. Шен аьшпаш генабевлча, директорна гучу ма-хуьллу кIезиг вийла гIертара иза. Цуьнга хатта дерг а, иза адамашца волу меттиг а лохий, хоттура.

Амма СаIидца ийгIинарг цхьа Берсанов хилла ца Iара школехь. Школан хIора белхалочун бIаьргаш чохь шега цабезам гора цунна. Дукха хан йоццуш хиллачу профсоюзни собранехь сацам бинера, бутт хан ялале Асет дIа а яхийтина, иза шен доьзална тIе ца верзахь, балхара дIа а воккхуш, юкъараллин суьде вала.

Ткъа тахана Iуьйрана ша лелийнчунна шена гечдийр доцийла, хаьара цунна.

Ураман новкъахь цхьаннан кетIахь Iохкучу дукъошна тIе охьахиира иза. Сийсара а, Iуьйрана а мийлинчу маларо тхьусдолийна дегI хIинца а меттадаза дара. Коьрте ов деттара.

«ХIинца хIун хир ду-техьа кху гIуллакхах? – хоьттура цо шега. – Берсанов муха Iехалур вара-техьа?»

Шина а куьйга корта а лаьцна, лаьттан бIаьра вогIавелира СаIид. КIадделлачу дегIана наб йогIура, маларо цIийбинчу бIаьргийн негIарш дазделлера.

Урамехула дIасадолуш гуш адам дацара. Массо а балха вахана, тийна дара юьртахь. Цигахь цхьанна ша иштта хиъна Iаш гича товш хир дац-кх аьлла дагадеана СаIид, хьала а гIаьттина, пхьаьрсаш дIасатосуш дегI а саттийна, меллаша школехьа дIаволавелира. Школан кетIахь дуьхьалкхетта къона хьехархо Султан, СаIида шега деллачу саламна дуьхьал халла хаалуш жоп а делла, кхин вист а ца хуьлуш, тIехвелира.

Школан кертахь гуш цхьа а вацара. Цхьаъ аравалале, склада чу вахна охьахаа дагахь, дIахьаьдира СаIид. Амма, иза цIийнан маьIехула дIа ма-хьаьвззи, дуьхьалIоттавелира Берсанов.

Маршалла хатта диц а делла, вогIавелла сецира СаIид. Оцу минотехь иза тера вара къола деш лаьцначу къуьнах.

– Марша вогIийла хьо, СаIид!

– Маршалла хьулда хьуна а.

– ХIун хан ю хьан сохьта тIехь?

– УьтталгIачух шовзткъа минот яьлла.

Ша и аьллачул тIаьхьа дIахьажавеллачу СаIидна директоран пхьаьрсах дихкина сахьт гира. «JIаа-м ца хаьтти, хьуна, цо соьга хан», – дагадеара цунна.

– Хьо балха мича хенахь ван веза, хаьий хьуна?

– Балха мича хенахь ван веза-м, ма хаьара суна, Ахьмад, тахана цхьацца гIуллакхаш нисделла, тIаьхьависир-кх. Бехк ма биллалахь.

– Дика ду. Валол соьца.

Чехкка волавеллачу директорна тIаьхьа ца виса гIертара СаIид, амма когаша, хьалха санна, аьлларг ца дора.

И шиъ кабинет чу кхаьчча, цунна хаьлха гIант а теттина, шен метта охьахиъна Берсанов СаIиде хьаьжира оьгIазе.

– TIаккха, СаIид, дийцал, мича гIуллакхаша витира хьо балхана тIаьхьа.

Оцу хаттарна дала жоп кечдаза волу СаIид, воьхна, чухула дIасахьаьжира. Пенах кхозучу портреташна, политически картина, книжни шкафана тIехула кхерстина цуьнан бIаьргаш эххар а Берсановна тIехь севцира. Директоран юьхь, хьалха санна, оьгIазе йоцуш хийтира цунна.

«ХIинццалц санна, хьехар а делла араволуьйтур вац-техьа кхо?» – дагадеара СаIидна.

– Хьо вист ма ца хуьлу? Мотт сецна хьан?

– Ахьмад, цхьа хьеший баьхкинера со волчу, уьш новкъабаха гIерташ, хьевелира со...

Берсанов велавелира. Цуьнан велаваларо дегIе зуз хьадийтира СаIидан.

– Кхета со, – Берсанов юьхь цIийелира, хьажа юккъе шад хIоьттира. – Хаза новкъабаьхна ахьа-м «хьеший»! Мичхьа ю хьан стогалла? Адам ду хьо я экха ду хьо?

– Ахьа дуьйцург хIун ду, ва Ахьмад?

– Кхин эхь а ца хеташ, хетта а ховгтий ахьа. Берех а йоккхуш, Курсам дIа хIунда яхийтина ахьа?

– Цхьа... цхьана ханна дина гIуллакх ду иза, Ахьмад. И ца дича, Асет дIаяхийтар ца инелора...

– Накъост Сабдуллаев, тоьур ду оха диттина са! – аьлла, хьала а гIаьттина, СаIидна тIевогIавелира Ахьмад. – Тоьур ду. Хьо кхетаре догдохуш, аса дукха корта лебина хьоьга. Амма дерриг а эрна хилла. Хьо тайна нахана школехь хьовха, советски лаьтта тIехь а меттиг хила хьакъ дац!

Стоьлан гIутакх схьа а диллина, цу чуьра схьаэцна кехат СаIиде дIакховдийра Берсановс:

– ХIан, дIаэца. ХIокху минотехь дуьйна школан балхах мукъа ву хьо. Важадерг кхечанхьа дуьйцур ду вай.

Берсановгара кехат схьа а эцна, цунна тIехула бIаьрг кхарстийра СаIида:

«№ 96 йолчу приказа тIера выписка.

ПхуьйтталгIа август, 1958 шо.

Советски стеган хила еза оьздангалла шеца цахиларна а, советски конституцис зударшна елла бакъонаш талхорна а, школан профсоюзни организацин сацамна тIе а доьгIна, накъост Сабдуллаев СаIид тахана дуьйна школан хозяйствон заведующи балхах мукъавоккху.

Школан директор Берсанов».

– Ой, хьо баккъал а лелаш-м ма ваш! – мохь белира СаIидан.

– Хьуна ца хаьа, аса забарш кIезиг йойла, ткъа балха тIехь яше а ца йойла?

– Аса ца боху хьоьга.. цкъа соьга дийцийтахьа...

– Ца оьшу. Яхийта...

СаIид аравелира. Кхин юха ца хьожуш чехкка волавелла школан кертара ара а ваьлла, урамехь саца а сецна, юха а цкъа шен караруч кехат тIе хьаьжира иза. Уггар хьалха цуьнан бIаьргаш чу иккхинарг «мукъавоккху» дара.

«Ша шершана баьлла ког бу. Цкъа со охьа ца тоьхча, соцур а боцуш», – элира цо ша-шега.

XIII

Оцу дийнахь къаьсттана довха деана аьхкенан де суьйренгахьа лестича, цIаьххьана хийцаделла хIаваъ кхоьлира. Стигалахь Iаьржа мархаш гулъелира, малх царна тIехьа къайлабелира, тIаккха, юкъ-юкъа ткъес а тухуш, адамийн само къаръеш, дуьне экхийта санна, стигал къекъа юьйлира. Юьхьанца нилхха, дакхий тIадамаш а оьгуш, делха доладелла догIа, дукха хан ялале, кIудал чуьра Iенош санна, тIедетта доладелира, басешкахула а, ураман некъашкахула а охьа Iовраш хьаьлхира. Деттачу догIано дежийлашкара цIа сихдина даьхни, тIадийна, мустделла, маьхьаршца эвлах чудуьйлира. ТIадийна, лашка а бевлла, колхозан арара цIа уьдура белхалой а. Цхьана юкъана адамийн а, даьхнийн а, къекъачу стигалан а, деттачу догIанан а гIовгIанах дуьзнера хIаваъ. Дукха хан ялале адам а, даьхни а дIатийра, ткъа Iаламан буьрса ницкъ кхидIа а къекъа бисира.

Аре Iаржъелира. Дийнахьчул буьрсий, кхерамей хетара къекъа стигал а, детта ткъес а, доьлху догIа а.

Массо а адам шен-шен чу дIатийнера.

Пешахь гIийла йогучу цIаре а хьоьжуш, йоIана улло тевжина Iуьллура Курсам. Даьсса а, сингаттаме а хетара. Цуьнгара сингаттам кхин тIе а алсамбаькхинера оцу буьрсачу буьйсано. Хезаш дацара Нуржанан, Лаидан зевне хабарш а, синкъераме, ненан дог хьоьстуш, Iехош долу церан беларш а, охьабийшича, цара цхьа-

ца эшпарехь доьIу са а. Буьйсана уьш самабевлча царна оьшург луш, тIера юргIа тодеш гонаха хьийза Iеминчу цунна тховса наб ца кхетара. Цуьнан ойла ерриг а дехьарчу юьртахь, дестечунна хьалха дисначу шина бераца яра.

Пеша хьалха цIаьнкъа тесначу кхакхан тIехь ши гола мере а оьзна, чIогIа стигал къевкъича, шен болх далла тIе а буьллуш, суьлхьанаш а хьийзош, хиъна Iара Куржан. Цхьана хенахь хазчу куьцахь хилла цуьнан дегI а, юьхь-сибат а, хазаллин лар хIинца а яза, безамехь дара. Шен дахарехь дуккха а бохамаш тIехIиттинера цунна. Иттех шо хьалха цIийнда а, зуда ялийна волу кIант а велла, Курсамца йисира иза, ткъа Курсам маре яхча, гIийла бо санна, оцу кертахь гуттаренна а цхьалха йисира. Куржанан шовзткъе пхиъ шо бен дацара, амма хиллачу бохамашний, цхьаллехь ечу ойланаший иза хеназа къанъярна тоьшалла дора къежделлачу гиччоша а, хебаршка ихначу беснеша а, гIайгIанах буьзна, кхоьлинчу бIаьргаша а. Курсамна тIейирзира иза.

– Шаьшиннан боьхна барт оцу парторге вон бийцина ахьа, Курсам, – элира цо. – ХIинца наха вайна хIун эр ду? «Хьенехан йоIа ша йитинарг Iедале велла», – бохуш, кхайкхор ю вайша. Иза аьлла а Iийр буй-ткъа? Вайна дагахь а доцурш, тIедетташ, дуьйцур ду. Вай шина пекъарна стенна оьшура нехан тIехбеттамаш? Куржанан йоIа шен майра суьде велла боху цIе хаза яц, Курсам. Хьанна хаьа, юха а СаIидца хьан рицкъ дуйла? ТIаккха цунна юьхьдуьхьал муха хьажа еза хьо?

– ХIан-хIа, нана, хIумма а цунах эхь хеташ яц со, – элира Курсама гIийлла, амма сацам боллуш. – Яцийна гIел а йина, доьзал юкъа а йоьллина, шина берах а йоккхуш, деккъа дегIаца со араяккха эхь ца хеттачух, со сайн беранца, айса хьегначу къин тIехь, айса динчу цIенош чохь йита ала, эхь суна хета деза? Айса дийцинчунна со цуьрриг а дохко ца яьлла.

– Ой, наха хьайна аьндерг ца хаьа хьуна, диканиг! Ша хьаштйоцчу майрчуьнга суьдехула юхаяха гIерташ лела Курсам, эр дай хьуна-м. Вуьшта, хьан шича а мегар вац, ахьа и динийла хиъча.

– Хьамида соьга хIумма а эр дац. Иштта хьекъал доцуш а вац иза. Хийла олура цо, хIинца суна хилларг лелораш Iедало бен сов-

цор бац. ХIумма а со юхайигахьара, цунна со юха езалахьара бохуш яц со. Эз-эзар шарахь со яхарх дицлур дац суна цо сайга хоттийнарг. Цунах эвлаяъ хилча а кхин юхабогIур боцуш, байна сан цуьнга болу безам. Цо со юха цайигарх-м шек ца йолура со. Амма сайн доьзал тIе, сайн цIенош чу юха-м гIур ю, хIуъа дина а.

– Дера хаац суна-м, йоI. Ахьа хIуъа дийцахь а, майра суьде велла бохург нахана гергахь хаза цIе яц-кх. Цхьана а зудчо ца лелийнарг лелий-кх ахьа.

– Цундела, Къуръанор, со санна бохийна лелаш зударий шорта ма бу. Хир дацара, шена тIе зуда ялийча, ша берах яьккхича, вайн зударша и тайпа йовсар майрра тоьхна суьде лахьара.

– Иштта-м дара и, йоI, делахь а, ахьа хьалха доладойла ца лаьар-кх. Эхь даийти ахьа вайна тIе. Кхана яха а гIой, оцу парторге айхьа дийцинарг дижийта алахьа, Курсам, – аьлла, дехаре Курсаме хьаьжира Куржан.

Амма Курсама йина чIагIо йохалур йоцуш яра. Метта охьа а хиъна, нене хьаьжира иза. Цуьнан гIайгIанах буьзначу бIаьргаш чохь бохалур боцу сацам гора.

– ХIан-хIа, нана, ахьа дуьйцург хир доцург ду, – элира цо. – Аса-м иза суьде а ца велла, амма нагахь цо бертахь суна сайн ши беррий, аса къахьегнарггий схьа ца лой, тIаккха суьде а лур ву.

– Ма дийца, йоI, хьаштдоцург!

– Хьаштдоцург дац иза. Кхаа берах яьлла яха меттиг болуш яц со. Царах ца яла, уьш дакъаза ца даха, церан ирсан дуьхьа хIуъа дан реза ю со.

– Дера неханаш-м ма боьлху уьш, ялх бер дIатосий а...

– ГIур бацара, шайн кийрахь адаман дог делхьара-м. Бераш дIа а тийсина, сайн ирс лаха ара ца яла, цаьрца цхьаьна лийр яра со.

– Вай, нана яла хьан делаI, – элира Куржана гIийлла, елха йоллуш санна. – Хьайн ненан хьайх дог ца лозу, моьтту хьуна? Мацах цкъа цхьа воккха стаггий, цуьнан кIанттий, кIентан кIанттий IаьнаI заман чохь хьуьнах вахна хилла, боху. КIентан кIант жима хилла. Дарц даьллачу хенахь шелвелла и. ТIаккха дас шен коьртара куй цуьнан коьрта тиллина. ТIаккха воккхачу дадас, меллаша шен коьртара куй схьа а баькхиина, шен кIентан коьрта а тил-

лина, аьлла, боху: «Хьуна и хьайниг санна, суна хьо а веза, сан кIант». Хьайн берех хьан санна, сан хьох а лозу дог. Хьайна хилла цатам соьга а кхочийла, ца ҳаьа хьуна? Аса дуьйцург-м хьо берех ялахьара бохуш даций, хьо царах а ца йолуш, вай нахала а ца довлуш гIуллакх муха хир дара-техьа бохуш ду-кх.

– Э, нана, ма дукха садиттина аса, ма дукха ойланаш йина аса и гIуллакх бахьана долуш, – элира Курсама. – КIелхьаръяла кхин некъ кара а ца бина, ца яьллачу денна тесна гIулч яй иза-м.

Куржана доккха садаькхира.

– Дера хаац суна-м, йоI, хIун дича бакъхьа ду. Хьо цуьнга яхчахьана дуьйна а со хууш яра, хIара де мацца а цкъа хьуна тIе хIуттур дуйла. СаIид хьуна тIехьийзачу хенахь аса дукха бехира хьоьга, тIехьийзарг цIенна вовзалц цуьнга маре ма гIолахь. Оцу хенахь ойла ца еш баькхкхинчу кого дерриг дахар дакъазадоккху, бехарий хьоьга? – аьлла, Курсаме а хьаьжна, ладугIуш сецира Куржан.

– Бехира, нана, – элира Курсама, шен шуьйрра биллина болу ши бIаьрг дехьа соне, бодашка а, хьажийна. – И хан суна карла хIунда йоху ахьа?

– Дера йоху, хьо кхин гIалат ца ялийта. «ХIунда» а бохий ахьа? Шиъ йоI ю хьан. Уьш баккхий хилча, царна хьехар дала ца деза ахьа? Стеган хазаллех а, цуьнан бахамах а Iехалой маре боьлху вайн дукха зударий. Иза хьекъал цакхачар ду. «Хазалла – сарралц, дикалла – валлалц» бохуш, кица ду нохчийн. Пайда бац стеган хазаллех, дика дог кийрахь долчу, оьздачу къонахчуьнгахь иза яцахь. Амма кхераме ю иза безам, тешам, къинхетам, гIиллакх, оьздангалла а цаевзачуьнгахь елахь. Цхьанна а ца хаьа, стеган бахам маццалц лаьттар. Виллина ца лаьтта могуш а, диканехь а. Масане хийцам хуьлу дахарехь. Нагахь зуда стеган бахамах а Iехаелла маре гIахь, хенан йохалла и стаг къийлахь, хIун дан деза? ДIабер бу-кх цушинна юкъара безам, хIунда аьлча и стаг шена ца веззашехь, цуьнан бахаман дуьхьа я, вуьшта аьлча, хазчу духаран, мерзачу даараи дуьхьа цуьнга и яхна дела. Безамний, доттагIаллиний оьшург адаман тIехулара куц, цуьнан хьалбахам дац, дог ду, цIена а, тешаме а, оьзда а дог. Куц а, бахам а

хийцалуш хIуманаш ду, ткъа дог – и дегIана тешаме дуьсу. Нагахь шина адамна юкъахь безаммий, тешаммий белахь, царна бахаммий, шайн ирссий атта карор ду. Безамций, тешамций, бартаций доцу хIума меттахь латталур дац дашочу лаьмнашка а. ЙоIа ша маре яхале цкъа хьалха и шена везавелларг дика зен веза, цуьнан гIиллакхаш а, амалш а Iамо еза. Нагахь шена цуьнан гIиллакхаш а, амалш а йовзахь, ша цуьнца тарлур ю аьлла а хетахь, ша цунна реза а елахь, тIаккха хIотта еза цунна тIаьхьа. Ткъа ахьа хIун дира? СаIид хьайна тIехьаьвзина ши бутт а кхачале, цуьнан куьцах Iеха а елла, дIахьаьдира хьо. «ЙоI, и АсмартгIар ма бара хьо шайн Решедана езаш. Хаза гIиллакх долуш а, харцхьара воцуш а кIант ма ву иза. Хьо реза юй цунна?» – аьлла, аса хьайга хаьттича: «Эссей, хаза вац иза!» – аьлла, хьайга кхин хьеха а ца дайтира ахьа. Цхьа а тайпа оьшуш хIума а доцуш, хаза бертахь дехаш ду хIинца Решед а, Маликат а. Ткъа хьан «хазчу» СаIида яцийна якъа а йина, теттина аракхоьсси хьо! ХIетте а, бах аса хьоьга, девне ма яла цуьнца.

Курсам, бIаьргаш хих а буьзна, йист а ца хуьлуш, тап-аьлла ладоьгIуш Iара. ЛадоьгIуш елахь а, нанас дуьйцург хезаш елахь а, цуьнан коьрто схьалоцуш дацара цхьа а дош. Курсаман ойла юханехьа, ша йоI хиллачу хене, дIаяхнера. Цуьнан бIаьргашна хьалха хIуьттура шена дуьххьара СаIид вевзина денош, дагахь мекха йоцу дуьххьарлера безам, и шиъ цхьаьнакхетта дуьххьарлера ирсе шо. ТIаккха, хе текхо чалх санна, ирча, цуьнан бIаьргашна хьалхахула дIаоьхура цо дуккха а гIело лайна тIаьххьарчу шерийн декъаза денош... Ненан багах долучу хIора дашо уьш дерриш а карладохуш, сийсабора кийрара бала. Нене дIадахнарш ма хьехадахьара ала, ойла хилира цуьнан, амма елхаран къурдаша деннаш легашкахь сецадора, кийрахь IаьIна бала, кIежтуьйсуш, кхехкара. КхидIа садетта ницкъ бацара цуьнгахь. Шена юххехь цхьа дисна шен цхьа кIорни даг тIе а таIийна, дагна пергIато луш, хецца йилхира иза...

Куржанан къамел сецира, йоьIан дагна хилла Iовжам ненан кийра а Iенира. Цуьнан бIаьргаш чу хIиттина сирла хиш хебначу беснеш тIехула охьахьаьлхира. Коьртарчу йовлакхан тIемаца уьш

дІа а хьоькхуш, тата доцуш йоьлхура иза. Иштта воьлху вонаша дог аьгнарг, дуккха а халонаш лайнарг.

Ткъа арахь деттачу доґІаной, къекъачу стиглаюй кхин а Іуьйдура цушиннан жима цІа. Юьртара адам дІатийнера. Массо а шен-шен чохь парггІат наб еш Іуьллура. Цхьанна а ца хаьара, эвлайисттерчу оцу жимчу цІа чохь наб яйна Іаш хІара ши зуда юйла. – НеІ чІаьгІча арахь дуьсург вон дац, – аьлла, ша Іачуьра хьалагІаьттира Куржан. ТІаккха чиркхана хІуп а аьлла, шен метта а яьлла, охьайижира иза.

Амма и буьйса чекхъелира я цунна а, я Курсамна а наб ца кхсташ...

XVI

...Дерриг а Іаламехь хила ма-дезжара хуьлуш шо хан елира цул тІаьхьа. ТІедеара шолгІа Іа. Буса сахила доллалц тІеихна ло сатоссучу хенахь цІаьххьана саца а сецна, Іуьйре йийкхира. Дукъа тІехьахула екхначу сийначу стигала хьалабаьллачу Іаьнан шийлачу маьлхан зІенарш, лайн дозалло таІийна букархІиттийнчу дитгийн гаьннаш юккъехула чекх а евлла, корехула чу меттахь вижна Іуьллучу СаІидан юьхьа тІе яьржира.

ЦІа чохь шийла яра. ЦІаьнкъахь маьІ-маьІехь Іохкура ийзинчу цигаьрканийн юьхьигаш. Стоьла тІехь стакан чохь шелделла лаьтташ хьалхарчу дийнахь довтина чай а, цунна юххехь Іуьллуш баьпкан якъаелла юьхк а яра.

ХьалагІатта ойла хилла бІаьргаш биллира цо, амма масех дийнахь дІа ца йоккхуш ІаьІна пешара шийла юкъ гича, дегазаяьлла иза, ши бІаьрг а хьаббина, маьлхан кІезигчу йовхоне шен беснеш а йохйойтуш, ойланаш ян вуьйлира.

Оцу дІадаханчу шарахь дуккха а хийцамаш хиллера СаІидан дахарехь а, дегІаца а. Цуьнан Іаьржачу, хьийзинчу коьрта тІехь дуккха а кІайн чоьш гучудевллера, юьхь, цІен бос а байна, азъелла, яхъеллера. Хьаж хебарашка ихнера, бІаьргаш чуьра хьалха хилла йолу сутараллин цІе а яйнера. ТІаьххьарчу хенахь энаша лаьцна волу иза, воьжна меттахь Іуьллуш а воцуш я цІенна пайденна а воцуш, лелара.

Асет ялийчхьана бахаман гІуллакх галдаьлла вара хІара. Оцу шина шарахь, мел лахара а, ши эзар туьманна харж йинера цо иза бахьана долуш: шайн долахь цхьа кепек а ахча доцийла шена хуушехь, Асета шен хьашташ кхочушдан кхин а керл-керла харжаш йоьхура.

Юьртахоша шех бехкаш даьхначул тІаьхьа мелла а кхетаме веана иза ша лелочун ойла ян волавелира. Иза кхийтира шен Асетаца ваха гІертар-х гІуллакх хирг цахиларх. ТІекхечира гуьйре. Ерриг а догдохийла бешахь хинболчу стоьмашна тІе йижначу цо чІагІо йира Товсолте кхин ша ца Іехавайта.

Хьалхарчу шарахьчул алсам стом хилира цунна шолгІачу шарахь. Иза тешна вара оцу гурахь ша декхарех цІанлург хиларх. Амма вайнехан цхьа кица ду-кх, «воьдуш йинарг чот яц, вогІуш йинарг бен» бохуш. Стом оцу гурахь а Товсолтина боьхкира цо, амма юьртахь болчу мехал цхьа кепек охьа ца волуш. ДІадаханчу шарахь СаІидна тІехь дисна бІе доьзткъа туьма дІалерича, исс бІе туьманах ялх бІе СаІидна кара а делла, дисна кхо бІе цІа веача лург стом бохка Урале вахара иза.

Кхузахь хилира СаІидна цамоьттург, амма цкъа хилаза ца дериг: стом а боьхкина, шена саяккха товар а дахьаш цІа вогІу Товсолта, новкъахь лаца а лаьцна, товар дІа а доккхуш, пхи шо хан а тоьхна, чувоьллира. Цунна тІехь дисна СаІидан кхо бІе туьма, даха дог доцуш, дайра. СаІидна тІехь хІинца а исс бІе туьма декхар дара...

Товсолта лацале ши бутт хьалха, цкъа иза меха ваханчуьра цІа веана аьлла хезна цига яхна Асет пхи метр панбархат дохьуш еара.

– Кучана хІара эцахьа суна, – элира цо СаІиде.

– ХІун доьху цунах? – хаьттира СаІида, итт туьманах делча а, и эца шен ницкъ боццушехь.

– БІе туьма, – жоп делира зудчо.

Цецваьллачу СаІида жоп даларан меттана шок туьйхира.

– Дукха хета хьуна? – хаьттира Асета.

– Хета-те. Вайн-м дац ахчанан кепек.

– Цхьаьнгара юхалург даккха ахьа.

– Зовкх хьаха дара и кхин ца доккхийла-м. Сайна тІерачех цІанвелла велара хІетте а.

– Муха цIанло, ахьа кара мел еана шай-кай къайлаха а, къулах а Курсамс кхийдийча? Холчахь ду шу иза цIа яло гIерташ, – аьлла, шен карара кIади маьнги тIе кхоьссира Асета.

И дешнаш оцу дийнахь дуьххьара аьлла дацара Асета. Мацах ша юьртан активисташа юьхьIаьржа хIоттийчхьана дуьйна Iедалх а, наха олучух а ларлуш, цо шен алапах берашна цхьацца хIума оца кIезиг-мезиг нахарташ лора Курсаме. Дош дашера масазза дели иза тIехдетташ, СаIид садаIа ца вуьтура Асета.

– Аса дала а делла, лур а ду! – тIечевхира тIаьхь-тIаьхьа иза кIордо воьлла СаIид. – Цо кхобуш дерш-м сан бераш дай, ахьа санна, эрна ца дойу цо шена делла ахча. Хьо кху керта еачхьана има а, беркат а ца хуьлу суна тIедогIучу рицкъанах.

Шен иштта юьхьъяккхар лов, хьуна, Асета! СаIида цхьаъ аьлча, цо итт олуш, генаделира цушиннан и дов.

Оцу дийнахь дуьйна эвхьазаелира цушиннан юкъаметтиг.

Товсолта лаьцначул тIаьхьа дукха хан ялале СаIид цомгуш хилира. ТIедогIучуьра алапа а сецира, бохка стоьмаш а бацара. ХIинца шена хIума эца ца олура Асета. Оцу тIаьххьарчу заман чохь дукхахйолу хан, наггахь бен цIа а ца йогIуш, шен нана йолчохъ яккха юьйлира иза. ЦIа сача а, хьалха санна елаелла, екхаелла СаIидна гонаха а ца хьийзара, чохь цIена а ца латтайора. Цуьнан даим а йоьлуш хуьлу исбаьхьа юьхь кхоьлина гора СаIидна. «Ванах, хIокхунна хIун хилла?» – хетара СаIидна, ша цуьнга хьаьжча.

Цхьа-ши кIира хьалха шен нана йолчу яхна иза цIа ца йогIуш сецира. Цунах хилларг хаа цига ваха дагахь кечвала дехьа чу а ваьлла, гардероб схьайиллича, СаIид цецваьллачохь висира. Цу чохь кхаьзна Асетан бедарш яцара. ЦIа чухула бIаьрг кхарстийра цо. Гуш яцара Асета ден цIера сана чамда а, кхин цхьацца йийбар а. СаIид кхийтира иза юха а ца ян яхна хиларх.

Иштта гIуллакх галдаьлла вара СаIид оцу тIаьххьарчу хенахь. Шийлачу цIа чу хьаьжначу кIезиг йовхо лучу Iаьнан маьлхан зIенаршна кIел беснеш а хIиттийна, шен тIехиндолчу дахаран ойла еш Iуьллура иза. Цомгуш Iуьллу ша а витна, мега мел йолу хIума а эцна дIаяханчу Асетах хIинца кхоччуш догдаьллера цуь-

пан. Хlинца иза юха йогlур ю а, я сача а, шаьшшиннан дахар хьалха санна мерзий, бертаххьий хир ду аьлла а дагахь дацара цунна.

Цо хьоьгуш дагалецира масех шо хьалхалера хан. Цхьа хан яра, иза молуш а воцуш, массарна дукха а везаш, стаг а хеташ. Амма нахана цунах хетарг дlадаьллера цо Курсамна тlе зуда ялийначул тlаьхьа. Хьалха санна сий дацара цуьнан. Массо а хуьлура шайн ма-хуьллу цуьнца къамел кlезиг дан гlерташ, цунах къехкаш. Уьйраша а дlатеснера Саlид, цхьа Закри воццчо. Цо лело гергарло а маларан кедан дуьхьа дуйла, хаьара Саlидна. Тlаьххьара а иза дlатесира дагна дукхаезаш цо ялийнчу цуьнан хьомсарчу Асета. Дlатесира Курсамах а, берех а, уьйрех а ваьккхина, массеран а цунах безам а баьккхина, логгелц декхаршла а воьллина. Доллучул а цунна новкъадерг цомгуш волу ша а витна иза дlаяхар дара.

«Нехан зударий санна яхна а ца lай иза-м. Со lеха а вина, чlим санна, цlан а вина яха. Хи чу тесча санна, тlепаза дай-кх и бахьанехь аса мел динарг. Исс бlс туьма! Аса стенца такха деза иза? Хила деззарг хили суна. Къуръанор хир дацара, со сайн доьзал а кхобуш lийнехь-м. Йита-м дукха чехка йита езара иза. Цхьа де а хьалха кочара ялар соьгахьа ду», – ойла йора цо.

Асет бахьана долуш Сабдуллас а, Нежибата а ца вуьтура иза юьхь ягош. Асета лелораш цlенна хууш дара царна. «Кlант, хlинца мукъана и Асет дlа а яхийтий, хьайн доьзална тlеверза. Мацца вирзина а, царна тlеверза деза хьан. Асетах хlусамнана хир яц. Асабина а, Махьмудовна а тlекхаьчча, царах эхь хеташ, юьхьах цlе лета суна», – элира цуьнга Сабдуллас, Товсолта лацале цхьа бутт хьалха. Хlетахь дуьйна Курсам цlа яло гlерташ, цкъа Курсам йолчу, тlаккха Куржан йолчу уьдуш, хьаьдда лелара Нежибат а. Саlидна хlетахь дуьйна а лаьара шен, Курсаман юкъаметтиг хьалха санна дlахlуттийла. Цкъа-шозза иза йолчу а вахна, ша дохковалар цуьнга дlахаийтинера цо, амма юха бохург Курсама шега хьеха а ца дойтура.

– Ахьа лелийнарш тоьур ду. Цахиндерг а дитий, хаза хьайн зудчуьнца ваха хьо, – элира цо цуьнга шозза.

«Асет новкъа ю-техьа кхунна?» – дагадеара Саlидна хlетахь. Амма Курсама цкъа а Асет хьахош дош ша а ца аьллера, цуьнга я

нахехула а ца хазийнера. «Схьа ца алахь а, цкъа Асет дIа а яхийтий дийца ахьа бохург ду хьуна цуьнан дагахь», – сацам бира СаIида. ХIетахь дуьйна СаIид даим а тешна вара, ша Асет йитин-чу дийнахь Курсаман, шен юкъаметтиг толург хиларх. Цундела, ца ваьллачу денна бен, Асет дIа а яхийтина, Курсамна тIеверза ца лаьара цунна.

Оцу тIаьххьарчу кIиран чохь, ша меттахь Iуьллуш къаьсттана, дукха ойланаш йора цо Курсамах лаьцна. Асет ялийнчу шарахь Курсам а, бераш а дага ца догIура. ШолгIачу шарахь Асетан бертаза жимма церан терго ян вуьйлира. ХIетахь а дацара цо лелориг Курсаман дуьхьа, Iедалах, нахах кхоьрура. ХIетахь уьш гаре са ца туьйсура цо, амма оцу тIаьххьарчу заман чохь, къаьсстана шех цамгар хьакхаеллачул тIаьхьа, дог-ойла чIогIа хийцаеллера цуьнан. Бераш даккхий хиллера хIинца. Нуржанан ялх шо, Лаидан диъ шо кхаьчнера. Жимахйолу йоI а яра хьаьдда-едда лелаш. Уьш хьаста а, церан беларе, белхаре ладегIа а, уьш гуччохь хан якхха а салаьттара цуьнан.

Курсам йолчу керта ваха эхь хетара. Эхь хетарал сов, вуьшта нахана гергахь а хаза дацара ша йитинчу зудчун керта эхар: вочу меттанаша эладита кхолла тарлора. Нежибате цкъа-шозза бераш ша йолчу а даладайтина, цига вахара иза. Амма цигахь а уьш хьаста а, царах марзо эца а аьтто ца хилира. Цул совнаха, бераш а херадевллера цунах. Жимахйолчу йоIана, иза мила ву а, ца хаьара, ткъа важа шиъ а хьоьжура цуьнга хийрачу стаге санна. «Со а волуш Асета Лаидана тохар диц ца делла-техьа кху шинна?» – олий, хеталора СаIидна, и шиъ шега гома хьаьжча. Хаац, царна-м, амма СаIидна-м диц ца лора и де. Мелхо а, де-дийне мел дели, цуьнан садууш, карладуьйлура. Цунна сих-сиха гIенах гора юьхь цIийша а юьзна, воьлхуш, са а озийна лаьтта Ланд а, цунна гонаха хьийза Нуржан а.

«ХIаъ, кхин хан ца йолуьйтуш, сайн доьзална тIеверза веза со, – бохура СаIида шега. – ХIинца цаьрца велхьара, хаза йовхачу чохь, кIедачу меттахь Iуьллуш хир вара со. Курсам хир яра: «ХIун кхоллур яра ахьа?» – бохуш, гонаха хьийзаш. Ткъа хIинца, цхьаммо тергал а ца веш, массара дIа а тесна Iуьллу со. Шийла, боьха чоь. Вуьжу мотт а бац цкъа а самсабоккхуш. ТIера бедарш йиттаза хийла хан. Амма хаац-кх, юха Курсамна дуьхьал муха хIуттур

ву. Аса лелийнчу гIуллакхашна цо гечдахьара, хIинцачул тIаьхьа ма дика хир вара-кх цуьнца со».

Малх стигала хьала мел айало корах чуеттало зIенарш, кIезкIезиг йовш, дIаяйра. ХIинций-хIинций хьалагIотту бохуш, мало еш Iуьллура СаIид.

«Кхин хьем ца беш, и чохь Iен цIеношш а доьхкина, Курсам шен берашца кхуза схьаялор ю аса. Асетаца дерг тахханехь дIахадо деза. ТIаккха сайн доьзална тIеверзар а, декхарех цIанвалар а хир ду», – аьлла, сацам бира цо. Чуьра шело а, шегара мало а, могуш вацар а ца тергалдеш, хьала а гIаьттина, сихха бедарш тIе а юьйхина, аравелира СаIид.

ТIеара буьйса. Стигал екхна яра. Беттан серлонгахь ша мадарра гора массо а хIума. Юрт йижаза яра. МаьI-маьIера схьахезара кегийрхойн самукъане беларш а, буьйсана цхьацца нхьа сакъера гулбеллачу мехкарша лоькхучу кехат-пондарийн аьзнаш а. Буьйса шийла яра. Шена тIера еха драпан пальто хаа а ца луш, шеллора СаIид, цецах санна, цунах чекхъюьйлу шело даьIаххашна тIекхочура. Лергаш а, меран буьхьиг а зийзара. СаIида шен болар сихдира.

Тахана хIинца шозлагIа вогIура СаIид Эсимат йолчу. Iуьйрана вача, Асет гойла а ца хилла, сарахь цуьнга схьакхайкхар Эсиматна тIе а диллина, чу ца вогIуш юхавирзира иза. И де чекхделира цуьнан Зинин деца, молла Къосамца, шена Курсам юхамагор дуьйцуш.

Кех чоьхьаваьллачу цунна дуьхьалкхийтира чуьра араяьлла йогIу Эсимат.

– СаIид, хьо вац хIара! Валол чу, со цаца бахьаш йола, – аьлла, лулахошка йолаелира иза.

НеIарх чоьхьаваьллачу СаIидна, гIийла йогучу пеша тIе цхьаьрсан гола а товжийна, хиъна Iаш Асет карийра. Ца яьллачу денна кхунна хьала а айаелла, кIес тоьхна, охьахиира иза. Вист а ца хуьлуш, стоьла улло лаьттачу гIанта а хиъна, чухула бIаьрг туьйхира СаIида.

Дерриг а ши шо хьалха санна дара. Пенах кхозуш хIетахьлерра шаршош а, суьрташ чохь долу гур а, терхи тIехь лаьтташ гай чу таьIна кIудал а, пеша кьалха Iуьллуш миндар а... Бакъду, цаьрца а дикка хийцамаш хиллера. Шаршош а басаевллера, гурана дилли-

на ангали а иккхинера, миндарна а масех йома тIекхеттера. Оцу хIуманашка хьаьжча, ша Асетаца сакъерар а, иза ялор а карладелира СаIидна. Цуьнан бIаьргаш Асетана тIехь севцира. ХIинцца бен тидам ца хилира цуьнан иза цкъа а ца кечъеллачу тайпанара кечъелла хиларан. Цунна тIехь яра тохара СаIид эца ца тигначу панбархатан коч, коьртахь тиллина можа косынка, юьйхина лекха кIажаш долу туфлеш, халла бен пастарех ца къаьсташ капронан пазаташ. Цхьа коч йоцург, ерриш а СаIида эцна хIуманаш яра цунна тIеранаш. Чиркхан серлонан зIенарш лепара лергарчу шалха хIоьънашна а, кочарчу дашочу мидална а, пхьаьрсах доллучу дашочу сахьтана а тIехь. Ши шо хьалхачул хаза а, дегI дуьзна а яра иза. Амма цуьнан юьхьа тIехь тахана гуш дацара тохарлера стаг Iехо, самукъане эсала елакъажар а, стеган дегIе зуз хьодуьйтуш, даг чу безаман цIе юьллуш долу бIаьргийн ира хьажар а. ХIинца цуьнан юьхь цхьа кхоьлина, оьгIазе хетара СаIидна.

«Шина шарахь марехь Iийча, хьалхачул тоялар, хазъялар бен, цуьрриг эрча ца яьлла-кх хIара» – аьлла, дагадеара СаIидна. ТIаккха шена хьалха стоьла тIехь лаьтта жима куьзга схьа а эцна, цу чу хьаьжира иза. Куьзгана чуьра СаIиде ахьахьоьжура кIай-можа, оза, еха юьхь. «Со-м цавевззарг хилла, – меллаша охьахIоттийра цо куьзга. – Сан доьхначу дахарна бехкениг-м хьо йилбаз а, хьо суна тIаьхьахIоттийна и Эсимат а юй», – бохуш, шен дагахь цушинна лера иза.

«Сан а бу бехк, Iехавеллачу. Кеч а елла еаний-ца! Со шех хьего ойла ю. Цуьнан хIилла! Амма хIинца-м Iехалур вацара со, хьо дашо а хилла дIахIоьттича а».

«Аса хIинца-м сайх хьегош йорт кхоьхьуьйтур яра хьоьга!» – бохуш, ойла йора Асета а. ХIинцале а иза кечъеллера СаIида шега дендолчу къамелана а, хеттаршна а жоьпаш дала.

И шиъ вовшашка дист ца хуьлуш хиъна Iаш кхо-йиъ минот елира. Чохь йолчу тийналлехь СаIидна хезара Асета сихдина доьIу са. И тийналла дукха яхъяла йоьлча, Асете вистхила ойла хилла, шен йиш тоярхьама, йовхарш туьйхира СаIида. Амма цуьнан бага гIаьттина ялале арахь когийн тата хезира, цаца а карахь Эсимат чоьхьаелира.

– Шу ма тап-аьлла Iаш ду? – хаьттира чуеанчо.

– Шен долчо дийца деза, сан дийца а, дита а дац, – жоп делира Асета, СаIид вистхила кхиале.

– Дийца хIума-м сан ду, – элира СаIида. – И дийца хьоьга схьа а кхайкхина.

– Делахь дера деза, дукха дах а ца деш, чехкка схьадийца.

– Мегар ду. Со а вац къамелана башха тIера. Хьо цIа хIун галдаьлла еана, дийцал цкъа суна.

– Иза-м хьуна хьайна дика хаьара.

– Суна хууш-м дац хIумма а.

– Цундела суна хаьа аша лелош дерг. Дукха хан ю хьан даснанас, со дIа а яхийтий, Курсам цIа ялае хьоьга боху. Юьхьанца-м, хьох тешаш, уьш тергал а ца беш Iийра со, ткъа дада лаьцчахьана хьо-хьо а тIаьхьавелира цунна. Церан а, хьан а дагара сайна хиьча, цIа еана-кх со. Со юьгучу хенахь делла хьайн дош лардан стогалла ца хили хьоьгахь. Кхин къонах воццчу хьоьгахь Iер хьарам ду зудчунна, – бохуш, бага етта йолаелира иза.

– ОьгIаз ца оьхуш дийца, Асет, хьо-м дукха сиха яй. СаIид хьайга хIун ала гIерта, хьажа, – Асетан къамела юкъаюьйлира Эсимат.

– Хаза аьлча а, вон аьлча а, – кхин СаIидан керта ког ловзор болуш яц-кх со. Кхузахь дахдина дийца оьшуш хIумма а дац, – доцца хадийра Асета.

Цо аьллачу дешнаша кхин тIе а карзахваьккхира СаIид. «Со шега цIа йола ала веана, моьтту хир ду кхунна. Ма бакъ дац-кх иза, дан-м!»

– Къамел дах а ца деш, хьо а эцна дIагIур ву со-м, – аьлла, ца вешаш, велакъежира СаIид, амма цуьнга хьоьжуш йоцу Асет цу дешнийн дуьхе ца кхиира.

– Юха бохург хьехо а ца оьшура. Цхьа-ши теш а валавай, хIокху делан сохьта цIе тасал сан. Кхоам бара хьан Курсаман майра ца хуьлийла!

СаIид кIажваххана велавелира. Цецъяьлла Асет цуьнга хьаьжжинчохь йисира. Цунна гира, СаIидан йоьлучу юьхьа тIехь оьгIазло а, цавашар а. Цуьнан хьажаро оцу буса дуьххьара кхерам тесира Асетан даг чу.

– Кхоам бара цуьнан хьан зуда хуьлийла, ахьа аьллехьара, и нийса хир дара, – элира СаІида, шен велар саца а дина. ОгІазаллех буьзна болу цуьнан ши бІаьрг цІарх богура. – Бан а бу Курсаман сан зуда хуьлийла кхоам. Суна тІаьхьа хиира иза. Со санначун зуда ца хуьлуш, цхьана дикчу къонахчун цІийннана хила езара иза. Хьо йовззалц цуьнан мах ца хиира суна, Асет. Эрна ца аьлла, «цкъа къаьхьаниг ца Іаьвшича, мерзачун чам-ца хаьа»... Цхьа наггахь бен карош доцу жовхІар хиллера Курсам, хьоьца юьстича, амма хама ца хуучу аса, тІе хьо а йигна, цуьнан хам-пусар дойура цхьана мІаьргона.

Иштта дешнаш СаІидера дуьххьара хезаш дара Асетана. Массарал а ша лакхара хеташ, кура дог-ойла йолчу цуьнга ца ладал-лал хІума дара СаІида аьлларг. Цкъа ойла хилира цуьнан и дов, кхин кега а ца деш, дита, амма сонтачу куралли декъаза дог ца Іара.

– Дера ду хаза жовхІар. Ахьа ша йитча, хьаьдда яхна хьо Іедале дІавеллера. Суна дуьйцу а цахезнарг лелийра цо.

– И хьан зурма ширъелла хІинца, – Асет сацийра СаІида. – Тоьур ду сан лерехь ахьа цуьнан лекхар. ХІумма а ша юхаялоре дог дохуш ца дийцина цо Махьмудовга дийцинарг, берех цаялархьама дийцина. Цо иза дарна аса баркалла боху цунна. Хьайна хьалха диснехь, ахьа къиза дийна хир дара и ши бер. Курсамал оьзда зуда хир яц кху Яьссаца. И санна зуда хьох хир яцара юттуш йича а. Курсамна ала маІІарал хІума дац вайшиннан. Сан галвалар цо Іедале ца хаийтинехьара, со лар тІе ваьлла хир вацара, наха хьехар ца динехь, со хІинца а хьан багахь воллуш хир вара. Ткъа ахьа, – СаІидан бІаьргаш чохь оьгІазе цІе кхерстира, кІай-мокха юьхь цІийелира, – ахьа цунах а, берех а ваькккхина лелий со. Шина шарахь, марш санна, ваа а виъна, цомгуш хилча, жІаьла санна, со дІа а кхоьссина, со да мел верг а эцна цІа еана хьо. Иза ду хьан гІиллакх а, оьздангалла а, сох лозу дог а.

– Шина шарахь хьоьца яьхначу суна-м хьан бахамах нийсса ах дакъа догІура. Аса цІа еанарш-м сайн тІеюху бедарш бен яц, – элира Асета шек а йоцуш.

– Сан бахам а беана Іийна елира хьо. Цхьа-ши эзар туьма пайда хили шун цІенна хьо соьга яр бахьана долуш.

– Иза-м доккха хIума дац, СаIид. Ши эзар туьма дош хеташ Iаш дац тхо-м. Иза хьайна дIаделча, юьтий ахьа со сайн цIахь?

– ВаллахI Iазмор юьтур яра-кх, шиъ тIеделла а-м!

– Делахь, дера еза ахьа со тховссехь йита, – элира оьгIазъяхар тIехдаьллачу Асета. – Хьадал цхьа-ши теш валавел.

– Хьашт доцург дуьйцу ахьа, Асет! – аьлла, маслаIат дан юкъа юьйлира Эсимат. – ОьгIаздахарх шаьш лелийнчунна тIаьхьа дохко девр ду шу. Сих ма ло ший а.

– Цхьа а теш ца оьшу кхузахь. Сайна хьарам йина, нахана хьанал йина аса йити-кх хьо! – элира СаIида кхузза.

Асетан бос байра. Цунна ца моьттучу агIор дирзира гIуллакх.

– Вай, елла яла со делаI! – мохь бIлира Эсиматан. – Ма хьаштдоцург лелий аша! Хьо а сихвели, СаIид. Вай, елла яла со делаI! – бохуш, куьйгаш дIаса а туьйсуш, корта хьийзабора цо, и гIуллакх шена гуттар новкъадеача санна.

Амма дог-м дара доьлуш. «Аса хIинца-м Конже йохуьйтур яра хьо! – бохура цуьнан ойлано. – Мел лаххара а шиъ ах бIе туьмане дог дохийла ю сан хIинца а!»

– Э, ма дукха садитти-кх аса, Эсимат. Тоьур ду хIинца. Иза чекхдели, – аьлла, хьалагIаьттира СаIид. – Со дIавоьду. Шун Iодика хуьлда.

Асетан дегI, тхьуздоьлча санна, доьхнера, охьайижа а, елха а дог догIура. Эсиматна хьалха шен бIаьргех хи даларна кхоьрура.

ДIавоьдучу СаIидна тIаьхьаяьллачуьра Эсимат чусача, араяла сихъелира Асет.

Шен гIуллакх иштта гIайгIане доьрзур ду бохург дагахь а доцуш, дика кеч а елла, жимма сакъоьруш Iан дагахь еанера иза кхуза. ХIинца цуьнан дог ца догIура Эсиматца хиъна Iен а, цуьнан хабаре ладегIа а.

ЭПИЛОГ

ДIаделира шийла Iа. Шелоно гIелйина набарна йийшина Iаьхкина хилла ораматаш а, дерзина дитташ а самадохуш, тIееара хаза бIаьсте. Дерриг а Iалам денделла, сенделла, зезаго кхелина дIахIоьттира. Къорза куз санна, гуш яра раьгIнийн басеш, ирзеш,

цанаш. Стагана дуьхьал хьовса эхь хеташ санна, шайн хаза кортош лаьтта охьа а кхийдош, сийначу бацалахь эсала техкара бес-бесара зезагаш. ХІаваэх бІаьстенан цІена, хаза хьожа етталора. БІаьстенца кечлуш долу и хаза Іалам декъала деш, бовхачу малхе маршалла хоьттуш санна, эшарш лоькхуш, шакарш етташ, гаьннаш тІера гаьннаш тІе кхийсалуш декачу олхазарийн гІовгІано дуьзнера хІаваъ.

Оцу хазчу дийнахь СаІидан бешахь олхазарийн эшаршца цхьаьна декара берийн самукъане аьзнаш. Шуьйра дІаса гаьннаш а даржийна, цІечу зазаца кхелина лаьттачу боккхачу Іожа кІел сийначу бай тІе хиъна Іара Курсам. Зезаган курс а ловзош, цуьнан карахь яра жимахйолу йоІ. Кара сара а лаьцна, полларчашна тІаьхьауьдуш лелара Лаид. Дуткъа декачу зевнечу озаца эшарш а лоькхуш, зезагаш лехьош лелара Нуржан. Цаьрга хьоьжучу Курсаман юьхь йоьлура.

Бешана гонахарчу керган йоьхна маьІиг дІакъовла гІерташ хьацаран кІур а хилла воллура СаІид. Оцу дІадаханчу Іай Курсамна тІе дукха нах тийсира цо, иза берта яло гІерташ. Амма цунна ма-моьтту атта берта а ца сара Курсам. Эххар а СаІид дохковаьлла хиларх тешначул тІаьхьа юкъавоьллачу Махьмудовс, Асабис халла бертаялийра иза.

– Шун а, кху берийн а дуьхьа реза ю со юха а цуьнца цхьаьна яха, – жоп делира царна Курсама. – Амма хьалхалера безам юха летар бац сан цунах, тхо эзар шарахь цхьаьна дахарх.

Цхьа бутт а сов хан яра и шиъ цхьаьнакхетта. Курсама дина цІеношш а доьхкина, ша Асетана эцначу цІеношш чу балийра СаІида шен доьзал. Дукха хІума тІехь ца юьсуш, декхарех а цІанвеллера иза. Синкъерам, зуда ялор хІинца дага а ца догІура, малар а дитинера цо. ХІинца иза шен берриг а ницкъ тІебахийтина юкъараллин а, цІера а болх беш вара.

СаІида йитинчул тІаьхьа йолхазза маре яхара Асет. Амма цхьанхьа а шен ирс ца карош, яхна шо а кхачале жеро хуьлура цунах. Асет хІинца а йолуш ю, амма цуьнан куц, тохара санна, стеган корта хьовзош дац. Беснеш чуэгна, гиччошна тІе йис тесна, бІаьргаш, хьалха санна, дела ца къежа. ДІаевллачийн метта тоьхна багахъ масех дашо церг ю.

АХМАДОВ Муса

«САТОССУШ, СЕДАРЧИЙ ДОВШ»

(Роман юкъара дакъош)

Хьалхара дакъа

Нохчийчоьнан ламанца йолчу яртех цхьаъ. ХIокху кIоштан коьрта шахьар ю хIара, цундела шозза тIекIелдина цIечу кибарчигийн масех цIа ду кхузахь. Гобаькхина гонаха – тIе хьаннаш евлла аьрцнаш, ткъа царна тIехула гуш – шаш, лайша хьулдина ирачу лаьмнийн кортош.

Ламанан сихачу хин тогIехь мацах-мацах йиллинчу хIокху юьртахь кхо эзар гергга вахархо ву, царах мелла а кIезиг долу дакъа гIуллакххой а, махлелоран белхахой а болуш. И дакъа хIора Iуьйрана, бархI сахьт долуш, юьхь-куьг дуьлий, ламанан цIена хIаваъ муьйлуш, схьакхеттачу малхах, йинчу набарх дегнаш дакхийдеш, дуьхьалкхетачу бевза-безачаьрга хотту салам-маршалла, дукхахьолахь, корта таIорца деш (цуьнца цхьаьна шаьш дукха сиха хилар а гойтуш), хьаьдда райкоме, райисполкоме, райсобесе, райпо, иштта дIа кхийолчу гIишлошка доьдура.

Царах, хIора Iуьйре иштта (мукъа деношца лерича) хьаьвддий-бевддий йоккхучех цхьаъ – Аказ – тахана а юьртбахаман сурсаташ духкучу шен туькана веара, и дIаелла билгалйина хан тIекхача сахьт гергга долуш. НеIарна пурх биллина гIуй, догIа дIа а даькхина, «за-а-къ» олуьйтуш охьа а хецна, туькан чу велира иза, хаддаза шабаршца «лаилахIа-иллаллахI» бохуш.

Кхузткъе диъ шо долу Аказ шен дахарх ах Дела дага ца вогIуш а даькхина, хIокху тIаьххьарчу шерашкахь чIогIа суьпа ваьллера.

«ХIуьа лелийча а, мел дуьненна тIаьхьаидча а, дерриг а дIадер ду-кх, гIан санна. Дела, хьуна бу-кх хастам!» – боху синхаам кхоллалора цуьнан даг чохь кест-кеста хIокху тIаьхьарчу шерашкахь.

Оцу хьолехь ша масазза хуьлу, Аказа, кхин а саьхьарвуьйлуш, Далла гIуллакх дора. Кхетамехь веллачул тIаьхьа шен хиндолу дахар дагалеца хIуттура иза. Амма, мел гIоьртича а, цуьнга билггал кхолла-м ца лора шен сий эхартахь хиндолчун сурт. И дан гIертий, корта а хьаьвзий, шен ойланаш: «Дела, хьуна бу-кх хастам, ма яккхий а, йовза йиш йоцуш а ю-кх Хьан къайленаш», – олий, кхечу тIегIан тIе йохура Аказа.

И тайпа ойланаш цо кест-кеста яхь а, амма цуьнан дукхахйолу хан кхечара дIайоккхура. Уьш дахарх – берех, церан хиндолчух, дан дезачух, шен дIаяьллачу заманах – лаьцна яра.

Тахана а хIокху туькан чу вогIуш хаддаза багахь «лаилахIаиллаллахI» бохуш, шабарш деш хиллехь а, хIинца цуьнан ойланаш геннахь, дахаран йистIойцчу паналлехь кхерстара.

«ОхI, хIун леладо-тепа оцу кIанта... Деллахь, ма цIахь велахь бакъхьа вар-кха иза... Зуда а ялийна, дIатарван веза иза а... Деллахь, хIун лелор-тепа цара, со дIаваьлча? ТIаккха церан берийн бераш а хир ду. Муха хир ю-тепа и тIаьхье? Маржа, и ган йиш хилча. ЭхI, хьо лозу букъ! Жимчохь лар ца йина могашалла ю-кх... Ткъа и ларйиннехь, хIун хир дара? Абаделлалц ваха тарлуш ма вац стаг. Цхьа юьхь ерг чаккхе йоцуш хила йиш ма яц хIокху дуьненахь...»

Иштта яра цуьнан ойланаш тахана, июлан ткъе пхоьалгIачу дийнахь, цо шен мах дIаболош. ТIаккха уьш Iожаллина тIейоьрзура, амма дукха хан ялале юха а, хьалха санна, дахарна а, дахарехь нислучу кега-мерсачу хIуманашна а тIейовлура...

Иштта дIа гонаш дохуш хьийзара ойланаш.

Аказ наха дика лоруш а, юьртахь моллалла дIакхоьхьуш а хиллачу Iабди-Хьаьжин кIант вара.

Ткъе пхеа шарахь Iарбийн дешар а дешна, тIаккха генарчу Макка вахарца шен цIеран «Хьажа» боху шолгIа дакъа лело бакъо а яьккхина, хIокху юьртахь даккхий цIенош а дина, лахенцара (кху юьртахошна хетарехь, дукха коча мотт буьйцу) зуда а ялийна, ваха хиира Iабди. Юьртахь моллалла лелорал сов, цо шен баккхал юхкучу жимчу туьканахь мах а бора. И тыка кхуьнан ворхI чоь йолчу даккхийчу цIенойн малхбалехьарчу цIа чохь яра.

Цо цу чохь кIади а, шекар а, юьртахь йоцу кхитайпа хIума а юхкура паччахьан ахчанах а, и доцуш волчунна даьттанах а, хIоэх а. И тIаьххьара сурсаташ цо, Грозне я Чахкара а хьой, дIадухкура шена бевзачу накъосташкахула а, я кIадица, я кхечу хIуманца хуьйцура.

Iабдин ден да ЧIима Шемалан тIам тIехь ткъе ворхI шо кхача кхо де долуш вийра, шел тIаьхьа кхо шо кхаьчна волу Хьама а вуьтуш. Хьамас кхоъ зуда а ялийра, цара верриг а ткъаесна доьзалхо а вира, царах итт йоI, исс кIант а волуш.

Хьама гIеххьа бахам болуш стаг вара, паччахьан Iедало гIуллакхе а (юьртда) вахийтина. Амма оццул болу доьзал хIумма а ца оьшуьйтуш кхаба гIеххьа таро хиларх ца тоьура. Цундела уггар а жимчу зудчо винчу ворхIалгIачу кIентан Iабдин хьуьжаре деша буьххьехула пIелгаш арадуьйлучу наьIармачашца а, цхьалхачу чоица а эха дийзира. Паччахьан гIуллакхехь а, тIехууш говр а, хаьн тIе оьллина тапча а, даккхий мекхаш а лелош волу цуьнан да буьрса стаг вара, шеца суьпаллех цхьа зирх а боцуш. Цундела иза шен кIантана дика реза а вацара, и «ситтина элпаш» (Iарбийн йоза) Iамош, ламазаш, доIанаш деш, эрна хан яйарна. Оцу динан лехамашка Хьама атта хьоьжура: «Пайда шех схьаболуш хIуманаш дац... Эрна хан йойуьйту хIуманаш ду». Цундела цо шен кIанте а олура: «Цул болх бе, доIанаш дарх бахам кхоллалур бац хьан».

Хьамин Iесалла, хетарехь, малхана, хина, кхечу шайх дахар лаьттачу «коьчалшна» корта биттинчу генарчу дайшкара схьайогIуш яра. И генара цуьнан дай, дан дезарг сов ницкъболчу, шайна гуш а боцчу, шайца бистхиларца а, кхечу кепара а цхьа а зIе а йоцчу, амма, кхарна хетарехь, билггал болчу деланашна тIе а ца дуьллуш, шаьш деш а, майра а, тIах-аьлла а, мел лекхачу, буьрсачу (и иштта мел хили а, дикахо а ду мостагIий тIецакхачийтарна) берда буьххьехь маситта дол лекха бIаьвнаш а, гIаланаш а юттуш баьхна бара хийла-хийла хьалха дуьйна.

Хьама иштта Iеса хиларан кхин цхьа бахьана а дара, хетарехь. Иза цуьнан могашалла яра. Доккхачу могашчу дегIо шега ла ца доьгIуьйтура дега. Оцу дегIан тайп-тайпана лаамаш кхочушбеш я кхочушбан гIерташ дIайолура дахаран дукхахйолу хан. Кхин док-

кха ирс Хьамина эша а ца оьшура я, ишттаниг дуйла, цунна хаа а ца хаара.

Хьамин массо а кIант, цхьа Iабди воцург, шен дена ма-лаара вахахиира, зударий а балийна, латта а, даьхни а лелорца шайн доьзал а кхобуш. Iабдис шена кхин некъ хаьржира. Цундела цунна да реза а вацара, цул сов, и шен даг чохь, стенна делахь а, мелла а ийза а лора шен кIантах.

Iабдин, хьуьжарехь дешна волавелла дукха хан ялале, мутаIеламашна а, молланашна а юкъахь, Iарбийн йозанах а, Къуръанах а дика кхеташ ву аьлла, цIе яхара. МутаIеламаша хаза а хеташ олура цо яьккхина йолу хIара дуьне тIаьхьало йоцуш а, эхартана гIуллакх дан дезаш а хилар чIагIдеш йолу назма. Ткъа назманан кепехь йоIе кехат Iабдисчул дика ца яздора цхьаммо а. Цундела цуьнан доттагI хуьлура йоI мел езаелла мутаIелам.

Iабди дешна ваьллачул тIаьхьа ДегIастанахь а вевзаш молла хилира, хьуьжарехь хьеха а хьоьхуш, юьртарчу маьждигехь жамIатана хьалха а волуш. И иштта вевзаш хиларан бахьана цунна Iарбийн дешар а, шарI а дика хаар хилла а ца Iара, иза Iабди дика бахам болуш хилар а дара. Цундела лахенцара а, ламанцара а молланаш кест-кеста хуьлура Iабди волчохь хьошалгIахь. Жижиг-галнаш, даьттагIа, чIепалгаш, кIайн бепиг, шекаран чай даим а хуьлура цуьнан хIусамехь хьешашна хIоттийнчу шуьнехь. Iабди, генарчу Макка а вахна, хьажо а хилла, цIа веача, цо туька а йиллира, шен ворхI бIе гергга болчу уьстагIех хуьйцуш латтанаш а ийцира юьртахошкара.

Шайна оьшучунна комаьрша а («ХIумма а дац, ахча хьайн хилчхьана схьадохьур ахьа, исхарин кIади ю хьуна, хIара меллалц лаьтта а ца хаьа...»), тIеюхучу хIуманца а, боккхучу когаца а, олучу дашца а оьзда волу Iабди-Хьаьжа дукха хан ялале юьртарчу наха, Дала цхьа дика дина стаг ву иза бохуш, вийца ваьккхира, цул тIаьхьа уггар беза дуй а цуьнан цIарх буура цара.

Iабдин ден Хьамин валар обаргийн карх хилира. ХIинц-хIинца а дуьйцура цунах лаьцна наха.

Хьуьнха веача, лар а вина, Хьама кхаа обарго схьалецира.

Хьаннаш юккъерчу жимчу ирзу тIе дIа а хIоттийна, некхан уьн тIе топ гIортийра цунна обаргаша.

– Хьама, ахьа лацийтина тхан накъост Беччаркъа Сибрехахь веллий, хаьий хьуна?..

– Дуьйцуш хезна...

– И хьайн бехк лорий ахьа?

– ХIан-хIа.

– Ахьа ма лацийтина иза.

– Аса ца лацийтина, и лаца баьхкинчу салташна гIо дина аса. И сан болх бу.

– Белахь, неIалт хилла болх бу-кх.

– Стенна? Шуна неIалт бохурш а бу.

– Тхо доьхначу дийнахь девлла ара. Тхайна тIетаIийнчу харцонна кIел ца совцуш.

– Эшийн ткъа аша и харцо? Нехан даьхни кхийларх, базара воьдург-вогIург хьийзорх тулий нийсо?

– Оха мискачу нехан хIумма а ца яьхьна.

– Нехан хьоле хьоьжучул, шайн мискалла дIакхехьа. Церан бехк ма бац хьо, Iаха, шайн юьртахь тIевеана хиларан. Церан бехк ма бац, Мовла, хьан ден дас шен латта даьхнех дохкаран. Нехан бехк ма бац, Къайсар, хьуна къахьега цалаарх.

– Хьан метта хилча, со кIезиг луьйр вара.

– Аса, гор а хIоьттина, дехар дийр дара.

– Аса дийр дац иза. Тахана охьайилла лелийна яц Хьамас шен къонахалла.

– ТIехьаверза, суна хала ду, хьан бIаьргаш гуш, топ тоха.

– Хьама, Iожаллех кхера а велла, зуда санна, тIехьавирзинера боху хабар лам чохь даьржар дац. Схьатоха.

Хотеш екош елира топ.

Хьама вийна аьлла долчу хабарца цхьаьний кхечира юьрта цо ша веле хьалха дина майра къамел а. Оцо Хьамин цIе турпалхочун дарже яькхира нахалахь.

Хьама дIаверзийна дукха хан ялале, Iабди-Хьаьжас схьагулбира шен берриг а вежарий. Цо цаьрга дIахьедира, ша царна ден чIир лаха доьхкуш хилар. Цаьргара чIир Дала Ша оьцур ю, элира цо. Iабди-Хьаьжа цо дешначу Iилманан дуьхьа лоруш болу вежарий дукха хала тIетайра цунна.

Иза а дуьххьара дара нохчашна юкъахь – дехар деш цхьа а воццушехь, стаг витар. Иза доккха хабар а хилла даьржира лам чохь. Ткъа Хьама вийна масех бутт баьлча, цунна топ тоьхна бIаьрг боцу Iаха бердах вахна хIаллакьхилар, Iабди-Хьаьжа цхьа кьайле йолуш ву аьлла, тидира наха.

Аказан шийтта шо дуьзча, Iабдис иза, цхьаъ бен воцу доьзалхо, лахенцарчу цхьана йоккхачу юьртара шена вевза молла волчу деша вахийтира. Цо цигахь цхьайтта шарахь гергга дийшира. Дийшира аьлча а, ловзаршкий, синкъерамашкий оьхуш, мехкаршна хийисте а вуьйлуш, волавелла лийлир-кха. Нагахь цIера дIавоьдуш, Iарбийн массо элп девзаш хиллехь, цхьайтта шо дIадаьлча, цунна Къуръан деша а, маьIнех а кхеташ, Iарбийн иттех сов дош а, масех аят дагахь а хаара. Аказ кхидIа а деша дезаш вара, коьрта чу цIий хьадар бахьанехь цIаьххьана да а кхелхина, шайн юьрта юхаван а, цIийнан корта а хилла дIахIотта а ца дезнехь. (Иза Россехь паччахь вохийнчул тIаьхьа нийсса бархI шо даьлча дара.)

Iабдис гулдинарг цуьнан дуккха а болчу вежарша дIаса а озийна, Аказан цуьнан дола дан а, и кхио а хьуьнар а ца тоьъна, цхьакIеззиг доцу дакъа ца лерича, сихха чекхделира.

Аказе шен ден юьхь-сибат кхаьчнехь а, цуьнан амалан коьрта башхаллаш – тIалам болуш хилар, бахам лело хаар, кхиерш а – ца кхаьчнера. Цу тIе, хенаш Iабдис санна бахам кхио таро йолуш а яцара. Хенаш хийцалуш яра.

Массанхьа а адам дахар хийца, и къондан хьаьддера. Царна дуьхьалваьлларг хIаллакьхуьлура, ткъа царна юьстахваьлларг, дахарна а юьстахволий, дийна воллушехь веллачун меха хуьлура. Цундела, церан доккхачу хих а тоьхна, дIадахийта дезара ахьа а хьайн шовда, хьо а церан хорша вала везара, дахар дендечу гIуллакхашкахь дакъалацархьама, эрна ца ван.

Аказна билггал цахаара, кху маьлхан дуьненахь хуьлуш дерг хIун ду, амма цуьнан кхетамо, даго къайллехь хезаш доцчу озаца хьеха-м хьоьхура цунна, ша хIун дича нийса хир ду. Цундела иза, Iарбийн дешар а дитина, ша латинийн, оьрсийн элпаш а, уьш вовшахтийса а Iамийна, йохкархочун курсашка деша Грозни-гIала

вахара. Уьш чекх а яьхна, юьртахь балха а вахара иза, цхьана дохк долчу гуьйренан буса хийла кIанта церг хьекхош а, Iаьржочу амат-ехь а йолу ткъа шарера Зайна а ялийна, ваха а хиира, шен къена нана Азман а кхобуш.

Азман лахенцарчу гIеххьа йоккхачу юьртарчу уггар а жимчу, гIийлачу тайпанах яра. Бакъду, цхьана хенахь церан тайпа уггар а тоьллачарех цхьаъ-м хиллера. Майра, цIе йоккхуш, лахенца санна, хIокху ламанан кIоштахь а бевзаш, хIинца а наха хьехош бара оцу тайпанара кIентий. Амма, стенна делахь а, хIокху тIаьххьарчу шовзткъе итт шарахь церан боьрша нах ца кхуьура: къенанаш цамгарех а, вуьш тIамехь а, нахаца Iитталучу Iоттабаккхамашкахь а хIаллакьхуьлура. ХIинца царах диснарг иттех сов цIа бен дацара. ХIетте а уьш, шаьш кIезиг белахь а, доьналла долуш а, дахарехь дика ларош а схьабогIуш бара.

Юьртахь церан тIаьхье цакхиаран бахьанех лаьцна тайп-тайпана дуьйцура. Царах цхьаъ иштта дара.

Мацах-мацах хьалха кхеран тайпанан цхьана дас (хIорш хIетахь лам чохь Iаш хилла) дацо шайтIа лаьцна хилла. (ШайтIанаш хьалха нах санна гуш лелаш хилла, боху.) Цо иза масситта шарахь даца а дина, шена бIаьвнаш юттуьйтуш, дечиг кхоьхьуьйтуш. Эххар а шена тоьхна хан чекх а яьлла, дIадоьдуш, оцу шайтIано сардам боьллина ша хьийзийнчу стагана: «КIур ма болийла хьан цIийнах», – аьлла. ХIетахь дуьйна церан тайпанан мегарг тIаьхье а ца кхуьура.

Оцу хабарх Азман а тешара, бакъдолу бахьана шена цахаарна. Иза да а, ваша а воцуш шен цхьалхачу ненаца Iаш яра, лам чуьра къона а, хьаллий, хаза юьхь-сибаттий долу молла шайн хин коьрте хIитта воьлча. Иза Азманна тIехьаьвзира, ткъа йоIана, и дуьххьара ма-гиннехь, везавелира. ХIетте а цо ша юьгур ю бохучух теша-м ца тешара иза: «Хьалдолуш а, доккхачу тайпанах а волчу цо муха юьгур яра цхьа миска, къен йоI?» Цундела и бакъал цец а елира, и теша а ца тийшира:

– Вайшиъ вовшашна девзина гIеххьа хан а ели, хIинца соьга ян хан йилла еза ахьа, – боху дешнаш еттинчу хьаьжкIийн хьожа лаьттачу цхьана гуьйренан сарахь Iабдис, шен холхазан сира куй хьалха чу а тоьттуш, шега аьлча (и суьйре малхбузехьара стига-

лан йист геннахь гучу аьрцнел лакхара цIий а елла, хьаннаша дешин бос а эцна, хаза яра).

Цуьнга маре а еана, яха хиъча а, доьзалхо хилча а, цул тIаьхьа гуттар а Iабди, ша цуьнга ца кхочуш, лекхачу сий-ларамечу даржехь хетара Азманна.

Иза иштта чу даржехь а, хьоме а хетарна цо хала лайра майрачух гуттаренна а къастаран во. И бохам цунна мелла а байбелира, Аказа зуда а ялийна, цуьнан цхьа йоIIий, ши кIанттий доьзал хилча. Амма и ирс а кхуьйлира ненан. Дуьнен чохь тIом белира. Аказ тIаме вахара.

ТIамехь Аказа тIом дIабала цхьа шо диссалц тIом бира, гIашсалти а хилла. Ткъа тIом дIабала цхьа шо дисча, цунна хIара дерриг а дуьне (хIинца шозлагIа) цкъа хьаьвзира, тIаккха, барула-мажделла, жимделла, кхуьнан бIаьргаш хьалха сецира, тIаккха – бодаш, къора бодаш. Меттавеача, цунна ша госпиталехь карийра. Цигара ара иза тIом дIабаьлла цхьа шо даьлча велира, гIеххьа могашалла меттахIоьттинехь а, дегIаца масситта грамм даш а дуьсуш, керла накъостий а, керла лазамаш а бевзина.

Юхавирзича, шен кхерч, дуккхачеран санна, шелбелла карийра цунна. ТIом болуш а, и дIабаьллачул тIаьхьа а шайга хIоьттина бала, халонаш Iиткъина, хIаллакьхиллера цуьнан доьзал. Иза цунна балаза дийна бисначу юьртахоша дийцира. Аказ доьлхучу дагца дистинчу хе дIадаьхьначу шен тIайна метта керланиг тилла вуьйлира. Иза дIакхийтира тIом бахьанехь шайна юха керла баннаш ян дезачу йоккхачу адамийн тобанах. Хала а, атта а вовшахтуьйхира цо и бен. Цунна и дан гIо дира цул пхийтта шо жима йолчу Алубас. Кестта церан хIусам кхин а серлаелира, доьзал кхиира – цхьа йоIIий, цхьа кIанттий...

Шен суьлхьанаш хьарччийна кисана а доьхкина, туьканан хьалхара лаба – жима гIопаста – бухара гIорториаш дIа а нисъеш, хьалаайъира Аказа. ТIаккха чу а вахна, хIума йохка доккха даькхинчу корехула ураме дIа ара а хьоьжуш, охьахиира иза.

Урамехула тIехбовлучара: «Болх дIаболош вуй хьо, Аказ?», я «Iуьйре дика хуьлда хьан», я «Ассалам Iалайкум» бохуш, маьхьарий деттара, цо царна жоьпаш лора. Цу салам-маршаллех, хета-

рехь, Аказ чIогIа воьллера, цунна и, молу хи я буьйсана ен наб санна, дахарехь ца хилча цадериг дара.

– ... Картолаш юй, Аказ?

– Дера ю. Маса кила еза хьуна?

– Кхо кила.

Аказа кхо кила картолаш а оьзна, эцархо дIаяхара.

И дIаяхна итт минот а ялале хаьттира Аказа:

– Зараъ, хьо хIунда сана?

ЧIаба еш охьахецна хьаьрса месаш а, таьIна-сийна ши бIаьрг а болу йоI елакъежара. Иза еккъа-цIена бIаьстенан юьхь яра – дахарх кхехкаш, йоккхаерах, хазахетарх юьззина.

– Со мамас цхьа-ши кила картолаш ян яийтина, – элира цо. – Неца ю, бохура, хьалайогIур йолуш.

– Ахча деаний ахьа?

– ХIан-хIа, хьоьгахь хир ду, бохура.

Аказ, резавоцуш, хьала а гIаьттина, картолаш оза хIоьттира.

Оцу хенахь кхин цхьа йоI а хIоьттира гIопастана хьалха. Iаьржачу аматахь, доьлу бIаьргаш. Аказа иза, картолаш юкъах а йитина, гIопастана тIехула чу а кхевдда, шена тIеозийра: «Ой, хьо мичара ели? Хьо я марша, Айзан», – а олуш.

Зараъ а, цецъяьлла, екха а елла, дIахIоьттира:

– Неца еаний?

– Еана, ма а, дада а веана.

– Къахьим а веана? Иза дика ду. Муха ю цуьнан могашалла?

– Дика ю.

Зараъий, Айзанний, картолаш а эцна, дIаяхча, «кисанахь шайкай юьтур яц-кха оцу зудчо» аьлла, вицвалале ши кила картолех догIу ахча охьадиллира Аказа, шен кIайчу киталан кисанара бохча схьа а даькккхина. (КIайчу киталал сов цунна тIеюьйхина яра вета-туьдург тесна коч а, шуьйра ког болу хеча а, когахь Iаьржа бокеш кIархаш а, коьртахь шляпа а яра. Иштта бе-берсачу хормин тайп-тайпана хIуманаш цхьаьна а ийна дара цуьнан духар, ткъа и юккъерчу дегIахь, юккъерчу дилхалахь, гIеххьа буткъа беха мара а, Iаьржа ши бIаьрг а, дуьхьал урс хьокхуш цIанйина масех хеборо хадийна юьхь а йолуш, безамехь воккха стаг вара.)

Къахьим Аказан бажа вара, Алубел йоккхахйолу йиша Балука а йигна, цу тІе, кхуьнан юьртахо а вара. ХІинца лахенцарчу цхьана овлахь Іаш велахь а, Къахьиммий, изий жима волчу хенахь цхьаьна хьалакхиънера, вовшашца доттагІалла а лелош, тІаккха шолгІа балийна зударий а (Къахьим а, Аказ санна, шолгІа бен болийначарех вара) цхьана цІен тІера а нисбелла, кхин тІе а чІагІделира цушиннан гергарло.

И иштта делахь а, Аказна хІокху тІаьххьарчу хенахь, Къахьим хьаха массаза вин, хьалха жимчохь ша тидаме оьцуш а ца хилла цхьа хІума дагадогІура. Иза цунна хІинца а дагадеара. Амма Аказ цуьнан ойла ян-м ца кхиира.

– Ассалам Іалайкум! Муха ду, совдегар, хьан гІуллакхаш? Вахь-хьаа-хьа! – Къахьиман веларо мерцира Іуьйренан аьхна тийналла.

– Ва Іалайкум салам, вон дац, схьавола, чоьхьавала.

Къахьим, чоьхьа а ваьлла, цхьана яьшки тІе охьахиира, шен Аказан санна йолчу китанан кисанара схьадаьккхина жима кисин йовлакх, ткъе уьтталгІачу шерашкахь яьржина хилла лекха хурашка хьала а айъина, хьацар даьллачу коьртах а хьокхуш.

– И зуда ца Іаш веа-кх со хІокху тевнехула хьала. ТІаккха, муха Іаш ду шу?

– Вон ца Іа. Шуьгахь хІун хьал ду?

– Дика дІадохку. ХІара махлелор дуьтур долуш-м ца хилла шу ЧІимин некъий.

«БогІучохь а, ца богІучохь а бегаш бан гІерташ Іедал ма дуй хьан-м. Хьо-хьайна вела а воьлуш, нахана мухха хетча, бен а дац».

– ТІе эрз тоьхначу лаппагІаш чохь туьхий-сискал Іуьйшучул, махлелор ма тоьлу.

– ХІара дуьне беднякийн ма ду.

– Хьо хІинца-м вац, хьуна, бедняк – и гай кхаба ницкъ-х кхочий хьан.

– ДІавала, наха-м хала къахьоьгу, хьуна, и дІаяхийта гІерташ, йий муьйлуш.

– Тамашийна хІума ду-кх, хьалха сийсаз хилларг хІинца сийлахь ду.

– Деллахь, ма ца оьшуш дилха ду моьтту хьуна хІара.

– Кхин керла хIумма а дуй лахенца?

– Дац... ЭхI, ма хала хийти суна иза велла.

– Мила – иза?

– И БаIдуллин кIант вуьйцура аса-м.

– Дера вели, чехка ма хехкахьара ахьа и машен бохуш, гIагIинцехь и шен нана йоьлххушехь, вала...

– Къоначех чIогIа къахета, баккхийчара-м цхьа дуьне диънера.

– Къоначех къахета... Помидораш? Маса кила еза хьуна? – Аказ, хьала а гIаьттина, помидораш оза хIоьттира.

Иза уьш оьзна ваьлча, Къахьим дIаваха хьалагIаьттира, кху юьртахь хIотта везаш меттигаш ю шен аьлла.

– Суьйрана буьйса яккха вайн цига дIавоьллахь.

Къахьим, шен бIе пхийтта кила долу дегI а техкош, урамехь къайлаваьлча, Аказана юха а дагадеара хьалха кхин башха ша ойла еш а ца хилла долу и мацах-мацахлера цхьа хIума.

Корерчу кирхьанаш юккъехула чуIена суьйренан серло. Иза сонехь лаьттачу ишкапа тIехь яьржа. Аказ оцу серлоне, бIаьргаш хьаббой, хьоьжу. Мацах-мацах, жима волуш, хийлазза Iийна хIара ишгта, суьйренан серло тергалъеш. ХIетахьлера мерза-хьагаме синхаам хаабалийта гIерта иза. Амма цуьнан метта генара, дахаран Iинан кIоргера оцу синхааман аз хеза цунна. ХIара цецволу: мел генаваьлла бераллина. Юха а цецволу: дIадахнарг юхадерзо гIерташ хилла-кх хIара, и дан йиш йоцийла хуушехь. «Маржа-яI, маржа-яI...» – шабарш до цо.

– ХIахI? – шен стака хьала а ойъий, чайнах къурд бо Къахьима.

Аказна го и суьйренан серло стакан чохь. Къахьима дIамолу иза, чайнан метта.

– Ахьа хIумма а-м ца элира? – юха а чайнах къурд бо Къахьима.

– ХIан-хIа...

– Хийцалуш лаьтта адам, – чIепалган дакъа а кхоллуш, къамел дан кечло Къахьим.

Хийцаделла иза-м. Хийца ца деллехь, хIара шиъ Iийр варий ишгта? Дуьхь-дуьхьал а хиъна, къамелаш а деш, чай а муьйлуш? ЧIепалгаш а дууш? Шовзткъа-шовзткъе итт шо хьалха Iийр вацара. Нийса ду-кх и, хено муьлхха а чов ерзайо бохург. ХIан-хIа,

ерза ца йо. Цхьаммо а ца ерзайо синан чов. Хено дIавулуьйту оцу чевнах, къера а вой, бухасоцуьйту. Базар хуьлу цунах? Кхунах а ца яьлла оцу йоккхачу чевнан хьу дIа, маситта шо даьллашехь.

Аказан тидам хуьлу Къахьим чай муьйлучуьра сецна хиларан. Цо шен аьтту куьг хьоькху куза тIерачу гаьн тIехь Iачу хьозанна. Цуьнан дассаделлачу стакане а хьожий, Аказа мохь туху:

– Схьайола, чай дотта!

– ПаргIат мел дели, галдолуш лаьтта адам, – къамел кхидIа дан кечло Къахьим.

ПаргIатдаларх дуй-теша иза? ПаргIатваьлча а, хало ловш а цхьаъ хуьлу стаг. Шен нигате хьожжий хуьлу. Дикчу нигатца араваьлларг, хало тIехIоьттича а, шен нигатна хьанал хуьлу. Нагахь и нигат моттаргIа а йоцуш, баккъал а хиллехь.

Маржа, Баснакъа, яI! Мацалла ахьа санна лан езар-кха. Хьайна уллорчарна тIаьххьара сискалан юьхк дIа а елла, гоьл тIе кор а баькхкхина охьа а хиъна, вела а къежаш, велла хьо. ХIетахь, со бер долчу хенахь, дукха луьйш а, хаза бегаш болуш а ву бохуш, хьахавора хьо. Шен нигате хьаьжжина хуьлу стаг. Кхакханан кетар а, неIармачаш а юьйхина, хьо хьайн ирзухь бежанашна тIаьхьаваьлла лелачу хенахь хьанна дагадогIур дара, хьан даг чохь и сирла нигат ду бохург. Хьо, иза ца дохош, дахарх къаьстина. Оцу халчу хенахь. Дас бераш, бераша да дIакхуьйсучу заманахь. Къонахий белла. Дукхахберш. Уьш а ца бала йиш яц. Цара ца хуьйцу шайн нигат цкъа а.

ХIокхуьнан ялх бер, зудий а хIаллакьхилла. ХIара, Къахьим, висна... ОстопируллахI, шайтIано хIун дага ца доуьйту! ХIан-хIа, мегар дацара стагах вон ойла ян, хьайна цунах хууш хIумма а ца хилча. Дала ларвойла цу къинах.

ХIетте а...

– Дерриг а стеган нигате хьожжий хуьлу...

– ХIан-хI? – шен къамел сацадо Къахьима.

– Дерриг а нигате хьожжий хуьлу.

– ХIаа, хIаа, – олий, кхин вист а ца хуьлуш, шен чай мала хIутту Къахьим.

Ши йиша дехьа чохь Iа.

Балука тера ю шен йишех – хьаьрса месаш а, сийна ши бІаьрг а. ЭгІаза а, тІах-аьлла а. Алубел ши шо йоккха а.

И шиъ ю лула юьртахь вехаш хиллачу ЧІоккамаран бархІ доьзалхочух тІаьхьайиснарг. Накхармозий а, даьхни а, латта а лелош волчу ЧІоккамаран, хІума хуучу нахе мел дарбанаш леладайтарх, кхин боьрша бер а ца хилира. И ца хилира цо керла зуда ялийча а.

БІешерашкахь дуьйна схьа боьрша бер цахилар боккха бохам бара доьзалехь. КІант тайпанан хІу а, цуьнан кхерчара цІе а ца йойтуш, дайн сий а лардеш, церан хьуьнаре дахар дІакхехьа дезарг вара. Муьлхха къена нохчо ша валар чу вирзинчу хенахь а велакъажара, шен кІентан кІант хилла аьлча. Цо доккха са доккхура, цуьнан са паргІатдолура: хІара, кхуьнан тайпа дІадер дац, гуттар а дехаш хир ду. Цуьнан тІаьхьено хІора бІаьста ялташ дІадуьйр ду, зударий балор бу, бохам тІехІоьттича, тезеташ хІиттор ду, ловзарш а... Зудабер а дара лекхачу даржехь. Амма и шатайпа ларар ду. Зуда цІеналла, оьздангалла юстаран барам бара. Зудчунна дуьхьал шиъ стаг воьра... ХІетте а, йоІ нехан цІен тІе дІаяха езаш яра, нехан кхерч бохбан. Цундела боккха дагахьбаллам а, сингаттам а болуш кхелхира къена ЧІоккамар.

– ... Айзанна дидеронан йовлакх ийцира аса даханчу базардийнахь.

– ХІун делира ахьа?

– Ув-вай, нийсса кхоъ мах боккху-кх цара.

– Заринина Хасис деанера иза Іаьн тІехь ша Москохара цІа вогІуш.

– Айзанна а да хІунда ца элира ахьа?

– Аьлла аса, масех да аьлла.

Хаси, Зараъин воккхахволу ваша ву, Москвахь доьшуш. Ткъа Айзан ша цхьаъ ю ден-ненан. Цундела иза сов хьоме а, езаш а кхиайо цара.

– Шипонан коч ийци аса Айзанна.

– Аса а тийгира Зараъна шипонан коч стомара.

Алуба ательехь бедарштегархо ю. Цундела цунна кІади а карадо, ян а хаьа шен йоІана тІехь товш йолу коч.

– Институте яхний Айзан?

– Подкурсашка яхна. Даханчу базар-дийнахь цо сан хьийзор. ОхI-хIай!

– Муха?

– ГIабали эца бохуш.

– Аса бутт хьалха ийцира иза кхунна.

Балука къаьрззий хьожу шен йишега. И бIаьргаш. Чохь резаяцар-хьегар сецна. И синхаам маца гина цуьнан бIаьргаш чохь? ХIаъ. ХIетахь, бIаьстенан юьххьехь...

Iаь гIуьттура дохлучу лаьтта тIера. Ягочу хьаьрдийн, кхаш тIехь яржочу кхеллин хьожа лаьттара хIаваэхь.

– Балука, ялол, тахана аьхна чекхдаккха деза ахьа урд. Со тахана тезета ваха дезаш ву. Биркъиш, миска, дIаваьлла, боху, сийсара. Дала гечдойла цунна. Дика стаг вара иза...

– Алуба стенна ца юьгу? Гуттар а со.

– Иза жима ма ю. Иза чохь йита.

Балукас кхин хIумма а ца олу. Иза резаяцарца-хьоьгуш кхуьнга хьожу. БIаьргаш. ХIинцца хиш гучудевр ду-кх царна чохь. Иза, дIа а йоьрзий, корта а оллабой, боьжна ши сту а лаьллина дIавоьдучу дена тIаьхьайолало.

Алубина ша Балукина хьалха бехке хета мелла а. ХIетте а хIумма ца до, и бехк дIабаккха. Беза болх ца бойтуш, дас-нанас ша хьоме лелор иштта хила дезаш санна, кхин ойла ца еш, тIеоьцу... Иза схха лаьтта бIаьстенан шийла-мелчу махехь. Марзонех дузу цуьнан са, дог. Цунна дерриг товш хета, схьахеза Iоврийн гIовгIа, олхазарийн эшарш, гIа даккха тохаелла беш, дIогахь урда тIехь яьлла го баьццара буц, можа зезагаш. Цуьнан басмин къорзачу кучан юх ловзайо махо.

Дас хьаьжкIаш дIатосу уьрда тIехь. ТIаккха, стерчий лохкий, нахарца дуьххьара бIал а боккхуьйтуш, харш тосу. Нох Балуке дIа а лой, цIехьа волало ЧIоккамар. Кхин накъост а ца оьшу Балукина. Нох лелийчхьана, стерчий шаьш лелар ду, жимма а юьстаха а ца довлуш, кIадделча са а доIуш...

Чай дотта дехьа чу яхале Алубина йишин бIаьргаш чохь юха а гира хIетахьлера синхаам – резаяцарца-хьегар. «ХIинца а дIа ца баьлла-кх цуьнан мацах дас-нанас со, уггар жиманиг, массарел а хьоме лелорна болу дагахьбаллам», – ойла хилира цуьнан.

КхоалгIачу жимчу цIа чу дIадиллинчу корехула чуоьху шийла мела хIо. Оцу хIаваан аьхналла цхьаннах тера хета Зараъна. И мичахь хааелла цунна? ХIаа, хIетахь, Сейнротахь.

Цигахь йийначу картолашна асар дича. Делкъхенахь, йох а елла, шовдан тIе яхна, юьхь йилча. Иштта сапаргIатделир-кха, хIинца санна. Суьйренан хIаваъ шовданах тера ду-кх. Хьажахьа.

– Кехат кхочий хьоьга?

– ХIаъ, кест-кеста кхочу, – проигрыватель тIе керла экъа юьллу Зараас.

– Мичахь ву и?

– Ригехь, морфлотехь.

«...Сирла ойла ломан баса...»

– Кхо шо даккха деза-кх цуьнан.

«...Хьаьжча иза иштта шийла... иштта шийла... иштта шийла...»

– Маха тасабелла хьуна.

– Аса дешийтий хьоьга?

Зараа шен чамди чуьрчу кехатех цхьаъ схьадохьу. Айзан иза деша хIутту, шена юххе а хиъна, кест-кеста ела а къежаш, цхьа дош юкъахдитарна кхоьруш санна Iачу Зараъе а хьоьжуш.

Айзанна важа кехаташ а деша лиъча, Зараъна цкъа дагадогIу уьш цуьнга ца дала, шен цаьрца йолу йовхо, сатийсам, дешча хуьлу там накъостана хаабаларна а, цо царах, шен бакъо йоццушехь, марзо эцарна а кхерало иза. ХIетте а, шен дуьхьа хIуъа а дан кийча цхьа адам хилар дIахаийтича хуьлчу хазахетаро ца юьту. Айзана уьш доьшу, цхьаццадолчу дешнашна тIекхаьчча, шега яздина долуш санна, юьхь тIера цIий а луш. ТIаккха цо шех лаьцна дуьйцу, университете яхча, шена цхьаммо аьлла масех бегаше дош юкъа а лоцуш.

Кестта уьш дIабуьйшу – кхаа чохь.

– Со стохка хьоьца охьаеача, ахьа вийцина...

– Аликкий? Цуьнца-м хIумма а дацара сан.

– ХIунда?

– Иштта, амалш цхьана ца тайра тхан, – схьайоьрзу Айзан.

Кирхьанаш юккъехула корах чуIена беттаса. Цуьнга хьоьжуш, дIатуьй, мелла а хан йоккху шина йоIа.

Дехьа чохь цушиммо дуьйцург хезаш (шина чоьнна юккъехь неІаран метта оьллина кІади ю) Іуьллура Алуба, ела а къежаш, цхьанаэшшара синош дохуш наб ечу Балуке ла а доьгІуш.

– Хьуна наб-м ца кхетта?

– ХІан-хІа.

– Ялохьа, беша ялий вайна?

– ХІунда?

– Хаза ма ду, беттаса а кхетта.

– Уьш массо а самавер ву-кх, неІ йоьллуш.

– Вайша корах ер ю.

«ШайтІанаш, хІун дагадеана хьажахьа», – елакъежа Алуба, ха а хорцуш. Цунна хеза Зараа меллаша рама дІайоьллуш а, кора тІера чукхоссалуш, цушиммо, «дан-дип» аьлла, ши тата доккхуш а.

Сарралц довха лаьттина де тІуьна шийло-мела хІаваъ долчу буьйсано хийцина. Цхьа а марха йоццчу екхначу стигалхула шершина боьду бутт, цо серладаьхна баьццара аьрцнаш, царал лакхахь долу цкъа а аьхкенан тов хаа ца луш, лахенцарчу Іаламан шовданаш, чехка хиш, бІаьрг тоха исбаьхьа, буьрса хазалла ло гуттар а лайх дуьзна лаьтта ира баххьаш долу лаьмнаш. Оцу лаьмнел дехьара, шах гІаланаш йолчу цхьана исбаьхьчу махкара схьаоьхуш санна хета бешахь лаьтта аьхна хІаваъ.

Кхорийн, Іежийн, хьечийн беш юьзна хиллачу а, хилла бовлазчу а стоьмех. Наггахь, тийналла йохош, лаьтта оьгу стоьмаш. Тийналла-м, ю аьлла хетахь а, ян а яц. Кхехкаш бухдуьйлу лаьмнех шовданаш, уьш Органах деттало, Орга, бердех леташ, шен ницкъах, къоналлех даккхийдеш, хьаьдда догІу, аьрцнашца хьалаевллачу хьаннашкахь тулгІенаш етта махо, ткъа уьш (хьаннаш) цхьанаэшшара назма олуш ю хІокху дерриг а Іаламна, аганан илли олуш, ткъа беттасино дайн куьг хьоькху лаьмнашна, хьаннашна, хишна, ека цаьпцалгаш...

Цушиммо буура уьш, мутт Іаьіна стоьмаш, церан дегнаша, дакъаделлачу лаьтто хи санна, худура беттасин серло, шийлотІуьна хІаваъ, хьаннийн назма, шовданийн гІовгІа. Іалам цушинна доьлура. Зезаго хазйина аре санна, царна хьалха Іуьллура шен ерриг а исбаьхьаллица дахар. Церан къоналло оцу дахаран Іаьржа

агIонаш, чолхаллаш, Iоттабаккхамаш, бохамаш, дуьхьал цIенможа кирхьа а оьзна, къайлабаьхнера. Цушинна шаьшшиннан хиндолу дахар беттасино серлаяьхна хьаннаш кхачалуччохь йолчу анайистал лакхара стигал санна сирла гора, иза (дахар) цушинна оцу назманаш бохучу, башха хьожа йогIучу хьаннашкахула а баьлла, дIогарчу анайисте боьду некъ (цу некъан йистаца девлла хир ду цIен, сийна, можа зезагаш) хетара. Оцу новкъахула и шиъ дIаоьхур ю, уллохь цхьацца накъост а волуш.

Иштта дIаоьхуш, цкъа цхьана дийнахь хIорш цхьана малх кхеттачу баьццарчу ирзу тIе кхочур бу. Цу ирзу тIехь, зезагел сов, хилла стоьмаш а, цIийделла цIазамаш а, лилула-сийна стигал а, и стигал санна кIорга, йистйоцу хазахетар а хир ду. Ерриг Iуьйренаш сирла хир ю, ерриг а суьйренаш – цIийелла. Наггахь маьлхан догIа тухур ду, юкъа-кара ткъес а къевкъаш. ТIаккха, догIа дIасецча, ах стигал дIа а лаьцна, стелаIад хIуттур ду; хIорш догIанехула буьйлабелла лелар бу, и дIасецча. – тIуьначу бацалахула когаш а Iуьйра. Ирзу тIехь болчу, чухьаьжча сурт а гуш, сирлачу Iомахь луьйчуш акха бедаш хир ю. ХIокхеран гIовгIанаш масазза хеза, уьш, «лап-лап» бохуш, тIемаш детташ, чубуза орца тIе лахбелла малх болчу агIор дIагIур ю...

Коре а хIоьттина, ши йоI тергалъеш лаьттара Аказ.

Маржа-яI, кхеран ю-кх хан. Кхуьнан хила а хиллий и тайпа хан? Дукха хьалха. ХIун дисна цунах тIаьхьа? Цхьа мерза-лазаме дагалецам бен, хIумма а. ХIетахь кхуьнан а самукъадолура аьхкенан екхначу буьйсанах. ХIорш стерчий дажо оьхура буса. КIорддолц юьртара мехкарий я Iовдалчу Iаьзин тIаьххьарлера бегаш хьехош, кьамелаш а дуьйций, хьаьжкIийн лоьдгех йина чIогIачу томкин цигаьркаш а уьйзий, дIабуьйшура, кIел цхьацца тIелхиг а тосий. ТIе хIума ца тесча а, шел а ца лора хIетахь. ХIинца шелъелла аьхкенан буьйсанаш, дуьне дерриг а шелделла. Я кхунна иза иштта хета-теша? Шелвелларг, дуьне а доцуш, хIара ша ву-теша? Хаац. ХIетахь сатосуш, «цIир-цIир-цIир» олий, хьоза декара. Цунах бIаьргаш схьадоьллура. ТIаккха, хьала а гIоттий, гена доццуш дежаш дохку стерчий а лохкий, тхи диллинчу бай тIехула а волий, цIа вогIура, цаьрца хатташ кхехьа я кхин тайпа болх бан. Оцу хенахь юьртара уггар дика цIийннаной, хьелий а узий, уьш дIалахка боьлхуш

хуьлура, «хьуьйц-хьуьйц, хьох де Дала хайра» бохуш, маьхьарий а детташ; уггар а каде мехкарий, шаьш цхьана доккхачу дикане кхочуш санна, чIогIа бекхалой, цIестачу кIудалиша шовдан тIе оьхура. Уьш стенна белакъежара? ХIинца кхета Аказ цунах. Шайн къоналлех баккхийбеш хилла-кх. Хила йиш юй ткъа дахарехь къоналлел доккха дика? Къоналла, ненан шура санна, мерза ю... Аказ гIеххьа лаьттира шина йоIе хьоьжуш, тIаккха и шиъ, къамелаш деш, бешарчу гIанта охьалахъелча, метта а ваьлла, шен цигарчу дахарх йолчу ойланашна чувуьйлира.

Ши йоI бешара юха корехула чуйолуш шолгIа гIан гуш Iуьллура Алуба. Ткъа Аказ-м хIинца а набаро Iехоза вара, амма и мацах цкъа хилла хIума дага-м ца деара цунна оцу буса, кху чохь нийсса дуьхьал болчу маьнги тIехь наб еш Iуьллуш Къахьим воллушехь. Иза шолгIачу дийнахь Iуьйрана дагадеара цунна, хьеший, шайца де-буьйса даккха Зараъ а юьгуш, охьабахча.

Иза хIара дара.

ЧIимин некъийх волчу Ахьмина хан йиллина йолу хаза Заьлбика ядийна хилла мацах Жоккин некъех волчу цхьана хьенехо. Эццахь вовшашна чуччахьаьдда ши тайпа. Царна юкъа маслаIат дан арабевлла кхечу тайпанах болу нах. Цара и ядийна йоI схьа а ялийна, я ЧIимин некъийга а, я вукхаьрга а дIа а ца луш, шайн хьалхе йолуш волчу Исмайлин хIусамехь юьтуш хилла, довдацар дIадерзо дагахь. Кхин девне ца долуш, йоццачу хенахь тийна лаьттина и гIуллакх, де суьйренга лестинчу хенахь лакха баса а яьлла цхьана зудчо (цхьаболчара иза шайтIа хилла бохуш а дуьйцура, нахана юкъа зулам таса арадаьлла):

– ХIей, ЧIимин некъий, Жоккин некъаша Исмайлин чуьра а яькккхина, дIаюьгу шуна шун зуда! – аьлла, мохь тоххалц.

И хезна, и юьхьIаьржо шайна тIе ца яийта, аьрта ерг ирйина, яьсса ерг юьзна, охьахьаьвдда Шимин некъий. Хьаьвдда боьлхучу царна, цхьана шайн гIуллакхе а бахна богIу Жоккагlар дуьхьалкхетча, баккъал а уьш зуда эцна боьлху, моттаделла. Эццахь вовшахлетта уьш, шаьлтанаш етташ. (ХIинц-хIинца а оцу девнах лаьцна наха дуьйцура, цигахь Iанийнчу цIийх Iовраш хиллера бохуш, веллачун карара йоьжна шаьлта а такхош). И дов цхьана тайпанах ворхI а, вукху тайпанах бархI а вуьйш дIадирзинера оцу

дийнахь. Юха, иза шолгIа гIаттале аьлла, юкъабевллачу лам чохь лоруш мел болчу баккхийчу наха дIадерзийнера и дов.

ХIетахь дуьхь-дуьхьал хIоьттинчу шина тайпанан тIаьхьенех вара Аказзий, Къахьиммий.

Шолгlа дакъа

Арахь дарц хьийза. ХIинццалц мегарг лайн чим тосуш а ца хилла хIокху тIаьххьарчу кIиранах ца соцуш догIу ло. ХIокху чохь шийло ю. Мустделла хилла, Хьасипат, хьан дечиг а. «ХIуп» аьлча, хIун дара-техьа. Иштта мустделла дечиг дагош хIара, Аказ, мичахь Iийна? ХIаъ, хIетахь шина дийнахь ара а ца волуш Iийра оцу шийлачу чохь, мустделлачу дечиган «чIаж-ж» бохучу гIовгIане ладоьгIуш. ХIан-хIа, хIетахь цуьнан бIаьргех ца довлура хиш, уьш кхачийнера. Иза, наггахь гIоттий, коре воьдура. Иза корах дIаарахьоьжура, лайно хьулдинчу Iаламе, дарцо лоькхучу Iаннашка, гупашка. Кхунна, буй тоьхна и кор а дохийна, когаш а Iуьйра дIаваха лаара оцу лайх юьзначу арахула, тIамо массо а мехашна дIадиллинчу, тIекIелтоьхначу шен декъазчу дахаран арахула. Хьуьхьаволлалц, са бага кхаччалц, тIаккха, лай тIе охьа а воьжна, шелонах дIаэн, боданехь ван. Цхьана а хIуманан ойла а ца еш, цхьанна а хьалха жоьпалла а ца воьдуш; массо а хIума дицдан, цхьа а хIума ца ган. ХIетте а хIара чохь сецавора цхьана ницкъо, кхуьнан мустделлачу дечигах летта цIе санна йолчу, лайш юккъехула ирхкъедачу гIийлачу дегайовхоно.

Тахана са ма-тесси хьовзийра Алуба лазарша. Цуьнга хьажа и хIуманаш девза цхьа зуда а кхайкхина, хIара лулахошка веана Iа.

Тахана а ду дарц. КIант хилча, бакъхьа дар-кха, Хасина накъост хир вара. ЙоI хилахь а, хIумма дац. ХIаъ, къоьлла адамийн ю, кхидIа ерг... ХIара дарц кхин ца сацахь, метрал а лакхадер ду ло.

ХIетахь дарц дIа а сецна, малх кхетча, хIара балха вахара шахте. Цигахь хуьлу пайда тIекIелбилла дага а ца догIура, мискачу нахана дIалуш мелла а сапаргIатдолура. Шайн юьртахошна гIо деш. «Хьайга ца догIу гIо ма де». ХIетте а хIара Iа-м ца лора. Кхунна чIогIа къахийтира цунах. Цуьнан чIогIа чоьхьара нах бацара, шича-маьхчалла дерш белахь а. Царна а хIара оьшуш ца хиллера. Кхо схьавалийра и ша волчу.

– Хlара сан ваша ву шуна.
– Муха хуьлу ваша, волчух а хуьлуш ца хилча?
– Хlара сан ваша ву.
– Дика ду. Хьовсур вай.
– Хlара сан ваша ву.

Кхо иза лийча а вира, шен веллачу ден вешин коч-хечий тlе а дуьйхина, мотт тобина, мукх чутесна чорпа а малийна, дlавижийра.

Іуьйрана хlара самаиккхира шеца чоь йоькъуш волчу шен шичин Висин велар а хезна.

– Хьо-хьо-хьо, хьохь-хьохь-хьо!
– Хlун хилла?
– Дlахьажахь хьайн веше! Хьо-хьо-хьо!

Ардло гича, кхуьнан дог шелделира: верриг веста а вистина, бlаьргаш къайла а девлла Іара иза. Хlара доьлхучу дагца балха вахара.

Суьйрана:

– Бакар, и ворда а яхьаш соьца волахьа.
– Хlунда?
– Ардло дlавуллур вара вайшиммо...
– Велла иза?
– Хlаъ.

Хlара шиъ чукхаьчча, Ардло, вистинчуьра хьаа а хьаьъна, сонехь тесначу цхьана тlелхиг тlе а хиъна Іара. Цо шена юххехь охьаехкинера цхьанхьара-м цунна карайоьлла йорахчу цигаьркин ахъяьсса пачка, бениган дакъа, шекаран ши бlелиг.

Ардло иштта гича, хlара шиъ мелла а вуьйхира...

Нагахь кlант хилахь, цуьнан цlе Хасболат хир ю, йоl хилахь...

Бакар шен цигаьркашна тlекхевдича, ца дезаделира цунна. Цо ерриг хlуманаш кхунна Іалашйина хиллера, шена орцахваьллачу. Ардло кхунна шен далучу диканца жоп дала тlертара хlеттехь. Ткъа цул тlаьхьа, иттех шо даьлча, кхуьнца йолу юкъаметтиг хийцира цо. Зуда а ялийна, доьзал а хилла охьахиъча. Кхунах къехка а вуьйлира. Цкъа кхо ша волчу сакъера, чайнан стака мала чувола аьлча, элира:

– Йиш яц. Мукъа вац. Сиха воллу.

– Кхета.

Хьераваларна уллора оьгIазалла стенна кхехкара цуьнан бIаьргашкахь? ХIетахь дуьйна кхо цуьнга хIумма а ца элира – вон а, дика а. Шена дича дика цахуучунна иза дан а ца оьшу. ХIан-хIа, кхуьнга ца къасталора уьш. Церан дикне сатесна дацара кхо дийриг. Иштта дIа, ца Iалуш. Делахь а, хала-м хетара динарг ца гича, иза дайдан, дайа гIоьртича...

Дарц гIелдала доладелла. Тховса екха тарло. Хьасипате ала деза, ргIу кIелхьарчу картолашна тIе хIума таса аьлла, гIора ца яйта. Цкъа хIокху цIаре хьажа веза. «ХIу-уп». Моан дечиг ду. Я йовхо а яц, я цIе а яц.

... Иштта цхьана дарц долчу дийнахь хIара балхара цIа вогIуш гир-кх иза, цхьанхьа-м йоьдуш. Когахь ризянкин эткаш а йолуш, гIийлачу боларца.

– Ти куда идет?

– Нохчи ю со.

– Ю?

– ХIаъ.

Jо тIедеттало кхоьлина юьхь мелла а къегира, иза елакъежира. Кхуьнан даг чохь гуттаренна а дIаяьлла аьлла хетта мерза ойла меттаххьайра...

Иза йоьду меттиг ца яхча а мегар долуш хиллера. Иза Аказца дIаяхара. ГIеххьа Iарбийн дешар дешначу Бакара кхушиннан мах бира. Иза сихха цIенна тIейирзира. «Кху цIенна тIе ца дахьаш, хьанна а дIалур долуш ву-кха хьо», – дов дора. ХIетте а хIара Iа-м ца лора. Цхьанна гIуллакх динчу дийнахь кхунна наб дикахо кхетара...

«ХIу-у-п». Кхин тайпа дечиг дан, ала деза. И неIарш ма чIогIа етта. Мила ву иза?

НеI еллало.

– Аказ, йоI йина хьуна.

ХIара, хьала а оьккхий, стенна делахь а, стоьла маьIIе охьахуу, тIаккха тIараш вовшах а тухий, гIадвоьдий, велало.

– Кхахь-кхахь-кхахь!

– Кхоана хIума яла виц ма лолахь.

– Кхахь-кхахь-кхахь!

Дадас лоькхуш хаза эшарш хир ю боху цигахь. Iежаш хир ду, дитта тIе вала а ца дезаш, стигалара чукхозуш, мерза а долуш, тохара нанас гIалитIера деанарш санна. Дитта тIера гIаш хир ду дешин. Лийча шурин Iаьмнаш хир ду даккхий а, кегий а. Берашна – кегийнаш, баккхийчарна – даккхийнаш. Ялсмани хир ю иштта. Иза дика лелачунна хир ю: елха а ца йоьлхуш, дадас, нанас шега бохург а деш, нехан хIума а ца лачкъош, мел а луш, къулхIанаш а доьшуш. Кхунна къулхIанаш деша а хаьа дагахь, аяташ а... Жоьжахати чу гIур бу вон нах. ДIо эвлайисттехь Iаш волу даккхий мекхаш долу Берса. Нанин ден, нана жима йолчу хенахь, сту лачкъийна цо, юха дуй биъна, ца лачкъийна аьлла. Къера дуй. Цундела иза вогуш хир ву.

ХIара хIинца, хIокху шайн бешахула санна, йолаелла лелар ю цигарчу бешахула а. Кхунна тIеюьйхина, хIара санна, кIайн-сийна басмин коч хир ю.

ХIора дийнахь стигалхула болалой лелий, дIо лам тIехьа чубуза боьду малх. Нах санна, буьйса тIееача, дIабуьжу иза. Юха Iуьйрана хьалагIотту. Буьйсана дIо и лам болчу хьажа яхча, кхунна гур бара бижна Iуьллу малх. ХIинца яьхьар яц, барзо «хьаш» эр ду. Йоккхахилчахьана гIур ю хIара.

Цхьаъ-м ву ков детташ. И мила ву-техьа? ДIогара баба Мелимат хир ю морза деха йогIуш. Етт лекъна цуьнан, шура ца луш. Хьокхам бан йиш а яц, морза ца хилча.

– ХIинцца, баба, собар де, аса схьадоьллу хьуна.

Ков схьадиллича, кхуьнан тидам хуьлу цунна тIехь, гуттар а санна, дукха хIуманаш техкина тиша коч цахиларан. Цхьа кIайн хIума ю, когахь – маьхьсеш. ХIара-м яц баба. ХIара хьалахьожу. Лекха сира куй а тиллина воккха стаг ву-кха. Иза а гой, эхь хетий, корта а оллабой, хIара юьстахйолу.

– Схьайоьл Вашина, схьайоьл. Хьо яха дукха, – цо, масех ког а боккхий, схьалоцу хIара. – ХIун ю хьан цIе?

– Зараъ.

– Хьий, хьо яха дукха! ХIан, хьайна кампеташ эца.

ХIара, цо карара ша охьайоссийча, шена делла ахча чIоггIа буйна а къовлий, йодий чуйоьду. Дада араволу.

– Ассалам Iалайкум!

– Ва Іалайкум салам! Марша вогІийла хьо!

Зараъ дехьа чу йолу. Кхуззахь паднар тІехь Іоккуш ю цуьнан хІуманаш: книгаш, къоламаш, ручка, ал шола коч, портфель. Цхьа бутт бисна хІара школе яха. Цул тІаьхьа хІара цигахь книга еша Іемар ю. Иштта:

– ГІант ду лаьтташ. Цу тІе хиъна Іаш ву кІант. Цунна юххехь йоІ ю. Уллохь цициг ду, доккха цІога а долуш.

Суьртан бухарчу йозан тІе пІелг а хьоькхуш, дешаран кеп хІиттайо Зарас.

– Зараъ, Зараъ, – хеза цунна учара схьабетта мохь.

– Вон хІун боху?

– Схьайоьл дадина.

Учахь чай молуш Іаш ву дадий, кхунна ахча делларггий.

Дадас:

– Дешал, Зараъ, цхьа аят.

ХІара, эхь хеташ, цІий а лой, лаьтта. Юха а олу дадас. Кхо доьшу.

– Хьий, хьо яха дукха! – коьртах куьг хьокху кхаьрга веанчо.

Юха чай дотта сехьа чу еанчу Алубе олу:

– ХІара йоІ дика леласлахь, чІогІа хьекъал долуш бер ду хІара.

Зараъ, йодий, арайолу. Малх нийсса ах къайлабаьлла ломахь.

– Хьуьйц, хьуьйц, – шайн кертах чукхевдинчу кхеран аттана гІаж етташ воллу лулахойн кІант.

– ХІей, ма етта цунна!

– Еттар ю аса-м. Цуьнга тхан хьаьжкІаш ма яийта, – кхуьнгахьа воьрзу кІант.

И юкъ тоьу аттана, ша кагдина хьаьжкІан ах гІад а багахь керта юххера сехьабала. Мерах «уфф» деш, чухьерчадо цо гІад. Эццахь арайолу нана.

– Схьачовхабе ахьа, Бислан, иза.

Нана, стт дІа а боьхкий, оза йолало, Зараъ чу а йоьдий, юха а шен книгашка хьежа хІутту.

– Маса де дисна-те школе яха? Цхьаъий, шиъий, кхоъий, ялххий, иттий...

КхидІа дагардан а ца хууш, соцу иза.

ТІаккха тІекхечира и де. Декхна де. Къеггина малх кхетта. Некъаца йолчу керташкара хьаьжкІаш якъаяла юьйлаеллера. ГІаргІулеш яра стигалхула дІайоьлхуш. Дехха могІанаш а дина. ХІинца итт шо даьлча а хеза Зараъна хІетахьлера и аьзнаш. ХІетахь дуьххьара школе йогІуш цхьа хазахетар хилла ца Іара даг чохь, девзаш доцчунна хьалха болу кхерам а, Іийжам а бара (хІаъ, иза а бара, стенна делахь а). Ша школехь а йитина, нана цІа яхча, хІара йилхира. ХІара хьаьстира даккхий куьйгаш долчу, аьтту куьйган нана пІелган мІара Іаржъелла волчу стага а, цхьана оьрсийн зудчо а. ТІаккха линейка хилира. Селхана долуш санна хета. ХІетахь кхунна тІехь ал шола коч яра, кІайн хьалхауллург а. ХІорш дІахІиттича, кхунна юххехь лаьттара Бексолта, хІинца санна.

ТІаккха хІорш класса чу бигира. Кхеран хьехархочун цІе Алина Ивановна хиллера. Цунна тІера коч дукха йоца а, пхьуьйшаш доцуш а яра. Месаш яра хьаьжкІийн хьаса санна, кІайн, йоцца дІахедийна. Зараъ хьоьгура цунах. Делахь а, мелла а эхь хетара цуьнан духарх, цуьнга дІа а ца хьажалора. ТІаьхь-тІаьхьа юлуш, юьйлира хІара цунах. Цо хІара хьалха хаийра: «Иди сюда, красавица», – аьлла. Кхунна юххе Бексолта а хаийра. Бексолта хІетахь ши-кхо де дІадаллалц партех а тасавелла Іийра, кхунах хьакхаваларна кхоьруш санна. «Ты садись поближе, она не укусит». Иза, цІарула-цІий а лой, дІаволура хІетахь.

«Тахана дуьйна шуна хьалха схьаделлало дахаран тайп-тайпана некъаш. Царах цхьаъ къастийна дІагІур ду...»

Цхьаъ йоьлхуш ю. Логе шад кхунна а хІоьттина.

Цул тІаьхьа-м эхь ца хетара Бексолтина. ХІокхо шена санчу хІуманах нийсса ах шена а дІаоьцура. И йиъна валлалц хІара шиъ ши доттагІ хуьлура. ТІаккха хІара цо хьийзайора. ЧІаба озош, кхитайпа бегаш беш.

Кегий бераш. Зезагаш. ХІорш а лаьттира цкъа иштта зезагаш карахь.

Ма еха хетар ю царна хан. Шаьш школехь яккха еза хан.

«... Уггар а хаза хан ю шун ерг. Мел хаза ю, хаьий шуна? Иза хуур дац, дІа ца яьлча. Суна а ца хаара...»

Цхьана дийнахь цІена коч а юьйхина сара Зараъ школе. Ерриг а екхаелла. Бексолтас: «О, принцесса, Маьлх-Аьзни», – аьлла,

дохийра кхуьнан хазахетар. Массо а велавелира. ХІара йилхира. ХІара йист а ца хуьлуш яхара цу дийнахь цІа. Оцу дийнахь хІокхо шен тетрадь тІера дІа ца яздайтира Бексолтега математикин хьесапаш. Цо «шиъ» даькхира.

«Хьовсал шу, хьоме дешна бевлларш! Шуна дешар Іамош якхий харжаш йина вайн пачхьалкхо. ХІинца тІекхаьчна шу махкана пайдехьа хила деза хан. Даим а хуьлда шу къинхьегамхойн хьалхарчу магІаршкахь».

«БІаьсте. Хьо, хаза бІаьсте. ХІо-о-хІо!» «Зезагаш даха доьлху вай». «Дуьло». «Юсуп Хасанович хІинца схьавеара шуна». «Вайтахьа. Вай пхийтта минотехь хьежна!» «Дуьло!»

– ХІара зезагаш... ХІорш аса даьхна, Зараъ. ХІорш…

Цуьнан мотт тийсало, иза воьхна. И иштта хилар чІогІа тов Зараъна, цунна цхьа мерза, хьегаме ду иза. Хийла сатийсина кхо цуьнга. Тахана хила доьгІна хилла иза – Бексолтина хІара кхечу тайпана гар. Дуьне а хийцаделла. И аьзнаш, гІаргІулийн аьзнаш, Іена зезагийн хьожанех дуьзначу синтемийн дахкарлахь. «БІаьсте. Хьо хаза бІаьсте. ХІо-о-хІо!»

ГІаргІулеш! ГІаргІулеш! Ма лазаме-мерза ду шун аьзнаш! ХІунда дац уьш деккъа самукъане? Хьовсал, и сийна стигал, и бух боцу стигал. И денлуш лаьтта Іалам. Муттанех дуьзна дитташ, зезагаш. И басах чууьду хиш. Ирс дац иза? Ду. Амма деккъа цхьана марзонах лаьтташ дац-кх ирс. Иза лазамах а лаьтта. ЭхІ, гІаргІулеш, гІаргІулеш! Шун аьзнаш дуьйшу даг чу, шун аьзнаш сеца кхетамехь. Уьш гуттар а дехар ду сица. Уьш лекхалур ду дарц даьлла хІара арахь йисча, я балано хьовзийча, я синкъерамо яхийча.

ХІетахь хьаьдда цІа яхара. ЦІа яхара, махо дадийна зезаган патар санна, яйн. Учахь Іара Дадий, цхьа воккха стаггий. Цушинга йист а ца хуьлуш, чу а яхна, паднар тІе бертал дІа а йоьжна, Іиллира. Учара схьахезара:

– Суьртан тІай тІехула дІаваха стаг дуьнен чу воллушехь волало. И тІай вонний, диканний юккъера доза ду. Хьо жимма а цхьана агІор таІахь, харцонан мурд хир хьох. Иза дан атта а, дагна таме а ду. Цуьнга хьоьжуш жоьжахати ю. Ткъа нийсса цу тІай тІехула дІавахаволлачуьнга хьоьжуш ю ялсамани...

Ялсамани... Дуьне ду-кх ялсамани... ХІара бошмаш, гІаргІулеш. «... Хьо некъ, школан сан некъ, дІагІо латтанашкахула, хІордашкахула, хилахь ирсан боккха некъ.

ХІаъ, иштта дІайолуш хир ю-кх хан. Цхьа а хІума дан а ца кхиош. ВуьрхІитта шо кхочу бутт баьлча. Дина хІумма а дац. Ткъа хІун дан дезара? Цхьаъ дан дезар-кх, цхьа хІума, нахана дицлур доцу дика хІума. Дийр ду-кх. Маца? ТІаккха...»

Хийла хан яьлча, чубузучу маьлхан серлоно къегадо детта ло а тергалдеш, коре хиъна Іачу кхунна дагадогІур ду таханлера де а, шен хилла ойла а. Иза гІийла елакъежар ю царна. Цунна цхьа таме хетар бу шен дагалецам, хІетахьлера къоналлин марзо а, дахаре йолу шовкъ а хааелла, цуьнца цхьаьна и дагалецам елхаран хораман шад хилла соцур бу цуьнан логехь: кхин цкъа а хир йоцуш дІаяьлла и цІена, мерза, яйн хан. «ХІан-хІа, цхьа а доккха хІума а ца дина аса, я цуьнан ойла ян оьшуш а ца хиллера. Хьайга дало дика, мел жима делахь а, тІаьхьа а ца вуьсуш, катоьхна уллорчунна дар – иза хиллер-кха стеган декхар», – йоьшур ю цо шен хийцаелла ойла.

– ХІинца тІаьххьарлера горгали тоха бакъо ло вай хьалхарчу классерчу хьенехана а, дешна яьллачу... – хІокхунна елла-кх и бакъо. Жима кІант кара а лоций, тІейоьду ширчу горгалина. Иза иштта дуьххьарий, тІаьххьарий тухуш лелош бу, цкъа мацах дуьйна. Вуьшта хІора дийнахь беттарг электрически горгали бу.

Кху кІентан куьйга тІехула схьалоцу горгали. ДІасаластабо. Иза бека. Дуткъа, къахета аьзнаш. Уьш гІаргІулийн аьзнаш хуьлий дека кхетамехь. Цара хорам бо. Иза йоьлху.

Школаца къастаран суьйре. Массо кеч а велла веана. Зараъ – шен цкъа а тІеюхаза йолу кІайн коч а юьйхина.

Иза зезагашна тІехьийза полла бу. Иза лазамо-хазахетаро яхийна. Цуьнан даг чохь лекхало тайп-тайпана мукъамаш...

Эшарш, эшарш. Халхарш. БІагораш. Беларш, бІаьрхиш.

Зараъ шозза халхаели Бексолтица.

Юха а эшарш.

– ХІинца Абдиева Зараъа вайна локхур ю ша хІокху суьйренна кечйина йиш.

Йиш. Цуьнан мукъам – сирлачу лазамех буьзна. Дуткъа аьхна ав, дегош, тийналла йохорна кхоьруш санна дека. Можа гуьйре. Самукъане аьзнаш. Школа. Дуьххьарлера урок.

Юха а сийна-сийна стигал. Яьсса классаш. ЭхIе-ей-хIей! Юха а гIаргIулийн аьзнаш. Уьш дIаоьху паналле. Цара хIун лоьху? Шайн беролла.

Уьш санна дIадоьлху шераш.

Юха маца гур ю гIаргIулеш-шераш?

Таханлернаш – цкъа а. Юха хир бац таханлера лазам.

Анайист. ГIаргIулеш, стигалахь етталуш. Аьзнаш-гIаш.

Бексолта воьхна, эшаро верриг дIалаьцна, иза лоькхучунна ша кху чохь Iаш болчарел гергара хиларх воккхаве...

Анайист. ГIаргIулеш, стигалахь етталуш. Аьзнаш-гIаш.

– Артистка ю-кх.

– Деша яха а ца оьшуш, йолуш ю.

Iуьйкъе. Урамашкахь аьзнаш. Уьш эвлайисте, арц болчу агIор, доьлху.

Цхьаберш къамелаш деш, орца тIехь евллачу хьаьмцийн, стовн коьллашна юккъехула лела, цхьацца дуьйцуш я хIумма а ца дуьйцуш, иштта дIа ойланаш еш; доттагIалла таса цакхиънарш шаьш шайна реза бац.

Екхна аьхкенан буьйса Орган чуьра гIаьттинчу тIуьначу дахкаро кхолий. ДIадай седарчий а, беттаса а. Лаьмнийн баххьаш ца го. Органан гIовгIа ю, гуттар а санна, дахкаран къаръян ницкъ боцуш, схьахезаш.

– Зара-аъ!.. – гIеххьа генара хеза, «... ра-а, ра-аъ» дека Iаннашкахула.

– Тила ма лолахь... – «...ла-ахь, ла-ахь»...

– Бексолта!.. – «...олта-олта!..»

– Бердах ма гIолахь... – «...ла-а-хь...», «ла-ахь»...

Дуьхьал жоп ца хезаш, эрна дека и аьзнаш.

ХIокхунна ца хаьа, йоIаца цхьаьна иштта дахкарлахь, орца тIехь ша цхьаъ висча, муха хила веза.

Хьалха-м магош цахилла йоIаца иштта цхьаьна виса я нагахь...

Кхин заманаш хилча, хIун дан деза? Даго…

Даго бохург дуй ткъа нийса? Нагахь...

Дlо книги тlехь... Оцу фильмехь... Тlаккха...

Иза чекх са го сийначу стигалхула лела марха ю – иштта яйн, цхьа а йозалла йоцуш, цlенa а ю цуьнан дог-ойла.

Иза сихха меттаеа тlуьначу хlаваэхь. Иза дlакъаьхки кlантана юххера.

– Зараъ, цигахь берд бу хьуна.

Иза сацаели. Ша лекхачу берда йистехь лаьтташ ги цунна. Оцу бердах мотт хьоькхуш, генна бухахь дахкаро хьулдина Орга а доьду. Иза, кхуьнгахьа букъ а берзийна, гlийлла, къила яххана, елха хlоьтти.

Дохк меллаша ша схьадеанчу lаннашка доьду. Тlом дlабаьллачул тlаьхьа кlуьралахь гlалин ах хирцина а, херцаза а лекха цlенош санна, дахкарлахь гучудуьйлу лаьмнаш, аьрцнаш, бlаьвнаш...

Сатаса гергадахана. Седарчий довш ду. Малхбале серлайолу. Хеза маьl-маьllехь лаьмнех летта а, Органан тогlешкахь а lохкучу ярташкахь кхойкху нlаьнеш. Юкъ-кара – акхаройн аьзнаш.

Шатайпа, тамашийна, бlаьргех хи даллал хьоме ду дерриг а. Дуьххьара го цу шина ломахь, буьйса дlа а яьлла, сатосуш...

– Зараъ, дlо малх схьаболучу гlо вайша? – малхал хьалха серлаяьлла стигал шен коьртах хоттаелла лам болчу агlор пlелг хьажабо цо.

– Гlо, – бlаьрхишна юкъехула елакъежа иза.

Цуьнан екхаялар догlа деанчул тlаьхьа аьхкенан стигал серлаялар ду.

И шиъ лам болчу агlор дlадолало. Цу лам тlера дlасахьаьжча, цушинна гур ю ярташ, аьрцнаш, шовданаш, лаьмнаш, кхидlа а лаьмнаш.

Хьуьна чухула а баьлла, хьийзаш, ирхбоьду гlаппойн некъ. Некъан шина а агlор – тхи диллина буц, хьуьн чохь – хlинца а буьйса.

– Дадий гlой вайшиъ, – сихха хьуьна чуьра араяла лии йоlана.

– Хlаъ.

Кест-кеста цушиннан когаш кlелара, «пр-р-р» бохуш, хlаваъ а цоьстуш, дlалелха бацалахь деха олхазарш. И шиъ сихха доьду, цхьанхьа тlаьхьадуьсуш санна. Наг-наггахь кlанта:

– Кlад-м ца елла хьо? – хотту.

Цушиммо садоlу, гонаха дlаса а хьоьжуш.

Са. Дерриг а Iаламна чу юхадогlуш ду са. Iалам денлуш ду. Меллаша боьллу цо шен цхьаъ бен боцу бlаьрг – малх.

Малх. Хьо бу-кха гуттар а къона, гуттар а сирла, гуттар а богуш. Хьо бу-кха хlокху дерриг а дуьненан да. Эрна ма ца олу Лаьттах «Маьлхан дуьне». Хьо ца хилча, лаьтта тlехь цхьа а шовда декар дацара, цхьа а суьйре а цlийлур яцара, цкъа а гlаргlулеша шайн тийжаме аьзнаш а Iенор дацара стигалхула, гlаш санна. Малх, хьан суй бу-кх хlора стеган даг чохь. Хlора стеган дог а ду-кх хьох терра, амма хьол дуккха а жима, малх. Цундела церан таро а ю вовшашна йовхо, марзо яла, вовшийн дахар къаго, вовшех баккхийбе.

Хlетте а адамийн кийрара малх дlабов – совцу церан дегнаш. Шелло. Хетарехь, церан йовхо, церан серло, церан марзо, уьш севццачул тlаьхьа хьох дlаоь, сийлахь Малх. И иштта ца хилча, хьан мичара ницкъ кхочур бара, цкъа а кхача ца луш, бага?..

Малх. Хьо бу-кх сийлахьниг, безаниг. Хьох наха дуйнаш боу, Делах санна: «Цу схьакхетачу (я чубузучу) малхора...» – бохуш.

Хьох Iема нах. Хьан цIеналлех, хьан дикаллех. Ткъа хьо нахах Iема. Адамашкара бен, хьуна мичара яьлла адамалла? Хьан адамалла бахьанехь, ахьа, нанас бер санна, хьоьстуш, ло юккъехула ирх ма доьду бlаьстенан сирла-сийна зезаг.

Малх. Хьо тахана а цецбуьйлу къоначийн дегнийн кхехкарх, цара лучу серлонах, церан марзонах, безамах. Хьо белакъежа. Хьо царах Iема. Хьуна иза тов...

И шиъ цIехьа догlуш малх гlушлакхе баьллера. ЙоьIан карахь яра зезагийн йоккха курс. Бексолтас кхин а хаз-хазнаш дохуш, сихха йоккха хуьлура иза. Юьрта кхочучу хенахь йоIе халла цхьана куьйга лацалора шен карара зезагаш.

– И хlун ду, йоI, ахьа лелориг? Хьо мичахула лелаш ю?

– Массо а лелачохь?..

– Хьажал, дукха эхь а хетий! Массо а лела бохуш, хьо лела езий сатассалц йолаелла... Наха хlун эр ду, хаьий хьуна?

Зараа цIаьххьана елха дог хилира. Ненан дешнаша халахетийтар дацара иза. Дуьххьалдlа хlокху тlаьххьарчу маситта сохьтехь

ша лайнарш, даг чохь кхоллабелла хIинццалц бевзаш ца хилла керла синахаамаш, лаамаш, марзонаш, лазамаш лан а ца белла.

– Эшшай, ма сиха а ю елха. Аса дийриг дов доцийла хуур дара хьуна, и хьайн да цIахь хиллехь. Дика ду и цIахь ца нисвелла. Шина сохьтана йоьду аьлла, шолгIа де делкъе даллалц лелаш хуьлу?..

ХIетахь малх схьакхетар тергалдеш шена гина кIайн бохь болчу ломах а хьекхалуш кхаьзна цIен-можа бамбин марха гуттар а Зараан даг чохь ехара. Цунах дагалецаман марха хиллера. Наг-наггахь и марха юсалора, йоккха хуьлура. Массо а пхенаца яьржара цуьнан таме, бIагоре-мерза йовхо, дерриг а дегIах хьаьрчара и марзонан марха. ТIаьххьара а Зараъ, ерриг яша а еший, дIайолура оцу мархалахь, иза мелчу махехула дIайоьдура, маьлхан зIенаршлахь цIий а луш, йоьдий, лома буьххьехь соцура, цигахь лаьттара гонаха бIаьрг а бетташ, стигалан сийналлех, сатийсамийн марзонах чам а бохуш, мелла а чаьмзачу долуш долчо ша юха а лаьтта йоссолц.

Нахаца гIиллакх лело карахь цхьа хIума хила деза.

Хьан элира иза? ХIун бен ду, иза хьаъа аьлча, и бакъ хилчахьана. ХIинца кхуьнан йиш ю-кх новкъахь куьйгаш лаьцна лаьттачех цхьаъ машен чу хаийна, дIавига. Иза цунна гIуллакх а ду. Ахчий? ХIан-хIа, ахьа хIун дуьйцу! Ма аьллахь! Ахча оьцуш вац.

Ткъа иза дуьххьара МаIаза элира. ХIетахь хIара, СаьIидбек, эскарера цIа веана цхьа бутт бен а боцуш, волавелла лелара. ТIехь – салтийн хеча а, мачаш а. Нанас базарара эцна хеча жима хилла. Мачаш-м нана эца кхиа а ца йинера. Ноябрь беттан тIаьххьара деношн. ТIуьна дохк. Лайх а ийна цIуна. Гонаха керт а йоццчу гIишло чохь ю колхозан контора. Цунна гонаха дIахIиттийна лаьтта йоьхна а, йохаза а тайп-тайпана тракторш. Царах цхьаъ, тIера басарш охьаэгна «Беларусь», лергаш а оллийна, тIедогIучу лайлахь лаьттачу вирах тера хийтира хIетахь. ХIара оцу дагадеанчух воьлуш лаьтташ, горгам хьаькхна, хи дIакхосса кетIа яьллачу зудчунна гира. Цуьнан куьйгаш цIарула-цIийделла дара.

– Iуьйре дика йойла хьан, Хьамита!

– Диканца дукха вехийла!

– Пирсдатал схьа ца веана?

– ХІан-хІа, иза кеста вогІур а вац. Вало чу.

ХІара хІетахь стоьла тІехь Іуьллу чот дІаса а етташ Іийра, аьчкан пешахь цІе латош йоллучу Хьамитин къамеле ла а доьгІуш.

– ХІаъ, дера дац вайн заманахь чохь, арахь гІуллакх дан а, ша лело дезарг а хууш зуда каро атта. Тхан чуьраниг-м яц иштта. Сатуьйр дац цуьнан цІен тІехь дан хІума а долуш. ВаллахІ!, садаІа охьа-м хуур яц дерриг а дина яллалц...

Шен йоІ хестош ю-кх. «ГІуллакх деш хилча тоьий, хьан йоьІан мара беха хилча?» – Иштта ойла хилира хІетахь Хьамитин къамеле ладоьгІуш. ХІинца, масех шо даьлча, хІетахьлера зударийн хазаллех кхетам мелла а хийцабелла, хІинца цунна Хьамитин йоІ, мара беха белахь а, хазахета. Шен леларца, йистхиларца, багара йолучу Іаьнарца.

Кора тІера ша, малх бох а белла, баша болабелча схьакхечира председатель. Хатт боц-боцчу а кхийсалуш, логехь йихкина галстук мин-минотехь нис а еш, и чувогІуш гича, мелла а вуьйхира.

ХІокхо шен гІуллакх дІахьахийча, цо элира, сийна ши бІаьрг кхуьнан мачашка а кхарстийна:

– Цхьа болх-м бу тхан фермехь – «эца доккха, кхосса гена».

– Сан ворхІе дас а ца бина хьуна и болх.

– Во-хьо-хьо! Ца бина-а?!

ОьгІазвахарна бос а баьхьна, велира хІара цу чуьра ара.

«Хьайл хьалха хиллачу ялхаммо диннарг бен, хІун дийр дара ахьа? ВаллахІ, ца веана хьо хІокху юьртан бала болуш-м. Вуза веана-кх, ваттІалц...»

ХІетахь дагахь а дацара генна Сибреха оьхур ву бохург. Эцца колхозехь балха а хІоьттина, цІахь бежана-уьстагІ а лелош, дІаІийр ву-кх. Цунах гІуллакх ца хилира.

Цигаьрка бага а йоьллина, и ца латош, некъ мелла а нийса-чухула дІаберззалц Іа СаьІидбек, тІаккха цхьана куьйга руль а лоций, машена чохь цхьана Іуьргахь йоллучу туьппалгаца латайо.

ХІетахь, контора чуьра араваьлча, сарралц лийлира волавелла. ЦІа вогІуш ло доладелира. Дама санна, кегийра ло. ГІийла

оьгура иза. Шело хаалора дагна. Куй иштта бIаьргаш тIе а теттина, тIерачу куртках а хьаьрчина, шарфаца бат къайла а яькккхина, догIучу лайлахь, ойла а еш, меллаша волавелла лела лаьара.

Иштта ло доуьйтуш шен хенахь, шен хенахь малх а кхоьтуьйтуш, шен хенахь догIа а... Буц а йолуш, дIа а йолуш. Стоьмаш хуьлуш. Иштта нах а болуш – зударий, божарий. Царна юкъахь марзонаш. Адамаш цхьанхьа дIагIертар. Суьйре-Iуьйре. Iа-бIаьсте. Жималла-къаналла. Дика дагадеана-м ду хIара. Иштта хIара дуьне дIахIотто. Иштта, кхечу тайпана а доцуш.

КIайн дохк дуьжура тIуьйчу Iин чу. Ло догIура дама саина. Кегийра ло. Хи тIера йогIучу шина йоIа куьйгаш тIе Iаь еттара. Цхьаъ-м дуьйцура йоккхаеш, йоьлура. Иштта догцIена, доггах елаяла догдар тамаша бу-кх ишттачу сарахь – шийлачу, ло догIучу, кхоьлинчу, таьIначу.

Жималла – къаналла. Вахар – валар. Дада ца веллехь, хIара шиъ паднар тIехь Iийр вара. Иза – лакхахь кхакхан тIехь, гIайбех дIа а тевжина. ХIара – лахахь. Кхушиммо цхьацца хIуманаш дуьйцур дара. И Iаьржа зил. Цунна тIехьа дерг къаьсташ дац, Iаьржачу бодашлахь, марханлахь, дорцехь. Оцу зило гойту стагана ша ницкъбоцуш хилар, шен гIорасизалла. ХIун ду-теша цул дехьа? ХIумма а ца хилахь?..

Цхьана мотта ца тухуш, маситтанхьа деттара диг.

– Разет, схьадал иза.

Цхьадерг датIийчхьана, важа дечкаш ца этIош дита деза, сихха даьгна ца далийта.

Дечиг а даькккхина, хIара кетIа ваьлча, нана яра бун чу корта а баькккхина, котамашка маьхьарий хьоькхуьйтуш. Эххар а цхьа котам а карахь, корта ара а баькккхина, кхуьнгахьа йирзира:

– Схьавола, урс а дахьаш.

– Нана, суна болх ца бели.

– Болх-м дIагIур бацара. Схьавола, урс а дахьаш.

Вуьсучунна дикка бIаьра а хьожий, оцу зила тIехьа ваьлларг вов. Гуттаренна а. ХIунда?

ЦIийделлера ло. ТIедуьллучу лайно хьулдора цIий. Къайладелира.

Чохь яй цIийзара. Попан, пхонан дечиг догура пешахь. Беа пенан арахь диснера ло, дохк, бода. Биъ пен. Иза зил бу. Цул дехьа... Дехье ян а яц адаман кхетамна.

– МаIаз гира суна. Белхалой оьшу шена, бохура.

– Цуьнан дика аьтто-м хуьлу. ГIаланаш санна цIенош а дина...

Нанас галнаш йора. Разета яй тIера схьаэцна негIар, дукха довха а хилла, охьадожийра. Iаь гIуьттура яй тIера...

СаьIидбек, машенан болар мелла лагI а дина, некъаца дIаса бIаьрг а бетташ, воьду. Аьхкенан де чаккхене лестина. Охьадахийтинчу куьзганах чухьоькху мох шийло бу. СаьIидбек, машен а сацайой, араволу. Цо бIаьрг бетта чубузучу малхе, цунна хьалха Iуьллучу мархане. Цхьа тамашийна хета цунна и сурт. Иза вехха хьоьжу малхбузе. Кхано цхьа хан яьлча, кхетамо кхидолчу кIезигчух схьакъастийнчу хIуманашца цхьаьна кхунна дагадогIур ду и сурт а. Ирсе миноташ хетар ю цунна хIорш, дахаран некъ мелла генабаьлча ша юхахьаьжча. Цо голатухучохь лепаш хир ю уьш.

– Ассалам Iалайкум!

– Ва Iалайкум салам!

– Бензин хир дацара хьан?

– Ду.

Дукха-м дац, халла дIа а вахна, юхавалла. ХIетте а. Хьайн дан йиш йолччуьра дан деза гIуллакх. Иштта олура, боху, дас а. И шен амал ца йохош, велла иза. ДIо хи чу яханчу автобус чуьра нах хьалабохуш шел а велла. Iаьн тIехь хилла иза.

Цхьана а хIуман тIехь пайда боцуш кхо а ца гайтина ша. ГIиллакхах воьхна, осала. Ахча каракхочура МаIазца балха оьхуш, амма, тIекIел а диллина, цунах пайда бан ца хууш, дIадолура. ДIадолура, гIиллакхаш лелош... Цкъа хьалха уьш а дуьхьалбовлура, гуттар а ахьа дойуш нийса хир дац олий. ТIаьхьа, и иштта хила дезаш санна, IадIара. ХIан-хIа, дохко ца волура хIара ша динчух цкъа а. Ахчанал а деза дара шена хьалхахь я тIехьашха паха олу «къонах стаг ву, комаьрша ву» боху дешнаш. ХIинца хIара машен-м эцна, нанас гулдинарг юкъа а оьзна...

Тховса сецча хIун дара-техьа? Хуур ду-кх, дIакхаьчча. Цул а, гIала схьавогIур. Къахьимна гучу а ваьлла. Вахаза масех бутт а бу. «Иштта ма ца хуьлу гергара стаг».

Суьйренга лестина де. Дийнан тов дIайоккхуш аьхна тIуналла кхоьхьу мао. Коре оьхкина кирхьанаш схьадаха гIанта тIе яьлла Зараъ, цIийбелла малх тергалбеш лаьтта юьсу. Аренгахь малхчубузар шатайпана хуьлуш хийла-кх. Иза геннахь анайистехь, дахчош долу эчиг санна, цIарула-цIий а лой, цIаьххьана къайлаболу. Дуьххьара гича, Зараъна иза кхин малх болуш санна хийтира.

Лам чохь малх, цIийбала ца кхиош, ломах къайлаболу.

«Сох летчик хир ву. Жимчу кеман тIехь хир ву со. Иза а далош вайн юьрта вогIур ву со... Муха ю-те вайн юрт кеман тIера чухьаьжча?»

ХIетахь, малх схьаболучу дахча, элира цо иза.

«Со эшаршлакхархо хир ю. Аса доггах йиш локхур ю адамашна. Царна хазахетар ду. Стенах хир ю сан эшарш? Iуьйренах, схьакхетачу малхах. Ойланех. ГIаргIулийн аьзнех». Иза кхо элира.

ГIаргIулийн аьзнаш дека. Уьш мичара евлла аьхкенан юккъехь? Зараъ, раз а йолий, арахьожу. Яц цхьанхьа а. Иза кхета – гIаргIулийн аьзнаш цуьнан даг чохь дека. Иза дагалецам бу, юха а карлабуьйлу и маситта шо хьалха гинчух, хезначух болу дагалецам. ДIаяьлла хан – иза гуттаренна а хьегам. Карарниг генаяллалц ца го.

– Хьо хIун деш лаьтта?

Айзанан аз цIаьххьана а, къиза а дийки. Цо мерци тийналла, дагалецам, ойланаш. Иза ша йолччохь тохаели, тIаккха, гIант гал а даьлла, охьаюьйжи.

Охьайожарал а хала ду цунна, догIанан хи санна, шена тIедеттало цушиннан делар.

Цхьаъ-м Айзан яра, ткъа важа?

Зараъ меллаша, шен коч а нисъеш, юхайоьрзу. НеIарехь хIинца а воьлуш лаьтта жима стаг. Цунна юххе а хIоьттина, тIаьхьара йоьлу Айзан. Кхунна халахета, хIара оьгIазйоьду. Хиш чохь IаьIна бIаьргаш цушинна тIедугIу цо. Ший а дIа а соций, тийналла хIутту.

– ХIара суна ма ца евза, – гIеххьа хан яьлча, вистхуьлу жима стаг.

– Сан шича. Лаьмнашкахь Iаш ю.

– Марша йогIийла, хьаша.

– Маршалла хуьлда, – хезаш а, ца хезаш а олу Зараа.

– Кир тоха гIерташ йоллура тхойшиъ. Хьо мичара вели?

– Ишта схьавеа-кх. Къахьим вуй чохь?

– ХIан-хIа, гIала вахна.

– ЦIа вогIур вуй тховса?

Цуьнан аз зевне дека, цхьана хIуманах ийзалуш санна. Ишта хуьлур-кха школехь, керлачу хьехархочунна жоп дала хьалагIаьттича. Дешархо мила ву? Иза. Ткъа хьехархо? ХIарий?

Зараъ, юха а йоьрзий, и шиъ лаьттачу дIахьожу. Цуьнан бIаьргаш кхуьнга хьуьйсу. Цо дIайирзина йолуш а тергалйина хир ю хIара. И бIаьргаш. Царна чохь – мелла а ийзавалар, ша-шех тешар, дуккха а хIума девзина хилар. Кхо лаьтта бугIу ши бIаьрг.

– И цIа вогIур ву-вац хууш дацахь, со дIавоьду.

– Муха? ЦIа кхуьур вуй хьо?

– ХIаъ, машенца ву со.

– Ва-а, машен эцна ахьа? – йоккхаерца хьоьжу цуьнга Айзан.

– ХIаъ, цхьа бутт хьалха, – бенцахетар хеза цуьнан озехь.

Бенцахетар – иза тIехулара чкъор ду. Дагахь-м иза воккхаве, цо мелла а куралла а йо. Мел лачкъо гIертахь а, иза а хаало.

– Схьавоьл цкъа, хIара шифоньер дIахилош гIо дел.

Иза, хьацаран хIорд а хилла, тийсалуш воллу шифоньер дIахило гIерташ. Цунна гIо дан хIутту хIара шиъ. Зараан кога тIе ког боккху вукхо, ца хууш.

– Бехк ма биллалахь, – иза, вела а къежаш, бIаьргаш чу хьоьжу. – ...Кхин хIумма а юй дIахило езаш?

– ХIан-хIа.

– Хьаша, хьо йогIий соьца? Аса ловзар а дийр ду хьуна.

– ХIан-хIа.

Иза, корта а ойъий, байн ког а боккхуш, дIавоьду кетIахула. Чукхозаделлачу цхьана Iожан гена тIера стом боккху цо.

Цергтуху. Зараан цергех хи долу, цо буучу Iежан муьста-мерза чам а хаалой багахь.

– Со а йогIу хьан машене хьажа, – Айзан хьоду цунна тIаьхьа...

ХIетахь, и дуьххьара гича, дагахь а дацара СаьIидбекца йолу юкъаметтиг ишта гена ер ю аьлла. Цул тIаьхьа цхьана суьйрана хийисте веача, хIара стенна кхаьчна кхуза боху ойла а ца йира.

ХІара цуьнца къамел деш лаьтташ, гІеххьа хан елира. Малх къайла а баьлла, де маьркІаже лестира. Цхьанхьа Іоьхура суьйрана цІа доьрзу бежанаш, цхьанхьахь-м лоькхура безам буьйцу эшарш, цхьанхьара-м хезара машенийн гІовгІанаш...

– ... Со хьежа дезаш ю.

– Хьаьнга? Ахьа цунна кара хІума елла?

– ХІан-хІа, хІетте а...

– Я хан йиллина?

– ХІан-хІа, хІетте а...

ХІара эццахь ала гІертара: «Хьо ма вац соьца малх схьаболучу веанарг, хьо ма вац...»

Цо иза ца элира. ТІаккха СаьІидбекан «зезаг хаза хилча, хьалха тІекхаьчнаго схьадоккху» бохучу дешнашна елакъежира, я царах кхета а ца гІоьртира.

Ойла ян йиш а яцара хІетахь. ХІара, басах чухецна лайн межарг санна, керчаш боьдучу шен лаамна тІаьхьайоьдура.

ТІаккха гІалахь шений, Айзанний дуьхьалкхеттачу цо кино кхайкхича а, хІара дуьхьал ца елира; цунна иза а шен лаам хийтира. Серло дІа а яйина, хІорш фильме хьовсучу хенахь а... ХІумма а ца элира. Иза ишта хила дезаш санна дицдира.

Ткъа СаьІидбек, кхуьнан дуьрстанара баьлла лаам шена луъллуучу хьежош, ша хІетахь хийистехь аьлла дешнаш кхочушдеш хиллера.

Малх лепа. Цуьнан зІенарш хьерсало бІаьстенан догІа санна. Зараа оцу зІенарийн догІан буха лоцу шен юьхь, лаг, куьйгаш. Цунна бай-й бІагор хьийза. ТІаьхь-тІаьхьа чехкайолуш хьийза бирянчикаш тІехь кхозу чкъург.

ТІехьарчу бирянчик тІехь вогІу СаьІидбек кхунна тІаьхьакхиа гІерта. Цо схьакховдийнчу куьйгах, шен гІант схьа ца лоцуьйтуш, куьг туху кхо. Шовданаш духу, тІулгаш тІе а детталуш. ЦІе йогу цуьнан юьхь тІехь.

СаьІидбека юха а куьг кховдадо, хІокхуьнан бирянчик схьалаца. Кхо дуьхьал куьг ластадо, цуьнаниг дІакхосса дагахь. СаьІидбек кхуьу и схьалаца. ТІулгаш тІе детталуш духу ангалин шовданаш. ЦІе. Марсаяьлла йогу цІе.

Эххар а, хан чекх а яьлла, чкъург меллаша гонаш даха йоьлча, дІахоьцу СаьІидбека Зараан бирянчик. Хьийзачуьра бирянчикаш севцца а довлале, го Зараана шайн юьртара Басий, Непий. Цушимо юхку хІуманаш а кхоьхьу хьалий-охьий, эладитанаш а. Шовданийн гІар йов. ЦІарна тІе хи детта. ЦІийза а цІийзаш, дІайов цІе.

ХІун пайда хуьлу баса-непагІарна и тайпа хІуманаш дийцича? Нехан дог Іовжийча? Бу, боху-кх, иштта нах а. Нахана вон болх хилча хазахеташ, хІума ца юуш а, эладита дуьйцур долуш. Нахана бовза а ма бевза и баса-непагІар. ХІетте а цхьаммо а царах цхьа а саца-м ца во.

Бела а къежаш, Іадда лаьтта. «ХІаа, хІаа», – бохуш, кортош а теІош. Цара дуьйцург шайна гинчуха.

ХІун дара оцу дийнахь хилларг? Ангалин шовданан тІулгаш тІехь дохар. ЦІе. Хазахетар. Иза а мегаш дац.

Аказа шайна цхьацца дика даза вац хІокху чуьрачех цхьа а. Мел жима делахь а, гІуллакх ду-кх иза, хьуна чІогІа оьшуш хилча.

ХІара Іаш волу Хьамид. Кога ирахІоьттичхьана дечиган пхьола деш волавелла лела, лула ярташка а оьхуш. Зингато санна болх беш лела. Цуьнан дика дуьненан хІума ІаьІна, бах. Амма, иза бакъ ду-дац, хууш стаг вац, хІунда аьлча цо шена тІедухуш я дууш кхин хІара ду аьлла гучудаьлла хІума дац. Наха дийца-м дуьйцу. Мацах нийса хилла цуьнан дегІ букарсеттина.

Хьамиде хьоьжучу Аказна дагатесира цхьа гуьйренан йочане буьйса. Набарна юккъехула хезира цхьаммо ков детташ. «Мила ву?» «Со вара иза-м». Ков дІадиллича, догІано верриг а ваша а вина («Вортанна юххехула чета оьху-кх цунна и догІа...») лаьттара Хьамид, карахь мехкадаьтта чудутту панар а йолуш.

– ХІан-хІа. Хьох эхь хетташехь, Аказ...

Махо дІасатехкочу панаран серлонехь гучулелхара велакъажаро дІасаозийна Хьамидан юьхь.

– Хьох эхь хетташехь...

– ХІун ду иза?

– Бежана бен дацахь а, къахета-кх. Шен лозург схьайийца батахь мотт а боцуш, хьайба ма ду иза...

– Етт цомгуш хилла?

– ХІаъ. Цхьа нисбелла етт бара хьуна, ЧІама. Ведар дуззий шура а луш. ХІун хилла а, ца хаьа.

– ХІинцца араволу со.

ХІаъ, и лоралла а Іамийнера кхо, маьхза нахана гІуллакх дан...

Цхьа миска ву Хьамид. Ша-шена вахийтичхьана, кхиболчийн бала а боцуш. Юхалург ахча лур долуш а вац, ахьа кхана схьадахьар ду алахь а. Маситта бахьана карор ду. Кху чохь дуьйцу долчунна а – кІезиг бала. Дукхахболчара аьллачунна тІе а тайна, кхин вист а ца хуьлуш дІагІур ву...

– Хетарехь, хІинца ша кхуза вогІуверг схьавеана аьлла, хІинца, Аказ, ахьа схьадийца айхьа тхо кхуза кхайкхаран бахьана.

Иза а аьлла, Чада шен коьртара холхазан куй кара а биллина, цу цІе куьг хьекха хІоьттира.

– ЮьхьІаьржо кхаьчна суна тІе.

– Иштта ма ала, Аказ, хьуна тІекхаьчнехь, вайн тайпанна а тІекхаьчна иза... – элира Ахьида.

– ХІун ду хилларг? – хаьттира Чадас.

– Шух эхь делахь а, хІокху чуьрчу йоІах куьйгаш тоьхна...

Цхьана юкъана чохь тийналла хІоьттира. ТІаккха цхьаммо гІийлла хазийра:

– Хьан? Мича тайпанан ву иза?

– Жоккин некъийх.

– ХІу-у?

– ХІаъ, Къахьиман шичин кІант а волуш ву, боху.

– И вай цаларар ду.

– Шаьш бахьанехь иккхина дов, цхьа стаг вита а вуьтуш, дІадерзийнийла хуушехь... ХІара юьхьІаьржо ю.

– ЮьхьІаьржо юй, яций бохуш вай Іерах, тадала хІума дац, катоьхна цхьаъ дан деза, – элира Ахьида.

Гуттар а санна хьалха кхийсалуш, дов доло кийчча ву Ахьид. Амма цхьа а дов хІара тулуш дІадирзина дац хІинццалц. Цкъа кхеран а, дІо ДІабин некъийн а дов даьлча, тапча а эцна девна юкъа а иккхина, когаш бихкина гомаш санна, лаьттах а кхетта, шегара герз даккхийтира... ТІаккха и дІанисдеш, Аказан ден вашас Коврас ДІабин некъийн доккха къамел долу БІага схьа а лаьцна, лаьт-

тах а тоьхна, гай тІе ког а гІортийна, оззийна шаьлтий-доьхкий (доьхка хада а деш) схьадаьккхинера... Хьаштдоцуш хилла хІума ду, хьаштдоцуш. ХІара ца хиллехь а тоьур яра йолу гІайгІанаш. Кьоначийн хьекъал ма дац. Шайна товрриг дІалелийчхьана...

«Мохк боцу эла ву Аказ». ХІинца кхузахь а яхьйолу кІант санна хьаьвзар ву... Доггах дацахь а...

– Церан наха хІун боху? – лаамза велакъажар иккхира Хьаьлиман юьхьа тІе.

«Аказ, хьан элалла гена ца дели, хьуна тхоьгара гІо оьшуш хан хили», – кхардаме воккхавийр ву. Дика дац хьуна иза, Хьаьлим. Иштта нехан юьхьІаьржонах воккхавер. Мегар ма дац. ХІара цкъа а ца хилла иштта. Мацах хьан йиша йол хьалаэца яхча... И юьхьІаьржо дІаекха юкъ йихкина хьалхаваьлларг хІара ма вара.

И хІун ду-те? Кхо дика болх бинчунна хІара, дІа кІорге хьаьжча, бІаьрга ван везаш ца хуьлу. ХІетте а, хІара волчу оьху, кхуьнан неІаре хІитта а эхь ца хета, дина гІо а тІелоцу. Амма кхидІа хІума ца леладо. Кхо дийриг иштта дан дезаш санна, хета. Ткъа шаьш... ХІун ду иза? Шена дина гІуллакх хаъал кьонах цахилар ду-те? Я хІара... ХІун дина хІокхо? Хьекъал-м ца кхуьу. ХІун дина хІокхо наха иштта шеца юкъаметтигаш лелаялла? ШайтІано эгІийнчу берана кхо жайна даьккхина, цомгашчу атте хІара хьаьжна, дехначунна дерг кхо делла... Ванах, и хІун ду-те? «Мохк боцу эла»... ХІаъ, хІара тера ву бохург ду-кх и. МоттаргІанаш лелайо бохург ду-кх. Бакъ дац. Нах! И бакъ дац шуна, кхо хІун куралла лелор яра? Кхуьнан хІун ду шул тоьлла? ХІара иштта ма ву, вуьшта ца хилало.

Иштта везаш хилла-те кхуьнан да а шуна? ХІинца хІокхуьнга санна, деган кІоргенехь цабезам а латтош, гучахь – Іабди-Хьаьжас мел дешначу Къуръанор».

ХІан-хІа... ХІаъ, хІинцалерчу къоначарна дукха атта хета хІара дахар. Дерриг а шайна девза аьлла, хета, шаьш масех книга ешна бохуш. Дахар довза йиш ма яц, дахарехь ваьхна ца хилча. Цхьаммо дийцарх я цхьаммо яздинарг дешарх – иза дахар довзар дац.

ХІан-хІа, кхуьнан деца иштта яцара нехан юкъаметтигаш. Иза царна баккъал а везара, иза лорура устаз санна, цо цхьа маха хил-

лал бен цадинарг а деза хетара. Иза уьш тІе ца кхочучу ту тІехь лаьттара. И иштта шайл лакхахь латта декхар долуш санна хетара. Ткъа хІара? ХІара кхаьрца нийсса лаьтта. Шайл тоьлуш воцчу хІокхо элийн кеп лелош ца деза царна. «Муха ницкъ кхочу, тхайчул кхин тоьлуш хІума а доцуш волчу хьенехан диллина нахана гІуллакх дан, шена чу ца хьош а, нахана дІадала?..» Иштта дац-теша? Я иштта ду? «Мохк боцу эла...»

Жоккин некъех ву кІант. Дала диканна дойла хІара. Мацах хилларг диц стенна до?.. Тоба гуттар а массо шех тарван гІерта, цунна везац шех къестарг. Духарца, леларца тера хила веза...

– Аказ, хьо вист а ма ца хуьлу?

– ХІахІ?

– Жоккин некъаша хІун боху, хоьттура аса-м.

– Цара тІе стаг ваийтина-кх. Шайн кІанта цу йоІах хьарам куьйгаш тоьхна ма дац аьлла, дуй а баийтий, маслаІат дахьара аьлла, и йоІ шайн кІанте дІа а йоуьйтуш...

– Иза а, хьаха, ду атта маслаІат, – юха а лаамза велакъежира Хьаьлим.

– МаслаІат дахь, шайн зуда а яло еза-кх, изза куьйгаш тохийта, – кхоьссира Ахьида.

– Иза осала хІума ду, – корта ластийра Чадас.

– Наха лелош ду-кх иза, мухха делахь а...

– Вай лелош товш дац. Цу тІе, и бакъ ду-дац а, ца хаьа... Нехан эладитанаш хуьлий...

– Бакъ делахь а, дацахь а – хІун бен ду иза, массара а дуьйцуш хилча? Хабарш а дитина, цхьаъ дан деза-кх.

– Ахьид, хьан гуттар а сихлуш Іедал ду, сихалла ца оьшу цхьанххьа а. Вайн ма-хуьллу дов ца хилийта хьовсур ду вай. И йоІ реза хилахь, цу кІанте дІаяхийта еза, – элира Чадас.

– Цаьрца долу гергарло а ма ца дезара суна...

– Аказ, девнал гергарло тоьлу хьуна, девнах шура ца йогІу.

«Чада, хІаъ, Чада бу-кх аьрда бІогІам. Гуттаренна хьо шена тІетевжина Іерах, «цхьажимма хьалаайалохьа, къонах» цкъа а эр дац. Чада ду-кх сирла ангали, тІе Іаь ца юьллуьйту, тІекхетта цІунаш сихха дІайоху, хьогІане Іарж ца дойту.

«Хlорш гулбечул, цхьана Чаде а кхайкхина, Iадlийнехь тоьллера», – ойла хилира Аказан.

– Чада, хьо воккха хилла, цундела хьуна дов ца деза, и иштта дара аьлла, вайна юьхьIаьржо тIейита ма ца тарло, – вусавелла, Хох санна, тIевеана Ахьид.

– Ахьид, со цкъа а ца хилла дов дезаш, иштта атта дов дезаш, амма дов дан дезачохь со цкъа а тIехьатаьIна вац, я хIинца а теIар вац. Со шул массарел а воккхах ву, аша диъначу ахьарал туьха диъна ала мегар доллуш. Цундела аса бохучуьнга ладогIар шун декхар ду.

– Делахь а... – цхьаъ ала гIоьртира Ахьид.

– «Делахь, ца делахь» дан а дац. ХIара гIуллакх наха бехк ца буьллучу агIор дIадерзо деза.

Дуккха а къийсира АказгIеран чохь ЧIимин некъех болчу наха дан дезарг. Амма тIаьххьара а Чадас бохучунна реза а хилла, дIасакъаьстира уьш.

Цул тIаьхьа Жоккин некъийн баккхий нах баьккира, теттина там а бахьаш, и гIуллакх, йоI шайн кIанте а йоуьйтуш, дIадерзор доьхуш.

Эшарийн мукъамехь дIасалеста хьалаоьллина кхозу чайтаIан сурт. И цхьаъ ю-кх, хIара санна, кхоьлина, вуьш массо а самукъадаьлла ву. Иза муха ца хуьлу, коьртах чекх сара а баькккхина, хьалаоьллина хилча. СабIарзделла хьан а, чен кIорни. Шуьшиъ цхьаьний кху чуьра едча, хьо хьуьнха дIагIур яра, хьайн йоьлхуш Iаш ча-нана йолчу, хIара а, мачаш охьа а кхийсина, когаш а берзина, цIа хьодур яра. Я хьоьца цхьаьна, дIа а еана, масех дийнахь хьуьнхахь Iийр яра.

ХIинцца, машен йоьдуш лаьтташехь, араяла йиш хилча, тхов тIехула, берзинчу когашца... Берзина ког. Мичахь гина иза? ХIа-ан, тахана гина-кх. ХIокху машенан тIехьарчу чухула Iаьржа хIума тоьхначу куьзган тIехь кхозуш ю-кх берзинчу коган кIайн лар. Иза гича, Зараъна бIаьстенан юьххьехь деана догIа а, цунах хIиттина кегий Iаьмнаш а дагатесира.

Аренгахь – дукъа дохк. Машен, оцу дахкарна кIел ца йиса гIерташ, бIаьргашца ма-хуьллу боданца некъан хIора метр къуьй-

суш, хьуьхьайоьлла, хьаьдда йоьду. «Хьалха, хьалха», – гIийла ека мотор. Нагахь сацахь, иза юьсур ю дахкаро са а дукъдина, иза боданехь къайлаер ю, кIоргачу уьшалахь говр санна...

Цундела – хьалха, хьалхà, хьалха...

СаьIидбекгIеран кертахь хIорш схьакхачаре хьоьжуш лаьтта гулбелла кегий нах а, мехкарий а. Кхеран машенаш юьртах чу маюьйлли йолийна тоьпаш хIинца а кхуьйсуш ю. СаьIидбек вехачу дIакхачале шозза совцийра хIорш некълоцучара.

Буьйса Iуьйкъене лестинехь а, самукъане гIовгIанаш хьийза юьрта тIехула. ДIасалелачу нехан Iиндагlаша къарздинчу бетта-сино серладаьхна урам-некъаш. Чудерза ца туьгу тховса бераш а, шайга наноша цIа дуьйла бохуш, учи йисте а хIуьттий, кест-кеста маьхьарий деттахь а.

«ЦIа кхечи, цIа кхечи. Далош ду нускал, далош ду».

ТIехь варкъаца бустамаш дохуш кечйина кIайн гIабали, коьртахь шипон а, кога юьйхина лекхачу кIажи тIехь мачаш а йолу нускал, цуьнца берш кхин шозза а совцабо цIа чу кхачале. Цкъа хьалха ков лецира.

Нускал кел чоьхьа ма-делли, цунна хьалха куз теси. «ХIара... хIара хIун ду? ХIинца хIун дан деза? – ша йолччохь сацаели Зара. – ХIа-ан...» Эххар а цуьнан сакхуьу иза, тIе ког а ца боккхуш, хьарча а бина, хьалаэца.

ТIаьххьара а цIийнан неIар тIе кхечи зуда ялош богIурш. Иза а чIаьгIна ю.

– Вай, цIе йожа хьо белхан! Тховса тхо чукхачийта-м ца дохку шу!

– ВаллахI, хIинца-м шуна хетарг ца хуьлу шуна, – неI схьаозайо кхечо.

Чохь неIарх тасаелла йоллу ткъе иттех шо хир долу зуда.

Къонахчо гIори-гIоддах схьаозайой, мелла а херйо неI.

– Хьакимат, хьо эша ма яйталахь, тасалолахь, – маьхьарий детта зударша.

Къонахчунна товш дац накъосташна хьалха, къаьсттана нускална хьалха, жерочул эша а эшна, юхавалар. Кхин а чIогIа тасало иза. НеI схьаеллаелла йоллуш лаьтта. Амма эццахь Хьакимата:

– Тумиша, схьайола, гIо де! – олий, мохь туху.

Вукхо, и шега аларх а ца тешаш, тIекхетий, чIоггIа схьа а озайой, шен метта дIахIоттайо неI.

– НеI еллалур яц шуна, цулла а шина туьманан пхеа соьман кехат чукхосса, – боху Хьакимата.

– ДIавала, Махьмуд, оцу неIарх а ца леташ, цунах гIуллакх хир дац, – замойх цхьаммо Хьакимата бохург до.

Пондар локху, тIараш а, вота а туху. ДIадуьйладели халхарш. Юкъ-кара халхарш совца а дой, Хьакимата эшарш лоькху:

Хьо дIавоьдий сайна хиънехь,
Генаволий сайна хиънехь,
Дуьне мел ду тIаьхьа еъна,
Со йиц ма е, боху дарий.

Цунна тIаьхьара ойу вукху зударша. Хьакимат, царна хетарехь, шена догIу дакъа хIокху дуьненах схьадоккхуш ю. Халха а иза йолу, эшарш а цо локху, кест-кеста маре а йоьду... Ирс-яI.

...Я сан ваша велара хьо,
Я сан шича велара хьо...

– ЭхIейт, горалера, дика йиш, яI! Лакха ахьа, Хьакимат, лакха ахьа, – мохь бетта цхьаммо.

«Баккъал а йиш дика хеташ ву-техьа хьо, сел чуьраваьлла?» – ойла хуьлу Зарин.

ТIаккха цIаьххьана цунна хIара дерриг а – кху чуьра гIовгIанаш, бийларш, забарш, дуьхь-дуьхьал теIо бIаьргаш, халхахьийзарш, вотанан гIовгIа, эшарш, кест-кеста цхьацца зуда тIе а йогIуш, кирхьа хьала а ойъий: «БIаьрг ма хила хьан дашочу коьртана, дукха ирча-м яц хьуна», – бохуш, шега хьежарш, дехьа чуьра схьасттало кечбечу тайп-тайпанчу кхачанан чоме хьожанаш, корал арахьара беш а, Iаьржа екхна буьйса а, оцу бешахула волавелла лела иза а – цкъа мацах шена цхьанхьа гина, девзина, хезна, шеца даьхна аьлла, хета. «Ванах, хIара баккъал а иштта ду-техьа? ХIинца, хIокху сохьтехь хуьлуш ду-техьа со шех кхийринарг, аса шега иштта сатийсинарг?..»

– ...Зараъ, схьайолахьа, дIахеций вайшиммо хIара лоппагаш хIокху махсхь?

– Дера хеца.

Школан кетIара дIахецна кхушиннан ши лоппаг, махо гIеххьа лаьттана лакха а даькхина, вовшах а хьерчаш, буьйсанан боданехь, тIуьнчу дахкарлахь къайладели. Къайладели кхушиннан ши лоппаг – цIен, можа.

– Дуьло, вай сатасаре хьовса доьлху, – аралилхи школи чуьра кхеран накъостий.

...Ванах хIара баккъал а ду-техьа? «ХIорстоъ, хьовзае». Ма чIогIа ека и вота. «ТIох-тIих, тIох-тIих». «ДIа ма яьллахь юккъера, кIадвелла хьуна». «ТIох-тIих, тIох-тIих».

... ТIе хьун яьллачу арцо нийсса ах бекъна, чубуза сихбелла боьду малх. ДIо геннахь, баьццарчу аьрцнел дехьахь, стигал къевкъий, гIовгIа йолу. ХIинцца басешкахула левзина, Iовраш а хилла, Iаннашкахула идда маьлхан догIа оцу аьрцнел дехьарчу хьаннаш тIе хьарсалуш ду.

– Зараъ, ахьа хIун дийр ду со эскаре вахча? – иза вела а къежаш лаьтта.

– Асий? – маьлхан тIаьххьара зIенарш ловзу кхуьнан юьхьа тIехь. – Асий? Со хIора сарахь хIинца санна оцу аьрцнаш тIехьа къайлаболучу малхе хьоьжур ю. ТIаккха суна дагайогIур ю вайшиннан хIара суьйренаш.

– Ткъа нагахь кхоьлина хилахь?

– Кхоьлина хилча а, со, оцу аьрцнашка дIа а хьоьжуш, лаьттар ю. Сан бIаьргашна гуш таханлерра малх хир бу.

...Ванах, хIара баккъал а ду-те? «Хьо дIавоьдий сайна хиънехь...» «ДIахеций вайшиммо хIара лоппагаш». Яда еза, яда... Ма чIогIа ека и вота.

Ма йовха ю. «ТIох-тIох-тIох, тIих-тIих-тIих». Чекхдели... Ва нана... Суна хIун хуьлуш ду?.. И вота ма чIогIа... «ТIох-тIох-тIох, тIих-тIих...»

– Вададай, кхунна хIун хили?!.

– Дог гIелделла, схьада хи!

– ХIан-хIа, иза ламаро яц, ламарой иштта дог кIеда ца хуьлу.

– Дехьа чу йига...

– Меттаеаний иза? СадаIийта аша цуьнга.

– ДIалакхал, Хьакимат, цхьа дагна тамехь йолу йиш!..

...Хьо дIавоьдий сайна хиънехь,
Генаволий сайна хиънехь...

– Хийций йиллахьа экъа, Хьакимат!
– Суьйре йогIу хьо ган лууш,
Iуьйре йогIу хьо ган лууш,
Дала, кIорни, махе-малхе,
Зама йогIу хьо ган лууш.

Сатаса гергадахна, беттаса ломал тIехьа керчича, дIасевцира СаьIидбекан кертара пондаран а, нехан а аьзнаш. Нах, самукъадаьлла, хIинца а наб дага а ца йогIуш, вовшашца къамелаш деш я буьйлуш, урамашкахула шайн-шайн хIусамашка боьлхура.

СаьIидбекан нана Билкъис, гуттар а санна, Iуьйрре гIаьттина, дика набарх а ялаза, берзинчу когаш тIе мачаш а туьйдина, уьйтIа яьлла лаьтта. ЦIийеллачу малхбале хьоьжу иза, Органан гIовгIане ла а доьгIуш. Цхьа а марха яц стигалахь. Таме, аьхна. Селхханехь цIе латийнчу хьаьрдаша кIур туьйсу луларчу кертахь. Иза, меран тIилдигаш а юсайой, кIуьран хьожа чууьйзуш лаьтта.

Дуьххьара лулахойн кертара и кIур а, цуьнан хьожа а кхунна евзира ткъех шо совхьалха. ХIара хIетахь а иштта ара а яьлла лаьттара, массо хIуманах самукъа а долуш, цхьана а хIуманан ойла а ца еш.

Оцу Iуьйрана хIара сихха яхара етт оза. Шура ведарх етталора деган мукъамехь. Деба, деба, хьох де Дала хайра. Етт оьзна йоллучу хенахь иза араволура. Кертахула уьдура. Бер ду-кха хIинца а. Суьйрана тептарш тIера цо цхьацца хIуманаш дуьйцура. Бер ду-кха иза, хIинца а оцу книгаш тIерачу аьшпех тешаш. Уьш йоьшучул, цхьаъ дахьара. Къонах, оьздангалла, тешам... И даккхий дешнаш.

Билкъис хIинца а ца кхетта, и дешнаш СаьIидна, даьсса доцуш, дахаран харш хиллийла, шена чухула иза гуттар а дIаэха гIерташ, дуьхьал мел чIогIа Iовраш хьовдарх, цаьрга ша аркъал ца тухуьйтуш. Оцу хоршара дIа ца вала ма иккхира иза хIетахь шийлачу Орган чу а, хе хIаллакден адамаш схьадаха. Ша бер хиларна дина-кх, воккха хилча, кхеташ, муха оьккхур ву пхуьйттазза шийлачу хи чу, арахь ло долуш. Ша бер хиларна дина-кх.

Кхуьнан бехк бу. Бер куьг а лаьцна лело ма деза, хих а, шелонах а, цIарх а лардеш.

Иштта ойланаш хуьлура хIетахь, шелоно хIора денна вуучу цуьнан когашка а хиъна Iаш. Иштта хIинца а хета. ДIогарчу тишделлачу аьчкан кевнна ца хета иштта. Нийсса ткъа шо даьлча а ца кхийти-кх хьо, Билкъис. Цо шен синна тIеэцнарг ша кIелхьарбаьхначийн шело ма яра. Уьш кху дуьнен тIехула лелийта. Уьш, лоьлуьйтуш ца хилча, хи чуьра хьала стенна бохура? Дуьнен чохь массо хIуманах а мах бала ма беза. Пхиъ вохван цхьаъ вага веза я гIоро. СаьIида ша гIоравайтира. Ца кхийти-кх хьо ткъа шо даьлча а, ца кхийти-кх. Резадоцуш, дIасатехка ков. Цу кевнна хьалха, ло санна кIай а велла, къан а велла, Iаса а карахь лаьтта иза а.

Зуда, бIаьргаш тухий, лоррий хьожу ков долчу. Дерриг а ша ма-дарра ду. Керт а, ков а, лулахойн кертахь йогуш хьаьрдаш а. Иза вац. И ков а цIовзош, вела а къежаш. ТIома кIел лаьцна тептарш а долуш, школе воьдуш. Вац.

И дош дуьххьара хезча, Билкъис хьаьшира цунах къахетаро. ТIаккха – дагахьбалламо. Дагахьбаллам бара иштта тийна тIеIена Iуьйренаш, йогу хьаьрдаш, кIуьран хьожа. Иза а воцуш.

Вац. Иза лекхчу берда тIе а хиъна, ши ког чу а хецна, йилхира ехха, Органе а хьоьжуш. И Орга, шен бIаьрхиша дестийна, когаш буха хьалакхаччалц. Иза кхераелира, ша кхин йилхича, оцу Органо шен тогIенехь мел Iохку ярташ хIаллакьярна. ТIаккха цо, йоьлхучуьра саца а сецна, оцу мокхачу хи йистехь дIа а хIоьттина, Тоба дира. И марзо цкъа а, цхьаьнцца а ца екъа. И йоккхаера шен Тобанах. Иза дуьненан марзонах хаьддачу цунна кхо дIало декхар дара. Ерриг а шен хан шина берана тIе а ерзош.

Амма хан дIа мел йолу а, цу Тобанна хьанал хиларна, шена цхьаъ декхарийлахь волуш санна хета синхаамаш кхоллабала буьйлира. Ткъа мила ву кхунна декхарийлахь? Изий? Иза муха хуьлу, иза-х массо а декхарех, баланех, гIайгIанех хьовха, шен дегIах а ваьлла. Ткъа мила?

«Дера ду Билкъиса лелораш хьаьнг-хьаьнга а лелалур доцу хIуманаш. Цуьнан дай а бара оьзда нах». Оцу дешнаша цкъа хазахоьтуьйтура, тIаккха буса меттахь дIасакерчаш цунна и дешнаш

шена тесна дуьрста хетара, ша марзонан-къахьонан дахарх юхауьйзуш, хIокху цхьа а бос а, чам а боцчу дахаран аренга лоьллу. Дагна цхьа а хьаам луш яц оцу аренан буц, мел дукха яарх. Кийрахь еккъа цхьа йозалла хаало. Кхин сов хIумма а дац.

Наггахь, бIаьстенан юьххьехь йогучу хьаьрдийн хьожа кхетча, цуьнан кийрахь меттахъхьовра синан карзахалла, цуьнан кхехкачу ницкъана дегIа тIера Iаь гIоттура, хиккина кIадйинчу кхел-бокъана санна. ХIара, керта юххе а хIуттий, багахь Iуьйшучу дуьрстанан гаьллашка «къарш-къарш» а дойтуш, баьццарчу хьаннашка бIаьрг бетташ лаьттара. Цигахь айгIарех терсара синхаамийн дахар.

Амма иза, хьалхарчу когашца керт а кагъеш, хьодий, дIа ца йоьдура синкъераман, шовкъийн хьуьнха, терса а терсаш. Иза тIаьххьарчу минотехь керта йистехь сецира, хьалхарчу когийн бергашна, лаьттах гIортайой, цIий а тосуьйтуш.

Хийла хан дIаяьлла хIетахь дуьйна. Тоба ца дохош хIинццалц схьаеана. ХIинца и дича, хьалха мел лелийнарг а эрна хуьлу. Иза юхайоьрзура шен чаьмзачу дахаран буц Iийша, керт а ца кагъеш. ТIаккха иза оьгIазе хила елира. Шина бераца. Цушиммо шен Тобанехь дакъалаца дезаш санна, езае.

Билкъисна кхетамо хьоьхура ша бакъцахилар. Шина беран хIун бехк бу? Нагахь бахьалур ца хилча, тIеэца безаш ца хиллера и мохь. ХIинца а тIаьхьа дац (хийла соьцу кхунна тIаьхьахьоьжуш хIинца а), кIордийний, дIачукхосса бердах, Органо бадийна, дуьненан маьIе а баьхьна, тIепаза бойур бу. Иштта атта ма дац Тобанна хьанал йиса.

ТIаккха Билкъиса кегадора шен эс, цуьнан кIоргенехь мацах цкъа цхьаммо дуьйцуш хезна, иштта ша санна Тоба динчу зударех долу дийцарш карладохуш. Цхьаъ шовзткъа шарахь Iийна, шен кхерчара цIе дIа ца йойтуш, цуьнга сатуьйсуш. Важа – ткъе пхийтта шарахь. ТIаккха, и веллий хиъча, гуттаренна а Iен киле чу дIаяхна. Хетарехь, уьш цхьа цIена, дог-ойла гуттар а лекха (хIетахь мокхачу хин йисте а хIоьттина Тоба дечу хенахь хIокхуьнан санна) ойланаш йолуш хилла. Ткъа хIара, хетарехь, шовкъечу дахарна йина хилла, хьаннашкахь кIеж туьйсучу дахарна. Шен боцу некъ бу-кх кхо юьхьарлаьцнарг. ХIетте а... ХIуьа

«хІетте» делахь а, бакъо юй кхуьнан несаца хьагІ лело? Яц. Иза-м кхунна а хаьа. Ієн-м ца ло цхьацца ца аьлча. Нус а яц кхин диди. Болх ца беза. Цхьаммо цуьнга даийтина кехат а дешна кхо. «ХІун дийр ду иштта хилча, хІетте...» Билкъисна хаьа, хІун ду къоначу зудчунна и «хІетте». Цо иза цкъа а шен долуш долчух тоам бан юьтур яц, цо иза гуттар а дІакхойкхур ю синхаамийн керл-керлачу анайисташка.

Билкъис, етт оьзна а яьлла, тІо схьа а оьций, куьйра ласто хуу, учара дІа кетІа а хьоьжуш.

«Юьхь йила а кхиале, эладита дийца йогІуш ю-кх», – ойла хуьлу цуьнан, керта тІехула ког а кховдош сехьайолу Заман а гой.

– И хьаьрдаш дукха юй шун, Заман?

– ХІунда боху ахьа? КІуьро новкъарло-м ца йо?

– ХІан-хІа. Мелхо а.

«Гурт-гурт-гурт». Хьацаран хІорд хилла Билкъисах. Наггахь чуеттачу гІожа юххехула тІебаьлла тІо пІелгаца юха куьйран чу хьокху цо, иза дечу юкъана лохчу гІанта а хиъна Іачу Заманца къамеле яла а кхуьуш.

– Делан Возалор, зуда а ма ца нисло атта. ХІара шун нус-м бакъхьа хета суна...

– Дера яц хьуна хІара а балхах куьйга дуьхьиг дІатухур долуш.

– Ма алахь, и-и, и вон ду. Оцу тхан гІемо акхаваькхи хьуна сан кІант а. ГІалахула доладелла лелаш ду, тахана шаьш схьайокхург яа а юуш, кхин тІаьхьенан ойла а ца еш.

– Изза дан гІерташ йоллу-кх хІара а... («гурт-гурт-гурт»). Сан аьлларг хилча, цхьа де а доккхур дацара.

– Дукха хууш ма хуьлу хьуна оцу агІорхьара болу зударий...

– Дера хуьлу. Цхьа шайтІанаш ду-кх. ХІара кІант вала вижжина ву цо аьллачунна.

– Ма тера а ву сайчух.

Цхьаццаммо хьехар до: «Хьайн кІантана мегачхьана, тоийта, иза хьоьца яха дезаш ма яц». ТІаккха Билкъисна цаьрца къамел дан а ца лаьа.

Тийналла. («Гурт-гурт-гурт».)

– Лелина хІара куьйра. Цкъа хи чу а хІоттийна шел ца ялийтахь, даьтта схьадер дац.

– Даьтта... Ватта, сайн кхехко хIоттийна даьтта а дицдина Iаш ю-кх со, – арахьоду Заман.

– Хьа-хьа-хьа! И ду хаза! – цунна тIаьхьаяьллачу Билкъисна даьгначу даьттанан хьожа кхета. – ТIехдахна хилла и-м, хьо кхузахь мотт лебеш Iашшехь. Хьа-хьа-хьа!

БIаьсте яра йолуш, лайн хиш а уьдуш. Iалам денлуш дара. ГIа даккха тохаделла, чIенгаш яьхна лаьттара СаьIидбекан кертара стоьмийн дитташ. Царна асарш деш, совнахйолу генаш дIахедош, дукха самукъадаларна, багахь бай-й мукъам а беш, хьийзара СаьIидбек. Де суьйренга лестина хан яра иза. Малх хIинцца орцал тIехьа къайлабаьллера. Оцу арца тIеевлла хIинца а Iаьржа йолу хьаннаш, можа-цIечу стигалахь къаьстара, маьлхан тIаьххьарчу серлонехь уьш литталора, уьш луьйчура. Беша а яьлла, Iожах букъ тоьхна, кху тIаьххьарчу эха шарахь ца хиллачу кепара сирла дог-ойла йолуш, шен майрачуьнга хьоьжуш, ела а къежаш, лаьттара Зараъ. СаьIидбекана ша цхьаммо тергалвеш хийтира. И схьавирзира. ТIаккха цунна гира ша хIора буьйсана а, дийнахь а сатуьйсург: Зараан цхьа шатайпа елакъежар. Зараан бIаьргаш даг чу хьуьйсура, цара иза вохвора, цара и хьоьстура. Цунна шений, шен зудчунний юккъехь хIинца дуьххьара гира шаьшшиъ вовшах дузу безаман зIе.

–Хаза-м ду вайна, – шен карара жима херх охьа а тосуш, элира СаьIидбека. (ТIаккха хийла хан яьлча, цунна дагаоьхур ду ша аьлла и дешнаш. Цо тамаша бийр бу: «Хьажахь, беран санна, цIанйир-кх, яййир-кх сан ойланаш цуьнан цхьана хьажаро»). Цунна цхьа доккха-доккха дика дан лиира Зараъна, цунна и хьоме хийтира йолуш лаьттачу бIаьстенал а, дIабузучу маьлхан тIаьххьарчу серлонал а, денлучу хIокху бешал а... Цо иза, тIе а озийна, дайн куьг а хьокхуш, хьаьстира. Ткъа иза цхьана юкъана дIатийра цуьнан марахь. ТIаккха шен, сих-сиха деттало дог СаьIидбекан некха тIе а таIош, халла хазийра:

– Вайн... вайн бер а хир ду.

СаьIидбекан дог цхьа тамашийна тохаделира. Цунна хIинца а ялаза йолу бIаьсте елира, стоьмех техкира кху бешара кхораш, хьечийн, Iежийн дитташ. Цо Зараъ шолгIа а тIеозийра, хаддаза:

– Баккъал а, баккъал а дуй иза?! – бохуш.

– Хlаъ, хlаъ, – хала алалора Зараэга.

– Иза кlант хир ву.

– Хlаъ, хlаъ, – юха а цунна резахуьлура Зараъ. Тlаккха ша хlун дийр ду я хlун эр ду а ца хууш, йисира.

– Аса... аса, вайн цIеношна поппар хьохур бу, пенаш лилхина церан, кир а тухур бу... Кертахь зезагаш а дуьйр ду.

– Со кхушарахь балха а гIур ву, кибарчигийн цIенош а дийр ду, машен а вайшиннан йолуш ю...

– Со а йогIур ю хьоьца...

–Хlан-хlа, аса Разет юьгур ю, хьо цIахь Iе, вайн кlант а ларвеш...

– Вайн кlанттий?.. – иза гIийла елаелира.

СаьIидбек-м чIогIа велавелира, цуьнан велар хьаннийн хотешкахула декара.

Юьстахо йолчу котамийн буьна тIехьа хIоьттина, хIара шиъ тергалдеш, кхушиммо дуьйцург а хезаш лаьттара Билкъис. Цунна мелла а Iотталора Зараан ирсе хилар, къайллаха кхетаман кIоргенехь иза хьоьгура цунах...

Жимма хан яьлча: «Уьхь, уьхь», – аьлла, ша йогIийла а хаийтина, чуяхара иза, бешна а даьлла, мар-мара ца деттаделча а, чоь ца тоьу шуна боху гIам-гIим а деш.

Ткъа цул тIаьхьа бIаьстенан белхаш дIа а бирзина, ша кхана-лама Разет а эцна балха ваха новкъаволу аьлла, СаьIидбек ша йолчу чувеача:

– Разет цIахь а оьшу, лаахь, и зуда йига, – элира Билкъиса.

СаьIидбека кхин хIумма а ца элира нене. Суьйрана зудче:

– Хьо ян еза соьца балха, чохь яахIума кечйичхьана, кхин беза болх бойтур бац хьоьга, – элира цо.

КИБИЕВ Мусбек

ДЕН КЪАМЕЛ

«Варлахь, кIант, варлахь, кIант!»
Нах хьуьйсуш бу хьуна.
ЮьхьIаьржа хIоттавай
Ма воьллахь тIе суна.

Дин бац ас буьйцуш берг,
Хохкуш берг майданахь,
Хохкучохь цуьнан ден
Сий-ларам айъинарг.

Динна тIе куьг хьоькхуш,
Йора а болуьйтуш,
Iалашбо дин хахка,
Хьалха а балийта,

Алаша, букъ тIехь
Стаг лело алаша,
Ас хьоьга юьйцург ю
Цкъа гIалат далахь а,

(Ког Iоттабелла а),
ЮьхьIаьржахIуттург ю.
Беречо сий-ларам беш,
ХолчухIуттург ю.

Ма воьллахь суна тIе,
Нахе дош олуьйтуш:
Ког Iоттабелла а,
ГIалат хьайх долуьйтуш.

Алаша, дин бац хьо,
Церан яхь хьайн яцахь,

Кхеса тIе бат юьллуш,
Хьаьддачохь схьалацахь,

Йора а волуьйтуш,
Хахка кечвина вац.
Сайл тола лаар ду,
Кхин хIума лууш дац.

Алаша, дин бац хьо –
Цхьа муьлха бежана,
КIант хила везаш ву
Дега шен хьаьжжина:

Iаж Iожа кIел бужий
Массарна хууш ду,
Алсам шел кIант хилар
ХIор дена лууш ду».

Мацах цкъа, соьга цо
Дийцинарг дицлуш вац.
Iамарх дех, Iемаш вац,
Я Iамарх Iебаш вац.

Яхь йолчу кIенташна
Холчу а хIоттийна,
ДегI долчу беречо
Гора а хIоттийна

Лелла вац, лелла вац,
Кхета, да, кхета сох:
Iожан дарц саццаза
Iожа кIел детташ ду.

Наггахь ког тасало
Хьан кIентан-«алашан»:
Со-м адам, адам дай,
ГIалат а дала сайх, –

Дуьне ас таттарх а,
Хьаьдда сай лацарх а,
Хеташ ву, цкъана цкъа а
Сох Іебар вацар-кх хьо.

ШАГАТІУЛГ

(Легенда)

Баххьаш тІе бохь буьйлу
Макажойн ломахь,
Некъ а бац тІебоьдуш,
Ца валахь тІома.

ЙоІ елахь, тІулг белахь,
Баххьаш тІехь лаьтта
Цхьа гІаларт, нийсса ах
Чудахна лаьттах.

Хууш вац, чуэккха
И гІерта бердах.
Я дегнийн цІанонан
Тахненга гІерта?

Дахкаран кортали
Хьарчийна коьртах,
Іуьйренан зІенаршка
Шен тІамарш хецна,
И гІаларт бердах чу
Хьаьддачохь сецна.

Ткъа бецан кхес гІиттош,
Чудулуш хьеха
Іам чуьра схьатекха
Саьрмакаш Іоьху.

Аьхкенан саьрмако
ДегIан ткъес детта –
Баьццара ткъес бердахь,
Гуш, ца гуш, сетта.

Саьрмакийн баьццарчу
Ткъесийн садаккха
Вовшашна тIетеIаш ду
Бердийн накхош.

Шийлачу бердаша
ДIасхьа мохь бетта –
И бердийн хари чохь,
Ног етташ, сетта.

БIешерийн Iома чу
Ткъесаш тIехь текха,
Шийла ду и маьхьарш
Лерган потт эккхал:

«ХьагI яц тхоьца,
Цабезам бац, эладита
Вовшашка ца боху
Оха Iаддадита.

Адамийн берд –
Хууш дац тхо делхар, делар:
Тхоьца лелларг
Дерриг а тхоьца делла.

ХIун ю хаац
Тхуна бала, хIун ю гIело, –
Бала, гIело
Йиххинарг – Iожаллин шело…

Адам ду хьо!
Ойла е хьайн! Юхаяла!
Син суй биснехь,
Марсаяккха деган алу!»

ЙоІ елахь, тІулг белахь –
ГІалартта-м лаьтта,
И маьхьарш ца хезаш,
Чудахна лаьттах.

Мел хан ю мохь бетта
Хаа дац амал –
Мохь бетташ болчарна
Сецна ю зама.

Адмашлахь-м зама ю
Адмех кадетташ,
Къонаниг къан а веш,
Къенаниг сеттош.

...Ши кІант ву Гуцулан.
Веха – ахь боху!
Бала а кхайкхаза
Ша керта богІу...

КІант чІир ю ламанхойн,
ЙоІ эхь ду цІийнан,
ЧІир, цул доккха эхь,
ЧІирхо ца вийнехь.

Довлатан Гуцулна
ЧІир екха еза.
Азина Гуцулан
Рамис ву везаш.

Дайшна и хууш дац,
Кхушинна – чIирах:
И гIуллакх ламанан
Эвлахь ду шийрлуш.

Довлатан кийрахь-м ю
Бекхаман алу,
Гуцулан керта цо
Бахьар бу бала.

Бекхаман алуно
Морцуш бу кийра –
Цкъа марсайолу и,
Цкъа йогу гIийла.

Юлу и хьекъалехь
ЦIеран мотт хьекха,
Я даг чохь алун цIен
ТулгIенаш хехка.

Бекхаман алун нур
Шаьлтан тIе даьлла,
ЧIир йоькхуш къегар ю
Довлатан шаьлта.

Гуцулан хIусаме
ХIоьан суй хилла,
Я бала кхочур бу
Шен тIадам билла.

Бекхаман и алу
Гергарчу наха,
Дешнийн чIеш тIетуьйсуш,
Ю марсайоккхуш.

«Вайн бийнарг уьстагI бац!
Ваша ву вийнарг!»
«Эхь ду и тайпанна!
Эхь ду вайн цIенна!

Ас айса вуьйр ву и,
Ца вехь и кхечо!»
«Селхана гина бах,
Ахканан гечо
Хадийна воьдуш и,
Веана эвла...»

Дахкаран кортали
Хьарчийна коьртах,
Лаьтта и чуэккха
Хьаьддачохь бердах.

Шийлачу бердаша
ДIасхьа мохь бетта.
И бердан хари чохь,
Ног етташ, сетта:

«...Адамийн берд –
Хууш дац тхо делхар, делар:
Тхоьца лелларг
Дерриг а тхоьца делла.

ХIун ю хаац
Тхуна бала, хIун ю гIело, –
Бала, гIело
Йихкинарг ю шийла шело.

ХьагI, цабезам,
Эладита юха а довза;
Кхиберш хьийзо,

Тхаьш а хьийзадайта,
Хьовзахь;

Юхаъ довза,
Тхоьца делла
Тхоьца лелларг –
Юха а довза,
Делхар, делар,
Гlовттар, лелар;
Юха а довза адамийн дош
Багах далар;
Дерриг а довза – хало,
Гlело, бала! –

Тхайн ницкъ хилча,
Юха а лаьттах гlовттур дара,
Чlир а юьтуш,
Чlирхо маракъовлур вара.

Тхайх схьатекха
Саьрмак кхоллур бар-кха оха,
Юха а цкъа
Адамаш хилла синош дохург!

Адам ду хьо!
Ойла е хьайн, юхаяла!
Син суй биснехь,
Марсаяккха деган алу!

Денна цlеран
Чlунаш кхуьйсуш,
Малхо цlераш
Лаьмнех туьйсу.
Церан аса
Бердийн басах
Хьаьрчаш летта.

Басеш лаьтта,
Шера, шера.
Къарздеш латта,
Йогу цIерш:
Шийла цIерш,
ЦIен и цIерш,
Сийна цIерш.
Зезаган ю –
Шийла цIе:
Зезагаш ду –
Сийна, цIен.
Детта цара
Муьрган ов –
Шийла цIарах
Лета, дов.
Малхо лаьтте
Кхийдо безам –
Лаьттах гIотту
Шийла зезаг:
ЦIен и зезаг,
Сийна зезаг.
И – тхан безам
Бу адмашка
Зезагашкахь.

Адам ду хьо!
Ойла е хьайн! Юхаяла!
Син суй биснехь,
Марсаяккха деган алу!
Кхин ницкъ бацахь;
– Адам ду со, адам! – ала.
Елхий, бIаьра
Хица Iовда деган бала!..»

– Адам ду со!
Адам ду! – Азас аьлча,

Бердийн хари чохь,
Ног етташ, халхадаьлла,
Хьаьдира цуьнан аз
Бердашца.

...Геннахь
Рамисан дакъа гин
Азина шена.
И дохьуш, кхес гIиттош,
Чубулуш хьеха,
Iам чуьра схьатекха
Саьрмакаш Iоьху.

Саьрмакан Iехаро
Бердехь ног етта,
Ахканан саьрмако
ДегIан ткъес детта. –
Баьццара ткъес бердехь,
Гуш, ца гуш, сетта.

Саьрмако и дакъа
Кхалларх шен хеннахь,
Азина Рамисан
Дакъа гин геннахь.

Лаьхьанан шело
Чуйоьссира кийра –
ШагатIулг хилира,
ШагатIулг шийла.

– Ва-а, стигла! – делира
Шелло и аз а.
Кхин йист а ца хила
ДIатийра Аза.

Саьрмако баьццара
Ткъес детта чехка,
Зезагах ястало
ЦIен чопа техкош.

Зезагах ястало
Чопанан аса
Баьццарчу ткъеса тIехь
Чухьаьдда басах.

БIешерийн баьццарчу
Ткъеса тIехь сетта,
Бердаша шийла и
Шайн маьхьарш детта.

Мел хан ю мохь бетта
Хаа, дац амал:
Мохь бетташ болчарна
Сецна ю зама.

ЙоI елахь, тIулг белахь,
ГIалартта-м лаьтта,
И маьхьарш ца хезаш,
Нийсса ах лаьттахь.

Хууш вац, чуэккха
И гIерта бердах
Я дегнийн цIанонан
Тахненга гIерта?

Дахкаран кортали
Хьарчийна коьртах,
Iуьйренан зIенаршка
Шен тIамарш хецна,
И гIаларт бердах чу
Хьаьддачохь сецна.

***

ЦIахь котам декара зевне еш Iуьйкъе,
мерза ха хорцура, набарна томехь...
Тахана маса мохк вайшинна юккъехь,
ага сан техкийна, Нохчийчоь хьоме!

Дахкаро кIайн мотт шен биллина кIеда,
йийшина Iа хир ю хьан ярташ тховса,
вижа я гIагта вац со винчу кетIахь,
малхаца гIаьттина уча ког ловза.

Нехан мохк нехан бу, хоуьйту буй а,
генарчу генахь ю хьо вина кIотар,
сахиллалц ца кхета набаран суй а,
Iуьйкъенца ца дека Даймехкан котам.

Мокхачу бетонийн гIаланаш лаьтта,
сийна тхи муьйлучу хьан лаьмнийн метта.
Башха яц буьйса а, башха дац де а,
дог къажа хIума дац гонахьа де а.

Адамаш дукха ду, цхьалха ву хIора а,
чу-кера, лула дац, вуссур вац хьаша,
кийра йис йиллина, даг чохь ю гIура,
бIаьргаш бу кхоьлина, чохь – гезган маша...

Сан дайша йиллина яра тхан эвла,
дай-наной ийна хьан мерзачу лаьттах.
Суна ца йоьгIна-те хьан кийрахь гIовла?
Ваьлча а, воьлча а – и хаттар лаьтта...

Хьо вуьтий шийлачу ойланийн гIурехь,
гатло са оьху цIа – ша динччу метта,

ийалуш деттало юртахойн корех,
аз доцуш мохь бетташ шерашкахь лаьтта...

ЦІахь котам декара зсвнс сш Іуьйкъе,
мерза ха хорцура, набарна томехь...
Тахана маса мохк вайшинна юккъехь,
ага сан техкийна, Нохчийчоь хьоме!

***

Дагахьбалламаш, дагалецамаш,
буйна вуллий шайн, дІа ца хоьцу аш.
Самах, гІенах а, буса ,дийнахь а,
цІеран хаьштигех богуш кийрахь Іа.
Айвой, гІаттавой, берах тахкавой.
охьавуьллу аш, винчу махка хьой.
Лаьмнаш мокхаза, ирзеш баьццара,
хьалхатуьйсу аш дагна эццара.
Нана, куьйгаш хьан дама лоцуш го…
кхелха, нана, хьо, уллехь воцуш со!
Дагалецамаш, дагахьбалламаш,
логехь шад боьхкий, витац вала аш.
Мокха чим хилла, яьгна эвла го,
хьайн цІа лаьттинчохь, яраш евлла го.
Дагахьбалламаш, дагалецамаш,
буйна вуллий шайн, дІа ца хоьцу аш.
Дитташ кІурздоьлла, бац тІехь хилла стом,
кхозу царна тІехь неІалт хилла тІом!
Дагахьбалламаш, дагалецамаш,
дІа ца хоьцу аш, дІа ца хоьцу аш!
Аьрцнаш чІана ду, гІа дац дечкаш тІехь,
лакхахь, ломаца, ца го литтанаш.
Шийла бийшина юьртан кешнашка,
горга лам лоргуш, мангал биттинарш…

Дагахьбалламаш, дагалецамаш,
дІа ца хоьцу аш, дІа ца хоьцу аш!
Самах, гІенах а, буса, дийнахь а,
цІеран хаьштигех богуш кийрахь Іа.

***

Гора-яІ, нохчийн мотт, дош метта диллий,
ДІаала вайша цхьа даггара илли,
Хьалхара ахь олуш, тІаьхьара – ас,
Дуьненна хазийта вайша хьан аз.

Лаьттана йовхо ло малх буьйцу вайша
Я цхьана заман чохь лелийнарг дайша,
Я, Іаьржа верта тІетесна барам санна,
Стиглахь йоьду Іаьржа марха йийца царна?

Я вайшиннан мехкан каш доццчу чартийн
Йист йоцу кІайн могІарш дІагойтур дар-те?
ЦІийн Іоврех леда хьан шовданаш дийца
Я, зезаг хьахадай, дог-ойла хийца?

Я зовкхехь дийца деза деши, дети,
Я, ала мел ца лург Іадда а дитий,
Теш лаций, буьйса и беттаса тайша
ВорхІе а дуьнен чу охьаделха вайша!..

ГАЙТУКАЕВА Бана

БІАЬРГАШНА БІАЬРЗЕ ХИЛЛА …

БІаьргашна бІаьрзе хилий
Яха, боху соьга.
Лергашна къора хилий
Лела, боху соьга,
Маттана догІа тоха
Іама, боху соьга,
Ас шун бакъдерг лоьху дела,
Со галъяьлла, боху соьга.
Елхаран метта соьга
Тахна ела, боху,
Еларна мета соьга
Тахна елха, боху,
Лайн амалш йолчу нахах
Элий лара, боху,
Дела воцу мунепикъаш
Соь къобалбе, боху.
БІешерийн мур бу, боху,
Иштта чолхе хІуттуш,
Керла пачхьалкх кхуллу, боху,
Маьрша синош дойуш,
КІант шен дена дуьхьалхІоттар
ГІиллакхе ду, боху.
Вашас ваша цІийла керчор,
ГІазот хуьлу, боху.
БІаьргашна бІаьрзе хилла
Лела ца ло, лела!
Лергашна къора хилла,
Яха ца ло, яха!
Когах хьерча къинойн маша,

Цо галдоху болар,
Сан Нохчийчоь, мичхьа ду-те
Хьан лазамийн доза?
Со хьан Іуьйре леха йоллу,
Дитна пелхьойн ловзар,
Со хьан суьйре лаха йоллу,
Бицбеш хилла хьовзам,
Со дІайоьду лаха, делахь,
Хьан лазамийн доза,
ЦІийлахь Іуьллу сан кортали
Соьга хьоьжу доьхна…

* * *

Бана кху дуьнен чу еана 23-чу февралехь

Со йинчу дийнахь…
Марчонна юьхьигаш
Тега дІадолало Іалам.
Со йинчу дийнахь
Делха дІадолало тезетахь дахар.
Со а йоьлху цуьнца
Со йинчу дийнахь
Мел бала барз боцуш беллачу нехан
Сан синна тІе дуьжу,
Со йинчу дийнахь…
КъинтІера довлалаш, доттагІий,
Со тойнехь шайца цаІарна.
Со йинчу дийно,
Дуьнен чу а далаза
Хьийзинчу сан синан мохь
Сан лере кхоьхьу,
Со йинчу дийнахь…
Йина де сан дан а дац,
Сан са а дІадоьду.

Дуьнен чу а далале лазийнчу
Сан сина йина де хуьлу?
Со йинчу дийнахь…
Той дицдой, миска са
ДІадоьду ГІум-Азе делха…
Со йинчу дийнахь…
Йина де-м сан дан а дац,
Амма ду дуьнен чу далаза
Са дийна де…
ГІелъеллий хьо? КІадъеллий хьо?
Хьайн корта сан кара биллий,
Цхьажимма садаІахьа,
Цхьажимма дог дастахьа…
Са маьрша, дог довха,
Куьг цІена Нохчийчоь!..

БИСУЛТАНОВ Анти

БЕРАЛЛЕ

Ков тоьхна веа со, хан йоцчу хенахь хьо гІаттош,
Мохь тоьхна веа со, хьан шерийн тийналла Іадош.
Утармех дІатесна Іаспар – сан къена сингаттам,
Хьан уьйтІа вели со, йохалла Іожалла хадош.

Гой хьуна, къу ву-кх со, хІара ду-кх ас дина къона,
Айкхалла диллина ахь лехнарг хІара ду-кх хьуна.
Къена къанваллалца дуьненах, эхартах волуш,
Къера къарваллалца идийнарг хІара ду-кх хьуна.

Гой хьуна сан бІаьргаш – уьш эхьан мархано баьхна,
Гой хьуна сан куьйгаш – доІанаш дицделла царна,
Хьох ваьлчахьана со лаьхьанал лурвоьлла ваьхна,
Сибат а дайна сан сийлахьчу некъашна варна.

Ца ваьлла ког боккхуш, боьшана хьозано санна,
Ца ваьлла дош олуш, со къаьхьа замане хьийжи.
Ца ваьлла вижича, дуьне гуш маьлха каш санна,
Халбатахь мелІунан бІаьрхишца санна со тийжи.

Берд текхна хьеха чохь аьзнашка ладоьгІуш санна,
Генара ларйи ас хІора а дуьненан Іуьйре.
Набахтен неІарехь серлонна сакх тутмакх санна,
Экама хьийжи со хІора а адамийн уьйре.

Тоьшалла гулйина сайн денойн, буьйсанийн тоба,
Айкх йина мукІарло ца деза сайн деган аьрго,
Хьан кхеле деа ас эзарза дохийна тоба,
Хьан кхеле еа ас сайх эзарза кхаьрдина мІаьрго.

Гой хьуна сан дешнаш, хьан бІаьргийн серлонах хебаш,
Гой хьуна Іалашо, сан даг тІехь тІулг хилла Іуьллу.
Боданех дІайоьлла, сан деган кІоргенехь теба,
Лурйоьлла ойла а хІинца ас хьан кхеле юьллу.

Гой хьуна, къу ву-кх со, хан йоцуш-м ду хІара хІинца,
Дела бен теш воцуш-м ю хІара вайн шира тховса.
Цкъа мацахлерачу вайн ирсах дисина цинцаш,
Хьан синтем, хьан тешам ас юхаберзабо тховса...

***

Ас хьан чІабанех гІайгІа юцур ю,
КІайчу говрана туьйра дуьйцур ду,
Гуьйре тийжачу нохчийн аренгахь
Дашо гІаргІулеш новкъайохур ю.

Ас хьан бІаьрхих цхьа илли доккхур ду,
Юьрта йисттехь цхьа ирзу доккхур ду,
Муьрг цІийх Іеначу нохчийн хьаннашкахь
Дуьне къинтІера сайна доккхур ду.

Ас хьан бІарлагІех гІала юттур ю,
Хилларш, лайна дерш сица луьттур ду,
Іаьно къарйинчу нохчийн ярташкахь
Цхьа цхьаъ дахарна дуьхьалхІуьттур ву.

Хаза хилла хьо, кхин а хазлур ю,
Цхьалла лайна, со къинойх цІанлур ву,
Вайшиъ декъалдан, лаьттан Іаьнарлахь,
КІайчу говро шен туьйра дохьур ду.

Дашо гІаргІулеш цІехьа йоьрзур ю –
Цара гІабали хьуна йохьур ю,
БІаьсте йоьлучу нохчийн лаьмнашкахь
Ас хьан чІабанех сайн ирс дуцур ду.

ЧУЛАЦАМ

Исаева Султанан Марьям
Ирсан орам. *(Роман тІера дакъош)* 3
Айдамиров Іабдулхьакиман Абузар
Еха буьйсанаш. *(Роман тІера дакъош)* 68
Ахматова Солтамурадан Раиса
«Хуур дац, кхолламо хІун кечдо вайна...» 127
Даймахке 127
Нене 128
Сан юрт 130
Дагалецамийн новкъа. *(Поэма)* 130
Сулейманов Сулейманан Ахьмад.
Дог дохде цІе 144
Берд 146
Батто сагатдо 146
Ламанан хьостанаш 147
Арсанукаев Іабдулмуслиман Шайхи
Весет 151
«Нагахь хьан гІо оьшуш...» 153
Нийсонна гимн 154
Ненан мотт 155
Мохкбегор 156
Дицдина илли 157
Кхолламан сизаш. *(Стихашкахь роман)* 159
Рашидов Рашидан Шаид
Баланах дуьзна дог 214
Пондар боьлху 215
Аружа 215
Гацаев Асламбекан СаьІид
Йише Маржане 234
«Хаьий хьуна, Фирдоуси...» 235
«Хатта хьайна Саадига...» 236
«Цкъа а дац сан ойла къуьйлуш...» 236
«Хийла нохчийн кІант...» 237
«БІаьсте хир ю – бІаьсте, бІаьсте!..» 239
Ахмадов Мохьмадан Муса
«Нохчийн махкахь нохчийн маттахь...» 240
Зингатийн барз а ма бохабелахь. *(Повесть)* 241

Дикаев Джунаидан Мохьмад
Стеган цIе 260
Нохчийн хIусам 261
Суна лаьа 261
Бексултанов (Адамов) Мозин Муса
Iаьржа бIаьрг 263
Хьалхара парта 267
Корталин Хантоти 273
Шайхиев Хасмохьмадан Iалвади
«Стаг велча, юьртахь зударий боьлху...» 281
«Аса а ма лайна...» 281
Дерачу кхолламан кхел. *(Повесть)* 282
Алиев Хьамидан ГIапур
Къонахийн зама 321
ХIун лозу хьан, Нохчийчоь? 321
Къонахс 322
ДоIа 323
Ибрагимов Хьамзатан Канта
Берийн дуьне. *(Роман юкъара дакъош)* 324
Казбеги Александр
Элиса 353
Кулиев Кайсын Шуваевич
Хиндолчуьнга аьлла байташ 383
«ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу ас буйнахь...» 384

ДЕШАРХОШНА ШАЬШ ЕША ПРОИЗВЕДЕНЕШ

Айдамиров Абузар. Ненан дог. *(Повестан дакъош)* 386
Ахмадов Муса. «Сатоссуш, седарчий довш». *(Роман юкъара дакъош)* 424
Кибиев Мусбек. Ден къамел 474
ШагатIулг. *(Легенда)* 476
Яшуркаев Султан. «ЦIахь котам дскара зевне еш Iуьйкъе...» 485
«Дагахьбалламаш, дагалецамаш...» 486
«Гора-яI, нохчийн мотт, дош метта диллий...» 487
Гайтукаева Бана. «БIаьргашна бIаьрзе хилла...» 488
«Со йиччу дийнахь...» 489
Бисултанов Апти. Бералле 491
«Ас хьан чIабанех гIайгIа юцур ю...» 492

Учебное пособие

Мурадова Залпа Идрисовна, Абдулкадырова Раиса Алхазуровна

ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА. Хрестоматия. 11 класс

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Редактор Т.И. Бураева
Технический редактор Т.И. Бураева
Верстальщик А.Т. Бицалова
Корректор З.С. Бексултанова

ISBN 978-5-4314-0398-9



Подписано в печать 16.10.2019. Формат 60x84 $^{1}/_{16}$. Усл. печ. л. .
Гарнитура Times New Roman. Тираж 1000 экз. Заказ № 0810.

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35

11 НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Хрестомати